Мэлбахъуэ Елберд



# Iуащхьэмахуэ къуэ гъуэгур шынагъуэт

*Мэлбахъуэ Елберд*

# IУАЩХЬЭМАХУЭ КIУЭ ГЪУЭГУР ШЫНАГЪУЭТ

РОМАН

*ЗэзыдзэкIар Мэзыхьэ Борисщ*

«ЭЛЬБРУС»
ТХЫЛЪ ТЕДЗАПIЭ
НАЛШЫК · 1986

## *Тхьэгурымагъуэм и гъуэгупэ псалъэ*

Тыншу пIэрэ-тIэ блэкIа жыжьэ Iуэхугъуэ щэхухэр щыкуэдым и лъагъуэ утехьэныр — ар фэ езыхэми, куэд мыщIэу зэхэфщIэнщ. Фи гъуэгугъэлъагъуэм, е нэгъуэщIу жытIэнщи, тхьэгурымагъуэм гъуэгугъэлъагъуэ къыхуэхъуфын литературнэ фэеплъ гуэри здэщымыIэ тхыдэ жыжьэм и пшагъуэ Iувым зыщIигъэмбрууащ. Пэжу, хъушэжьт IуэрыIуатэм и хъыбархэр икIи ахэр икъукIэ абы щхьэпэ къыхуэхъурт, тхыдэ блэкIам и къэхъукъащIэхэр зэхьэкIауэ, зэми и кIэмрэ и пэмрэ, зэми щхьэусыгъуэмрэ абы кърикIуахэмрэ фIэкIуэдрэ къигъуэтыжу, къагъэлъагъуэ пэтми. Тхыдэм и лъэхъэнэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр гъуэгугъэлъагъуэ нэст, зыр адрейм илъэсипщIкIэ пэжыжьэу зэпыIуидзат...

Мы тхылъым и напэкIуэцIхэм къыщикIухьыну гъуэгу техьэну тегушхуэр бэшэчу, гулъытэ яIэу, набдзэгубдзаплъэу, нэхъыщхьэращи — щIалэгъуалэу щытамэ, си гуапэ хъунт. ЩIалэныр зэлъытар я ныбжьыркъым, атIэ я акъылым и жанагъымрэ ягу и пцIанагърэщ. Ахэр тэмакъкIыхьагъ хуейщ, сыту жыпIэмэ я пащхьэ къилъыр гъуэгу захуэ джафэкъым, абы и щIыпIэ зыкъомыр цIантхъуэрыгъуэщ, зэхэзэрыхьащ; набдзэгубдзаплъагъэри зэран хъунукъым; сыту жыпIэмэ, гъуэгум абы къыщищIэнщ зэ еплъыгъуэкIэ гъэщIэгъуэн, ауэ нобэрей гъащIэм зыгуэркIэ сэбэп къыщыпхуэхъуну къыпфIэмыщI хъыбар телъыджэхэр. Пэж дыдэу, зи щхьэр Iуэхум хэтIа нобэрей цIыхур сыткIэ хуей, шабзэшэр щIыфэм къызэрыхахыж Iэдэм адыгэхэр «щтапхъэкIэ» еджэу, абыхэм гуэдз ягъэкIыу, е щакIуэ къыщикIыжкIэ япэу зыхуэза цIыхубзым къищэкIуам и Iыхьэ нэхъыбэр ират я хабзэу, удыгъэ хэлъу зыхуагъэфэщам хьэм и тхьэмщIыгъур ирагъэшхыу зэрыщытам? Пэж дыдэу, сыткIэ ухуей? Хьэуэ, ауэ сытми жаIэркъым: нэфым и мазэ къыщIэкIыркъым, бынышэм и сабий гъыркъым...

Нур дыдэу щымытми, гугъэм и нурыр къепсмэ, ар фIыщ. Дэгъуэщ дунейм къытехьа уи IэдакъэщIэкIым урипIейтеинри. Ауэ мис ар псоми къыбдапхъуатэтэмэ... Ей-й! Зэхызох зыгуэр хьилэшыуэ зэрыдыхьэшхыпцIари, замыбзыщIыххэу ауан хэлъу жаIэри: «Плъагъуркъэ, ар зэрыIущ! Псоми къагурыIуэу, псори гуапэу къыхущытыну хуейщ! Хэт и джэгуакIуэ псэлъэгъу губзыгъэ, псэлъэгъу гуапэ иIэну хуэмейр?» Пыплъхьэн щыIэкъым, пэжщ жыфIэр. УщIэныкъуэкъуэн лъэпкъ щыIэкъым. Ауэ дэтхэнэ джэгуакIуэми къыщыхъуркъэ езым и псалъэр псом нэхърэ нэхъ гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ, адрейхэм емыщхь?

ЛIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ дяпэ иту псэуа ди лIэужьхэм ди къекIуэкIыкIар зэхалъхьэжакъым, тхыдэр ятхакъым, я Iэдакъэ тхылъ къыщIэкIакъым. Ахэр хьилмы Iуэхум хуэIэкIуэлъакIуэу щытауэ, жыIэгъуейщ. Уеблэмэ тхыбзэ къудей яIэххакъым. Пэжыр жыпIэмэ, абыхэм щеджэн зэмани зыщеджэни яIакъым, сыт щыгъуи зауэ зэпытт, зэ зы лъэныкъуэмкIэ, зэми адрей лъэныкъуэмкIэ, язынbackslashкъуэкIи лъэныкъуитIкIэ, щыкIэ къикIа бийхэм япэщIэувэн хуей хъурт. Ауэ зауэр увыIэу, псэхупIэ тIэкIу ягъуэта нэужьи адыгэпщхэр аргуэрыжьу зэпхъуэр тхылъыртэкъым, атIэ Iэщэрт, зым адрейр, адрейм ещанэр иубэрэжьырт икIи гъунэгъугъэ ирахыу зым адрейр, етIуанэм ещанэр ихъунщIэрт. Щхьэм къитIасэркъым, зауэхэмыкIыжхэр сабий къалъхуу япIыну зэрыхущIыхьар!

Тхьэгурымагъуэм тхыдэм и лIэщIыгъуэ ткIийхэр къыщызэхикIухьым икIи, тхыпхъэхэр щымыIупщIым е гъатхэ уэшхым илъэса мэз лъагъуэ цIыкIур щыхэкIуэдэжым деж, абы и нэр нэхъ зэIуихын, тхьэкIумэхэр гупсэхуу игъэдэIуэн, лъэкI къимыгъанэу и акъылыр игъэлэжьэн хуей хъурт. Абы къыхэкIыу фи гъуэгугъэлъагъуэ хэхам, Мухьэмэд бегъымбарым и щапхъэм тету, фIэщ хъуныгъэ уардэ хэлъу жиIэфынукъым: «Мис шэч лъэпкъ уэзымыгъэщI тхылъыр» (КъурIэн. Сурэ 2, Iэят 1). Абы и закъуэкъым: тхьэгурымагъуэм и напэ тригъэхуащ шэч лъэпкъ къызытумыхьэ къэхъукъащIэхэм зэхъуэкIыныгъэ мащIэу хилъхьэн. Зэм Къырым сераскиритIыр зы ищIащ, зэми къэхъукъащIэ гуэрыр щекIуэкIа зэманымрэ щIыпIэмрэ зэрихъуэкIащ, е тхыдэм хэта цIыху гуэрым и цIэм зы хьэрф лей дигъэуващ.

ПIэщIэщIа щыуагъэмкIэ зыбумысыжыфын хуейщ. Зигъэзэхуэжыфын щхьэусыгъуэу игъуэтынури зытетхыхь зэманым къэбэрдейхэм яIа псэукIэр, абыхэм я IуэхущIафэмрэ хъуэпсапIэмрэ, зэхущытыкIэмрэ Iуэху еплъыкIэмрэ тэмэму къэгъэлъэгъуэжыным ахэр къызэрыхэкIарщ.

## ПЭЩІЭДЗЭ ІЫХЬЭ.

*Гъуэгур якІуурэ, щІыхуэр ятыжурэ зэрыхагъэщІыр*
*уигу къэзыгъэкІыж*
*ЯПЭ ХЪЫБАР.*

Хьэжрэтым * и 896 гъэм е Ауш-Джэрыр ** къалъхуу илъэс 1518-рэ щрикъуа илъэсым и гъатхэ пщэдджыжь уфахэм ящыщ зым Къэбэрдейм и щІыналъэу къухьэпІэ лъэныкъуэхэмкІэ щиукъуэдиикІам гъунэгъу къыхуэхъуат зи шагъдийхэр еша шууеитІ. Илъэс плІыщІ зи ныбжьын, жьакІэ фІыцІэ Іув зытет лІы фагъуэр япэ итурэ къакІуэрти, зи толъкъун хьэлъэхэр уэрурэ пыхуу езыхьэх Балъкъ и нэпкъ лъагэм деж и шыгъуэр къыщыжьэдикъуащ. ЕтІуанэ шууейуэ зи жьакІэр къабзэу еупсэхар, ауэ зи пащІэ кІапитІыр жьэпкъыпэм фІэкІрэ жыхуэпІэнум и шыр сэмэгумкІэ триІуантІэри зэ илъыгъуэ хуэдэкІэ псым дэкІуэу ехащ, псынщІэ дыдэуи къигъэзэжри:

— Псытепхъэр жыжьэкъым,— жиІащ абы.

ЛІы жьакІацэр хэгупсысыхьыпауэ псы адрыщІ жыжьэм зэпрыплъырт. Абы и нэщхъуэпситІым иджыпсту къэмыскІэу зыгуэр щІэплъэфамэ, дэтхэнэ зы шууей хъыжьэри къэзыгъэуІэбжьын хуэдиз бампІэрэ гуфІэгъуэрэ зэщІэлъу

* Хьэжрэт (хьэрып псалъэщ) — щІэпхъуэжыныгъэ. Мыбдежым — Мухьэмэд бегъымбарыр Меккэм икІыу 622 гъэм Мединэм Іэмалыншагъэк Іэ «зэрыІэпхъуарщ». А гъэм ислъам диныр къежьауэ ялъытэ, а гъэ дыдэм къыщыщІидзащ муслъымэн илъэс зэкІэлъыхыкІэм.

** Аус Джэрыджэ (е — Ауш-Джэр) — апхуэдэу къэбэрдейхэр еджэу щытащ «Греческэ» Иисусым-Христос.

щIилъэгъуэнт, а псом нэмыщIыж щIилъэгъуэнт мы иджыпсту и нэгу къыIуидзэм абы кърита сабий гумащIагъэр.

Пшагъуэ данэпс пIащIэм мыIупщI дыдэу къыпхыщырт адрей псы Iуфэм и нэпкъ лъахъшэр, адрыщIым и хъупIэ сэтейуэ гъуей цIырхъхэмрэ чыцэхэмрэ куэду зытетым щыхъуакIуэ шы хакIуапщIэр, фIыцIагъэ мащIэу жьэгъу мафIэ фагъуэм пэрыс цIыхур.

* * *

Щоджэныкъуэпщым и шыхъуэ Хьэнухьи гъуэгурыкIуэ мыцIыхухэм гу къалъитакIэт, псы Iуфэм гъунэгъу къызэрыхуэхъухэу. Ахэр зэрыхамэри къищIат шууейтIым язым — ар ирeIуэхутхьэбзащIэ е ирeIэщэзехьи — псытепхъэ лъыхъуэн зэрыщIидзэххэу. ГъуэгурыкIуэхэми къызэралъэгъуам езы Хьэнухьи шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым. Иджыпсту ар зэгупсысри арат: шым зридзу и пщым хъыбар хуихьын, хьэмэрэ, адыгэлI хабзэу, и пIэм имыкIыу хьэщIэхэм яIущIэн?

Хьэнухь абыхэм япэплъэну мурад ищIащ.

МафIэм лъэбакъуэ зыбжанэкIэ нэхъ пэмыжыжьэу, зей гуэрэным ибгъукIэ, Хьэнухь пщыIэ хьисэпу щIэщI тIэкIу щиIэт, жьы къеуапIэмкIэ чий тедзарэ мылыф тепIэжауэ, дыгъапIэ лъэныкъуэмкIэ плIанэпитIым сэх щыхэсауэ. Хьэнухь мафIэм иса гъуаплъэ лэгъуп кIэгъуасэ защIэм псынэ иригъахъуэри лъахъшым фIидзащ. ИтIанэ пIэ папщIэу къигъэсэбэп мылыф щабэм и Iэр хигъэлъадэри бжыпэ улъияр къыщIихащ икIи кIей баш гъумыщIэм и пэм фIигъэтIысхьащ. Сакъ и анэ гъыркъым, жи. Иджы бжыр ибгъукIэ щылъу мафIэм пэрытIысхьэжащи лъагъуэ нашэкъашэ цIыкIумкIэ нэпкъым къехауэ псым и нэхъ бгъуапIэ, ауэ икIи и нэхъ чэнжыпIэмкIэ къызэпрыкIыну Балъкъ къыщыхыхьа шууейтIым якIэлъыплъми хъунущ. Ауэ, и чэнжыпIэм дежи псыр шыхэм я ныбэм къыщыщIикIэрти, ахэр мащIэу Iуихащ. Ауэрэ, мис, шухэр псы Iуфэм къытохьэ, нэпкъ удзыпцIэмкIэ къыдокI. Гузавэ къыпкърыхьауэ Хьэнухь хьэщIэ мыцIыхухэм йоплъ, фэ пхъашэ зытебза сампIэм илъ къамэ къызэрыгуэкIым и Iэпщэр икъузу.

Япэ ит шууейм и фащэр телъыджэт. Пэжу, и плIэм щIакIуэ фIыцIэ къуацэр дэлът, ауэ щхьэрыгъыр сарыкъ щхъуантIэт. Нэхъ телъыджэжыр лъэгу Iув зыщIэт, зи лъапщэр хужьу къытеуплIэнщIа лъахъстэн гъуэжь вакъэрт. Апхуэдэ зыщыгъыр франгхэм, румхэм, урысыпщ джыназкIэ зэджэхэм я закъуэу жаIэ. Нэхъ къызэрыгуэкIыу хуэпа етIуанэм щхьэрыгъыр мэлыфэ фIыцIэм къы-

хэщIыкIа пыIэ къуацэт, и адыгэ цейр шухьэ гъуабжэт, хуэзэж зытеха, фIыуэ дагъэ егъэфа гуэншэрыкъитIым я лъэпсыр лъэкIэным и щхьэкIэ щызэрыдзэжат. УпщIэ лъеитIым лIы мыцIыхум и лъэдийр якъузырт. КIэщIу жыпIэмэ, гъуэгурыкIуэ зэщыхуэпыкIам щIыгъур Хьэнухь къызэрыщхьэщыкIышхуэ щымыIэу хуэпат, шыхъуэм и щыгъыныр зэрыгъуанэпщIанэм, адыгэ лIакъуэлIэшым иужьрей зэманым зэрызагъэщIагъуэ хьэзырми абы и фащэр зэрыщыщIэм и гугъу умыщIмэ.

ЛIы пащIапцIэ абрагъуэм (абы и теплъэ къудейм уегъэшынэ) япэу шым зыкъригъэлъэтэхащ икIи и зиусхьэным деж жэщ, IумпIэмрэ лъэрыгъыпсымрэ иубыдри къригъэпсыхащ. Хьэнухь хьэщIэхэм япежьащ. Щхьэщцэ мащIэ ищIурэ, мафIэмкIэ къригъэблагъэу и Iэр ищIащ, итIанэ шитIым я IумпIэр иубыдри шыудз цIынэ зыбгъэдэлъ пхъэлъантхъуэм иришэлIащ.

ЩIакIуэр зыщихыу лIы мыцIыхур мафIэм щыбгъэдэтIысхьэм, Хьэнухь и жьэр ущIауэ къэнащ, илъэгъуар апхуэдизкIэ телъыджэ щыхъуати. ХьэщIэм ибг псыгъуэм къешэкIар адыгэ цейтэкъым, атIэ кърым пэщэ пагэхэм ящыгъхэм ещхьыфэ, ауэ нэхъ екIуу дыжьынкIэ хэдыкIа, зи дыкIэкIи абыхэм икъукIэ къащхьэщыкI абэ дахэкIейт: алътес щIыхум вагъуэхэр, тхыпхъэхэр щимэу, хъурейуэ текъухьат, магъу нагъыщэ гуэрхэри тетт. Нэм имылъэгъуам хуэдэ а фащэ телъыджэм екIупсырт зыхуэдэ щымыIэ Iэщэ-фащэ лъапIэу и лъакъуэм къыщыщIэдзауэ и щхьэм нэсу зэрызэщIэузэдари: жыр Iунэ зэта бгырыпх бгъуфIэм дыжьын тхыпхъэрэ дыщэ мыщIэкIэ зи сампIэр гъэщIэрэщIа сэшхуэр пыщIат, сэшхуэм и Iэпщэр пыл къупщхьэм къыхэуIукIат икIи мывэ зэмыфэгъу жьгъей цIыкIухэр хэгъэтIысхьат. Апхуэдэу абы ибг ищIат дыжьыным къыхащIыкIа щхьэтепIэ зиIэ бжьэрэ дыщэкI IэкIуэлъакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа адыгэ къамэ зэпэщрэ.

Iэщэзехьэм езым и уанэкъуапэм къыфIихри ибгъукIэ къигъэтIылъащ гъуэгуанэ здрахьэжьэ хъуржын абрагъуэ, шабзэбзэр зыIуаха шабзэ хьэлъитI, Iэгубжьэ зытхух хъун, упшIэ зэшэкIа нэгъуэщI зы хьэпшып гуэри.

ГъуэгурыкIуэхэм я теплъэмрэ хьэпшыпымрэ фIэгъэщIэгъуэну зэреплъым гу лъаримыгъэтэным хущIэкъуу, Хьэнухь лэгъуп зэфIидзам и хъуреягъыр къежыхь. Абы шыуаным хугу IэмыщIитI хикIутэщ, мафIэм пхъэгъэсын тридзэри пхъэ фалъитI къищтащ, икIи щIэщIым и щIэгъэкъуэнхэм ящыщ зым фIэдза фэндым ит шхум щыщ из ищIри гъуэгурыкIуэхэм яIэщIигъэуващ. ХьэщIэм щыму шыбзыхъуэм фалъэр Iихащ, а зэрыщымым хуэдэурэ зы-

бжанэрэ еIубащ. МафIэм бгъэдэт Iэщэзехьэри и зиусхьэным и щапхъэм ирикIуащ.

— ЕтIысэх, си ныбжьэгъуфIу Тузар. Иджы, дыкъызыхэкIа ди лъэпкъыжьхэм я лъахэу ди хэку щIэращIэм дыкъыщысыжакIэ, афIэкIа сэ къэтIыс щыбжесIэнум упэмыплъэж.

Хьэнухь и нэр къихуу и хьэщIэхэм йоплъ. Иджыри къэс ахэм я Iупэ зы псалъэ къытелъэтатэкъыми абы и гугъэт гъуэгурыкIуэхэм адыгэхэм я бзэр ямыщIэу. Ауэ зыхуэдэ щымыIэу зыщыхуэпыкIа, цIыхушхуэу фэ зытет лIыр адыгэбзэ къабзэкIэ щыпсалъэм, мэкъумэшыщIэр къэскIэным мащIэщ иIэжар. Пэжщ, хьэщIэм и псалъэр джэгуакIуэхэм я уэрэдхэм хуэдэу Iэта-Iэтат, емысам дежкIэ гъэщIэгъуэнт, дахэу икIи IупщIу Iурт.

Iэщэзехьэм нэмыс хэлъу жьэгум ибгъукIэ щылъ мывэр тетIысхьэпIэ ищIащ, абы и зиусхьэным, щэхуу къахущIэплъу шыхъуэм щэхур нахуэ щищI щIыкIэу, мамыру и псалъэм пещэ:

— Тузар, уэ-э уи джатэр бийхэм я щхьэм сысейм нэхърэ нэхъ мащIэрэ техуакъым, уеблэмэ уи шабзэшэхэр сэ сутIыпщахэм нэхърэ нэхъ шэрыуэу зэбгъэпщам техуагъэнщ. Иджы щыщIэдзауэ уэ сэ узиIуэхутхьэбзащIэжкъым, узиныбжьэгъу щхьэмыгъазэщ армыхъумэ.

А псалъэхэм Iэщэзехьэр укIытауэ ирагъэплъыхащ.

Шыхъуэм лъахъшэу гъэщхъауэ пIастэр бэлагъкIэ иудэми, апхуэдизу фIэгъэщIэгъуэну абыхэм жаIэм къедаIуэрти, зауэ гуащIэхэм къыхэхъукIа хьэщIэм игу къыпылъэдат нэгъуэщI мыхъуми Хьэнухь и нэгум къищ упщIэ куэдым ящыщу зыбжанэм жэуап яритыну. Абы ищIэрт сыт хуэдизкIэ фIэмыгъэщIэгъуэнами, абы адыгэр зыкIи къызэремыупщIынур. ХьэщIэм къыздикIымрэ къыщIежьамрэкIэ уеупщIыным нэхъ емыкIу сыт щыIэ! ХамэщI къикIари хуейт Къэбэрдеишхуэм щыщу япэу зыхуэзэ цIыхум куэдкIэ пкърыупщIыхьыну. АрщхьэкIэ абы и щхьэм хуищIыж пщIэм и инагъым ар хуит ящIыртэкъым лъэпкъ икIэм къыхэкIа цIыхумрэ абы къыжриIэфынухэмрэ гулъытэ гуэри хуищIыну, уеблэмэ псэлъэгъу къудей ищIыну. Аращ Iэмал хуекIуэн хуей щIэхъуари. ХьэщIэ лъапIэр и Iэщэзехьэм дежкIэ еплъэкIыурэ мащIэ дыдэу и щхьэр ищIащ, Тузари псалъэншэу псори къыгурыIуащ.

— Мы хъупIэр удзыфIэщ,— жиIащ абы, шыхъуэм зыхуигъазэурэ.— Шыхэм я дежкIэ, дауи, тхъапIэу къыщIэкIынщ.

Хьэнухьи зэхэщIыкI зиIэ цIыхут. Абы занщIэу къыгурыIуащ Тузар кърригъэжьа псалъэмакъыр и зиусхьэным

къызэрыбгъэдэкIыр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ар зыщIэупщIэр шыхъуэм къищIащ.

— Пэжщ, си Щоджэныкъуэпщым хъупIэфI и куэдщ. Шыи и мащIэкъым, ауэ нэхъапэм нэхъыбэж иIащ. Апхуэдизкlэ куэдти, щабжкIэ ирабзэну мопхуэдэ зы башыр яхурикъуртэкъым,— жиIэурэ Хьэнухь и кIей башымкIэ и Iэр ищIащ.— Иджыблагъэ, Щоджэныкъуэ зекIуэ жыжьэ ежьауэ къэту, жэщу нэгъуэщIыпщ къытеуэри нэбгъэфхэр зэращIэсу шы табынышхуэ ихуащ. Дэ дызэрымыкъуаншэр ищIэ пэтми, ди зиусхьэным мыхьыр дигъэхьащ. Сэ апхуэдэ дыдэу къыслъэIэсакъым: си пщым щхьэхуит лъхукъуэлIу сиутIыпщыжащ, иджы мис махуитIым ещанэм Щоджэныкъуэхэ я шыр хэзгъэпщу аращ. Хьэнухьщ си цIэр. ЕмыкIу сыкъэвмыщI — си жьэгур пщтыркъым, си Iэнэр пшэркъым, кхъуейрэ пIастэрэ, шху фIэкIа фи Iэнэм схутелъхьэркъым...

Иужьрей псалъэхэр щызэхихым, хьэщIэ лъапIэр мащIэу щIэдыхьэшхыкIащ.

— ЗауэлI нэсыр апхуэдэ Iуэху жьгъейхэм егупсысыркъым, ди бысымыфIу Хьэнухь. Уи жьэгу пащхьэ дэсхэр ныбэр ерыскъы пшэркIэ зэракудэным фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зимыIэ тырку гуэрхэкъым. Си зиусхьэным, абы уэ «зи щIыхьыр лъагэ МысырыкъуэкIэ» уеджэ хъунущ, нарт и къарур и Iэпщэщ, ерыскъыкIэ зи шэгъуэ пщащэм хуэдэщ, ерыщкъым.

Мысырыкъуэ, щыгъэт жиIэ хуэдэу, и Iэр ищIащ, Тузар и щытхъур зэримыжагъуэр и нэгу къищ пэтми.

Хьэнухьи и теплъэ псом гуфIэгъуэ къаIуатэрт:

— Нобэм къэс Мысыр жыжьэм щыIэ адыгэхэм я лIыгъэ иныр хъыбар IуэрыIуэтэжкIэ фIэкIа дэ тщIакъым. Ди Тхьэшхуэ! Уэ си нитIым єбгъэлъэгъуащ Мысыр щыщ цIыху...

— Зэ увыIэт, лъхукъуэлI! — шыхъуэм и псалъэр Iэпихащ хьэщIэ лъапIэм.— Уи Тхьэшхуэу мыбы щыIэ адыгэхэм я тхьэхэм я тхьэжу къалъытэм и Iуэху къыщIыхэпIун щыIэкъым. Сыту жыпIэмэ, дунейм цIыхуу тетыр зи анэмэтыр е мыгувэу зи анэмэт хъунур азалыхь закъуэу Мухьэмэдыр зи бегъымбарырщ.

Хьэнухь шынауэ и напIэхэр тригъэуащ: ар хуейт хьэщIэм и псалъэмкIэ арэзы хъуну, ауэ апхуэдизу зэса тхьэ къомыр зэуэ хыфIидзэну шынэрт.

ТхьэмыщкIэр нэхъри игъэшынэн папщIэ Тузари а псалъэхэм щIигъуащ:

— Ей, щIалэ, зи щIыхьыр ину Мэчэм хьэж щызыщIа, азалыхьым и пащхьэ къикIа къурIэным ит Iущагъ псори

къэзыщIа си зиусхьэным, и щыхьэтщ игъащIэкIэ уз зымылъагъун абы и щхьэм фIэлъ сарыкъыр, жиIэм едаIуэ уэ,— Тузар и макъ гъум лъахъшэ къикъуэлъыкIым шыхъуэ тхьэмыщкIэр гуитI-щхьитI ищIыпащ.

— Дауи, дауи,— жеIэ абы.— Дэ сыт тщIэрэ... Дэ апхуэдэ щIыхь ди натIэм кърнтхакъым, дауи, алыхьри, Мухьэмэди, мыдэкIэ Аушыджэрри тхьэ хъарзынэхэщ...

— УвыIэ, тхьэмыщкIэ,— ткIийуэ жиIащ Мысырыкъуэ.— Армырмэ, уэ сэ слъагъум куэд жыпIэнущ. Уэ гурыIуэгъуэу къыбжаIай: тхьэуэ щыIэр зыщ — ар псори зи Iэмыр, псори зылъагъу алыхьырщ. Мухьэмэдыр абы и бегъымбарщ. Аушыджэрыр — ар нэгъуэщIщ. Хьисэщ абы и цIэ дыдэр. Абы теухуауи къурIэным зыгуэрхэр иту срагъэдэIуащ. Ауэ сыт — си щхьэ схуиубыдакъым. Сэ сызэрыщIалэрэ сызэсар уафэм вагъуэу исым нэхърэ нэхъыбэу псалъэ Iущхэр зэрыт чытапхэр зэзгъэщIэныркъым, атIэ си бийхэм я нэгур сигу изубыдэнырщ. Си Iэхэр нэхъ зыхуэIэрыхуэр бжырщ е сэшхуэ Iэпщэрщ армыхъумэ, чытап напэхэр зэгъэдзэкIыныркъым.

Хьэнухь псалъэмакъыр нэгъуэщI лъагъуэ тришэну Iэмал зэригъуэтам иригуфIащ:

— Си зиусхьэнри апхуэдэщ: джатэр е бжы кIыхьыр игъэлэжьэныр зыхилъхьэ щыIэкъым. Абы и жылэр мыбдежщ, благъэщ, шабзэшэ лъэтэгъуитIкIэ фIэкIа тпэжыжьэкъым. ЩIыхьышхуэ зиIэ Мысырыкъуэ абы и деж емыблагъэмэ, си пщым сыкъелынкъым.

— Дыдыхьэнщ,— игу дахэ къыхуищIащ Мысырыкъуэ.— Дишхэм загъэпсэхуащ, псы ебгъафэмэ, ди гъуэгу дытехьэжынщ. Дэ уэ удгъэпIейтеини ди гугъакъым, азалыхьым и щIасэ хъун, ауэ ехькIэ къахуам ещхьу тхъурымбэр къызэхуэх шым дытесу дауэ пщы и пщIантIэ дыщепсыхынт?..

ЦIыхухъухэр апхуэдэу уэршэрхэу жьэгум пэрысыху, пшагъуэр трихужащ, хуэм-хуэмурэ пшэ хьэлъэ нэщхъыцэхэр текIуэтри дунейм зиукъэбзыжащ. Мысырыкъуэрэ Тузаррэ япэ дыдэу къалъэгъуащ Кавказ къуршыжьхэм я дахагъыр. КъухьэпIэм щегъэжьауэ къуэкIыпIэмкIэ кIуэуэ заукъуэдият къыр дзэ папцIэхэм я блын абрагъуэм. Дыгъэр иджыри къыщIэмыкIами, зэи мыткIуж уэсыр зи пыIэ щыгу къыр нэхъ лъагэхэм я Iупэр IурилыкIат. Ауэ мис дыгъэм и Жаншэрхъыр къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къуршыщхьэм къыщхьэдэплъыхащ икIи асыхьэту къыр хьэдзэ инхэр дыщафэу, налкъуту къызэщIэнащ. ЖьауапIэ лъэныкъуэхэу щхъуафэ-фIыцIафэу щытахэр зэуэ щхъуэпсхъуащ, уэс зытемылъыж джабэ фIыцIэхэм гъуэжь-плъы-

жьыфэ, кхъуэщыныфэ щIэлъэдэжу ягъуэтащ. ИкIи мес, шуудзэхэм я сатырым къыхэкIуэта дзэпщым ещхьу, фIэщ хъуныгъэрэ уардагъэкIэ гъэнщIарэ и щхьэ дыкъуакъуэр уэгум хуихьу Iуащхьэмахуэ абрагъуэр къыщытщ. Мы хъупIэм уиту уплъэмэ, ар зэрыщыту уолъагъу — къыр лъащIэм къыщыщIэдзауэ хъыджэбзыбгъэм хуэдэу хъурей, нэр щIисыкIыу лыд и щыгухэм нэсу. КъыпфIэщIырт хамэ щIыналъэ къикIа зауэлI хъыжьитIыр и дахагъкIэ къыдихьэхын папщIэ, тхьэмахуэ зэхуаку хъуауэ зызыкIуэцIишыхь пшагъуэ щIакIуэр Iуащхьэмахуэ нобэ зыщидзауэ.

И нэхэр тенауэ Мысырыкъуэ Iуащхьэ абрагъуэм йоплъ икIи зэхэпх къудейуэ и Iупэхэр мэIущащэ.

— Мис уэращ Iуащхьэмахуэ жыхуаIэжыр... Хьэуэ, ди нэхъыжьхэм лIэщIыгъуитI-щы япэкIэ уэ птеухуауэ Мысыр нахьа адыгэ хъыбарыжьхэр уи теплъэм йофэгъуэкI... Къуршхэр, къущхьэхъу хъупIэхэр, уипс къабзэ берычэтхэр, мэз бейхэр-щэ! Алыхьым гуэныхь сщимыщIкIэ, ауэ жэнэт хадэхэм мыпхуэдэ дахагъ яIэу си гугъэнтэкъым.

Тузар и зиусхьэным и щIыбагъ дэтт, ину щатэу.

Хьэнухь шыхэр псы иригъэфати, Тузар и уанэм хъуржынымрэ упщIэм кIуэцIышыхьа хьэпшып хьэлъэмрэ фIидзэжащ.

Тузар зи щIыхьыр иным и плIэм щIакIуэр триубгъуэжащ, Мысырыкъуэ и лъапэр лъэрыгъым еIуса жыпIэну, псынщIэу уанэгум итIысхьэжащ.

— Уэ фIыщIэ пхуэфащэщ,— жриIащ абы шыхъуэм.— Хэт ищIэн, саугъэт щостын сихуэнкIэ хъунщ.

— СыткIэ къэдлэжьа? — игъэщIэгъуащ шыхъуэм.

— НэгъуэщI мыхъуми, ХьэнухькIэ къызэроджэм щхьэкIэ,— шууей уардэр пыгуфIыкIри и шым елъэдэкъэуащ.

Тузар и зиусхьэным и ужь иту ежьащ.

* * *

Пщы хьэблэр унагъуэ пщыкIутху хуэдизт зэрыхъур икIи нэхъ Iэтауэ джабэ нэкIу лъахъшэм кIэрыст жылэм и пщэ къыдэсу. И лъабжьэм, Балъкъ хэхуэ псыIэрышэм и Iуфэм, мэкъумэшыщIэхэм я тэхъуанэхэр щызэхэтт. Ахэр къызэрыгуэкI тэхъуанэт, ятIагъуэкIэ къеекIа чы-бжэгъу унэт. Теплъэ дэгъуэ яIэу зыхужумыIэн а псэуалъэхэр хьэуазэкIэ бгъат. Пэжыр жыпIэмэ, а зэманым пщым и унэри мэкъумэшыщIэ щхьэхуитхэм я псэупIэм къызэрыщхьэщыкIышхуэ щыIакъым. КъызыхащIыкIри и щIыкIэри зыт. Ауэ пщым и унэр блын тIуащIэу яухуэрт, пэшхэри нэхъыбэт. Унащхьэм и гугъу пщIымэ, ар зэрабгъэр Тамбукъан гуэ-

лым и Іуфэм щыпаупщІ къамыл кІыхьхэрт. Унащхьэм тетри зы уэнжакътэкъым, атІэ щы ней хъурт. А псом нэмыщІыжкІэ хьэщІэщым и уэнжакъыр мывэу зэтралъхьэрт.

ЩІапІэм ит адрей псэуалъэхэр — уэркъхэм, бейгуэлхэм, унэІутхэм я унэр — нэхъ Іудзауэ, бгы лъабжьэм щІэтт. Нэхъ и лъабжьэжкІэ шэщ инри, бори, щхьэ зытелъ чэтри, гъавэр щахъумэ духэри щызэхэтт.

Шы лъабжьэхэр зыпхыщэт гъуэгу Іузэ цІыкІум Мысырыкъуэрэ Тузаррэ пщым и унэм Іуишащ, чы-бжэгъу чом щыбгъэдыхьэм, пщыр пщІантІэм дэту къыщІэкІащ. Нэрылъагъут, абы щакІуэ ежьэну зэрызигъэхьэзырыр. Уэркъищыр гупсэхуу зыкІэлъыплъ щІалэ зэІэщІэлъ зыбжанэм шыхэм уанэ тралъхьэрт, бжыхэр, нэгъуэщІ хьэпшыпхэри кърахьэлІэрт. Лъэпкъ къабзэ къыхэкІа езы пщым асыхьэтым шабзэкъур ишэщІырт, шабзэбзэр иридзэн мурад иІэу.

Мысырыкъуэ игурэ и щхьэрэ зэтелъу дыхьэри щрагъэблэгъэным ежьэу, пщым хуеплъэкІыу пщІантІэкум деж щыувыІащ. Пщыр дэтхэнэрами къэщІэгъуейтэкъым: и фащэми плъэкІэ къудейми ІупщІу ар къыбжаІэрт. Пщыр къеплъэкІри, шабзэр лъэныкъуэкІэ игъэтІылъащ, икІи асыхьэтым и нитІым къыщІэлыдыкІа упщІэр занщІэу ункІыфІыжащ, и нэгу гуапагъэ, хьэщІэхуэфІагъэ фІэкІа нэгъуэщІ зыри къимыщыжу.

— Ей, Биберд! — еджащ ар уэркъхэм ящыщ зым (ар уэркъхэм я нэхъыжьу къыщІэкІынт). — ХьэщІэ сиІэщ.

Тузар пэхъунщ жыхуэпІэн лІы лъахъшэ зэІэщІэлъым, хуэІэкІуэлъакІуэ дыдэу щымытми, псынщІэу Мысырыкъуэ и лъэрыгъыпсыр иубыдащ. УнэІутхэм ящыщ гуэрми Тузари шым кърigъэпсыхащ.

Зэ еплъыну фІэкІа пщыр хуейтэкъым и хьэщІэм и нэмыс здынэсыр къихутэн папщІи, занщІэу къыгурыІуащ ар Щоджэныкъуэхэ я лъэпкъым я нэхъыжь дыдэм нэхърэ зэрымынэхъыкІэнур.

— ФІэхъус апщий, пщІэрэ щІыхьрэ зиІэ гъугурыкІуэхэ. Щоджэныкъуэ Жамботыпщыр къыволъэІу фэр папщІэ пхъэм я нэхъ быдэр мафІэлыгъейуэ щыблэну и жьэгу пащхьэм фынеблэгъэну,— абы унэІутхэм дежкІэ зигъэзащ: — Ей! ХьэщІэхэм я хьэлъэр унэмкІэ нэфхь. Шыхэри зыщывмыгъэгъупщэ. Дыдейхэми уанэр тефхыж, нобэ щакІуэ дыкІуэнукъым. Биберд... Дэнэ щыІэ мыр? А-а, си ныбжьэгъужьым и къалэн ещІэж...

ІэпхъэлъэпхъашэуІ щІа тхыпхъэхэмкІэ гъэщІэрэщІа жыгей бжэ хьэлъэм ибгъукІэ хэлъ щхьэгъубжэ цІыкІуи-

тIым нэху щIагъуэ къыдидзыртэкъым, ауэ пэшым и унэлъащIэр умылъагъун хуэдизуи кIыфIтэкъым. ЖьантIэмкIэ блыным пхъэ гъуэлъыпIэ кIэрытт, шухьэ щащыху ипхъуауэ. ГъуэлъыпIэм декIуэкIыу блын псом хуэфI упщIэ алэрыбгъур фIэдзат, цы пщIам къыхэщIыкIа тхыпхъэ плъыжь, удзыфэхэр хэтыжу. Алэрыбгъум и щIыIукIэ фIэлът зэрыгъэщIэрэщIаишхуэ щымыIэ Iэщэхэр: сэшхуэ, къамэ зыбжанэ, зы алебардэ, щакIуэ бжьакъуитI. Блыным и ижьырабгъу лъэныкъуэм жыгей шэнтжьей, Iэнэ лъакъуищу зытхух кIэрытт. Пэш курыкупсэм хуэзэу, фIыуэ уба ятIэ лъэгум бжей пкъо пIащитI хэтIат, джафэу упсауэ. Абыхэм джафэу ягъэкъабзэу, зым адрейм ирикъузылIа арэфхэр зытегъэпщIа бгыкъухэри щIаIыгъэрт. Быдэу зэкъузылIа арэф куэдыр зытегъэщIа бгыкъухэм ахэр я щIэгъэкъуэнт. Абы къыдэкIуэуи сэхитIыр щIакIуэхэм, щIопщхэм, шы Iэпслъэпсхэм я фIэдзапIэу къагъэсэбэпырт. Блыным и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм кIэрытт дэтхэнэ мэкъумэшыщIэ унагъуэми щыплъагъуну адыгэ жьэгур. КIуэаракъэ, адрей адыгэ унагъуэхэм узыщрихьэлIэхэм ар зыгуэркIэ къащхьэщыкIыпэу щытми, къызэрыщхьэщыкIыр и инагъырт. Пщы хьэщIэщым и лъэгум дэнэкIи щызэлъэмыIэсми, арджэн иубгъуат.

Мысырыкъуэ къуэкIыпIэ къэралхэм щащIа дворец унэ абрагъуэхэр щилъэгъуат, илъэскIэрэ мраморкIэ къищIыкIа, шыпсэм зэрыщаIуатэм нэхърэ нэхъ дахэжу зэлъыIуха пэшхэм щыпсэуати, Щоджэныкъуэпщым и хьэщIэщыр хьэщ кIыфI къыщыхъуащ. Ауэ, и щхьэ хужиIэжащ пэшыр дэбгъуэн лъэпкъ щымыIэу зэрыкъабзэлъабзэр, хэбгъэзыхьмэ, екIуу зэлъыIухауэ жыпIэ зэрыхъунур. Пщыр нэмысым зригъэхьурэ иритхьэусыхэрт «мы хьэщIэщ тхьэмыщкIэм» зэрыригъэблэгъам папщIэ, емыкIу имыщIынуи лъаIуэрт, ауэ абы и нэгу къищырт мы хьэщIэщыр Iейуэ къызэримылъытэри, езым хуэмыщIауэ псэухэм зэрызахимыбжэри.

«Апхуэдэу щыщыткIэ, адрей пщыхэм я Iуэху нэхъыкIэжщ,— егупсысащ Мысырыкъуэ.— Мы сэ слъагъу пщыхэм фIыуэ щэкIуэнрэ зекIуэ ежьэнрэ фIэкIа нэгъуэщI къафIэIуэхуу къыщIэкIынукъым...»

ХьэщIэ телъыджэм и щIакIуэр езы Жамбот щихащ икIи абы и абэ гъэщIэгъуэныщэр щилъагъум, щIакIуэр IэщIэхуным зы мащIэщ иIэжар. «Ярэби, тыркуу пIэрэ?— егупсысащ пщыр.— Хьэуэ, апхуэдэ адыгэ нэкIу тыркум иIэнукъым. Бгырысыбгъэщ, и нитIырщи, бжьыхьэ дыгъэ къыщIэкIыгъуэм и пщэдджыжь уафэм и плъыфэщ. Ди цIыхухэм щхьэц сырыху е плъыжьыпс яIэу узэрырихьэ-

лIэм нэхърэ мынэхъ мащIэу нэ къуэлэнхэми нащхъуэхэми уахуозэ, ауэ апхуэдэнэ зиIэ тырку е тэтэр игъащIэм срихьэлIакъым».

Мысырыкъуэ и сэшхуэр зыпщIэхихри и хьэпшыпхэр щызэтралъхьа плIанэпэм кIэриупсеящ.

Бысымым, хьэщIэр жьэгу мафIэм пэригъэтIысхьэри, езыми абы ибгъукIэ егъэзыпIэ ищIащ. Биберд къыщIыхьэри блыным кIэрыт Тузар бгъурыуващ.

— ФытIыс, си къуэшхэ! — мы пщIантIэм къызэрыдыхьэрэ япэ дыдэу и жьэр зэщIихащ Мысырыкъуэ.— ЗауэлIыр уанэгу имысмэ, зекIуэлIхэм я губгъуэ мафIэм зрегъэу, апхуэдэ жьэгу дэмысмэ, Iэнэм пэрысщ.

— НытIэ, нытIэ, фетIысэх, тхьэм щхьэкIэ.— ХьэщIэм и псалъэр ипхъуэтащ Щоджэныкъуэ Жамбот.— ЗауэлI хахуэхэм ар яхужызыIэфынкIэ хъунур лIыгъэ нэхъ иныж зыбгъэдэлъырщ.

Бибердрэ Тузаррэ я щхьэр мащIэу ягъэщхъри шэнт кIыхьым и адрей кIапэмкIэ пытIысхьахэщ, я нэхъыжьхэм я псалъэмакъым зэран зэрыхуэмыхъунур я теплъэ псомкIи къагъэлъагъуэу.

И бысымыр гурыгъузым иримыгъэхьын папщIэ, Мысырыкъуэ и цIэ, и щхьэ ириIуащ. Абы и мызакъуэу къызэпича гъуэгуанэ кIыхь шынагъуэм тепсэлъыхьащ.

— Пщы махуэ! Уи пащхьэ ису плъагъур мазэ зыбжанэ хъуауэ Селим сулътIаным и янычархэр щытепщэ Мысыр жыжьэм къикIа цIыхущ. БжесIэпэнщи, сэ къызэрызэджэр Мысырыкъуэщ. Си лъэпкъыцIэр, си адэ къуэш пащтыхьым ейм хуэдэу, Туманбейщ. Ауэ мы къыздэзгъэзэжа щIыгум, ди лIакъуэхэр хьэщIапIэ щызэкIэлъыкIуэу щыта хэкужьым, сэ укъызэрыщызэджэнур ТамбийкIэщ. Ар адыгэбзэкIи нэхъ тэмэму мэIу, хамэ къэрал тIасхъэщIэххэр нэхъ имыгъэпIейтейуи къэнэнщ.

— СэркIэ икъукIэ гуапэщ си жьэгу пащхьэм уэ пхуэдэ хьэщIэ лъапIэр къезгъэблэгъэну,— Жамбот апхуэдизкIэ пIейтейрти, и фэр пыкIат.— Мысырыкъуэ Тамбий... Хэт и гугъэнт... Ди деж къэсащ адыгэ пащтыхьыгъуэр зэрызэтракъутам теухуа хъыбарыр, Туманбей... пэжрэ пцIырэ сщIэркъым.

— Пэжщ,— пхъашэу бысымым и псалъэр IэщIихащ Мысырыкъуэ.— Селим сулътIаным ар бэлыхьищэр телъирэ емыкIу пылъу укIыкIейуэ иукIащ. Туманбей ипэкIэ пащтыхьыгъуэр зыIыгъа Къанщауэ аль-Гури илъэситIкIэ узэIэбэкIыжмэ, зауэм зэрыщаукIам хуэдэу, алыхьыр ажалкIэ си адэ къуэшыжьым къыхуэупсатэкъым. Алыхьым и шыкурщ ди напэр щытекIа мы махуэ гузэвэгъуэхэр имы-

лъагъуу си адэр дунейм зэрехыжар. Сэ Қаир унагъуэ щызиӀакъым, зэзгъэпэщыну иужь сихьа къудейт. Зауэ нэужьым, дауи, Мысырым сисыжыфакъым. ЗэрымыщӀэкӀэ си насып къикӀыу ажалым сыкъыщелым, пщӀэрэ щӀыхьрэ Қавказ хэкужьым къыщыслъыхъуэну къэзгъэзэжащ.

— Муслъымэнхэм я фащэ абэмрэ хьэжы сарыкъымрэ щӀыхь ин зиӀэ Тамбий гъуэгум сэбэпышхуэ къыщыхуэхъуауэ къыщӀэкӀынщ,— жиӀащ Щоджэныкъуэм щӀэупщӀэну дзыхь имыщӀу, ауэ Ӏуэхур зытетыр зэригъащӀэм и гуапэу.

— Пэжу, гу лъыптащ,— пыгуфӀыкӀащ Мысырыкъуэ.— Ауэ, сэ хьэкъыу ар си фӀэщ мэхъу, уэри хуитыныгъэ зыхуимыӀэ фащэ уи плӀэ зэрумылъхьэнур. ЗауэлӀ нэсым и псэр итын мыхъум, апхуэдэ икӀагъэ илэжьынкъым. Хьэжы цӀэ лъапӀэмрэ мы фащэмрэ сэ къысхуагъэфэщащ Мэчэм хьэжыщӀ сыщыкӀуам. Ауэ мыбы, Къэбэрдейм, пщы махуэ, адыгэ цеймрэ жыр тажымрэ сщхьэрыгъыу нэхъыбэрэ сыкъыщыплъагъуну къыщӀэкӀынщ. Сыту жыпӀэмэ, тырку молэм зауэлӀ къызэрыхэмыкӀым ещхьыркъабзэу, адыгэ зауэлӀым молэ къищӀыкӀыгъуейщ.

Щоджэныкъуэ игу щызу дыхьэшхащ:

— Уи псалъэхэр, пщӀэшхуэ зиӀэ ди хьэщӀэ, уи цӀэм хуэфащэщ. Пэжыр жыпӀэмэ, уэ дипщ нэхъыжь ухъуну хуитыныгъэ псори уиӀэщ.

— Хьэуэ, иджыпстукӀэ сэ сурихьэщӀэну фӀэкӀа нэгъуэщӀ хуитыныгъэ сыхуейкъым.

Дыщэрэ уагъэ плъыжьхэмкӀэ идыкӀа шылэ бостей хужь кӀыхьыр и лъапэм теуэу зыщыгъ цӀыхубз щӀалэ дахэкӀейр къыщыщӀыхьэм, Мысырыкъуэ къэтэджащ.

МыщӀэ зэмыфэгъухэр зыхэс дыжьын щӀыӀубгырыпхым цӀыхубзым ибг псыгъуэр икъузырт, лъахъстэн хужьым къыхэщӀыкӀа, щыгъэ зэмыфэгъухэмкӀэ гъэщӀэрэщӀа дыщэ пыӀэ кӀыхь щхьэрыгът. НабдзитӀыр вынд дамэу зытешэщӀа пыжьынитӀыр мамыру икӀи гупсэхуу хьэщӀэм йоплъ, Ӏупэ дыхьэрэнхэр нэмыс яхэлъу мащӀэу погуфӀыкӀ. ЦӀыхубзым ӀэщӀэт тепщэч иным пхъэ фалъэ гъэщӀэрэщӀа зыбжанэрэ кхъуэщын ныбэфрэ итт.

— Си жьэгу пащхьэм и гуащэрщ,— бысымым и щхьэгъусэр хьэщӀэм иригъэцӀыхуащ.

— Ди унагъуэ къыщихьа махуэр хьэщӀэхэм угъурлы яхухъу,— жиӀэри гуащэм и щхьэр мащӀэу игъэщхъащ, тепщэчыр Ӏэнэм тригъэувэри пхъэ фалъэм фадэ дыщафэ тхъурымбэ ищӀу иригъэхъуащ.

— Уэ пхуэдэ унэгуащэ дыщригъэблагъэ махуэр угъур-

сыз хъуфын хуейкъым,— и фIэщ дыдэу жэуап итащ Мысырыкъуэ, цIыхубзым фалъэр къыIихыурэ.

— ЩIыхь ин зиIэ Тамбий пщым, Мысыр щыщ адыгэпщ лъэпкъ къабзэм къыхэкIам, ди унагъуэр игу ирихьын папщIэ, унэгуащэм лъэкI къигъэнэнкъым,— и макъым зримыгъэIэтыщэу жиIащ Щоджэныкъуэпщым, апхуэдэу и псалъэр игъэщIэращIэурэ хьэщIэр и унэгуащэм иригъэцIыхуу.

А псалъэхэр щызэхихым, гуащэм гуфIауэ икIи игъэщIагъуэу и напщIэхэр хэлъэташ, и дзэ хужьыпсхэр къыIупсу ину пыгуфIыкIащ, икIи зэ щхьэщэ машIэ къахуищIыжри, уардэу зиIыгъыу хьэщIэщым щIэкIыжащ. Асыхьэтым зи пащIэ-жьакIэ зэщIэмыхьа, ауэ зи къарур къызэбэкI щIалэ цIыкIуитIым лэгъуп къыщIахьэри лъахъшым фIадзащ, абы мэл зэIыхар халъхьэри, къэрэгъул хьисэпу зыр бжаблэм иуващ, адрейм жьэгум дэп пщтырхэр къыпэритхъущ, дей дзасэм мэл дзажэр фIиIури игъажьэу жьэгум дэтIысхьэжащ.

— Уи фадэр гуащIэщ,— жиIащ Мысырыкъуэ и пащIэр ирилъэщIэкIыурэ,— мыбы...

— Хьэуэ,— идакъым Жамбот,— жызумыпс хэткъым. Дэ дощIэ ислъамыр къэзыщтахэр шагъыр зэремыфэр. Мы фадэр хум, фом къыхэщIыкIащ. Зэреджэр...

— КъэсщIэжащ,— Iэпиудащ абы и псалъэр Мысырыкъуэ.— Мыр махъсымэщ. Ди нэхъыжьхэм жаIэу зэхэсхыгъащ, ауэ дэ Мысырым шербет фIэкIа нэгъуэщI щитфакъым.

Биберд къэтэджри нэщI хъуа фалъэхэм ярыз ищIащ икIи Тузаррэ езымрэ зыбгъэдэс Iэнэм игъэзэжащ. Зи сыхъэр пэмкIэ кърихуж махъсымэ гуащIэмкIэ загъэтхъэжу а тIури лъэныкъуэкIэ щыст.

— Хьэуэ, сэ сымуслъымэн нэсу къыщIэкIынукъым,— пыгуфIыкIащ Мысырыкъуэ — Уи унэгуащэм фалъэр къыщеIысхым сэ сытри, хэбгъэзыхьмэ, шагъыри, абы и хьэтыркIэ исфыфыну щытащ. ИтIанэ сэ зэи сигу ирихьакъым муслъымэн къэралхэм цIыхубзхэм я нэкIум шыкIэм къыхэщIыкIа Iупхъуэ ирапхъуэн хуейуэ щызекIуэ хабзэр. Сэ алыхьым и тезыр сшэчыну къыщIэкIынщ адрей динхэр сигу зэрытемыхуэм щхьэкIи. Ауэ сыт сщIэн... Мис, пщы махуэ, уи цIэр сщIэ щхьэкIэ къэмынэу, гуитIщхьитIыгъэ лъэпкъ схэмылъу уи деж сыкъэкIуащ. «Щоджэным и къуэ» жиIэу аращ. Щоджэныр адыгэ чристан динзехьэщ. Аракъэ?

— Пэжщ,— и щхьэр ищIащ Жамбот.— Илъэсищэм щIигъуауэ тыркухэмрэ кърым хъанхэмрэ ди деж къа-

кӀуэ гъуэгухэр зэхуащӀауэ ди хэку къырамыгъэхьэж грек миссионерхэм ягъэсэну си лӀакъуэхэм ящыщ зыгуэр щытагъэнщ. Иджы щоджэнхэм дэ гукъеуэ къытхуащӀ Аушыджэрым и диным ди гур хуэупщӀыӀуауэ жаӀэри, муслъымэнхэри джауркӀэ къыдощ, цӀыху цӀыкӀум зэсылӀэну псы Ӏуфэр къыхуэгъуэтыркъым, зэкӀэ я пасэрей тхьэжьхэр ӀэщӀыб ящӀыркъым.

— Мажусиитхьэхэр,— игъэтэмэмащ Мысырыкъуэ.

Жамбот абы зыри пидзыжакъым.

Бжэкум ита щӀалэм Ӏэнэхэр къиузэду щӀидзащ. Зыгуэрым къыӀихыурэ абы къытрилъхьэрт уэсым хуэдэу хужь кхъуеищхьэ хъурей цӀыкӀухэр, къэлэр Ӏэрамэхэр, тхъурыжьхэр, фалъэ цӀыкӀукӀэ фо, шатэ хуэдэ шхыныгъуэхэр. Жьэгум пэрысым дзажэр тхъуэплъу игъэжьати, дагъэ къыпыткӀуу Ӏэнэм къытриупщӀэтащ.

Мысырыкъуэ Тамбий мащӀэ дыдэт ишхыр — дэтхэнэ ерыскъыгъуэми щыщу тӀэкӀу-тӀэкӀу йодзакъэри, псы къригъэхьауэ, щӀэх-щӀэхыурэ фалъэр къиштэурэ трефыхьыж, гукъыдэжым пищэ щӀыкӀэу.

— Махъсымэ тӀэкӀу уефамэ, мынэхъыфӀу пӀэрэт,— жеӀэ Жамбот.— Псыр-псыщ.

— Шэч хэлъкъым, уэ узахуэщ, псыр — псыщ. Ауэ Африкэм и къумхэм псым нэхъ лъапӀэ зыри щыщыӀэкъым. Псыр псэм хуэдэщ, жи. Сэ игъащӀэм сефакъым мыпхуэдэ псы къабзэрэ ӀэфӀрэ, умыгъэщӀагъуэ, умыгъэщӀагъуэ: мыпхуэдэу псы ӀэфӀ си гъащӀэм си джий ехакъым, аращ зыщӀыщызмыгъэнщӀри.

— АтӀэ тхьэм яужэгъужа а щӀыналъэ уэгъущӀыгъур алыхьым щхьэ къыхихауэ пӀэрэ муслъымэн диныр къыщигъэщӀыну? Абы теухуауэ сыт ит муслъымэнхэм я фӀыцӀагъэ лъапӀэм?

— Пэжыр бжесӀэнщи, Щоджэныкъуэ и къуэ, сэ хьэрып тхэкӀэрэ еджэкӀэрэ схузэгъэщӀакъым. СыткӀи хуей зауэлӀыр а щӀэныгъэм, молэхэр хъушэу щыщыӀэкӀэ? Пэжщ, си гугъат а тхыбзэр зэзгъащӀэу къурӀэным и напэкӀуэцӀхэм ущу зэ срикӀуэну. НытӀэми, адыгэ пащтыхьхэр еджэн зыфӀэфӀхэм ядэӀэпыкъуу, езыхэми щӀэныгъэшхуэ ябгъэдэлъу щытащ. АрщхьэкӀэ хьэрып хьэрфхэм я хъэтӀ зэблэшахэр афэ джанэм и джылъ зэщхьыркъэпсхэм хуэдабзэу пхузэхэмыгъэкӀыну къысщыхъуу къекӀуэкӀащ.

— Сэри Ӏуэхур афэ джанэм хуэкӀуэмэ, ар нэхъ къэсщтэнущ тхылъым нэхърэ,— къызыхих щымыӀэу жиӀэри ину дыхьэшхащ Жамбот.— НэхъыфӀыжт ар сишхэм я зэхуэдитӀыр зыхуа джыназым и афэ джанэрауэ къыщӀэкӀами.

— Пэжщ, абы и хъыбар уи шыхъуэм къытхуищIат,— жиIащ Тамбий,— зыдгъэхуабэу дэ абы и мафIэм нышэдибэ дыпэрысащ. Жэщ псом гъуэгу дытетат, жэщыр псыIэт... Уи шыхъуэм къыджиIащ уи деж дыкъыдэмыхьэу дыблэкIамэ, къомылыну.

— Тэмэму жиIащ,— и щхьэр ищIащ Щоджэныкъуэпщым.— Къызэлынтэкъым.

— Ар гъэфIэжын хуейт. Хуит сыпщIмэ, апхуэдэуи сщIынщ. НтIэ, дэ Iэл хъуа унэхьэмрэ щхъуэжьымрэ ещхьу щIыпIэ куэд къызэхэдджэдыхьын хуей хъуащ, ди щхьэр тхъумэу икIи Къэбэрдеишхуэм дыкъызэрихьэжу апхуэдэ цIэ телъыджэ — Хьэнухь — зезыхьэ цIыху дыхуэзащ.

— Пэж дыдэу хьэцIэщ,— арэзы хъуащ Жамботи.

— Уэ зыщогъэгъупщэ нухь псалъэр персыбзэм зэрыщыщыр. ИкIи «тегъэун, и гур дахэ хуэщIын» жиIэу къокI. «Хьэр» адыгэбзэкIэ дыгъужьщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, «дыгъужьым игу дахэ хуэзыщI, тезыгъэу» къикIыу арщ абы и цIэм.

— ГушыIэ дахэщ,— и макъ зэрызримыгъэIэтым хуэдэу дыхьэшхащ Жамбот.— ГушыIэ екIум и щIыхькIэ махъсымэ фалъэ зырыз тIэтми хъуну сфIощI.

— Хьэуэ, си пщы махуэ, сэ псы сефэнщи нэхъыфIщ. Уи махъсымэр сэркIэ бий шынагъуэщ. Уеблэмэ, рум жыр джанэми абы укъригъэлыфынукъым.

— Рум жыр джани? ИгъащIэм слъэгъуакъым,— щэтащ Жамбот.

— НтIэ иджыпсту плъагъунщ,— Мысырыкъуэ тэджщ, и бгырыпхыр зыщIихри и пщэ дыдэм нэс щIэзыхъумэ абэр зэIуихащ.

Щоджэныкъуэ ерагъкIэ зызэтриубыдэри, зыри жиIакъым, ауэ Биберд и Iупсыр и тэмакъым тенэри псчэн щIидзащ.

Мысырыкъуэ и Iэпкълъэпкъыр жыр щхъуантIафэ-дыжьыныфэкIэ зэщIэIулIами ярейт. Жыр джанэр гъуджэм хуэдэу зэщIэлыдэрт, жьэгум дэлъ мафIэм пэпщIыпщIырт, и пщампIэмрэ Iэщхьэ пытыпIэмрэ ета дыщэ Iунэхэр вагъуэу блэрт. Сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ, гум и деж, зи жьэр ущIа аслъэным и сурэт дыщэм къыхэуIукIар еIулIат. Афэ джанэм и гупэмрэ щIыбымрэ зэрызэрыгъэубыда бгырыпххэм я быжхэр дыщэ къабзэм къыхэщIыкIат. Аслъэным и нэкIум и щхьэIуэкIэ хьэрыпыбзэкIэ зыгуэрхэр тетхат.

Жамбот сакъыпэу афэм еIусащ. Гъуджэм хуэдэу джафэ икIи щIыIэ жыр щIыIум абы и Iэпэхэр къицырт.

— Ей, мы джанэр и уасэщ... и уасэщ...

— Абы уасэшхуэ иIэщ,— жиIащ Мысырыкъуэ.— Псом хуэмыдэу ар лъапIэ зыщIыр алыхьым къыбгъэдэкIа фIыцIагъэм щыщу мис мыбдеж тетхарщ.

— Сыт тетхар-тIэ?

— Алыхьым хуэгъэза магъу лъэIущ, абы сыт хуэдэ Iэщэми ущехъумэ. Сэр дыдэм тэмэму сщIэркъым абы къикIыр. Ауэ мис езы джанэу Милан дэс рум дыщэкI Iэзэ дыдэхэм я IэдакъэщIэкIым теухуа куэд бжесIэфынут, псэлъэрей сыкъыпфIэщIынкIэ сымышынэу щытамэ. Армырми, пщы махуэ, мы уи фадэм цIыхухэм я нэхъ псэлъэгъуей дыдэми и бзэр къитIэтэфынущ.

— Iэу, Тамбийуэ щIыхь иныр зиIэ си хьэщIэ! ЗауэлI хахуэм я нэхъ хахуэж! Си фIэщ хъункъым фадэм я нэхъ гуащIэ дыдэу кхъуэщыниблми зы медан къудейкIэ нэхъ мыхъуми уи акъылым и жанагъымрэ уи Iэпщэм я къарумрэ пIахыфыну! — Жамбот и нэгурэ и псэрэ зэIухауэ, зи щIалэгъуэм хуэдэу и гурыщIэр нэIурыту пыгуфIыкIырти, Мысырыкъуи ину пымыгуфIыкIын лъэкIакъым.

— Хъунщ, сэ а хъыбарым уэ ущIэзгъэдэIунщ.

*Бжэщхьэ*I*ум я нэхъ жыжьэми ц*I*ыхум сытым дежи лъагъуэ зэрыхуигъуэтыр уигу къэзыгъэк*I*

ЕТIУАНЭ ХЪЫБАР*

Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, сэ сызыщыщIэрэ къысфIэIуэхурэ щымыIэу, сэ схуэдэ еIуящIэ гупым срадзэпщу, икъукIэ псэукIэ гурыхь сиIэу щытащ. Сэ шурылъэсхэм сраунэфэщIт, пщIэрэ щIыхьрэ зиIэ унагъуэхэм иралъхуа щIалэгъуалэ зи пащIэ-жьакIэ зэщIэмыхьахэр Iэщэр Iэзэу гъэбзэным хуэзгъасэрт. Дэ куэдрэ Мысыр къэралыгъуэм и гъунапкъэ жыжьэхэм дыкIуэн хуей хъурт, е зыкъэзыIэта лъэпкъхэм зауэ гуащIэ етщIылIэу я пIэ идгъэтIысхьэжын, е Щамыр зыфыщI тыркухэу Мысыр и къэрал гъунапкъэхэр нэмукIытагъэ хэлъу зыхъунщIэхэм зедгъэцIыхужын папщIэ.

Жэщи махуи уанэгум дисын, къумым и хуабэ лыгъэр тшэчын, псым и пIэкIэ махъшэлъ хуабэр е бамейр къызыхих гуэл шыугъэ итфын хуей хъурт. И шымрэ и къамэмрэ япэ иригъэщурэ адыгэм гъуэгу гъуэмылэ къыздищтэныр щызыгъэгъупщэ хьэлыр Нил иным и хэкум ис дэри IэшIыб тщIатэкъым.

Си адэм, адыгэ пащтыхьхэм я чэнджэщэгъухэм ящыщ

зым, Каир щиIэ унэм Iуэхуншэу, уефэ-уешхэу гъащIэр щыбгъэкIуэн папщIэ псори щыIэт. Си адэр пасэу лIати, хъугъуэфIыгъуэхэр зыдэз пхъуантэхэри, дыщэм къыхэщIыкIа хьэкъущыкъури, зи лъэгур мрамору къигъэжыкIа, зи блынхэр сэхуу зэтелъхьа унэр къызэрищIыкIа алэрыбгъу куэдри сэ щIэину къысхуэнат. Дыгъэм илыпщI уэрамым блын лъагэкIэ къыпыщхьэхукIа си жыг хадэ жьауэм удз гъэгъа дахэхэр къыщыкIырт, псыутх абрагъуэхэм я псыр щыушэрт, жыгхэрти, абыхэм я къудамэм пхъэщхьэмыщхьэр ерагъкIэ яхуэIэт къудейт. Ауэ сэ Iуэхуншэу махуэ зытхух къудеи пщIантIэм сыдэсыфтэкъым. БампIэмрэ зэшымрэ сэ пщIантIэм псынщIэу сыкъыдахурт. Сэ сыхуэпIащIэрт къалэм и чэщанэ блынхэм — мыбдежым сытым дежи зауэлIхэм уащыIущIэрт, абыхэм я гушыIэ пхъашэмрэ нэщанэ еуэхэм яутIыпща шабзэшэхэм я фий макъымрэ щызэхэпхырт, пщыхьэщхьэкIэрэ щIыдагъэ егъэфа факелхэм къапих Iугъуэмэмрэ шывейм и мэ гуащIэмрэ пэцыр ирачырт.

А блынхэм куэдрэ сигу къагъэкIыжырт Щамрэ Мысыррэ я султIан ин Салах ад-Дин, франгхэр, румхэр, инджылызхэр, нэгъуэщI джаурхэри СаладинкIэ зэджэм теухуа хъыбарыжьхэу ди тхьэмадэфIхэм жаIэжу зэхэсхыгъахэр. Мы чэщанэм щыпсэуат Багдад халифатым и дзэм щыщ адыгэ шууейхэу бахриискэ мамлюкхэм я нэхъыжьу мысыр пащтыхь тахътэм тес Хаджи бан-Шагбан тыркур тезыдзыну зи нэ къикIыу щытахэр. Езы Салах ад-Дин дыдэм Мысыр къэралыгъуэ къыщызэригъэпэщауэ, абы и къуэшым, султIан хъуа нэужь, бахриискэ (абы тенджыз къикIыу аращ) мамлюк мин — ахэр нэхъыбэу тырку-сельджукт — пщIэкIэ къищтэщ е къищэхури дзэпщ къулыкъущIэшхуэ къахищIыкIауэ щытыгъат. ИужькIэ а мамлюкхэм тетыгъуэр яубыдри езыхэм я пащтыхьыгъуэ къызэрагъэпэщауэ щыташ. Нэхъ иужьыжкIэ ахэр езыхэри, илъэсищэрэ плIыщIрэ хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, сельджукхэм къыхагъэщIэжыгъащ. Ауэ пащтыхь тахътэм итIысхьар пащтыхьыгъуэр зыIэщIэлъ аббасидхэм я халифыркъым, атIэ адыгэ мамлюкхэм я дзэпщ Баркъукъущ, мелик аз-Закир е «Псори зыщIэ Пащтыхь» зыфIащарщ. Адыгэхэм пащтыхьыгъуэр илъэсищэрэ тIощIрэ пщыкIутхукIэ яIыгъащ икIи Iуэхум щымыгъуазэ хамэ къэралыр абы «бешеннэ мамлюккIэ» еджэу щыташ. «Мамлюк» цIэр адыгэхэм къыткIэрыпцIэлъ хъунукъым. Дэ аббасидхэм Кавказым драшурэ драгъэблэгъауэ арат, иужькIэ нэхъыбэ дыхъуамэ, пщIэшхуэ щIэттурэ гъэрыпIэ ихуа тыркухэр, Кавказым щыщ тэтэрхэр къэтщэхужати аращ, армыхъумэ ди нэхъыжьхэр гъэрыпIэм ита

мамлюкхэм ящыщу аракъым *. А Iуэхухэм ди пщы махуэ Щоджэныкъуэ щыгъуазэкъэ? Хьэмэрэ мо бжэкум ит щIалэм абы хищIыкIым хуэдиз фIэкIа уэри хыумыщIыкIыу пIэрэ? ЩIалэр апхуэдизкIэ дихьэхауэ къыдодаIуэри зыгуэр IэштIымкIэ къызэрыкIуэцIытIыхьыр зыхищIэркъым...

НтIэ, мы жыр джанэм теухуауэ. Мыр езы Салах ад-Дин дыдэм ейуэ щытащ. Пасэ зэманым нурыр къызыщхьэщих а лIыхъужьым (абы лъандэрэ лIэщIыгъуищым щIигъу блэкIащ) мы афэр къритыгъащ инджылыз король цIэрыIуэу мелик Рик-Аслъэныгу ЗыкIуэцIылъ Ричард жыхуаIэм — къыщритари чристан рыцархэм щIапIэ кIуэдыр къахуэкIуэным къэнэжа щымыIэу, а тIум зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIаращ. Хабзэшхуэ яхэлът зэбиитIми, пщIэшхуэ зэхуащIырт, саугъэтышхуи зым адрейм хуищIыгъащ. Зэрызэхуэупсахэм ящыщу нэхъ хьэпшып лъапIэ дыдэхэм ящыщ зыт мы рум жыр джанэр. Тхыдэр зыIуэтэжхэм тхьэщаIуэж мыр Ричард папщIэ Милан щащIауэ. Ауэ ахэр щыуащ — инджылызхэм я тетым егъэлеяуэ Iэпкълъэпкъ гъумыщIэ иIэт икIи джанэ телъыджэу жыр быдэ дыдэм, ауэ псынщIабзэм къыхэщIыкIар и плIэм ирилъхьэу «аслъэныгу къыщеуэ» и бгъэр бийхэм ярыщихъумэну къыхуиухатэкъым.

Саладин и жыр джанэр бахрий сулътIанхэм яIэрыхьащ, иужькIэ — «бешеннэ адыгэхэм». Иужь дыдэу мыр зыщызытIэгъар си Iыхьлы дуней-нэхуу Къанщауэ аль-Гурищ е, дэ зэрыжытIэу, Къанщауэ Гъурщ. Джанэм тегъэлъэда дыжьыныфэм — гу лъозгъэтэнт ар зэи зэрымыулъийм — алыхь IэмыркIэ къаруушхуэ игъуэтащи, шабзэшэми, джыдэми, бжыми ар зэпхаудыфыркъым. НтIэми, а къарум Къанщауэ мыгъуэр, Селим и мацIэдзэм щезауэм, ажалым къригъэлыфакъым. Пэжщ, шабзэшэр зытехуар жырыркъым, атIэ и тэмакъырщ. Ди меликыр езым и лъым итхьэлэжащ.

Зауэм фIыуэ цIырхъ щыхъуа ди дзэри къимыкIуэту хъуакъым. Си адэ къуэш Туманбей, зи ныбжьыр хэкIуэта, узыншагъи зыбгъэдэмылъыж лIыжьыр, Мысырым и иужьрей адыгэ пащтыхь хъуащ.

Куэд дыди дэмыкIыу Iуэхушхуэ гуэркIэ къысхуейуэ сэ абы щэхуу сриджащ.

Ар къыщызэпсэлъар тахътэр зыщIэт пэшыркъым, атIэ «Iэщэхэм я зыгъэпсэхупIэ» пэш езым фIы дыдэу илъагъурт. Алэрыбгъухэм я щIыIум шабзэу, шабзалъэ дэгъуэу,

* Мыр зи Iуэху еплъыкIэр Мысырыкъуэщ.

сампIэ лъапIэхэм ярылъ джатэ зэпэщу, мэIухурэ мушкет телъыджэу щыфIэдзам шууищэ иризэщIэбузэдэну урикъунт. ПлIанэпэм, пхъэ фIыцIэм къыхэщIыкIа стIол лъахъшэр и егъэзыпIэу, жьантIэм дэтт Саладин и жыр джанэр.

Туманбей шэнтжьей щабэм бгъукIэ илът. Си адэ къуэшым сыхигъэзыхьри Дамаск щхьэнтэм, цы зэрыкудам, деж сригъэтIысэхащ. Меликым и IуэхутхьэбзащIэхэри къуэдзэ зыбжанэри щIигъэкIри, дэ тIум ди закъуэу пэшым дыкъыщIэнащ.

— Мысырыкъуэ, сэ уэ си къуэ нэхъыжьым нэхърэ мынэхъ мащIэу си дзыхь узогъэз,— макъ лъахъшэ дыдэкIэ къригъэжьащ Туманбей.— Дауэ уеплъырэ, зауэ гуащIэм къару псори хузэхуэзыхьэс султIаным и ебгъэрыкIуэныгъэщIэр дэ тхузэтеIыгъэну?

Ар сэ сызыпэмыплъа упщIэт. Сэ жысIащ ди къэралыгъуэм узытегузэвыхьын хуэдэу иIэ шынагъуэхэм зэи сызэремыгупсысар.

— Мис Къанщауи егупсысатэкъым,— си адэ къуэшым гуауэщхьэуэу а и псалъэм пищащ.—Шэч хэлъкъым, къэралым ифI зыхэлъ Iуэху куэд илэжьащ. КIэнауэхэр, гъуэгухэр иукъуэдиящ, мэжджыт дахэ, жьы щхьэл куэд иухуащ, ар еджапIэхэмрэ библиотекэхэмрэ дахьэхырт. Уеблэмэ хьэжыщI къакIуэхэр зыщигъэгъупщакъым — Мэчэ узышэ гъуэгухэм ябгъукIэ псыкъуиищIэхэр къыщригъэтIащ. Ауэ ди дзэм и лъэщагъым зэрыхигъэхъуэным егупсысамэ нэхъыфIат. Сыт хуэдиз ахъшэ усакIуэхэмрэ пшынауэхэмрэ ятригъэкIуэда? Абы щыгъуэми ди шууейхэм щIаукIыкI шыр зэрызэтхъуэкIын диIэкъым...

Сэ арэзы сытехъуащ ди шуудзэр нэхъ мащIэ пщIынкIэ Iэмал зэримыIэм. Пэж дыдэу, сэ усакIуипщI нэхърэ зыш нэхъ къэсщтэнут.

— Иджыпсту сэ зи гугъу сщIынур нэгъуэщI Iуэхущ, си щIалэ,— пащтыхьым и Iэпкълъэпкъ хьэлъэр ерагъыу къиIэтри и щхьэр стIол фIыцIэ цIыкIум дежкIэ ищIащ.— Уэ мо жырыр уи нэIуасэщ... Сыт-тIэ абы Къанщауэ ажалым щIыщимыхъумар? СощIэ, сощIэ шабзэшэр и тэмакъым зэрытехуар. АтIэ, жырым хэлъ магъу къарум шабзэшэр щхьэ лъэныкъуэкIэ Iуимышарэ? ПщIэркъым пэжкъэ? Сэ хузогъэфащэ-тIэ... Алыхьым сигу къигъэкIащ... Дэ ислъам дызэрихьэрэ Iэджэ щIа щхьэкIэ, ди лъэпкъым щыщ гуэри Чэбэм и мэжджыт лъапIэхэм тхьэ щелъэIуну иужьрей илъэсхэм Мэчэм кIуакъым. Сэ сыхуейщ, Мысырыкъуэ, уэ хьэжыщI укIуэну. Жыр джанэр щыптIэгъэнщи абэр къытеплъхьэжынщ икIи Мывэ фIыцIэм гъунэгъу ухуэхъуа

иужь, жырыр ебгъэIусэнщ. ИужькIэ молэ е щихъ гуэрым елъэIуи, алыхьыр зыгъэлъапIэ Iэяту къурIэным итхэм ящыщ зы жырым трегъатхэ. Си гугъэщ алыхьым и цIэ бгъущIрэ бгъум щыщу Меджидрэ Айнанрэ зи Пэжыгъэмрэ зи Лэжьыгъэмрэ ин жиIэу къызэрыкIыр требгъатхэмэ нэхъ къезэгъыу.

Меликым и псалъэр зэпигъэущ, сарыкъыр дригъэкIуэтейщ, и щхьэ икIам щIэтIахъуэри адэкIэ пищащ:

— Сэ си щхьэкIэ хьэжыщI сыкIуэнт, ауэ, уолъагъу, иджыпсту Каир сыдэкI хъунукъым. Нэхъыщхьэрщи, аслъэныгу зыкIуэцIыдъа пащтыхьми хуэдэу, сэри сыпIащэщи си Iэпкълъэпкъым зэи мы жыр фащэ дэгъуэр къекIуэкIынукъым. Мы жырыр пщыгъыу ди дзэм и пашэу уувын хуей хъунущ уэ... си Мысырыкъуэ. Тхьэм и Iэмыр зытехуа мы хьэпшып лъапIэм и сэбэпкIэ уэ тыркухэр зэтепкъутэнщ. Уэ зырщ сэ си гугъапIэр.

Пащтыхьым къысхуигъэфэща къулыкъу лъагэр хъуапсэ жыжьэу сигу къилъэдэфын къудейуэ арат. Илъэс щэщIрэ хырэ срикъуауэ арати, си фIэщ хъунтэкъым псоми ящызбзыщI а си хъуэпсапIэр апхуэдэу щIэхыу нахуапIэ хъуну къызжаIэгъатэмэ.

— Си нэхунэм, алыхьым ар къихъумэ, си акъылыр игъэутхъуащ,— жысIащ сэ, зыкъомрэ сыгупсыса нэужь.— Абы езыми къуэ иIэщ, абы нэмыщIыжкIэ сэр нэхърэ нэхъыжь икIи нэхъ зауэлI Iэзэ, IэкIуэлъакIуэ куэди игъуэтынущ.

ЖысIар игу иримыхьауэ Туманбей и Iэр ищIащ.

— Си къуэм и щхьэм лъакъуиплI, лъакъуитI зыщIэт шыбзхэм фIэкIа нэгъуэщI иткъым. Хэт ищIэн, къэрал зэрызэрихьэн акъыл абы зы зэман игъуэтынкIи хъунщ, ауэ ар зэи дзэпщ хъунукъым. Мыдрейуэ зи гугъу тщIы нэхъыжьхэр мылъкум, нэгу зегъэужьыным дахьэхащи гуэгушыхъум хуэдэу зым адрейм зыхуегъэцыдж... Хьэуэ, абы и унафэр зэфIэкIащ... Къызэрыбгъэзэжыххэу си унафэр занщIэу хэIущIыIу къэсщIынущ. Ахъшэ къыздэпщтэн зыщумыгъэгъупщэ. Мыдэ ди ахъшэм и тетым сыкъеджэнщ. Уэ езым уи ахъшэкIэ зэфIэбгъэкIынуи? НэхъыфIыжщ, ди бохъшэр, уэри уощIэ, нэщI хъуащ. Абы щыгъуэ нэхъыбэIуэу здэщтэ. Уи IуэхущIэгъунур дин лэжьакIуэхэрщ. Пэжщ, ахэр щихъщ, ауэ муIэзиным и джэ макъым нэхърэ дыщэм и зуукIэр нэхъ псынщIэу зэхах. Азалыхьым къысхуигъэгъу жысIэр! АтIэ, жырыр къащти еуэ... Сешащ икъукIэ... Ныщхьэбэ, пщыхьэщхьэ нэмэзыр зэрызэфIэкIыу, гъуэгу техьэ...

* * *

Дэ гъуэгу дызэрытехьэнум псынщIэу зыхуэдгъэхьэзыращ. Пщыхьэщхьэ пшапэхэр зэхэуэн хунэсатэкъым, Тузар сэрэ, фIыуэ зэщIэуззэда шууеипщI ди гъусэу, нэмэз щытщIкIэ ди гупэр здэдгъазэ лъэныкъуэмкIэ, къаблэмкIэ, дыкIуэу дыщыщIэпхъуам.

Махуэ, жэщ, аргуэру зы жэщрэ зы махуэрэ дыкIуэри Нил и псыхъуэ берычэтылъэр къызэднэкIащ. Иджы ди гъуэгур пхыкIынут бедуин Iэпхъуэшапхъуэхэм я егъэзыпIэ зэрызхэмрэ гъэр щIэпхъуэжахэм, дезертирхэм, зи фэрэ зи дуней тетыкIэрэ зэмыщхь нэгъуэщI цIыху пхъэнкIийхэу зэхэт хъунщIакIуэ гупхэмрэ фIэкIа узыщыхуэмызэ къум нэщIым. Ауэ дэ дыкупец къэрабгъэтэкъым икIи дыкъызэрыгуэкI хьэжыщIтэкъым (иужьрейхэм зэи ахъшэ къыздащтэркъым). Зэуэным хуэIэкIуэлъакIуэ зекIуэлI шащхьэмыгъазэхэр (дыгъухэмрэ хъунщIакIуэ гупхэмрэ ахэр щхьэпыупщIищэхэурэ зэхэтами) ящышынэртэкъым.

Махуэ гъуэгуанэ зыбжанэ зэпытча нэужь, Африкэм и псы Iуфэмрэ бегъымбарыр къыщалъхуа аравийскэ щIымрэ я кум Iузэу дыхьэ тенджыз Плъыжьым и Iуфэм дынэсащ. ИужькIэ зэми тенджыз Iуфэм Iухьэу, зэми фIыуэ абы зыпыIуидзу зызукъуэдия гъуэгум дытету тхьэмахуэ зыбжанэкIэ ди гъуэгум хэдгъэщIащ. Япэрауэ, шыугъэ, абы и щIыIужкIэ хуабэ псы гурымыхьымкIэ ди щIыфэри щыгъынри зэщIэзыщта гъуэгу сабэ гъуэжьыр тедгъэкъэбзыкIырт, ауэ ди гум кърита гупсэхугъуэми куэд икIуртэкъым. Тенджыз Плъыжьым и псыр Ахын ейм ещхькъым: шыугъащэщи псыр зэрыгъущыххэу фэр зышх шыгъур хужьу къытонэ. А псом ищIыIужкIэ узылыпщI дыгъэм — гъатхэпэ дыгъэм — а щIыпIэм гъэмахуэм хуэдэуи ущелыгъуэ. Нил къыщиуам деж махуэ щэ ныкъуэм и кIуэцIкIэ мыувыIэу пшахъуэ, сабэ щабэ дыдэм Iур, щIыфэр икудэу Хамсин жьыбгъэм къэралым и юг лъэныкъуэмкIэ къызэрырихыр хэлъхьэжи къыбгурыIуэнщ, Щоджэныкъуэ и къуэ, Мысырым и къум гъунапкъэншэхэм къыщыпкIухьыныр зищIысыр. Абы и псыкъуий зэбгрыдзахэу псыкIэ хуэмыщIахэм уи шым зезыгъэгъэнщIын къыщипшыфыр зэзэмызэххэщ. Алыхьым и шыкурщи, хьэрыпышыр пщIантIэркъым, псыншэуи зэман куэд дехыф.

Дэ икъукIэ дыпIащIэрт, абы къыхэкIыуи зыщыдгъэпсэхур дунейм шигуащIэгъуэрт,— шэджагъуэ, пщыхьэщхьэ нэмэзитIым я курт. Нэхущым ипэ къихуэуи дишхэм жыIурыхьэгъуэ яттырт.

Дэ Каир мазэщIэр къэунэхуауэ дыкъыдэкIащ. ИкIи

етэгъэным и мазэщIэр къыщалъхуам и етIуанэ махуэм, езыр-езыру жыджэрагъ зыгъуэта дишхэм я лъэр щIагъэхуабжьэри, Iэуэлъауэ ин зыдэт чэрыуан-сэрей фIейм дыIуахьащ.

Хьэрып хьилэшы, IэфIейлъэфIейм, укIытэншэу гъуэгурыкIуэхэр зыхъунщIэм, и IуэхущIапIэр жэщми загъэркъым, атIэ езым и гъащIэ пIейтейм тету мэлажьэ. МафIэм пэрылъу жейр къумым ит хъунщIакIуэхэм я гур изыхыну зи пщэ дэхуэ хъумакIуэхэм я закъуэт. Купецхэм я хьэпшыпхэр зэпаплъыхь, абыхэм я IуэхутхьэбзэщIакIуэхэмрэ хъумакIуэхэмрэ къыдырхэр, махъшэхэр зыхуей хуагъазэ, гъуэгуанэ тетхэр Джиддэ адрей псы Iуфэм зэпрызыш матросхэр, диным къахуимыдэ пэтми, ину кIийхэу, хъуанэхэу ахъшэ мэджэгу, лэгъуп къэкъуалъэхэмрэ тебэ пщIыпщIхэмрэ цIэм зэщIащта дервищхэм къаухъуреихьащ: абыхэм я нэгу щихъыгъэрэ щэныфIагъэрэ къощ.

Махъшэвей, ерыскъы ныкъуэшх, бамейр къызыхих тхьэщIэпс, узымыгъэпсэу бадзэхэр, нэр щIэзысыкI гуарцэ Iугъуэ, цIыхухэмрэ шыдхэмрэ я кIий макъ — а псом папщIи ахъшэ птынущ уи шым зебгъэгъэпсэхуну, нэгъуэщI мыхъуми бжэныл Iыхьэ пшхыну, Iей фIыми унэ ущIэлъыну ухуейуэ щытмэ, ауэ и уаситI еттри, гугъущэ дыдемыхьу Тузар дэрэ тхулъэкIащ кхъухь тедзапIэм дэт кхъухь закъуэм дитIысхьэн. Ар зи Iэмыщ Iэ илъым — Кувейтым щыщ матрос IэкIуэлъакIуэм — шитI фIэкIа идгъэтIысхьэу идэртэкъыми, сэ мурад сщIащ си шу гъусэхэр псы Iуфэм — чэрыуан-сэрейм — къэзгъэнэну. Джиддэ къыщыщIэдзауэ Мэчэм нэс шууей нэсым и зы махуэ гъуэгуанэт дэлъри. Тузар дэрэ куэдыщэрэ дыкъэмыту къэдгъэзэжын хуейт. Кхъухьми тенджыз бгъузэр махуитI нэхъ темыту зэпиупщIын хуейт.

Джиддэ дэ щэкI хужь Iыхьэшхуит I къыщытщэхун хуей хъуащ, гуэныхьлы ди Iэпкълъэпкъым къетшэкIыу Iихьрэмым — хьэжыщI кIуэм — а и фащэр — тщыгъыу Мэчэм узышэ гъуэгур адэкIэ хэдгъэщIын папщIэ. Си Iихьрэм щIагъым Саладин и жыр джанэр, абы и щIагъыжым фэм къыхэщIыкIа джанэ псынщIэ щIэлъыжт. Тузар и фащэм дыщэ ахъшэ зэрылъ къэп цIыкIурэ жану щIэлъыкIа къамэрэ щIэгъэпщкIуат. Дыкъызэрежьа щыгъынхэмрэ Iэщэфащэмрэ зэкIуэцIышыхьауэ ди уанэкъуапэм епхыжат.

ЕтIуанэ махуэм къуэкIыпIэмкIэ уэгур нэхутхьэху къызэрищIыххэу Мухьэмэд бегъымбарым и къалэм узышэ гъуэгум и сабэр дишхэм я лъабжьэм лъагэу къаIэту щIадзащ.

Мыдэ жыжьэ дыщыIэ щIыкIэ дэ къэтлъэгъуащ Мэчэм

и Iуащхьэ цIэрыIуэхэу — Анабэ, Хирэ, Турэ, Сафэ (адрей щым я цIэр сщIэжыркъым) — дызэрысабийрэ дэ зи цIэхэр ди нэIуасэхэр. Дишхэм нэхъ лъэхъу зедгъэщIри дыгъэ къухьэгъуэм деж дэ Мэчэм и куэбжэхэм дыдыхьащ. Нэмэз тщIыщ, дишхэр къалэм и пщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ хьэщIэщхэм ящыщ зым къыдэднэри, дэ сату щIыпIэ уэрамхэм я бгъум хуэзэу къалэку дыдэм ит унэ плIимэу зи щIыб блынхэм щэкI фIыцIэ тебза псэуалъэм деж дыкIуащ. Мыр арат муслъымэн псоми я плъапIэ, я нэмэзлыкъыпэр зыхуагъазэ Чэбэ мэжджыт хъужыр.

Мэжджытым и гупэм къилъ щIы IэнэщIышхуэм бзэ зэмылIэужьыгъуэ Iэджэ кIэ цIыхухэр щызэрызехьэрт: дервишым и щыгъын щIыIум щызепщыпщэ цIэ хъушэм хуэдэу, мыбдеж щызэрызехьэрт зэчыр жызыIэ дервишхэри, хьэпцIий чыржын, кхъуей гъэгъуа хъурей цIыкIухэр, дэ гъэлыгъуа, уIэгъэм, лъатэм, делэ узым зэреIэзэ хущхъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд дыдэ зыщэ сатуущI жьгъейхэри, гъуаплъэ фалъэ цIыкIу жьгъырухэмкIэ кхъуэщын Iузэв ныбэфхэм еуэ псыхьэхэри, алыхьым и IэмыркIэ макъ псыгъуэ телъыджэлажьэ зыгъуэта сэджыт къыхэзых лIы пIащэхэри. А зэрызехьэ къомым япхрыстхъри сэ мэжджытым сыщIыхьащ. Тузар бжэIупэм къыIунащ. Абы дэрэ дызэгурыIуакIэт хьэжы цIэ лъапIэм зауэлI хъыжьэу къалъхуар зыхигъэкIыжынкIэ хъуну Iуэхугъуэ къомыр IэщIыб имыщIын папщIэ (сэ сщIэртэкъэ абы и гъащIэ псор зекIуэмрэ зауэ-банэмрэ триухуэну мурад зэрищIар) хьэж имыщIыну. СэркIэ Iуэхур нэхъ тыншт, сыти жыIи, минрэ хьэж ищIауи щрети, пщыр псом япэрауэ пщыщ, итIанэщ щыхьэжыр.

Мэжджыт кIуэцIыр щымт икIи кIыфIт. АлэрыбгъукIэ къищIыкIа лъэгум, увыпIэ имыIэ жыхуаIэм хуэдэу, ист муслъымэн аслъыхэр, нэмэз ящIу. ЩIыбагъ, къуэкIыпIэ лъэныкъуэхэмкIэ мухьэрэбым молэхэр ист, я пащхьэ къит пхъэ Iэнэ лъагэхэм тхылъ фIыцIэ абрагъуэхэр телъу. Я нэхэр тхылъ напэкIуэцIым къытрамыхрэ я Iупэхэр щыму ягъэпIэжьажьэу. Щихъхэм я зэхуакум деж хуэзэу, мэжджытым и ищхъэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ, мывэ хужьу зэтралъхьа блыным хегъэубыдат адыгэ уанэ хуэдиз зи инагъ Мывэ фIыцIэр. Мис а мывэрщ, езым хуэдиз налкъут, уеблэмэ апхуэдэ налкъут миным нэхърэ нэхъ лъапIэр, а мывэрщ алыхьым къридзыхар Чэбэр щащIым зы мывэ хуэныкъуэ хъуауэ щилъэгъуам щыгъуэ.

Мывэ фIыцIэм, си жыр джанэ щIыIум хуэдэу джафэм, и курыкупсэм деж кумбыгъэ иIэт. ИужькIэ сэ къэсщIащ ар абдежым еIуса Iупэ мин Iэджэм зэралъэужьыр. Мы ду-

ней гуфIэгъуэр сэ къыспкърыхьащ, ахърэт нэхум и гурыщIэхэр къызыщIих си нэхэм нэпсыр къыщIэткIуным зы мащIэт иIэжыр. Япэ щIыкIэ сэ мывэм IупэкIэ зескъузылIащ, итIанэ Iихьрэмыр езгъэкIуэтэкIри жыр джанэр мывэм езгъэIусащ. Асыхьэтым си тхьэкIумэм къиIуа макъ жьгъырур жэнэт макъамэу си псэм къыщыхъуат. Спэгъунэгъуу щыс молэми а макъыр зэхихагъэнти, къаскIэри гурыщхъуэщIу си лъэныкъуэмкIэ къэплъащ. Ауэ сэ мывэм сыкъыбгъэдэкIыжауэ дыщэ ахъшэ жьгъейхэм я зу макъыр згъэIурт. Ахъшэ зыдагъэтIылъыкI щхьэгъубжэ цIыкIум си Iэр дэсшиикIауэ сэ си Iэпэм хьэрып дирхьэмхэмрэ перс тумэнхэмрэ щIэзгъэжырт. Апхуэдэ жьгъей зыбгъупщI сэ нэхъ пасэу Тузар къеIысхакIэт. ХъуапсэнэкIэ молэр дыщэм кIэлъыплъащ, итIанэ ину щатэри азалыхьталэм и пащхьэ къикIа КъурIэным и фIыцIагъэхэм еджэн щIидзэжащ.

Нэхъыщхьэу сыкъызытекIухьа Iуэхур зэфIэкIати, щихъым зыхуэзгъазэу и хъуэхъум, уазым, чэнджэщхэм седэIуэн хуейуэ арат къысхуэнэжар. Ауэ сэ сщыгъупщатэкъым си жыр джанэм и къарур нэхъ иныжу хэзыгъэхъуэн Iэятыр трезгъэтхэн зэрыхуейри.

Ислъамым и Iуэхузехьэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ зым сэ езым и унэм сригъэблэгъащ (дауи, ар зи фIыщIэр и унэIутыр дэIэпыкъуэгъу къэсщIу щихъым еста мэрджэн гъумыщIэ зэрыс дыщэ Iэлъын пIащэрщ). Сарыкъ лъагэ зыщхьэрыгъ лIыжь къуэгъур, иджыри зи къару илъыр, унэлъэгу алэрыбгъум текъухьа щхьэнтэхэм уардэу тест. Абы и Iэпэ Iушэхэм мывэ лъапIэм къыхэщIыкIа нэмэз щыгъэхэр мыпIащIэу ягъажэрт, нэпс къызыщIэж и нэ цIыкIуитIыр зы щIыпIэм тримыубыдэфу зэхэзежэрт. СыкъызытекIухьар къищIа, си жыр джанэр илъэгъуа нэужь, абы и нэгу нэфIэгуфIэр зэIууэри и напщIэхэр хишащ, нэмэз щыгъэри нэхъ псынщIэжу зыIэщIигъэжу щIидзащ, уеблэмэ и нэм къыщIэж нэпсыр нэхъ уэр хъуа къысфIэщIащ.

— Уа, си щIалэ,— жиIащ абы зигъэбзэIэфIу.— Уэ дэтхэнэ муслъымэн нэсми и нэр зыщIэбэг, и гур зыщIэхъуэпс мы щIыпIэм укъыщыкIуакIэ, хьэж щыпщIакIэ, дуней Iуэхухэм, дуней хъуэпсапIэхэм мыхьэнэ лъэпкъ зэрамыIэр уи псэм къыбжимыIэу пIэрэ?

— Ди адэ, дэ тщыщ дэтхэнэ зыми езым и къалэныр фIыуэ ещIэж,— жэуап естащ абы.— А къалэныр дыкъыщалъхуа унагъуэм, дызыщыщ лъэпкъым и сэбэп зыхэлъхэм елъытащ...

— Ар псори пэжщ,— си псалъэр сIэпиудащ щихъым.—

Сэ зи гугъу сщIыр нэгъуэщIщ. Уэ, муслъымэн шууей щIыхьлым сарыкъ щхъуантIэм щIыгъуу джаур фащэ пщыгъыну зэбгъэкIурэ? Уэ еплъыт, атIэ а уи жырыр Дамаск и дыщэкIхэм я IэдакъэщIэкI-тIэ? Мо аслъэн нэжьгъ зэкIэщIэшам къикIыр пщIэуэ пIэрэ уэ? Псэ зыпытым и сурэт птхыну хуит узымыщI ислъам диныр ауан къищIу армырауэ пIэрэ? Жырыр мыбдеж къэгъанэ. Дэ ар псоми щалъагъун щIыпIэ деж дгъэувынщ, псори зэлъэIуу зыми емылъэIуж, зи гущIэгъум гъунэри нэзри имыщIэ азалыхьталэмрэ абы и бегъымбар Мухьэмэдрэ хуэпэж дэтхэнэ зыми (хуэфэщэн пщIэ щIатурэ) джаур жырым мывэкIэ е шывей IэшкIэкIэ нэлат ирихыфын хуэдэу. Мы аслъэн нэжьгъыр дгъэткIужынщи, мэжджытыр иридгъэщIэрэщIэну зэхуэтхьэс дыщэ гъэтIылъыгъэ тIэкIум хэтлъхьэнщ.

— Хьэуэ, зи щIыхьыр ину ди адэ,— щабэу абы жэуап естащ сэри.— Мыр, пэж дыдэу, щIащIари щауIуари Дамасккъым, атIэ Миланщ, зейуэ щытари дин нурыр къызыщхьэщихыу щыта, пащтыхьхэм я пащтыхьыж Салах ад-Динщ икIи ар япэу зэреIусэххарауэ мы жыр джанэм джаурыгъэу кIэрылъа псори кIуэдыжащ. Иджы мы жырыр Египетым пащтыхьыгъуэр щызыIыгъ унагъуэм я фIыгъуэщ. Мыдрейуэ мэжджытыр зэрагъэщIэрэщIэнум и гугъу пщIымэ, аслъэн нэкIуу щIа мы дыщэ кIапэм нэхърэ нэхъ мащIэ яшэчу къыщIэкIынукъым мы дыщэ жьгъейхэм,— ар жысIэри сэ щихъыр зытес алэрыбгъум тескIутащ дыщэ ахъшэ щызхэр, абыхэм яхэлът хьэрып дырхьэмхэри, тырку серафхэри, флорентийскэ флоринхэри, уеблэмэ венецианскэ цехин зыбжанэ.

Молэ нэхъыжьхэм ящыщ зым и нэкIу зэлымпIыжар нэкIущхьэплъ къэхъуащ. ИмыщIэ хуэдэурэ щхьэнтэ плъыжь цIыкIумкIэ ахъшэр щIихъумэурэ абы жиIащ:

— Къызэпта уасэмкIэ ухуеймэ, уи сэшхуэм ухуеймэ, жыр пыIэм дыуэ пхутрезгъэщIэнщ, уи фIэщ щIы итIанэ уи щхьэм къылъэIэсыфын Iэщэ мы дунеижьым къытемыхъуэнкIэ. Ауэ мы уи жыр джанэр, дауэ мыхъуами, сэ къысхуэгъанэ. Армыхъумэ, пщIэну щыткъым, къурIэным щыщ усэ сатырым уи жырыр нэхъри ипсыхьыным и пIэкIэ джэдыкIафэм хуэдэу махэ ищIынкIэ мэхъу...

Щихъыр щыуэрт. Абы ищIэртэкъым сэ сщIэр. Абы нщIэртэкъым Мывэ фIыцIэм щезгъэIусам си жыр джанэр зэрызэпымылъэлъар, сэри асыхьэтым уафэм мафIэ къехыу сисатэкъым, щIыр зэгуэзуи я кум сыдэхуатэкъым. НтIэ мы щихъым абы тритхэну псалъэхэм дыжьыныфэ гъущIым и къару мыкIуэщIыр нэхъри ягъэбыдэну аркъудейт. Сэ нэщI хъу си бохъшэм аргуэру сиIэбащ.

— НетIрей ахъшэхэр Мэчэм и щIыхьыр гъэлъэпIэным сэ сыщIэмыфыгъужу хуэсщIа тыгъэщ,— жызоIэ сэ.— Жырым тептхэну псалъэхэм папщIэ мы ахъшэ жьгъей зыбгъупщIымрэ налкъут мыин дыдэ зэрыс мы Iэлъынымрэ сIых.

Европэм къраша дыщэм, псэ зыпыт псэущхьэхэм, къэралыгъуэ гуэрхэм я пащтыхьхэм я сурэт зэрытетым щихъыр зыкIи ирипIейтейртэкъым (ислъам и хабзэхэр къизымыдзэ ахъшэ угъурсызхэри ягъэткIужыну къыщIэкIынт).

— Хъунщ-тIэ, Каир и лIыкIуэ ерыщ, сэ пхутрезгъэтхэнщ узыщIэлъэIур. Джаурхэм я Iэщэр къыпэмылъэщыну...

— Хэт и Iэщэри къыпэмылъэщыну,— зэпызудащ сэ абы и псалъэр.— Хэт и Iэщэри къыпэмылъэщыну, щихъ! Алыхьым зэрызыхуэзгъазэ цIэуи Айнанрэ Меджидрэ — зи Пэжагъыр ин, Лъэщагъ мыкIуэщIыж зиIэ къызэрыкIыр схутетхэ.

— Хэт и Iэщэми жыпIа? — хэгупсысыхьауэ и псалъэр зэпишащ абы.— Ар уи гугъэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ.

Сэ си бохъшэр къэстхъунщIыжащ. Алэрыбгъум аргуэру дыщэ ахъшэ жьгъейуэ зыбгъупщI тезутIыпщхьащ. Абыхэм ящыщу дэтхэнэ зыми мэлипщI къыщIэкIынут, е махуипщI псокIэ шууеипщI, яшхэри я гъусэу, ирипсэуфынут.

— ДырхьэмитIымрэ зы серафымрэ сэ къэзгъэнэжынщ, нэгъуэщI мылъку збгъэдэлъыжкъыми, мыдрей дырхьэмищымрэ цехинитIымрэ уэ къащтэ, ди адэ, сызыхуеину Iэятыр къурIэным къызэрысхуибгъуэтэнум папщIэ, ар си акъылым къитIэсэнукъым,— жызоIэ сэ.

— Хьэрып тхыбзэ умыщIэу ара? — нэжэгужэ къэхъуащ лIыжьыр.— Хъунщ, жыпIамкIэ сыарэзыщ. Сэ пхуэстхынщ...

Абы и унэIутыр къриджэри унафэ хуищIащ бэзэрым кIуэуэ дыщэкI нэхъ Iэзэ дыдэр къишэну. Езым тхылъымпIэ кIапэмрэ къалэмымрэ къищтэщ, тIэкIурэ гупсысэри къамэ Iэпщэ хуэдизу сатыритI итхащ.

ТхылъымпIэм итыр бдзыр зыпэмылъэщ гъущI быдэм тритхэным дыщэкIым зэман мащIэ тригъэкIуэдакъым — бдзыхэр щIэх-щIэхыурэ Iуигуэрти щIэрыщIэу лъыжын хуей хъурт. ИкIэм икIэжым сэ жырыр къэсщтэжри щэкI кIапэ кIуэцIысшыхьыжащ.

— Алыхьым и нэфI зыщыхуа, сыт хуэдэ псалъэ мыбы уи Iэ угъурлыхэмкIэ тептхар? — сэ сеупщIащ абы.

— Алыхьым деж нэсын псалъэщ,— пыгуфIыкIыу и нэ сэмэгум къыщIэпкIа нэпс къудамэр илъэщIурэ щихъым жэуап къызитащ.— Абы тестхар къыупсэлъ нэхърэ тхы-

гъэм итыну нэхъ зыхуэфащэ псалъэхэрщ. Сыту жыпIэмэ, ахэр апхуэдизкIэ псалъэ лъапIэщи, къыщытпсэлъкIэ гуэныхь къэтхьынкIэ шынагъуэщ.

ТIэкIу сыIэнкунми, си Iуэху зэрызэфIэкIамкIэ сыгуфIэу, сэ молэ губзыгъэм гуапэу сэлам есхыжри и унэ сыкъыщIэкIыжащ.

Тузар куэбжэпэм къыщыспэплъэрт. Махуэр пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуат, ауэ дэ пщэдджыжьым нэхъ фIэмыкIыу Джиддэ дынэсыжын хуейти, занщIэу ди гъуэгуанэ дытехьэжащ.

Си ныбжьэгъу пэжыр къызэупщIащ къысхуищIа Iуэхутхьэбзэм папщIэ щихъым сIихамкIэ. Моуэ фIыуэ Мэчэ пэжыжьэ дыхъуу къум нэщIым пшапэр щызэхэуа нэужь, молэм и нэпсеягъым, сэ си IумпIафIагъымрэ хьэлэлыгъэмрэ ар зэрырихъущIам щIэи гъуни иIэкъым. Ахъшэ згъэкIуэдам шыуэ, Iэщэу къыщIэкIынур зыхуэдизыр абы фIыуэ къилъытауэ къыщIэкIынут. Япэу дызыIущIа псыкъуийм деж дыщепсыхри, ди щыгъынхэр зэтхъуэкIащ — узэса фащэмрэ Iэщэ-фащэмрэ, дауи щрети, нэхъ гурыхьщ. Тузар гуэныхьым щымышынэу жиIащ а Iихьрэмыр щыщыгъа зэманым пцIанэ шыру къикIухьу къыщыхъуу зэрыщытар.

ЯтIэ чырбышым къыхэщIыкIа унэ лъэбышэжь цIыкIуу зэхэт, зи уэрам Iушэ бгъузэхэм пхъэнкIийр щызэтефыхь Джиддэ къалэ фейцей цIыкIум дэ махуэ псокIэ дыдэсын хуей хъуащ, кхъухь дыпэплъэу. ИкIи къэхъукъащIэ лъэпкъ дыхэмыту, етIуанэ махуэм тенджызым дызэпрыкIыжащ, напэ зимыIэ кхъухьзехуэм си жыпым къинэжа дыщэ ахъшищыр зэрыстриудар къыумылъытэмэ. Пэжщ, чэруан-сэрейм дызэрыщыпсэун ахъшэ гуэрхэр Тузар иIэжт, ауэ адэкIэ алыхьым и гущIэгъум дызэрыхимыныным дыщыгугъын фIэкIа къытхуэна щыIэжтэкъым.

Чэруан-сэрейм зэшым щIиукIыхьа си щIалэхэр къызэрыдгъэзэжам ину щыгуфIыкIащ. Яужэгъуа егъэзыпIэм зы махуэ нэхъ мыхъуми къыщIэнэну ахэри хуейтэкъым. Абыхэм я гукъыдэжыр сысейм техуэрт — сэ икъукIэ сыпIащIэрт...

ТхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу дэ дыхуэзащ Каир къикIыу Эфиопие и щIыпIэ пхыдзахэм аравийскэ камедкIэ, шылэ щэкIкIэ, гъущIым къыхэщIыкIа IэщэкIэ, гъубжэкIэ, аслъэным, леопардым, носорогым я фэ, пыл къупщхьэ, ди хаким нэхъ акъылыфIэ дыдэхэм нэхъри эфиопием и Iэзэхэр нэхъыфIу зыщыгъуазэ удз хущхъуэ гъэгъуахэр къахъуэжын мурадкIэ гъуэгу техьа чэруанакIуэхэм. Абдежым дэ мащIэ хъуа ди гъуэмылэм къыхэтщэхуащ, дишхэм папщIэ мэкъу IэмбатэфI зырызи зыIэрыдгъэхьащ. Си гуп

цIыкIум хэтхэм нэхърэ чэруаныр зыхъумэхэр хуэдиплIкIэ нэхъыбэ пэтми, дызищIысыр ящIэртэкъэ, купецхэм «фэттам и уасэр» жаIэу я жьэр зэщIахыну къыдакуфакъым.

Зэгъусэу детIысэхауэ шэджагъуэ нэмэз щытщIым дэ зэхэтхащ хъыбар шынагъуэр. Купецхэр щымт, я фейдэ зыхэмылъ ди Iуэхум зыкIи къыхэмыIэбэу я щхьэ Iуэху зэрахуэжу. Абдежым хьэжыщI кIуэ тырку лIы хэкIуэтар къыдэупщIащ:

— ЗауэлI ахъырзэманхэм муслъымэн псоми ди плъапIэ Мэчэм и сабэр я лъапэм телъу къыздамыхьу пIэрэ?

— Къыздахь, къыздахь,— жэуап естащ сэ.

— Дауи, Мэчэм щыIа адыгэ шууей ахъырзэманхэм мелик Туманбей къулыкъу зэрыхуащIам нэхърэ нэхъыфIыжу Селим сулътIаным къулыкъу хуащIэну къыщIэкIынщ.

— Сыт жыпIэр, насыпыншэ? Уемыгупсысу жыпIа а псалъэхэм уи тэмакъым тенэу сыту уамытхьэларэ?

— Сэ фIыуэ зэпэзмышэчауэ зэи зы псалъи жысIэркъым,— мамыру жэуап къитащ тыркум.— Фыз къэзыша къуэ зиIэ, хьэжы ищIыну ежьа цIыхур зыхимыщIыкIым тепсэлъыхьыну емыкIущ. Ауэ сэ си гущхьэм къэкIынтэкъым, щIыхь ин зиIэ си псэлъэгъур иджыблагъэ Египетым къыщыхъуам щымыгъуазэу.

— Сыт къыщыхъуар? КIэщIрэ пэжу, гурыIуэгъуэу жэуап къызэт упсэууэ Мэчэм унэсыну ухуейуэ щытмэ.

Абдежым тырку лIыжьым къыджиIащ сулътIан Селим Египетым аргуэру зэрытеуар, Каир и Iэгъуэблагъэм зауэ гуащIэ зэрыщекIуэкIар. Туманбей и дзэр къанэ щымыIэу зэрызэтракъутар. Тыркудзэр лъэщрэ гущIэгъуншэу ебгъэрыкIуэрт. Ар ильм-ат-тафирым — КъурIэным теухуа тхылъым — зэритым ещхьу ижь лъандэрэ зэрыхабзэу зыри зытемыкIуэну гупышхуиплIу гуэшауэ, дэтхэнэми цIэ шынагъуэ дыдэ иIэу, ебгъэрыкIуэрт. Япэ иту кIуэрт «Хьэ банэ макъым и пщэдджыжь» зыфIаща дзэр, абы и ужь итт «ДэIэпыкъуэгъу махуэ», ещанэм — тулумбасхэм я гъуахъуэ макъым щIэту «Гузэвэгъуэ пшыхь», еплIанэм — «Бегъымбарым и бэракъкIэ» еджэрт. Иужьрейр, зауэм Iухьэн хуей хъуххакъым.

Тыркухэм Египетыр яубыдат, меликыр ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэу бедуин вождь гуэрым деж щтапIэ екIуэлIэжат. ХьэжыщI ежьа тыркум сыткIэ ищIэнт а вождым и цIэр, ауэ сэ абы фIы дыдэу сыщыгъуазэт. Иджыпстуи си нэгу щIэтщ бедуин старшина Шеих-Сейд и нэкIу плъыжьфIыцIафэ лы гъэгъупцIам ещхьыр. Шейх-Сеид Нубийскэ къумым и оазисхэм щикъухьа жылагъуэ куэдым я тетщ. Сигу къэжIыжащ къумым и аслъэн лIыжьыр Туманбей

жагъуэу имылъагъуу зэрыщытар — ар Каир къэкIуэху пащтыхь дворецым гуапэу щрагъэблагъэрт. Сэ зэрызэхэсхамкIэ вождым и оазис нэхъыщхьэр Луксор и Iэгъуэблагъэм деж щыIэн хуейт, нтIэ, къызэрыщIэкIымкIэ, Каир нэхърэ нэхъ благъэу ар къум нэщIыжьым и Мамсырыкъуэм къыщыпоплъэ. Шэч хэмылъуи, сыт щыгъуи нэхърэ ар иджыпсту нэхъ къысхуэныкъуэщ...

Аргуэру махуэ зытхухкIэ диш нэхъыфIщ жыдмыIэу гъуэгу гъуэжь-плъыжьыфэм нэуфIыцIщхьэрыуэу дрижащ, дызыпэмыплъа гъуэгурыкIуэхэм дапкърыупщIыхьу, икIэм — пщэдджыжь гуэрым Нил и аузым щежьэу задэу зызыIэт джабэ иным и щыгум дынэсрэ дыплъэмэ, солъагъу шэтыр щэ ныкъуэ хуэдиз, абыхэм ябгъукIэ шы, махъшэ куэд къыщытщ, IэщэкIэ зэщIэузэда цIыху щищ хуэдизи къокIукI-нокIукIхэр. Шабзэшэ лъэтэгъуитI нэхъ тпэмыжыжьэу IупщI дыдэу солъагъу бедуинхэм я щхьэтепхъуэ хужьыпсымрэ тырку зауэлIхэм я къэптал сабэм иуамрэ. Щхьэтепхъуэхэм нэхърэ къэпталхэр хуэдитIкIэ нэхъыбэт.

Мыпхуэдэ щIыпIакъуэм тырку шууейхэм дащыхуэзэну ди пщIыхьэпIэм къыхэхуэххатэкъым. Дэнэу пIэрэ-тIэ ЕфэрейкIэ зэджэ Селим сулътIаным и дзэхэр здэпIащIэр? Пщэдджыжь нэхущыр кIыхьлIыхьу нэхутхьэху зэрыхъум ещхьу шэч щIыIэр си гум къэкIыху тыркухэми гу къытлъатащ. Пэжщ, абыхэм гу зылъатар Тузар сэрэти, (адрейхэр фIыуэ иужь къинахэт), сэшхуэ къихар ягъэдалъэу ди лъэныкъуэмкIэ шууей зыбгъупщI къыщIэпхъуащ. Я делагъэм пщIэшхуэ щIатыжащ. Тузар сэрэ дымыпIащIэу дишхэр къетIуэнтIэкIыжщ, щIалэхэм Iэ яхуэтщIри, псори зэгъусэу шабзэшэ лъэтэгъуэ ныкъуэ хуэдизкIэ дыкъыIукIри, тыркухэр щыгум къыдэкIыху ди гуп цIыкIум щIыпIэ-щIыпIэхэм ярыт пыжьей гуэрэнхэм зыхигъэпщкIуащ. Тыркухэм хахуэу, кIийгуоуэ ди дежкIэ зыкъадзащ. Шабзэр зытехуа зытхухыр зэуэ хьэдэ гущIыIуу шым ехуэхащ. Адрей щыр я шыр лъэныкъуэкIэ ираIуэнтIэкIыну хуежьати — щIалэхэр тезэрыгуплIэри ираупщIэтэхащ.

Псэууэ къэнар зи Iэблэр уIэгъэ хъуа лIы закъуэщ. Абы дэ къыджиIащ Шеих-Саид Туманбей зэрепцIыжар. А напэншэм щэхуу тыркухэм яхуиIуэхуат мысыр пащтыхьым и хэщIапIэр. ИкIи сулътIаным и шууей гвардием — испан шууей щитI сардар Джоудэт-пэщэр я пашэу дыгъуасэ мыбы къэсащ. Туманбей и хъумакIуэ мащIэр зэтраукIэри езыри гъэр ящIащ. Нобэ меликыр сулътIаным деж Каир яшэнущ.

Апхуэдэу, щIыIэу сигу къэкIа шэчыр нахуэ хъуащ.

Туманбей къызэребгъэлыфын щыIэтэкъым. Къытхуэнэр зы закъуэт: хъумакIуэхэм дытеуэу сыт хуэдизкIи нэхъыбэ зэтедукIэу, тхузэфIэкI къызэрыдмыгъэнар ди нэхунэм илъагъуу щIыхь пылъу ди псэр ттынырт.

Си ныбжьэгъухэри абыкIэ арэзы хъуащ. Адыгэ зауэлI хахуэхэм нэгъуэщIуи ящIыфынутэкъым. Сэ уеблэмэ ахэр занщIэу бийм зрамыдзу зэтесIыгъэн хуей хъуащ: дэ тыркухэм дапэIэщIэт, зэрызитчу дыкъалъагъунут. Мурад сщIащ зы махуэ гъуэгуанэ хуэдизкIэ псынщIэу ищхъэрэкIэ дыIэпхъуэну, егъэзыпIэ щэху къэдгъуэту испайхэр загъэпсэхуну епсыха нэужь, ди пащтыхьым и цIэр ину жытIэу къытпэмыплъэ бийм дытеуэну. Абы щыгъуэт ди гъащIэм абыхэм пщIэшхуэ щыщIатынур.

Тырку уIэгъэхэм дыуэ ятетщIэжщ, я дуней Iуэхухэр кIэщI яхуэтщIри дэ лъэхъу псынщIэкIэ ищхъэрэкIэ дыщIэпхъуащ. Дэ къыткIэлъыщIэпхъуэнкIэ хъунут, ауэ здэдгъэза лъэныкъуэр зыми бийм жриIэфынутэкъым, нтIэми дэ ищхъэрэкIэ дехыу абыхэм я дежкIэ фIэщ хъугъуейт.

Дыгъэ къухьэгъуэм дэ декIуэлIащ Нил хэхуэж псынэпс цIыкIум и Iуфэм. ХьэзрэIил-псэхэхым и дыщэ джатэу адэ жыжьэу къыщылыд Нил псышхуэм фIыуэ пэжыжьэт дэ дызытет гъуэгур. Псы цIыкIум и Iуфэхэм Iуву Iутт къамылхэр, Iэмызагъэ гуэрым хиса пальмэ жыгибгъум къамэ жаным ещхь я дамэ пIащIэхэмкIэ гъуэгурыкIуэхэр ираджэрт, фыкъакIуэ, зывгъэпсэху, жыхуаIэ щIыкIэу. Пэждыдэуи, мыбдежым нэхъ зыгъэпсэхупIэфI къэгъуэтыгъуейт. Дэ тщыщ дэтхэнэ зым дежкIи мы щIыпIэр иужьрей егъэзыпIэ хъун хуейт. Иужьрейуэ икIи егъэзыпIэ кIэщI дыдэу. Сыту жыпIэмэ, диш ешахэм, къаруушэ хъуахэм, тырку шуудзэм япэ мыбы дыкъахьу псыежэх цIыкIум и Iуфэм дигу щызу зыщыдгъэпсэхуну алыхьым иухатэкъым. Дэ дызэрыгугъам нэхърэ куэдкIэ нэхъ пасэу шищэхэм я лъабжьэм къаIэта сабэр къытхуэкIуэу къэтлъэгъуащ икIи псынщIэу уанэгум зиддзэжащ.

Псы Iуфэм дыкъыIукIри, дэ зыщыдгъэбыдащ зи джабэхэр ятIагъуэмрэ пшахъуэмрэ дзэмыхэм ещхьу зэщIая махъшэ банэ гъурхэр щызэщIэкIа Iуащхьэм и джабэм.

Тыркухэр Пальмибгъу псынэм къэсащ пщыхьэщхьэ нэмэз дыдэм деж. Ди деж къэIуащ испайхэр нэмэз ящIыну езыджэ молэм и макъыр, дэри Джаудэт-пэщэм и зауэлI епсыхахэм я гъусэу нэмэз тщIащ. ИтIанэ жэщ кIыфIыр щIыгум къыщыщхьэщыхьэ, ауэ мазэр и зэфIэкIым и зэхуэдитIым нэхърэ нэхъ мащIэу фIэкIа щымыблэ зэманым

дэ хуэму Iуащхьэм дыкъуэкIри пальмэхэм гъунэгъу захуэтщIащ. Испайхэм я лагерыр щым хъуат, шыхэр зэзэмызэ къызэрыхэпырхъыкIым, хъумакIуэхэр зыбгъэдэлъ мафIэр зэрыпIэнкIым я гугъу умыщIмэ. Шэч хэмылъу, испайхэм я нэхъыбэр шэтырхэм щожей. Лагерым и кум щыблэ мафIэхэм деж щагъэува шэтыритI-щы нэхъ инхэм, дауи, пэщэри, абы и блыгущIэтхэри, абы щыгъуэ сэ тэмэму зэрыхуэзгъэфэщати, пэщэм и пащтыхь гъэрри щIэлъщ. Арат дэри а пщыхьэщхьэм Шагид * дыхъуну мурад щIэтщIар.

Дэ щыму шабзэхэр зыпщIэхэтхри шабзэбзэхэри зэIурыддзащ, дэтхэнэми шэр зриутIыпщынур къыхихащ, иужькIэ си унафэкIэ зэуэ зэдедгъапщэри шабзэ пщыкIутIым я бзэхэмрэ я шабзэшэхэмрэ я уэрэд кIэщIыр, ауэ уардэр, зэдыжаIащ.

Лагерыр псынщIэу къагъэушащ цIыхухэм я къугъымрэ ди кIий макъымрэ. Ауэ дэ нэхъ псынщIэжу, къумым и гъуэжькуий испайхэм дахэлъадэри зауэ гуащIэр зэхэдублащ.

ЦIыхум имылъэгъуа а жэщ зауэр зэрекIуэкIар сэ бжесIэжынщ Тузар и псалъэхэмкIэ, бжесIэжынщ гъуэгу тета шууейхэр зэрызэбгъурагъэувэм ещхьу си ныбжьэгъу псэлъэгъуейм зы псалъэр адрейм бгъэдигъэувэурэ иуса уэрэдымкIэ:

Мысырыкъуапцlэ гущэмэ, уей дуней,
И щолэхъу жэрым и фIалъэкъэ
КъэмытэджыжУ зыпIытI, зыукIыр
Зи бжыкIыр бий зыгъэдалъэр?

Мысырыкъуапцlэ гущэмэ, уей дуней,
И къамэ Iэпщэр некъузыр,
Зынызэхуишэу мэIум къуэмыпщхьэ —
Щхьэхьу бийм япэу теуэр аракъэ?

Абы щыхуозэ, гущэ, и гъуэгум
Зи гумрэ зи щхьэмрэ зэтелъ испайм
Дунейр кIыфI щищIу и бийм и гущхьэм
ХьэщхьэрыIуэдзэу йодзэIур бжыкIыр.

И шыкIэ, гущэмэ, мафIэ еуауэ,
И уэгъуэм гъуэгур къыхуигъэкъабзэу,
И зэуэкIыгъуэм бийм я щхьэр фIихыу,
Мысырыкъуэ хахуэм иужь итщ Тузарыр.

И уэрэдыр — лIыхъужь уэрэдыр — и кIэм нигъэсакъым

---

* Шагид — алыхьым папщIэ зи псэр зыту жэнэтым кIуа муслъымэн зауэлI.

зэфIэкIышхуэ зиIэ джэгуакIуэу пхужымыIэн ди Тузар. Хуримыкъуа псалъэ псори шы табыну зэхуихусыжа иужь, хэт ищIэрэ, зэрыщыту жиIэнкIи хъунщ. АпщIондэху, сэ зэрыслъэкIкIэ: псалъэ лъагэхэмкIэ,— псалъэ лъагэ, хэIэтыкIакIэщ зауэм щызэрахьа лIыхъужьыгъэхэр зэраIуэтэжыпхъэр — мы хъыбарыр и кIэм нэзгъэсынщ.

Дэ къытхэтащ Темыркъанхэ я зэкъуэшищ. Дыгъужь мэжэщIалIэхэр мэл хъушэм хыхьэ нэхъей, ахэр зэкъуэту хэлъадэрт испайхэм я курыкупсэм.

«Уей, адыгэ, еуэ,— щоIу зэуапIэм лIыхъужьыгъэ макъыр.— ЗэшэзэпIэр къахуэгъакIуэ. Туманбей, Туманбей!!»

Къэсей лъэпкъ цIэрыIуэм я щIалэщIэр шым къохуэхри хохуэ мафIэм, ауэ, мафIэр къызэрыщIэнауэ къыщолъэтри, и псэр здыхэкIым стамбул щэкI Iувыр зытеукъуэдия шэтырым зредз. ФIыуэ мэс стамбул щэкIыр, шэтырым кIийуэ къыщIож тырку дзэпщыр, абы иужь иту — бедуин вождыр, пащтыхьым епцIыжар. УафэхъуэпскI щхъуантIэу лыд си дамаск сэшхуэм и ажал шабзэр абы хэсIуну сыIэба щхьэкIэ, лъыр къапыжу Iуащхьэу зэтелъ хьэдэхэм сащхьэдэIэбыхыфыркъым.

Иджы дэ тщыщ псори я щхьэзакъуэу зауэрт. Дэтхэнэри тыркухэм къаухъуреихьат.

Темыркъан зэкъуэш лIыхъужьхэр къаукI, я напэр хужьрэ я нэгур зэIухауэ ахэр ажалым IуощIэ.

Си дамэм и щIэгъэкъуэныр, щышхьэмыгъазэ Тузар — о, ар сыт нэщхъеягъуэ мыгъуэ? — аркъэнищым зыуэ яубыдауэ укIуриящ.

КIий, щэIу, Iэщэ зу макъ иным къыпхыIукIыу ерагъкIэ зэхызох гъэрыпIэм ихуа Туманбей и макъ щыкъузыкIар: «Мысырыкъуэ, си къан! Яхэуэ! ЛIым уралейщ!»

КъаруущIэ къыхыхьауэ уи Мысырыкъуэу плъагъум и ныбжьэгъухэр тригъэгушхуэу маджэ, арщхьэкIэ — о, гуауэшхуэ! — зыми жэуап къритыркъым.

Мис си хьэрып шагъдийри мэлъэпэрапэри, шэм зэхаупщIэтауэ мэджалэ. Ауэ уи Мысырыкъуэу плъагъур зэ илъыгъуэу жьэхолъэ шынэм и пIэм иригъэжыхьа епцIыжакIуэми, гуарцэкIэ ягъэгъупцIам ещхь абы и напэ фIыцIэр сэшхуэпэ жанымкIэ тIууэ зэгуегъэху.

Ей, дуней! Сыт хуэдэу сыхуейт тырку дзэпщым сеIэпщэкIуэну. АрщхьэкIэ си щIыбкIэ зэуэ зыкъыщызадзри щIым срагулIащ. Си лъакъуэм папщIэ кIапсэ щысхьахэкъым.

Жыр пыIэр щысхущхьэраудым, щIым щхьэкIэ сеуэри си нитIым дуней нэхур щыункIыфIащ...

* * *

ПщIыхьэпIэншэу сызыхэта жей Iувым куэд мыщIэу сэ сыкъыхэкIыжащ си Iэ-си лъэр пхауэ. Шэтыр щIыхьэпIэм сыщIэплъмэ, дыжьыныжь гъурым къыхэщIыкIа вагъуэхэр гъунэншэу зыхэIулIа уафэ къащхъуэ-фIыцIафэр солъагъу. ЩIыхьэпIэм деж, мазэм и нурыр берычэту тридзэу, щысщ си хъумакIуэр, ятаганыр дохъутэр техауэ иIыгъыу. Сэ къызбгъурылъщ Тузар, ар пIейтейуэ си нэгум къоплъэ.

Дэ дытепсэлъыхьыххакъым уIэгъэм хуэдэ Iуэху мыхьэнэншэхэм, уеблэмэ пIэстхъахуэ къудей дэ тIуми ттемылъу къыщIэкIащ. КуэдкIэ нэхъ гъэщIэгъуэнт иджыри къэс зикI темыпыIэж тыркухэр апхуэдизу зэрызехьэу зытепсэлъыхьыр. ЦIыхуипщIым нэс зы жьэу кIийрт щхьэж игу къихьэр жиIэу, зым адрейр къыгурымыIуэу. Гыбзэ, шынэ, гъы, бжэ... Абыхэм жаIэхэм щыщ гуэрхэри зэхэтщIыкIырт. Дэ къыдгурыIуащ хьэдэхэр зэрыщIалъхьар икIи абыхэм я бжыгъэр тыркухэр зыхуеям нэхърэ зэрынэхъыбэр, испайхэм ящыщ гуэрхэм къагъэувырт пIалъэ къыхэмыкIыу ди щхьэр палъэну, адрейхэм жаIэрт нэху щыху пэплъэмэ нэхъыфIу: махуэм нэхъыфIу ялъагъунщ дэ бэлыхьищэу къыттралъхьэр тхуэмыхьу дызэрылIэнур. Иныкъуэхэм жаIэрт дызэрыпсэууэ дагъэжьэну, адрейхэм — гъуаплъэ шыуан инхэмкIэ дагъэвэну, ещанэхэм — ди Iэ, ди лъакъуэм къыщыщIадзэу цIыкIу-цIыкIуу дызэпаупщIыну. Уеблэмэ, ди хъумакIуэми и щхьэр шэтырым щIигъэжауэ кIийурэ зыгуэрхэр жиIэрт. Тэмэму иджыпсту сщIэжыркъым, ауэ си гугъэжымкIэ ар щIэхъуэпсырт бжэгъум дыфIагъэтIысхьауэ илъагъуну.

Асыхьэтым унафэщI макъ ткIийхэр къэIуащ, занщIэуи Iэуэлъауэр увыIащ. МыпIащIэу, мыкIийуэ зыгуэрым псэлъэн щIидзащ. Шэч хэмылъу, ар пэщэм и макът:

— Хьэбзжэжым фыхэтым хуэдэу фыщIэбанэр сыт? Иджы хахуэ фыхъужауэ ара? Хэт иджыблагъэ зи Iэхэр сысу, зи кIэр зи бэкъум дэзыупщIэжауэ щытар? АдыгэлI хахуэ пщыкIутIым тырку зауэлI плIыщIрэ тхурэ къаукIащ...— Мыбдежым гупым и унафэщIым и макъым зригъэIэтащ икIи ар къэтэмакъкIэщIарэ уеблэмэ губжьыпауэ абы и псалъэм пищащ:— Фхуэфащэщ! Фхуэфащэпсщ фэ хьэ бэгухэм! ДяпэкIэ нэхъ машIэу фегупсысынщ фи ныбэр зэрыфкъунымрэ фызэрыхъунщIэнымри зауэ Iуэхум нэхъ фегугъуу фыхуеджэнщ. Гъэрхэм етщIэнум фэ фи Iуэху хэлъкъым. ДукIын сщIэркъым, ауэ сэ абыхэм яхуэзгъэувынщ сулътIаным и дзэм къыхыхьэну: я Iэзагъэм фэ фхуэдэ белэмбешэмхэр хуагъэсэну. Ауэ «хьэуэ» къыха-

гъэкIмэ, я бзэгур къисчынщ, я нэр къистхъынщи, къум нэщIым къизнэнщ. Сыту жыпIэмэ, апхуэдэ лIыхъужьхэр сукIыну си Iэр схуэIэтынкъым...

— О-о, алыхь,— Iущэщащ ди хъумакIуэр,— сыту цIыху захуэ икIи гущIэгъулы ди Джаудэт-пэщэр.

— Иджы,— кIэухыу жиIащ дзэпщым,— псори фызэбгрыкIи дыгъэ къыщIэкIыгъуэ пщIондэ зывгъэпсэху.

ТIэкIурэ хьэкъувыкъуа нэужь, лагерыр щым хъуащ.

Ди хъумакIуэри, и лъакъуэр щIэупщIарэ и щхьэр и бгъэм телъу, Iурихащ. Сыт щхьэкIи пIейтеинт ар, дэ гъэритIыр, фIагъэжыну япха мэлым хуэдэу Iэпхэлъэпхыу, дэIэпыкъуэгъуншэрэ мамыру дыщыщылъкIэ. Зэхэуэм и пэкIи абы щыгъуэми сэ сигу къэкIыжатэкъым иджыпстуи сщыгъ мы жыр джанэр. Ар тыркухэм ягу къызэрымыкIамрэ зэрысщамыхамрэ я щхьэусыгъуэу къысхуэхутар фэеплъ уасэншэу зесхьэ джанэм хэлъ магъу къарурщ. НэгъуэщI щхьэусыгъуэ къысхуэгъуэтыркъым. ИкIи си Iэ пхахэр жыр быдэм зэрапIытIыр щызэхэсщIэ а дакъикъэм икIэм икIэжым къызгурыIуащ си гъусэу Мэчэм нэкIуа Тузар дэрэ дыкъелынкIэ щIэхъуар. ИкIи дыщIэпхъуэжыфынкIэ зэрыхъунум теухуа гукъэкI насыпыфIэр ауэ сытми къыспкърыхьакъым... ГууэщIу сыщылъти, тIэу зызгъэджэрэзри хъумакIуэм сыкъыбгъурыхутащ, ныбафэкIэ сыщылъу, си лъакъуэхэр щIэзгъашэри лъэгуажьэкIэ сыуващ, итIанэ ислъэмей зыщIым ещхьу си Iэпкълъэпкъыр къыдэздзейри лъапэкIэ сыуващ. Зы мащIэщ сыджэлэным иIэжар, си лъакъуэхэр пхати. Тузари сэ сигу къэкIар имыщIэ пэтми, хъумакIуэм епщылIэрт, таурыхъым хэт блэхэм ещхьу зиIуантIэ-зишантIэу. А зэман дыдэм сэ мызэ-мытIэу Iэуэлъауэ сымыщIурэ сыдэлъеящ, тIэкIу-тIэкIуурэ бгъукIэ сикIуэту, зызэрыздзынум зыхуэсщIу икIи — аракъэ уи насып текIуэнумэ, жыркIэ зэщIэIулIа си бгъэм и хьэлъэ псомкIи сэ хъумакIуэм и щхьэм сеуащ, алыхьым и шыкуркIэ, абы щхьэрыгъыр жыр пыIэтэкъым, атIэ упщIэ жэщ пыIэт. ХъумакIуэр бгъукIэ ещIащ щхьэкIэ мывэ лъэгум еуэу, асыхьэту жыр джанэм и щIагъым дэ кунэфым ещхьу и щхьэ къупщхьэр щыщIыщIащ.

СлIо адэкIэ тщIэнур? Ар сэ нэхърэ нэхъыфIу Тузар ищIэу къыщIэкIащ. А псэ зыхэмытыж лIым бгъэдэпщхьэри сэр сампIэм дзэкIэ кърихащ икIи гъудэм яшх шым и щхьэр зэрызэрихьэм хуэдэу и щхьэр ищIурэ си Iэр зэрыпха кIапсэр зэпиупщIащ. Си Iэхэр апхуэдизкIэ ундэрэбжьати зэуэ сэр къысхуэщтакъым, япэ щIыкIэ Iэпкъынэхэр згъэлэжьэн хуей хъуащ. Сытми си лъынтхуэхэм лъыр уэру щызэблэжыжа, абы къыдэкIуэу Тузар сэр дзэкIэ иIыгъыу

кIапсэр щызэпиупщIым къэмыхъункIэ Iэмал зимыIэ уIэгъэ зытIущщым лъы къыпыткIуа нэужьщ си лъакъуэхэри си ныбжьэгъури хуит щысхуэщIыжар.

Шэтырым шхын гуэрхэр зэрылъ хъуржынрэ махъшэшэ зэрыт фэндымрэ фIэкIа щIэмылъу къыщIэкIащ. Мыбы къыщыдгъуэтыжащ Тузар и жыр пыIэр, пщэр лъэныкъуищкIэ щIэзыхъумэ жыр хъархэр зыкIэрыщIар. Тузар гуфIэри фIыуэ илъагъу и пыIэр занщIэу щхьэрикъуэжащ, итIанэ дукIа хъумакIуэм и Iэщэр къищтащ.

Дэ лагерь гъунэм, шыхэм зыщагъэпсэхум нэс, дыкIуэфащ, зыми гу къытлъимытэу. Шыхэм язынoccupкъуэм я шынытбэпхыр къагъэлэла мыхъумэ, уанэр трамыхауэ хъуакIуэу къыщIэкIащ. Арати, моуэ шым дышэсыну иужь дихьа къудейуэ нэгъуэщI зы насыпи къыдэуэлIащ. Зыгуэрым и лъэ макъ къэIури кIыфIым къыхэкIащ, и гъуэншэдж щхьэпсыр ипхэжурэ, тырку гъэщIэрэщIа гуэр — пэщэм и дэрэжэгъухэм ящыщ зыр. КъызэрытIууэу абы и нэхэр къригъэжащ, кIиину и жьэр иущIат, арщхьэкIэ Тузар гъущIым хуэдэ и Iэпэхэм абы и тэмакъыр щаубыдыкIащ. Медан зыбжанэкIэ къашыргъэм и лъэбжьанэм пэщIэхуа мэзджэду абы зиутхыпщIащ, итIанэ щIым ещэтэхащ. Тыркум и бгым фIыуэ слъагъу си къамэр ищIауэ, и щхьэм си жыр пыIэр щхьэрыгъыу къыщызгъуэтыжым сыгуфIащэри тIэкIущ иIэжар сыкIиины. Си Iэщэ-фащэр игу ирихьагъэнт дыщэкIэ къуа и бохъшэр къызэримыгъэнам ещхьу и шэтырым сэшхуэмрэ жыр пыIэмрэ къыщыщIимынакIэ.

Иджыпсту дуней псом дэ ди нэр нэхъ къызыхуикIыр аргуэру лагерым дытеуэнырт. Ауэ фIыуэ къыдгурыIуэрт а зы Iуэху дыдэм щхьэкIэ а зы щIыпIэ дыдэм тIэунейрэ уи щхьэр зэхэгъэкIыпIэ щиплъхьэ зэрымыхъунур. Алыхьым къуитыну зыхуейр къуита нэужь, аргуэру къызэт жыпIэу уи Iэ нэпсейр етIуанэу хуэпший хъунукъым.

Пщэдджыжь нэхущым, Пальмибгъум я псынэм фIыуэ пэIэщIэ дыхъуауэ, дэ алыхьым фIыщIэ хуэтщIащ лIыгъэ зэрызетхьари псэууэ дыкъызэрынари зи фIыщIэ си жыр джанэ телъыджэр къызэрызитам, ди ныбжьэгъухэм уеблэмэ, узыщIэмыхъуэпсыфын хуэдиз лIыгъэ яхэлъу я псэр зэратам папщIэ.

Дигу къеуэр зыт: дэ сыт хуэдэу ди гуапэу дедэIуэнт дыкъыщамагъуэтыжкIэ испайхэм Iэмал имыIэу къаIэтыну гъыбзэм, сыт и уасэт пэщэм зэрызифыщIыжымрэ Туманбей игъуэта гуфIэгъуэмрэ плъагъуныр!

Уей, Туманбей, Туманбей...

Аргуэрыжьти, дишхэр ущу кIуэрт тырку отрядым и пэ иту, дызэрызэпэмыжыжьэри, нэхъыбэ дыдэми, япэ, ещанэ

нэмэз щIыгъуэм яку дэлъ зэман мащIэрт. Махуэ зыбжанэ дэкIри, дэ гъуэгу зэхэкIыпIэм дынэсащ — абыхэм ящыщ зыр гъунэгъу дызыхуэхъуа Каир кIуэрт, адрейр — Нил и зэпрыкIыпIэм, адкIэжкIэ — иджыри тпэIэщIэ Александрием Тузар и шыр зэгуэудащ. Дэ джэш зэрылъ къэпым хэхуа кофе хьэдзитIым хуэдэу Каир зэман гуэркIэ зыщыдгъэбзэхын ди гугъар къыдэхъулIакъым. МыдэкIэ зи толъкъун гъуэжьхэр тенджызым зыхь псы абрагъуэр ежэхырт. Ауэ абы дыщызэпрыкIыфар Джаудэт-пэщэм цIырхъ хъуа и шуудзэм къиIэта сабэр къэтлъэгъуа нэужьщ.

УезгъэдэIуэнкъым дэ Александрие жыхуаIэ къалэшхуэу кхъухь кIуапIэм нэс дэлъ гъуэгуанэр зэрызэпытча щIыкIэм. Къалэ дыхьэпIэм деж дыщыту тырку стражэм шэч зыхуедмыгъэщIу дызэрыбгъэдыхьэным сыздегупсысым, дэ къытхуэзащ пащтыхьым и дзэпщ нэхъыжьу щытахэм ящыщ зы Хьэзиз аль-Гури, сыкъызэрицIыхужу абы и жьэр Iурыхуащ. Ауэ сэ нэхъ гъэщIэгъуэныж къысщыхъуащ Хьэзиз тырку шуудзэ иным я унафэщI зэрыхъуар. ЕпцIыжакIуэм теухуа губжь псалъэхэр си Iупэм къытелъэлъу Хьэзиз и гущIэр суIэн пэтрэ ар езыр япэ къищащ.

— Укъызэмыплъ апхуэдэу, Мысырыкъуэ. Дэ хьэлэлу-Туманбей дыхуэзэуащ ар псэуху. Иджы нэгъуэщI султIан къытщхьэщытщ, илъэсищэм тIэкIу щIигъуу узэIэбэкIыжмэ, ди адэшхуэхэр зи блыгу щIэтахэм къытехъукIыжауэ...

— Догуэ зэ! Уэ ар «псэуху» жыпIа?

— НтIэ. Ар псэужкъым. Сэ Каир сыкъикIыжа къудейщ. Вэсэмахуэ пащтыхь Туманбей къалэм и бжэ ищхъэрэм, Портэ Иным дежкIэ гъэзам, гъущI IунэкIэ ираIулIащ.

Сэ си дзэхэр быдэу зэтескъузащ икIи си гугъэжымкIэ, япэ дыдэу сыщэIуащ. Аращ, зы мазэ закъуэ лейуэ зиIэжьакъым. Селим Фэдафэжьым. ЕпIэщIэкIащ и ныкъуэкъуэгъур нэхъ псынщIэу зэриукIыным.

— СулътIаным уэ сыт епщIэнт, Мысырыкъуэ, зауэр фи текIуэныгъэкIэ иухамэ?

— Хьэ мэжэщIалIэхэм естынти зэпкърезгъэтхъынт!

— Плъагъуркъэ! — пыгуфIыкIащ Хьэзиз.— НакIуэ си гъусэу. Шэджагъуэ дыгъэ къепэзэзэхым къэбуэршэрым мыхьэнэ иIэкъым. Си унэ зыщыбгъэпсэхунщ, адэкIэ пщIэнуми дегупсысынщ.

Дауэ мыхъуми, дэ Хьэзиз аль-Гури и унагъуэ къулейм нэху дыкъыщекIащ. Унэр зейр сулътIаным къулыкъу хуищIэну арэзы мыхъу щIыкIэ и мылъкур зэрапхъуэну тыркухэр хунэсатэкъым. Абы сэ къыщысщIащ ди мамлюк цIэ-

рыIуэ куэди тыркухэм зэрагухьар. Тутнакъэщымрэ щхьэпылъапIэмрэ куэдым къыхахащ, я пащтыхьым емыпцIыжын щхьэкIэ. Сэ адрейми мыдрейми си нэр къыхуикIыртэкъым. АдыгэлIыр зауэ Iуэхухэм фIэкIа сатуми къэрал Iуэху зехьэнми хуэмыщIауэ къыжиIэурэ езым и гъуэгум срикIуэну Хьэзиз чэнджэщхэр къызит пэтми, сэ мурад быдэ сщIат Египетым сикIыжыну. ИкIэщIыпIэкIэ, икIи игъащIэкIэ къэзмыгъэзэжыну.

Туманбей сызэриблагъэм щхьэкIэ Хьэзиз къысщыукIытэрт илэжьахэм папщIэ, къытригъэзэжурэ тыркухэм щIагухьамрэ зэрагухьамрэ тепсэлъыхьырт, си пащхьэ зыщигъэзахуэу:

— Уэ егупсыс, зи щIыхьыр лъагэ Мысырыкъуэ, мы Iуэху къызэрыгуэкIым: ди къалэр зубыдар джаурхэркъым — апхуэдэ алыхьым къигъэхъунтэкъым — атIэ уэрэ сэрэ тхуэдэ муслъымэн къабзэщ. НтIэ, алыхьым апхуэдэу нэхъ къищташ. Азалыхьым ищIам и бийуэ дэ дыкIуэ хъунукъым. Хьэмэрэ, ди дежкIэ зыкъэ хэт муслъымэн пащтыхь тахътэм тесми, мо псы гъуэжьымрэ дэпу къэплъа пшахъуэ гъуэжьхэмрэ я унафэ ищIу? Дауэ мыхъуами, адыгэ «башеннэ» шуудзэр сыт щыгъуи зыхэта Iуэху зехьэкIэр ихъуэжынукъым, иIа псэукIэми текIынукъым.

Сэ жысIам сыхутекIыртэкъым, Хьэзиз хьилэшым хуэдэу IэкIуэлъакIуэу псалъэмакъыр схуемыгъэкIуэкI пэтми, си бзэр си Iэм хуэдэу Iэрыхуэтэкъым, си нэм хуэдэуи жантэкъым.

— Абы щыгъуэм, Мысырыкъуэ,— жиIащ Хьэзиз,— сэ сыбдэIэпыкъунщ Сирием кIуэ гъуэгум ушэсыну. Апхуэдэу IэнэщIуи узутIыпщынкъым, си дэIэпыкъуэгъурэ саугъэтрэ уемылъэпауэ закъуэ. НэгъуэщI мыхъуми, сынэхъыжьщ, къызэдаIуэ. Пэжыр бжесIэнщи, уэрэ сэрэ дызэбгъэдэкIыжа нэужьи жэщкIэрэ сыкъыхэмыщтыкIыу сыжеину сыхуейщ. ГущIэгъу къыхуэщI лIыжьым, си напэмрэ сэрэ дызэщумыгъэхьэжыпэ иджы, уи гугъэу къыщIэкIынщ си напэр Дамаск и гъукIэхэм я IэдакъэщIэкI мы борэ маисэм хуэдэу лантIэу.

Хьэзиз алэрыбгъум къыфIихащ сампIэм имылъ сэшхуэ пIащIэ захуэр икIи шэрхъыу ишыхьри сапэр дыжьыным къыхэщIыкIа сэшхуэ Iэпщэ Iувым ириужащ. Ар бгырыпх хъуащ, сэшхуэ Iэпщэр быж хьисэпт. Жыр телъыджэр хуабагъэ, щабагъэ гуэри къыщхьэщихыу лыдыжу ягъэцIууа и щIыфэмкIэ нуру блэрт. Сэшхуэм и нэкIу джафэ щхъуантIэ зэщIэлыдэм IупщIу теплъагъукIырт Iэджэрэ япсыхьа гъущI налъэхэр ушэрэза, зэхэIуэнтIа хуэдэу зэрыщытыр, уеблэмэ къафIэмыIуэху хуэдэу яухуэнауэ къыпщыхъурти,

къыпфIэщIынт а лэжьыгъэр цIыхубз щхьэц ухуэныным нэхърэ мынэхъ гугъуу.

Куэдрэ узримыхьэлIэ апхуэдэ Iэщэ телъыджэ щилъагъукIэ, зауэлI нэсым щогъупщэж гузавэхэмрэ гуауэхэмрэ, мэжэщIэлIагъэмрэ псыхуэлIэмрэ, щогъупщэ дунейм цIыхубз зэрытетыр, махуэ дыгъэпсым и ужькIэ жэщ мазэгъуэ къызэрыкIуэр...

— Уи бгым хуащIа хуэдэщ,— адэ жыжьэ дыдэ къиIукI хуэдэу зэхызох сэ Хьэзиз и макъыр.

ЗанщIэуи зэрихыжри, хьилэшыжьым сэшхуэ телъыджэ си бгым екIупсу зыкъезышэкIыу абы теплъэ псори нэсу къэзыщтар, къысщIипхащ. Сэшхуэр пэж дыдэу схуэфIыпсу къыщIэкIащ, сэ абы хэслъэгъуащ ди щхьэщыгум итым и Iэмыр дахэр. Езы алыхь дыдэм Мысырыкъуэ тхьэмыщкIэм и гум кърилъхьащ ищIын хуей унафэ захуэр.

— Хъунщ, Хьэзиз,— жысIащ сэ.— Уи дэIэпыкъуэгъу къэзмыщтэу хъунукъым. Сэ къысфIощI ар уэ уи гум къыбгъэдэкIыу. Сэ слъэкIынт, уэри жыпIауэ, уэ ухэмытуи а гъуэгум сышэсын. Ар сэркIэ тIэкIу нэхъ гугъу хъуну аркъудейт. Ауэ уэ щхьэ къыпфIэщIрэ Сирием сыкIуэну сыпабгъэу? — апхуэдэу абы сыщIеупщIар си унафэр нэгъуэщIхэм ящIу си гум зэрытемыхуэм къызита губжь нэпцIырт.— Пэжыр жыпIэмэ, си гъуэгуанэр зэрызукъуэдиин си гугъэр мыпхуэдэут: тенджызым сикIыу Тир е Сайдэ сыкIуэн, абы сыщежьэу левантийскэ шытх лъахъшэр зэпызупщIу Бекаа ауз къулейм сыдыхьэн, абдежым щыщIэдзауэ махуэ гъуэгу зэпызупщIыжмэ, си шыр Барадэ псы къабзэ цIыкIум езгъафэ хъунут ислъамым и дамасскэ быдапIэм и азэн джапIэхэм — Омайдэхэм я мэжджыт жыжьэу къэнахуэхэм я щыгум сеплъу. Си фIэщ хъурт сэ Сирием гуапэу сызэрыщрагъэблэгъэнур, схуэфэщэн Iуэхурэ псэукIэрэ абы зэрыщызгъуэтынур.

— Хьэуэ, хьилэшы Хьэзиз, хьэрыпыщIхэмкIэкъым мы си гур здэпабгъэр, атIэ ди нэхъыжьыжьхэм я хэкурщ, Кавказырщ.

Пщэджыжьым а гупсысэр си щхьэм ауэ къудеи къихьауэ щытакъым.

ИджыпступцIэ ди щхьэщыгум итым ар си гум кърилъхьэри, си щхьэм къэмыкIыхха апхуэдэ унафэ быдэ сщIащ. Си Iэхэр иIыгъыу бегъымбарым гъащIэ гъуэгум сытришэм ещхьт.

Хьэзиз игъэщIагъуэу си нэгу къиплъащ, занщIэуи нэгъуэщI щIыпIэкIэ еплъэкIыжащ. Сэ къысфIэщIащ абы и нэхэм гуауэмрэ хъуапсэмрэ къыщIэща. ТIэкIу гупсысэри абы жиIащ:

— Апхуэдэу пщIынумэ, Кавказым укIуэжынумэщ жыхуэсIэр, ар Iуэху гугъукъым. Уэ унасыплыщ, Мысырыкъуэ. Пщэдей зы кхъухь Истамбыл кIуэнущ, абы зы мащIэкIэ зыщиIэжьа нэужь, адэкIэ Къырымым иунэтIынущ. А кхъухьымкIэ йожьэ пэщэ ин гуэр, Селим и фирман пIэщIэгъуэ къырым хъаным хуишэну. Тузар уэрэ а кхъухьым физгъэтIысхьэнщ. Сэ а пэщэр соцIыху — Каир дыщызэрыцIыхуауэ.

* * *

ЕтIуанэ махуэм дэ иужьрейуэ дыIуплъэжащ Мысыр и псы Iуфэ гъуэжьу медан къэс нэхъ тпэIэщIэ хъум. Дунейр уэмт, тенджызыр мамырт, кхъуэфауэ плIыщIыр зыхущIэрыуэ каик тырку кхъухь кIыхьыр псынщIэ дыдэу япэкIэ кIуэрт. Пщыхьэщхьэм жьы мащIэ къыкъуэуаш, кхъухьым и чэтэнхэр хулъэ абрагъуэу къигъэпщри нэхъ псынщIэж зищIащ.

Хьэзиз и псалъэр игъэпэжащ. Ар тыншу ягурыIуащ тырку пэщэмрэ кхъухьыр зеймрэ, абыхэм гулъытэшхуэ хуащIащ Хьэзиз и лъэIуми... и дыщэ ахъшэхэм я зу макъми.

Сэшхуэ шыхьам нэмыщI сэ Хьэзиз къеIызмыхыу хъуакъым носорогым и фэм къыхэщIыкIа мэIухур, испанцхэм я хэкум щащIа мушкетыр, шабзэшэ тIощIрэ пщIырэ зыщIыгъу шабзэ дэгъуэр, апхуэдэу щыгъын фэ илъхьэгъуэ, абы алътес халатыр, сарыкъ щхъуантIэр (сэ иджыри къэс къысхуэщэхуатэкъым ахэр), Франгистаным къраша шырыкъу щабэ шкIафэм къыхэщIыкIар хэтыжу. Тузари сысейм хуэдэу мыбэлыхьми, саугъэт къыхуащIащ: шабзэфI, шабзэшэ куэду и гъусэу, бжыпитI фIыуэ псыхьауэ. А.къомым нэмыщIыжу дэ тщыщ дэтхэнэми къылъысащ адыгэ къамэ, ахъшэ къэп цIыкIу зырыз; сысейм илъыр хьэрып дыщэ дигремхэрт, Тузар ейм — тырку дыжьын пиастрэхэрт. А псори щыдиIэкIэ (Пальмибгъум деж щекIуэкIа зэхэуэм къыхэтха бохъшэ хьэлъэри абы хэлъыжу) зи Iуэху хуабжьу хуэщIа цIыхуу зытлъытэж хъунут.

Истамбыл деж дэ зы жэщрэ пщэдджыжьыпэмрэ дыщыташ: египет зауэм тыркухэм къыхаха къуентхъым щыщ зыкъом кърахащ, кхъухьым хьэпшып гуэрхэр, шхын, псы къралъхьащ. Тузар дэрэ къалэм дыкIуакъым, уеблэмэ гъусэ тхуэхъуахэр псэлъэгъу зэрыдмыщIынми иужь дитт. Алыхьым и шыкуркIэ, пэщэ цIэрыIуэми и нэ къикIыртэкъым дыкъилъагъуну.

Куэд дэмыкIыу дэ зыхэтщIащ Ахын и жьыбгъэ щIы-

фэм зыпхызыдзымрэ узыгъэдий щIыIэмрэ. Жьымрэ щIыIэмрэ ди хэкум гъунэгъу дызэрыхуэхъум я щыхьэтт. Абдежым дэ къыщыдгурыIуащ Кавказым и гъатхэкIэр Египетым и гъатхэм зыкIи зэремыщхьыр.

Селим и лIыкIуэр Каффэ * деж щитIысыкIащ, ди насып къикIри дэри адыгэхэм я деж кIуэ купец кхъухьым дыхуэзащ, махуэ нэхъ дэмыкIыуи Тамань и щIыгум дытехьащ.

Зи цIэр Туманбейм зэрещхьыр икъукIэ згъэщIэгъуа Тамань дэ дызэрыдэсар Iэмал имыIэу дызыхуеину хьэпшыпхэр къэтлъыхъуэху къудейщ. Бзэ IэджэкIэ псалъэ лъэпкъ куэд дыдэ зэкIуалIэ а бэзэрым ущрихьэлIэрт зи пэр джыдэ дзагуэкIэ къыхаIущIыкIа грузини, тэтэр нэкIу хъурейхэми, журт щхьэц ушэрэзахэми, нэгъуей нэ зэвхэми, зэзэмызэ — зи нэгу зэIуха, адыгэлI екIу хахуэхэми. Бэзэрым дыщыщэхуащ. Сэ уасэфI щIэстри къэсщэхуащ къарууфI зиIэ, еш имыщIэу шхуэIум еуэ хакIуэ пцIэгъуэплъыр. Тузар лъысар нэхъ пудщ, ауэ икъукIэ шышхуэщ икIи бэшэчщ. ИтIанэ ермэлы гуэрым и тыкуэным къыщыдгъуэтащ адыгэ цей: сэ — шухьэ пIащIэм къыхэщIыкIауэ, Тузар — нэхъ пхъашэу, гъуабжэу. ИкIэм къэтщэхуащ пыIэхэр, щIакIуэ бацэхэр, лъытIэгъэнхэм я гугъу пщIымэ, си лъакъуэм хуэфIыпсу къэдгъуэтащ лъахъстэн шырыкъухэмрэ абыхэм тепкъуэжын вакъэрэ. Тузар и лъакъуэхэм папщIэ — фэ фIыцIэм къыхэщIыкIа шырыкъухэр. А псом нэмыщIыжкIэ, бешлыкъитI ** фIэкIа иримыту Тузар выфэм къыхэщIыкIа гуэншэрыкъитIрэ упщIэ лъеитIрэ къищэхуащ.

ДызытемыкI ди хабзэм — узытеува гъуэгум и кIэм унэмысауэ зымыгъэпсэхуным дытету — дэ мурад тщIащ а махуэ дыдэм Тамань дыбгынэну. Нэхъ гъуэгу кIэщIрэ цIыхуншэу Балъкъ укъыхуэзышэнур зэдгъащIэри пшапэр зэхэуауэ дэ гъуэгу дыкъытехьащ.

Дэ къуажэхэм къапэткIухьырт, гъуэгурыкIуэ дызыIуэхэм дакъыбгъэдэувыIэу депсалъэртэкъым, дызылъэщIыхьахэм дащхьэпрыкIыж мыхъумэ. ЖэщкIэри нэху дыкъыщекIыр мэзырт, дэркIэ а псори игъащIэм дымылъэгъуауэ телъыджэлажьэт: дыгъэ жьэражьэр дзакъэркъым, пшахъуэр жьэ кIуэцIым щыщхъыщхъыркъым, жьы пщтырым уи Iур иригъэгъущыкIыркъым. ИпэжыпIэкIэ азалыхьым и нэфI щыхуащ сытым дежи жьы къабзэкIэ ущыбауэ, зи жыг щIагъ щхъуантIэхэм зыщыбгъэпсэху, зэнзэну къабзэ

* Каффэ — Феодосие.
** Бешлыкъ — тырку ахъшэщ. Пиастрэм и Iыхьэ 20-нэщ.

псы щIыIэм ущефэ хъу Хэкум. Псы къыщIыздепхьэкIын, пхъэгъэсынрэ шым и шхынрэ къыщIэплъыхъуэн щыIэкъым — уIэбэмэ, псори къэпщтэнущ.

Тамань къыщыщIэдзауэ уи унэм нэс дыкъэкIуэным тедгъэкIуэда махуихыр, Щоджэныкъуэ, дымыщIэххэу кIуащ. Қаир дикIыу Мэчэм, Мэчэм дыкъикIыу Iуащхьэмахуэ къэткIуа гъуэгуанэшхуэм щыкIуэда зэманым щыщу а махуихыр дэркIэ нэхъ гуапэ дыдэу щыташ.

*Емынэм къелар нэгъуэщI узым ихьыжынкIэ зэрыхъунур уи фIэщ зыщI*
*ЕЩАНЭ ХЪЫБАР*

Жамботыпщым и гулъытэм Мысырыкъуэ къуршыбгъэ дамабгъуэ щабэу щIауфат. ХьэщIэ лъапIэм и щIыхькIэ щIалэгъуалэр шурылъэс джэгурт, санэхуафэхэм шыкIэ пшынэр дежьууэ адыгэ лIыхъужь уэрэдхэр щыжаIэ, лъэхъэнэ жыжьэм псэуа цIыху бланэхэм — нартхэм — ятеухуа хъыбарыжьхэр яIуатэ.

ТIэуней щакIуэ кIуати лIыгъэкIэ гъэнщIа я гум гупсэхугъуэ щратащ мыщэ ябгэмрэ чыцэ Iувым я бын кхъуэпIащэ абрагъуэмрэ щызеуэ мэзым. Мысырыкъуэ а зэштегъэу Iуэхухэм игурэ и псэкIэ хэтт икIи и джатэмкIэ (сэшхуэм хуэмыдэу абыкIэ пыбупщIым и мызакъуэу уепыджи мэхъу, мыщэ губжьам къыщыбгъэдэхутам) иукIа мыщэ абрагъуэр и лъабжьэм псэншэу къыщыщIэукIуриекIэ, абы и нэгу ткIийр нэхъ щабэ хъурт. Мыщэ лъэбжьанэм гъунэгъуу нэIуасэ хуэхъуа уэркъыр къызэкIуэцIычу щыдыхьэшхкIэ, абы и гущIэм асыхьэтым щекIуэкIыр къыгурыIуэу Мысырыкъуи пыгуфIыкIырт. Мысырыкъуэ и нитIым нэбзий хуабэхэр къыщIихырт шабзэшэр Iэзэу зутIыпщ, къращIэкIа гъуейм къикIыну щхьэхьу кIуэ, абы щыгъуэми игъащIэ лъандэрэ и бий шым, хьэм, цIыхум ялъ игъэжэну хущIэкъу кхъуэпIащэ щхьэрыхьыр щилъагъукIэ.

Щоджэныкъуэм, дауэ мыхъуами, къыхуэщIакъым и хакIуапщIэр зыхуар. Ар Кушмэзокъуэ пщыжьыр арагъэнкIи, Тыжь зэкъуэшхэр арауи е•Къундетхэ я щIалэ ахъырзэманхэм ящыщу къыщIэкIынкIи хъунут. Ауэ, дауэ щымытами, хамэ хъупIэхэм зекIуэ ежьэн хуейт. Мысырыкъуэ Тамбий фIэфIыпсу пщы щIалэм гъусэ зыхуищIащ. Псори нэхъыфI къуигъэлъыхъуэну зэфIэкIащ: дунейри гъущэт, жэщри кIыфIт, хакIуапщIэри инт, алыхьым и фIыщIэкIи

жэщ кIыфIым Къундетхэ е ТIышхэ я уэркъхэм яIуузу зэрымыгъэлъэджажэуи къэнакъым. Т!ышхэ, уеблэмэ Кушмэзокъуэ дыдэхэ я уэркъхэр арагъэнкIи хъунщ зыхуэзар. Пщэдджыжьым шы щиплI хуэдиз Щоджэныкъуэ хьэблэм къэрахулIащ. Гъуэгум зыгуэрым и мэл хъуши къыщыдагъэкIуэнтэкъэ. Хабзэм тету къуентхъым и зэхуэдитIыр Мысырыкъуэм лъысащ. Пэжщ, хьэщIэр зей пщым и мурадат псори Тамбий иритыну, арщхьэкIэ адрейм ар идакъым: зекIуэм щхьитI иIащ, зы мыхъуу. Щоджэныкъуэм лъысам щыщ Iыхьэ яхуигуэшащ и уэркъхэм. Мысырыкъуэ тыгъэ зыхуищIыну иIэр Тузар закъуэт.

А зэманым ирихьэлIэу Щоджэныкъуэ и цIыхухэм Мысыр къикIа хьэщIэм папщIэ унэрэ псэуалъэрэ езыхэм я пщым и щIы кIапэм пэмыжыжьэу яухуакIэт. Пщыхэм я арэзыныгъэ хэлъу, Мысырыкъуэ итIысхьащ Къулъкъужын псы цIыкIум къедза щIы IэнэщIхэм. А щIым щхьэкIэ пщыхэр щызэныкъуэкъу щыIэт, хъупIэрэ вапIэрэ яхуримыкъуу аратэкъым: зыми бгъэдэмылъ щIы Къэбэрдейм щыхъушэжьт. А зэманым нэхъ яхуримыкъур гъавэ зытепщIэ хъуну щIы псоми телэжьыхьын мэкъумэшыщIэрэ Балъкъ, Сунжэ псыхэм яку дэлъ хъупIэм къикIэ удзыр зыхъуэкIун Iэщрэт. Ауэ зыми къимыгъэсэбэп щIыр уи гъунэгъум ейуэ жыпIэмэ, а пщым и нэмысыр бгъэлъэхъшауэ къалъытэрт. Мысырыкъуэ Тамбий и Iуэхур нэгъуэщIт — ар мыбы игъащIэм щыпсэуакъым, Мысыр жыжьэ икIи мыцIыхум, ауэ хъыбар куэд зыхуаIуатэм, къикIащ.

Иджы езым и унэ щыпсэужыну хьэщIэр щригъэжьэжми, Щоджэныкъуэм бысым жумартрэ хабзэ зыхэлъу зыкъигъэлъэгъуащ. ИгъащIэм къекIуэкI хабзэмкIэ хьэщIэр саугъэтыншэу бутIыпщыж хъунутэкъым. Щоджэныкъуэм и пщылIхэм, зекIуэм къэрахуам щыщу хьэщIэм лъысам нэмыщI, бысымым и саугъэту яхурт шы щэ ныкъуэ, жэмрэ выуи апхуэдиз, мэлуи щэ. Абы нэмыщIу зи къару илъыгъуэ лIибгъу, зи бын нэхъыжьхэр балигъ хъуахэр, я унагъуэхэр я гъусэу пщы Тамбий деж кIуэн хуейт къэгъазэ ямыIэу. Выгу зыбжанэкIэ абыхэм я унэлъащIэ мыхьэнэншэр яшэрт, выгухэм ящыщ зым илът унагъуибгъум дзейуэ зэрахьэ пхъэ пхъэIэщэ абрагъуэр, гъущIыдзэ зыIулъыр. А пхъэIэщэ иныр виплIым къахуешэкI, пхъэIэщэкIыр лIищым яIыгъыф къудейт.

Тузари Щоджэныкъуэ хьэблэм IэнэщIу дэкIыжыртэкъым. Мыбы щигъуэта ныбжьэгъущIэм — Биберд — тыгъэ къыхуищIат: Iэщымрэ шышхуиплIымрэ нэмыщI уэркъ хьэ-

лэлым абы унэIуту къритат езы Тузар и нехьэкъехуэу щIалэтанэфI...

ЛъхукъуэлI щхьэхуит унагъуэ зыкъомми унафэ хуащIащ гъунэгъущIэм и щIыр псэупIэ ящIыну. Абыхэм яхэхуащ шыхъуэ Хьэнухь и унагъуэри.

ЩIыпIэщIэм псынщIэу йозагъэ мафIэсхэм, хъунщIэтеуэхэм зи гъащIэм хэмыкI къэбэрдей адыгэхэр. Махуэ зыбжанэм зэдэIэпыкъуурэ — щIыхьэхуу — абыхэм яухуэфынущ зы къуажэ псо. Язынықъуэхэм мэзыдэр паупщIурэ чы-бжэгъу хах, адрейхэм чы-бжэгъу унэр, жьэгу уэнжакъыр, Iэщыр зэрытынур, Iуэбжэ-набжэр, бжыхьыр яху, ещанэхэм ятIагъуэ — ар псым кърилъэсэха щыхупIэхэм щыкуэдщ — зэхапщэ, еплIанэхэм псы къахь...

Апхуэдэу зэдэIэпыкъуу мэкъумэшыщIэхэм щIыр явэнущ, ясэнущ, итIани гъавэр зэщIакъуэжынущ.

Мысырыкъуэ Тамбий и япэ хьэщIэр — ар, дауи, гулъытэшхуэ къыхуэзыщI икIи къыхуэбзэIэфI Жамботыпщырт — къыщригъэблэгъам, абы и лъапсэр Щоджэныкъуэм ейм зыкIи къыщхьэщыкIыжыртэкъым. Къуажэр, пэжу, иджыри зэрыцIыкIут. Ефэ-ешхэ Iэнэм здыбгъэдэсым зэгъунэгъухэр абы темыпсэлъыхьу къэнакъым. Абыхэм мурад ящIат зекIуэшхуэ къызэрагъэпэщынуи, къайхъулIэмэ, къуентхъ ин къахуихьынут. Зыми шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым Мысырыкъуэм куэд дэмыкIыу пщым хуэфэщэн мылъку — былыму, шыуэ минхэр зыхэт Iэхъушэхэмрэ хакIуапщIэхэмрэ, апхуэдэу пщылIищэхэр зыдэс зы жылэ мыхъуу къуажэ зыбжанэ Жамбот ещхьу зэриIэнум. Мис итIанэ пщыщIэм деж къекIуалIэу щIадзэнущ Къэбэрдейм уэркъыу исым — унагъуэ хуэщIахэм я бынхэр. Ахэр хуэныкъуэщ езыхэм яхуэфэщэжын унафэщI, хуейщ я щIыхьыр ину зыгъэIун, мылъкушхуэ къезытыфын унафэщI.

Щоджэныкъуэпщым и жагъуэтэкъым и мылъкумрэ и къулеягъымрэ хигъэхъуэнри, адрей пщыхэм нэхърэ езым и цIэр нэхъ жыжьэ игъэIунри. Зыбжанэрэ егупсыса нэужь, мурад ищIащ жыжьэрэ шынагъуэу зекIуэ ежьэну — Дагъыстаным и жылагъуэхэм теуэну. Абы Мысырыкъуэ жриIащ ар зэрыгъуэгуанэ шынагъуэр, ауэ къехъулIэу щытмэ, мылъку мащIэфащIэ къазэрыIэрымыхьэнур. Мысырыкъуэ фIэфIыпсу арэзы хъуащ. Ар щIэупщIащ зекIуэм хэтыну шу бжыгъэмкIэ икIи пщэдей шэсыну хьэзыру шуей плIыщI зэрыщыIэр къыщицщIэм, Жамбот жриIащ и гъунэгъущIэм щыхьэщIэнкIэ щрикъуа махуэм ежьэну езыри зэрыхьэзырыр. Абдежым Щоджэныкъуэр пыгуфIыкIри жиIащ Тамбий деж щыхьэщIэныр абы дежкIэ апхуэдэ гуапагъкIэ гъэнщIащи, хьэщIагъэр IэщIэужэгъуэным пэплъэн

хуей хъумэ, мурад ящIа зекIуэм игъащIэкIэ ахэр мыкIуэфыну.

Арати, зэгурыIуащ пщэдейжэщ гъуэгу техьэнхэу.

— Иджы,— жиIащ Мысырыкъуэ,— къэсащ апхуэдизу сызыпэплъа уахътыр. ИкIэм икIэжым унэм и бысымым бгъэдэлъ хуитыныгъэм и фIыгъэкIэ сэ Iэмал згъуэтащ си Жамботыпщ щIалэм и гуапагъэмрэ хэлъ хьэл-щэн дахэмрэ папщIэ фIы хуэсщIэну.— Абы щэхуу Тузар нащхьэ хуещI: адрейм къабгъэдихьащ упщIэм кIуэцIышыхьа хьэпшып хьэлъэр.— Мыр Хьэзиз аль-Гури ейуэ щыта мушкетырщ.— Мысырыкъуэ мыпIащIэу упщIэр зэкIуэцIихри игъащIэм Къэбэрдейм щамылъэгъуа Iэщэ телъыджэр къищтащ.— Мыбы франгхэм зэрыжаIэм хуэдэу мушкеттэкъым зэреджэн хуейр, атIэ ар щащIа Испанием щыфIаща цIэрт — трабукэ. Мыпхуэдэ Iэщэ тырку пэщэ куэдми яIэкъым. Мис иджыри зы бжьакъуэжьей (Шэгыныпъэ), мардэр тету. Мы къэп цIыкIум Инджылыз хэкум щащIа шэ гын батманибгъу илъщ. Ар уэ хуэчэм щымыIэу гъэуэгъуищэ пхурикъунщ.

Жамбот и къару псори зэхуихьэсауэ зызэтриIыгъэрт зэрыгуфIэщар сэтей къимыщIыщэну, ауэ апхуэдизу и нэ къызыхуикI хьэпшыпым зэригъэпIейтейр хэIущIыIу къэзыщIыр абы и IитIырт. МащIэу кIэзыз и Iэпэхэмкlэ ар гуапэу телъэщIыхьырт пхъэ плъыжьым къыхэщIыкIа перламутрым, пыл къупщхьэ зытебза фочлъэдакъэм, епэщэщырт зи дзэм щтауч жьэдэлъ «хьэ» цIыкIум, дыщэ къабзэм къыхэщIыкIа, хьэкIэу къэгъэша кIакхъум.

— Испаныбзэр адыгэбзэм къытехуэрэ?—жиIащ абы.— Щоджэныкъуэм иджы иIэщ трабыкъуэ...

— УмыпIащIэ, Жамбот,— пыгуфIыкIащ Тамбий.— Аракъым зэрыхъур. Сэ щIыхь зиIэ ныбжьэгъухэм сазэрыхущытыр къыбжреIэ сампIэншэу зехьэн хуей сэшхуэ щхъуантIэм. Дамаск и фочыщIхэм — абыхэм алыхьым узыншагъэр къарит — я гуапэ хъунт абыхэм зыхуэдэ щымыIэ я Iэзагъым и IэдакъэщIэкIыр языныкъуэкIэ зыхуэфащэ цIыху и IэмыщIэ зэрихуэр къащIэныр.

Щоджэныкъуэр фагъуэ хъуащ икIи мыбэуэфу и тэмакъыр щиубыдыкIащ. Дауи, ар щэхуу гугъат Мысыр къикIыжам и Iэщэ къомым ящыщ гуэрхэр абы къритыну, ауэ апхуэдэ жумартагъ абы къыкъуэкIыну и пщIыхьэпIэ нэхум къэкIатэкъым. Дэтхэнэ пщыри былымищэхэм щIыщымысхьын апхуэдэ Iэщэр ауэ птынуи! Жамбот къызэфIэуват зыгуэрхэр жиIэн и гугъэу, ауэ псалъэ щимыгъуэтыжым, и щхьэр ищIа къудейщ.

Мысырыкъуэ и унафэкIэ Тузар къищтащ шабзэкI хуэ-

диз зи гъумагъ гъущI яем къыхэщIыкIа жьэгу лъахъшыр икIи и зы кIапэр Iэ шэщIакIэ иIыгъыу и пщым бгъэдыхьащ. Мысырыкъуэ псынщIэу къызэфIэуващ, сэшхуэ иIэтар кIэщIу хьэуам щыфиящ, асыхьэту лъахъшым и лъащIэр зууэ щIым техуащ. Тузар къыIэщIэнам нэм къиищтэ къудейуэ зыщIиупскIэрт. ХьэщIэщым щIэсхэм ялъэгъуар зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкъым. Жамбот и цIыхухэр я плъэкIэм Iэджэ къикIыу зэхущIэплъхэрт, я бзэгур ягъаджэу. Биберд лъахъш кIапэ щIым щылъыр къищтэри Iущэщащ:

— Къэрэкъурэм ещхьу пигъэлъэташ, захуабзэу...

— Сэшхуэм и дзэми Iугуа лъэпкъ иIэкъым. Мис апхуэдэу тыншу Щоджэныкъуэм и бийхэм я жыр пыIэхэр иупщIэтэнщ мы сэшхуэмкIэ.— Абы и саугъэтыр Жамбот IэщIилъхьащ икIи зыри къэмыхъуа хуэдэу тIысыжри фалъэм ит псым хэфащ. ХьэщIэми сэшхуэр ибгъукIэ игъэтIылъри нэхъуеиншэу къуртIитI-щы ищIащ.

Щхьэгъэрытхэм асыхьэту Iэнэ лъакъуищхэр Iуахри къыкIэлъыкIуэ апхуэдэ Iэнэ дыдэм тету хьэщIэхэм я пащхьэ кърагъэуващ шхыныгъуэхэр. Адрей щыкъухэм ящIыгъуу Щоджэныкъуэм бгъэдагъэувам тетт дыжьыным къыхэщIыкIа, бжьэ зэрефэ щыкъу дахэкIей. Ар Мысырыкъуэм Жамбот хуигъэкIуэташ:

— Унэм мыбыкIэ мэрэмэжьей ущефэнщ. ИджыпстукIэ мы щыкъур зэрыгъэнщIар фадэкъым, атIэ дыщэ къабзэм къыхэщIыкIа ахъшэщ. Iэщэхэмрэ шы Iэпслъэпсымрэ ирибгъэщIэрэщIэнщ. Фэ Къэбэрдей зауэлIхэм сэр нэхърэ нэхъыфIу фощIэ ар вгъэткIуурэ къызэрывгъэсэбэпын. КъыфIэрыхьэху нэхъ пIалъэ евмыту ахъшэ жьгъейр фогъэткIу. Ар ахъшэм фесакъым, абыкIэ зыгуэрхэр къэфщэхуу, фщэуэ щыткъыми аращ ар къызыхэкIыр.

— ФIыщIэ ин пхузощI, си ныбжьэгъу нэхъыжь,— жиIащ Щоджэныкъуэм.— Сэ къэзлэжьакъым апхуэдиз щIыхь — мы тыгъэ телъыджэ къомыр къысхуэпщIын хуэдэу. Сэ зэгуэр уэрэд щIысхуаусын лIыхъужьыгъэ зесхьэу щытмэ, джэгуакIуэм а уэрэдым къыхигъэщынщ Къэбэрдейм япщхэм ящыщу зыми имыIэ трабукэ мафIэлыгъейр къызыпихымрэ жыр сэшхуэ шыхьымрэ.

— Уи псэ къабзэр зыщIэхъуэпс Iуэхугъуэхэр зэрызэфIэбгъэкIын лъэкIыныгъэ алыхьым къыуит,— жиIащ абы и жэуапу Тамбий.

— Сэ си Iэпщэм и къарумрэ си Iэщэмрэ нэхъ сащогугъ,— жимыIэн лъэкIакъым Жамбот.

— Ей, Щоджэныкъуэ, Щоджэныкъуэ,— и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Тамбий.— Мис уэ уэщхь цIыхухэщ КъурIэным

мыпхуэдэу щIитыр: «Алыхьым абыхэм я гумрэ тхьэкIумэмрэ мыхъур тригъэуващ, я нэр щипхыкIащ». Иджыпсту сэ уэр щхьэкIэ сыгубжьын хуейт, ауэ сэри сымуслъымэн нэсу къыщIэкIынкъым, ар мы зэкIэ схуэщIэнкъым. КъурIэн къеджэфрэ, абы и Iэятхэм я губзыгъагъэр къытхуэзыIуэтэфын еджа гуэр уэрэ сэрэ зэрыдимыIэр гуауэщ.

— Хъунщ, Мысырыкъуэ,— пыгуфIыкIащ Жамбот.— Тхылъаджэ къыпхуэзгъуэтыну укъызогъэгугъэ. Хэт ищIэрэ, авархэм датеуэмэ, абыз * гуэр къытIэрыхьэнкIэ хъунщ...

* * *

ЕтIуанэ махуэм и пшыхьым, дыгъуасэ зэрызэгурыIуам хуэдэу, я шы-уанэ зэтралъхьащ, Iэпслъэпсым и быдагъыр къапщытащ, шы лъабжьэхэм иужьу еплъыжащ, я гъуэгу гъуэмылэр хъуржын зэпедзэкIым иралъхьащ. Дзажэ гъэгъуауи, мывэм хуэдэу быдэ кхъуей шыугъэуи, фокIэ пща гъуэмылэр—илъэсипщIкIи, илъэс тIощIкIи зэмыкIуэкIыр—зэрылъ къэп цIыкIууи зыхуеинум хуэдиз здащтат.

Зыщагъэгъупщакъым къахъунщIахэр зралъхьэн, зэрызэкIуэцIапхэн къэпхэмрэ кIапсэ шыхьахэмри, апхуэдэуи щэкI хужь джэбыныпхъэр — гъуэгум зыгуэр щылIэ хъужыкъуэмэ, зэрыщIалъхьэнур. Куэдым хъыдан кIапэм кIуэцIышыхьауэ здрахьэжьат щыблэ зэуа жыгым щыщ пхъэ кIапэ — абы нэ къыптримыгъахуэу уехъумэ.

ЕпцIыжакIуэм и напэм хуэдэу фIыцIэу жэщыр щIыгум щэнейрэ къыщхьэщыгъуэлъхьа нэужь, гъуэгуанэм теувахэщ. Хамэ гуэрми илъагъу хъунутэкъым гупым здигъэза лъэныкъуэр. Къедзам ис псоми ящIапэуи щрет здежьа гъуэгумрэ щIежьа Iуэхумрэ, ауэ зы цIыхуми жыжьэрэ гъунэгъуу закъригъэщIэнкъым зыгуэр хищIыкIыу.

Дауи, лъагъуэрэ гъуэгурэ къамылъыхъуэу зэрыхьэрт я шыпэр здэгъэзар я гъуэгуу — удзу зэщIэкIа губгъуэхэр, псыхэр, мэзым иуфэбгъуа жьэгъу бгылъэхэр зэпаупщIу. Япэ итт Биберд, жэщ кIыфIым зи нэр хуэжаныр, абы хэт нэхъри нэхъыфIу къихутэрт здагъэзэну лъэныкъуэр.

МахуитIрэ жэщитIрэ блэкIащ, Тэрч и зэпрыкIыпIэм зылI псым щыхэкIуэдауэ къызэранэкIащ, къызэранэкIащ ТаусултIан и Къэбэрдейри, иужькIэ нэгъуэщIыпщым — Джылахъстэней — и цIэр зыфIащар, нэхъ иужькIэ Къэбэрдей цIыкIу хъуар. Тамбийрэ Жамботрэ здежьам нэблэ-

* Абыз — къеджэкIэ зыщIэ, тхэф цIыху жиIэу аращ.

гъэпауэ нэхущым деж Саракъум пшахъуэ Iуащхьэр къалъэгъуащ. Мыбдежым куэдрэ узримыхьэлIэ зэIущIэ гъэщIэгъуэн къыщцыхъуащ: хъунщIакIуэ ежьа пщыхэмрэ хъунщIакIуэ къикIыж пщыхэмрэ зэхуэзащ.

Щоджэныкъуэрэ и уэркъхэмрэ занщIэу къахуэщIакъым къахуэкIуэ гупыр зищIысыр. Ауэ мис пщыр тIэкIу дыхьэшхэну «уэхь» жиIэу пыгуфIыкIащ. Уэркъхэр зэплъыжри къыщиуду дыхьэшхыным зы мащIэщ иIэжар.

— Дауэ уеплърэ, Мысырыкъуэ, хэт мо къакIуэр? — еупщIащ Жамбот и ныбжьэгъу нэхъыжьым.

— Сэ солъагъу, шу гупрэ вы гъэшхам ещхь лIы пшэр зи щыгъынхэр зэхэIуэтар зэрылъ выгу абрагъуэмрэ. Ар, сэ къызэрысфIэщIымкIэ, абы лы Iыхьэ иIыгъщ ишхыу. Ауэ сэ си фIэщ мэхъу ар хэтми уэ фIыуэ зэрыпщIэр.

— Иджыпсту, зи щIыхьыр ин Мысырыкъуэ, уэ зэбгъэцIыхунщ Къэбэрдеишхуэм япщ нэхъыжь Жанхъуэт Берслъэн.

КъакIуэ гупым хэтхэми я лъэпкъэгъухэр къацIыхужагъэнти, хамэгу-хамащхьэ хэмылъу гъунэгъу зыкъыхуащIащ. «Выгушхуэм и пщым», арат зи бзэм хуимытхэр щэхуу Берслъэн зэреджэр, фIэхъус ирихыну япэ ищащ Жамбот.

— Уей Щоджэныкъуэ нэхъыщIэ,— макъ итхъунщIыкIакIэ къэджащ Жанхъуэтыпщыр.— Сэ жыжьэу укъэсцIыхуащ. ПщIэрэ сэ си нэхэр дзыгъуэшхуэ мэжэщIалIэм ейм ещхьу жанщ.

— Уи гъуэгу насып защIэ хъууэ абы и гуращэхэр къывэхъулIэну, дипщ махуэ! — жиIащ Жамбот шым зригъэлъэтэхри выгум бгъэдыхьэурэ.

— Уи мурадри къохъулIэну... Уи жагъуэ хъункъэ, псалъэмакъышхуэ къыщысхуумыIэкIэ, выгум сынимыкIми? Ы? Сэ апхуэдэ ныбжь сиIэжкъым...

— Хьэуэ, зиунагъуэрэ, сыт си жагъуэ щIэхъунур... Ауэ сэ си закъуэкъым. Уэ зэхэпхагъэнщ Мысырыкъуэ Тамбий и хъыбар.

— А-а, Мысыр пащтыхьхэм я лIакъуэ хъужыр мыра? Хьэуэ, выгум сынимыкIыу хъунукъым.— Берслъэн Iыхьшыхьурэ зыкъиIэтащ, и Iэгухэр зэтригъэауэри — Эй! фэ фщIэркъэ фщIэн хуейр? — яжриIащ къыIулъэда щIалэхэм.

И гъусэхэр дэIэпыкъуурэ ар выгум къыщрагъэувэхам, Мысырыкъуэ Жамбот бгъэдыхьакIэт.

Жанхъуэт Берслъэн лIышхуэт, плIабгъуэт, Iэ кIыхьт, ауэ а псори пщагъэгъупщэрт и ныбэм и инагъым, щызекIуэкIэ, щыдыхьэшхкIэ, уеблэмэ щыпсалъэкIэ толъкъуну

уфафэм. Абы и жьэгъул щэм щIигъэнахэр нэ дыдэм деж къыщыщIидзэрти и жьэпкъыпэм фIэкIырт, и плIэм цIыхубз щхьэцу тегъуалъхьэрт. Пэ къуаншэшхуэр къырыжь хуэдэ мэз Iуву зэщIэкIа пащIэм щхьэщытт, ауэ Iупэ Iурылэлар зыхэтIатIэр жьэикъым теплъагъуэ жьакIэ цIырхъ тIэкIурт, абы я лъабжьэжым пщэ пшэр кIэщIыр быркъуэшыркъуэу къыкъуэщт. Абы хьэзыр зэрымылъ цей къызэрыгуэкI щыгът, и бгъафэмрэ Iэщхьэмрэ цIуужу дагъэ защIэу, пкъы зыщIэмытыж адыгэ пыIэ щхьэрыгът. И бгым ищIат зи Iэпщэр тхыпхъэкIэ екIуу гъэщIэрэщIа къамэрэ дыжьын сампIэм илъ сэ къуаншэрэ.

Берслъэн Iэпхъуамбапщэмкlэ и напIэ ижьыр иIэтри и нэр нэхъ ину зэтрихащ. Мысырыкъуэ къэщтэным мащIэщ иIэжар мо цIыху губзыгъэр, ткIийр, апхуэдизу жану къеплъати. Уеблэмэ, ар егупсысащ мы пщы абрагъуэм и нэхэр пэж дыдэуи дзыгъуэшхуэ мэжэщIалIэм хуэдэуи зэрыжан дыдэм.

— Къэбэрдеищlым гуфIэгъуэр гъуэгу гъусэ щыпхухъу, Мысыр къикIа! — макъ гъумкIэ жиIащ Берслъэн.

— Насыпым и щIыб зэи къыпхуимыгъэзэну сынохъуэхъу сэри, пщым я пщыж! — и Iэр и бгъэм трилъхьэри Мысырыкъуэ и щхьэр мащIэу игъэщхъащ.

— ДетIысэхынщ,— жиIащ Жанхъуэтым.— Лъакъуэр хъумэн хуейщ. Фэ фызихьэщIэщ.

Берслъэн и цIыхухэм упщIэхэр яубгъуат, выгухэм къырахыурэ цы къэп псохэр кърагъэтIылъэкIат. Мис пхъэ IэплIакIуэ шым кърахьэхащи, мафIэр джэгуу гъуаплъэ шыуан иным и лъащIэм къыщызэщIонэ. Берслъэн и гупым щIыгъу хъушэшхуэм къыхаша мэлыр щIалитIым lэкIуэлъакIуэу зэIах: Жанхъуэтыпщым фIэфIтэкъым гъуэгум зыщигъэмэжэлIэн. Арат абы и выгухэм ящыщ зым сыт щыгъуи кIыргъыу хьэуазэкIэ щIэуфа кхъуэщын ныбэфхэр къыщIришэкIыр. Абыхэм ярытщ мэрэмэжьей гуащIэр.

Пщым къыздришэкIырт форэ дэрэ, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуарэ лым дашх сырыгъэ хуэдэхэр. Уеблэмэ выгум тету джэдэщ къыздрашэкIырти, Берслъэн щыхуей дакъикъэм джэдыкIэ игъуэтырт. Ерыскъым зыдезымыгъэхьэх адрей пщыхэм ещхьу, Жанхъуэтым и жьэкъупщхьэхэм псэхугъуэ щарит къэхъуртэкъым. Мис иджыпстуи абы Iэсэмэгукlэ иIыгъщ блатхьэ ныкъуэшхыр. Ар япэу етIысэхащ, IэфракIэкIэ щхьэнтэм зытригъащIэри, выгум къыщикIым зэпигъэуати, шхэн щIидзэжащ. И Iэр ищIурэ Берслъэн зыгуэр нэжэгужэу къигъумэтIымащ. ФыкъэтIыс жиIэу арагъэнт.

Мысырыкъуэрэ Щоджэныкъуэмри етIысэхащ. Асыхьэту упщIэм къытехутащ выгу шэрхъ нэхърэ мынэхъ цIыкIуу пхъэ сыхьэн: сыхьэным телът лы гъур гъэжьа, кхъуей, тхъурыжь. Дэтхэнэм и пащхьи фалъэ ин ирагъэуващ, Берслъэн ибгъукIэ — фадэ зэрыт кхъуэщын. Зэгъуа къупщхьэр лъэныкъуэкIэ хыфIидзэри, Берслъэн сакъыпэурэ сэкIымкIэ пхъэмыфыр къигъэтIэсхъащ икIи ар къару мылъагъур къыхущIэрыIауэ къыIуиудащ, тхъурымбэ гъуэжьыр къыздришу. Гу лъыптэрт, Жанхъуэтыпщым пхъэмыфыр Iуихыу мэрэмэжьейр езым и IэкIэ фалъэхэм иригъэхъуэн зэримыжагъуэм.

— Вагъэсеплъ щIын хуейщ, зэмыкIуэкIауэ пIэрэ фадэр? — жиIэщ Берслъэни, шищ псыкIэ зыгъэнщIын кхъуэщыныр игъэщIеящ.

ИкIи мэрэмэжьей пIащIэр шкIушкIуж псыIэрышэ цIыкIуу ежэхащ Кавказым ис лIышхуэхэм я нэхъ пIащэжым и кIуэцIым. Уеблэмэ, ар псыкъелъэу абы и кIуэцIым зэрыщеуэхым и макъ зэхэпхыу къыпфIэщIырт. Итым и зэхуэдитI ирифагъэнщ жыпIэн хуэдизрэ кхъуэщыныр иIыгъа нэужь, пщы пцIапцIэм фалъэхэм яритъахъуэу щIидзащ.

— АлыхькIэ соIуэ, мэрэмэжьей гъуэзэджэкIэ,— жиIащ Берслъэн, и Iупэр цей IэщхьэмкIэ илъэщIыжурэ.

Мысырыкъуэ Тамбийрэ Щоджэныкъуэ Жамботри, я Iупэр хащIэри, фадэм щытхъуахэщ. Берслъэн Тамбий къеупщIащ: тенджыз адрыщI хэкухэм мыпхуэдэ щиффауэ пIэрэ? — жиIэри. Мысырыкъуэ и щхьэр игъэкIэрэхъуащ икIи жиIащ, Мысырым ар зэи фадэ зэрыщемыфар, апхуэдэуи махъсымэ гуащIэ зэрефэр муслъымэн цIыхум дежкIэ гуэныхьу щытми щымытми нобэм къэс езы дыдэм зэримыщIэр. Мысырым, тыркухэм, муслъымэн диным я гугъу ящIахэщ. Берслъэн жиIащ: муслъымэн диныр дунейм тету хъуам я нэхъыфIынкIи хъунщ, ауэ сыт щхьэкIэ пIэщIэн хуей апхуэдизу дызэса ди тхьэхэр тедгъэкIуэтыну? Япэ щIыкIэ къэбэрдеипщхэм я хэкум хабзэ щагъэувын хуейщ. Зыр адрейм имыхъунщIэу, зэмыбийуэ псэун хуэдэу. Хьэмэрэ Къэбэрдейм гъунэгъу къулей иIэкъэ?

Къэкъейрэ макъ иригъэщIу здэшхэм Берслъэн къипсэлъхэм Мысырыкъуэ фIэгъэщIэгъуэну едэIуащ икIи тIэкIурэ гупсыса нэужь, жиIащ:

— Пэжу, зи щIыхьыр ину пщым я пщыж, сэри гу лъыстащ Къэбэрдейр къэралыгъуэм зэремыщхьым. И пэжыпIэкIэ фэ фызэщхьыр тет зи куэд, ауэ хабзэ зи мащIэ зауэлI жылагъуэшхуэрщ.

Жанхъуэт и Іэпхъуамбэр и напІэм щІигъакъуэри гупсэхуу къеплъащ Мысырыкъуэм.

— Уи псалъэр тэмэмщ. Иджыпсту аращ ди зэхэтыкІэр. Ауэ куэд дэмыкІыу нэгъуэщІу дыкъэплъагъунщ. Дэтхэнэми и увыпІэр едгъэлъагъужынщи, и шыгъушхыпІэм дгъэувыжынщ. Пщы нэхъыжь едаІуэмэ,— Берслъэн мэл куэпкъымкІэ и бгъэм теуІуащ,— зэныкъуэкъуи лъы гъажи щыІэнукъым. Мыгувэу Къэбэрдей псом къыщащІэнщ тхьэмщІыгъу зышхыпхъэри, ныбапхъэр зи Іыхьэри. Уэркъхэр дяпэкІэ зэщхьэщыкІыу щытынущ. Нэхъ пщІэшхуэ зиІэнур лІакъуэлІэшхэрщ. Ахэри, пщыхэм хуэдэу, езыхэм ябгъэдэлъ къуажэхэм дэсынущ, уэркъ бейгуэлхэр яІэу. Уэркъ пашэхэм хэзгъэхьэнущ уэркъ-дыжьыныгъуэхэр. Пэжщ, ахэр лІакъуэлІэшхэм нэсыркъым. Ауэ дыжьыныгъуэ унагъуэхэм къыхэкІахэм я лІакъуищым зауэхэм лІыгъэ яхэлъу зыкъыщагъэлъагъуэмэ, еплІанэр лІакъуэлІэшхэм хабжэнущ. Дыжьыныгъуэм хабжэнущ ди гъунэгъу щІыналъэхэм, хэку жыжьэхэм къикІа цІыху цІэрыІуэхэр, ахэр пщы дыдэу щытми. Абыхэм я цІэм «къуэдз» псалъэри пыувэнущ.

Хэгупсысыхьауэ икІи мамыр дыдэу Мысырыкъуэ Берслъэн щеплъым модрейм и псалъэм псынщІэу пищэжащ:

— Мысыр пащтыхьым къытепщІыкІахэр абы хыхьэркъым. Тамбийхэ я лъэпкъыр а хабзэм химубыдэу лъэпкъ хэхауэ щытынущ.

Мысырыкъуэ «лъэпкъ хэха» псалъэхэм къарыкІым щІэупщІэн и гугъат, арщхьэкІэ Берслъэн и псалъэр зэпимыгъэууэ адэкІэ пищащ:

— Дыжьыныгъуэхэм якІэлъыкІуэнущ етІуанэ гупыр; абы дэ фІэтщащ пщыжь уэркъ, е си щІыхькІэ берслъэней уэркъыуи жаІэ. Ахэр пщыхэм я лъапсэм исынущ, абыхэм я Іуэхузехьэу, тыгъэ къулейхэри кърату. Берслъэней уэркъыгъэри адэм быным къыхуигъанэурэ екІуэкІынущ, е уэркъ-щауэлІыгъусэхэм зи лІыгъэкІэ зыхуэфащэ къахэкІмэ, абы хагъэхьэ хъунущ. Уэркъ щауэлІыгъусэхэр лІакъуэлІэшхэм я блыгу щІэтщ. Мыдрейуэ къупщхьэ фІыцІэм къыхэкІа лъапцІэрыщэхэм я гугъу пщІымэ, абыхэм ялъыс пщІэр нэхъ тыншу къэхутэгъуафІэщ: мэкъумэшыщІэ щхьэхуитхэм-лъхукъуэлІхэм Іэщэ зэрахьэну, пщым и бейгуэлхэм хыхьэну хуитщ, адрейхэр пщылІрэ унэІуту гуэшащ. ПщылІыгъэр зытрахам Іэщэ зэрихьэ хъунущ.

Псалъэ кІыхьым иригъэшауэ къыщІэкІынти, Жанхъуэтыпщым и къарур зэфІигъэувэжын щхьэкІэ, кхъуэщыныІур зыжьэдиубыдэри игъэщІеящ (пэжу, Берслъэн фалъэ бгъэдэтт, ауэ абы ар имылъагъу нэпцІ зищІащ), кхъуэщыныІур

лъахъшэ хъумэ, и щIэм зиIэтурэ ар пщым куэдрэ жьэдэлъащ, мэрэмэжьейм и шкIур-шкIур макъыр иухыху. ИтIанэ Жанхъуэтым ар дзыхьмыщIу зэпиплъыхьри, зэримытыжIар и фIэщ щыхъум, лъэныкъуэкIэ хыфIидзащ.

— Ей, хэт ди бгъуэщIэсыр? — губжьауэ джащ ар.— Къэфхь нэгъуэщI кхъуэщын! Ди хьэщIэхэм мэрэмэжьейр ягу зэрырихьар флъагъуркъэ?

ХьэщIэхэр гуапэу Берслъэным хупыгуфIыкIащ икIи я фалъэхэм мащIэу хэфащ.

— Уащхъуэ къанымкIэ соIуэ, иджы дэтхэнэ зыми щхьэж къылъысыр здынэсыр ищIэжынкIэ. ЖыIэмыдаIуэхэр утыку къитшэнщ. ХеящIэм и пащхьэ мысэу къихуам, ар дыжьыныгъуэ уэркъыуи щрети, еплъынкъым, абы къэбэрдеищIым щыхъунщIэн щимыгъэту щытмэ. Аргуэру жысIэнщи, ярэби, Къэбэрдейм и хъуреягъкIэ щIы щымылъыжу ара?

— НтIэ, дэри хамэщI иджыпсту дыщытеткIэ...— къригъэжьат Щоджэкъуэми...

— Ей, къызгурыIуащ зи гугъу пщIынур, Жамбот,— Iэпихащ и псалъэр Жанхъуэтым.— Ауэ абы фыщIэпIэщIэн щыIэкъым. Сэри фэ сызэрыфхуэзэрэ сыпIэщIэжыркъым. Фэ зекIуэ фыщIежьар езыр мыбы куэд мыщIэу къэсынущ. Мыбы си Iуэху къыщикIат...— Берслъэн дэ укъэбза IэмыщIэ жьэдикIутащ.— Чэруанхэр... Къэжэрым къикIа кIупIецхэр... хуабжьу тезик хуэщIауэ къыщIэкIахэщ...— пщым дэхэр игъэныщкIури мэрэмэжьей къуртI зыбжанэм ирыригъэхьэхащ, и ныбэу абрагъуэр пцIапцIэу Берслъэн и бгъэм идыхьэшхыкIащ.

Дыхьэшхыр ерагъкIэ зэпигъэури, Берслъэн къригъэжьар и кIэм нигъэсащ:

— НтIэ-а, «езыр къэкIуэнущ» жыхуэсIэр ар къыткIэлъаутIыпща пхъэрырщ. Фи фIэщ фщIы мы щIыпIэм зыщызыхущыхь щхьэпыупщI Iэджэ зэхуашэсауэ си лъэужьыр иджыпсту къызэрахур. Фэр мыхъуамэ, си шынэхъыщIэфIхэ, сыт ямыщIами, ахэр къыслъэщIыхьэм си Iуэхут. Е мыхъу фIы хъужрэ, иджы ди гупыр зэрагугъам нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэ зэрыхъуар ялъагъунщ. Зэхэуэм къыхэкIыну къуентхъ псори — шыхэр, Iэщэр, гъэрхэр — фыфейщ. Сэ къыслъысам срокъу. Чэруаныр хуабжьу хуэщIат: мывэ лъапIэхэр, дыщэ, шухьэ плъыжь пIащIэхэр Астрахань яшэрт. Ауэ нашэсыфакъым. Уэхьэ-хьэ-хьэ-хьа!

Мысырыкъуи нэрылъагъуу нэщхъыфIэ къэхъуащ.

— Апхуэдэу щыхъуакIэ, Жамбот дэрэ тIэкIу дапэплъэнщ абыхэм.

— Дауэ хъун дапэмыплъэу,— жиIащ Жамботи.— Ди цIыхухэм хъыбар едгъэщIэнщи, ахэми...

— ИрагъэщIакIэщ,— ар Берслъэн тригъэпыIащ.— Сысейхэм я пщэ къыдэхуэр ящIэж. А щхьэфIэчхэр хуит щIыи, шейтIаным и кIэм тесу Хазас * зэпрысыкIынхэщ.

Пэж дыдэу, бейгуэл гупитIым я Iэщэхэр къагъэIэгъуэри, пхъэрыр къыщыса уахътым зэрызэуэным сыткIи хуэщIауэ иувыкIат. Яшхэри IумпIэкIэ яIыгъът.

— АпщIондэху,— жиIащ Берслъэн,— фо, дэ фшхы, икIи зыщывмыгъэгъупщэ «IэфIу шхэн зыфIэфIым нэгъуэщI шхэгъу ищIыркъым» щIыжаIар зэрысэрмырар. Iэнэм щыпэрысым уэршэр дахэ, лIыгъэкIэ цIэрыIуагъ — сыт хуей нэгъуэщI адыгэлI нэсыр? — пщым и тэмакъым зыгуэрхэр къикъуэлъыкIыу, къифиикIыу зригъэлъэщIри зэуэ уэрэдым зиIэтащ:

Уей, дуней, ей, зэпычащ шыпыбэпхыр,
СыхэкIыж гущэщ си шабзэм.
Уейрэ, арти, сыхэкIыжщ.
Уей, дуней, си лъы пщтырыр псынэу
Афэм уэру къызэпхожыр,
Уейрэ, арти, къызэпхожыр.

Уей, дуней, Шапсыгъхэ я дзэзешэм,
Хьэдэгъуэшэу къамэм и бгъэм зыхисащ,
Уейрэ, арти зыхисащ.

Уэрэдыр и кIэм ныжамыIэсауэ, пшахъуэ Iуащхьэм къыкъуэжащ шагъдий къэплъахэм тес шууей гупыфI. Арщхьэк1э къэжэр чэруаным къищта «лъыщIэж гупым» хэтхэм кIасэущ гу щылъитар адыгэпщым и гупыр хуэдитIкIэ нэхъыбэ зэрыхъуам. Пщищми я зауэлIхэр уанэгум исти псынщIэу зрачащ. «Пхъэрыр», лъэпкъ зырыз къыхэкIа, уеблэмэ зи бзэ щIагъуэу зэгурымыIуэ шууей пэтми, ахъырзэману зауэрт, ауэ адыгэхэр зэребгъэрыкIуэр яхузэтеIыгъакъым.

Куэдыр лъыкъуалэр къайжэхыу щIым щылът, е шы лъабжьэм щIэлът, языныкъуэхэр мы зэхэуэр зэриухынури, кавказыщIыр зыгъэлъэпIэну е зыгъэпудыну иужькIэ къэхъуну зауэ минхэм къарикIуэнухэри, зыкIи къафIэмыIуэхужу диижхэрт.

Жанхъуэтыпщыр и выгум ист и пэ лъабжьэм къыщIэпсэлъыкIыу зыгуэрхэр жиIэу икIи бийхэр Iуву щызэхуэс щIыпIэхэм шабзэшэхэр зыр зым кIэлъыкIуэу

---

* Хазас (пасэрей адыгэ псалъэ) — Каспийскэ тенджызырщ зи гугъу ищIыр.

зэкIэлъхьэужьу иутIыпщырт. ИкIи а Iуэхум ар зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр бэянт: шэ къэс зы бий хигъащIэрт.

Жамбот дихьэхауэ и сэшхуэр къумыкъу Iэ кIыхь гуэрым трикъутэрт, Дамаск и Iэщэ лантIэр зауэ IэнатIэм щигъэунэхуу. Иджыпсту ар гуфIэу еплъырт еуэху къумыкъум и мэIухум жыр Iунэхэр къызэрытелъэлъым. Куэд мыщIэу мэIухур тIууэ зэгуэудащ, пщIэкIэ къащта лIыукI абрагъуэри зэрылIыкIын удын и пщэ гъумым техуауэ шы лъабжьэм щIэкIэрэхъуащ.

ЦIыхуищым зэуэ Мысырыкъуэ зыкъраджат, арщхьэкIэ зауэлI Iэзэр Iэрпхъуэр хъуртэкъым. НтIэми Тузар абы дежкIэ къыпхитхъурт и шуупэм къихуэр зэтриупщIатэу. Шынагъуэт Мысырыкъуэ и удынхэр, и ныкъуэкъуэгъухэу абы и нэхэм къыщIэплъэхэм зауэлI шынагъуэм и нэм езыхэм я ажалыр щIалъагъуэрт. Къезауэхэм ящыщ зым и лъакъуэр лъэгуажьэм и пщэкIэ щыпигъэхуащ, лIыр шым щехуэхами лъакъуэр лъэрыгъыпсым инауэ илът. ЕтIуанэм апхуэдэу елIэлIакъым: я шы джабэхэр зэIусэху ирихулIащ, мэIухур Iуидзри, бийм и лъэдакъэр иубыдри уанэгум къридзащ. Ещанэм дежкIэ зигъэзэну Мысырыкъуэ хунэсакъым. Бжы кIыхь зыIыгъыу къыхуэкIуэ Тузари къыкIэрыхуащ. И ажалыр къызэрысар зылъагъу къэжэр жьакIагъуэр зэрызауэ уэщ хьэлъэмкIэ Мысырыкъуэ и Iэ ижьым, дамэпкъым и лъащIэкIэ хуэзэу, къыгуигъэхуащ, зэрызэпиупщIар зэхэпхыу. Iэблэр щIопщу елэлэхащ, лъы зыдэмыкIуэж Iэпэ диижхэм лъыр къызыпыткIу сэшхуэр яIэщIэхури, шы лъабжьэм зэхавыхьа щIы щабэм зыхитIащ. Ар къыщыхъуар зэхэуэр щиух, дзейуэ къащта дзэм и ныкъуэр щыщIэпхъуэж, адрейхэм я Iэщэр щыхыфIадзэ дыдэрт.

Тузар Мысырыкъуэ и шы IумпIэр иубыдри Берслъэн и выгум иришэлIащ. Тамбий зыри зыдимыгъэIэпыкъуу шым епсыхыжри зэман мащIэ ипэкIэ Жанхъуэтым ерыскъы дишхыу здэщыса щIыпIэ дыдэм деж етIысэхыжащ. УIэгъэм къыбгъэдэлъэдат Берслъэн и Iэзэр, арщхьэкIэ Тузар ар лъэныкъуэкIэ IуигъэкIуэтащ. Мысырыкъуэ и гъуэгугъусэ пэжым езым Мысырым Iуэху куэд щызэригъэщIат, арат мыбы щыIэ хьэчимхэм дзыхь щIахуимыщIыр. Тузар сакъыу Мысырыкъуэ и Iэм Iэлъэхэр Iэрихащ, Iэщхьэхэр зэгуигъэжри уIэгъэр къыщIигъэщащ. Къупщхьэ щэщам нэсу куу уIэгъэм лъыр кърикIыкIырт, абы къыхэкIыуи псом япэу Тузар уIэгъэм и щхьэкIэ Iэр фэдэнкIэ быдэу щипхащ, итIанэ уIэгъэм фо трикIэри щэкI хужь къабзэ кърищэкIащ. Абы кIэлъыкIуэу пхъэщIэпхэ хуищIащ. Аргуэру зэ цейр щимыхыу хъуакъым — афэ

джанэри пкъым ихын хуейт. Iэр емылэлэхын папщIэ и бгъэм ирадзащ.

А псор зэфIэкIыху Жанхъуэтымрэ Щоджэныкъуэмрэ ауан хэлъу Тамбий дэгушыIащ. Модрейри пыгуфIыкIырт, гушыIэм гушыIэкIэ жэуап иритыжырт. Абы и нэгур сыт щыгъуи нэхърэ нэхъ фагъуэ хъуат, пщIэнтIэпс щIыIэр, щыгъэ жьгъейм хуэдэу, и натIэм къытрикIутат.

Биберд къыIухьэри Мысырыкъуэ къехъуэхъуащ и щIыхьыр къэзыIэт уIэгъэмкIэ икIи жиIащ шы плIыщIрэ тIурэ, гъэрыуи тIощIрэ блырэ къазэрыIэрыхьар, уIэгъэ хьэлъэхэм нэмыщI. Iэщэхэр щIагъуэкъым, хъугъуэфIыгъуэ ябгъэдэлъкъым. Я гъуэмылэри мыхьэнэншэщ, шыхэм ящыщ зым и уанэкъуапэм тепхауэ къытраха чыщмыщ къэп цIыкIум и гугъу умыщIмэ.

— Чыщмыщыр мыдэ къэфхь! — джащ Жанхъуэтыр.— Адрей псори Тамбийрэ Жамботрэ ефт. Ди ежьэжыгъуи хъуащ. Мыдэ зы бжьэ тIэтыжынщи...

Берслъэн и ефэри ешхэри зэфIигъэкIащ, зыпищI щымыIэ и щхьэнтэхэм IэфракIэкIэ тегъэщIауэ. Абы Мысырыкъуэ хигъэзыхьри мэрэмэжьей фалъэ иригъэфащ, щыхь куцIым хэлъу мыщэм и щэр иригъэшхащ. А хущхъуэ ахъырзэманри щIэи гъуни зимыIэ выгум илъу къыздришэкIыу къыщIэкIащ.

Куэд мыщIэу гупитIри унэм къежьэжащ, зэхэуэр щекIуэкIа щIыпIэм уIэгъэ хьэлъэхэмрэ абыхэм ядэIэпыкъун, яукIа цIыху пщыкIутхур щIэзылъхьэжыфын, уIэгъэ псынщIэ фIэкIа зылъэмыIэса лIиплIымрэ къагъанэри. Адыгэхэм ящыщу плIы къаукIати, абыхэм я хьэдэр къыздашэжырт.

Мысырыкъуэ къарууэ иIэр зэхилъхьэри зыдимыгъэIэпыкъуIауэ езыр шым къэшэсыжащ...

* * *

Тамбиипщым и Iэр псынщIэу кIыжырт, ауэ япэм хуэдэу фIыуэ ар къыдэбзыжыртэкъым. И Iэпщэм и къарур нэсу щигъуэтыжыным пэплъэу пщIантIэм здыдэсым, Мысырыкъуэ егупсыс хъуащ пIэщхьагъ ищIын зэрыхуейм. Абы и пщэ къыдэхуат къэбэрдеипщхэм я лъэпкъыщIэм лъабжьэ хуэхъуну. Мы Iуэхум хуабжьу хэлIыфIыхьырт Щоджэныкъуэр, ар пщы куэдым я унагъуэ хьэщIэу щепсыхырт, нысащIэ хъунур къилъыхъуэу. ИкIэм абы къыхихащ хъыджэбз дахэкIей: бгъэ задэрэ зэкIужу, щхьэпэлъагэрэ набдзэкъурашэу. Апхуэдэу щытын хуейт лъэпкъыщIэм я анэ хъунур. Къыхуагъэлъэгъуа уасэр ин дыдэт, ауэ

Жамбот и щытхъу псалъэхэм зи щхьэр ягъэунэза Тамбий IыI-мыI къыхимыгъэкIыу арэзы хъуащ. Шищэ, нэгъуеив тIощIрэ пщыкIутIрэ, Iэщэ лъапIэ, дыщэ ахъшэм къызэгуитхъ бохъшэ хьэлъэ иратащ нысащIэм и адэм. Мысырыкъуи икъукIэ арэзыт и гуащэмкIэ. Уеблэмэ зэрилъагъуххэу фIыуэ илъагъун, хъыджэбзым и гурыщIэри къигъэушын хулъэкIащ. БлэкIа илъэсхэм зэи зыхимыщIа, имыгъэва гуфIэгъуэр, япэ дыдэу зи гум щыз хъуа Мысырыкъуэ и Iэ уIэгъэм зэрыригузавэр нэхъ мащIэ хъуат...

И псэр зрихьэкIын и пщым кIэщIу и ужь иту Тузари къишащ.

Тамбийхэ я пщIантIэм гъащIэр мамыру, къэхъукъащIэ гуэри щымыIэу щекIуэкIырт. ГъэщIэгъуэныр зы закъуэт: апхуэдэ гъащIэ мамырыр дауэ хуэшэчрэ, зэшыныгъэм сыту еру имыщIрэ Мысырыкъуэр? ИкIи гъащIэр апхуэдэу екIуэкIащ махуэ гуэрым абы Щоджэныкъуэм лIы быртIым цIыкIу и блэгущIэм тхылъ щIэлъу, и бгым гъуаплъэ шэкъалъэ кIэрыщIауэ, езыр хуабжьу губжьарэ уафэм сабэр дрипхъейуэ, къыхуишэху. Апхуэдэу абы иIыгът а зэманым гъуэтыгъуейуэ щыта тхылъымпIэмрэ къаз къабзий къалэмрэ.

— Си ныбжьэгъу нэхъыжь, сэ си псалъэр згъэпэжащ,— жиIащ Жамбот.— Мис укъыщIэзгъэгугъа абызыр къыпхуэсшащ.

— СыбгъэгуфIащ, икъукIэ сыбгъэгуфIащ,— и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ Тамбий.— ЦIыху къыщIэбгъэгугъэ сыт хуэдэ Iуэхур апхуэдэу фIыуэ бгъэзэщIэфыну тхьэм жиIэ. Хэт хъуну мы еджагъэшхуэ губжьар?

— Уа, цIыхухэ! — зэуэ макъ псыгъуэ цIыкIукIэ къыхэкIиикIащ абызыр.— Сыт пщIондэ мыгъуэ фыхэтыну фэ мы кIыфIыгъэм? Дапщэщ фэ тхыбзэм и мыхьэнэ иныр къыщцывгурыIуэнур, фи щхьэр щIэныгъэм пIейтейуэ щыхуэвгъэщхъынур? Сыту сригъэша сэ щIэныгъэншэхэм я къызыфIэщIыжымрэ тхылъым абыхэм хуаIэ гущыкIымрэ. Сэ схуэдэу хьэрыпкIэ, тыркукIэ, урыскIэ тхэкIэ, еджэкIэ зыщIэхэм, КъурIэным блэнейрэ къеджам, абы папщIэ жэнэтым и хъугъуэфIыгъуэ псори зыхуэфащэм, дэнэкIи пщIэрэ щIыхьрэ къыщысхуащIын хуейт. Абы и пIэкIэ гъэрым, зи бзэр мыпсалъэ шыдым ещхьу, зы пщIантIэм сыкъыдадзым адрейм саху, дэнэкIи хамэ мыщIыгъэм и бжьыр си пщэм къыщытралъхьэ. Языныкъуэхэм си нэгум илъ гуауэр ягу щримыхькIэ...

— Куэдщ,— игъэувыIащ ар Жамбот икIи Мысырыкъуэм зыхуигъазэу щIигъужащ: — Мы гъэрыр къыумыгъэ-

увыIэмэ, пщэдджыжьым щыщIэдзауэ пщыхьэщхьэ пщIондэ пщIэунущ.

Мысырыкъуэ къыфIэIуэхуа хуэдэтэкъым абызым и тхьэусыхэ кIыхьыр.

— Уи нэкIукIэ,— зэпIэзэрыту зыхуигъэзащ абы гъащIэм и удынхэр куэду зытехуа щIэныгъэлIым,— уэ уадыги утыркуи хуэдэу щытщ. Ухэт уэ?

— Си зиусхьэн дотэм тэмэму гу лъитащ: си анэр шэрджэсу щытащ. Сэ тырку Iэта гуэрым и гаремым сыкъыщалъхуащ. Истамбыл сыкъыщыхъуащ, абы мыдрисэм сыщеджащ. Сэ Iуэху си пщэ дэлъу Кърым сагъэкIуауэ щытащ, зэгуэрым тэтэр пэщэм сыщIыгъуу Суджук-къалэ сежьат, арщхьэкIэ ди кхъухьыр борэным къаблэмкIэ ирихьэкIри шапсыгъхэм я деж дыкъыщыхидзыжащ. Кхъухьыр мывэм жьэхэуэри икъутат, пэщэр тенджызым итхьэлащ, сэрэ нэгъуэщI зыбжанэрэ шапсыгъхэм я гъэр дыхъуащ. Абыхэм сэ а жьаней * зэуэрейхэм, КъурIэныр зищIысымрэ ар зи мыхьэнэмрэ зымыщIэхэм, сращащ. ИтIанэ хакIуэкIэ, абы щыгъуэми хакIуэ дэгъуэмэ зыгуэртэкъэ, сахъуэжащ. Абы и ужькIэ аргуэру сащащ, сахъуэжащ, аргуэру сащащ, сахъуэжащ. Иджы сымис. Ауэ уи дежи куэдрэ сыщыгувэну?

— Иджы ущыгувэнщ,— жиIащ Тамбий.— Алыхьым жиIэмэ, къысхуалъхуну щIалэхэр уэ ебгъэджэнщ.

— Бегъымбарым и фIыщIэщ! Си гугъэмкIэ, Хьэлым тхьэмыщкIэр муслъымэн къабзэм и унагъуэ къихутащ!

— Тэмэмщ. Мы унэм уэ пщIэ къыщыпхуащIынщ. Уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжрэ гъынанэу упсэлъэныр къэбгъанэу щытмэ. Мис аращ сэ си унафэр, Хьэлым.

— Къэзгъэнэнщ,— и фIэщу жиIащ абызым, асыхьэтуи абы и нэгум щIэныгъэмрэ пагагъэмрэ я нэщэнэ гуэрхэр къридзащ.

Жэщым къэхьэщIэри пщэдджыжьым Жамбот ежьэжащ.

Мысырыкъуэ и хьэщIэщым Хьэлым ириджэри и пащхьэм рум щащIа жыр джанэр ирилъхьащ.

— Мы жырыр сщыгъащ сэ Мэчэм сыщыкIуам. Си лъэIукIэ щихъым абы мы тхыгъэр тридзащ, ауэ къикI гупсысэр къысхуиIуэтакъым. «Мы псалъэхэр фIыщ тептхэну, ауэ макъкIэ къыумыпсэлъыну» къызжиIащ. Ауэ сэ сыхуейщ абыхэм къарыкIыр сщIэну. Къеджэ.

Абыз еджагъэшхуэм жыр джанэм зыхуигъэщхъащ, и

---

* Жьаней — адыгэ лъэпкъыщ.

Іупэхэр пІэжьэжьащ. ИужькІэ Хьэлым гужьеяуэ и щхьэр къиІэтри и макъыр кІэзызу жиІащ:

— ЩыІэщ апхуэдэ щихъхэри... Си зиусхьэным зыгуэркІэ абы и жагъуэ ищІат?

— Сыт мыбы тетхар? Къеджэ.

— Сэри... сэри сыхуейтэкъым абы тет псалъэхэр макъкІэ жысІэну.

— Сэ сыппоплъэ.

Абызыр бжэмкІэ плъащ. ХьэщІэщым езы тІум фІэкІа нэгъуэщІ зыри щІэстэкъым. Абдежым Хьэлым хуэму хьэрыпыбзэкІэ къеджащ ислъамым и щыхьэрым щатха сатыритІым.

Лъыр Мысырыкъуэ и щхьэм дэуеящ. Ар бгъукІэ ещІэри зы меданкІэ ІэгукІэ и нэхэр ІуипІащ, итІанэ ижьым и Іэпхъуамбэ щІагъуэу къемыдэІуэжхэмкІэ къамэм и Іэпщэр иубыдащ.

— Ы-ы-ы, хьэІуцыдз тхьэгъэпцІ! — илъащ ар губжьыр къытекІуауэ.— Дауэ уи жьэ фІейм къекІуа, дауэ уи жьэм...

ХьэрыпыбзэкІи, тыркубзэкІи, урысыбзэкІи тхэф абызым и къурмакъейм къамэм и сапэ папцІэр тыншу хыхьащ. Ар КъурІэным блэнейрэ къеджати, сытым дежи зи жыг хадэр щхъуантІэ, псыІэрышэ къабзэхэр щызэблэж жэнэтым занщІэпсу кІуащ.

* * *

Тхьэр зэуа еджагъэшхуэм тхыгъэ кІапэм къриджыкІахэр зэрыпэжыр Мысырыкъуэ занщІэу и фІэщ хъуащ. Тамбий и нэгум а уахътым къыщІыхьэжащ щихъым и нэкІу зэлымпІыжа цІыкІур, нэпс къызыщІэж и нэ сэмэгур, гуфІэ нэпцІу хиша и Іупэ пІащІэхэр. Мис а нэжьгъырат къамэм и удыныр зыхуэфащэр. Сыт щыгъуи зэпІэзэрыт, нэмысыфІэ Мысырыкъуэ и псалъэ дыджхэр зыхуэгъэзари мис а щихъ тхьэгъэпцІырт. (Пэжщ, яукІын и пэ къихуэу Хьэлым а псор ищІауэ щытами, абы щхьэкІэ ар лІэкІэгъуафІэ хъуну щытагъэнкъым.

Пщыр зы мащІэкІи хущІегъуэжыртэкъым илэжьам. Ар хуейтэкъым Сэлэдин и жырым тетха «псалъэ магъухэр» зы цІыхуми къищІэну).

Мысыр пащтыхьхэм я щІэин лъапІэр Мысырыкъуэ къыздищтэри, шууэ псыщхьэмкІэ дригъэзеящ. Пщыхьэщхьэ нэмэз щІыгъуэм абы къигъэзэжащ, ауэ нэмэз имыщІу шэнт къуаншэм игъуалъхьэри и напІэ зэтримылъхьэу унащхьэ бгыкъухэм еплъу куэдрэ щылъащ. Апхуэдэу здэ-

щылъым, япэ щIыкIэ абы и Iэр, итIанэ и бгъэр хуабжьу узу хуежьащ.

Куэд дэмыкIыу пщIантIэм зэрыхьзэриишхуэ къыщыхъуащ: пщыр ерагъкIэ бэуэф къудейт. И фызми, Iуэхутхьэбзащ Iэхэми, гъунэгъухэми ялъэкI къагъэнакъым. ЩIопщакIуэ хуащIри нэху щыху ягъэжеякъым — къафэхэмрэ уэрэдхэмрэкIэ трагъэуащ, джыдэ тIыгукIэ вабдзэм еуащ, пхъэцIыч ягъэджащ, арщхьэкIэ а псоми зыри къикIакъым. Нэхущым Тамбий Мысырыкъуэ лIащ. И псэр хэкIын и пэ къихуэу ар пыгуфIыкIащ икIи ерагъкIэ зэхэпхыу жиIащ адыгэ псалъэжь цIэрыIуэр: «Емынэм къелар ныбажэм ихьыжащ...»

* * *

Ар зэрылIыкIар зыми къыхуэщIакъым. КъахуэщIакъым абы и жыр джанэ телъыджэу дыщэм къыхауIукIа аслъэн, дыщэ Iунэхэмрэ дыщэ быжхэмрэ зытетыр здэкIуари. Езы Мысырыкъуи ищIакъым зэтIолъхуэныкъуэу щIалэ дыгъитI лIыхъупхъэу къызэрыхуалъхунур.

## *Тхьэгурымагъуэм и псалъэ*

**ГъащIэ дахэ къагъэщIащ Мысырыкъуэрэ Тузаррэ. Абыхэм папщIэ КъурIэным и тIощIрэ еплIанэ сурэм и еханэ Iэятым ит псалъэхэмкIэ жысIэну сыхуейт: «АтIэ абыхэм щIыхэр езыхэм я нэгу щIагъэкIакъэ?»**

**Тхьэгурымагъуэм илъагъу псори фIэтелъыджэу, кIэлъыплъу, и нэгу щIэкIащ зи шыфэлIыфэ зэхуэмыдэ цIыху гъэщIэгъуэнхэр, удэзыхьэх къэхъукъащIэ инхэр, икIи дэтхэнэ цIыхуми къэхъукъащIэми дэ нэсу щхьэж хуэфэщэн хуэдиз увыпIэ лъысу фызэдгъэдэIуа хъыбарищым къыщытIуэтэфакъым.**

**Пэжыр жыпIэмэ, дызыхущIэплъа, дызыкIэщIэдэIухьа псом къыщытщIахэр мы напэкIуэцI цIыкIухэм ибгъэзэгъэфыным (а напэ цIыкIухэм ящыщ дэтхэнэри мушкетым пэщ хуэхъунукъым) ущыгугъыныр щхьэгъэпцIэжщ. Хэбгъэзыхьмэ, псэ зэпылъхьэпIэщ. ФщIэжыркъэ, къуаргъ джэдыкIэ къэзыкIэцIыну иужь ихьа жэнэтбзу цIыкIум къыщыщIар? НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ укъыщеплъми ар, жыпIэнурамэ, лейщ, узыхуэмей Iуэхущ. Хъунщ, иджыри лъыгъажэ зауэ зытIущым, хьэдэ зыбгъупщIым (икIэ къихуамэ), абыхэм нэмыщI зэщыхьэу зэрыхьэкъувыкъуам е тIэу-щэ лIыхъужьхэр мамыру гуапэу зэрызэдэуэршэрам,**

е Мысырыкъуэ жиІа уэрэдым ещхь зэпадзыжауи дгъэхъыбарыжынуи дощІ. Сыт абы къыджиІэнур? НтІэ, фэ дауэ къыфщыхъуа ди лІыхъужьым езым и хахуагъэр игъэлъапІэу, игъэбатэу, абы щыгъуэми щхьэщытхъущ къыхужаІэнкІэ мышынэу жиІа уэрэдыр? Зэрэ тІэурэ сигу къыпылъэдат Іуэхум сыхыхьэу абы и уэрэдыр щезгъэгъэтыну, ауэ зыри къикІакъым. Пэжыр жыпІэмэ, къэхъукъащІэхэр зэрекІуэкІым сыхэІэбэну, сызыхуейр лІыхъужьхэм езгъэщІэну сыкъыщытелъэдаи щыІэщ. Зэм сигу къыпылъадэрт Мысырыкъуэ и ІэштІым лъэщымкІэ Хьэзиз и нэжьгъым хэзгъэуэну, зэми тырку сулътІан Селим зэзгъэцІыхуну (абы и анэшхуэр адыгэу щытауэ жаІэж), языныкъуэкІи гушыІэ хьисэпу Берслъэн пцІапцІэм и выгур щхьэпрезгъэдзыну. Ауэ нэхъыщхьэрти, си гур къигъыкІырт — лъы куэдыІуэ ягъажэрт. Егъэлеяуэ куэдыІуэ. НтІэ, сыт пщІэнт, я нэгу зэрызрагъэужьын е къару мыкІуэщІыр зытрагъэкІуэдэн нэгъуэщІ Іуэху абыхэм яІэтэкъым. Псори зэрыщытым хуэдэу къэзмыгъэнэжу хъуакъым.

Мысырыкъуэ и хьэжыщІым къыпкърыкІа Іуэхугъуэ инхэм дэ иджыри дыІууэнщ. Япэу дыщыІууэнури Мысыр пащтыхьхэм къатехъукІыжа лІыр лІэуэ илъэс Іэджэ дэкІыжа нэужьщ.

А лъэхъэнэ кІыхьым къуршхэм щыткІунщ Іуащхьэмахуэ хуэдиз уэс.

ЛІэщІыгъуэ, аргуэру лІэщІыгъуэ ныкъуэ, аргуэрыжьу лІэщІыгъуэ плІанэ блэкІынщ. Магеллан дунейм и хъуреягъыр къикІухьащ. Рим щихъ Петр и соборыр щаухуэнщ. Нэр пІэпихыу гъэгъэнщ Леонардэ, Микеланджелэ, Рафаэль сымэ я гением и нэхум зэщІигъэпщІыпщІа Чинквечентэ и лІэщІыгъуэр. Дунейм зихъуэжынщ, Европэм и къэралхэм щІэныгъэр, искусствэр (дауи, армэри, арыншауэ хъунукъым!) япэкІэ ягъэкІуэтэнущ, ауэ Къэбэрдейр зэрыщытауэ къэнэжынущ тенджыз адрыщІ къикІ хъунщІакІуэхэм драгъэкІуэкІ зауэр зэщІэплъэмэ, сщІэркъым, армыхъумэ нэгъуэщІ зэхъуэкІыныгъэшхуэ щымыІэу. Ищхъэрэ гъунэгъу инми фІыкІи зыпищІэни абы, ауэ а зэпыщІэныгъэхэр зэман кІыхькІэ зэпыужырт. Исусс Христос къыщалъхуам укъыдэбжэмэ, епщыкІуханэ лІэщІыгъуэм къэбэрдейхэр езыхэм яфІэфІу Россием гуохьэ, Идар Темырыкъуэ, шыщхьэмыгъазэу кърым хъанхэм езэуа мис а Темырыкъуэ, и пхъур Иуан пащтыхь шынагъуэм фызу ирагъашэ.

«Чыристан попхэр псыхуабэ адыгэхэм я деж кІуэрт, жорыр къррагъэщтэну», ауэ абыи къикІа щыІэкъым. Ислъамым и къарур куэдкІэ нэхъ лъэщу къыщІэкІащ.

Урыс пащтыхьхэми нэхъыбэм «шэрджэсхэр» я Iуэхутэкъым. МодэкIэ Къэзан хъаныгъуэр, мыдэкIэ Астрахань хъаныгъуэр, хъанхэм япыщIа Iуэху мыщхьэмыпэхэр, къухьэпIэмкIэ полякхэр къыщофыщIэ, дмитрийнэпцIхэр я бэракъыу, жэщым и къэралыгъуэхэм я пащтыхьхэр адакъэ зэуэрейм хуэдэу къыттоуэ, унэм жыпIэнущи, мэкъумэшыщIэ зауэхэр увыIэркъым.

Дунейм къыгурыIуэу хуежьат щIыр зэрыхъурейр, зэрыджэрэзыр, дыгъэм и хъуреягъыр къызэрикIухьри. Пэжу, щIым и тепщэхэм Iэджэ хуейщ къагурыIуэным зы Iуэху къызэрыгуэкI дыдэ: щIыхь къызэрахьыр Iэщэ шынагъуэхэм я къугъ макъыркъым, зэрыпхъуакIуэ зауэхэркъым, къалэ ягъэсхэм ядз нэхуркъым. Дунейм и тепщэхэр Iэджэуи къигъэгубжьынт абыхэм зэрахьа лъыкIпсыкI Iуэхугъуэхэм къэкIуэну щIэблэхэр зэрыримыгушхуэнур, ауэ щыхъукIи щыпсэу зэманым щIыхь лей зыхуащIу щымыта цIыхухэм къызэранэкIа Iуэхугъуэ инхэм пщIэшхуэ зэрагъуэтынур яжепIамэ.

Псалъэм папщIэ, Стартфод къалэм щыщ инджылыз тхакIуэм, лъэпкъ цIэрыIуэ къыхэмыкIа е хуэкъулейуэ мыпсэуа, ауэ езым къигупсыса пащтыхьхэм, пащтыхьыгъуэхэм, джыназхэм, уеблэмэ абыхэм я Iуэхутхьэбзащ Iэхэм я гъащIэр къезытхэкIа цIыхум хуэдэхэм.

Е испан тутнакъэщым ису Iэхъулъэхъу илъу шууей хъыжьэ Дон-Кихот игъэлъапIэу тхылъымпIэ Iэмбатэхэр зытхам хуэдэхэм.

Е уафэм ит вагъуэхэр зэпиплъыхьын, абыхэм къызэракIухь лъагъуэхэр иритхъэн фIэкIа мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI Iуэху зымыгъуэта поляк нэкIу кIыхьым хуэдэхэм.

ЛIэщIыгъуэ, аргуэру лIэщIыгъуэ някъуэ, аргуэрыжьу лIэщIыгъуэ плIанэ... Дунейр зэрыщытт Къэбэрдейм дежкIэ, уеблэмэ щIыри нэхъ хъурей хъуатэкъым. ИкIи кIэрахъуэртэкъым. НэгъуэщI IуэхуфIхэмкIэ сэбэпышхуэ хъуну щыта а ерыщыгъэр яхэлъу адыгэпщхэр зэрыгъузэрыш зэпытт.

# IЫХЬЭ НЭХЪЫЩХЬЭ

*ПсэхэлIэ здэщыIэм къуаргъыр зэрыщыхуарзэм,*
*мылъку здэщыIэм уэркъыр зэрыщызеуэм щыхьэт техъуэ.*
*ЕПЛIАНЭ ХЪЫБАР*

Сыту Iейуэ сыбгъэшына зи щIапIэр нэщI хъун, блэ! Уи кIэм сытеувэным тIэкIущ иIэжар. Хъуакъым гъуэм узэрипщхьэжар, хьэбыршыбыр, армырамэ, си башыр хьэзырт, бетэмал! Иджы Iэдышэм лIыжьым укъыщыдыхьэшх хъунщ. Дыхьэшх, дыхьэшх, хьэбыршыбыр. И гъуэм ихьэжамэ, блэр дэнэ къэна, дзыгъуэри бланэщ. Мыдэ сеплъынкъэ а уи гъуэр куурэ чэнжрэ...

Iэдышэм псоми пщIэ зыхуащI, ауэ къулейсыз дыдэу зи гъащIэр зыхь лIыжьщ, и щхьэ хуэпсэлъэжын е Балъкъ псыщхьэм зыщызыукъуэдия хъупIэ удз Iувхэм щигъэхъу шыхэм (ахэр лIакъуэлIэш Тузарым ейщ), ядэуэршэрын нэхъ фIэфI мы дунейм тетакъым. Шыхэм Iэдышэм и псалъэм дагъуэ къыщыхуащI, абы и псалъэхэм мытэмэм, зэхьэкIа гуэр къыщыхагъуэта, и псалъэр къыщызэпауда е къыщыпэпсэлъэжа зэи къэхъуакъым. Iэдышэм и псалъэр езы дыдэм щызэпиудыжари зэзэмызэххэщ. ЦIыхум уащыхэтым деж аракъым, упсэлъэн ипэ угупсысэн, утIысын ипэ зыпплъыхьын хуейщ.

Пшахъуэрэ мывэу зэхэлъ щыхупIэм деж иIэ блэгъуэр хьэмкIутIей баш быдэмкIэ къыздитIэщIым, шыхъуэ лIыжьым блэм бзаджэу жримыIэ щыIэтэкъым:

— Мыдэ сынэсынщ сэ уи дей, блэжь гъуамэ! Мэзытхьэрэ Шумуцрэ сэ шыхъуэ тхьэмыщкIэм зыкъысщIамыгъакъуэу къэнэнкъым. Къызэуэным тIэкIущ иIэжар! Ари мы

бжьыхьэ махуэ дахэм! Гъэмахуэ псом къэхъуи къащIи щыIакъым, иджы шыхэр Тэрч, Тузархэ я лъахэм, хужын хуей щыхъум, гъуэм къопщ! Щхъухь къысхикIэрэ сигъэлIамэ-щэ? ИтIанэ Тэрчи, си лэжьапщIэ мэлитIми шыщIэми сыпыкIатэкъэ? — Башыр быдэ гуэрым жьэхэуэри гъущI макъ зу кIэщI къэIуащ.— Ей, блэ гуащэ! ГъущI унэм ущымыпсэууэ пIэрэ уэ езыр? — Iэдышэм и башыр нэхъ псынщIэжу игъэлэжьащ икIи пшахъуэ хъынц ин зэуэ къытридзащ: — Мыр сыт? СыткIи тхьэ сIуэнщ гъущI унэ иIэу. Мэзытхьэ и дыщэ кхъуэцымкIэ соIуэ, и щIыIум телъ фэр щакIэ, абы и лъабжьэм жыр дыдэ щIэлъкIэ. Ей, мыр жыр джани! — Iэдышэм пхъуэщ, джанэм и кIапэр иубыдри къыдрихьеящ.

ЛъакъуэкIэ мыхъуу, Iэпкълъэпкъым нэхъ къалэн цIыкIу щызымыгъэзащIэ и Iыхьэ гуэркIэ блэм и кIэр пипIытIыкIынкIэ зэрыхъунур щыгъупщэжауэ, шыхъуэр етIысэхри жыр щIыIум телъ фэ щамрэ пшахъуэмрэ тригъэкъэбзыкIащ. Ауэ блэри кIуэдыжат и теплъи Iэуэлъауи щымыIэжу. Жыр джанэр щызэригъэдзэкIым дыщэ аслъэным къытелыдыкIыу Iэдышэм и нэм пщэдджыжь дыгъэр къыщIэпсащ. Зыгуэр жиIэну и жьэр иущIат, ауэ щыщIидзар зыхуей псалъэхэр и щхьэм къихьа нэужьщ:

— Плъэгъуа блэ гуащэ! Хьэуэ, фэ хьэпщхупщ бзаджэнаджэм фи лъэпкъыркъым жыр псыхьыжар щIащIар. Iэджэ и уасэу къыщIэкIыни мыр! Си Iуэхущ Къэралбий къызитыну шыщIэр иджы алъп лъэпкъыу къысхухимыхмэ, мэлхэри нэхъыфI защIэу къыхибжыкIынщ. Хэбгъэзыхьмэ, зы щынэ къыщIигъужынкIи хъунщ...

ЛIыжьым езым и къыщхьэщыжакIуэ Мэзытхьэм къригъэуэлIа насыпым щхьэкIэ фIыщIэ хуищIщ, къэхъужыкъуэIамэ жыхуиIэу Амыщ и цIэр къыхигъэщри жыр джанэр и Iэпкълъэпкъ гъурым щиIуащ.

— Ей, дыщэ Iэщэщ иджы сызыхуэныкъуэр. ИтIанэ жыр пыIэ. Мы гуэншэрыкъ гъурым я пIэкIэ лъахъстэн шырыкъу щабэ хъурыфэ лъей щIыгъужу сщыгъами зэрантэкъым.

Iэдышэм пIащIэу кIуэжащ и шыхъуэгъухэм я деж. Абыхэми ягъэщIагъуэу жыр джанэр зэпаплъыхьащ икIи шыхъуэ лIыжьым иджыпсту ежьи Тузархэ кIуэ къыжраIащ, уэрыншэуи дэ шым дакIэлъыплъыфынщ.

КъэгуфIа лIыжьым псынщIэу и шы-уанэ зэщIилъхьащ икIи пIащIэу зекIуэу емыса и пщIэгъуалэм елъэдэкъауэу псыпэр здэкIуэмкIэ, къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ, иунэтIащ. Махуэр ибг щиувам ар нэсат Балъкъ, Бахъсэн, Шэджэм, Шэрэдж, Тэрч тIуащIэхэр а зэманым зэщIэзыщтауэ

щыта мэз инхэм. Псыхэр псышхуэу уэрт, уеблэмэ зи цIэ итIуахэм нэмыщI, Къулъкъужын цIыкIу дыдэм дэнэ дежи шур щикIыфыну щытакъым, псытепхъэ къимылъыхъуэу. Ар зи фIыщIэри бжей мэзыжьхэм псыр яхъумэрти аращ...

Уэлбанэ иным и ужькIэ Бахъсэн и псытепхъапIэхэри япэм нэхърэ нэхъ кууэ къыщIэкIащ: нэхъапэм псыр шым и бгъэм къыфIэмыкIыу зэпрыкIыу щытамэ, нобэ Iэдышэм уанэм къиху пэтащ, шыр мывэ цIанлъэм игъэлъэпэрапэри.

— Арат иджы сыкъызыхуэтыр,— и щхьэ хуэпсэлъэжащ Iэдышэм, псым зэпрыкIа иужь,— мы жырыр упщIыхэлъу псым ущIигъэмбрыуэмэ, Мэзытхьэ и дыщэ кхъуэцыр согъэпцI, укъыдридзеижым.

Пшапэзэхэуэгъуэр къызэрыблэгъам гу щылъитэм, лIыжьыр егупсысащ нэху къыщекIын зэригъэпэщын зэрыхуейм. Псы Iуфэм Iулъыну щытриубыдэм, жыжьэу къуажэ гуэрым и нэхухэр къэцIууащ.

— Бабыгуейщ,— щыуагъэншэу къищIащ Iэдышэм,— Бабыгу Хьэгъур и цIыхухэм я деж бысым къыщыслъыхъуэнщ.

Куэд имыкIуауэ къуажэм пшынэ, Iэгуауэ, гуфIэгъуэ зэрыхьзэрий макъ къыдэIукIыу зэхихащ.

— Ей-ехь, си гугъэмкIэ мыбы хьэгъуэлIыгъуэ гуэр е къебжэкI щыIэм. Хьэмэрэ езы Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ дыдэр и уэркъ-дыжьыныгъуэм и деж щыхьэщIэу пIэрэ? Хьэгъур дежкIэ ар пщIэшхуэщ. Хьэуэ, нысашэ щыIэу къыщIэкIынщ. А-а, сыт джэш бдзыкIэ? Къэпым илъыр къэпщIэнумэ, къэпыщхьэр тIэтэн хуейщ...— Iэдышэм и шым елъэдэкъэуащ.

Псэущхьэ губзыгъэми шыудз цIынэм и мэр къыщIихьарэ гъэпсэхупIэр зэрыблагъэр зыхищIауэ нэхъ лъэхъу зищIат.

* * *

Бабыгухэ я пщIантIэшхуэм мафIэ зыбжанэ щыблэрт, гъуаплъэ лэгъупхэр лъахъшым къыфIахыжати, шкIэл гъэвам бахъэр къыщхьэщихырт, пIастэ яубам, мэл лэпскIэ зэхэщIа бжьыныху шыпсым я мэр пэр игъэджылу къыпщIихьэрт. Лы пщтырыр Iэнэ лъакъуищым зэрытралъхьэххэу, щIалэ жанхэм ахэр жэрыжэкIэ зи щхьэгъубжэхэр нэхуу блэ хьэщIэщым яхьырт. Жьэгум пэрыс мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIхэми загъэтхъэжырт — абыхэм ялъысат яхурикъун лыхэкI: ныбапхъэ, лъэсыгъуэ жыпIэми, уеблэмэ дзажэналъэ пшэр нэгъунэ. Езыхэм я мэл яукIа пэтми, ахэм я гуапэт Iыхьэ нэхъыфIхэр Хьэгъур и хьэщIэхэм хуа-

гъэвэну, хуагъэжьэну. Мы нобэми пщэдей лъхукъуэлIхэм я Iэгу сэмэгур шхэнщ — Бабыгу и къуэм хъушэшхуэ къихурэ зекIуэ къикIыжмэ (ауэ зэкIэ къыIэрыхьа щIыкIэкъым) дэтхэнэми жумарту тыгъэ хуищIынущ жьагъэ. ИджыпстукIэ жьэгу мафIэм пэрыс, лэпс пщтыр уефэу, ныбжьэгъухэм я хъыбар уедаIуэрэ уэри зэбгъэдэIуэфу.

Хьэгъур и цIыхухэм гу лъатащ жыр джанэ зыщыгъ лIыр шым щепсыхым. Зыгуэрым IумпIэр иубыдри шыр пхъэлъантхъуэм ирипхащ, мафIэм пэрысхэри къыщылъэтри жаIэнури ящIэнури ямыщIэу я пIэм ижыхьащ: хэту пIэрэ къепсыхар? Езыр къызэрыгуэкI цIыху хуэдэщ, и жыр джанэр пщы фащэщ.

Iэдышэм и пащIэ щIэгуфIыкIащ:

— СлIожь, сэри фэ фхуэдэу сызэрыIэхъуэшыхъуэр къыфхуэмыщIауэ ара? Мы мэз джэд фащэр,— ар зи щIыIум мафIэ бзийм и нурыр щыджэгу жыр джанэм теуIуащ,— зезыхьэнур сэракъым, атIэ си лIакъуэлIэш Тузар и къуэ Къэралбийщ. НтIэ, хабзэ къутэ дыхъункъым,— Iэдышэм зы лъэбакъуэкIэ кIуатэри уардэу фIэхъус итащ:

— Гуп махуэ апщий!
— Уэ упсэу апщий!
— Къыдыхьэ ди жьэгу пащхьэ.
— Ди хьэтыр къэлъагъуи къытхуэхьэщIэ.

Нэхъыжьым, зэрагъэхь щымыIэу Iэдышэм и ныбжьыным, шыхъуэм къыIэщIигъэуващ махъсымэ зэрыт пхъэ фалъэр. Iэдышэм Iэбэщ, къыIихри ткIуэпс къримынэу ирифащ. Гупым я нэхъыщIэм фалъэм из къищIыжри Iэдышэм бжьэр къезытам хуишиижащ, мащIэу и щхьэр хуигъэщхъри. Иджы утIысми хъунут. Лы гъэва, пIастэ, тхъурыжь зытелъ пхъэбгъу кIапэр хьэщIэм гъунэгъуу къыбгъэдагъэкIуэтащ.

Iэдышэм мыпIащIэу шхэрт, ефэрт, Iэнэм къыдыщысхэр зэуэ щым хъуауэ абы щыгъ жыр джанэр щэхуу зэрызэпаплъыхьым гу лъимытэу. ИтIанэ нэхъыжьым зыкъищIэжри хьэщIэм еупщIащ и узыншагъэкIэ, дауэрэ гъуэгу тета, и унагъуэр сыт хуэдэ... Iэдышэм и Iуэху зыхуэдэмкIэ Псатхьэ фIыщIэ хуищIри езыри ящIэупщIащ. Абы и цIэр, къыздикIымрэ здэкIуэжымрэ яжриIащ. Гупым я нэхъыжь БытIэ ар кърихъэдэIуащ я уэркъым илъэс пщыкIух зи ныбжь и къуэр и унагъуэ къызэрихьэжам мы уетыр зэрырищIылIар. ЩIалэ цIыкIур илъэситхум иту зрата уэркъщауэм ипIащ, иджы мис атэлыкъым и къаныр адэм деж къишэжащ. Хабзэм тету къишэжащ: щIалэр къызыхуэт щымыIэу Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэдащ, шыфIи тесщ. Абы

папщIэ Бабыгум гъэсакIуэм фIыщIэ хуещI, егъэхьэщIэ. БытIэ и псалъэр пичауэ мащIэрэ щытри пищэжащ:

— Иджы ди Iэгу сэмэгур машхэ: хабзэм ипкъ иткIэ, атэлыкъым Iэщ иратын хуейщ — жэм, вы, мэл, шы пщIырыпщI нэхъ мащIэкIи зэфIэкIыну къыщIэкIынкъым — хэт дэ лъхукъуэлIхэм мыхъумэ а мылъкур зэхэзыдзэнур? Нэгъуэщ мыхъуми Ауш Джэр и гупэр ди уэркъым къыхуигъэзамэ аратэкъэ, ди гъунэгъу къулейхэм я деж зекIуэкIуэмэ, хъушэшхуэ къахун хуэдэу...

— Хьэуэ, БытIэ,— идакъым бабыгуейхэм ящыщ зым,— иджы алыхьым нэхъ тхьэ лъэщ щымыIэу жаIэ.

— ПэжынкIи хъунщ,— занщIэу арэзы хъуащ БытIэ.— Ауэ тхьэ псоми пщIэ яхуэщIамэ нэхъыфIщ зыр хэпIэтыкIрэ адрейхэр дэбдзэж нэхърэ. Абыхэм я жагъуэ мыхъун уи гугъэрэ. Дауэ уэрэдым зэрыхэтыр:

Лъэпщ абы и сэшхуэ Iэпщэр иIыгъамэ,
Ауш-Джэр сапэр игъэбзащ.

— Уа, цIыху угъурлы! — къеIущэщащ Iэдышэм макъ хьилэшы гуэр.— Мы унагъуэм и бысымыр хьэщIэщым и бжэщхьэIум ухуебэкъуэну къолъэIу.

Чэфыр къызыпкърыхьэу хуежьа Iэдышэм къэтэджри зи бжэр зэIудза хьэщIэщымкIэ иунэтIащ. «Сыту пIэрэ зиусхьэныр сэ факъырэм къысхуей щIэхъуар? — егупсысащ шыхъуэр.— А-а, къэсщIащ. Жыр джанэрщ». Мэкъумэшыщ Iэ лIыжьыр бжэщхьэIум ебэкъуащ икIи гуп махуэ фIэхъусыр ярихащ, жьэгу мафIэшхуэм пэрыс бысымми абы и хьэщIэ нэхъыщхьэми — Хьэгъур и къуэм и атэлыкъым,— хьэщIэщым щIэс адрей псоми я нэр Iэдышэм къытраубыдащ. Пэш кIуэцIыр щым хъуащ, шыкIэ пшынэри теукъуэдия шыкIэ нэхъ псыгъуэ дыдэм деж щызури увыIащ.

— Гъунэгъуу къыдыхьэ, нэхъ гъунэ...— Бабыгум и макъыр, езыми фIэгъэщIэгъуэну и бгъэм тенаIам ещхьу дэгут, пIейтейт. Ауэ сыт хуэдизу мыпIейтейми, абы щыгъупщакъым фадэ ивгъахъуэ къикIыу и Iэр ищIын.— Къыдыхьэ, лъэбакъуэу ичым хуэдиз дуней фIыгъуэу зэхъулIэн,— абы фалъэр Iэдышэм хуишиящ.

КъыхуащIа пщIэм мыдрейр Iэнкун ищIат, арщхьэкIэ закъригъэщIакъым. Тхъурымбейр зыщхьэщыт фадэр икъукIэ гуащIэт, къепкIэу зрагъэхъуа фалъэм куэд ихуэрт, ауэ Iэдышэм ткIуэпс къримынэу ирифащ икIи къврагъэхъуэжа нэужь, бжьэр бысымым иритыжащ.

— ТIыс. ТIыс иджы, гъуэгурыкIуэ мыцIыху.— Бабыгум

и макъыр и пIэ итIысхьэжат — къабзэт, уардэт. Зэрытемыпыlэр къыхэщу абы лIыжьым шэнт лъахъшэ цIыкIур хуигъэкIуэтащ.

Iэдышэм къэптал Iэщхьэмкlэ и пащIэ тхъуахэр ирилъэщIэкIыурэ егупсысащ: «Сщыгъ жыр джанэм тIысыну къыжраIэ. АтIэ сэри сымытIысу хъунукъым».

— Мы унэр ди тхьэхэм къахъумэну сохъуахъуэ,— жиIащ абы игукIэ.

Бабыгум къыфIэщIащ къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэм пщIэ егъэлея хуищIыIуауэ, хьэщIэм хуэдэу дахэу епсалъэу зэрыбгъэдэсын къаруи тэмакъи абы иIэжтэкъым.

— Дэнэ къикIа мы пщыIуа морэ маисэр? Сыт мы жырым епщIэну уэ уи мурадыр? Ухэт уэ?

— Сэ си цIэр Iэдышэмщ. ПщылIыпIэм IуагъэкIа мэкъумэшыщIэ сыщхьэхуитщ. Тэрч и ижьырабгъум илъ Тузархэ я щIым сыщопсэу. Жырыр лъэпкъым я нэхъыжь Тузар Къэралбий хузошэ. Ар сэ си лIакъуэлIэшщ.

— Дэнэ къыздипхар? — Бабыгу и макъым зригъэIэтащ.— Тузарыр зищIысымрэ щыпсэумрэ уэрыншэми дощIэ,— Хьэгъур апхуэдизкIэ къэгубжьати, и жьэ Iушэ цIыкIумрэ бзаджагъэр къызыщIих нэ дыджымрэ щIыгъужу и нэкIу хъуреишхуэр дэпу къызэщIэнащ.

— БжесIэнщ. Уи мыгугъэ, си бысым жумарт, сыбзыщIын, хьэмэрэ зыщIэзгъэпщкIун щхьэусыгъуэ сиIэу. Жырыр щIым щIэлъащ. Илъэс куэдкIэ. Абы къешэкIауэ щыта фэр фыщ, щыри сабэу лъэлъэжащ. Здэщылъар Балъкъ хъупIэм и гъунэм дежщ. А щIыпIэр Шумуц къигъэкIуа блэм сигъэлъэгъуащ. Сэ сришажьэри ар езыр гъуэм ипщхьэжащ. Сэри абы и ужь иту сыкIуат, арщхьэкIэ гъуащхьэр апхуэдизкIэ зэвти башкIэ къэстIын хуей хъуащ. Блэр щIы къатиблкIэ ехыжри мы джанэ телъыджэр къысхудригъэхьеящ. Езы Лъэпщ дыдэм и Iэдакъэ къыщIэкIагъэнщ,— гурыIуэгъуэтэкъым и жьакIэ тхъуа цIырхъым и фIэщыпэу Iэ дилъэурэ лIыжьым жиIэхэр: гушыIэрэ хьэмэрэ кърихгъэкIуэкI псори езы дыдэми и фIэщ хъужрэ? — Уей, дуней, сыту инышэт а блэр.— ВыкIибл хуэдиз хъунт...— Iэдышэм кIуэ пэтми чэф хьэлъэ хъурт, ауэ и нэхэр ужьыхыртэкъым, атIэ ерыщу нэщхъыфIэу къилыдыкIырт.

— Ефэ, лIыжь, ефэ иджыри,— жиIащ Бабыгум.— УмукIытэ. Мис лы гъэжьа IыхьэфIи. Дзажэ дакъэщ.

Хьэгъур атэлыкъым дежкIэ зигъазэри еупщIащ:

— Дауэ уеплърэ уэ мы Iуэхум, Идар? — Хьэгъур и нэгум къищыртэкъым абы и гум дыхьэну жэуапыр къозыгъэщIэн нэщэнэ гуэри. Ауэ илъэс щэ ныкъуэ зи ныбжь

Идар и узыншагъэм темыгузэвыхь къудейтэкъым, акъыл щагуэшми зи Iыхьэ зылъыса лIыт. Арыншами абы шэчыншэу ищIэрт Бабыгур зыпэплъэ жэуапыр зыхуэдэр. Пэжу, Идар фитIнагъ лъэпкъ хэлътэкъым, арат и напэр къабзэу мы Iуэхуми къызэрыхэкIынум ар игукIэ щIригуфIэр. Жыр джанэм зэрыIуплъэххэу абы игу къэкIыжар, иджыпсту иIуэтэжыну къигупсысыж хъыбарыр, уэркъ щхьэкъэбым игу ирихьын хуейт.

— ГъукIэхэм я тхьэ Лъэпщ мы Iуэхум къыщIыхыупщэн щхьэусыгъуэ слъагъуркъым сэ,— кърагъэжьащ мыпIащIэу Идар.— Си адэшхуэм жиIэжу зэхэсхыгъащ сэ аслъэныщхьэ, дыщэ Iунэ зэта жыр джанэм теухуа хъыбар. Ауэ сигу къэкIынтэкъым мы хьэпшып дахащэр сэ зэгуэр мы си нитIым ялъагъуну. Жырыр Андолэ лъэныкъуэмкIэ Тамбийхэ я нэхъыжь гуэрым къришыгъащ. Уо-о, куэд щIащ абы лъандэрэ. Абы щыгъуэм щIым техуа мышхумпIэр IэплIакIуищым имыхуэ жыгей абрагъуэ хъуащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, джанэр жыр телъыджэлажьэщ къызыхэщIыкIари абы фочри, шабзэри, джатэм я нэхъ папцIэри пэлъэщыркъым. Пасэ зэманыжьым ар зэрихьащ...

— Ар зэрахьащ,— Iэпихащ абы и псалъэр Бабыгум.— Мысыр пащтыхьхэм. Сэри сощIэ а хъыбарыр. Ауэ сызэрыIуплъэу сыту къэзмыцIыхуарэ мыр, а жыр джанэр зэрыарар.

Iэдышэм, чэф хьэлъэми, абы жаIэхэм арэзы техъуэу и щхьэр ищIащ, а дакъикъэми Хьэгъур и нэ губжьахэр шыхъуэ лIыжьым хуэзэри ар зэрыIуримыхар щилъагъум, уэркъым и напщIэр нэхъри зэхигъэуащ.

— IурыфкIэ мыбы иджыри мэрэмэжьей!

И щIалэм и атэлыкъым дежкIэ зигъэзэжри Бабыгум и псалъэм пищащ:

— Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэпщым жиIэу сэ зэхэсхыгъащ абы и адэм и адэм и адэм и адэжым... сытми и лIакъуэ жыжьэ гуэр Тамбийхэ я ныбжьэгъуауэ икIи жыр джанэр тыгъэ къыхуащIыну щыгугъа хуэдэу... Ауэ Тамбийр зэуэзэпсэу лIэри ар кIуэдащ. Бзэхащ. Псыхъуэгуащэм псы щIагъым ирихьэхыу игъэпщкIуам ещхьу. Иджы, мис, къыкъуэкIыжащ. Алыджыкъуэпщым етыжын хуейщ.

— Тамбийхэ псалъэмакъ къамыIэтыну пIэрэ? — сакъыныгъэр фIэмыкIуэду щIэупщIащ Идар.— ЛъэпкъитI мэхъухэр, пэжщ, цIыху я куэдкъым, ауэ...

— Пщым еныкъуэкъунуи? Апхуэдэ пщы лъэщым зрапщытыфынуи? Хьэуэ. Апхуэдэ джанэр зезыхьэну хуитыр пщышхуэхэм я закъуэщ. Тамбийхэ пщыкъым, лIакъуэлIэш къабзэкIэ зэджэжуи щрет, дауэ мыхъуми, пщыкъым ахэр...

Абдежым Іэдышэм къызэщыуащ икІи и щхьэр къиІэтри:

— Сэ жыр джанэр Тузарым хузохь. Сэращ къэзыгъуэтар, сэращ хуэзыхьри...

— Къыщыфх мыбы жыр джанэр! — унафэ ищІащ Хьэгъур.

Іэдышэм зыкІи зихъунщІакъым. Абы и Іэпкълъэпкъ гъур цІыкІур щІэлІащ, псэ хэмытыжым ещхьу. Шыхъуэ лІыжьыр хьэщІэщым къыщІахащ.

— Сыт мыбы етщІэнур? — нэщхъыцэу щІэупщІащ уэркъыр.

— ФымыукІ закъуэ,— къитащ Идар жэуап.— Жеймэ, афэ джанэжь гуэр щыфкъуи, нэху щымэ, и шыжьым вгъэшэсыжи унэм Іэуэлъауэншэу футІыпщыж. Шыхъуэм и жьэ къекІуэнкъым мы джанэм и хъыбар Тузарым хуиІуэтэжыну.

— Уи губзыгъагъэр угъурлы тхухъуи Идару си псэм и щІасэ,— нэщхъыфІэ къэхъужащ Хьэгъур.

Уэркъым жыр джанэр къищтэри зэпиплъыхьу, игъэщІагъуэу куэдрэ иІыгъащ, итІанэ шэнт лъахъшэ цІыкІум тригъэувэжащ.

— Хьэуэ, Хьэгъур къысфІаща щхьэкІэ мыр сэри схуэхъунукъым,— жиІэри и ныбэ къежьам «цІомпІ» жиІэу ІэгукІэ еуащ.

ГуфІэгъуэ Іэнэ къэзыщта бысымым и гукъыдэжми псынщІэу зихъуэжащ. Армырми гупсысэ нэху лъагэхэм куэдрэ тІысыпІэ ямыщІ абы и щхьэ-къэбыр гурыщІэ нэщхъейхэм къызэгуачырт.

Щоджэныкъуэр къулейщ, ауэ мы дунеижьым къытумышын жыхуаІэм хуэдэу быдэщ икІи нэпсейщ. ИгукІэ, и псэкІэ игъэпэжу пщым зэрыбгъэдэтым къыпэкІуэу абы Хьэгъур къыхуищІа щыІэкъым. Лъы къызытелъэда нэхэмкІэ Хьэгъур хьэщІэщыр къиплъыхьащ: ятІэкІэ къиикІа блынхэр къэчащ, унащхьэ къетІысэхар кІэгъуасэм фІыцІэу зэщІиящ; алэрыбгъу хьисэпу блыным кІэрылъ упщІэ къуэлэным зи сампІэм фэ къызэрыгуэкІ тебза сэшхуитІ, зи дакъэр мыгъэщІэрэщІа адыгэ фоч фІэдзащ, шэнткъуаншэм алэрыбгъу техъукІыпа идзащ; жьэгу гъуанэм ит гъуаплъэ пхъэ хьэкъущыкъухэрщи, зэщхьу тІу хэтыжкъым, псори зэхэкъутащ, зэхэущэбащ. Мис аращ дыжьыныкъуэ жыхуаІэжри. Дэнэ къикІа дыщэ! Дыжьыну яІэри хьэзырхэм пылъымрэ къамэ Іэпщэм тебзамрэщ. Хьэгъур жыр джанэ бэлыхьыр Алыджыкъуэпщым саугъэт хуищІмэ, икІэм икІэжым, тІэкІу нэхъ жумарт къэхъункІэ хъуну пІэрэ? Іэщэ лъапІэ, фащэ, Іэщ къыхуигъэфэщэн? Къыхуигъэфэ-

щэнкIи хъунщ. И уэркъым къыхуищIа Iуэхутхьэбзэ иным хуэфащэ пщIэ ищIыпхъэкъэ? А псом нэмыщI езым и цIыхухэм щыщ къыщIигъуу, уэркъыр щхьэхуиту щIыпIэ жыжьэ къулейхэм зекIуэ иутIыпщ хъунт... Къыпхуэмылъытэн фIыгъуэ кърищэлIэнт итIанэ Бабыгу и къуэм... Зэ хуит къищIащэрэт. Армырмэ, и цIыхухэм я пщIантIэр нэщI хъуащ, мылъкуу ябгъэдэлъи щыIэкъым. ТIэкIу дэкIрэ абыхэм къахуэна мащIэри къаIихыжмэ, иужькIэ сытым епхъуэн? Хьэуэ, и чэзу дыдэм къыдэщхьэрыуащ Тузархэ я шыхъуэр Бабыгухэ я пщIантIэ. Нэху здэщым Хьэгъур джанэр пщым хуишэнщ. Хьэмэрэ мы Iэдышэм и гъуэгуанэр занщIэу хьэдрыхэкIэ унэтIамэ мынэхъыфIу пIэрэ? Дунейр зы лъапцIэрыщэкIэ нэхъ мащIэ хъукIэ уафэр къелъэлъэхынкъым. Хьэуэ, и гугъу мыщIамэ нэхъыфIщ. Лъы бгъажэмэ, и уасэр тыжын хуейщ — дэнэ Iэщ къыздрихынур IэщкIи узэфIэкIыркъым — ныбэ уз бзаджэм ихьу зи лъакъуэхэр зыукъуэдиижын Тузар Къэралбий унэIут пщащэрэ унэIут щIалэрэ къыпимыубыдым си Iуэхущ. Ари хэплъыхьауэ...

Хьэгъур игу къэкIыххэртэкъым мэзым къыщыпэтIысу щэхуу шыхъуэ лIыжьыр иукIыу и хьэдэр игъэпщкIужыну. Адыгэ хабзэтэкъым ягъэжа лъыр ягъэпщкIужу. ЦIыху пхъунщIи быукIи хъунущ, ауэ абы и уасэр птыжынущ — е уи мылъкукIэ е уилъкIэ. Хьэдэр бгъэпщкIужын, уи лъэужь щIэбуфэн жыхуэпIэр напэтех инщ, уи пыIэр псыунэ мащэм ихуауэ аращ. ЕпцIыжакIуэр, къэрабгъэр зыми зыбгъэдигъэхьэнукъым, гурэ псэкIэ зи блыгу щIэт дыдэри абы хэтыжу. ЦIыхубэм и гугъу пщIымэ, абы зы уэрэд пхуиусынущи, уи быным я быныжхэр пу нэлат къыуахыу хьэдрыхэ ныпкIэлъигъэбгэнщ.

— Ей, Хьэгъур, ей! — Идар абы и дамэм къытоIэбэ.— Уи щхьэр сыт къыщIыфIэхуар, ди дуней нэху?

Хьэгъур зыкъищIэжри и щхьэр къиIэтыжащ икIи мащIэу пыгуфIыкIыурэ, и нэгу зэIууар зэхихыжащ:

— КъыщIыфIэхуар мы ди пшынауэхэмрэ накъырапщэхэмрэ я пэ лъы ивэжауэ зэрыщысырщ! — абы бэлэбанэу хуэпа накъырапщэ лIищым, хьэщIэщ плIанэпэм дэсхэм, я дежкIэ зигъэзащ.— Ей, зэрымыщIэкIэ къалъхуахэ! Фи макъамэр зэпыфщIэт!

Пшынауэхэм ящыщ зыр и Iэгу пхъашэхэмкIэ бэрэбанэм еуащ, етIуанэм шыкIибл зытеша пхъэ пшынэм — пшынэбзэр дилъэфэхри игъэтхьэусыхащ, ещанэм пхъэ бжьамийм макъамэ кIий-гуо гуэр кърищу щIидзащ. Къэгубжьауэ Бабыгум и щхьэ хужиIэжащ и пшынауэхэри зэрыIэпэзадэр, абыхэм я Iэмэпсымэми фэ лъэпкъ зэратемытыр.

* * *

Іэдышэм къэушащ нэхущым, БытІэ лІыжь угъурлым, абы и тэхъуанэрт ар нэху къыщекІари, Іэнэм къытрилъхьащ пІастэ, мэлыл гъэва ІыхьитІ-щы (ар дыгъуасэрей хьэгъуэлІыгъуэм кърихат), шху фалъэ. Шыхъуэм шхэн щІидза къудейуэ, къыщатІэгъа жыр джанэ чэтхъам гу лъитащ икІи и тэмакъым тенащ жьэдилъхьа лы Іыхьэр: куэдрэ псчащ Тузархэ я шыхъуэ лІыжьыр. ИтІанэ нэпсыр уэфу зыщІэт и нэхэмкІэ БытІэ еплъащ къэхъуамкІэ еупщІ-рэ и бысымыр абыкІэ игъэкъуаншэу.

— Зэрыплъагъущи, сэ псэууэ уи пащхьэ ситщ. НтІэ, си унэркъым ущахъунщІар.

— СыкІуэнщ Бабыгум дей,— къызэфІэуващ шы-хъуэр.— Къыздэгушыlауэ арагъэнщ.

— Бабыгум гушыІэкІэ ищІэркъым,— нэщхъейуэ жи-Іащ БытІэ.— УмыкІуэ.

— А жырыр Тузарырщ зейр. Дэнэт си нэхэр здэплъар? Пасэрейм ауэ сытми жиІакъым: акъыл зимыІэм и нэм илъагъуркъым...

— Ей, Бабыгухэ я мэрэмэжьейр гуащІэщ.

— Дауэ къеІысхыжа хъуну жыр джанэр?

— Дауэ къызэреІыпхыжынур? Хьэгъур мурад ищІащ ар Алыджыкъуэпщым хуихьыну, уи къарум нэхърэ нэхъ иным зумыпщыт, Іэдышэм.

— Абы щыгъуэ Тузарым езым нэхърэ нэхъ къаруун-шэр къигъуэтынщ. СыкІуэжынщи псори жесІэжынщ. Дэнэ щыІэ си шыр?

— ТІэкІу къытхуэхьэщІэ иджыри. Дэнэ уздэпІащІэр?

— Хьэуэ, сепІэщІэкІын хуейщ,— къэтэджыжри бжэм-кІэ — игъэзащ.— Насыпрэ фІыгъуэрэ щремыщІэ уи унэр. Сежьэжынщ.

— Зэ умыпІащІэт, си хьэщІэ лъапІэ! Къэхъуар уи лІа-къуэлІэшым жумыІэмэ мынэхъыфІу пІэрэт? Выгур щхьэ-придзмэ, щІипІытІэнур уэращ.

— Тузархэ я выгур щхьэпридзынкъым.

— АтІэ, уи гъуэгур махуэ ухъу, уи унэ уихьэжыху уи шыр мылъэпэрэпэну, зы нали мыкъутэну, гъуэгум и кІэм лІым я нэхъ хахуэм, угъурлым хуэфащэ Іуэху махуэ къо-уэлІэну си тобэщ!

* * *

Тузархэ я жылэжьыр Тэрч и ижьырабгъу нэпкъ лъагэм тест. Кавказым ипс нэхъ инхэм ящыщ зыр мыбдежым псы-гуэш зыбжанэу зэбгрыжырт, абы къыхэкІыу Тэрч и псы-

тепхъэхэм шууейхэр гугъуехьыншэу икIыфырт. АдрыщIым и псы Iуфэ нашэ-къашэхэм къытехьэрэ жыпIэу къыщыкI мэзыжьым, бжьыхьэм и дыщафэр телъэдат. КъуэкIыпIэмкIэ, мэзым и гупэм, зы жыги щыкIыртэкъым, нэр здынэплъысыр мэкъупIэ бэгъуат. Тэрч адрыщI Къэбэрдейм е Къэбэрдей ЦIыкIум Кавказ къуршыжьхэм я жьэгъум щIэс Къэбэрдеишхуэм нэхърэ нэхъ мащIэт уэшхыу къыщешхыр. Ауэ къеш мащIэм дэбагъуэ хъупIэр бжьыхьэ кIасэ хъуху щхъуантIэт, Iувт. Iэщым удзыр къаIэрыхьэху яхурикъун мэкъуи паупщIыфырт. Мы щIыналъэм мэш бэгъуа къыщрахьэлIэрт.

И ныбжь емылъытауэ узыншэ, икIи жан, жьакIащхъуэ Тузар Къэралбий къигъэщIа гъащIэм гукъанэ щIыхуищIын щыIэтэкъым. Унагъуэр мылъкурэ Iэщэ-фащэ дахэрэ шыщIэртэкъым. И хъупIэхэм шищэ Iэджэ хъу хакIуапщIэхэр, мэл минкIэ къабж хъушэхэр щыхъуакIуэрт. Уеблэмэ, абы и мэкъумэшыщIэхэр нэхъ хуэщIауэ псэурт, адрейхэм елъытауэ. Унагъуэ къэси сабий куэд къралъхуэ. Ауэ, сыт езы Къэралбий и гуащэ нагъуэр пасэ дыдэу дунейм ехыжащ, зы щIалэ цIыкIу фIэкIа ямыгъуэтауэ. Тхьэм и шыкуркIэ, щIалэр иджы илъэс тIощIрэ тIум ебэкъуащ, и адэ хуэфащэщ жаIэу къохъу. Къанболэт шыгъажэхэм къыщыпэхъур мащIэщ, фочкIэ жыпIэми, шабзэкIэ жыпIэми хэт нэхъри нэхъ шэрыуэщ, вым я нэхъ пIащэр и бжьакъуэмрэ пэщхъынымрэ еубыдри тредзэф, и Iэпщэм апхуэдиз къару хэлъщи. Иджыпсту Къэралбий лIыжьым и хъуэпсапIэ нэхъ иныр и щIалэм хъун хуэдэ нысэ къыхуигъуэту и лъэгуажьэм къуэрылъху цIыкIухэр къыщытетIысхьэнурщ. Нэхъыбэхуи нэхъыфIщ. Тузар нэхъыжьым алыхьыр бынкIэ къыхуэмыупсами, нэхъыщIэм къеижынкъым.

Къэралбий хуэму пщIантIэм къыдэкIри псы IуфэмкIэ иунэтIащ. Къанболэт иджыпсту псыхъуэм щыIэщ, лIакъуэлIэш лIыжьым и щолэхъу пщIэгъуалэмрэ адэм шыщIэ цIыкIуу кърите хуарэ нэс хъуа езым иш и псэм химыхымрэ псафэ ишащ. ИкъукIэ къэгуващ щIалэр. Дыгъэр къухьащ, мис-мис пшапэр зэхэуэнущ. Къэралбий нашэкъашэу лъэгум ех лъагъуэ цIыкIумкIэ псыхъуэм дохьэ. Мес Къанболэти нэхъ псыкIэмкIэ щытщ. Хэт абы щIыгъури? Iэдышэм къехыжауэ ара? Сыт-тIэ щIизакъуэр? Дэнэ шыхъуэм щыгъ афэ джанэр къыздрихар?

И адэр щилъагъум, Къанболэт зыгуэрым зэригъэпIейтеяр бэяну абы дежкIэ псынщIэу къигъэзащ:

— Ди адэ! СолъэIу, едаIуэт мы Iэдышэм жиIэм! Абы хъыбар гъэщIэгъуэн къихьащ.

Къэралбий и напщIэ Iувхэр мыарэзыуэ зэхигъэуащ: егъэлеяуэ пхъашагъ къимыгъэлъагъуэу пIэрэ мы щIалэм?

Ауэ шыхъуэм и хъыбарым едэIуащ щыму, зэпимыуду икIи Тузар нэхъыщIэм нэхърэ нэхъ мащIэу къэлыбащ. Ар фIыуэ щыгъуазэт зи гугъу ящI жыр джанэм. Бабыгум нэхърэ куэдкIэ нэхъыфIу щыгъуазэт. А «хьэ гъурыр» къэзылъхуахэр аракъым мысыр пащтыхьхэм я щIэиныр зыбгъэдэлъа цIыхум щIыгъуу хамэщI жыжьэхэмрэ тенджыз куэдымрэ зэпызычар, атIэ езы Къэралбий и лIакъуэ жыжьэрщ. ИщIэрт Къэралбий а жыр джанэр зэгуэрым пащтыхьхэм я пащтыхьыж, КъуэкIыпIэм и Дыгъэ Сэлэдин, абы и пэжкIэ инджылызхэм я тепщэ Мелик-Рик, зи Iуэху дэмыкIыщам, ауэ цIыхугу мыхъуу аслъэныгу зыкIуэцIылъам, ейуэ зэрыщытар. Къэралбий апхуэдэу ищIэрт а жыр джанэр Мэчэм зэрыщыIар, абы хьэпэщыпхэ зэрыщащIам нэхъ лъапIэж зэрищIар.

— Хьэуэ, Бабыгухэ я мажусий фIейркъым жырыр зыхуэфащэр,— ткIийуэ жиIащ Къэралбий.— ЩIыхь ин зиIэ жырым ихъумэн хуейр муслъымэн къабзэм и бгъэрщ.

Къанболэт и щIыбагъ дэт шитIым я шхуэмылакIэр иIуэту пIащIэу пэплъэрт адэм унафэ щищIынум.

— Хьэгъур жырыр Алыджыкъуэпщым хуишэн и гугъэщ,— игу къэкIыжащ Iэдышэм,— пэжщ, пэжщ! Ар иджыри къэс сигу къызэрымыкIыжа!

— Iэгъу! — Тузарыр нэщхъейуэ и шыхъуэм и нэгу иплъащ.— Жьы ухъуащ, итIани хумрэ куэнсапIэмрэ пхузэхэхуркъым. Бабыгухэ я пщIантIэ удыхьэххэн хуеякъым уэ. Мэзым нэху укъыщекIыфыртэкъэ? — Iэдышэм щыму и щхьэр щIигуэри Iэдэбу жиIащ:

— Хэт и гугъэнт уэркъым и унагъуэм тхьэмыщкIэм и жагъуэ къыщащIыну, хьэмэрэ щахъунщIэну?

— УлIыжь бзаджэщ уэ,— пыгуфIыкIащ Къэралбий,— гъэщIэгъуэнщ уи бзэгум и кIыхьагъым нобэм къэс уи щхьэр зэрытемыкIуэдар. Ари хъунщ зыгуэр. Иджы псынщIэу Нартшурэ Шужьейрэ я деж нэс. Я шы-уанэ зыщIрелъхьи мыбдеж кърекIуэ. ЦIыхуитI-щы зыщIагъунуи яжеIэ. Жыр джанэр мыдэ къэгъанэ. Къанболэт ар ирипыжынщ Бабыгум.

Зи хьэлэлагърэ лIыгъэкIэ цIэрыIуэ лъхукъуэлIхэр къэсыху, Къэралбий, и къуэр зыбгъэдишэри, зы лIакъуэм адрейм хуиIуатэу я лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбарыжьыр жриIащ. ИкъукIэ и чэзууэ къыхихат лIыжьым зэманыр. Къанболэт хъыбарым едэIуащ зыгуэр дигъэхункIэ е зэрымыщIэкIэ псалъэ хьэулей къыжьэдэлъэтынкIэ шынэу. Зэм абы и нэкIущхьэр дыхьэрэну къызэщIэнэрт, зэми шэхум

хуэдэу фагъуэ хъурт. Пхъэгулъ фIыцIэ-щхъуантIафэм ещхь и нитIыр мыупIэрапIэу адэм еплъырт, и Iупэхэр мащIэу хэлъэтырт.

Къэралбий и псалъэр мыпхуэдэу иухащ:

— Иджы къыбгурыIуа жыр джанэ цIэрыIуэр Тузархэ нэхъ щIытхуэфащэр? Алыхьыр си щыхьэтщ — ди лъэпкъыр къызытехъукIам и лIыгъэр бащэщ! Ар зетхьэну Щоджэныкъуэхэ нэхърэ дэ ди хуитыныгъэр нэхъ инщ. Тамбийхэ хэзбжэххэркъым. А лIакъуэ хахуэм и динри пщым и нэмысри зэрахьэфакъым. ЛъэпкъитIри лIыгъэ Iуэху зэрамыхуэу мафIэм зрагъэури жьэгум дэсщ.

— Жыр джанэр къатесхыжыну ди адэм хуит сищIатэмэ...— укIытапэурэ кърigъэжьащ Къанболэт.

Тузар нэхъыщIэм и макъыр и гурыщIэ псори зэуэ къыбжезыIэ пщащэм ещхь и нэкIу нэхутхьэхум зыкIи хуэдэтэкъым — ар щIэх-щIэхыурэ хэгупсысыхь нэ пIащитIыр нэбжьыц къуацэ кIыхьым къаухъуреихьамэ, и пэр захуэпсрэ мыкIыхь-мыкIэщIмэ, и Iупэхэр хъыджэбз Iупэу къэпщамэ, жьэпкъыпэ хъурейр иупсамэ, махуищкIэ къэкIыж къудейрэ и дзыгъуэ пащIэ жьафэм мащIэу фIэкIыр жылэу щабэмэ, и макъыр гъумщ, пхъашэщ, и бгъэм къипсэлъыкIыу лъахъшэщ.

Къэралбий къыфIэмыIуэху щIыкIэу и къуэр аргуэру зэпиплъыхьащ: щIалэ къуданщ — плIабгъуэщ, бгъэ задэщ, бгы псыгъуэщ... Пэжу лъагэкъым, ауэ сыт хуэдэу Iэпкълъэпкъ жан, IэпсынщIэлъэпсынщIэ! Зы удын къытемыхуэ щIыкIэ удынитI езым идзынщ. Къанболэт шы хъуамэ, зыхуэдэ щымыIэ хуарэ бэлыхь къищIыкIынт, игу къэкIащ Къэралбий икIи и щхьэм къилъэдар фIэемыкIурэ дыхьэшхэну, ауэ икIи и гуапэу пыгуфIыкIащ. А зэрыпыгуфIыкIым хуэдэуи къуэм жриIащ:

— «Хьэ гъур» фIащами мыщэм хуэдэу пшэр а уэркъым и кIэ къесхуэкIыну сигу къэкIыххакъым, си щIалэ. Жыр джанэр зыщыгъынур уэращ, уэрщ зыIэрызыгъэхьэн хуейри. СэркIэ ар кIасэщ. Ауэ мы зыр уигу иубыдэ: жыр цIэрыIуэр уи плIэ щиплъхьэнур нысэ щызгъуэта жэщым и етIуанэ махуэрщ.

Къанболэт и щхьэр ищIащ, дэпым хуэдэу плъыжьу къызэщIэнауэ.

— Мыбыи къедаIуэ. Хьэгъурыр Iэмал имыIэу Щоджэныкъуэм деж кIуэуэ гъуэгу здытетым къэубыдын хуейщ. Ар фIэщIэкIрэ пщым деж нэсмэ, жыр джанэм упыкIащ. Сыт Iэщэу пIыгъ? Ыхьы-ы, урикъунщ абы.

Унэм жыжьэу IумыкIа, зэман кIыхькIэ къэмытын пэтми, щIалэм и Iэщэ-фащэр къыздищтат: и бгым сэшхуэрэ

къамэрэ ищIащ, пыIэ лъабжьэм жыр пщэдэлъ, хъар къызэлэлэх жыр шейщIэт цIыкIу, щIэлъщ, шым уанэ телъщ, абы кIэрыщIащ фочыфI — ерыжыбыр.

НэпкъымкIэ шы лъэ макъ къыщыIуащ, куэд мыщIэу абыхэм къабгъэдыхьащ шууиплI. Япэ ит шы гъумыщIэм тесри илъэс тIощIрэ пщIырэ нэхъыбэ иумытми, Iэпкълъэпкъ абрагъуэт, пщэ гъумрэ щхьэ гъумт. И нэгум иплъагъуэ псори пIащэт: и пэри, пащIэри, и нитIым къыщIэщ Iупэ Iувхри, зэпэщIэха нэшхутIымрэ абыхэм къуацэу къыщхьэщыт набдзэхэри, кIэщIу щIэща жьакIэ фIыцIэ зытет жьэпкъыпэри. Абы зыкIи екIуртэкъым лIы ахъырзэманым и цIэр — Шужьей — «шу цIыкIу» къызэрыкIыр. Шужьей щIыгъухэр нэхъ щIалэт, ауэ уигу къызэринэжын гуэр я шыфэлIыфэм хэлътэкъым.

— Хьэмыщэ щхьэ зыщIывмыгъуарэ? — щIэупщIащ Къэралбий.

Шужьей упщIэм жэуап иримыту хъыфшыфу еплъыхащ, и ныбжьэгъу псэлъэгъуейм дэгушыIэныр зимыжагъуэ Нартшу дыхьэшхри жиIащ:

— Мы ди Шужьей цIыкIу Хьэмыщэ щабэу Iэ щIыдимылъар жегъыIи нэхъыфIщ, Къэралбий. Шужьей абы «шым уанэ телъхьэ» жриIати, «хьэ-мыщэр» джэдум хуэдэу нэплъыснэIускъэ, «Дэнэ дыздэкIуэнур?»— жиIэри къеупщIыжащ. Ар мыбы къыпхуидэнт, пщIантIэм дэмыкIыу дэсыну унафэ хуищIри дыкъыIукIыжащ я куэбжэпэм.

— Дэгъуэщ! — и Iэр ищIащ Къанболэт.— Дэ тхури дымащIэкъым.

Къэралбий езым и шым и нахъутэпсыр иубыдыжри, гупым захуигъэзащ:

— Иджы фепIэщIэкI. Фи Iуэху фIы ирикIуэ.

Тузар нэпкъым дэкIыжри гупым нэкIэ якIэлъыкIуэтащ, шууейхэр псыхъуэм дэкIыу псы адрыщIым блын фIыцIэу къыщыт мэзыжьым хыхьэху.

Унэм къыздэкIуэжым ар зэгупсысыр зыт: Къэбэрдейм и пщышхуэ Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ деж кIуэрэ псори хуэIуэтамэ мынэхъыфIу пIэрэ? IэпэкIэ зытемыIэба жыр джанэр зэрыIэщIэкIар къищIэмэ, Щоджэныкъуэр Тузархэ я унэм къытеуэнкIэ тIэу еплъынкъым. Кургъуокъуэ лъэкIынт Щоджэныкъуэр къыщIимыгъэпхъуэн...

* * *

«Дыгъэм улъэщIыхьэн уи гугъэу укIэлъымыкIуэ»,— жаIащ пасэрейхэм. Ауэ Къанболэт дыгъэ къухьэм кIэлъыпIащIэу кIуэн хуейт, IэщIэкIа зэманыр къиубыдыжын

папщIэ. Алыджыкъуэпщым и къуажэр Бабыгуей къикIыжу Iэдышэм Тэрч зэрыкIуэжа гъуэгум пыIудзат, ауэ Щоджэныкъуей Тузархэ куэдкIэ нэхъ япэгъунэгъут Бабыгухэ нэхърэ. Дыгъуэсжэщ ефэ-ешхэ Iэнэм пэрыса Хьэгъур нышэдибэ гъуэгу техьагъэнкъым, пщэдейуэ къыщIэкIынщ ар Щоджэныкъуей щыкIуэнур, гугъэрт Къанболэт.

Мэз лъагъуэ зэвкIэрэ жэщ псом кIуащ Къанболэтрэ абы щIыгъу цIыхухэмрэ. Нэхущым и пэ къихуэу ахэр Щоджэныкъуэм и къуажэбгъумкIэ блэкIахэщ. Къуажэр щымт икIи мамырт. Жылэм хьэщIэ щепсыха хуэдэтэкъым.

Къанболэт и гуп цIыкIур фоч уэгъуэ зы пщыкIутху хуэдизкIэ IукIри, Бабыгур къызэрыкIуэн хуей гъуэгум деж щепсыхащ Хьэгъур пэплъэу. Дауи, жыр джанэр абы къыздихьын хуейт.

Дыгъуасэ Къанболэт зыкIэлъежьа дыгъэр иджы и щIыбагъымкIэ къыщыдэкIуейуэ щIидзат, ауэ гъуэгужьыр зэрынэщIт. Зи бгъуитIым жыг абрагъуэхэр блыну Iут, Iуащхьэхэм къапикIухьурэ мэз лъапэм декIуэкI гъуэгум тетри тесри мыбдежым IупщIу щыплъагъурт. Мыбдежым, пыжь зэщIэкIам ибгъукIэ, щIалэхэм егъэзыпIэ ящIащ.

Къанболэт пщэдджыжь хьэуа къабзэр фIэIэфIу иришэхыурэ мы щIыпIэ дахэкIейм нэкIэ едэхащIэрт. Аращ, щIыпIэ дахащэщ мыгувэу цIыхухъу зауэ гуащIэр щызэхаублэнур, иужь къешха бжьыхьэ уэшх щIыIэм къигъэбырсея удз цIынэ цIыкIухэм зи тхьэмпэ дыщафэхэр хэзыпхъэн щIэзыдза мы жыгей IэплIакIуэхэм я лъабжьэр. Уэшхым къыдэщIэрэщIэжа удз цIынэм и сэбэпкIэ нэм къиплъыхь тафэ псор шхэпс щхъуантIэпскIэ ираIа фIэкIа пщIэркъым. Пщэдджыжь дыгъэм и нурыбэм зыхэзыгъапскIэ Iуащхьэмахуэ тафэмкIэ къехыу мыдэкIэ къыщыт Iуащхьэ бгъуфIэм къытегъуэлъхьауэ мамыру губгъуэ инхэм къыдэплъэу къыпфIощI.

Абдежым Къанболэт игу къэкIыжащ къыщIежьа Iуэхур иджыри къэс и ныбжьэгъухэм зэрахуимыIуэтар. Ар яжриIа къудейуи адэ жыжьэу шууей гуп къэнэхуащ. Ахэр ущ теутIыпщхьакIэ къакIуэрт, зэрыпIэщIэшхуи щыIэ хуэдэтэкъым.

— Шууий къудейщ зэрыхъур,— къыфIэмыIуэхуу жиIащ Нартшу.— Си гугъати...

Къанболэт тIэкIу гупсысэри унафэ ищIащ:

— Нартшу, мобыхэм дапежьэнщ. Фэ зэкIэ мы чыцэм фыхэт. Шужьей, набдзэгубдзаплъэу ныткIэлъыплъ, уэ пщIэнщ фэ щыр Iуэхум фыныщыхыхьэнур... Хъуакъым, бетэмал, Хьэмыщэ зэрытщIымыгъур...

Я лъэрыгъыпсыр зэжьэхэуэрэ жыпIэу зэбгъурыту а

тIур мыпIащIэу гъуэгум къытехьэри яшхэр къыжьэдакъуащ.

Псоми япэ иту къакIуэ Хьэгъуррэ Идаррэ япэу къалъэгъуащ гъуэгум къытехьэу къапэувахэр. Пэжыр жыпIэмэ, Къэралбий зыцIыху Бабыгум, къахуэза щIалэщIэм зэрыIуплъэххэу, къицIыхуащ къыпэувар хэтми, апхуэдизкIэ ар и адэм ещхьти. Ауэ фэ зытригъэуащ ар къимыцIыхуауэ.

— Ей, Бабыгум къыпэувыр Алыджыкъуэпщым зэрыпэувыр умыщIэу пIэрэ уэ?

Къанболэт уанэкъуапэм фIэлъ жыр джанэ чэтхъар Iэижьымкlэ къыфIихщ, лъагэу иIэтри, макъ гъум шэщIакIэ жиIащ псоми зэхахын хуэдэу:

— Iщхьэж хуэфащэр езытыжынурщ: Тузархэ — жырыр, Бабыгухэ — жыр улъияр!

Хьэгъур и нэкIур дыхьэрэну къызэщIэнащ, апхуэдизу къэгубжьати.

— Гуу макъ зиIэ мы шкIащIэм лъэмыкIын куэд и щхьэ фIелъхьэ. Согузавэ, щIалэ, уи адэр бын占шэу къэнэнкIэ.

— Уи къуэм уи мылъкур нэхъ пасэу зэрилъэфэлIэнкIэ зэрыхъунум иригузави нэхъыфIщ,— хъуэр имыдзын лъэкIакъым Нартшу.

Бабыгу и шу гъусэхэр Хьэгъуррэ Идаррэ я щIыбагъ мазэ ныкъуэу къыдэуват.

Щоджэныкъуэхэ я уэркъыр и ныбжьэгъухэм къахэщыртэкъым тэмакъкIыхьагъкIэ, икIи мис маисэу IулъыкIа абы и бердыш хьэлъэр Къанболэт егъэпщауэ иутIыпщащ. Ауэ Тузархэ я щауэ щIалэм абы тыншу зыпыIуидзыфащ, асыхьэту и шыр япэкIэ иригъэлъащ.— Хьэгъур и сэшхуэр и бгым нэс кърилъэфа къудейуэ, Къанболэт IэщIэлъ афэ джанэжьыр хьэуар щIихулыкIыу фийри Бабыгум и нэкIум хьэлъэу техуащ. Удын хьэлъэм и пэбгыр икъута, Iупэхэр Iуриуда, лъым зи нэм зыри иримыгъэлъагъуж Хьэгъур шыплIэм дэхуащ. ЕтIуанэ удыныр Къанболэт шым иридзащ, ауэ шым лIы мэхар Iуихын хунимыгъэсу Къанболэт пхъуэри къэпым илъу уанэкъуапэм епха жыр джанэр къипхъуэтащ. Идар зауэ Iэджэм хэта, зи щхьэр къетхъуха лIыт, Iуэху хэтыкIи ищIэрт, ауэ жыр улъияр апхуэдэу къагъэсэбэпу и щыпэ лъагъути, ар игъэщIагъуэу зыIэзыбжьэкIэ зэрызиIэжьам и напэр къытрихащ — шэм хуэдэу блэлъэта Нартшу и аркъэныр иридзри, зэкIуэцIыпхауэ Идар уанэгум иричащ.

Бабыгум и шу гъусэхэм, губжьарэ зэрыгъэкIийуэ зым адрейр имыгъэIэбэу Къанболэтым зыкърадзащ. Мыдрейри чыным хуэдэу зигъэджэрэзу и бийхэм я курыкупсэм итт

жыр улъияр игъэкIэрахъуэу, сэшхуэкIэ къауэм къэпым илъ жыр джанэ цIэрыIуэр япэщIидзэу, апщIондэхукIи жырыр зуурт, шы гужьеяхэр щыщырт, зауэм дихьэха Къанболэти ину дыхьэшхырт, шынэ имыщIэу. Нартшу зыкъыпэщIэзысар IэщакIуэт, абы и удынхэр сэшхуэкIэ ерагъыу къыхуэубыд къудейт. Мыпхуэдэхэм деж Нартшу зыхуэкIуэ Iэмалхэри сэбэп хъуртэкъым зыкIи. Нартшу хьилагъыу къигупсысыр Хьэгъур и шу гъусэм къищIэрт. Нэхъыщхьэрати, мы лIы цIынэшхуэр хэгъэщIауэ Къанболэт дежкIэ кIуэн хуейт — адрей шууей псори абы тезэрыгуат. Абы игу къэкIыххэртэкъым Шужьейрэ адрей щIалитIымрэ зэрагъусэр. Сыту и чэзу дыдэу ахэр чыцэм къыхэжа! Сыту гурыхьу Iурэ Шужьей и мыщэхъу макъыжьыр:

— Ей-и-и! Ди Iыхьи къэвгъанэт, фи закъуэ зэтевмыIущIэу!

— Уа, Къанболэт, зыгуэрым и щхьэфэр аргуэру тептхъыпащ, сытхьэгъэпцIщ, Нартшу ар игъащIэкIэ щыгъупщэмэ. Мэ, тхьэкIумэшхуэ, нащтэ уи Iыхьэр! Къупщхьэм нэсу уи Iэблэр изупщIащ — си Iуэхущ а уи Iэ кIыхьхэмкIэ щIэх дыдэ Iэщэ къэпщтэжмэ. Хьэмэрэ уи щхьэри пызгъэщхъын? Куэдш, псэу, упсэуфыху!

Къанболэт и шыр кIэбдзкIэ игъатхъуэурэ щIыбагъкIэ зыщигъазэм, зи пащIэ-жьакIэ зэщIэмыхьа щIалэжь цIыкIу гуэр къеуэну и сэшхуэр ишэщIауэ гъунэгъубзэу и пащхьэ къихутащ.

— Уи щхьэпхэтIыгум шыкъыр тесу зыкъомрэ къэпкIухьын хуей хъунущ уэ щIалэ цIыкIум,— жиIащ Къанболэт сэшхуэм зыздыпыIуидзым жыр джанэр зэрылъ къэпыр щIалэ цIыкIум и щхьэм иригъапщэурэ. ЩIалэ цIыкIур занщIэу зэфIэмыхащ, сэшхуэр IэщIэхури езыр уанэм ихури, хуэм дыдэу шы лъабжьэм щIэхуащ. Къанболэт и шым аргуэру кIэщIу зригъэгъэзащ, ауэ абы зызрипщытын щыIэжтэкъым: Шужьейрэ Нартшурэ адрей щIалитIри я гъусэу Бабыгум щIыгъуахэм ящыщ зыр шым зэрытесу щхьэпрадзащ, нэгъуэщI зыми и жыр пыIэм алебардымкIэ еуэри ягъэмэхат, ещанэр, пащIэ-жьакIэ фIыцIэ зытет ямыуIэу къэна лIы закъуэм и пщэр зэрымыщIэкIэ ирибзати, зэгуэпри и Iэщэр хыфIидзэжат.

— Сыту фIыт укIыгъэ зэрыщымыIэр,— жиIащ Къанболэт щIым щылъхэр къиплъыхьурэ.

Нартшу абы и жэуапу, и нэ хьилэшыхэр къилыдыкIыу, жиIащ:

— Иджы нэужь Тузархэ я щауэр къэпкIэ мыхъуу, хъыджэбз пэлъэщIкIэ зауэмэ, уеблэмэ, уIэгъи къэхъункъым.

— Къэвгъанэ къэвэн! — къилъащ Шужьей.— Іэщэхэр къапщІэхэхын хуейщ.

Нартшу щІым щыс Идар бгъэдыхьэри къитІэтэжащ, абы и къамэр, сэшхуэр, бгъэгу мэІуху цІыкІур къыпщІэхихащ. ЗауэлІ лІыжьыр щытт нэщхъыцэу. Шужьей и алебардым къигъэча жыр пыІэр игъэкІэрахъуэу иІыгът, хущхьэ-щатэу.

— Хъуакъым, бетэмал. ХьэпшыпыфІт, якъутащ армыхъумэ, схуэфІыпс хъунут. Си щхьэм хуэдэу щхьэ гъумыфІт мыр зезыхьар...

«Щхьэ гъумыфІым» и Іэщэ-фащэр езым зыпщІэхихри и ныбжьэгъу уІэгъэхэм ядэІэпыкъуу щІидзащ. Абы гъусэ зыхуищІащ уІэгъэ дэнэ къэна, ІэбжьанапІэ зылъэмыІэса закъуэми. Іэ кІыхьрэ тхьэкІумэшхуэ зиІэ лІы цІынэ абрагъуэм и плІэр, жьакІэ фІыцІэм и пщэр хуапхащ. Къанболэт жыр джанэкІэ иубэрэжьа щІалэм и нэкІур, ягъэкъабзэурэ, фом хэщІа щэкІ кІапэкІэ япхэрт.

— Дэнэ щыІэ Хьэгъур? — щІэупщІащ Тузарыр, ихъуреягъыр къиплъыхьурэ.— Сэ абы и хьэпшыпыр естыжын хуейщ.

— Мес модэ, Іуащхьэ джабэ удзыпцІэм хэлъщ,— жиІащ Нартшу,— зегъэпсэхури щылъщ...

ПэмыІэщІэу щыт шымрэ пэж дыдэу абы ибгъукІэ щылъ Бабыгумрэ щилъагъум, абыкІэ иунэтІащ Къанболэт.

Епсыхщ, хьэмбыІуу тІысри гупсэхуу зэпиплъыхьащ уэркъым и щхьэр. УІэгъэ зэфэзэщт... Къанболэт цей Іэщхьэ теублэнщІам щэкІ кІапэ къыдихри сакъыпэурэ лъыр илъэщІащ. УІэгъэхэр, щІыпІэ уфІыцІахэр куэд хъу щхьэкІэ, куутэкъым, Іупэ тІу-щыуэ зэгуэудари, пэ къупщхьэ къутари Іуэхушхуэтэкъым, нэхъыщхьэр нэрти, лажьэ яІэтэкъым.

— Хэт? Сыт? Дэнэ? — зыкъищІэжащ Хьэгъур.

— Дауи щхьэуи хэлъкъым,— жиІащ Къанболэт.— ШкІащІэм уи гуу гъэшхахэр бжьакъуэпэкІэ зэхисыпащ. Умыгузавэ, умыгузавэ. Уи щІалэра фщІыгъуар? УкІыгъэ щыІэкъым, псэущ псори.

— Дауэ мыр зэрыхъуар? ТІутэкъэ фэ...

— Хьэуэ, шууеитху дыхъурт.

— Напэтехщ...

— Хьэуэ, уи шу гъусэхэр хъыжьэу зэуащ. Псори уІэгъэщ.

Бабыгум Къанболэт и Іэр Іуидзри ІэфракІэкІэ зыкъытриІэтыкІащ икІи бауэбапщэу къыхуэжэ и къуэм Іуплъащ.

— Уи жыр джанэ улъияр къэщтэж,— жиӀащ Тузарым.— Хьэмэрэ пщыстӀэгъэжын? КъызэхьэлъэкӀынкъым...

— ЗбгъэдэкӀ,— ерагъкӀэ къыдришеифа къудейщ лӀы губжьам.— Куэдщ си напэр зэрытекӀар.

— Уи жыр пыӀэр зыщӀыпӀэ деж щыпщхьэрыхуащ, уи фочымрэ шымрэ дэ здыдошэ.

— ЗекӀуэтхьэм и цӀэкӀэ сынолъэӀу уи жьэр бгъэувыӀэну. Къызэуи сыукӀи нэхъыфӀщ мыпхуэдэу...

— Хьэуэ, хьэуэ, псэуи нэхъыфӀщ, Бабыгу и къуэ, алыхьым и нэфӀ къыпщыхуэ.

Лъэрыгъыпсым лъэмыӀэсу Къанболэт уанэгум зридзэжащ, Хьэгъур и шым и шхуэмылакӀэр къиубыдри и ныбжьэгъухэм яхыхьэжащ. Модрейхэр хьэзырт гъуэгу техьэжыну.

— Фи жагъуэ фымыщӀ, Бабыгу и шу гъусэ хахуэхэ! Алыджыкъуэпщым и къуажэм нэс къэнэжа гъуэгуанэр лъэсу фымыкӀуу хъуну къыщӀэкӀынкъым. Ауэ ар фэ къыфтехьэлъэнкъым — фыӀэщэкъым, фыфащэкъым.

Унэм къэсыжа нэужьщ Къанболэт япэ дыдэу щыӀуплъар жыр джанэ цӀэрыӀуэм. Къуэм сэшхуэпэкӀэ зэхауӀухьа къэпыр адэм иритри кӀэщӀу жриӀащ:

— Дэ псори дыпсэущ. Абыхэм яхэтщ уӀэгъэ. Ший къэтхуащ.

Къэралбий и щхьэр ищӀри къэпщхьэпсыр итӀатэу щӀидзащ. Абдежым Къанболэт зыӀэзыбжьэкӀэ Ӏэнкун къэхъуащ — адэм мыбы фӀэкӀа мыхьэнэ зимыӀэм папщӀэ фи щхьэр псэзэпылъхьэпӀэ ифлъхьэ хъурэт, жиӀэмэ пщӀэншэ хъуакъэ гугъуехь псори?

Къэп пхъашэр ещэтэхащ. Жьэгу мафӀэм и нур щхъуантӀафэр тепщӀыпщӀащ жыр телъыджэм, тепщӀыпщӀащ дыщэм къыхауӀукӀа аслъэнышхьэм, адэр фагъуэ хъуат, къуэм и нэкӀущхьэхэр дыхьэрэну къызэщӀэнат.

Тузар нэхъыжьым и нэр къытеувыӀащ хьэрып хъэтӀыжькӀэ тха сатыритӀым: сатыр къэс къамэ Ӏэпщэ хуэдиз хъум. Къэралбий щэтащ:

— Ӏэмал имыӀэу къэгъуэтын хуейщ езы Мэчэ дыдэм щатха мы псалъэ лъапӀэхэм къеджэфын... Иджыпсту сэ, дауи ирехъуи, Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ деж сыкӀуэнщ...

*Дыгъужьым шыщIэр щишхкIэ, абы телъ дамыгъэм зэремыплъым щыхьэт техъуэ*

*ЕТХУАНЭ ХЪЫБАР*

Мыщэ уIэгъэу зиукIыжу екIуу гъэщIэрэщIа и хьэщIэщым щызеуэрт Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ.

— Мэл щтарщ фызэщхьыр! Фыкъиищащ, зыц къыфтримынэу фыкъиищащ! Фи бжьакъуэр фхутричащ! Зи пэшыным итхьэлэжын Тузархэ я щIалэжь цIыкIум жыр джанэр ятрихащ!

БжэщхьэIум деж укIытауэ еплъыхыу щытт Идаррэ Хьэгъуррэ. Зи нэкIум телъ удынхэр иджыри мыгъуща Хьэгъур, нэф плъэкIэу и пщым еплъырт зыри имылъагъуу, икIи и Iупэ зэгуэудахэр сакъыу IупэкIэ зэпибзеихьырт, жьэпкъыпэм лъыр къызэрыпыткIут. «Ей, мы пщы нэпсейр ауэ сытми мыувыIэн,— егупсысырт Хьэгъур.— Лъы мащIэ жэнкъым иджыри мысыр жырым щхьэкIэ...»

«ЗреукIыж,— гупсысэрт Идари.— ЛъэкI къремыгъанэ. Щыблэкъым ар, и нэм къыщIих «хъуэпскIым» дисынкъым. Уеблэмэ зызригъэщхь уэс джэдум екIуалIэркъым жыжьэу. Пэ папцIэщ, нэ къуэлэнитIыр нэщIащэм ипщхьэжащ, Iупэ пIащIэщ, дзэ кIыхь жанщ... Аращ, хьэIуцыдзщ, нэгъуэщI зэщхь щыIэкъым хьэIуцыдзым фIэкIа. И набдзэри пащIэри гъуатIэ-фIеифэщ, хьэIуцыдзыфэщ...»

Пщым и нэзэрыхъитIымкIэ уэру къежэхырт пщIэнтIэпс гъуатIэр. Абы хьэлъэу шэнтжьейм зригъэщатэри, мэлыфэ зыщIэбза упщIэ пыIэр щхьэрихащ. ИужькIэ пэлъэщI щабэр сакъыу трилъхьащ щхьэпхэтIыгум, зэрыкъуийм къыхэкIыу къащыхь мыхъумэ зэи ямыупс щхьэпхэтIыгум. А узыфэ Iейм щхьэкIэ Алыджыкъуэ и щхьэр зэримыупсыр зэхэзыха цIыхухэр и нэщIыбкIэ Алыджыкъуэ-ЦIащхьэкIэ еджэрт.

Щоджэныкъуэм жьыIурыхьэгъуэ тIэкIу зэригъуэтыххэу, аргуэру къыщылъэтыжащ икIи губжьыр зытемыужа пщым и макъ гурымыхьыр зэми псыгъуэ, зэми гъум хъууэ хьэщIэщым къыщIэIукIащ:

— Зи лъакъуэхэр нартыху жэпкъыу гъун, фэри фэ! Си жыр джанэр мо пэшыницIэм иратащ, абы щыгъуэм фэ фщыщ гуэр къызэрамыукIа! Зы цIыху ари! Зыщ ари! — Алыджыкъуэ Iупсыр ипхъырт.— Сыт хуэдэ тыгъэ-тIэ иджы пщым фызэрыщыгугъыр? Гуарцэ хъурей зырызщ фэ фхуэфащэр — нэгъуэщI къэвлэжьакъым. А фи шыдыщхьэхэм пыIэм и пIэкIэ...

Идар и дзэхэр зэригъэшхащ. Хьэгъур дэгуу щэIури ерагъкIэ къыдришейуэ жиIащ:

— Хъунщ, ди пщышхуэ... Гъуэгу дызэрытехьэнум зыхуэтщIын хуейщ. Сэ си псэр зэгъэнкъым а жыр джанэр уэ пщыгъыу сымылъэгъуауэ.

— Феплъыт мыбы! Сэ сигъэIущыжыну хэтщ,— дыхьэшхыпцI зищIащ Щоджэныкъуэм.— Сэ сымыщIэ фи гугъэ Тузархэ «хьэщIапIэ» дыкIуэну игъуэ зэрыхъуар? Хьэтэжыкъуэ Мухьэмэди гъусэ къытхуэхъуну согугъэ. Нобэ абы сыхуэзэнущ.

Ягу жьы дихужауэ щатэу уэркъхэр зэрыщIэхыжащ пщым и унэм.

Къэбэрдейм и пщышхуэ Хьэтэжыкъуэхэ Кургъуокъуэ и къуэш нэхъыщIэ Мухьэмэд хуэзэну зэрыриухылIар ЦIащхьэм зэблигъэункIэ Iэмал иIэтэкъым. Бахъсэн и Iуфэм, щыхуэзэну щраухылIа щIыпIэм деж, ахэм къащыпэплъэрт Суджук къалэ къикIа тэтэр сатуущIыр. А тIум я мурадт абы хъыджэбзрэ щIалэ цIыкIуу зыбжанэ иращэну. Апхуэдэ сату абыхэм я щыпэщIтэкъым.

А сату щIыкIэр къыщIыпщытхъуну щымытми, хабзэм къезэгъ Iуэху хъуакIэт а зэманым. Пэжыр жыпIэмэ, а лъэхъэнэм сату Iуэхум адыгэпщхэм гуемыIу хуаIэу щыташ. Уеблэмэ, яш ящэну я щхьэ тралъхьэртэкъым. Нэхъыбэм шыри унэIутхэри, Iэщэ лъапIэкIэ, щэкI дахэкIэ, дыжьыным къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэмкIэ яхъуэжырт. Хэбгъэзыхьмэ, дэтхэнэ пщыми ищIэу щытакъым ахъшэм и уасэр. Тыркум е нэгъуэщI къэралхэм къыщыдэкIа ахъшэхэр нэхъыбэм къызэралъытэр бгъэткIуж хъу, цIыхубз хьэпшып цIыкIу къызыхащIыкI, къамэм, сэшхуэм саур зэрыхалъхьэу е шы Iэпслъэпсыр мыщIэ, Iунэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэрагъэщIэращIэ дыщэхэкI, дыжьынхэкIыут.

Щоджэныкъуэр укIытэртэкъым сату ищIыну. Ахъшэр зищIысри абы и уасэри фIы дыдэу ищIэрт.

Зэрыхабзэти, зыпщи тэмэму ищIэртэкъым мэлу хьэмэрэ жэму иIэр зыхуэдизыр, и пщылIхэм гъавэу, хадэхэкIыу кърахьэлIэжыр дапщэми. Абы къыщымынэу жыжьэу ящIэртэкъым езым сыт хуэдиз щIыуэ иIэми, и мэкъумэшыщIэхэм яйр дапщэ хъуми.

Щоджэныкъуэм къилъытэфырт и мылъкур зыхуэдизыр. Абы фIы дыдэу ищIэрт щынэ нэхъ уэдыкъуари, ху фалъэри, фо кIадэри ахъшэ пщIы зэрыхъунур. Адрей пщыхэм Iумпэм ящI, ауэ Алыджыкъуэ и псэм пищI ахъшэхэм хуэдэ. Ар Iэджэрэ яхуэзэрт тэтэр мырзэхэми, куэд зэзыгъэкIуэкIыф купецхэми, езыри зэ щыIат Къырым. Пщым Бахъшысэрей щилъэгъуащ хъаным и блыгущIэтхэм я унэ

къулейхэр, абы щыгъуэщ Алыджыкъуэ къыщыгурыIуар ахъшэр зищIысыр. ИкIи абы къыпкърыхьащ адыгэпщхэм щIагъуэрэ къемыфыкI узыфэр — мылъку, ахъшэ зэхуэлъэфэсыныр. Ей, Щоджэныкъуэр ауэ къызэрыгуэкI цIыкIутэкъым, абы ахъшэ зрилъхьэ и фэндри къэIэтыгъуей хъуат. Пэжу, абы и нэгу IупщIу къыхущIэгъыхьэртэкъым зэхуихьэса ахъшэ къомыр къызэригъэсэбэпыну щIыкIэр. Ауэ абы щегупсыскIэ, псом япэу и нэгу къыщIыхьэрт зи блынхэр мывэху, зи жыг щIагъ зыгъэпскIыпIэхэр мывэджейуэ къищIыкIа Бахъшысэрейр, пэщэхэм дыщэкIэ да я фащэ дахэхэр, алэрыбгъу цIуугъэнэхэр, дыщэкIэ, мывэ лъапIэхэмкIэ гъэщIэрэщIа Iэщэ-фащэ екIухэр, абы и тхьэкIумэм итт и мынэIуасэ пэтми, и псэр зыхьэхуа макъамэхэр, щытхъу фэрыщI псалъэ инхэр, гаремым ис хурхъыджэбзхэм я макъ гуакIуэр. Алыджыкъуэ нэгъуэщI зы гугъи иIэт — пэжу, ар зэрищIыну щIыкIэр езыми ищIэртэкъым, ауэ ар гугъэрт ахъшэр и щIэгъэкъуэну зэгуэр Къэбэрдейм и пщышхуэ хъуну. Ар теплъэ хъуртэкъым Хьэтэжыкъуэм. Илъагъу щIэмыхъури Кургъуокъуэ пщышхуэу зэрыхахартэкъым, атIэ Кургъуокъуэ и акъылкIэ адрей пщыхэм зэрефIэкIырт, и пыIэр лIы хуэдэу зэрызэрихьэрт.

Кургъуокъуэ и къуэш нэхъыщIэ Мухьэмэдыр абы и ныбжьэгъут. А цIыху тэмакъкIэщI зыкъызыфIэщIыжамрэ Алыджыкъуэрэ зэгурыIуэрт. Мухьэмэди хуэгулъытэншэтэкъым дыщэ ахъшэм и лыдыкIэм, закъримыгъащIэ щхьэкIэ, и къуэшыр фIыщэу илъагъуртэкъым. Мухьэмэдрэ Алыджыкъуэрэ зэрызэныбжьри — илъэс щэщIрэ блым ебэкъуа къудейхэт — Iуэхум, дауи, хэлът.

Хьэтэжыкъуэхэ нэгъуэщI зы къуэши яIэт — Исмэхьил. Ар курытт. Мухьэмэд нэхърэ илъэсищкIэ нэхъыжьт, Кургъуокъуэ нэхърэ тIукIэ нэхъыщIэт. ЩIалэ IэпцIупцI сымаджэрилэр муслъымэныгъэм хьэщыкъ ищIати, КъурIэн еджэ, Тыркумрэ Къырымрэ къикI цIыху еджахэм диным теухуауэ куэдрэ епсалъэ мыхъумэ, нэгъуэщI Iуэху зэрихуэртэкъым. И къуэшхэм муслъымэн къабзэу залъытэж пэтми, зыр Исмэхьил сабийм ирагъэщхьти гущIэгъулыуэ хущытт, адрейм и псалъэри гущIэгъури нэпцIт; лIым и къарури щIэныгъэри сыт зытекIуадэр? Пщы Iуэху-тIэ чытапхэр зэIищIэу щысыныр?

Ислъамым ихьэну зигъэхьэзырырт Алыджыкъуи. Ауэ абы и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым хьэрып тхэкIэрэ еджэкIэрэ зригъэщIэну. Абы дежкIэ куэдыщэщ муслъымэн асы тыркухэм я блыгущIэт кърым тэтэрхэм я бзэр фIы дыдэу ещIэри. ИужькIэ КъурIэным и Iэят зытIу, зэчыр зыбжанэ зригъащIэмэ — лIо нэгъуэщI зэрищIынур.

Алыджыкъуэ унэку пхъэхэтIэм фIэлъ жыр джанэщIэр, зи нэрынэхэр зэщIэлыдэр, къыфIихри япэ дыдэу зыщитIэгъащ гукъыдэжыншэу. Мысырыкъуэ и жырым и хъыбар къызэрыIэрыхьэрэ гуитIщхьитI хъуат, абы и псэм ищIэрт а фIыгъуэр къыIэрыхьэр зымыутIыпщыж и Iэ псыгъуэхэм къаIэщIыхьэху псэхугъуэ зэримыхуэнур. Ар хьэпшыпыфI къудейкъым, атIэ уасэншэщ — жырыр зыIэщIыхьэм мылъку къеуэлIэнур, уеблэмэ тепщэныгъэу игъуэтынур зыхуэдизыр къэлъытэгъуейщ. Абыхэм щегупсыскIэ, Щоджэныкъуэм и гущIэм бампIэр хъумбылэ зэкIуэкIауэ къикъуэлъыкIырт, бауэкIэщI хъурти и IупщIакIэхэм тхъурымбэр кърищIэкIырт.

Ей, мы Тузархи! Мы Тузархэ!..

Бахъсэн нэсыху Алыджыкъуэ-ЩIащхьэ и щхьэр щIэгуауэ кIуащ, гъуэгум и нэр къытрихыу лъэныкъуэкIэ емыплъэкIыу. ЗэзэмызэкIи абы и шыр иригъэлъырти шы щэныкъуэм я лъэ макъри выгу зыбгъупщIым я кIыргъри нэхъ дэгуи нэхъ цIыкIуи хъурт, ауэ зыри зэхимыхыжыххэ щыхъукIэ, пщы тэмакъкIэщIым и шыр кIэщIу къыжьэдикъуэрт, жьафэр щIитхърэ жыпIэу...

Дыгъэ къухьэгъуэм Щоджэныкъуэр и шу гъусэхэмрэ унэIут зыбгъупщIымрэ щIыгъуу, зраухылIа щIыпIэм нэсащ. ЦIыхуищ зэтеувами и щIыIум нэмысыну лъагэ, зи щIыфэр жыглыцым зэщIищта мывэ иным деж абы къыщыпэплъэрт Мухьэмэдрэ Кавказ псом фIыуэ щацIыху тэтэр купец Абдулларэ.

— Лъапэ махуэ къэпхьауэ! — нэфIэгуфIэу къыпежьащ Хьэтэжыкъуэхэ я щIалэ нэхъыщIэр! — Тхьэм жиIэмэ, гъуэгур бэIутIэIуншэу къызэпыпчащ, аракъэ?

— Сэ гъуэгу сыщытехьэнур нобэщ. Мис мыбдеж сыщежьэу,— лъапэкIэ мывэжьым епыджурэ щIагъыбзэ щIэлъу жиIащ Щоджэныкъуэм.

Мухьэмэди дыхьэшх нэпцI зищIащ:

— Аращ дзэ псо уи гъусэу укъыщIежьар.

— Хъунщ, Мухьэмэд, абы иужькIэ дытепсэлъыхьынщ,— Алыджыкъуэ купецым бгъэдыхьэри тэтэрыбзэкIэ епсалъэу щIидзащ:

— Уи Iуэху фIы ирикIуэ, купец! Си фIэщ мэхъу алыхьым и нэфI уи сатум къызэрыщыхуар икIи уасэфI пхуэтыну Iэмыр зэрищIар.

Жыгым фIэгъухьа кхъужьым ещхьу зэлымпIыжа лIыжь нэкIур хьилэшыуэ къэгуфIэри Абдулла и дзэ фIыцIэ фахэр къыщIигъэщащ.

— Сэри си фIэщ мэхъу, пщы дотэ, уи Iуэхухэр зэры-

фIыр икIи япэхэм хуэдэуи уасэфI зыхуэфащэ хьэпшып къызэрыпкъуэкIынур.

Абдулла и теплъэ псом абы игу къыпагъэлъэдат убжьытхэну, ауэ залымыгъэкIэ зызэтриIыгъэурэ купецым и шыфэлIыфэ фаджэр зэ зэпиплъыхьыжащ аргуэру. И Iэхэри и пщэхэри зэрыпсыгъуэ кIыхьым, лъакъуитIри зэрыапхуэдэм и щIыIужкIэ, Iушэ пэтми, Абдулла ныбэ хъуреифI иIэт. Абы щIэпха шылэ бгырыпх бгъуфIэм и сэмэгурабгъур фIыуэ къыIушат: Алыджыкъуэ ещIэ ахъшэкIэ къуа бохъшэшхуэр абдежым щызэхуэкъуса халат жыпым зэрилъыр. Абдулла абдеж дыдэм диIуащ и лулэ кIыхьыр, тутын ныкъуэсыр кърigъэлъэлъыжын зыщимыгъэгъупщэу Щоджэныкъуэм щIыгъуу къэкIуа выгухэмкIэ иунэтIащ — хамэ щIыпIэм гъэру яшэну къашахэм еплъыну. Пщыри абы и ужь иту кIуэрт щIопщым ириджэгуу. Мы сондэджэрым, егупсысырт ар, и гугъэу къыщIэкIынщ ныбапцIагъэкIэ езы Жанхъуэт Берслъэн дыдэм текIуэфыну. АрщхьэкIэ ар зэрыпсэурэ сыт щIа, итIани ящыгъупщакъым. Абы щыгъуэми ягу къагъэкIыжыр а пщыр пхуэмыIуэтэщIыну зэрыкъулеяркъым, цIыхухэр къызыхэкIа лъэпкъ и цIэрыIуагъэкIэ, шхьэж хуэфэщэн пщIэрэ нэмыскIэ пщымрэ уэркъхэмрэ зэрызэхигъэкIаркъым, атIэ а пщым и ныбэр лэпс диям хуэдэу пцIапцIэу зэрыщытарщ! Сыту щхьэзыфIэфI куэд яхэт мы джэгуакIуэхэм. Я жьэм ужьэдыхьакъэ...

Мухьэмэд и сатур иухати, пщы Алыджыкъуэрэ купец Абдулларэ зэрызэныкъуэкъум йодаIуэ. Пщыр зэрыпIащIэр наIуэщ, жьэмардэу жиIа уасэм япэм хуэдэу ткIийуэ теткъым. Ар зыгуэрым зэрыхуэпIащIэм Мухьэмэд игури Iэрпхъуэр ищIащ. Сыту пIэрэ мыбы и ныбжьэгъум и мурадыр? Абдулла ихъунщIэнущ жыпIэнущи, тэтэрым хъумакIуэшхуэ и гъусэщ. Абы нэмыщIкIэ тэтэрым къуажэ къэскIэ ныбжьэгъу-благъэ щиIэщ, Мухьэмэдрэ Алыджыкъуэри абы и ныбжьэгъу благъэщ. Псом нэхъыщхьэжырщи, Абдулла Алигот пэщэм, Къырымым и дзэзешэ шынагъуэм, и Iыхьлыщ. Алыхьым жимыIэкIэ Алиготыр къэбгъэгубжьыну. Адыгэ лъэпкъ псоми ящIэ: Алигот пэщэр къырым хъаным и нэщ, и тхьэкIумэщ.

Хъыджэбз унэIутхэм язынықъуэхэр гъырт, щIалэ цIыкIухэр я нэщхъ зэхэукIауэ щыст. Щоджэныкъуэмрэ тэтэрымрэ пщащэхэр трагъэурт (гъыным дахэ ищIа щыIэ?!) Къырымымрэ Тыркумрэ я сэрей инхэм щыIэ псэупIэ дахэм, абыхэм къыщатIэгъэну фащэ екIум теухуа хъыбархэр къыхурагъэкIуэкIыурэ. ЩIалэ цIыкIухэм жраIэрт зауэлI хъыжьэ хъунхэу, хьэрып хуарэм тесу бийхэм я щхьэр

дыщэ сэшхуэкIэ паупщIын хуэдэу. УнэIут ящэхэр тебгъэун щхьэкIэ куэд ухуейтэкъым....

— Хъыджэбз зэкIужхэщ,— жиIащ Абдулла, ахъшэ нэхъыбэ къыпибжыкIыурэ.— Абыхэм ящыщ зыр си благъэ Алигот пэщэм,— ар фэ фоцIыху — естынщ,— пэщэм и цIэр къыщипсэлъым тэтэрым зигъэщIагъуэу и щхьэр игъэкъри и нэхэр щIригъэлъэфащ.

Мухьэмэд ар ауан зэрищIыр имыбзыщIу ину дыхьэшхащ:

— Ар дапщэри жоIэ уэ, Абдулла. Сулейман ибн-Даут фызу иIам нэхърэ нэхъыбэ а уи благъэм и гаремым имысу пIэрэ?

Купецым зигъэгусащ:

— Адрей пщыхэм яритым нэхърэ нэхъ лъапIэу уи деж щыщахуэм дауэ ущыдыхьэшхыфрэ? — жиIэри.

— Куэдщ, псалъэмакъ мыхьэнэншэу къедгъэкIуэкIар,— тIури игъэпIащIэу жиIащ Алыджыкъуэ.— Купецым и ежьэжыгъуэ хъуащ. Дэри мыбдежым кIэнджэгу щытщIыну къыщIэкIынкъым.

— Фэ иджыри зыгуэр фиIэ хъумэ, зыщывмыгъэгъупщэ. Сэ Балъкъ Iуфэ Iус Тамбийхэ я деж тIэкIу зыщысIэжьэнущ,— и бзу макъ псыгъуэр хишащ Абдулла, ауэ абы зыри едэIуэжыртэкъым.

Щоджэныкъуэм Мухьэмэдыр лъэныкъуэкIэ, псыр нэхъ щыIэуэлъауэмкIэ, Iуишри жриIащ кIуэдауэ я гугъа жыр джанэ бэлыхьыр дунейм къызэрытехьэжар, моуэ и Iэмыщ1э къихьэнрэ пэт, Тузархэ я къуэ щыкIам зэрыIэщIичар.

— Гъусэ къысхуэхъу, си ныбжьэгъу, ущIегъуэжынкъым. Уи цIыхухэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэми. Къэтхъунщ1эм и зэхуэдитIыр... хьэуэ, Iыхьэ плIанэр узот, си жыр джанэр хэмыту.

Мухьэмэд занщIэу арэзы хъуащ. Жыр... АдэкIэ зэрыхъу плъагъункъэ. ЗэрыупщIэтэн щIадза иужь къэхъуну псори хэт зыщIэр. Мухьэмэд хэгупсысыхьащ, къеджэрикъебэри зэхимыхыу. Абы игу къэкIыжащ Кургъуокъуэ Тузар Къэралбий жагъуэу зэримылъагъури, сату Iуэхухэм зэрыхэтым щхьэкIэ армырами къуэш нэхъыжьыр Мухьэмэд къызэрыхуэмыарэзыри. НтIэ, Тузархэ ятеуа нэужь сыт абы и къуэшым жриIэнури къыжриIэжынури? Иджыпсту абыхэм уегупсысу уи щхьэр пкъутэ хъун-тIэ тхьэм щхьэкIэ? Iуэхур зэфIэкIа нэужь егупсысамэ нэхъыфIкъэ? Апхуэдэу хъуамэ, езы Алыджыкъуэ ирегупсысэ — аращ псори зэхэзышар. Ар хьэIуцыдзым хуэдэу бзаджэщ, хейуэ хэкIыфынущ. Мухьэмэд нэбгъузкIэ хущIэплъащ къыбгъурыт пщым: и пэ папцIэр дзэкъэн хуэдэ ипэкIэ шиящ,

и жьэр Iурыхуащи дзэ псыгъуэ папцIэхэр къыIуопс. «ХьэIуцыдз нэжьгъщ»,— и щхьэ хужиIэжащ Хьэтэжыкъуэм зыгуэр щхьэкIэ игу пщым тезэгъауэ.

Езы Мухьэмэд лIы къекIущ, ар жимыIэми игукIэ абы ирогушхуэ. Хьэтэжыкъуэ зэшищри лIы дахэщ. Ахэр зылъэгъуа дэтхэнэми жеIэ: «Мис ар адыгэ нэкIущ». АдыгэлIым и нэкIур адрейхэм сыткIэ къыщхьэщыкIрэ? Iуэхум хэзыщIыкIым а упщIэм мыпхуэдэ жэуап иритынт: «КъазэрыщхьэщыкIыр къазэрыщхьэщыкI теплъэ хэха гуэр зэримыIэрщ. И нэхэр пIащэщ, къуэлэн-фIыцIафэу, жьэпхъэбгъумрэ напщIэмрэ къытепIиикIыркъым, и пэр захуэщ, кIыхькъым, Iупэхэр пIащIэкъым икIи Iувкъым, жьэпкъыпэр къыпыпIиикIыркъым, ауэ икIи щIэпкIэщакъым, набдзэмрэ пащIэмрэ, нэхъыбэм фIыцIэщ, и нэкIур хужьщ, нэкIущхьэплъ щIэхъуэжу, кIэщIу жыпIэмэ, нэпкъпэпкъыр жьгъейкъым, пIащэкъым, пхъашэкъым, ауи щабэкъым — псори зэхуэдэщ, зокIуж».

Дауи, апхуэмыдэхэм урихьэлIэрт (абы и щапхъи Алыджыкъуэ-ЦIащхьэр). Ауэ Хьэтэжыкъуэ зэшищри, Тузар зэадэзэкъуэри, Идархэ я къанри — Бабыгум и къуэр — адыгэ сурэтым итт. Дауи, зэщхьыркъэпсу цIыхуитI (зэуэ къамылъхуамэ) щыIэкъым, дэтхэнэ нэгуми азалыхьым езым и мыхъур къытрегъэувэ. Мыхъурыр зыхащIэ иIэгъэр къызыхахри зэрызэхащIэри гъащIэм куэдми мащIэми къуэзэритщ; ар зэхэлъщ цIыху хьэл-щэныфIэу е дыджу; гъуэгурэ лъагъуэхэу — тыншу е гугъуу, лъагъуныгъэу — насыпыфIэу е насыпыншэу; напэу — гудзакъэ зиIэу е дэгуу.

Мухьэмэд и къуэш нэхъыжьым щегупсыскIэ курытри игу къокI. Исмэхьил и чэнджэщ-ущие кIыхьым ар сыт щыгъуи тозашэ. Ауэ пхуэмышэчу е гупсэху дыдэу едаIуэу зыкъыфIумыгъэщIи еплъыт. Абы щыгъуэми зэгупсысыр зыщ: «А-а, щIы къатиблым укIуэ уэ гъуамэр»,— жиIэу аращ.

Мухьэмэд япэ щIыкIэ и гугъащ къыфIэщIауэ: и щIыбагъкIэ Исмэхьил и макъыр ину къыщыIуам.

— ФыкъэувыIэ! Фэракъэ сызэджэр, фыкъэувыIэ!

Алыджыкъуэрэ Мухьэмэдрэ я шыр къагъэувыIащ. Я ужь итхэм къыжьэдакъуат, ауэ Щоджэныкъуэм Хьэгъур Iэ хуищIри адрейхэр щхьэдэхащ.

— Дэ дыфлъэщIыхьэжынщ,— жиIащ пщым.— ЛъэбакъуэкIэ фыкIуэ.

Исмэхьил къабгъэдыхьащ. Шыри тесри хьэлъэу бауэхэрт. Исмэхьил и шыпхэм тест илъэсибгъум итын щIалэ цIыкIу.

ФIэхъус зраха нэужь, Исмэхьил къеупщIащ:

— Дэнэ фыздежьар? Тузархэ ямыдежу пIэрэ?

Алыджыкъуэ ауан хэлъу пыгуфIыкIащ, и дзэ папцIэ цIыкIухэр къыIупсу.

— Апхуэдэ емыкIухэм ущIэупщIэну КъурIэным хуит уищIрэ?

Сыт щыгъуи фагъуэ Исмэхьил и нэгур хужьыпс хъуащ:

— КъурIэнми адыгэ хабзэми къезэгъыркъым нэхъыжь къыщопсалъэм деж удзэлэшхэну. Фэ къывэупщIыр сэракъым, Къэбэрдейм я пщышхуэ Кургъуокъуэщ. Аращ сэ сыкъезыгъэжьар.

— Дэнэ Кургъуокъуэ къыщищIар дэ...— къригъэжьат Мухьэмэд, ауэ абы и псалъэр Исмэхьил жьэдигуэжащ:

— Уэ уи жьэр гъэувыIэ. Унэм унафэ щыбгъуэтынщ. Уэ, Щоджэныкъуэпщ, бжесIэжыну си пщэ къралъхьар мыращ: хьэкъувыкъу лъэпкъ, зауэ-банэм и гугъу умыщIыххи, Тузархэ иумыщIылIэ. Къэралбий лIыжьыр ди деж щыIащ. Кургъуокъуэ щыгъуазэщ жыр джанэм и хъыбарым. КъыбгурыIуа?

Щоджэныкъуэм зыгуэр игу къэкIауэ ихъуреягъыр къиплъыхьащ. Абы и шу гъусэхэр мэз гъуэгу еуэкIыпIэм къухьат. Исмэхьил а щIалэ цIыкIум фIэкIа нэгъуэщI щIыгъутэкъым.

Жэуап къитыным и пIэкIэ езыр щIоупщIэ:

— ЛIо, Исмэхьил, уи закъуэу укъежьа хуэдэ?

— Ы-ы. ПIэщIэгъуэкIэ сыкъемыжьэу хъуакъым. СыкъыфщIэмыхьэнкIэ сышынэри зыми седжакъым.

— ЩIалэжь цIыкIур хэт?

— Мыр Кургъуокъуэ и къуэ Къубатийщ. И атэлыкъым и сабийхэм я гъусэу мэзым щIэтти къакIэрыхури гъуэщащ. Хахуэжь! Мыщэ лъэужь къилъагъури мо къамэ цIыкIумрэ сабий шабзэрэ фIэкIа имыIыгъыу хьэкIэкхъуэкIэм кIэлъыкIуащ. Мэзыр кIыфI зэрыхъуу, лъэужьыр фIэкIуэдащ. НэхъыфIщ зэрыфIэкIуэдари. Дауэ мыхъуми, гъуэгур къигъуэтыжащ, ауэ къигъуэтар атэлыкъым деж зэрыкIуэжынуркъым, ди деж узышэрщ. Абдеж сэ абы сыщыIуащ. ДыщыкIуэжкIэ атэлыкъым деж дыхьэжынщ. Алыджыкъуэ ди къуэшыр уэри къолъэIуащ ди деж унudыхьэну... Дэнэ кIуа фи цIыхухэр, слъагъужхэркъыми?..

— Мыдэ къызэдаIуэ, Исмэхьил,— щэху дыдэу кърригъэжьащ Щоджэныкъуэм.

— Уэ угубзыгъэщ, уцIыхуфIщ. Сэ уэ щIыхьышхуэ пхузощI. Уэ лIы хуэдэу сынопсалъэ хъуну?

— ЖыIэ...— Исмэхьил и дамэхэр дригъэуеящ зыри къыгурымыIуэу.

— Зыгуэр щхьэкIэ сынолъэIунущ... ЛъэIур мыхьэ-

нэншэщ... ЖеIэ уи къуэшым дыкъыумыгъуэтауэ, укъытлъэщIэмыхьауэ.

— Я алыхь! Сыт мы зэхэсхыр? — къэгубжьащ Исмэхьил.— ПцIы упсыныр лIы хьэлу къабж зэрыхъурэ куэд щIа? УгушыIэрэ, Алыджыкъуэ?

Алыджыкъуэ пIырыпIу плъыжь хъуащ, ауэ укIытауэ аратэкъым — къэгубжьат.

— Сэ сыгушыIэркъым. Хьэмэрэ уэ тыгъэфI ухуэмейуэ ара? — и дзэхэр зэтрикъузэу жиIащ абы.

— Иджы сэ сыкъищэхуну аращ и гугъэр,— губжьыщауэ жиIэн имыгъуэтыжу къыщитхъащ Исмэхьил.— Къубатий! — уи тхьэкIумэр Iуубыдэ. Уэ щIэпщIэн щыIэкъым цIыхухъухэм зэрахьэфынкIэ хъуну икIагъэр здынэсыр.

— Уа, си къуэш, псалъэмакъым къыхыхьащ аргуэру Мухьэмэд.— Сыт ягъэ кIын ди лъэIур къытхуэпщIэмэ?

— А-а, аргуэру жыпIэр сыт уэ сондэджэр хьэбыршыбырым? Уи дежкIэ лIы нэмысыр псыунэм щIагъэувэ къубгъаным нэхърэ мынэхъ лъапIэу ара?

— Апхуэдэ напэтех псалъэ лIы ирапэсу зэхэсхакъым,— щIэфиежу Iущэщащ Алыджыкъуэ гуэрыр.

Губжьым и нэр къыщхьэрипхъуа нэужь, ищIэр зымыщIэж Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэм и шыр шынэхъыжьым гъунэгъубзэу ирихулIащ.

— Хуэму, хуэму, фызыгур зыкIуэцIылъ! Сыт лIым и нэмысымрэ хабзэмрэ уэ хэпщIыкIыр? Лъы зэрыплъагъуу уэ уи пхалъэр псыф мэхъу...

— Хэт игъащIэм зэхиха къуэш нэхъыжьым апхуэдэ ирапэсу...

ЩIопщыр фийри Мухьэмэд и нэкIу дахэм «щIач» жиIэу техуащ. Исмэхьил и Iэр етIуанэуи иIэтат, ауэ асыхьэтым Мухьэмэд и Iэ ижь жыр Iэлъэ зыIэрыгъым абы и нэзэрыхъэ сэмэгур пхиудащ. Исмэхьил зэхищIэжакъым щхьэкIэ шы лъабжьэм зэрыщIэхуари, «щIыкъщ» жиIэу и тхы къупщхьэр зэрызэхэщэщари, зэхихакъым мыщэ шыр уIэгъэу псэм еджэу Къубатий зэрыкIияри.

Мухьэмэд шым къепсыхри Iэпкълъэпкъыр зэщIэдияуэ и къуэшым щхьэщыуващ:

— КъытлъэщIыхьакъым Исмэхьил, дыкъигъуэтакъым. Дэ зыри тщIэркъым. КъыбгурыIуа?

— Мыр-щэ? — макъ икIакIэ ерагъкIэ къыдришеящ Мухьэмэд и къуэшым къилъхуа щIалэм дежкIэ и Iэр ишийурэ.

Щоджэныкъуэм щIалэ цIыкIур езым и шыплIэм дигъэтIысхьащ. Япэ дыдэу и нэгу щIэкIа гуауэм иужьыгуа Къубатий щымт, къыфIэIуэхуи щыIэтэкъым. .

— ЛІар мэзым хэлъафэ,— Алыджыкъуэ псалъэ нэхъ щабэ гуэрхэр къилъыхъуэну хэттэкъым.— Хьэдэр жыжьэ Іуумылъэф, къэгъуэтыжыгъуафІэ хъун хуэдэу къэгъанэ. ЩІалэжь цІыкІур сэ зэкІэ сІыгъынщ.

Гъуэгум къытехьэжу шым шэсыжа нэужь Мухьэмэд аргуэру щІэупщІащ:

— Сыт мыбы етщІэнур?

— Абдулла-щэ... Тамбийхэ я деж тІэкІу зыщиІэжьэну жиІакъэ...

Ы-ыІ — и щхьэр ищІащ Мухьэмэд.— Мобы-щэ?

— Исмэхьили? Абы и Іуэхур нахуэщ. Исмэхьил Тузархэ я къуэм хуэзэри жыр джанэр къритыну пиубыдащ, зэныкъуэкъуурэ зэщыхьэжри мис... Къанболэт... Дэ Исмэхьил и псэр хэмыкІ щІыкІэ дыхуэзащ, пэжкъэ? НтІэ, мылІэ щІыкІэ псори къыджиІэжащ...

— Ар хъунут, ауэ...

— ...Ауэ Къанболэт псэууэ мы дунейм къытебнэ хъунукъым. Аракъэ?

— Аращ. ХьэзрэІил и сэшхуэ мыубзэщхъур абы хуигъэпсащ. А сэшхуэр сэращ! — псалъэ Іэтахэр здыжиІэм абы и гущІэр лъагъумыхъуныгъэ гуащІэкІэ къызэщІэнащ.

Иджыпсту ар теплъэ хъуртэкъым лажьэ зимыІэ Къанболэт. И щхьэм фІэкІа нэгъуэщІ ифІ зымылъагъу дэтхэнэ цІыху гущІэгъуншэми хуэдэу, езым ІэщІэкІа щІэпхъаджагъэр абы трилъхьэнут хэти — Тузархи, Алыджыкъуи, Абдуллаи, Къубатий цІыкІуи, дунейм ехыжа и адэ-анэми, иджыри къамылъхуа и щІэблэми. ЛъыщІэж гурыщІэр кІуэцІым къыщызэщІэнэри мафІэ бзий шынагъуэу абы и нэм къыщІэлыдыкІащ.

Губжьым зи нэр къыщипхъуа Мухьэмэд иджы Іэубыдыпіэншэу, еш имыІэу лъы игъэжэн хуейщ, хэт и лъыуи щрет, къуаншэ хьэмэ мысэ жиІэу емыплъу уэру лъы игъэжэн хуейт илэжьа щІэпхъаджэр абыкІэ илъэсыжыфын нэхъейуэ.

Алыджыкъуэ щыуагъэншэу илъагъурт и ныбжьэгъур зыхэт гурыгъузыр икІи абы щыгуфІыкІырт: нобэ щыщІэдзауэ Хьэтэжыкъуэ нэхъыщІэр Щоджэныкъуэпщым и лъэгущІэтт, и жьэм къыжьэдэкІар тІу иримыгъэщІу зэфІигъэкІыну — ар ЦІащхьэм хэти ириушт хьэ жыІэдаІуэ хъунут. Апхуэдэхьэм уасэ яІэкъым, ауэ мы шейтІан угъурсызым хуэсакъын, зэбуштынур пщІэн хуейт, армырмэ уэ къодзэкъэжынкІэ тІэу еплъынукъым.

* * *

Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ деж къикIыж Тузар Къэралбий шу зыбгъупщI щIыгъуу Тэрч Iуфэ мэзхэр зэпиупщIу кIуэжырт. Унэм къызэрыблэгъэжар зыхэзыщIа шыхэм я лъэбакъуэр нэхъ жан хъуат: псытепхъэм адрыщIкIэ Къэралбий и жылэжьыр къыщыст.

Пшэ Iэгуэ зытемылъ уафэ къащхъуэпсым и курыкупсэм ит шэджагъуэнэужь дыгъэм и хуабэр зэримыгъэзахуэу мэз зэщIэкIамрэ фэху нэхутхьэхухэмрэ берычэту яритырт, мыпхуэдэ махуэ уэфI куэд мы илъэсым зэрыхэмытыжынумкIэ псоми хъыбар яригъащIэ щIыкIэу. ТхьэмпэIувхэмкIэ гъэмахуэ псом мэзым и щIыIэтыIагъыр иIыгъами, бжьыхьэм и Iэр щабэу зэрахэIэбэу, жыг абрагъуэхэм я тхьэмпэхэр дыщафэ хъуащ, хъуам и мызакъуэу, я лъабжьэхэр алэрыбгъу къуэлэнхэмкIэ къагъэтIылъыхьащ. Зи фащэ щхъуэкIэплъыкIэр бжьыхьэм щиха жыгхэм — ар жыгей IэплIакIуэ е екIэпцIэ цIынэ цIыкIу ирехъуи — я плIэ дэлъа хьэлъэр дэхуауэ дыгъэм и нурхэм зыхагъапскIэ.

Къэралбий и фоч бдзапцIэрэ щтаучкIэ узэдар, гъэпкIауэ иIыгът — къэзмакъымрэ пыжьымрэ Iуву зэрыт псы Iуфэм мэз джэд хэзт. ИкIи мэз адакъэ зыкъизыхыр и дамэхэр тригъауэу шым и пэм деж къыщыхэлъэтащ, си кIэкIыхь плъыжьымрэ си бгъэгу щIыхупсымрэ фыкъеплъи схуэвгъэщIагъуэ жиIэм хуэдэу, и плъыфэ псори дыгъэм пэцIууэ. Къэралбий и «алейт» фоч кIыхьыр и бгъэм ирисдзэну хунэмысу адакъэм чыцэм зыхидзэжащ. «УщэкIуэну мурад пщIамэ, утемыгупсысыкI»,— хуэшхыдэжащ ар и щхьэ. Къэралбий, пэж дыдэу, зэгупсысыр хьэжэбажащэ Iуэхухэртэкъым, атIэ здэщыIа пщышхуэм къыжриIахэрт. Кургъуокъуэ лIакъуэлIэш лIыжьыр гуапэу иригъэблагъэри, зытекIухьа Iуэхум гупсэхуу къедэIуат. А жырыр дыщэ защIэрэ КъурIэным и Iэят псори тетхауэ щытми, абы щхьэкIэ лъы ягъажэу зэрахуимыдэнури быдэу къыжриIат. Ауэ зэныкъуэкъу щымыIэн, зым адрейм гукъанэ хуимыщIын щхьэкIэ лIо пщIэнур? Шурылъэс джэгу щIалэхэм яхуищIым мынэхъыфIу пIэрэ дэтхэнэми и шэрыуагъ, къару, хахуагъ къигъэлъэгъуэфын папщIэ? Гупыж зыщI псори хрет а зэпеуэм — нэхъ хахуэм, зэфIэкI къэзыгъэлъагъуэм, шымрэ Iэщэмрэ нэхъ хуэIэкIуэлъакIуэм тыгъэу жыр джанэр еттынщ, жиIэрт пщышхуэм.

ФIэмыфIыщэурэ ар арэзы техъуащ Хьэтэжыкъуэм и псалъэхэм. Сыту жыпIэмэ, Къэралбий ящыщтэкъым си щхьэм пщIэ хузощI жиIэу зызыгъэкъхэм, IэщэфIыр фIыуэ

зэралъагъум нэпсей ищIхэм. А псом нэмыщIыж абы шэч къытрихьэртэкъым Къанболэт а зэпеуэм зэрыщытекIуэнум. (Хьэтэжыкъуэри гугъэ хуэдэт и къуэш нэхъыщIэр абы щытекIуэну). Пщышхуэр иджыри Щоджэныкъуэм епсэлъэнущ, ар къигъуэту къыхуишэну Исмэхьилыр иутIыпщащ. Мис абы щыгъуэ шурылъэс щыджэгунумкIэ зэгурыIуэнщ...

Аргуэру зы мэз джэд зыкъиIэтат, ауэ мы зэми Тузарым кIакхъур щIичакъым, псэущхьэ дахэм лъэщу зэрызиIэтым нэкIэ кIэлъыкIуэта мыхъумэ — нобэрей махуэр азалыхьым щэкIуэным къыхуигъэщIауэ къыщIэкIынтэкъым.

Къэралбий фэху иным ихьащ (абы уикIрэ мэз цIырхъ тIэкIур зэпыбупщIыжмэ, Тэрч и Iуфэ лъахъшэм уIухьэнут) икIи илъэгъуар игъэщIагъуэу и напщIэр дригъэуеящ: тхъурымбэ къызэхуэх шы ешахэм тесу шууей гупышхуэ къыщытт. Ахэр хэтми къэпщIэну гугъутэкъым: шэч хэлътэкъым Щоджэныкъуэм зэришу гъусэм. Мес езы ЦIащхьэри, Хьэтэжыкъуэм и къуэш нэхъыщIэри ящIыгъущ. ГъэщIэгъуэнракъэ, Исмэхьил щхьэ къалъэщIэмыхьарэ мыбыхэм? Къэралбий зыхуигъэхьэзыращ жыр джанэм теухуа псалъэмакъ кIыхьым, ауэ абы зы мащIэкIи шэч къытрихьэртэкъым псалъэмакъыр мамыру зэрызэфIэкIынум. ИтIани Щоджэныкъуэр пщышхуэм деж кIуэнщи...

Ауэ зэримыгугъауэ Iуэхур къыщIидзащ. Губжьым зи нэгур зэблиша Мухьэмэд гъуэжькурий фIыцIэу лIакъуэлIэш лIыжьым жьэхэлъэдащ:

— Дэнэ щыIэ уи хьэпшырыр? — Iупсыр ипхъырт абы.— Уэракъэ жыхуэсIэр, шыд лIа?

Къэралбий и гъащIэ кIыхьым и кIуэцIкIэ зэи зэхихатэкъым апхуэдэ псалъэ фIей цIыхум ирадзу. ЛIыжьым и гущIэр занщIэу щIыIэ къэхъуащ, ауэ и Iэпэхэр дият, жьэпхъэбгъухэр щIишати псалъэ къыхудэшейртэкъым... Пэжу жаIащ пасэрейхэм,— егупсысырт ар зэщIэна жьэпхъэбгъур хузэтемыхми дзэ зэхуакухэмкIэ дэкIыу жьыр и бгъэм изу жьэдишэурэ: «Сэшхуэм и уIэгъэр мэкIыжри, псалъэм иуIар хъужыркъым». Ауэ сэшхуэм иуIари хъужыну алыхьым иухатэкъым: Мухьэмэд жэуапым пэмыплъэу и сэшхуэр иIэтри жьыр зэпихулэкIыу удын идзащ: сэшхуэпэм зэпиупщIа къурмакъейм уэру лъыр кърикIыкIащ. Асыхьэтым уащ Къэралбий и уанэкъуапэм зэпрыууэ телъа фочыр — сэкIэ зэпыгъэлъэлъа бдзапцIэ шэпхъыр зытехуа шыр гуIэу щыщащ. Фоч уэ макъымрэ шым и щыщымрэ зауэм щIэдзэн зэрыхуейм и хъыбарегъащIэ хуэдэ хъуащ. Я пщыр бгъукIэ ещIэурэ шым зэрещэтэхыр щалъагъум, Тузархэ я цIыхухэм я сэшхуэр къралъэфащ, макъ шына-

гъуэкӀэ зэрыгъэкӀийуэ. ЛъэныкъуищкӀэ къаухъуреихьахэм я Ӏуэхур хуабжьу гугъут. Пэжщ, зыр адрейм зэран хуэхъуу утыкум зэригуэхэм, ахэр нэхъыбэ пэтми, гуп цӀыкӀур занщӀэу зэхаупщӀэтэфакъым. Абы къыхэкӀыу Тузархэ я шу гупыр зэман гуэркӀэ абыхэм япыщӀэтыфащ.

— Еуэ, еупщӀэтэх! — и макъ къызэрихькӀэ кӀийрт Мухьэмэд, япэ ит сатырхэм я дежкӀи пхритхъыну еӀэу.

Зэхэуэм хэтхэм ящыщу нэхъ Ӏэдэбыр псы икӀыпӀэмкӀэ кӀуэ гъуэгум тет Алыджыкъуэпщым и закъуэт. Ар щытт шабзэмрэ шабзэшэхэмрэ хьэзыру иӀыгъыу — мы щӀыпӀэм псэ Ӏуту зы цӀыху икӀ хъунукъым. Хьэтэжыкъуэм и къуэр — Къубатий — Хьэгъурым иритауэ и шыплӀэм дэст. Уэркъ дыжьыныгъуэр зэзауэхэм нэщхъыцэу яхэплъэрт. Абы и нэкӀум телъ уӀэгъэхэр, удынхэр ерагъкӀэ гъущыжа къудейт, лъэныкъуэкӀэ ирахуэкӀа и пэбгыр щӀым щӀихуэным хуэдэу узырт. Ар зэхэуэм хыхьэну пӀащӀэртэкъым. И къуэри иутӀыпщыртэкъым. (Абы ищӀэртэкъэ, лажьэ зимыӀэ цӀыхухэр зэрызэхаупщӀатэм пщӀэшхуэ къызэрыпхуимыхьынур). Нышэдибэ Хьэгъур хьэкъыу зыхищӀащ япэм хуэдэ нэмыс, пщӀэ и пщым зэрыхуимыӀэжыр. Бабыгум ар игъэщӀэгъуэжащ, тӀэкӀуи къэшынэжащ, уеблэмэ къэгубжьыпащ: япэ щӀыкӀэ и щхьэм щхьэкӀэ, итӀанэ и пщым цхьэкӀэ.

ЦӀыхухэм я кӀий макъымрэ сэшхуэхэм я зумрэ зыкӀи нэхъ машӀэ хъуртэкъым, Тузарым и гъуса шууипщӀым цыщу хы фӀэкӀа къэмынэжа пэтми. Ахэр игъащӀэм иужь дыдэу сэшхуэр зыгъэбзэж цӀыхур зэрызэуэным хуэдэу зауэрт — (илъ ищӀэжырт щӀэпхъаджэу яукӀа Къэралбий щхьэкӀи, иджыпсту зэраукӀынур ящӀэу езыхэми ялъ ящӀэжырт. ЦӀащхьэм щӀыгъуахэм ящыщу лӀибл шы лъабжьэм кӀуакӀэт. Ауэ апхуэдиз къамэ Ӏэпщэм пэщӀэтыну кӀуэ пэтми гугъу хъурт Тузархэ я цӀыхухэм дежкӀэ. Ешрэ шынэрэ зымыщӀэр Шужьей мыщэжьым и закъуэт. Шамбыр баш цӀыкӀуу фӀэкӀа къыщымыхъуу абы и щхьэщыгум щигъэкӀэрахъуэ бердыш иныр и бийхэм я жыр пыӀэм хьэлъэу техуэрт, зытехуари къэтэджыжыртэкъым. Шужьей екъурт Мухьэмэд деж пхыкӀыну, адрейми ар ищӀэрти нэхъ ерыщыжу абы къыхуекъурт, арщхьэкӀэ яхъуреягъкӀэ щыхьэкъувыкъухэм тӀуми гъуэгу иратыртэкъым. Абдежым ирихьэлӀэу дэнэкӀи къыщцыщӀидз Ӏэдышэм лӀыжьыр абыхэм яку зэрымыщӀэкӀэ къыдэхутащ. И джатэ псынщӀэр игъэкӀэрахъуэурэ ар Мухьэмэд гъунэгъу хуэхъуащ, икӀи абы и шым епыджащ. Шы уӀэгъэр кӀэбдзкӀэ уващ, Хьэтэжыкъуэм и джатэ лӀыжьыр тӀууэ зэпызыупщӀыну щытар хьэуам щыфияащ. Мухьэмэд бэлэрыгъар ижьырабгъумкӀэ

щещIэм, Iэдышэм и гъунэгъубзэ къэхъуащ. Ауэ лIыжьыр Iэнкун хъуакъым — Мухьэмэд и пщэр щиубыдыкIащ, апхуэдэу тIури шым къехуэхащ.

— Уа-хьэ-хьа! — ину дыхьэшхащ Шужьей.— Бгъэ зызыгъэкъыр жьындум и лъэбжьанэм пэщIэхуаш!

Мухьэмэд къыщылъэтыжри и лъакъуэм зыкъыкIэрызыщIа Iэдышэм — бзум ил и лэпсщ, сыт и къарут абы — лъакъуэм кIэридзыжащ, лIыжьыр лъэбакъуэ зыбгъупщIкIэ лъеин хуэдэу, икIи бгырыпхым фокIэщI къыдихри Шужьей иригъэпщащ.

— Зэ умыпIащIэ! — къэджащ Шужьей шым зыкъригъэлъэтэхыурэ,— мыдэ сынепсыхынщи сэшхуэкIэ дызэIэпщэкIуэнщ.

Абдежым кIакхъур щIичащ, занщIэуи пелуан жьакIагъуэр бгъукIэ ещIащ. Абы и адыгэ цеищхъуэм, жыр бгъэIулъым и сэмэгурабгъукIэ лъы къызыпхиващ.

— Iэдышэм...— макъ итхъунщIыкIакIэ джащ ар.— Шым зедзи щIэпхъуэ... Къанболэт жеIэ... Iэмал зэриIэкIэ псынщIэIуэу... А Нартшу жьэрэIурэм, си ныбжьэгъужьым, жеIэж...

ГушыIэмрэ ауанхэмрэ зыхуишэч а лIы закъуэм Шужьей хуиIуэхуну и гугъахэр ныжимыIэсу къэнащ. Мухьэмэд абы сэшхуэмкIэ еуащ. Шужьей укIурия нэужьи аргуэру зэ кIуэцIыпыджэжащ. Аргуэрыжьу лIы лIам тIэунейрэ еуащ, хьэдэр зэхиупщIатэу. Хьэдэм езауэ Хьэтэжыкъуэм гу лъитакъым Тузарым и шу гъусэхэр мэз лъапэм зэрырахулIар къигъэсэбэпу Шужьей и шышхуэжьым Iэрыхуэу зридзу Iэдышэм мэзым зэрыхэлъэдам. Ауэ Iэдышэм зэрыщIэпхъуэжар илъэгъуащ Алыджыкъуэ. АрщхьэкIэ езым и цIыхухэм ятригъэхуэнкIэ шынэу абы иутIыпща шабзэшэр Iэдышэм ибгъукIэ блэлъэтащ, шыми лIыми ялъэмыIэсу. Къэгубжьауэ ар цIыхухэм ящIэгубжьащ:

— ИIэ псынщIэу, маржэ! Джэду щхьэхынэу фыщIэпэщащэр сыт?

Ауэ абы и псалъэхэр зыми зэхихакъым. Псэууэ къэнаитIым Iэщэр ягъэтIылъыну я пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым. Дэнэ апхуэдиз къаруи къыздрахар! Мис Мухьэмэд и удыным зы ихьащ, иужьрейр уIэгъэ защIэми езыр ябгъэрыкIуэу щIидзащ икIи езыр щаукIми Щоджэныкъуэм и уэркъхэм ящыщ зы хьэдрыхэ здишащ.

ИхъуреягъкIэ щым хъуащ. Дэтхэнэри а меданым егупсысу къыщIэкIынт шы лъабжьэхэм зэхавыхьа мы фэху дыгъэпсым къыщыхъуа Iуэхум.

Алыджыкъуэ цIыхухэм гупсысапIэ яритакъым.

— Хуабжьу куэдрэ фелIэлIащ,— къэIуащ абы и макъ

губжьар.— Дапщэ дыдейуэ яукІар? ПщыкІубгъу, пІа? ПсатхьэкІэ соІуэ, апхуэдэурэ датекІуэу щытмэ, къуентхъыр зыгуэшыжын димыІэу дыкъэмынэм.

Я Іыхьлыхэу, ныбжьэгъухэу зэхэуэм хэкІуэдахэм Іуплъэху уэркъхэм я щэІур, гъыбзэр нэхъыбэ зэрыхъур щилъагъум, и шым и пэщхъын уІар зэпэзыплъыхь («алыхьым и шыкуркІэ, ягъэ кІакъым») Мухьэмэд къэлыбауэ зыкъигъэзащ:

— Фи жьэр зэщІэфкъуэ! Зауэм хэкІуэда адыгэлІым щхьэкІэ нэпс щІагъэжыркъым.

— Тэмэмщ! — къыІухьащ Щоджэныкъуэр.— Иджыпсту лей куэд къемыгъэкІуэкІауэ къаукІахэр псынщІэу щІэтлъхьэу гъуэгум пытщэн хуейщ. Зауэр дыухакъым, щІэддза къудейщ. Тэрч узэпрыкІмэ, Тузархэ я лъапсэ емынэунэр къыщытщ. Къуаргъыжьыр дукІащ, ауэ щІэм хъыбар лъэІэсу цІыху зэхуимышэс щІыкІэ нэсауэ и лъапсэм псы игъэжыхьыжын хуейщ.

— Абы щыгъуэ мохэр щІэтлъхьэным дыхуэвмыгъэпІащІэ,— къэІуащ Мухьэмэд и макъ.— Мыбы я нэхъыбэр мажусийщ. Ахэр щІэтлъхьэныр, кхъащхьэм мафІэ тещІыхьыжыныр, адрейуэ абы пыщІа хабзэ къомыр таурыхъ кІыхьщ.

— Муслъымэн хабзэмкІэ нэхъ кІэщІ? — щІэупщІащ Алыджыкъуэ.

— Ахьей, нэхъ кІэщІ,— жэуап къитащ Мухьэмэд.— ЩІэлъхьарэ ясын къеджэжамэ, зэфІэкІащ. Гъуэгу утету хьэдэ щыщІэплъхьэкІэ, нэхъыбэ ухуейкъым.— Пщым пцІы зэриупсыр езыми ищІэж щхьэкІэ, алыхьым щышынэу и напІэ хуэдакъым, Къанболэт деж нэсу хьэлэчыр хилъхьэну и нэр къикІырти.

Ар ямыдэу зыгуэрхэр гъумэтІымат, арщхьэкІэ ахэри къытригъэхьэн Алыджыкъуэ лъэкІащ.

— ЩыгъынышщІэр жьым нэхърэ нэхъыфІщ. Апхуэдэщ диныщІэри. Уеблэмэ, сэ, фи пщыр, муслъымэн диным сихьэну мурад сщІащ. Ар зыфІэмащІэр игъащІэкІэ къупщхьэжьым ирырегъу. Ауэ нобэ Хьэтэжыкъуэпщым и жыІэм федаІуэ.

Алыджыкъуэ и шу гъусэ къаукІахэм я мащэр иратхъуэжа нэужь, молэм и къалэнхэр зи пщэ дэзылъхьэжа Хьэтэжыкъуэпщ нэхъыщІэм жиІащ:

— Сэ хьэрыпыбзэкІэ КъурІэным итым щыщу тІэкІу сощІэри, ар псоми тхурикъунщ.— ЕрагъкІэ нэщхъеифэ зытригъауэри, абы зэрыпсалъэм хуэмыдэу хэІэтыкІауэ къыщІидзащ:

— Бисмылахьи рэхьманирэхьим...

КъагурымыӀуэ а псалъэ шынагъуэхэр зэрызэхахыу мажусий диным нэхъыфӀ щыӀэу зымыщӀэ уэркъхэр щтэӀэщтаблэу зэплъыжащ икӀи я гъащӀэм къыхыхьэ динышӀэм иущыгуауэ я псалъэр пачащ.

— АдэкӀэ зэрысщӀэжымкӀэ, мыпхуэдэхэм деж жаӀэр мыращ: Дэ уэ уэттащ Кевсерь ы-ы... мохэрщ жыхуэсӀэр;— Мухьэмэд и Ӏэпэр мащэхэмкӀэ ишиящ: — НтӀэ, Кевсерь иратынущ... Ар фӀы гуэрщ, жэнэтым щежэх псыр ара си гугъэжщ. Иджы азалыхьым зэчыркӀэ зыхудогъазэри къурмэн худощӀ. Алыхьыр зылъагъу мыхъухэм я лъэужь къудей дунейм къытемынэу кӀуэдынущ. Аращ, Ӏэмин!

Уэркъхэр аргуэру зэплъыжащ, зыри къагурымыӀуарэ динышӀэм и хабзэу Мухьэмэд къаригъэлъэгъуар яфӀэмащӀэу.

— ЗэфӀэкӀа? — щӀэупщӀащ Щоджэныкъуэр.— ЗэфӀэкӀамэ, дэгъуэщ. Мес дыгъэри мыгувэу къухьэнущ.

— Мобыхэм ятщӀэнур сыт? — псалъэмакъым къыхыхьащ Бабыгур.— Тузархэ я цӀыхухэр мыпхуэдэу къэдгъанэ хъункъым.

— ИкӀи къэдгъэнэнкъым,— и пащӀэ щӀэгуфӀыкӀащ Щоджэныкъуэр.— КъурӀэным «я лъэужь дунейм къытемынэу кӀуэдынущ» жиӀэу итщ, пэжкъэ? Уэ дауэ уеплърэ, Мухьэмэд? Тэрч хэддзэнщи, кӀэ иӀэщ, ара? Аращ сэри си гугъэр-тӀэ. Унафэ яхуэщӀ...

И шу гъусэхэм ящыщ зыкъом, Бабыгум и щӀалэри яхэту, Алыджыкъуэ ярыригъэгъэзэжащ: абыхэм шы лейхэр, езыхэм яйри ямейри, яхун, къаӀэрыхьа Ӏэщэр пщым и деж яшэн хуейт.

Псым икӀыну щыӀухьам жэщ хъууэ хуежьат. Жаншэрхъ плъыжьышхуэу къухьэж дыгъэм и нурхэр псыгуэжым къиицырти, псым лъы пщтыр зэкӀыха мэӀуху хагъэува фӀэкӀа пщӀэнтэкъым.

ЩӀалэ цӀыкӀур и шыпхэм пысу и ужь иту кӀуэ Хьэгъур къэщтауэ къыхэкӀиикӀащ, нэхъ иныжу кӀиящ Къубатий. Псори къэувыӀэри абыкӀэ плъащ. Бабыгум и шым зыщӀидзри лъэбакъуэ зыщыплӀкӀэ псым и кӀуапӀэмкӀэ екӀуэтэхащ, асыхьэту шыри лӀыри зэрызэтесу архъуанэм щӀэтӀысыкӀащ. Абдежым цӀыхухэм къалъэгъуащ шыри тесари зыгъэшынар: псы щӀыӀум тесу псы ӀуфэмкӀэ есырт блэ фӀыцӀэ зэрамыщӀэж.

Шыр псынщӀэу къыдридзеижати, толъкъун лъэщхэм псыкум яхьащ. Ауэ Хьэгъури Къубатии бгъуэтмэ, къащтэ.

— Итхьэлахэщ,— жиӀэри щэтащ Щоджэныкъуэр, игу ящӀэгъуаи, игу псэхужаи...

— Алыхьым абыхэми къаритынщ Кевсерь,— жиӀащ.

Мухьэмэд икIи сытми щIигъужащ: — Бисмылахьи рэхьманрэхьим...

Iэджэ зи нэгу щIэкIа зауэлI хъыжьэ Идар джэбыным хуэдэу фагъуэ хъуащ, ауэ зы псалъэ жиIакъым. Ар набдзэгубдзаплъэу псыежэхым хэплъэрти, псым зыщигъэшым деж зыгуэрым и щхьэр къыдридзея фIэщIащ. ЩIалэ цIыкIур къелауэ пIэрэ? Хьэгъур и гугъу щIэпщIын щыIэххэкъым, абы Iэщэ-фащэу кIэрылъар плъэгъуауэ. Псым хэхуа налыр нэхъ къыдридзеижынщ... Гуауэщ Бабыгур зэрыхэкIуэдар. ЦIыху пхъашэ, жыр пыIэр кърырихьэкIа мыхъумэ и щхьэр акъылым хуэхея пэтми, мы пщыхэм нэхърэ нэхъ хабзэрэ нэмысрэ хэлъащ.

Идар и шым елъэдэкъауэри Тэрч зэпрыкI гупым кIэлъежьащ.

«Кевсерь... Кевсерь,— и щхьэ хужиIэжырт абы.— Упсэууэ щIым, Тэрч и Iуфэм утетым нэхъыфIщ, хьэдэу жэнэтым, Кевсерь и Iуфэм ущыIэ нэхърэ...»

## *Бзум я нэхъ цIыкIум и кIэм уэсукхъуэр къызэрикIыр уигу къэзыгъэкIыж*<br>*ЕХАНЭ ХЪЫБАР*

— Къанболэт! Дэнэ щыIэ Къанболэт! — Шужьей иш ахъырзэманым тесу пщIантIэм гъуэжькуийуэ къыдэлъэдэжа Iэдышэм и макъ къызэрихькIэ мэкIий.— ЩIэхыу, Къанболэт къысхуэвгъуэт, маржэ хъужынхэ!

Апхуэдэу гужьеяуэ а лIыжьыр зылъэгъуа мы пщIантIэм дэттэкъыми, абы и нэгум къищ гузэвэгъуэр Тузархэ я цIыхухэм гурыщIэ щIыIэу япкърыхьэу хуежьащ.

— Сыт къэхъуар, дадэ? ЖыIэ псынщIэIуэу, мы ди гущIэр къыумытхъыу,— зэрызохьэ фызхэр.

— Iэдышэм, сыт хъыбар пхужымыIэу уи Iупэм телъыр? — щIоупщIэ лIыхэм ящыщ зы, зэрыхьзэрийм зыдримыгъэхьэхыу.

— Хъыбар Iей мыгъуэщ,— занщIэу и макъыр ехуэхауэ Iущащэу жеIэ шыхъуэм.— Ар апхуэдизкIэ шынагъуэщи, мафIэсрэ емынэ узрэ зэгъусэу къакIуэми ярейщ... Дэнэ щыIэ Къанболэт? Иджыпсту къэсынущ мафIэсымрэ емынэ-таломрэ... МафIэр Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэрщ, Мухьэмэд хьэщхьэрыIуэрщ, емынэм зэреджэр Алыджыкъуэ-ЦIащхьэщ,— Iэдышэм щыму пщIантIэм дэтхэм тIэкIурэ яхэплъащ, итIанэ хьэлъэу щатэри и макъ псыгъуэмкIэ и

къару къызэрихькIэ къэкъугъащ, и гущIэм телъыр абыкIэ игъэтIысу:

— Къэралбий къаукIащ! Абы и гъуса псори къаукIащ! Дэнэ-тIэ мы Къанболэт здэщыIэр?

ПщIантIэр щым хъуащ, хьэдэ зыдахауэ — псом я жьэри зэуэ зэдагъэувыIат, унафэ хуащIам ещхьу. ЦIыхубзхэм ящыщ зым гъын щIидзат, арщхьэкIэ Iэдышэм зы нэкIэ абы Iуплъати, зэуэ пичыжащ.

Хьэмыщэ лъакъуэ кIыхьыр, «дэнэ» жиIэу Шужьей къэзыгъэлыбауэ щыта лIы лъагэшхуэр мы зэм зыми щIэупщIэртэкъым. Ар шы фIэдзапIэм кIуащ, иш щхъуантIэм зридзри а зэрыщымым хуэдэу пщIантIэм дэкIащ. ИтIанэ шыхъуэ лIыжьым дежкIэ зыкъигъазэри, къэхъуа лъэпкъ щымыIэм хуэдэу, пIейтеиныгъэ зыхэмылъ макъкIэ жиIащ:

— Къанболэтрэ Нартшурэ щакIуэ кIуащ. Модэ псы Iуфэ мэзым деж зыгуэрым дыгъужьыгъуэ щилъэгъуауэ жаIэ... Сэ иджыпсту къэсшэжынщ ахэр,— Хьэмыщэ и шым щIопщ уэгъуэ ирихри хьэмкIэ псынщIэкIэ щIэпхъуащ.

Iэщэ зиIэ, мыр зэуэфынщ жыхуэпIэу къуажэм къыдэнар цIыхухъу 20 хуэдизт. Ябг къамэ ищIа мыхъумэ, сэшхуи, шабзи, афи зимыIэ мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIхэр зауэлIхэм щIыхэббжэн щыIэтэкъым.

Зэрызэуэнум, мыгувэу зауэ-банэм зэрыщIадзэнум зы цIыхуми шэч къытрихьэртэкъым — цIыхухъухэр тепсэлъыхьыртэкъым. Ахэр мащIэу зэныкъуэкъуа къудейщ джатэ къихауэ къахуэкIуэ пщым и шууей щэ ныкъуэм дыпежьэн хьэмэрэ мыбдеж дыщыпэплъэн жаIэу. Пэплъэным траубыдащ, псоми шы зэрамыIэм къыхэкIыу. Iэдышэм игу къэкIат Тузархэ я зауэлIхэм гупитI зращIыкIыу зым шэщ къуагъым, адрейм дум ибгъукIэ зыщагъэпщкIуну яжриIэну, Щоджэныкъуэм и шу гъусэхэр къыдыхьа нэужь лъэныкъуитIымкIэ уащхъуэдэмыщхъуэу теуэн щхьэкIэ. Апхуэдэ дыдэу хъарзыни хъунт шабзэ псори — шабзэ зиIэри лIиплIт зэрыхъур — шы зимыIэ щIалэхэм ирату а лъэсыдзэр шабзэшэ куэд яхузэхуэхьэсауэ уэнжакъ пщэдыкъым къыдэгъэтIысхьамэ. Ауэ игу къэкIа а псор имыIуатэу Iэдышэм нэщхъейуэ пыгуфIыкIащ: лэпсыфI щовэ уи лэгъуп кIэгъуасэ защIэм, ауэ хэт уи гугъэ абы пхуефэнур? Хэт илъэгъуа адакъэ зэуэрейхэр бабыщыхъум игъэIущыжу? Шэщ къуагъым укъуэтIысхьэу бийм зыщыбгъэпщкIунуи? ЦIыхубзхэм ауану урамыхьэжьэжмэ, си тобэщ! Унащхьэм удэпщеину! Уэнжакъ хуабэм джэдухэм я гъусэу убгъурысынуи, лIы хуэдэлIхэр хахуэу зэрызауэм уеплъу? Бийхэр куэдыIуэщ жыпIа? «ЛIыр щIэупщIэркъым дапщэ жиIэу, дэнэ щыIэ жеIэ армыхъумэ» Мис апхуэдэщ Iэдышэм и

алащэжь мыгъуэ, ди уэркъхэр сыт щыгъуи зэрызауэр — хахуэу, псэемыблэжу мэзауэхэр, Iэмали хьилагъи яхэмылъу, щхьэж и Iэщэр зэрыхуэгъэIэкIуэлъакIуэм хуэдэу. Дауи, ахэр псори къаукIынущ, езыхэми ар ящIэ къыщIэкIынщ. Ауэ иджыпсту зыми игу къэкIынукъым бийр зэрыпхуехужьэжын, абы щыгъуэми зауэлIхэм ящыщ зыкъомым я псэр къезыгъэлын зэуэкIэ Iэмал гуэр. ЛIым и къутыргъэн пагагъэм хуегъэзэгъынкIэ Iэмал иIэтэкъым ар къэрабгъэу ягу къэзыгъэкIын гуэр, къэрабгъэу дэнэ къэна, сакъыу жезыгъэIэн гуэр илэжьыну. Апхуэдэ шэч къыпхуащI нэхърэ, улIэм нэхъыфIщи — лIым лIэн жыхуэпIэр хьэуи цыуи къыщIридзэн щыIэкъым. Аращи, Iэдышэм, жумыIэн жумыIэу уи къару зэгъэзахуэ: мыхьэнэ лъэпкъ зимыIэ мы зауэр щыщIидзакIэ, уэ уеплъу ущысыну ухуейкъым, пэжкъэ?

Псыхъуэм къыдиху жьыбгъэ пхъашэм, бжьыхьэ къэсам зыхуэдэ щымыIэ и мэщIэмрэ Iэуэлъауэмрэ япэу наIуэ дыдэу жылэм къыдэзыхьа жьыбгъэм и дамэм тесу пшапэр жылэм къыщхьэщыхьащ. Нэхъ гуащIэу зэхэпщIэ хъуащ дыгъэл хъуа тхьэмпэхэм я мэ гурыхьыр, къуршым къыщеса уэсым и ткIыбжьыр; нэм къимыщтэу лъагэу блэлъэт кърухэм я зэпэджэж макъыр ерагъкIэ зэхэпхыу къоIу, Тэрч и псы Iуфэхэм щыхьыр макъ гъумкIэ къыщоджэ — ар бжьыхьэ хьэгъуэлIыгъуэхэм япэ къихуэ зэхэуэ гуащIэм и хъыбарегъащIэщ; мес, я дамэхэр щабэу Iущащэу къуажэ щIыб губгъуэм, мэш бэв зытелъа пхафэм, щетIысэхащ тхьэрыкъуэ гупышхуэ. Апхуэдэщ дунейр — зым адрейр кIэлъокIуэ, псори зэпхащ. ЦIыхухэм я дежи аращ — зыр зым пыщIащ. Ауэ Тузархэ я пщIантIэм щызэхуэса цIыхухэр я тхьэкIумэр тегъэхуауэ зэдаIуэр нэгъуэщI Iэуэлъауэ макъщ. Зы мардэм тету шыхэм зэдадз я лъакъуэм и макъыр абыхэм япэ щIыкIэ я Iэпкълъэпкъ псомкIи зыхащIащ, итIанэ псоми зэуэ зэдалъэгъуащ гъунэгъу къахуэхъу шу гупым я ныбжь уафэ джабэ нэхум къыкIэридзар. Псы Iуфэр жыжьэжтэкъым — фоч уэгъуэ хуэдизт дэлъыр. Фоч щыжытIэкIи, а пщыхьэщхьэм Тузархэ я пщIантIэм дэт псоми яIыгъыр зы фоч закъуэщ, ар зэрыуари зэщ.

ЛIакъуэлIэшыжьым и Iыхьлы Бот — ар зи жьакIэ фIыцIэ Iувыр пхъэхьэнцэ тхьэмпэу зэфIэт, илъэс плIыщIым зэрыщIигъуа щымыIэ лIы пIащэ пэщэщэхт — икIэм урыс фоч гъумыщIэм гын иубэн иухри, фочыпэ хьэлъэр абы хуащIа пхъэзэфIэдзэм трилъхьащ. Япэ иту къакIуэ шууищым унэмрэ псымрэ яку дэлъыр зэхуэдитI иращIэкIат. Бот щтамылыр фочым тегъэщхьа гыным ирихьэлIащ, асыхьэтуи уэ макъ ин тхьэкIумэIупсыр иричу къэIуащ. Цымрэ гы-

нымрэ я сырымэм ихъуреягъыр зэщIищтащ. Бот еIусащ мафIэм илыгъуа и жьакIэм икIи хуэмыгъэIэкIуэлъакIуэ фочыр хыфIидзэри и шым шэсыжащ.

А уахътым Щоджэныкъуэм и гупым щыщ зылI бгъукIэ ещIэри елэлэхым-елэлэхыурэ шы лъабжьэм щIэукIуриящ. Тхьэхэм апхуэдэу яухати, бдзапцIэ шэ цIыкIур бгъэкIэ къэзыубыдар Идар угъурлыжьыр арауэ къыщIэкIащ.

Абы нышэдибэ и мурадат мы Iуэху щIэпхъаджэм хэмыхьэну Алыджыкъуэ епсэлъэну, арщхьэкIэ пщыр къэзыгъэгубжьын, абы и гукъыдэжыр къызэпызыудын псалъэхэр жриIэну тегушхуатэкъым лIы гу щабэр. Иджы, и псэр щыхэкIым ар егупсысыжащ и гу щабагъэм хуэфэщэн тыгъэ къызэрыIэрыхьам...

Тузархэ, я пщIантIэм лъыкIпсыкIым щыщIидзат. Гугъут ебгъэрыкIуэмрэ абыхэм япэщIэтымрэ зэхэбгъэкIыну. Шы лъабжьэм щIэхуэрт мыхъужын уIэгъэ зытехуахэр, дэнэкIи цIыхухэр пырхъыжу щыкIийрт, гъущIыр щызэрышхырт, шыхэр щыщырт. ХьэщхьэрыIуэ хъуа Мухьэмэд гъуэжькуий фIыцIэу зэхэуэм и курыкупсэм щыкIэрахъуэрт, удыныр ижьымкIи сэмэгумкIи идзу икIи макъ итхъунщIыкIа шынагъуэкIэ кIийрт:

— Дэнэ щыIэ Къанболэт? Дэнэ здэщыIэр мы Тузархэ я хьэпшырыр! КъыкъуэкI мыдэ, зумыгъэпщкIуу.

МафIэм пилыгъукIа пащIэ-жьакIэм къыпхыпсэлъыкIыу шхыдэу, Бот жьажьэм хуэмурэ Мухьэмэд дежкIэ пхитхъурт еIэпщэкIуэну и нэ къикIыу. Абы и сэшхуэ кIыхьым Щоджэныкъуэм и шууеитI игъащIэкIэ мышэсыжыну ириогъэпсыхащ, Мухьэмэд и нэ пIащитI лъагъумыхъуныгъэм и губжьыр къызыщIиххэм ящIэплъэну Iэмал игъуэтыху. Уеблэмэ Бот къыфIэщIащ а нэ шынагъуэхэр кIуэ пэтми нэхъ ин хъу — мис ахэр къэб гъуэжь хуэдиз, итIанэ щхьэл мывэ хуэдиз хъуащ, иужькIэ фIамыщIу фIыцIэпсу уафэ псор щIиуфащ, итIанэ пшагъуэ гъуэтIафэ утхъуауэ и пащхьэм къихутэри бзэхыжащ. Бот жьыбгъэ пщтыр къыщIихуащ, асыхьэтуи шыдыбжь гъэпщауэ и Iэпкълъэпкъыр псынщIэ хъури зиIэтым-зиIэтурэ лъагэу лъэтащ... Къарумрэ Iэпщэм и псынщIагъымрэ Мухьэмэд и лъэныкъуэу къыщIэкIащ. Абы и сэшхуэр зэIусам Iэзэ къыхураджэжыртэкъым — Iэзэ сэбэп хуэхъужынутэкъым.

Хьэтэжыкъуэмрэ Тузархэ я цIыхухэм нэхъ IэпщакIуэу къахэкIа зы-тIумрэ я Iэзагъым и лъэужьу зэзауэхэр кIуэ пэтми хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ хъурт, Къанболэтырщи, къахыхьэртэкъым.

Иджыри къэс Iэдышэм зэрамыукIар телъыджэт, ар зи

фIыщIэри Шужьей иш зауэм хуэIэзэрт — кIэбдзкIэ увурэ, и плIэ лъакъуэхэмкIэ ар хамэшхэм еуэрт. Абдежым ямыщIэххэу Хьэтэжыкъуэмрэ Iэдышэмрэ зэIууащ. Шужьей и шыр бгъэкIэ еуэщ Мухьэмэд и хакIуэ зэкIужми лIыри шыри зэрызэтесу ириудащ. Щыджалэм зи бзэгум едзэкъэжа Мухьэмэд лъы къиубжьытхыу, хъуанэцIанэу къыщылъэтыжащ. АпхуэдизкIэ къэгубжьат пщыри, жиIэри ищIэри ищIэжыртэкъым. Ар шым мышэсыжу лъэсу асыхьэтым блэлъэта лIыжьым, лъэбакъуитI-щым лъэщIыхьащ, еIэри, удз IэмыщIэ кърифыщIыкIауэ къыщымыхъуу, уанэгум кърич ащ. Iэдышэм Iэ ижьымкIэ иIыгъа джатэ цIыкIур IэщIэхуащ.

— Ы-ы-ы, гуэншэрыкъ гъуанэ! — и дзэхэр зэригъэшхащ Мухьэмэд.— Уэ куэншыб къэпым уи зэранкIэ сэ тIэунейрэ си напэ текIащ,— Хьэтэжыкъуэм пыпхэм хуэдэу ар иудынызщIащ.

— Ещанэуи тесхынщи икIи пшэчынщ! — жиIэри Iэдышэм абы и нэкIум щIэубжьытхащ.

Хьэтэжыкъуэр дыгъужь уIэгъэу къугъащ икIи зэрифIэщкIэ лIыжьыр щIым тридзащ. Iэдышэм кIэрахъуэри бжыхь лъабжьэм щIэхуащ икIи щым хъуащ — псэ хэтыжу къыщIэкIынутэкъым. Пщым и сэшхуэр кърилъэфри абы и дежкIэ зидзащ, арщхьэкIэ асыхьэтым абы и жыр пыIэм хьэлъэ гуэр къытехуащ, пщым и лъакъуэхэр зэфIэщIэри хуэму лъэгуажьэкIэ еувэхащ.

Нобэрей лъыгъажэр зи Iэужь Алыджыкъуэ ЦIащхьэм, зэрихабзэжьу, мы зэми зэуэнкIэ гугъу зригъэхьыртэкъым. Тузархэ ящыщу цIыхуитху фIэкIа къэмынэжауэ ахэр иджыпсту зэраукIынур хьэкъ щыхъуху пэплъа нэужь, Щоджэныкъуэм мурад ищIащ жыр джанэр къилъыхъуэну: лIакъуэлIэш щIалэм, дауи, ар унэм кърина щ. «Мухьэмэд сэрыншэу къэнар зэфIигъэкIыжынщ»,— жиIэу егупсысри пщыр хьэдэхэм — езым и цIыхухэми хамэхэм я хьэдэми — елъэри накIуэпакIуэу и шыр хьэщIэщымкIэ иунэтIащ. Ар епсыха къудейуэ, хьэщIэщыбжэр зэIужри хъыджэбз щхьэпэлъагэ гуэр къыщIэжащ, Алыджыкъуэм ауи хуемыплъэкIыххэу ар Хьэтэжыкъуэм и щIыбагъ дэлъэдащ, Бот хыфIидза фочыжьыр къиштэщ, зэрифIэщкIэ зишэщIри фоч лъэдакъэ хьэлъэр пщым и щхьэм трикъутащ. ИтIанэ фочыр хыфIидзэжри лIыжьым и щхьэр къиIэтащ...

Иужьрей зэманым и ныбжьэгъум и напэр зэрытекIым и гуапэу кIэлъыплъ Щоджэныкъуэм мы зэм зыхищIа гурыщIэр зыхуэдэр езы дыдэми къыгурыIуакъым. Иджыпсту абы зыхищIэр губжьтэкъым, шынэтэкъым, къэзыухъуреихь псомкIи зэрымыарэзыртэкъым, ар иджыпсту щыгуфIы-

кIырт, и нэгу щIэкIар хуабжьу и гуапэт. Ауэ иджы а гурыщIэм къыхэхъуат адрейхэм яIэу езым имыIэ, ауэ сыт щыгъуи зыщIэхъуэпс а имыIэри зыIэригъэхьэн хуейуэ къезыхуэкI гурыщIэр. Абы мы пщIантIэм дишын хуейр жыр телъыджэм и закъуэтэкъым. Ауэ, дауи щрети, нэхъыщхьэр арати, ар къызэригъуэтыным Щоджэныкъуэр епIэщIэкIырт.

Iэдышэм и нэр къызэрызэтрихыу къыщхьэщыс цIыхубз дахэкIейм къыIуплъащ.

— ЗыкъэпщIэжа, дадэ? — зэхихащ абы цIыхубз макъ гурыхьыр.

Iэдышэм зыгуэр жиIэу и Iупэхэр игъэпIэжьэжьащ.

— Сыт жыпIа, дадэ? Хэт и выгу?

— Гур щхьэпридзащ жызоIэ. Псори зи лажьэри сэращ...

— Сыт узэрыкъуаншэр?

— Уэ ухэт езыр? У-Нэлжан?

— НтIэ, нтIэ, сэращ! СыкъэпцIыхужа?

— УкъэсцIыхужащ,— щэтащ лIыжьыр.— Плъагъурэ, Нэлжан, бзу цIыкIум и зэранкIэ уэсукхъуэ ин къехащ.

— Сыт бзу цIыкIу иджы зи гугъу пщIыр?

— Сэращ бзу цIыкIур.

— Мыбдей уIухауэ сиIащэрэт...

— Зэ умыпIащIэ, Нэлжан, моуэ лъахъшэу зыкъэгъэщхъ,— ткIийуэ къэпсэлъащ Iэдышэм,— лIакъуэлIэш щауэм и жыр джанэр пщIэрэ?

— Хэт абы и хъыбар зымыщIэр?

— Къэралбий зэхихамрэ илъэгъуамрэ цIыхубзхэм яжримыIэжмэ, ишхыр и дзажэ дыхьэркъым...

— Дэ зыми къыщIыджиIэххэни щыIэкъым,— зигъэгусащ Нэлжан.— Арыншауи дэ псори дощIэ.

— НтIэ, жыр джанэр здэщылъыр пщIэрэ?

— Ехьей сщIэрэ. Сэракъэ унэр зэщIэзыкъуэр.

— Ахьей, унэм илъщ, дауэ мыхъуми. ХьэIуцыдз ЦIащхьэм къигъуэтынущ абы щыгъуэм, къигъуэтынущ.

— А-н-н-а, уэрэ сэрэ зи бэлыхь диукIыр сыт, сабий ухъужаи уэ лIыжьыр, — къэгубжьащ Нэлжан.— Ихъуреягъкlэ зэроукIыж, дыдейхэр псори яукIащ... УкъызэфIэувэфыну пIэрэ уэ?

— Си гущIыIум шы хэкIуапщIэ ирижа хуэдэщ, зысхуэгъэхъейркъым...

Нэлжан къыщиудри ину къэгъащ. Зэрыгъым хуэдэурэ Iэдышэм зыщIигъакъуэурэ ду щIыбагъымкIэ ирилъэфэкIащ.

Абдежым Iэдышэм и тхы къупщхьэмкIэ узыр сэ хаIуам

ещхьу къыщыхэлъадэри зэуэ и бгъэм зритыжащ, и нэр щыункIыфIыкIри афIэкIа лIыжьым зыри зэхищIэжакъым.

...Хьэтэжыкъуэ Мухьэмэд хьэлъакъуиплIу къызэфIэувэри къэтIысащ и щхьэр иутхыпщIу. И щхьэм псыкъелъэр щыIэуэлъауэм ещхьт.

— СлIожь къысщыщIар? — нэщхъыцэу жиIащ абы, и щхьэ хуэпсэлъэжурэ. Жыр пыIэр щхьэрихмэ — фIыуэ ириушкумбат.— Тхьэр зэуэн уафэм абрэмывэ къехуэхауэ ара?

Хьэтэжыкъуэр къызэфIэувэжри хъуреягъыр къиплъыхьащ. Абы и къарур псынщIэу зэрыгъуэтыжырт, уеблэмэ иджыпстуи зэуэфынут, ауэ зэхэуэр зэфIэкIат.

— Ей, мафIэ жыфIэ,— кIиящ ар,— нэм къыщIэIэбэр умылъагъуну кIыфIщ, зиунагъуэрэ!

ПщIантIэр хьэдэ зэтеупщIат. Тузархэ я цIыхухэм щыщу псэууэ зы закъуи къэнатэкъым.

Мухьэмэд зыгуэрым мафIэ къыIэщIичри бжыхь гуэрым щIидзэжащ («Нэхъ нэху хъунщ»): чы-бжэгъу гъурыр псынщIэу пщIыпщIу хуежьащ, ихъуреягъкIэ игъэнэхуу.

— Дэнэ щыIэ ЦIа... дэнэ щыIэ пщы Алыджыкъуэ? — щIэупщIащ ар.

Абы жэуап къратыну хунэмыс щIыкIэ езы Алыджыкъуэр хьэщIэщ бжэкум къиуващ. Абы и нэщхъыр зэхэукIат.

— А-а, Мухьэмэд? Упсэу? Уи фIэщ хъун жыр джанэр зыщIыпIи щагъуэтыркъым, модрей цIыхубз лъэныкъуэм щылъыхъуэн хуейщ.

Хьэтэжыкъуэм губжьауэ зыкъритIащ:

— Ахьей, уэ, дауи, хьэлэлу къэблэжьащ а жыр джанэр зепхьэну!

— Уэри, си ныбжьэгъужь, нэхъ хьэлэлыжу къэблэжьащ а уи щхьэм къытрагъэтIысхьа шыкъырыр,— къилъащ Щоджэныкъуэр, Мухьэмэд гъунэгъу зыхуищIурэ.

— Шыкъыр,— гъумэтIымащ Хьэтэжыкъуэр.— Хъуакъым ящыщ гуэр псэууэ къызэрымынар. Мы си жыр пыIэм зи сэшхуэр къытехуар къысIэрыхьамэ, жэрумэ къыхэсщIыкIынти хьэм езгъэшхынт!

Ду кIыфIым и къуагъым щэху дыдэу Нэлжан къыкъуэжат зигъэпщкIун и гугъэу, арщхьэкIэ Щоджэныкъуэм ар къилъэгъуащ икIи и шыр абы и дежкIэ триIуантIэри хъыджэбзым пэуващ. Нэлжан къэувыIэри, плъэкIIам къыумыгъанэ жиIэм хуэдэу, пщым и нэгум иплъащ.

— Фэ лIыжьхэм фызэрезэуэфыр сэ сощIэ, цIыхубзхэми фезэуэнкIэ мыхъуну пIэрэ? — Нэлжан и макъ бгъэ лъащIэм къикIым Iупщlу къыхэщырт абыхэм яхуиIэ гущыкIымрэ губжьымрэ.

Щхьэлъащlэм кърипэсам Щоджэныкъуэр къызэщlигъэплъат, ауэ цlыхубзым жиlахэм къарыкlыр къыгурымыlуэ зищlри Мухьэмэд щlэнакlэу жиlащ:

— Хьэтэжыкъуэпщу си дотэ! Зэхэпхакъэ уэ дызэрагъэкъуаншэр? Хьэмэрэ мыбыхэм я цlыхубзхэм дэ лей гуэр якlэлъызетхьа? Хьэуэ, якlэлъызетхьакъым. Пэжкъэ си псалъэр, пщы? Ауэ а цlыхубзхэм ящыщ зым си ныбжьэгъужь, си къуэшыжь Мухьэмэд и нэмысыр зэрыиныр, а пщым и щхьэц налъэ къудей къыхэбгъэху зэрымыхъунур къримыдзэу хэщlыныгъэ мащlэ иритащ. Атlэ, а щхьэм...

— Догуэ,— пхъашэу lэпихащ Мухьэмэд и хъунщlэгъум и псалъэр.— Сыт уэ къэбвыр зищlысыр?

— Плъагъурэ мы зэхэпщlыхьар, цlыхубз хьэлыншэ! Апхуэдэу lэмыкlуэлъэмыкlуэу lэщэ къэбгъэсэбэп хъурэ? Ар ягъауэ, армыхъумэ, бжэгъум хуэдэу щхьэм тракъутэркъым. Иджы Хьэтэжыкъуэпщым жэрумэ къыпхищlыкlынущ...

Мухьэмэд гъунэгъубзэу Нэлжан бгъэдыхьэри фlэгъэщlэгъуэну и лъакъуэм къыщыщlэдзауэ и щхьэм нэс зэпиплъыхьащ.

— Мыра... сэ? — и дзэ зэтекъузахэр зэтримыхыу аргуэру щlэупщlащ Мухьэмэд.

Пщы лъыифым и хьэщхьэрыlуэнэхэм къэмыскlэу щlэплъащ Нэлжан.

— Сэ хуабжьу срощыгъуэ цlыхубз lэмащlэлъэмащlэм и къару тlэкlур нэхъ удын лъэщым зэрыхуримыкъуам.

— Уэхь! Мис ар псалъэщ.— Мухьэмэд нэхъри игъэгубжьу жиlащ Алыджыкъуэ.— Уи къару тlэкlум хузэфlэкlар игъащlэм зы цlыхухъу хузэфlэкlакъым. Ар жызыlэри лъэпкъ къабзэм къыхэкlа пщым и ныбжьэгъу пэжырщ.

Мухьэмэд жиlэр къыбгурымыlуэу гурымурэ и lупэм едзэкъэжащ. «А ныбжьэгъу пэжым и тэмакъыр щызубыдыкlащэрэт»,— егупсысащ ар.

— Ауэ, си гугъэмкlэ, абы жэрумэ къыпхищlыкlынкъым, уи пщым жыр джанэр щигъэпщкlуар къыджепlэмэ. Жыlэ, умукlытэ. Къэралбий афlэкlа абы хуеижкъым. Пэж, Мухьэмэд? Си псалъэхэм уращыхьэткъэ?

Акъыл зыхэлъ гуэр и щхьэм къихьам хуэдэу, Мухьэмэд ину дыхьэшхащ икlи пхъуэри Нэлжан и бостей бгъафэр къритхъыхащ.

— Жырыр и бостей щlагъым щимыгъэпщкlуауэ пlэрэ? Еплъын хуейщ!

Абы хъыджэбзыр быдэу зэщlиубыдэри пlырыпl гъэпщам ещхь lэпкълъэпкъыр къиlэбэрэбыхьу щlидзащ, апхуэдэу цlыхубзым деж илъ щищlэжу. Ар хьэбыршыбыры-

гъэщ, егупсысырт пщыр, ауэ нэгъуэщIу силъ схуэщIэжынукъым. Япэ медану щыгъын зэфIэтхъ макъыр щызэхихым Нэлжан и Iэпкълъэпкъыр гуIэгъуэм зэщIиIулIат, ауэ куэд дэмыкIыу зыкъищIэжщ, къарууэ иIэр ирихьэлIэри Хьэтэжыкъуэр лъэныкъуэкIэ Iуидзащ икIи зубыдыну къыпэува ЦIащхьэм и нэжьгъым IэштIымкIэ хэуэри и лъэ къызэрихькIэ щIэпхъуащ, нэхъ хьэщIэ лъапIэхэр къыщрагъэблагъэ унэ цIыкIу лъэныкъуэкIэ щытым хуэжэу.

Алыджыкъуэ бгъукIэ ещIащ, абы и пэ кIыхьым шкIуру лъы къызэрикIыр щилъагъум, Мухьэмэд ину дыхьэшхащ, и ныбжьэгъум игу тезэгъауэ.

— Хъунщ-тIэ,— къэхъуа щымыIэм ещхьу мамыру жиIащ Щоджэныкъуэм.

— Ар жыжьэ нэсынкъым.— ИкIи къэгубжьауэ щIигъужащ: — Джанэр къэгъуэтын хуейщ. Унэр зэвгъэдзэкI, баш зырызу зэпкърыфх, ауэ ар къэвгъуэт.

Унэм щIэлъыр цырыцу зэIапщIыкIащ, ауэ жыр джанэр ягъуэтакъым. Пэшышхуэри, цIыхухъухэм я пэшри, цIыхубзхэм я лъэныкъуэри, уэркъхэмрэ нэхъ хуэщIауэ псэу мэкъумэшыщIэхэмрэ я унэхэри къахъунщIащ. Щамыгъуэтым, нэхъ узэплъ хъуну унэм щIэлъыр зэхуахьэсри гуитIым из ящIащ алэрыбгъухэр, хьэкъущыкъухэр, щыгъын зыдэлъ пхъуантэхэр. МафIэм бжыхьыр иухри шэщым нэсащ, абы икIри Тузархэ я унащхьэм зритащ. ЩIыбыр махуэм хуэдэу нэхут (абы нэхъей мазэри къыщIэмыкIати) икIи бэзэрым хуэдэу зэрызехьэрт.

Гуауэ зытепсыха фызхэм я хьэдагъэт, шы щтахэр щыщырт, зеиншэ хъуа сабийхэр уахъуэпсыхъуэр зэрахьэу зэрыгъэкIийрт.

ПщитIым жыр джанэр Къанболэт щымыгъмэ, мы лъапсэм зэримылъыр хьэкъ ящыхъуат. Iугъуейм, гъыбзэмрэ гыбзэмрэ, лъымрэ хьэдэмрэ ухэту Къанболэт ущIыпэплъэнур сытыт? Ауэ Тузар нэхъыщIэр псэууэ мы дунейм къытебнэ щымыхъунукIэ, сыт пщIэнур? Исмэхьил и хьэдэр мэзым щIэлъщ. Абы и кIуэдыкIэр хьэдэм фIэкIа нэгъуэщIым теплъхьэ хъунукъым.

— Псы икIыпIэм деж дгъэзэжынщи, абдежым дыщыпэплъэнщ,— къыхилъхьащ Алыджыкъуэ.— Мыбдеж цIыхуипщI хуэдиз къэдгъэнэнщи, лIахэр щIыралъхьэ. Мажусийхэм зэращIу хьэдэр ирагъэс, армыхъумэ уи муслъымэн хабзэр ягу дыхьэщакъым абыхэм, Хьэтэжыкъуэ и къуэ.

Апхуэдэуи ящIащ. Псытепхъэм ухуэзышэ бгы ехыпIэм деж, дауи, нэхъ щымт, мыбдежми фызхэм я гъы макъыр нэхъ дэгуу, кIащхъэу къэIу пэтми. «Сыту мащIэ дэ тщыщу

къэнар,— егупсысырт Алыджыкъуэ,— мыбдей и, мобдей пщIы... Хьэдэр псынщIэIуэу щIэлъхьэн яухащэрэт... Узыншэрэ я къару илъу цIыхуищ-плIы нэхъ и мыгъусэуи сощIри, мы иныжь шырыр мохэр къызэфIэмыкIыу къэсмэ, ди зэхуэдитIым я щхьэр халъхьэным зикI шэч къытумыхьэ. Ауэ сэ сызыхэхуэну зэхуэдитIыр зыщIэр Псатхъэ и закъуэщ».

ПсыщхьэмкIэ шы лъэ макъ къыщыIуащ, асыхьэтуи шабзэшитI къызэдэфиящ. Зыр Алыджыкъуэ щхьэпрылъэташ, адрейм Хьэтэжыкъуэ и уэркъхэм ящыщ зым и пщэм зыхиукIащ.

— МафIэр псым хэдзэ! — къахъунщIа фIыгъуэр зэрылъ гум бгъэдэт и бейгуэлым щIэкIияш Алыджыкъуэ.

Ауэ пщым кIасэу унафэ ищIауэ къыщIэкIащ: ажалыр зи жьэм жьэдэлъ бзу цIыкIуитI аргуэру къэлъатэри зыр бейгуэлхэм ящыщ зым и афэ джанэм хэнащ, адрейм мафIэ зыIыгъым и нэзэрыхъэм зыхитIащ. ЩIалэр хьэпшып зэтелъым хэукIуриери мафIэр IэщIэхуащ, асыхьэту гум илъ шабий мэкъу щабэр къызэщIэнащ. Щоджэныкъуэм къыщыхъуащ мафIэм игъэнэху Iэгупlэм адэкIэ нэр пхымыплъыфыну кIыфIыпсу, жэщыр шууеищ къазыIууам нэхъ шынагъуэж ящIащ.

Зи щхьэр зыфIэмыкIуэдар Мухьэмэд и закъуэ хуэдэт.

— ИкIэм икIэжым Тузархэ я хьэпшырыр зыхуей ухуэзгъэзэнщ,— жиIэри абы и шыр фIалъэкIэ игъэуващ.

ЗэрызэрыцIыху щымыIэ, ауэ зэтеплъэ мыхъуу зэбий Къанболэтрэ пщымрэ шыбгъэкIэ зэжьэхэуащ, уэгум щызэжьэхэуащ я сэшхуэхэри. Зыгуэрым Къанболэт и бгъум зыкърититат и пщым дэIэпыкъун и гугъэу, арщхьэкIэ, емыплъэкIыу макъыр къыздикIымкIэ Тузарым уафэхъуэпскIыу удын идзри къыIухьар къэхъуар и фIэщ мыхъуу игъэщIагъуэу шым ехуэхащ, и нэкIур бгъукIэ кIуэуэ зэпыупщIауэ.

— Дэнэ фыздэпщыр,— кIияш Мухьэмэд.— Сэ си IэкIэ... Щхъуэжьыр сукIащ, сукIынщ хьэпшырри! И! и-эх! — Мухьэмэд и сэшхуэмкIэ уэху и гугъэт ар иужь удыну, ауэ абы и сэшхуэм сыт щыгъуи къыпэщIэувэрт жыр маисащхъуэр — ар зыIыгъ Iэпщэр ткIийт икIи лантIэт.

А Iэмалыр Къанболэт зыми къригъэщIатэкъым. АтIэ иджыпсту гурыгъуазэкIэ абы къыгурыIуа къудейт Хьэтэжыкъуэм хуэдэ цIыху IэпщакIуэм ущыпэщIэткIэ, абы и удын лъэщым уи сэшхуэр пэщIэбдз зэрымыхъунур. Абы и удыныр къыщыбубыдкIэ щыуагъэншэу къыхэпхыфын хуейщ уи сэшхуэр зэрыпэщIэбдза и къур мащIэ дыдэу къэбгъэлъахъшэу бийм и удыныр пхъашэ мыхъуу щабэ

дыдэу щыIубдзыжыну меданыр. Армырмэ е уи Iэщэр къутэнщ, е пIэщIиудынщ, сыт хуэдиз къару уи Iэпщэм хэмылъами... «Сыт мыбы щхъуэжьхэм я гугъу щIищIыр? — егупсысырт Къанболэт,— Щхъуэжь Iуэху щIызэрихуэр сыт?»

— Умыбэлэрыгъ-тIэ иджы, нэлатыр зытехуэн! — хъыушыууэ жиIэрт абы.— Уи адэм и ужьыр уэзмыгъэхумэ, сытхьэгъэпцIщ! Тэрч лъащIэ ари!

— Уэ си адэр букIауэ ара? — икIэм къыгурыIуащ Къанболэт.

— Уэри узукIынущ! — хьэлъэу бауэрт пщыр. Жыр джанэми укъригъэлынкъым, хьэпшырыр!

— Ей, Мухьэмэд,— мафIэлыгъэр зыщхьэщыт гу къуагъым къыкъуэмыкIыу къоджэ Алыджыкъуэ.— Жырыр щыгъкъым абы. Дэнэ здихьар?

Къанболэт и гущIэм лъагъумыхъуныгъэр пхъэдакъэжь мафIэу къыщызэщIэнащ. Ауэ абы щIалэм и нэр щипхъуэртэкъым, и щхьэр игъэуназэртэкъым, и зэпIэзэрытагъри икъутэртэкъым, Хьэтэжыкъуэм зэригугъам хуэдэу. Хьэтэжыкъуэм илэжьа щIэпхъаджэр мукIытэу щIиIуэтэжри арат — гуауэм и нэр къыщипхъуэу щIалэр щыуэн и гугъэу.

— Хьэуэ, уэ сэ сыбукIынкъым,— и макъым зримыгъэIэту жиIэрт Къанболэт зэпIэзэрыту.— АфIэкIа уэ цIыху букIыжми си Iуэхущ. Мис иджыпсту сэ уэ узукIынщ! — Тузарым и макъыр апхуэдизкIэ мамырти, абы дежкIэ зы хуэдэт мыпхуэдэу мыпIащIэу пщым епсэлъэнри, мыпхуэдэу лъыкIпсыкIыу зэуэнри.

«Мы хывгуу губжьар къарукIэ сэ спикIуэтыркъым,— гупсысэрт Къанболэт.— И нэхэм шынэ жыхуаIэ щIэлъкъым, хьэщхьэрыIуэу зэрыгубжьам фIэкIа... Мис аращ ар зытекIуэдэжынури...»

— НокIуэ, хьэпшыр фIей! — зилIэжырт Хьэтэжыкъуэм.

— Къауэ, къауэ! — ауаныщIу жэуап итыжырт щIалэщIэми.

Хьэмыщэрэ Нартшури я бийхэр тIу иращIыкIати дэтхэнэми зы къыхуэнэжауэ арат, мафIэр зыщIэна гум и къуагъым къуэсыр хыумыбжэмэ. Абы и кIэрахъуэр ятегъэпсат гъуэжькуийуэ къызэрехьэкI Къанболэтрэ Мухьэмэдрэ. ЗэIэпщакIуитIым яз хэщIауэ илъагъуху пэплъэу, итIанэ и кIаккхъур щIичыну и мурад хуэдэт пщым.

Мухьэмэд зыкIи пэлъэщыртэкъым Тузархэ я къуэм икIи абы нэхъри къигъэлыбырт. Пщым япэ дыдэу зыхищIат шынэ жыхуаIэр, абы иужькIэ, щакIуэм хуэдэу Къанболэт зыпэплъа щыуагъэ закъуэри абы IэщIэкIащ. И сэ-

шхуэ ІэтыкІэри хэту пщым и удын дзыкІэр щыуауэ къызэрыригъэжьам Къанболэт гу лъитащ. Мухьэмэд и гугъащ щІалэм и Іэщэр абы и сэшхуэм къыпэщІигъэувэну. Ауэ Къанболэт къищІат апхуэдэу имыщІмэ, Хьэтэжыкъуэм и сэшхуэр хьэуам фІэкІа нэгъуэщІым зэрытемыхуэнур. Арати, зэрыхабзэу, Къанболэт и сэшхуэри иІэтащ, модрейм и сэшхуэм хуэкІуэу, ауэ гъунэгъу щызэхуэхъуа меданым Іуипхъуэтыжри псынщІэу иІэтыжащ икІи зэрифІэщкІэ пщы жыр пыІэм трикъутащ. Мухьэмэд шэщІауэ зэфІэсу и пІэм ижыхьащ. Абы и нитІыр нэщІащэм къикІат, псэ хэтыжу умыщІэнуи фагъуэт. Къанболэт зимыІэжьэу етІуанэ удыныр ирихащ — пщы хьэщхьэрыІуэм и нитІым лъыр къыщІэткІуащ...

Алыджыкъуэ и кІэрахъуэр нэхъ сакъыу игъэпсащ,— ар зыпэплъа уахътыр къэсат, арщхьэкІэ ину къызэщІэна мафІэм ягъэщта шыхэм асыхьэтым зрачри я щхьэр щІахьауэ щІэпхъуащ щыхупІэм хуэкІуэу. Щоджэныкъуэм ишми щтауэ бгъукІэ зыщыІуидзым, кІэрахъуэр къыІэщІэуащ, шэр фийуэ уэгу фІыцІэм кІуащ. А дакъикъэм Нартшу къыпэщІэта лІыр уІэгъэ хьэлъэу шы лъабжьэм щІидзэри и ныбжьэгъум дежкІэ еІат дэІэпыкъуну, арщхьэкІэ кІасэ хъуауэ къыщІэкІащ. Хьэмыщэ и бгъэм джатэр хахуакІэт. Нартшу пщым и шу гъусэ закъуэ къэнам зрипщытащ. Къанболэт и шыр Щоджэныкъуэм дежкІэ иунэтІащ.

Абдежым делэу зыхужумыІэн пщы хьилэшым ищІам щхьэусыгъуэ хуэпщІыфын щыІэкъым шынэузыфэ мыхъужыныр къытеуауэ фІэкІа. И шым зригъэгъазэри ар кІийуэ щІэпхъуэжащ. Здэжэри цІыхуипщІ къыщыщина Тузархэ я унэмкІэтэкъым, атІэ псы икІыпІэмкІэт (пэж дыдэу ЦІащхьэм и акъылыр зэкІуэкІагъэнт, армыхъумэ апхуэдэу ищІэн щхьэ хуейт). Къанболэт и бийм кІэлъыщІэпхъуащ.

Щоджэныкъуэм и шыр игъэпІэщІэн хуеякъым щІопщ налъэ ищІу, шыныбэгум къыщІикІэ псым зэпрыкІыху. Ауэ абы егупсысыфыртэкъым иджы Алыджыкъуэ. И лъэм иІыгъ къудейуэ шыр псым зэпрыкІащ. Пщыр фэху тІэкІум нэса къудейуэ Къанболэт лъэщІыхьащ.

Пщэдджыжь нэхущыр къызэкІэщІитхъати, Къанболэт къилъэгъуащ шы ешар къигъэувыІауэ Алыджыкъуэм бгырыпх цІур и Іэ сысхэмкІэ зыщІихыну иужь зэритыр. Тузарым сэшхуэр сампІэм ирилъхьэжри щІопщыр къипхъуэтащ икІи пщым и хьэІуцыдз нэжьгъыр зэпихулыкІащ. Алыджыкъуэ «уэуэу» жиІэу и нэкІум и Іэхэр ІуипІэри щІыбкІэ ещІащ. Бгырыпх лыдым макъамэ зу ищІу зиуэзэхури жыр сэшхуэр щІым техуащ.

— Ей-ехь...— жиІэри Къанболэт шым зэрытесу епхъуэ-

ри Щам щащIа жыр маисэм и Iэпщэр иубыдащ: — Еплъыт мы хьэбыршыбырым, цыфрыхум и Iэщэм!

— СумыукI! — кIиящ Щоджэныкъуэр.— Сэракъым уи адэр зыукIар, сэракъым уи лъапсэр зыгъэсар — Хьэтэжыкъуэ Мухьэмэдщ. Ар жыр джанэм щхьэкIэ къэкIуауэ арат...

— Уэ дауи зыкIи укъуаншэкъым, аракъэ? — ткIыбжьу пыгуфIыкIащ Къанболэт.

— Пщыр щIэбукI хъун къуаншагъэ щыIэкъым! — Абы и напэбгъу сэмэгум телъ щIопщ уапIэм лъыр къызэпхиват.

— Уэ апхуэдэу къэрабгъэу укъыщIэмыкIамэ, пщым джатэ къыхуипх хъунукъым жыхуиIэм семыплъуи, мо уи ныбжьэгъу лъыифым и ужьыр уэзмыгъэгъуэтмэ си Iуэхут. Иджы деплъынти мы хьэрып маисэм къулыкъу къызэрысхуищIэнум.

Къанболэт Алыджыкъуэ и пыIэр щхьэричри дридзеящ, щам сэшхуэр фийри зи напэр текIа пщым и хъурыфэ пыIэр тIууэ зэпыупщIауэ щIым къытехуэжащ.

ЩIопщыр етIуанэу къытехуа нэхъей Щоджэныкъуэр дэгуу гурымащ.

— Иджы си нэгу зыкъыщIумыгъахуэу зыIуегъэх! — Къанболэт жьэхэлъащ пщым.— ЕпIэщIэкI, сыщIемыгъуэж щIыкIэ.

ЦIащхьэм абы и псалъэр тIэу жыIэ ищIакъым — и шыр триIуантIэри ар мэзым хэлъэдэжащ.

Къанболэт псы Iуфэм къигъэзэжри псым щхьэщыт пщэдджыжь пшагъуэ пIащIэм къыхэщ адрыщIым плъэуэ увыжащ. Ар гугъэрт Нартшу псэууэ къэнауэ иджыпсту псым къызэпрыкIыну. Пэж дыдэуи абы макъ гуэрхэр зэхихащ, игу зэрыгъуэтыжауи къэгуфIат, арщхьэкIэ псынщIэу къыгурыIуэжащ зэрыщыуар. Псым шууибгъу къызэпрыкIырт, хьэлъэ зытепха шы зырыз-тIурытI я Iэдэжу.

— Хахуэу зэуащ иужь къина щIалэр,— жиIащ шухэм ящыщ зым.

— Къэбэрдей ЦIыкIум ялIхэр фIыуэ мэзауэ сыт щыгъуи,— абы жэуап иритыжащ нэгъуэщI зым.

— ФIыти, мы хьэбыршыбыр къомыр шым зэрытетпхэжар. Гум илъамэ, ирихьэхат е щхьэпридзат,— жиIащ ещанэм.

— Тэрч нэхъ ин къэхъуащ, ищхьэмкIэ уэшхышхуэ щыIагъэнщ,— гу лъитащ нэгъуэщI зыгуэрми.

Пщым и шу гъусэхэм ящыщу къэнэжахэр гъунэгъу къэхъурт. Абыхэм я дэтхэнэ псалъэри IупщIу, зэхэхауэ

псыхъуэм щыIурт. Къанболэт псыкIэмкIэ IукIуэтри къэзмакъ чыцэхэм закъуигъэпщкIуащ.

— Пщым дылъэщIыхьэжамэ арат...

— Ы-ы, мэзым тхьэкIумэкIыхь къыщехуэкIи пэт...

— АфIэкIа ЦIащхьэм сригъусэнукъым,— жиIащ уэркъхэм ящыщ зым.

— Сэри нэгъуэщIыпщ деж сыкIуэнущ... ИгъащIэкIэ срикъунщ нобэ си нэгу щIэкIар.

Шууейхэр нэпкъым техьэри замыIэжьэу е къызэмыплъэкIыу гъуэгум тету ежьэжахэщ.

«Сэри гъуэгу сытехьэн хуейщ,— егупсысащ Къанболэт.— Ауэ дэнэ сыздэкIуэнур? Ди адэм и лъапсэ сахуэра? Хьэуэ, сэ абы щысщIэн щыIэкъым. СыткIи ягу дахэ яхуэсщIын зеиншэ хъуа унагъуэхэм? Хэт, хэт сэ сигу дахэ схуэзыщIынур? Дауи, и къуэшыр зэрызукIар мыгувэу зыIурадзэну Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэкъым. Гуауэм иужьыгуа пщышхуэм Iуэхум и пэжыпIэм егупсысу псалъэ захуэ къыжьэдэкIынкъым. Абы дэрэ дяку лъы дэлъщ».

Къанболэт и шыр япэ зыхуэза мэз лъагъуэм тригъэувэри ежьащ, шхуэмылакIэр иутIыпщауэ, и щхьэр и бгъэм телъу. «Ди адэр иджыри Iэджэрэ псэунт — къару бгъэдэлът... Сыту ныбжьэгъуфIхэт Нартшу, Шужьей сымэ, гузэсэжыгъуэр къысхуэкIуащ... Сыту тхьэмыщкIагъэшхуэ... НтIэ мывэ мы си гур? Лъыпсыр къыпыткIуу щхьэ къэмувыIэрэ ар, игъащIэкIэ емыжьэжыну?»

Апхуэдэу куэдрэ кIуащ Тузарыр, здэкIуэри здэжэри имыщIэжу. Пщэдджыжь дыгъэр къыдэкIуэтеят, мэз бзухэр жыгыщхьэхэм уэрэд кърашу щызэрызехьэрт.

Къанболэт и шыр къэувыIэри и тхьэкIумэхэр зэблигъэплъащ. Жей Iувым хэтам ещхьу къызэщыужа Тузарым и щхьэр къиIэтащ. Лъэбакъуэ зыбгъупщI нэхъ пэмыжыжьэу лъагъуэбгъум деж щылъ лIым щIалэ цIыкIу гуэр хьэмбыIуу бгъэдэст. Къанболэт и псэм ищIащ щылъыр зэрыхьэдэр.

ЩIалэ цIыкIур къышылъэтри и къамэр кърипхъуэтащ. Къанболэт епсыхащ.

— Щыгъэт, шынэхъыщIэ,— жиIащ абы ябгъэдыхьэурэ,— илъхьэж къамэр, тIасэ.

Цей IэщхьэмкIэ Къанболэт сабийм и нэпсыр илъэщIащ.

— Псыр къыппыжу упсыфщ... Уэшх къешхаи хуэдэкъым... Уэ гузэвэгъуэшхуэ уиIэщ, хэт мыр, уи адэра?

ЩIалэ цIыкIум и Iупэ IурыущхъуэнтIыкIахэр кIэзызащ, зыхуэмыубыдуи гъыуэ къыщиудащ.

— Къызжеlэ, шынэхъыщlэ... Сэри нобэ си адэр сфlэкlуэдащ...

— Мыр си адэ къуэшщ,— жиlащ икlэм щlалэ цlыкlум.— Си адэм и къуэш Хьэтэжыкъуэ Исмэхьилщ.

— Уэ уи адэр?

— Кургъуокъуэщ.

— Хэт-тlэ уи адэ къуэшым и нэ зэрыхъэм мыпхуэдэ удын езыдзар?

Щlалэ цlыкlум жэуап имыту щтэlэщтаблэу Къанболэт еплъащ.

— Къызжумыlэну ара, шынэхъыщlэ? Гурыlуэгъуэщ. Суриныбжьэгъурэ бийрэ умыщlэу аракъэ? Нтlэ, зэгъащlэ — сэ щlалэ цlыкlу псоми сраныбжьэгъущ.

— Хэт нэгъуэщlу узиныбжьэгъур? Щоджэныкъуэра хьэмэр... хьэмэрэ... Тузарыра?

Къанболэт зэхихар телъыджэ щыхъуащ:

— Ей, уэ лlыжь упщlэкlэ уощlкlэ си тхьэрыlуэщ! Илъэс дапщэ ухъурэ?

— Бгъу.

— Уо, лlы ухъуащ. Уэ иджы lэджэ къыбгурыlуэн хуейщ. Нтlэ, нэгъуэщl мыхъуми, уи цlэр сщумыбзыщl.

— Уэи, сымыбзыщl, Къубатийщ.

— Цlэ дахэщ. Нтlэ-э, Къубатий, lэмал зэриlэкlэ нэхъ псынщlэу зыбгъэгъущын хуейщ, армырмэ сымаджэ ухъунущ. Ди псалъэм иужькlэ пытщэнщ, ауэ псом япэу уи адэ къуэшым и хьэдэр хьауэ гъуэгум телъхьэн хуейщ. Ар япэ къыхуэзэм шэджагъуэ мыхъу щlыкlэ унэм нигъэсыжынщ. Уэрэ сэрэ папщlэ мыр тlысыпlэ хъунукъым. Плъагъуркъэ итырыгъуи щыlэкъым, мафlэжьыфl тщlын хуэдэу.

Къанболэт уанэгум зридзэжри щlалэ цlыкlум зыкъыхуригъэщхъыхащ, и бгырыпхыр иубыдри и шыплlэм дигъэтlысхьащ.

Къанболэт жыжьэу гъуэгум дидзыхщ, шыр щилъэхъэн фэху удзыфэ къыхихри епсыхащ. Фэхум и зы лъэныкъуэм пхъэхуей итырыгъу къыщигъуэтащ — мафlэ иризэщlэбгъэстыну абы нэхъыфl сыт щыlэ. Уанэм тепхауэ къыздрихьэкl уэщ цlыкlумкlэ Къанболэт зэ уэгъуэм зэпиудащ гуфэ хуэдиз жыгыр икlи асыхьэтым гу лъитащ ар телъыджэ щыхъуауэ Къубатий и нэхэр къызэрилыдыкlам. Къанболэт уэщыр лъэныкъуэкlэ хыфlидзэри lэкlэ, лъэгуажьэкlэ жыг къудамэхэр зэфlищlыкlыу хуежьащ, ар нэхъри Къубатий иригъэгъэщlэгъуэн папщlэ. Щхьэщытхъуагъ зыхэмылъ Къанболэт и къарур ирипагэу зэригъэлъагъуэм ириукlытэрт, ауэ щlалэ цlыкlур къыдихьэхын папщlэ щыlэтэкъым абы иджыпсту имыщlэн. Сабийр къыщlыди-

хьэхынур Тузарым езы дыдэми иджыпсту ищIэртэкъым.

МафIэшхуэ зэщIагъанэу пэрытIысхьа иужькIэ абы нэхъ гупсэхуу зэпиплъыхьащ Къэбэрдейм я пщышхуэм и къуэ щIыIэм игъэкIэкуакуэр. «КIэщIущ цIыкIущ,— егупсысащ ар,— мыбыи илъ стелъщ...»

— Хэт-тIэ уи адэ къуэшыр зыукIауэ жыхуэпIэр? Хьэмэрэ умыщIэрэ?

— СощIэ, зо,— губжь щIэлъу жиIащ Къубатий.— Мухьэмэдщ зыукIар. IэштIымкIэ еуэри...

— Мухьэмэди? Уи адэ къуэш нэхъыщIэми? — игъэщIэгъуащ Тузарым.— БегъымбарымкIэ соIуэ, сигу къэмыкIынт. Хъуаи, ар Iуэху...

— Щоджэныкъуэмрэ абырэ кIуащ Тузар нэхъыщIэр яукIыну. ЯукIыу Исмэхьил иукIауэ жаIэну.

— Догуэ зэ, лIы ахъырзэман, уэ уи нэкIэ плъэгъуа Исмэхьил и щхьэ къупщхьэр Мухьэмэд зэрыпхиудар?

— Алыджыкъуэпщым сэрэ тлъэгъуащ.

— Сыт-тIэ Исмэхьил щхьэкIэ Тузархэ я деж ялъ щащIэжыну щIыжаIар?

— Сыт щIыжаIар, жи? Исмэхьил Тузархэ я къуэм иукIауэ ягъэIунути.

ТIэкIу-тIэкIуурэ щIалэ цIыкIум псори иIуэтэжащ. Псалъэ дэмыхуу абы къищIэжащ пщитIым зэжраIахэр, мэз лъапэм деж щекIуэкIа зауэр зэрекIуэкIар. Къанболэт къищIащ и адэр зэраукIа, «зэрыщIалъхьэжа» щIыкIэр. Къубатий иIуэтэжащ Тэрч зэрызэпрыкIари, шыр зыгъэшына блэри, Хьэгъур псым зэритхьэлари, езы Къубатий къызэрызэпрысыкIыжари. Жэщ псом ар мэзым щIэтащ гъуэщауэ, сытми пщэдджыжьым Исмэхьил щаукIа щIыпIэм имыщIэххэу къыщыхутэжащ.

— Абыхэм я гугъэу къыщIэкIынущ сэри псым ситхьэлауэ,— иухащ Къубатий и хъыбарыр.— Симытхьэламэ, сщIэртэкъым абы къызащIэнур. Абдулла гуэрым сратыну я гугъат...

— Ей, си къуэш, щхъуэжьым шыщIэр щичатхъэм дамыгъэм еплъакъым, жаIэ.

— Унэм сыпшэжын?

— Мыдэ иджыпсту щакIуэ дыгъакIуи нэхъыфIщ. Бланэ е щыхь къэдукIынщ, дгъэжьэнщи, лIы хуэдэу дышхэнщ. Уарэзы? Зызумыгъэумыс пэтми, сэ сощIэ хуабжьу узэрымэжалIэр. Афэрым, лIы хуэдэу зыхуогъэшэч...

— Сыарэзыщ! — Къубатий пIащIэу къыщылъэтащ.

— Гъуща уи щыгъыныр?

— Iэджэ щIаи!

Нобэ тIэунейрэ абыхэм я Iуэху къикIащ. ЕгъэзыпIэ

ящIам деж къыIукIа къудейуэ шы-уанэ зэтелъ къаубыдащ.

— Мыр Бабыгум и шыращ. Мыри итхьэлакъым,— гуфIащ Къубатий.

— Ар гъуэзэджэкъэ-тIэ,— жиIащ Къанболэт.— Шэс. Мыдэ лъэрыгъыпсыр тIэкIу нэхъ кIэщI сыгъэщI.

ИужькIэ къалъэгъуащ мыпIащIэу, бжьэ къуабэбжьабэр зытет и щхьэ дахэр уардэу ихьу гъуей тIэкIумкIэ пхыкI щыхьыр. Къанболэт и шабзэр зэIуидзэри псынщIэу иригъэпщащ. Къубатий фIэтелъыджэу и Iэгухэр зэтригъэуащ — шэрыуэу иутIыпща шабзэм щыхьым и пщэм зыхисащ.

Аргуэру мафIэ ящIащ. ШитIыр Iэгъуэблагъэм щыхъуакIуэрт, зы махуэ закъуэм зэуэ балигъ хъуа щIалэмрэ сабиймрэ аргуэру уэршэру мафIэм пэрыст.

— Къубатий, сыт епщIэнт Мухьэмэд утекIуэрэ уи IэмыщIэм къихуамэ, хьэмэрэ умыщIэрэ?

— СыукIынт! — жэуап къитащ щIалэ цIыкIум, зы мащIи мыгупсысэу.

— Щэхуу мыхъуу зауэ нахуэм Мухьэмэд щызыукIа цIыхум-щэ?

Къубатий лы мыжьэпам епIэскIуурэ Iыхьэ цIыкIухэр къыгуичурэ жэуапым егупсысащ, итIани Iэнкуну:

— Дауи щрети, ар лъыкIэ сэ си бийщ...— жиIащ.

— А Мухьэмэд абы и адэр иукIамэ, и ныбжьэгъу, Iыхьлы псори фIибзамэ, и лъапсэр ихъунщIэу игъэсыжамэ-щэ?

— СщIэркъым... Дауэ мыхъуами... Сэ ар сымыукIым езым сиукIынущ.

— Хьэуэ, си щIалэ кIэщIущ цIыкIу. Абы уиукIынукъым. Ауэ абы уэ иджыпсту фи деж уишэжмэ, къызэрилъагъуххэу ар уи адэм къиукIынущ. КъыбгурыIуа?

— Уэ у-Тузар Къанболэт?

— ЖысIакъэ сэ уэ узэрымыделэр. Сэ сыхуейкъым дилъ зэтелъыну. Сэ сызыхуейр мыращ. Сэ сыхуейщ уэ уэзгъэлъагъуну хамэ хэкухэр, хы адрыщIым щыIэ телъыджэлажьэхэр. Сэ сыхуейщ уэ лIы къарууфIэ, хахуэ къыпхэсхуну, шэрыуэу ууэу, шымрэ Iэщэмрэ Iэрыхуэ уахуэсщIыну. Сыхуейщ — псори къехъуэпсэн хуэдэу — Iэщэ-фащэ дахэ, лъапIэ къыпхуэзгъуэту ахэр пкIэрыщIауэ уи адэм ухуэсшэжыну. Сэ икъукIэ си гуапэт си гъусэу унежьэну уэ езыр арэзы ухъуныр. Егупсыс, апщIондэху сэ здетхьэжьэн лы згъэгъунщ.

«ГъэщIэгъуэнщ,— зэупщIыжырт Къанболэт,— лъыщIэжыпщIэ къан жыхуаIэр ищIэу пIэрэ пщыкъуэ цIыкIум?»

— Къанболэт,— къэджащ Къубатий.— Щоджэныкъуэм жыр джанэ гуэр и гугъу ищӀащ, Ӏэрыхьа ар абы?

— Хьэуэ, си къан. Жырыр аргуэру кӀуэдыжащ. СщӀэркъым абыхэм ар унэм щӀыщамыгъуэтар. ГъэщӀэгъуэнщ! Сэ иужькӀэ а хьэпшып телъыджэм теухуа хъыбар уезгъэдэӀуэнщ.

— Дэнэ иджыпсту здэщыӀэр Щоджэныкъуэр? Ар...

— Псэущ хьэщхьэрыӀуэ ЦӀащхьэр. Хъуакъым иджыпсту фӀэкӀа... Ар иджыпсту уи адэм деж щыӀэу къыщӀэкӀынщ, сыт щыгъуи езым и жьэмрэ и псэлъэгъум и тхьэкӀумэмрэ пцӀы фӀейкӀэ иуцӀэпӀу...

* * *

Хьэтэжыкъуэ лӀыжьыр чы-бжэгъу бжыхьым деж къыщыӀущӀат Алыджыкъуэпщми, пщӀантӀэм дыхьэу епсыхыну иригъэблэгъакъым. Абы ищӀэрт Тэрч Ӏуфэ къыщыхъуар. Къэбэрдей пщышхуэм дежкӀэ мыӀупщӀыр Исмэхьил и Ӏуэху зэрыхъуам и закъуэт. И макъым зримыгъэӀэтын, бзаджэу щыӀэмрэ гыбзэу къекӀуэкӀымрэ тримытхъуэн щхьэкӀэ и дзэр зэтрикъузауэ ар едаӀуэрт Алыджыкъуэ Ӏупсыр ипхъыу къыжриӀэхэм:

— Пэжщ, пэжщ! ПцӀы хэлъкъым! — кӀийрт Щоджэныкъуэр.— Исмэхьил зыукӀар Къанболэтщ. Дэ ар уӀэгъэ хьэлъэу къэдгъуэтыжат, мылӀэ щӀыкӀэ Ӏуэхур зэрыхъуар псори къыджиӀат. Мыдрейр, щӀалэ цӀыкӀур, псым зэритхьэламкӀэ зыри къуаншэкъым.

Кургъуокъуэ щытт, щӀалитӀ и щӀэгъэкъуэну, абдежым щытт Къубатий и атэлыкъри. ИгъащӀэкӀэ зэрыщыгъуэнум и нэщэнэу абы и тхьэкӀумэ сэмэгур пиупщӀыжакӀэт, и жьакӀэм зы ӀэмыщӀэфӀ къыхичат.

— СощӀэ псори,— ерагъкӀэ къыдришеящ Кургъуокъуэ.— Уэ хьэнэӀуцэращ псори зи кӀэм къикӀар.

— Апхуэдэу жумыӀэ, зи щӀыхьыр лъагэ! Тузархэ я хьэкӀэкхъуэкӀэр къэзубыдынщи аркъэным кӀэрыщӀауэ къыпхуэсшэнщ. СыкъэзылъхуахэмкӀэ тхьэ соӀуэ...

— Укъэзылъхуахэр хьэдрыхэ къыщӀумылъэфыж. Абыхэм я напэ техынкӀэ уэ хьэкъ къыптенакъым. Тузархэр дэ къэдгъуэтыжынщ. Гугъу зомыгъэхь! Абы фӀэкӀаи,—Хьэтэжыкъуэм и макъым зригъэӀэташ,— си унэм и Ӏэшэлъашэм си нэгу зыкъыщыщӀумыгъахуэ, зэхэпха? Пщы хасэм щыпщӀэн щыӀэжкъым. Деплъынщ пщыцӀэр зепхьэну пхуэфэщэжмэ... Иджы зыӀуегъэх, си нэгу зыкъыщӀумыгъахуэу. Уэркъэ жыхуэсӀэр, хьэмэрэ зэхыумыхрэ?!

Щоджэныкъуэм и нэхэр щIиукъуанцIэри, Тузарым и щIопщ уапIэр плъыжьу къытридзащ:

— Хъунщ-тIэ, Кургъуокъуэпщ дотэ,— гъумэтIымащ ар,— фIыщIэ ин пхузощI — псалъэ гуапэ къызупэсащ. Хэт ищIэн, иджыри дызэхуэзэнкIи хъунщ...

## *Тхьэгурымагъуэм и псалъэ*

**Аргуэру лъы мажэ... ДэнэкIи лъыщ — гъуэгу гъэшыпIэри ущызэзауэ хъуну дэтхэнэ мэз лъапэри лъым ириIащ. ИриIащ щихъхэм я лъым, мыщихъхэм я лъым, лIыхъужьхэмрэ къэрабгъэхэмрэ я лъым, цIыху хейхэмрэ щIэпхъэджащIэхэмрэ я лъым.**

**Ауэ нэхъыбэрэ ягъажэр уэркъхэмрэ пщыхэмрэ я зауэбанэм зи Iуэху лъэпкъ хэмылъ къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэхэм я лъырщ.**

**Пщыхэм я лъы ткIуэпс зытеткIуа щIыгум мэкъумэшыщIэхэм ялъу лэгъуп из щракIут.**

**НтIэ, лъэпкъ икIэм къыхэкIа цIыхур сампIэм кърипхъуэта жырыр игъэбзэнрэ имыгъэбзэнрэ егупсысыну хуит сытми? Ар абы и Iуэхукъым. Абы щхьэ щIыфIэтыр пщым и Iуэху ефIэкIуэным, беягъэм хэгъэхъуэным, и ефэ-ешхэхэр нэхъ лъагэу Iэтыным щхьэкIэ удын, хуей хъумэ, пщым щыжиIа зэманымрэ жыхуиIа щIыпIэмрэ щыхилъхьэн папщIэщ.**

**Лъэпкъ икIэм къыхэкIа цIыхухэр, гъэсахэр укIытэрт «я псэм пащI» я пщыр я гъунэгъупщым и лъапсэм псы ирагъэжыхьыжыну е и Iэщыр къахуну къыщелъэIуам деж ягъэщIэхъуну. Къупщхьэ хужьу къигъэщIа я пщыр къызэреджэххэу, ахэр шэсырт адрей къуажэхэм дэс мэкъумэшыщIэхэм, зэрыхабзэщи, езыхэм хуэдэу щэныфIэу гъэсахэм, я щхьэ къупщхьэр пхаудын папщIэ.**

**УнэIутым и лъыр пудт, ауэ пщым и лъыр уасэншэт,— ар щихъылът.**

**Ар хабзэ щыхъуат Къэбэрдейми, къызэрыгуэкI зауэлIыр зэхэуэ гуащIэм бийм и пщым щыIущIакIэ и щхьэр ихъумэу ар иукI хъуртэкъым. И удыным уи джатэр пэщIэбдз хъунут, ауэ еуэну хъуртэкъым. Пщыр ар цIыху къызэрыгуэкIтэкъым, ар тхьэ пэлъытэт.**

**Пщыр пIэщIэукIэну нэхъ шынагъуэт уэ уаукIыным нэхърэ. Сыту жыпIэмэ, «пщы яукIам и лъыр аузхэм дэз мэхъу икIи а гуауэ иным къуанщIэ дыдэр дэмыплъэфу гужьеяуэ и щIыб хуегъазэ».**

**Фи тхьэгурымагъуэм илъагъумрэ зэхихымрэ игу емы-**

**жалӀэу щыскъым. Абы и нэкӀэ илъагъу (абы и фӀэфӀыныгъи хэлъу) пщитӀыр яукӀащ. Ауэ ауз кӀыфӀым лъыр дэз хъуакъым. Хьэмэрэ Ӏэгъуэблагъэм апхуэдэ ауз щымыӀауэ ара? Пэжу, иужькӀэ цӀыхухэм ягъэхъыбарыжащ жэщ псом Тэрч Хазанс ихьар мыпсу, атӀэ Хьэтэжыкъуэхэм ялъу, ауэ ар зи нэгу щӀэкӀа цӀыху къыкъуэкӀакъым.**

**Куэд дэмыкӀыу Къэбэрдей ЩӀыкӀум иужькӀэ Къэбэрдеишхуэм сакъыу, Ӏущащэу фӀэкӀа зэжрамыӀэ, щхъуэцыр зыгъэтэдж хъыбар шынагъуэ щекӀуэкӀыу хуежьащ.**

**Ӏэдышэм хьилэшым къигъэпцӀа блэр Тэрч Ӏуфэ къэкӀуащ. Щоджэныкъуэм и шу гъусэхэм ящыщу плӀыщӀ (зы цӀыхукӀэ мынэхъ мащӀэу икӀи мынэхъыбэу) псым щӀригъэлъэфащ, лъыкӀпсыкӀ зауэр щекӀуэкӀым Тузархэ я хьэщӀэщым щӀэпщхьэри уасэ зимыӀэ жыр джанэ телъыджэр, апхуэдизылъ щӀэжар, псы лъащӀэм ирихьэхри кӀуэдыжащ.**

**ЩӀы къатиблкӀэ ехын жыр джанэ — куэдым я щхьэр игъэузынщ абы иджыри.**

**Ар аргуэру кӀуэдащ, ауэ илъэсибл хуэдизкӀэ къыкъуэкӀыжынщ. Абы къыздихьыну гуауэмрэ гуӀэгъуэмрэ щилъагъукӀэ тхьэгурымагъуэм и гущӀэм зегъазэ.**

*Адрей псоми нэмыщӀкӀэ «Пхъурылъхур къихьэмэ,*
*Псатхьэр магъ» адыгэ псалъэжьыр къызыхэкӀа*
*дин псалъэмакъыр къызэрежьа щӀыкӀэм ухэзыгъэгъуазэ*
*ЕБЛАНЭ ХЪЫБАР*

Бахъсэн, Шэджэм псыхэм я тӀуащӀэм гъатхэр къэсащ пасэу, и нэр къыщыпкӀыу.

Къэбэрдей шытхымрэ балъкъэр аузхэмрэ яку дэлъ Ӏуащхьэ инхэм узделлъым плъагъуу уэсыр токӀыж. Уэс ткӀум и псыӀэрышэ цӀыкӀухэри джабэм къежэхын ямыух щӀыкӀэ нэкӀу дыгъафӀэхэр щхъуантӀагъэ къохъу, апхуэдэу ёрыщу удзыпэхэр къыхожри. Фащэ хужьыр зрапхъух мейхэмрэ кхъужьейхэмрэ, мэз пхъэгулъымрэ хьэмкӀутӀеймрэ.

Пщэдджыжь дыгъэпсым Махуэгъэпс и щыгу хъурейм утету а псом ущеплъкӀэ, гъащӀэр къыпщохъу къабзэрэ гуфӀэгъуэу, щӀалэрэ къаугъэншэу. Узыхуей псори щыбогъуэт мы дунейм: мис жыгейрэ бжейуэ, дейуэ зэхэт мэзыжьыр — абы къыпыкӀэр цӀыхуми, къэралми, хьэкӀэкхъуэкӀэми яхурикъунущ къелыжу; мис къуршыжьхэм еуалӀэ бгы щхьэгуэжьхэр, гъэмахуэм шы ныбэм щӀэуэу, мыбы къытоувэ удзхэр — Ӏэщым дежкӀэ нэхъ хъупӀэфӀ щыӀэ-

къым; мис псынэ, псы цIыкIу, псышхуэ бжыгъэншэр — ахэр ирикъунущ дунейм цIыхуу тетым и зэхуэдитIым ирафыну, адрей зэхуэдитIым я фIейр ирагъэкъэбзэну, мис мэжалIэ щымыIэу псори зыгъэшхэфыну щIыр; мис псэ зыпыт псоми зэхуэдэу ятепсэ дыгъэр.

Лэдэхыу джабэ задэхэм кIэрыукъуэдия лъагъуэ бжыгъэншэхэмкIэ гъатхэ къэс мэлыжьыхь мазэм Махуэгъэпс и щыгум щызэхуэсырт мэкъумэшыщIэ минхэр. Ахэр жыжьэ къикIырт, уеблэмэ Къэбэрдейм и щIыпIэ пхыдзахэм, языныкъуэхэр я унагъуэхэр ящIыгъуу гукIэ къакIуэрт, хэти шут, нэхъыбэм къагъэсэбэпыр нэхъ къызэрыгуэкI ауэ укъэзымыгъэпцIэжыну Iэмалт — лъэсу къежьэхэрт.

Зи джабэхэр щхьэцэу мэзу зэщIэкIа, адрейм удз фIэкIа къыщымыкI Махуэгъэпс цIыхухэм я тхьэлъэIу щIыпIэт. Дяпэ итахэм ижь-ижьыж лъандэрэ тхьэхэм гущIэгъу зыхурагъэщIын, я лъэIухэр кърагъэщIэн щхьэкIэ ягъафIэу, хуэусэу щыташ. Тхьэхэр — пхъэм къыхаIущIыкIа сурэт ин лъагэхэр — зэкIэлъхьэужьу зэпагъэувауэ щытхэт, цIыхухэм я лъэIу гуащIэм щыму къедаIуэу, лъэIухэр щагъэзащIэр зэзэмызэххэт, нэхъыбэм ягъэзащIэри зэрелъэIуратэкъым. Къыщыхъу щыIэт я гущIэгъур и щхьэ и фIыгъуэ зезымыхуэ гуэрым щытракIутэ, е тхьэхэм тхьэлъэIу нэхъыбэ яхуэзыщIа тхьэмыщкIэ гуэрыр — унагъуэм илъ шхыныгъуэхэм щыщ зыгуэшар, е фэ нэхъыбэ жыгхэм фIэзыдзар, е махъсымэ нэхъыбэ щIым тезыкIар — и берычэт мащIэми щыхагъэкIыж. Абдежым тхьэмыщкIэм игу къэкIырт: тхьэхэм ящыщ гуэр сщымыгъупщауэ пIэрэ? Тхьэхэр куэд мэхъу, зэрынаIуэщи, тIэкIури я жагъуэ ящI, фыгъуэнэдхэщ. Псори зэхуэдэу, дэтхэнэри щхьэхуэу арэзы щIыгъуейщ.

Тхьэхэм я тхьэмадэр — Тхьэшхуэрщ, уафэм и тхьэрщ. Ауэ Псатхьи щыIэщ, ар гъащIэм и тхьэщ. Абы псом нэхъыщхьэу зилъытэж хъунщ, дауи. Ауэ дэтхэнэ сабийми ещIэ уафэгъуагъуэм и тхьэ Щыблэ къэгубжьа нэужь езы тхьэшхуэ дыдэ зыщигъэпщкIуу уафэм къуэдзапIэ къызэрыщилъыхъуэр.

Нэмыплъ епт хъунукъым Созэрэщи — жьэгу пащхьэ мафIэмрэ узыфэхэмрэ я тхьэм, Тхьэгъэлэдж — бэвыгъэм и тхьэм, ЗекIуэтхьэ — гъуэгурыкIуэхэм, зауэлIхэм я тхьэм. Зыщыбгъэгъупщэ хъун-тIэ Хадэгуащэр — жыг хадэхэм я тхьэр, Псыхъуэгуащэ — псыхэмрэ уэшхымрэ я тхьэр! ГуIэгъуэ къыплъысащ мэл-бжэным и тхьэ Амыщрэ былымхэм я тхьэ Ахынрэ — абы и цIэр езы тенджыз ФIыцIэ дыдэм зэрехьэ! — арэзы пхуэмыщIмэ!

НэгъуэщIытхьэхэри щыIэщ, ауэ абыхэм ящыщ зыр

зыми пэпщI хъунукъым. Ар дыщэц пхъашэ зытет кхъуэ пIащэм тесу къэзыкIухь Мэзытхьэщ! Зи пащIэхэр мафIэлыгъейуэ блэ Мэзытхьэм, мэзымрэ щакIуэмрэ я тхьэм фIэкIа, бын зымыгъуэт цIыхубзхэм сэбэп яхуэхъуф щыIэкъым.

Мы гъатхэм тIуащIэм къэкIуахэр куэдкIэ нэхъ мащIэт, адрей гъэхэм нэхърэ. ЛIыжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, нэхъапэхэм къыкIэрыхуар Iэджэрэ пэплъэн хуейт япэ ищахэм къурмэн яукIыу, тхь елъэIуу къехыжыным. Махуэ зыкъомкIэ къэсыртэкъым къыкIэрыхуам я чэзур. Мы гъэм тхьэлъэIу къэкIуахэр бгым и лъапэм деж иIэ тафэм гугъу зэрыдехь щымыIэу изэгъахэщ. Блэр мафIащхьэ тIощIрэ пщIырэ къудейт. Япэ фIагъэжа мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я фэ къуахэр жыгым е къуэрагъ иным фIадзати, жьым щIеупскIэ, Iэщ яукIам и кIуэцIфэцIхэм щыщ гуэрхэр щIатIауэ лъы мыдияр тракIэж.

Ину, ауэ зэмыкIуу пшынауэхэм я къафэр къыхадзат. Псыгъуэу, Iэтауэ мэIу бжьамийм и уэрэдыр, дэгуу, ауэ гурыхьу зууащ шыкIэ пшынэр, шэщIауэ, пхъашэу пхъэцIычым и макъыр джабэ бгъуфIэм кIэрипхъащ. ГъащIэм и тхьэм и къарур зэлIзэфызхэм ягъэзащIэ. Къафэхэм тIурытIурэ Псатхьэ и пхъэ сурэтым гъунэгъу зыхуащI, щхьэщэ хуащIри IуокIуэтыж. Къафэм зэреджэр сэндракъщ.

Фызхэм ящыщ зыкъомыр я бгъэр къыдэдзауэ сэндракъ къофэ тхьэшхуэм и къарур хьэкъыу я фIэщ зэрыхъур, абы и Iумэтым гурэ псэкIэ зэритыр апхуэдэу къагъэлъагъуэу.

Пшынэр пщэдджыжьым щыщIэдзауэ шэджагъуэ хъуху увыIакъым. Зэман кIыхь ямызэхуакуу тхьэхэм папщIэ уэрэдхэр зыр адрейм кIэлъыкIуэу жаIащ.

ЦIыхухэм ящыщ зыкъомым — лIыхэми фызхэми — мэзымкIэ яунэтIащ Мэзытхьэ хуащI тыгъэхэр жыгхэм фIадзэу — саугъэтхэм яхэплъагъуэрт ныбжьышхуэ зиIэ шабзэшэ укъуэншахэр, бжьыпэ улъияхэри, жыр пыIэ къэчаи, щыгъын лэжьаи, хьэкъущыкъу гуэрхэри — фIыуэ ялъагъу тхьэм папщIэ зыми щысхьыртэкъым.

Зыгуэрым къыхидзэри псоми зэдапхъуэтащ пасэрей уэрэдыжьыр:

Уо-о-о, ди тхьэу Мэзытхьэ,
А цIэ дыщэр зи фIэщыгъэ,
Уэ зырщ, ди тхьэ, ар зи фIэщыгъэр!
Дыгъэ бзиихурэ нэхугъэу
Уи пащIэгъуэшхуэр шынагъуэщ.

Жыгеижь гъумхэр щIым щыпхъуэу
Уэ къыбогъэшыр зыуи пщымыхъуу,

Уогъэш удзыщӀэ къыпщымыхъуу.
Уи лъэ макъ лъэщхэм гухэщӀу
ЩӀылъэри мэзри къагъаскӀэ,
КъуэкӀий нэщӀыжьхэр къагъаскӀэ.
ҚӀыфӀыгъэр гъищэкӀэрэ зыдэлъу
Къурш кӀуэцӀыр уэ уи хэщӀапӀэщ,
ПӀэщӀамыхыф — уи шабзэшэр
Зей къудамэшхуэм къыхах,
Жыгыжь лъэдийхэм къыхах.
Къурмэн уэ пхуащӀым ялъ хуабэр,
Тхьэ лъапӀэ, уи фадэ пӀащӀэщ.
Уи закъуэщ ар зыхуэфащэр!
Цы щабэ нэхурэ уэс хужьу,
Ӏэмыщ жьакӀэху и Ӏэужьу,
ХуэжьыӀуэу бжэнибл пхуэдукӀащ.
Сабий зимыӀэ цӀыхубзхэр
БузэщӀыжыну къолъэӀу,
Уэ уи гущӀэгъум щӀолъэӀу.
Зи щӀыфэр дыщафэ, тхьэхэм я тхьэж,
ЖылакӀуэу я кӀэтӀий кӀапэм
ЩагъафӀэ хабзэр уэ уощӀэ,
ЩӀалэфӀ пхуэхъунур щагъафӀэ.
Абы и джатэ Ӏэщэр Лъэпщ хъыжьэм нӀыгъэщ,
Жьыбгъэр зыубзытэ и джатэр егъабзэ.

Мэзытхьэ зи Ӏумэтхэр мэзым къыщӀэкӀыжу Махуэгъэпс и щыгу пцӀанэм щыдэкӀуеям къалъэгъуащ губжьауэ кӀийуэ шым тес лӀы гуэр. Тхьэхэм елъэӀуну, сэндракъ къэфэну, къурмэн ищӀыну и мурад хуэдэтэкъым абы. ИтӀанэ, езы Псатхьэ дыдэм шууэ бгъэдыхьэу хэт зылъэгъуар.

КъыздикӀари къыздихуари ямыщӀэ шум жиӀэм едаӀуэу щытхэр Ӏэнкун хъуат.

— Сыту фымыукӀытэрэ, адыгэхэ, мы пхъэ пыпхэхэм щхьэщэ хуэфщӀыну! — кӀийрт губжьауэ ар, уанэгум зыкъриӀэтыкӀыурэ.— Дапщэрэ къывжаӀа фэ алыхьым фӀэкӀа тхьэ зэрыщымыӀэр, Мухьэмэд абы зэрибегъымбарыр? Алыхьырщ, азалыхь закъуэрщ тхьэуэ щыӀэр. Хьэмэрэ мажусий фэкъыу фыкъэнэну ара фызыхуейр? Сыт адрей лъэпкъ инхэм, псалъэм щхьэкӀэ Тыркум, адрей къэралхэм дагъэлъагъу гъуэгу тэмэмым фрикӀуэну фыщӀыхуэмейр? Ӏэджэрэ хущӀегъуэжынщ джаурхэр муслъымэн зэрымыхъуам — мис аращ жиӀэр КъурӀэным. Фэ, мо пхъэ пыпхэр зи фӀэщ хъухэр, фылӀа нэужь жыхьэнмэм фисынущ, фегупсысу къэвмыгъэзэжмэ! — шууейм и псалъэр зэпигъэури и Ӏупэ пӀащӀэ щхъуантӀэхэм къытридза тхъурымбэр ӀэщхьэкӀэ ирилъэщӀэкӀащ икӀи тӀэкӀу зигъэпсэхури къару игъуэтыжауэ цӀыхухэм яхэкӀиен щӀидзэжащ:

— Къэвгъанэ мы пхъэ пыпхэжь цӀыкӀухэр, ар сабийм и фӀэщ хъункъым, балигъым дэнэ къэна...

Гупым къыхэкIащ зи нэкIур зэхэушкIумпIа, жьакIэ цIырхъ тIэкIу зытет лIыжь гуэр, бэлэбанэу хуэпауэ:

— Зэ увыIэт, си щIалэ,— жиIащ абы и теплъэм хуумыгъэфэщэн макъ жьгъырукIэ.— Уэ икъукIэ упIащIэу къыщIэкIынщ, армыхъумэ шым утесу цIыхухэм уепсэлъэнтэкъым.

— Псоми хуиту сыкъалъагъун щхьэкIэщ сэ шым сыщIемыпсыхар,— хьэщIэ зэмыджар мащIэу Iэнкун хъуащ.

— Дэгъуэщ, дэгъуэщ,— жиIащ а лIыжь гуэрым.— Пэж дыдэу, хуиту уи нэгу доплъэри жыпIэри фIыуэ зэхыдох. НтIэ, шым тес, уэ сыноупщIынут: цIыхум иIэщ шыгъу, кхъуей, лы, абыхэм нэмыщIу зы щIэ гуэри хуагъэпIий, атIэ а щIэм щхьэкIэ, ар фIы дыдэуи сощIри, цIыхум япэм иIахэр хыфIидзэж хъуну? Дэ алыхьыр дымыдэу аракъым, ухуеймэ тхьэщIэ...

— Абы зы псалъэ къыфIумыгъэкI! — лIыжьым и псалъэхэр Iэпиудащ хьэщIэм къытехьэпауэ.— Уи жьэм къекIуэу Азалыхьталэу ди щыгум итыр шхыныгъуэ гуэрхэм уэ дауэ ебгъэщхьа? Уо, алыхь, сыту утэмакъкIыхь уэ! Сабийм ещхь мы си лъэпкъэгъухэм фIэкIа апхуэдэ гуэныхь зигу къэкIын мы дуней псом теткъым!

Уаз такIуэ мыцIыхум и япэ псалъэхэм игъэгъумэтIыма цIыхухэм я нэгур тIэкIу-тIэкIуурэ нэхутхьэху хъужащ, уеблэмэ дыхьэшхи къахэкIащ. ЦIыхухэм гу лъатат лIыжьым шхыныгъуэмрэ алыхьымрэ зэрызэригъэпщар абы и жагъуэ зэрыхъуам, икIи муслъымэным и псалъэхэм я гуауэ къищI пэтми, абы дыхьэшхэн гуэрхэри халъагъуэрт.

— Сэ фыкъызэдэIуэн хуейщ,— иригъэкIуэкIырт адэкIэ муслъымэн лIым.— Сэ япэм лъхукъуэлI къызэрыгуэкIыу сыщытащ. Иджы алыхьым и IэмыркIэ уэркъ щауэлIыхъу сыхъуащ. Молэ сыхъумэ, сэ а уэркъбжьэркъхэм сыхуеижыххэкъым — дэтхэнэри фIэфIыпсу си Iэнэ кIапэ къэтIысынущ. Сэ иджыпсту сымолэ хьэзырщ, седжащ — Кърым къикIа ефэндыхэм къызгурагъэIуащ КъурIэным итхэр. Адэлджэрийщ сэ къызэрызэджэр. Езы Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ дыдэм сришу гъусэщи, абы и уэркъхэмрэ адрей зауэлIхэмрэ ислъамым и хьилмэр язогъащIэ.

Шур мыIейуэ хуэпат, адыгэ цей фIыцIэр хьэзыр Iупэхут, упщIэ пыIэ лъагэм хъурыфэ щабэ къедэкIат, хъыбий хъуами, лъахъстэн вакъэхэр щабэт. Къамэмрэ сэшхуэмрэ егъэлеяуэ гъэщIэрэщIатэкъым, ауэ зэпэщт. Зи пащIэмрэ набдзэхэмрэ гъуатIэ, илъэс тIощIрэ пщIым итын лIы псыгъуэм и нэгум къищ губжьым а дахагъэр игъэкIуэдырт.

Абдежым гупым къыхэкIащ асыхьэтым яукIа мэлым и ныбапхъэр зыIыгъ лIы хэщIыхьар.

— Хьэуэ, уэ мыр къызгурыгъаIуэт,— макъ гъум лъэщкIэ жиIащ абы.— Си пщIантIэм хьэщIэ къыдыхьамэ, япэу къэсауэ унэм щIэс хьэщIэхэр дэсхужын щIыхуейр сыт?

Абы жиIар ягу ирихьауэ цIыхухэр зэщIэващ.

— Ей, уэ мыбы адыгэ хабзэр къыхыумыпщэ,— Адэлджэрий и нэкIущхьэплъыр нэхъ плъыжьыжу къызэщIэнащ.— Алыхьыр абы и деж хьэщIапIэ къэкIуэнущ! Ар къэзыпсэлъа уи бзэгур сыту умышхыжарэ, тхьэгъэпцI!

— ИгъащIэм тхьэгъэпцIкIэ зыри къызэщакъым,— жиIащ щIэупщIа лIым нэщхъейуэ, ауэ и нэмыс ихъумэжу мамыру.— СщIэркъым сэ апхуэдэ хъуэр къыщIэсхьари, а хъуэрыр уащхъуэдэмыщхъуэу уэркъ щауэм къызипэсауэ щытми.

— Уэ... уэ...— псалъэхэр Адэлджэрий и тэмакъым тенащ е хужымыIэу е хуемыгъэлъэтэхыу.— Уэ узэпсалъэр пщIэжрэ? И!

— УмытэмакъкIэщIыт, Адэлджэрий,— гупым я щIыбагъкIэ къыщыIуащ икIи шум гъунэгъу зыкъыхуищIащ лIыжь гъур гуэрым.— Моуэ дахэу япсалъэ псоми...— МэкъумэшыщIэр укIытэрти и щхьэр щIэгуауэ еплъыхырт.

— Ей-ехь! Си анэ дэлъхужьри мыбы щыIи? — къэгубжьарэ гуфIарэ къыпхуэмыщIэу жиIащ муслъымэн асым.

— Уи анэ шыпхъужьри щыIэщ!

— Си анэ шыпхъури?

— Адэлджэрий! А си псэ закъуэ! — фызхэм ящыщ зы тегушхуащ цIыхухъухэм я псалъэм хыхьэну.— Дэ псори сыт хуэдэу дыгуфIэ уи гугъэ цIыхушхуэ узэрыхъуам щхьэкIэ, ауэ япэми хуэдэу угъурлыуэ щыт дяпэкIи, кхъыIэ.

— Хьэбалэ! — хэкъузауэ жиIащ пхъурылъхум, езыр анэ дэлъхум нэхърэ нэхъыжь фIэкIа умыщIэну.— Уэ иужьу бжесIар пщыгъупщэжауэ ара? Уэ зэ увыIэ, анэ пэлъытэ! Догуэ-зэ, Хьэбалэ, бжесIа псомкIи арэзы укъызэрыздэхъуар пщыгъупщэжауэ ара? Уа, цIыхубз, зэ увыIэ бжесIай!

ЦIыхухэр абы и псэлъэкIэр яфIэгъэщIэгъуэну, бжьэ къэпщIауэ зэрызехьэрт.

— Флъэгъуа иджы къэхъу пхъурылъхухэр зыхуэдэр!

— Уэркъ щауэщ!

— Еджащ-тIэ...

— Уащхъуэ къанкIэ соIуэ, зегъэпхъашэкIэ.

— Ауэрэ зызэкIэщIиша нэхърэ нэхъ щхьэпэт тырку дин жыхуиIэр зэхэхауэ къыджиIамэ.

— Мис а зи гугъу ищI тхылъми...

— Ехухыжын хуейщ а щхьэр зыгъавэр...

— ЦІыхум и жагъуэ щІыгъуейкъым...

Хьэбалэ щтати зэкІэ щыму жаІэхэм едаІуэрт, пхъурылъхур къэлыбыпат:

— ЕмыкІу хьэдыгъуэдахэщ! Къэбэрдейхэр иджыри къэс сэндракъ къофэ! Я алыхь, цІыхубзхэм я бгъэр къыхудадз мы тхьэ пыпхэ нэджэІуджэхэм, сыт фызэреджэр — Псатхьэм и пащхьэ!

— Ей, маржэ хъужыххэн! Сыт мы напэншэм къивхэр зищІысыр,— къэгубжьащ ныбапхъэ зыІыгъ лІыри.— СлІожь, мыбы къыщыкІуэм Іэпыхуу игъэкІуэдауэ ара мыбы и напэр? Ы-ы?

— Сэра напэншэр? — къэгубжьыпащ Адэлджэрий.— Уэ напэ уиІэщ, ара? НтІэ, мыдэ еплъ сэ а уи Псатхьэм есщІэм. Уи дежи сынэсынщ итІанэ, хьэнэІуцэм къилъхуа!

Абдежым абы ищІа емыкІур уи фІэщ мыхъун хуэдизщ. Адэлджэрий и сэшхуэр кърипхъуэтри и шыр Псатхьэ и сурэтым ирихулІащ икІи дахэ-дахэу а сурэтыр ящІауэ щытамэ, и лъэгуажьэр здэщыІэн хуея щІыпІэм деж хуэзэу зэрифІэщкІэ зэрэ-тІэурэ еуащ къуэщІийхэр лъейуэ, икІи тхьэм и пхъэ сурэтыр лъэныкъуэкІэ ещІащ. Аргуэру зы удыныфІ иридзри Псатхьэ тхьэмыщкІэр зытет лъагапІэм къехуэхри пхъэ гъур тыкъыру щІы псыфым техуащ.

ЦІыху гужьеяхэр я жьэр ущІауэ щытт дияуэ.

— Флъэгъуа! — игу зэгъауэ лъэрыгъыпсым зыщиІэтащ Адэлджэрий.— Аращ и натІэ хъунур дэтхэнэ...

Псом япэу зыкъищІэжащ ныбапхъэ зыІыгъ «тхьэгъэпцІым». Ныбапхъэ зэгъэдзэкІа, ауэ мыгъэкъэбзар ину игъэкІэрахъуэри ислъамым и уазтакІуэ лІым и нэкІущхьэплъым «цІомпІэ» жиІэу щІиупцІащ. Асыхьэту Адэлджэрий ираутІыпщу щІадзащ ятІэ шыкъырхэр, фалъэхэмрэ шынакъжьейхэмрэ, зыгуэрым бжэн кІэтІий зэкІэрыщІар аркъэну иутІыпщри шым и пщэм фІэхуащ. Шы щтар кІэбдзкІэ уври, щхьэрыхьу мэзым щІэлъэдэжащ. Шууейми мэзым къыщІэкІыжу къахыхьэжыну и мурад хуэдэтэкъым.

ЩІэх зыкъащІэжакъым мэкъумэшыщІэхэм. ТхьэлъэІур къутати унэм зэбгрыкІыжынрэ къафэм, тхьэм елъэІуным, пащэнрэ ящІэртэкъым.

— Апхуэдэ напэтех си нэгу щІэмыкІыу сылІамэ нэхъыфІт,— жиІащ япэу псэлъэгъу Адэлджэрий хуэхъуа лІыжьым.— Щыблэ къеуэу ар и пІэм щІримыукІыхьар сыт?

ЩІалэхэм ящыщ зым и ныбжьэгъухэм нащхьэІущхьэ яхуищІурэ, и фІэщ дыдэм хуэдэу:

— Щыблэ къемыуами ныбапхъэ фІеймрэ бамэ къызыкІэрих кІэтІиймрэ и пІэм «жьгъымб» иращІыхьащ,— жи-

Iат, арщхьэкIэ цIыхухъу нэхъыжьхэр нэкIэ къыщепыджым, и ныбжьэгъу-жэрэгъухэм я щIыб зыдидзэжащ.

Псатхьэ зыфIэкIуэда тхьэлъэIущIхэр щатэрт:

— Еплъ мы Хьэбалэ и пхъурылъхум къыдищIа напэншагъэм. Сыту гуауэшхуэ!

— Хьэбалэ, уэ уи жагъуэ умыщI аурэ...

— Уа, нтIэ мы диныщIэр нэхъыфIу пIэрэ?

— Уи бзэр иубыдынщ, ар жумыIэ... Сыт хуэдэу сигу пщIэгъунт итIанэ...

— Уигу къысщIэгъуурэ уи нэр игъукIынт.

— Ей, фызэщымыхьэт иджы. Арыншами мащIэкъым узэгупсысын.

— СлIо узэгупсысынур? Псатхьэ гъыуэ пшынэм къафэ къикIрэ?

— Ей, Хьэбалэ, Хьэбалэ! ТIощIрэ уи пхъурылъхуу щытми...

— Уа, Ахын и жэм фIыцIэр фщыгъупщэжа? Дыпэплъэнщ а тхьэIухудыр щытлъагъуну дакъикъэм!

— Уей, дуней, мы пхъурылъхури...

— Дыпэплъэнщ, дыпэплъэнщ жэм фIыцIэм...

— Фыпэплъэж, мащIэ дыдэу фыпэплъэж. Мыгувэу апхуэдэ пхъурылъху зэрыхьэнур зы къэбэрдей унагъуэкъым — мис итIанэщ Псатхьэ щыгъынур.

* * *

И напэр зэрытекIам зи гур къызэфIигъэна Адэлджэрий мэзым пхырыжырт губжьым къыщапхъуа и нитIым зыри ямылъагъуу. Жыг къудамэхэм, тхьэмпэхэм абы и нэкIур зэпахулыкIырт. Абы шхуэмылакIэр иутIыпщауэ зы IэмкIэ пыIэр щхьэриIыгъэт, адрейр и нэхэм IупIат, хуэмубыду и нитIым къыщIэж нэпс пщтырхэр къыщIэнэкIэну гуэрхэм яримыгъэлъагъуну иужь ит нэхъей. Адэлджэрий дэгуу щэIурт, хъуэн бзаджэу щыIэр тэтэрыбзэкIэ кърибжэкIырт: апхуэдэ псалъэ фIейхэр, ауэ уигу зыгъэтIысхэр адыгэбзэм хэттэкъым.

Ауэ и дуней тетыкIэкIэ Адэлджэрий, сыт хуэдизкIэ мытэмакъкIэщIми, къытехьамэ, псынщIэу къэзыгъэзэж цIыху нэжэгужэт. Куэд дэмыкIыу ар теужу хуежьащ, и плIэм дэсам и гукъыдэжым зэрызихъуэжар зэхэзыщIа, хьэмкIэу кIуэ шыри ущу щIидзэри и кIэм лъэбакъуэм хуэкIуэжащ.

Псынэпс къабзэ куум щыIууэм, ар епсыхащ икIи и бгъэри хищIэу псым Iугъуалъхьэри и щхьэр тIэу-щэ щIигъэмбрууащ. ИтIанэ псым ихь пэта пыIэр къиубыдыжщ, лъэгуажьэм еуэурэ иутхыпщIыжри мывэ къэплъам трилъ-

хьащ. Мис абы щыгъуэщ абы псыщхьэм щыс лIитIым гу щылъитар.

А тIум язып Адэлджэрий нэхърэ тIэкIу нэхъыщIэнт, адрейр щIалэщIэ дыдэт — и пащIэр къытеувэу хуежьа къудейт. Ауэ ахэр къыщызэфIэувам я лъагагъкIи IэпкълъэпкъкIи зэрагъэхь щымыIэу зэхуэдизу къыщIэкIащ. Абы я плIэм и бгъуагъыр, я бгыр зэрыпсыгъуэр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Нэхъыжьым и нэкIу фагъуэ жьыбгъэм ипхъэхам къытещырт пцIащхъуэ дамэу зэблэлъэт набдзэ Iувыр, и пащIэ Iувым и кIапитIыр и хьэлыр зэрыткIийм щыхьэт техъуэ Iупэ IуфитIым мащIэу фIэкIырт. И ныбжьым емылъытауэ зизыча ныбжьыщIэм и нэкIущхьитIыр сэхусэплъ зэта нысащIэу щэрэ лъырэ зэщIэту нэкIущхьэплът, пыжь хъуам и плъыфэ нитIыр къэзыухъуреихь псори фIэгъэщIэгъуэну, ауэ зэрыукIытэхри къаIуатэу маплъэ. Апхуэдэущ ар зэреплъари Адэлджэрий ищIам — фIэгъэщIэгъуэну, ауэ зыри къыгурымыIуэу. Молэ гъэсэныр мащIэу Iэнкун хъуати, езым япэу фIэхъус итын зэрыхуейр IэщIэхуащ. Ар зыхуэза гъуэгурыкIуэ мыцIыхур цIыху гъэсам къыщымынэу, гулъыти зиIэти, къригъэблагъэу и Iэр ищIри фIэхъус ирихащ:

— Сэлам алейкум, гъуэгурыкIуэ!

«Мис апхуэдэ макъ сэ сиIащэрэт,— нэщхъейуэ егупсысащ Адэлджэрий. — Апхуэдэ мыщэхъу макъ сиIатэмэ, сыт хуэдэ гупри къэзгъэдэIуэфынт».

— Уалейкум сэлам, цIыхуфIхэ,— Адэлджэрий абыхэм нэхъ гъунэгъуу ябгъэдыхьащ, ныбжьыщIэм шы IумпIэр иубыдри шы къэплъар жыгым ирипхащ.

— КъэтIыс,— жиIащ лIы мыцIыхум,— ди Iэнэр зумыусыгъуэджэмэ, къыддэшхэ.

Гъуаплъэ тепщэч цIыкIум кхъуей плъыжь гъэгъуа, пIастэ Iыхьэ, хьэлыуэ IупщIэ зыбжанэ илът. Тепщэчым ибгъукIэ жыгей пхъэ тхьэмпэм телът джэд гъэва, къэлэр IэмыщIэ зы-тIу, шыгъу.

— Дэтхэнэ гъуэгурыкIуэми мыбы нэхъ Iэнэ къулейсыз ирамыпэсыну алыхьым жиIэ,— жиIэри молэ гъэсэн мэжэлIар удзыпцIэм хэубгъуа щIакIуэм етIысэхащ.

Тхьэрыкъуэф Iэнэм и бысымри тIысащ, щIалэщIэм джэдыр къупщхьэ зырызыххэу зэпкърихри хьэщIэм и пащхьэ Iыхьэ нэхъыфIхэр, нэгэгъур щIыгъужу, ирилъхьащ.

Адэлджэрий пIастэм тIэкIу къыпигъэхури кънигъэжьащ:

— Мы щIалэр...

— Абы зэреджэр Батийщ, сэ сы-Болэтщ.

— НтIэ, зи щIыхьыр ин Болэт, Батий ди гъусэу кърегъэтIысащ... 

— НтIэ, зи щIыхьыр ин Болэт, Батий ди гъусэу кърetIыс. Дэ дызыщIэсыр мэзщ, хьэщIэщкъым. Тхьэрыкъуэф Iэнэщ...
— ТIыс, Батий,— жиIащ Болэти.— Ди хьэщIэм... ы-ы...
— Адэлджэрий.
— Тэмэму гу лъитащ Адэлджэрий. Мыбдежым кхъуэщынкIэрэ къэпхьу махъсымэ къытхуибгъэхъуэн хуейй хъунукъым. Гъуэгур гъуэгущ.
Батий Болэт ибгъукIэ Iэдэбу тIысри джэдыпщэр къищтащ.
— Сыту мыхъуми гуапэщ уэ пхуэдэу гупсысэ, цIыху муслъымэн асы ухуэзэну.— Iэнэ псалъэмакъыр къыхидзащ Адэлджэрий.— Уэ сэ муслъымэн хабзэм тетущ фIэхъус къызэрызэпхар, пэжкъэ?
— Узэсэр сэгъейщ — жыхуаIэрщ,— пыгуфIыкIащ Болэт.— Мы Батий си къаным сэрэ илъэс зыкъомкIэ Кърымым дыщыпсэуащ.
— Iэу-у! — имыщIэххэу зыIууа лIитIым яхуищI пщIэм зэуэ хэхъуауэ пищащ Адэлджэрий, джэд къупщхьэ зэгъуар лъэныкъуэкIэ Iуидзурэ.— Сыт и уасэт абы ущыпсэуну!
— Абы хъуэпсэгъуэ хэзмылъагъуэ.
— Хэзмылъагъуэ жыпIа? — игъэщIэгъуащ Адэлджэрий.— Муслъымэнхэм уахэтынми? Зы мажусий нэжьгъумылъагъуу упсэуным хыумылъагъуэуи? Абы щхьэкIэ...
— Ей, си хэкуэгъу, уи мыгугъэ Кърым щыIэ тэтэр псори муслъымэнрэ алыхьым хуэлажьэу, IуэхуфI фIэкIа ямыщIэрэ, зым адрейм уаз ириту зэхэсу. Ахэр дэ тхуэдэ къабзэхэщ, ауэ абыхэм ящыщу нэхъыбэр дзэпщхэмрэ молэхэмрэ — нтIэ, нтIэ молэхэм — щагъэкIащи нэгъуэщI цIыхухэр, лъэпкъхэр къателажьэурэ я фIыгъуэр зэрагъэбэгъуэн фIэкIа зыпылъ щыIэжкъым. Хьэмэрэ абыхэм адыгэхэр дахъунщIэркъэ? Сыт хуэдиз ди цIыху тырку къэрым гъэрыпIэм иту уфIэщIрэ!
— Дауи щрети, абыхэм ди хэкум ислъамым и нурыр къахь. ЦIыхухэр къанэ щымыIэу муслъымэн хъуа нэужь а псоми фIыкIэ захъуэжынущ.
Болэт и щхьэр игъэкIэрэхъуа мыхъумэ, зыри жиIакъым.
Адэлджэрий мащIэ-мащIэурэ къызэщIэплъэу хуежьащ:
— Хьэуэ, дауэ зэрыпшэчынур мо гуэншэрыкъ вакъэм я нэхъыбэм пхъэ пыпхэр я фIэщ зэрыхъур?
— ЦIыхум дежкIэ гугъущ зэсар IэщIыб ищIыну.
— Хэгъэзыхьауэ IэщIыб егъэщIын хуейщ! — Адэлджэрий и IэштIымымкIэ и лъэгуажьэм апхуэдизкIэ еуати,

мащIэщ узым игъэкIииным иIэжар.— Хэгъэзыхьын, уэлэхьи!

— Хьэуэ, апхуэдэу пщIыуэ КъурIэным идэркъым.

— Дауэ... зэримыдэр? — и гур Iэпыхуу жиIащ Адэлджэрий.— Сэ еджэкIэ сщIэркъым, дауи, КъурIэным сэрсэру седжэфыркъым, ауэ абы итым я нэхъыбэм сыщыгъуазэщ. Тэтэр молитI-щым къызжаIауэ. Абыхэм ящыщ зы щIымахуэ псом ди унагъуэ щыхьэщIати, махуэ къэс зэчыр сигъэщIащ.

— Абы щыгъуэми а уи егъэджакIуэм Iуэхум куэд хищIыкIыу къыщIэкIынутэкъым,— псалъэ кIапэр ипхъуэтащ Болэт.— Хьэуэ, абы а Iуэхум хищIыкI щыIакъым, си еджа. Молэхэм мащIэ яхэткъым ябгъэдэмылъ щIэныгъэр зыгъэбатэу. Сэ сыхьэжыкъым, ауэ муслъымэн чытап зыбжанэ седжащ. Пэжу хьэрыпыбзэкIэкъым, атIэ тыркубзэкIэ. НтIэ, мис мыпхуэдэ зы Iэят сигу къинащ: «Дауэ зы псэ закъуэми удыхьэн абы езы алыхьым и фIэфIыныгъэ хэмылъмэ». Апхуэдэу итщ епщIанэ сурэм и Iэятищэм — а бжыгъэхэр сэ сигу изубыдащ — ахэр шабзэшэм хуэдэу захуэщ икIи папцIэщ.

Адэлджэрий зэрыщымт.

— КъурIэным ит нэгъуэщI зы Iэяти уезгъэджэнщ,— мамыру гъуагъуэрт Болэт и макъыр.— Мис, къэдаIуэ: «Дэ дыхуейуэ щытыгъамэ, дэтхэнэ псэми здигъэзэнур едгъэлъагъуфынут... Пэжу жысIэжа, Батий? — зыхуигъэзащ абы щIалэщIэм.

Батий пIырыпIу плъыжь хъуауэ и щхьэр ищIащ.

И нэхэр къижу Адэлджэрий Батий еплъащ.

Молэ гъэсэныр зэрыпIейтейм гу лъимыта щIыкIэу Болэт жриIащ щIалэм:

— Нэхъыжьым и шыр щIэгъущхьэжагъэнщ, шэи псы егъафэ.

Батий IукIа нэужь абы Адэлджэрий гуригъэIуащ Iуэхур зытетыр.

— ЩIалэ цIыкIур тырку мыдрисэм щеджащ, гукIэ ещIэ КъурIэныр.

— Азалыхьталэ! — хъуэпсэнэIуу Батий кIэлъыкIуэну хэтащ Адэлджэрий.— Сэ къызгурымыIуэр мыращ, Болэт. Уэ псоми фIыуэ хощIыкI, уи Iэщэмрэ фащэмрэ тепщIыхьми, гуэншэрыкъ вакъэхэм уакъыхэкIакъым — дауэ уакъыщхьэщыжыфрэ мажусий фасикъхэм?

— Сэ цIыхухэрщ сыкъызыщхьэщыжыр. Я щхьэри пщIэншэрышхэхэри зыпIхэрщ.

— Догуэт, догуэт зэ,— Адэлджэрий апхуэдизкIэ губ-

жьати, и жьакIагъуэр пысысыхьырт.— Уэ пщIэншэрышхэ зыфIэпщыр къытщхьэщытхэр ара?

— Аращ, лэпс къэкъуалъэм и щIыIу тет тхъурымбэхэрщ. Ауэ уэ умыпIейтей апхуэдэу. Мамыру узэныкъуэкъу хъунущ.

Адэлджэрий нэхъ нэщхъыцэж хъуащ:

— Сэ сызишу гъусэ пщым игу ирихьынтэкъым уи псалъэхэр.

— Сыт хуэдэпщым?

— Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэпщым.

— А-а-а.

Болэт зыбжанэрэ шыму еплъыхащ, итIанэ, Iуэхушхуэ гуэрым тегушхуа щIыкIэу хуэму кърикгъэжьащ:

— НтIэ иджы бжесIэнщ уи пщым игу ирихьын: Кургъуокъуэ и къуэр илъэсиблкIэ узэIэбэкIыжмэ Тэрч итхьэлакъым — ар псэущ, узыншэщ.

Адэлджэрий къышылъэтащ: абы и нэгум къищырт нэхъ зэхэхауэ псори къищIэну зэрыхэтыр, упщIэ Iэджэ и щхьэм щызэрызехьэрт, ауэ Болэт и Iэр иIэтри ткIийуэ жиIащ:

— АфIэкIа зы псалъэ бжесIэнукъым,— икIи щIигъужащ:

— Чэзу нэсмэ, псори наIуэ хъунщ.— Абы Батий Iэ щыхуищIым щIалэр мэзым хэлъэдащ, куэд дэмыкIыуи къэIуащ шы щыщ макъ. Батий къыIухьэжащ зи сокумрэ шыкIэмрэ вынджьыч, зи тхыцIэр фIыцIэ хуарэ брулыр и Iэдэжу.

Адэлджэрий шым еплъщ, ину щатэри фIэхъус къарихыжу щIидзащ. Асыхьэтым мэз лъапэ гъуэгумкIэ къиIукIащ цIыху псалъэмакъ, уэрэд макъ.

Адэлджэрии, Болэти, Iэнэр Iузыхыжу щIакIуэ шыхьар уанэкъуапэм езыпхыжа Батии гъуэгумкIэ кIуахэщ. Абыхэм гъунэгъу къахуэхъурт мэкъумэшыщIэ гупышхуэ, хужьу зы IэпапIэ зыхэмыт жэм фIыцIэ пшэр зи цыпэхэр дыгъэм пэлыдыр япэ иту къахурэ езыхэр абы и ужь иту къакIуэрэ къыпхуэмыщIэну.

— Мес, еплъ, алыхьым щхьэкIэ,— ауанышIу дыхьэшхащ Адэлджэрий.

— Мис аращ «Ахын и жэм езыр-езыру къэкIуащ» жыхуаIэр. ЩIапIэкIуэд хъун мажусий зэхуэсыпIэм — Махуэгъэпс — яху.

Болэтий машIэу пыгуфIыкIащ:

— Хым къыщежьауэ къакIуэрэ-тIэ?

— Дэнэ къикIауэ? — и Iэр ищIащ Адэлджэрий.— Къуажэ къэс а жэмыр щызэрахъуэкI. ИтIанэ «Ахын къигъэкIуащ», гъуэгуанэ псор и закъуэу къызэпичри мыгъуа-

щэу Махуэгъэпс щыгум къэкIуащ жаIэ. Нызэрысу тхьэ елъэIунхэщ, яукIынщи яшхынщ. Тфу! — убжьытхащ ар.

Жэмыр къэзыухъуреихьауэ кIуэ цIыхубзхэми, цIыхухъухэми, сабийхэми, диным цIыхухэр зыхуриджэ Iэдэбагътэкъым ядэплъагъур, абыхэм я нэгу къищыр махуэшхуэ гукъыдэжт. МэкъумэшыщIэхэм ящыщ зы-тIум бжьамий, бэрэбанэ IэрыщI яIыгъти, къафэ нэжэгужэ еуэхэрт. ТхьэлъэIум здэкIуэм къафэрт, нэжэгужэу зэпэджэжырт:

— Еплъыт, еплъыт мы тхьэIухудым, мы Iэщ угъурлым и кIуэкIэм.

— Дахэу макIуэ!

— Нэсыным куэд къыхуэнэжакъым...

— Ей, жэм щихъым и пэ фыкъимылъадэт!

Жэм «щихъым» и нэ дахэ пIащитIым хэкIыпIэншагъэт къыщIэщыр, и щIыфэ яер пцIэпцIэжу абы и гъуэгу хигъэщIырт, зы мардэм темыкIыу бакъуэу.

— Сэ абыхэм иджыпсту язгъэлъагъунщ...— гъумэтIымащ Къэбэрдейм цIыхуу исыр муслъымэн ищIыну зи пщэ изылъхьэжа Адэлджэрий.

— Зэ умыпIащIэт, еджа,— жиIащ Болэти.— КъедаIуэт КъурIэным ит мы зы Iэятми: «Джаурым пIалъэ ет, и гугъу умыщIу зы меданкIэ къэгъанэ».

— Медан зыбжанэр зэрыблэкIри Iэджэ щIащ!

Болэт и дамэр дригъэуейри:

— Абы щыгъуэм узэрыхуейщ,— жриIащ икIи щIалэщIэм зыхуигъэзащ:

— Дежьэжынщ, Батий. Хамэ Iуэху щыхьэт дыщIытехъуэн щыIэкъым.

* * *

Къанболэтрэ Къубатийрэ сакъыу ирикIуэрт ерагъкIэ фIэкIа гу зылъумытэ мэз лъагъуэ цIыкIум брул хуарэ зэкIужыр IумпIэу зыдашэу.

— Арати, ди Хэкужь дыкъихьэжащ, си шынэхъыщIэ,— жиIэрт Къанболэт.— Ди хэку дыкъэсыжа щхьэкIэ, ди щхьэр щедгъэщIын диIэкъым. Иджыпсту дэ Iуэхугъуищ дыхуэныкъуэщ: пIалъэкIэ дыщыпсэун гуэр, уэр папщIэ шыфI (хуэфэщэн Iэпслъэпс щIыгъужу), ещанэр псом нэхъ гугъущ — ар зи щIыхьыр ин уи адэ Къэбэрдей пщышхуэмрэ сэрэ дызэзыгъэкIужын дэлэл Iэзэ.

— Болэт! Мо Адэлджэрийм щыгъупщэжакIэщ Кургъуокъуэм и къуэм теухуауэ жепIар...

— ТхьэмыщкIэ! Жэмым щIыгъухэм зэраIуплъэххэу бегъымбару зыкъыщыхъужащ. Дэлэл апхуэдэ цIыху пщIы-

ну дзыхьщIыгъуэджэщ. Ауэ фIыуэ къакъуу — нобэ арагъэнущ абы кърaщIари — и закъуэу къэна, и губжьыр теужа нэужь Iэмал имыIэу игу дыкъэкIыжынущ. ФIыуэ гупсысэмэ хуигъэфэщэнщ Батийр Кургъуокъуэ и къуэ псым итхьэлар зэрыарар, Болэтыр... Хьэуэ, абы игу къэкIыххэнкъым игъащIэм зыхуэмыза Тузар Къанболэтыр илъэгъуауэ.

— Мы дыздэщыIэ щIыпIэм сыт зэреджэр?

ЩIалэ цIыкIур хьэжэпхъажэщ, пIейтейщ,— егупсысащ Къанболэт.— И гур къилъэт зэпытщ жьэгъужьхэм дыкъызэрысыжрэ. Ауэ игукIэ:

— Мыр Шэджэмрэ Бахъсэнрэ я тIуащIэщ, Махуэгъэпс жыхуаIэрщ. Дауэ къыпщыхъурэ? Зыплъыхьыт и хъуреягъкIэ...

— Кърымым нэхърэ минкIэ нэхъ дахэщ! — щIалэм и нитIыр къилыдыкIащ.— Ауэ сытми мэз мыр!

— УщыщэкIуэну сыт хуэдэ! — Къанболэт къэувыIэри и къаным нащхьэ хуищIащ, щIы цIынэм IупщIу къытещ лъэужьыр иригъэлъагъуурэ,— еплъыт мыдэ!

— ИIэ, мыщэ! — и псэр гурыщIэ иным къызэщIиIэтауэ щэтащ Къубатий.

Бжей IэплIакIуэхэм блэм хуэдэу зиIуантIэ-зишантIэу къапэзыкIухь лъэс лъагъуэ цIыкIур зи щыгум шыжьыдзэу телэжьыкIауэ мывэ къыр джейхэр къызыхэпIиикI джабэ задэм докI. Нэрылъагъут лъэбыцэжьым гъуэгур зэпиупщIу ищхьэмкIэ зэрыдэкIрэ куэд зэрымыщIар. Шыри зэуэ къаскIэри и пэхэр къэпщащ, пырхъащ.

— Сыдэжу сыплъэн, Болэт? — Къубатий и нитIыр хьэтыр щIэлъэIурт.

Тузарым ерагъкIэ зэтриIыгъащ щIалэм иджыри зэрысабийр игу къэзыгъэкIыж дыхьэшхыр. Дзыгъуэ къэзылъэгъуа джэду шыру Батий и нэхэр къижырт, и Iупэхэр хэлъэтырт. Ар дауэ бубыдынт!

— Хъунщ, жэ,— арэзы хъуащ Къанболэт.— Ауэ къызжиIакъым жумыIэж къырым имыхьэжамэ еплъ къудей зыпумышэу. Къыр зэхуакухэм удэмыпщхьэ. КъыбгурыIуа? Сэри сынэкIуэнущ абыкIэ иджыпсту.

Пщэхъур зыпщIэхаха щакIуэхьэу мыщэ лъагъуэм ирикIуэу Къубатий джабэм кIэрылъэдащ. Къанболэти шэсыжри, шыри асыхьэтым тесабырэжащ, мыпIащIэу лъагъуэ нашэкъашэм теуващ. Къыр щыгу дыкъуакъуэм нэблэгъэпауэ и къанри имылъагъужу здэкIуэм абы зэхихащ цIыхубз кIий макъ, тIэкIу дэкIри мыщэ шынам и къугъ макъ. Щыгу дыкъуакъуэм нэс къэна гъуэгуанэр Къанболэт напIэзыпIэм икIуащ. Мэз фэху тIэкIум деж абы и нэгу къыщыIуидзар имыгъэщIэгъуэн лъэкIакъым. Япэу абы

къилъэгъуащ кӀапсэ зи бжьакъуэ кӀыхьым ищӀа бжэныр ерагъыу зэтезыӀыгъэ цӀыхубзыр, абы адэкӀэ плъэмэ — мыин дыдэ, ауэ уэдыкъуа мыщэмрэ къызэрылъэлъу дыхьэшх Къубатийрэ. Къанболэт сэшхуэ Ӏэпщэм епхъуат, арщхьэкӀэ псынщӀэу къыгурыӀуащ Ӏэщэ кърихын хуей зэрымыхъунур. Зыгуэрым дэӀэпыкъун хуеймэ, зыдэӀэпыкъупхъэр Къубатийтэкъым, атӀэ мыщэжьырт. Абы цыр щызэхэпцӀыхьа мыщэ пщэпкъыр Ӏэрыхуэу иубыдауэ, лъэбыцэжьыр пхэщӀыщхьэкӀэ щӀым къытриӀэтыкӀ игъэувыжу иӀыгът. Мыщэми зегъэкӀэрахъуэ фӀалъэ лъакъуэмкӀэ щӀалэм къеуэн е дзэкӀэ къылъэӀэсын и гугъэу, ауэ Къубатий мащӀэу щӀыбкӀэ йокӀуэт, йоӀэри фӀэгъэнапӀэ зымыгъуэтыж мыщэр пэкӀэ щӀевэ. ТхьэмыщкӀэр губжьарэ шынауэ мэкъугъ, хьэвшыру мэпщӀэу.

Къанболэт хуэмышэчу игу щызу ину дыхьэшхащ. Тузарым фӀыуэ къыгурыӀуэрт и къаным и гухэхъуэр: щӀалэ къарууфӀэм, хахуэм дежкӀэ абы нэхъ теупӀэфӀ щыӀэкъым. Ауэ ар гъэбэяун хуейт — къэхъуну псор хэт зыщӀэр? Мис цӀыхубзри мэкӀий, зэпытырыкӀуэр къызыхуэкӀуэн бжэныр схуэӀыгъыжыркъым,— мыщитӀым язым адрейр иреукӀ е иреутӀыпщыж армыхъумэ жеӀэри.

— Батий! — джащ Тузар.— Гуэныхьщ тхьэмыщкӀэр, утӀыпщыж.

ЩӀалэм мыщэм и пщэпкъыр иутӀыпщри и пхэщӀыщхьэм лъапэкӀэ кӀэщӀэуащ, лъэбыцэжьыр и щхьэр ищӀагъыу щхьэпридзащ, ауэ лъакъуэхэр щӀым зэрытеувэу тхьэкӀумэкӀыхьу мэзым хэлъэдэжащ, къемыплъэкӀрэ итырыгъухэр зэтрикъутэу.

Бжэнри напӀэзыпӀэм тесабырэжащ, къыбгъэдэтхэм пагэу еплъри, къэхъуа щымыӀэм хуэдэу хъуэкӀуэн щӀидзэжащ. И нитӀым гуфӀэгъуэр къыщӀихыу Къубатий Къанболэт деж игъэзэжащ, Тузарым и щхьэр игъэсысащ:

— ЗыбгъэщӀагъуэрэ, хьэкӀэкхъуэкӀэ уэдыкъуам сытекӀуащ жыпӀэу? ЩӀымахуэ псом и лъапэм щӀэфу гъуэм илъа тхьэмыщкӀэжьыр пӀэщӀэукӀэ пэтащ. Уэ нэхърэ нэхъ лъэрымыхьым тегушхуэн хуейкъым, си къуэш.

Къубатий плъыжьу къызэщӀэнащ, и атэлыкъыр къыщытхъурэ къешхыдэрэ къыгурымыӀуэу. Сыт щыгъуи хуэдэуи, Тузарым и нэгум къищырӀтэкъым и псалъэ дыкъуакъуэм къикӀыр. Абы къикӀыр и къаным жримыӀэу гупсысэм хедзэ, уэ уи акъылкӀэ къэхутэ кърихыу.

ЦӀыхухъухэр къигъащтэу цӀыхубзыр абдежым зэуэ къыхэкӀиикӀащ:

— Къанболэт! Уэрауэ пӀэрэ ар?

Тузарыр иджыпстущ япэу нэхъ гупсэхуу цӀыхубзым и нэгу щиплъар:

— Нэлжан? Уэлэхьи, Нэлжанмэ! — шым зыкъригъэлъэтэхри ар бгъэдыхьащ цӀыхубзым.

Къанболэт и ныбжь, лӀакъуэлӀэшыр зэрысабийрэ зыцӀыху, щыцӀыкӀум зыдэджэгуу щыта цӀыхубзым абы зыкъришэкӀри къэгъащ:

— ИгъащӀэкӀэ услъагъужын си гугъакъым...— жиӀэри.

ЦӀыхубзым ейуэ зыхуумыгъэфэщэн абы и плӀабгъуэр иубыдурэ зэрыукӀытэр, нэмыс зэрызэрихьэр игъэлъагъуэу Къанболэт Нэлжан и бгъэ лъагэхэм къапыӀукӀуэтащ икӀи гупсэхуу иплъащ абы и нэгу дахагъэ пхъашэм, зи зэхэлъыкӀэм цӀыхухъур димыхьэхыу Ӏузыгъэк Ӏуэтым. Ар зы щхьэ ныкъуэ хуэдизкӀэ Къанболэт нэхърэ нэхъ лъагэнт. Нэлжан уэркъ унагъуэт зралъхуар. Ауэ зэщхь хъуар тхьэм ещӀэ. БжьыфӀагъэрэ дахагъэкӀэ цӀыхухэм къахэмыщу япэ ита лӀакъуэ куэдым къарури дахагъэри тӀэкӀу-тӀэкӀуурэ зэхуахьэсу псори зэуэ зы цӀыхум (а фӀыгъуэр апхуэдизкӀэ инти тӀу-щым яхурикъунт) тракӀутагъэнщ. Апхуэдэу Нэлжан и насып къикӀагъэнт. А цӀыхубзым и нэфӀыцӀэшхуэхэм Къанболэт щӀилъагъуэрт зэфӀэкӀи акъыл жани. Ахэр ягъэдахэрт гуапагъэмрэ гурыщӀэ куумри. Ауэ нитӀым къыбжаӀэрт зэхэкӀэжащ жыхуэпӀэн и набдзэшхуитӀыр ахэр зейм зэхигъэуа нэужь а губжьыр уафэхъуэпскӀыу абыхэм зэрыщызеуэнури. ЩыпыгуфӀыкӀкӀэ, пӀырыпӀ гъэпщам ещхь Ӏупэ пӀащэхэри ткӀий хъурти, уэсу хужь дзэ сатыритӀыр къыщӀэпсырт.

— ЗыкӀэ зыпхъуэжакъым, Нэлжан,— жиӀащ Къанболэт.— Нэхъ дахэж ухъуащ армыхъумэ. ГъэщӀэгъуэнщ иджыри къэс зыгуэрым узэримыхьар.— Тузарым гу лъитат абы и бгъэ лъэщыр куэншыбэм къуза уэ зэриӀыгъым.

Нэлжан хабзэм зригъэхьри укӀыта хуэдэу еплъыхащ.

— Ей, уэ укъыздогушыӀэ, си дотэ, ауэ хъыджэбз къыдэнэжа делэжьым сыт щыгъуи си хъуэпсапӀэр уэ уэщхь псэлъыхъу сиӀэнырти ар къыкъуэмыкӀыурэ жьы сыхъуащ. Иджы си гъащӀэ псор си дэлъху лӀы ибэм деж щысхьыну къыщӀэкӀын мыгъуэщ.

— Дэнэ уи дэлъхур здэщыӀэр?

— Мы Шэджэм псыхъуэм дэсщ. Ди адэ-анэм я лъапсэжьым исщ. ПщӀэжыркъэ, си шыпхъу нэхъыжьыр уи адэм и уэркъхэм ящыщ зым идыгъуащ, нтӀэ, ди адэ-анэр пасэу щылӀэм, сыхъыджэбз цӀыкӀуу абы сызэришэлӀэжыгъати... ПщӀэжрэ?

— Ы-ы, къызогубзыгъыж.

— НтӀэ, абы и пхъуитӀыр зэрашар, уи адэ мыгъуэм мы

гуауэшхуэр къытепсыхэн и пэкIэ ар зэрылIари пщIэжын хуейщ.

— СощIэж,— жиIащ Къанболэт.— Уи шыпхъум и лIыр дэнэ-тIэ здэщыIэр?

— Тузар къыщхьэщыжа псоми хуэдэу а махуэм яукIащ. Щыблэр къытихуэ пщы Алыджыкъуэ ЦIащхьэм!— Нэлжан и нэм уафэхъуэпскIыр къыщIэлыдыкIащ.— Блэмрэ хьэIуцыдзымрэ къалъхуаращ псори зи лажьэр. И бынми я быныжми....

— Зэ уэ умыбгэ, Нэлжан дахэкIей,— Iэдэбу зэпиудащ абы и псалъэр Къанболэт.— Абы дыщытепсэлъыхьын дихуэнщ. Мы си къаным сэрэ щIыпIэ жыжьэ дыкъокIыж, ди щхьэр зэтхьэлIэн гуэри диIэкъыми...

— АфIэкIа зы псалъэ жумыIэ, зы псалъэ, си дотэ! Армырамэ уи щхьэ йомыусыгъуэджэу си дэлъхум и унэ унихьэныр дэркIэ зэрыщIыхь иныр бжесIэну сигу къэмыкIауэ аращ абы къикIынур. Ар сигу къэмыкIауэ къищIэмэ, си дэлъхум си щхьэр пичынщ. Пичынуи схуэфащэщ. ФынакIуэт псынщIэу! — ар апхуэдизкIэ лъэщу еIат бжэным и бжьэм ищIа кIапсэми, псэущхьэ тхьэмыщкIэр Iуейуэ щIым техуащ.— Псым дыхьэ лъагъуэ цIыкIумкIэ дехым ди тэхъуанэр жыжьэжкъым. Хьэуэ, гува щIэхами алыхьыр къызэуэнщ си бзэгум и кIыхьагъымрэ си акъылым и кIэщIагъымрэ щхьэкIэ. Ауэ си дэлъхум нэхъ Iеижу сыщошынэ...

«Абы зэхуихьаитIым еплъыт,— егупсысащ Тузарыр.— Зэригъэпщами ди щхьэщыгум итым и Iуэхур кърimыгъэкIа. Хьэуэ, къэбэрдей цIыхубзыр фIырыфIкIэ ауэ сытми тхьэм щышынэнкъым.

И гущIэм зыкъыщызыIэта нэжэгужагъэр ерагъкIэ ирикъуухри, Къанболэт IумпIэр иритащ Iэджэ щIауэ зэнэIуасэхэм я псалъэмакъым фIэгъэщIэгъуэнрэ и напIэр зэтемыуэу едаIуэ и гъэсэным.

Шэджэм сэмэгурабгъу дыгъафIэ Iуфэм Iуту декIуэкI шытхыр ижьырабгъум нэхърэ фIыуэ нэхъ задэщ. Мэзри щынэхъ Iувщ икIи щынэхъ къулейщ. Дыгъэмыхъуэм нэхъыбэу щыкIыр бжей IэплIакIуэмэ, дыгъафIэм имыт щыIэкъым — хьэмкIутIейри, зэри, мэз кхъужьри, хьэцыбанэри, къущхьэмышхри — а псори гъэгъащи, мэ гуакIуэм пэр егъэджыл, бжьэхэмрэ хьэдзыгъуанэхэмрэ загъэтхъэж. Къыхэпща къэкIыгъэ псори гъащIэм къыхуэуша щIым щIоф, дэтхэнэ къудам, — тхьэмпэми шэджагъуэнэужь дыгъэм и нур гуащIэм зыхагъапскIэ.

ЕуэкIыпIэхэм ящыщ зым деж нэсхэри къикъуэлъыкIыу ех псы уэр утхъуар къалъэгъуащ. Мывэ джей инхэм елъэ

псышхуэм и хъущIэр нэхъ Iупщl къэхъуащ. Псы Iуфэм щыхупIэ куу и куэдт. Лъагъуэми зэми лъэгум дыхьэу, зэми щыгум зритыжу нэшэкъашэу псы Iуфэм зритыжат. Ауэрэ гъуэгурыкIуэхэр чыцэмрэ удзымрэ зэщIащта фэхум ихьахэщ. Благъэу псэуалъэ гуэрхэр, адэIуэкIэ — къуажэ цIыкIу къыщытт.

— Дыкъэблэгъэжыпащ,— жиIащ Нэлжан.

Абдежым абыхэм гу лъатащ адрыщl псы Iуфэ нэхъ лъахъшэм декIуэкl гъуэгу бгъуфIэ шы лъабжьэм яубам тет шу гупышхуэм. Шухэр псыщхьэмкIэ, Къанболэт сымэ къахуэкIуэу, къыдэкIуейрт. Мыбдеж псыIур апхуэдизкIэ зэв щыхъурти адрыщIым мывэ пхузэпрыдзынт тыншу.

Гупым я нэхъыбэр кърым тэтэрт. Адыгэ нэхъыбэ зыхэт шу пашэхэм яужь иту, хьэщIэшхуэ гуэрхэр къакIуэрт. Хьэрып хакIуэ пщIэгъуалэ екIум тест лIы гъум пIащэр, и инагъым ирипагэ тэтэр лIы пшэр зэщыхуэпыкIар. МащIэу абы и ужь итт цей хужь-тхьэмбылыфэ зыщыгъ лIыр, зи нэкIум уIэгъэ дыпIэр зыдекIуэкIыр. Къанболэт къэувыIащ лъэну зигъэхьэзырым ещхьу зэщIэдияуэ.

— Мохэр пцIыхурэ? — щэхуу щIэупщIащ Нэлжан.

— СоцIыху,— и дзэхэр зэтрикъузэу жиIащ Тузарым.— Алигот-пэщэр кърым хъаным и лIыкIуэщ, модрейр Алыджыкъуэ ЦIащхьэрщ. Ауэ мис ахэр здэкIуэр...

— Мыбы я щыпэ къихьэкъым. ЩакIуэ макIуэхэр.

— А-а, ара?

Шу гупыр еуэкIыпIэм псынщIэу къухьащ.

— Дэри зытIэжьэнкъым, си хьэщIэ лъапIэхэ, армыхъумэ, си дэлъхури, нэлатыр зытехуэн мы бжэным сызэригъэгувам щхьэ, си лъыхъуакIуэ къежьэнущ. Сыт-н-на, жысIэр! Нэлат сщIэркъым, уи псэр ебгъэшх хъунщ мы бжэным,— ар мыхъуамэ фэ сыфхуэзэнутэкъым.

Тузарым и шыр фIэфIыпсу щыхъуэкIуэн фэху щхъуантIэ тIэкIур зэпаупщIри ахэр гъунэгъу хуэхъуащ чыбжэгъукIэ къэхухьа пщIантIэ цIыкIум.

*Муслъымэн хьеуаныр чыристан хьеуаным къызэрыщхьэщыкIым щIэупщIэ*

### *ЕЯНЭ ХЪЫБАР*

Унэр мывэ лъабжьэ лъагэм тетт икIи, псыщхьэр хэщIапIэ зыщIа балъкъэрхэм я пс[illegible]пIэхэм ещхьыфэт. Псей жыгыщIэ арэф зэщыгуар бгыкъухэм быдэу яIыгът, бгыкъухэм пхъэхэтIэ лъэщхэм зыщIагъакъуэрт. Я бгъэныр

къамылт, хъанц Iувкlэ къещIыхыжауэ. Блынхэр дей цIыкIу чы-бжэгъу тIуащIэт, ятIагъуэрэ шы вейкIэ ижауэ. Дауи, пщIантIэм Iуэ, хьэщбэкхъ, бжэ зыхэмылъ гуэщ кIыхь дэтт, ауэ мэз лъапэм пэмыжыжьэу щиукъуэдиикIа жыг хадэ иным къыхэщ мывэ псэуалъэр зищIысыр Къанболэт занщIэу къыхуэщIакъым. Уэнжакъ щыгум лъагэу зыщызыIэт Iугъуэ кIэху тIэкIум гупсэхуу еплъа нэужь шэч ищIащ абдежым кIыщыр зэрыщытымкIэ.

КIыщым къыщIэкIри илъэс плIыщIрэ тхум итын лIы къуэгъу щхьэпэлъагэр абыхэм къахуэкIуэу къежьащ. Бысымым и бэкъуэкIэм, плъэкIэм, зыIыгъыкIэ къудейм хэплъагъуэрт фIэщхъуныгъэ инрэ къару мыкIуэщIрэ. Тхъугъэ мащIэ зыхидза жьакIэ Iув фIыцIэм, пащIэ пхъашэм, набдзэ къуацэ зэхэукIахэм къыщIэплъ нэ фIыцIитIым абы и нэгу къамылыфэм губжьаифэ къытрагъауэрт. Ауэ мис къыфIэмыIуэху хуэдэурэ, нитIым гупсэхуу гъуэгурыкIуэхэр кIэщIу зэпиплъыхьри, абы и напщIэ уфахэм зашэщIыжащ, и нэхэр нэхутхьэху хъужри и нэгум мамыру зызэлъыIуихыжащ.

— А-а, си дэлъху! — гуфIэгъуэр и нитIым къыщIихыу щыгуфIыкIыурэ жиIащ Нэлжан.— ХьэщIэ къыпхуэсшащ.

— Тэмэму пщIащ, си шыпхъу цIыкIу,— макъ щабэкIэ къыпэджэжащ абы бысымыр икIи Тузарым дежкIэ зигъазэри фэрыщIагъ мащIэ хэлъу иригъэблэгъащ:

— Зэвмусыгъуэджэмэ, си унагъуэ фыщыхьэщIэну си гуапэщ. Фынеблагъэ хьэщIэщымкIэ, гъуэгу фытетащ, зывгъэпсэхунщ.

Нэлжан Тузарым и шы IумпIэр иубыдри шыудз пыупщIагъащIэм и мэ гуакIуэр къызыщIих шэщымкIэ шыр ишащ, Къубатии абыкIэ иунэтIащ шым уанэр трихыну.

— Санэ! — джащ Нэлжан и дэлъхур,— мыдэ къакIуэ, си хъыджэбз!

СэмэгурабгъумкIэ хэлъ бжэм къыщIэжащ хъыджэбз щIалэ дыдэ и адэм и нитIыр хьэхуу къыIиха жыпIэну. ХьэщIэхэр щилъагъум, лъэпэрэпа нэхъей къэувыIащ, укIытауэ еплъыхащ, ауэ щэныфIэу щхьэщэ мащIэ ищIурэ хьэщIэхэм фIэхъус къарихащ.

— КIуэи Къуанш къеджэж,— жриIащ абы бысымым.— Ар модэ мыжыжьэу мэзым щIэтщ. Япэ уэсыр къытрилъхьэху сызрикъун пхъэ фIамыщI схуигъэсагъэнщ абы. ИIэтIэ жэ, тIасэ. ИтIанэ пщIэнур си шыпхъум къыбжиIэнщ.

ХьэщIэщыр къабзэлъабзэт, зэщIэкъуат. Пхъэбгъу лъэгум илът екIуу зэIуща арджэнхэр. Адрейуэ мыбы щыплъагъу хьэпшып псори дэтхэнэ унагъуэми щIэлъым хуэдэщ: упщIэ къуэлэн зэрыубгъуа пхъэ гъуэлъыпIэр жьан-

тIэм дэтщ, блыным упщIэ алэрыбгъу ин фIэлъщ, жьэгу дапхъэм тет хьэкъущыкъур пхъэм, кхъуэщыным къыхэщIыкIащ, лъэныкъуэкIэ гъуаплъэ лэгъупрэ гъуэгурыкIуэм зызэритхьэщIэн гъуаплъэ тасрэ щытщ. Къубатий и нэр япэу зытехуари телъыджэ щыхъуари блыным фIэлъ сэшхуэ, къамэ зэмылIэужьыгъуэ къомырщ.

— ЗауэлI ныбжьыщIэр гъукIэ-фочыщIэм и хьэщIэщ,— пыгуфIыкIащ бысымыр.— ГъукIэм зэреджэр Емузщ. Ауэ хьэщIэм нэхъ къищтэмэ, батэкъутэшхуэ зымыгъэш Шумахуэ уэркъ лъэпкъым урахьэщIэу плъытэ хъунущ.

— ФочыщIэ Iэзэр уэркъ пашэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ согъэлъапIэ,— макъ гъумкIэ жиIащ Къанболэт, и бгым ириха сэшхуэр пкъом и фIэдзапIэм фIилъхьэурэ.— Мыбыхэм ящыщ зыкъомыр дэгъуэу щIа хъуащ. Дэтхэнэми Iэпэ Iэзэм и хъэтI толъагъуэ.

Емуз зэхихар игъэщIагъуэу и напщIэр хэлъэтщ, и щхьэр Iушэ ищIри хьэщIэм дежкIэ зигъэзащ, апхуэдэу нэхъыфIу зэпиплъыхьыфыным ещхьу.

— Лъахъстэн щабэ вакъэ зи лъакъуэм фIэлъ цIыху иджыри къэс апхуэдэ псалъэ къызжиIакъым.

— Апхуэдэ псалъэ жиIэрейуэ щыташ си адэм. Езыр щыгъын екIукIэ ерыща пэтми, абы сыхуиущийуэ щыташ цIыхур зыхуэдэр и фащэм тезмыщIыхьыну. Си адэм зэреджэу щытар Тузар Къэралбийщ. Уи шыпхъум ар фIыуэ ицIыхуу щытащ...

— ДегъэтIысэх, Тузар и къуэ. Моуэ мы жьэгу пащхьэм деж. Иджыпсту псы къахьынщ, уи гъуэгу сабэр бгъэкъэбзэн папщIэ, итIанэ мащIэу дызэIурагъэуну къыщIэкIынщ.

Махуэ Iэджэ лъандэрэ къыхуимыхуауэ Къанболэт и гущIэм нобэ гуфIэгъуэр щызт икIи щIэхъуэпсырт зыхэт гурыгъу псори зыщхьэщихуу псэкIэ зигъэпсэхуну.

Пэшым псы къубгъан иIыгъыу къыщIыхьащ Нэлжан. Тасым деж Къанболэт и Iэр щитхьэщIыху, ар нащхьэIущхьэ ищIу куэдрэ и дэлъхум еплъащ, ауэ модрейм зыри къыгурымыIуэ хуэдэу зищIырт.

Нэлжан и ужь иту хьэщIэщым къыщIыхьащ хур пщащэ ныбжьыщIэ дыдэри — Санэ дахэкIейр. БжэщхьэIум къызэребэкъуэхыу, хьэщIэм хуищI пщIэм и нагъыщэу ар пхъэ вакъэхэм къеувэхащ икIи лъакъуэ цIыкIунитIэхэмкIэ хъыдан вакъэ къуэлэнпщIэлэну хэдыкIахэм иту цIыхухъухэм гъунэгъу закъыхуищIащ. УкIытауэ и напIэхэр ирidзыхри, тхъурыжь IэфI, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуа, фо фалъэ зытет Iэнэ лъакъуищыр хьэщIэхэм я пащхьэ иригъэуващ.

— Мыр си хъыджэбз Санэщ,— жриIащ Емуз Къанбо-

лэт. ИужькIэ и пхъум зыхуигъазэри: — Уи Iуэху иужь ихьэж.

Абы и макъыр ткIийт, ауэ ар фэрыщIагъ ткIиягът — адэм и макъыр и нитIым я плъэкIэм дэхъуртэкъым.

Хъыджэбзыр, аргуэру мащIэу щхьэщэ къахуищIри, и щIыб къахуимыгъазэу, хьэл хэлъу щIыбагъкIэ икIуэтурэ хьэщIэщым щIэкIыжащ.

— Уа, си шыпхъу,— губжь щIэлъу джащ бысымыр,— нобэм къэс зи слъэгъуакъым си пхъур пхъэ вакъэ теуvауэ. Уэра ар зи Iэужьыр. Уэ пщIэркъэ пщышхуэу зыхаIэтыкIыу зэрысфIэмыфIыр?

Нэлжан нэрылъагъуу къэшынат, ауэ и лIыгъэр зытригъакIуэри и дэлъху пхъашэм жэуап иритащ щабэу:

— Дэри дыкъызэрыгуэкIкъым, си дэлъхушхуэ,— тас къубгъаныр къищтэжри, и дэлъхум и пхъум ещхьу, хабзэ хэлъу ари щIэкIыжащ.

Зэман дэкIри пщIантIэм къыдэIукIащ щIалэгъуалэм я дыхьэшх макъ, абы и ужькIэ кIэщIу иту хьэщIэщым Къубатий щIыгъуу къыщIыхьащ хьэзырыншэ адыгэ цей къызэрыгуэкI зыщыгъ, зи пыIэр мэлыфэ пхъашэм къыхэщIыкIа, выфэ гуэншырыкъ зылъыгъ щIалэр. ЩIалитIыр зэрыцIыхуам къыщымынэу, ныбжьэгъу зэхуэхъуай хуэдэт!

Къубатий яжьэ хуабэр зэбгритхъури дэпхэм щIэпщэу щIидзащ, адрей щIалэм къыздихьа пхъэ IэплIэр игъэтIылъри, лъахъшым лэгъупыр къыфIихри щIэкIащ.

— Мы си къуэдзэм зэреджэр Къуаншщ,— жиIащ Шумахуэм. Балъкъэрщ. Бжьыхьэ кIуа лъандэрэ си деж щопсэу. Зеиншэщ, Къущхьэ тобий гуэрым и пщылIти, къылъыс лейр хуэмыхьыжу зыгуэрхэр зэхищIыхьати, ерагъкIэ и щхьэр аузым къыдихащ. Иджы мис адыгэ уэркъхэм ящыщу щыIэ гъукIэ закъуэм, адыгэ гъукIэхэм ящыщу уэркъ цIэр зезыхьэ гъукIэ закъуэм, и гъэсэнщ.

— ЩIалэ хъарзынэ хуэдэ? — щIэупщIащ Къанболэт.

Жьэгум мафIэр щызэщIэнати, пхъэ къута зыбжанэ трилъхьэри Къубатий бжэмкIэ иунэтIащ, арщхьэкIэ лы гъэвэныр зэрылъ лэгъупыр псыр къепкIэу къэзыхь Къуанш щыIууэм зэдэIэпыкъуурэ лъахъшым фIадзащ.

— Хадэм щысщIа мафIэр дэп хъуащ. ПсынщIэу жэлбаур згъэжьэным дауэ уеплърэ? — Къуанш Шумахуэм зыхуигъэзащ.— Къущхьэ жэлбаур къекIу згъэжьэнщ. Хъун? — ар псынщIэ дыдэу адыгэбзэкIэ псалъэрт, ауэ нэгъуэщI лъэпкъым зэрыщыщыр и псэлъэкIэм къиIуатэрт.

— ТхьэмщIыгъур щэр ешыхьэкIауэ бгъэжьэну ара? — щIэупщIащ Емузи жэлбаурыр зищIысыр фIы дыдэу ищIэ пэтми.— Дэгъуэщ. Ауэ щIалэ хьэщIэр бгъэшхэну зыщу-

мыгъэгъупщэ закъуэ. Ар псори фхуэмышхыу къывдэхуэIамэ, дэри тIэкIу къытхуэфхь.

ЩIалэм и нэкIу пхъэ хьэнцэм ещхьу бгъуфIэр плъыжь къэхъуащ.

— Апхуэдэу дауэ пхужыIа? — и щхьэр игъэкIэрэхъуащ абы.

— Хъунщ, хъунщ, фыкIуэ.

Мы унагъуэм исхэм я зэхущытыкIэхэм, Iуэхузехьэкlэм здеплъым Къанболэт къыщыхъурт а псор дахэкIейуэ икIи псэкIэ зигъэпсэхурт.

ЦIыхухъухэм я пащхьэм Нэлжан махъсымэ щIыIэр кърригъэувa нэужь Емуз жиIащ а тIур афIэкIа зэкIэ ямыгъэпIейтеину. Къанболэти къыгурыIуащ уащхъуэдэмыщхъуэу къыхуепсыха хьэщIэм и псалъэ ар зэрыпэплъэр.

— МахъсымэфIщ,— щытхъуащ Емуз фадэм,— илъэсибл мэхъу си бзэгупэ мыпхуэдэ зэрытемыткIуэрэ.

Емуз пхъэ фалъэ гъэщIэрэщIахэм аргуэру фадэ иригъэхъуащ.

— Сэ мыр бжесIэн хуейщ, си бысым лъапIэ, нэхъыщхьэрщи, Тузархэ я унагъуэм хамэу щалъытэу щымыта Нэлжан и дэлъхушхуэ, мо си гъуэгу гъусэ зи пащIэ къыхэмыкIам и цIэр зэры-Къубатийр, абы и адэм Хьэтэжыкъуэ КургъуокъуэкIэ зэреджэр,— жиIащ Къанболэт бысымым и нэгум иплъэурэ икIи и псалъэм пищащ:

— А щэхур япэ дыдэу зыжесIар уэращ, и къуэр зэрыпсэумкIэ абы хуэсIуэхуа лIы мыцIыхум и гугъу умыщIмэ.

Емуз фалъэр IэщIэхуащ, ар лъащIэкIэ Iэнэм техуащ, ауэ щхьэпридзу махъсымэр икIутакъым. Абы фалъэр къиищтэжри тIэу-щэ хэфащ.

— ЗэрыжыпIэмкIэ, Къубатий цIыкIу псым итхьэлакъым, ара? Ди пщышхуэм гуфIэгъуэ ин къыпоплъэ?

— Абы къыпэплъэкIэ къыпоплъэ, ауэ сэ къыспэплъэращ сымыщIэр...

— Ы-ы-ы. Ар зыщIэр алыхьым и закъуэщ. Дауэ угурыIуа щIалэ цIыкIум? Абы и цIэр имыщIэжу ара хьэмэрэ и адэ къуэшитIри...

— Абы псори ещIэр,— щэтащ Къанболэт,— ауэ ди адэр зыIэщIэкIуэда Мухьэмэд фIэкIа сэ зэрызмыукIар псоми ящIэркъым. Исмэхьили зыукIар Мухьэмэдщ. Емынэм ихьын джанэр къадыгъуну ди деж нащежьам зэрапэувам текIуэдащ. Мо сабийм и нэкIэ илъагъуу Мухьэмэд и къуэшыр иукIыжащ. Ауэ ар зылъэгъуа нэгъуэщI зы цIыхуи щыIэщ — ар Алыджыкъуэ ЦIащхьэрщ.

— Лъэпщ и сыджкIэ тхьэ соIуэ, си Iуэхущ ар мыхъыбарым! Сызэрымымажусийр алыхьым Емуз къыхуи-

гъэгъу — а псалъэр си бзэгупэм куэдрэ къызэрытелъэтым щхьэкIэ! Дауэ къыпщыхъурэ а Алыджыкъуэ! ХьэIуцыдзщ! НтIэ, Къанболэт, абы Исмэхьил и лъыр уи щхьэм къыщыщIэдзауэ къыуикIыхащ. Къэбэрдей псом я фIэщ хъуащ уэ ар...

— Арат сэри сызытешыныхьыр,— нэщхъейуэ жиIащ Къанболэт.— Ауэ си гугъэт лIам щIыгъуу пэжри щIамылъхьэну.

— Умыгузавэ. Дэ ар къыщIэттIыкIыжынщи пцIы псори кIэрыдгъэлъэлъыжынщ.

ЛIитIыр щхьэж и щхьэ къихьэм егупсысу, щыму зыбжанэрэ щысащ. АпхуэдизкIэ щымхэти, лэгъупым ит псыр къызэрыкъуалъэр зэхэпхырт. Iэуэлъэуэншэу къыщIыхьэри, Къуанш шыуаным тхъурымбэр трихащ, мафIэм пхъэ щIилъхьэри щIэкIыжащ.

— НтIэ-э,— жиIащ Шумахуэ Емуз,— уи къаныр пщым и быным кIэлъызэрахьэ хабзэм хуэфащэу къезгъэблэгъэн хуейщ, аракъэ?

— Хьэуэ,— идакъым Тузарым.— Ар иджыпстукIэ си къан къудейуэ аращ. Пщы унагъуэм зэрыралъхуам ирипагэу згъэсакъым сэ ар,— Къанболэт и псэлъэкIэ ткIийр, жиIа псори езыр Къэралбий лIыжьым зэрипIа щIыкIэрт зытещIыхьар.— Си къаным зы фIыуэ къыгурыIуащ: мы дунеижьым узэрыгушхуэн гуэр тетмэ, уэ пщIэт лъыркъым, атIэ зепхьа лIыгъэмрэ пхэлъ цIыхугъэ захуэмрэщ узэрыгушхуэнур.

— Ар дыдэрщ жиIэр Къэбэрдей псом нэхъ пщIэ зыхуэсщIу ис цIыху гуэрми,— Емуз зэрыпIейтейр нэрылъагъут.

— Хэт ар? — щIэупщIащ Тузарыр.

— Сэ ар уэ нэIуасэ пхуэсщIынщ. Абы и цIэ зэи зэхэпхагъэнукъым уэ.

— ЦIыхуфIу сэ сызыхуэзахэр апхуэдизкIэ мащIэщи...

— Ауэ цIыху Iэджи плъэгъуащ, дауи.

— Слъэгъуащ... Сэ си нэгу щIэкIахэр пхуэсIуэтэжынкъэ, си бысым махуэ. НтIэ, къедаIуэ си хъыбархэм,— жиIащ Тузарым.

* * *

Си адэм илъ сщIэжу Мухьэмэд гъуамэр сукIыжа, Щоджэныкъуэм и хьэIуцыдз нэжьгъыр си щIопщымкIэ зэпысхулыкIа нэужь сэ си гугъэжакъым афIэкIа Къэбэрдейм сисыжынуи, сыкъэзылъхуа щIыр слъагъужынуи. Ауэ, сыт, мэзым сыщыIуоуэ щIыIэмрэ шынэмрэ зи дзэр зэтра-

гъауэ, псыр къызыпыж, имытхьэлэу телъыджэу Тэрч къыхэкIыжа щIалэ цIыкIум. Зи быныр къэсщIа нэужь мурад сщIащ сэ ар хамэ щIыпIэм здэсшэну. Пщым и къуэм зауэлI хъыжьэ къыхэсщIыкIа нэужь сэ Кургъуокъуэ секIужыфынкIэ сыгугъэ хъунут. Iэджэ и уасэщ, сегупсысырт сэ, Исмэхьил и лIэкIэ хъуар Къубатий иIуэтэжыным. Хьэтэжыкъуэм Iуэхум и пэжыпIэр нэхъ пасэIуэу ищIащэрэт...

Сэ сыщыгуфIыкIырт щIалэ цIыкIур залымыгъэкIэ здисшын хуей зэрымыхъуми. Ауэ нобэр къыздэсым сыIэбэм сылъэмыIэсыжу сыхущIогъуэж Алыджыкъуэ ЦIащхьэр зэрызмыукIам. Ауэ асыхьэтым сэ сщIакъым си адэр зыукIам и Iэр а хьэкIэкхъуэкIэ нэпсейм, цIыху зэуштыр зи нэрыгъым зэриунэтIар. Ар къыщысщIар нэхъ иужьыIуэкIэщ, илъэс зыбжанэ дэкIыу балигъ хъуа Къубатий мыхъуами къэсщIэнтэкъым. Абы димыгъэхуIауэ къигубзыгъыжыфащ зэхиха дэтхэнэ псалъэри, пыгуфIыкI нэпцIри — мис апхуэдэу дэ тIум къэтщIащ а лъыгъажэ махуэ хьэлъэхэм къэхъуа Iуэхугъуэхэм я пэжыпIэр.

Гугъу демыхьыщэу дэ Сунджук къалэ нэс дыкIуащ, абы сикIыу Къырым сыIэпхъуэнырт сэ си мурадыр. Ауэ сэ фIыгъуэ гуэри збгъэдэлътэкъым, нтIэми тэтэрхэр щытепщэ а щIыналъэм ахъшэншэу лъэбакъуэ щыпхуэчынутэкъым. Е псори къоплъу шхын щхьэкIэ зыгъалIэ е гъэру зыщэж. ХъумпIэцIэдж унэм ещхьу цIыхур щыIув а хэкум щамыщэрэ къыщамыщэхурэ щыIэт — Iэщэри, шыри, цIыху гъэрри, абыхэм адыгэхэри, къалмыкъхэри, куржыхэри, мудари куэду яхэтт.

Си гъащIэм япэ дыдэу сату сщIын хуейуэ сэ къыспэщылът. Бабыгум и шыр дымыщэмэ, нэгъуэщI мылъку дбгъэдэлътэкъым. ЩIалэ цIыкIур икъукIэ щыгъын хуабэ хуэныкъуэт, тIуми ди щхьэр щыдгъэтIылъын гъуэщапIэ дыхуейт.

СатуущI гуэрым Бабыгум и шым тырку дыжьын ахъшэу — пиастрэ жыхуаIэм хуэдэу — жыгъей тIощIрэ пщIырэ къызитащ. Зы пиастрэр тхурикъуащ жэщитI-махуитIкIэ сэрейм дрищIэсыну. ЩIалэ цIыкIур зыхуэныкъуэ псори къыхуэсщэхуащ, сэри щIакIуэ, бащлъыкъ къэзгъуэтащ.

КъэнамкIэ Къырым дрикIуэн хуейт. Ауэ кхъухь тедзапIэм кхъухь жэзми зыми дзыхь ищIыртэкъым и хъурзэр къиIэтыну. Имычэзууэ дыкъэкIуат: тенджыз шууей хъыжьэхэр пэплъэрт бжьыхьэм къигъэукъубея тенджызыр тесабырэным. Абы икъукIэ тегузэвыхьырт цIыху щэн къэзышахэри — тенджызым утехьэ мыхъуауэ хэтыт гъэр къэзыщэхунур? Апхуэдэу щыхъуакIэ гъэрхэр гъэшхэн хуейт.

АдэкIэ сыт сщIэнуми сщIэртэкъым зэрымыщIэкIэ ди

Іуэху къимыкІамэ. Махуэ гуэрым тенджыз Іуфэ нэщІым сыІуту хъунщІакІуищ къыстеуащ. ЩІым щылъу къэнаитІым язым и гуфІакІэм бохъшэ хьэлъэ дэлъу къыщІэкІащ. Иджы сыкъыхэмыщтыкІыу сыпэплъэ хъунут дунейр уэфІ щыхъужыну махуэм. ИкІэм тенджызым и толъкъунхэр тесабырэжри бэзэрым и толъкъуным, удэплъеямэ пыІэр пщхьэрыхуу, зыкъиІэташ. Кхъухьхэм епІэщІэкІыу ерыскъы, зэфэн псы иралъхьэрт, иужь дыдэу псэ зыпыт хьэпшыпхэр ирашэрт.

Дэ (ди «Налкъут» тщІыгъуу) Каффэ кІуэ грек кхъухьышхуэ, ауэ фІей дыдэм дитІысхьащ.

Тенджызым дыщытехьа махуэр уфат. Апхуэдэ дыдэу уфат си гущІэри. ТпэІэщІэ хъу тенджыз Іуфэм сыщеплъкІэ, гуІэгъуэ щІыІэм си гур ихузырт. А псом нэмыщІыжкІэ Къубатий щхьэкІэ сыгузавэрт мыгъащэрэт жысІэу. Ауэ щІалэ цІыкІур зэрызимыгугъауэ къыщІэкІащ. ІэпкълъэпкъпсынщІэт, нэжэгужэт, къызэрызэупщІым щІэи гъуни иІэтэкъым.

Тенджызыр куу, абы блэ хэс, шыфІ хуэдэу кІуэру кхъухьыр толъкъунхэм ирикІуэфыну, Ахын и псыр щхьэ шыугъэ, хэт шыгъу хэзыдзар, тенджыз лъащІэм испыхэр щыпсэурэ, щыпсэумэ, дауэ абыхэм я жьэгум мафІэ зэрыщызэщІагъанэр, дэнэ мо хы тхьэрыкъуэр здэлъатэр, жьыр къыздрихур дэнэкІэ...-кІэ иІэтэкъым абы и упщІэхэм.

Пщэдджыжьым, ди напэр щІэттхьэщІыкІыу палубэм дыщихьам, Къубатий дэрэ жытІэнур дымыщІэу ди жьэр Іурыхуат ди нэгу къыщІидзар апхуэдизкІэ дахащэти: дунейр уэфІт, уэмти, дыгъуасэ нэщхъыцэу щыта тенджызыр нобэ уащхъуэм пеуэрэ жыпІэну зэщІэлыдэрт. Езы уафэ къащхъуэри зигъэшурэ адэ жыжьэу тенджыз кІапэм хыхьэжырт. ИхъуреягъкІэ псыт, щІы кІапэ умылъагъуу. ЩІалэ цІыкІум ар зы мащІи игъэщІэгъуакъым. Унэм зыкъомыфІкІэ укъыбгъэдэкІа нэужь, жиІащ абы, ар уи Іэгу бущІам ихуэну цІыкІу мэхъу, ауэрэ укІуэурэ-укІуэурэ укъызэплъэкІыжмэ, ІэпхъуамбапщэмтелъІэбжьанэм техуэн къыпфІощІ, нэхъ жыжьэжу уІукІмэ, хъумпІэцІэдж нэхъ цІыкІу дыдэм нэхърэ нэхъ цІыкІуж мэхъу. НтІэ, мис псы Іуфэм апхуэдэу жыжьэу дыкъыІукІащи, ар жьгъей дыдэ хъуащ, уплъэкІэ умылъагъуну.

ЩІыр — ар дыдейртэкъым, хамэщІт — дэ къыщытлъэгъуар етІуанэ махуэм и пщыхьэщхьэрщ. Ар уплъамэ плъагъуу мащІэ-мащІэурэ нэхъ ин хъурт. Япэ щІыкІэ ди нэгу къыщІидзащ Іуфэ быркъуэшыркъуэр, итІанэ — абы и кІыхьагъкІэ епхъэкІа унэ хужь цІыкІухэр. Дыгъэм и мафІэ шэрхъым и кІапэр тенджызым хищІакІэт (си гугъатэкъым

ар къэмыкъуэлъэну!) ди кхъухьыр тедзапIэм еIулIэкIа пхъэ ентIырым джабэкIэ щеуам.

Кхъухьым иса псоми, пщыхьэщхьэ нэмэзыр ящIщ, узыншэрэ бэIутIэIуншэу мы гъуэгур зэпезыгъэча азалыхьталэм фIыщIэ мыухыжыр хуащIуи, икIын щIадзащ.

Лъапэ зытетшэ мис а щIыгурат хэхэс псэукIэ тхуэхъунур...

Апхуэдэ гурыщIэу къыщIэкIынщ щакIуэм ерагъкIэ яIэщIэкIа бланэм зыхищIэр. И лъэ псынщIэхэм ар яхьащ щIыпIэ мыцIыхуми сакъыу зеплъыхь: мыбы щымыIэу пIэрэ нэгъуэщI щакIуэ е хьэкIэкхъуэкIэ гуэрхэр? Абы и псэм шынагъуэ къезыт гуэрхэр щымыIэмэ, хъупIэ къилъыхъуэн хуейщ. ИкIи зыми ищIэркъым а хъупIэр бэгъуарэ лъабжьэкIэ ирахыжарэ. Сэри иджыри къэс сыхущIэкъуат си псэукIэ хъунум, хамэ хэкум Къубатий папщIэ щысщIэфынум сызэремыгупсысыным. Иджы игъуэт Iуэхум фIыуэ сегупсысыну.

Кърым и щIыпIэ сыщытеува махуэм сэ зыкъысщыхъужащ лIы нэсым и зэфIэкIрэ хыхьэхэкIрэ зыбгъэдэмылъ щIалэжь цIыкIуу. Е, нэгъуэщIу жысIэнщи, сэ хамэ пщIантIэ дыхьа хьэм срещхьу, Iэнкун сыхъуат. Пшапэ зэхэуэгъуэр къэблагъэрт икIи сэ, си гурыгъухэр Къубатий къезмыгъащIэу, хэкIыпIэ гуэр къэзгъуэтын хуейт. Ауэ хъун хуэдэу си щхьэм зы гупсыси къихьэртэкъым.

Къалапщэм узышэ гъуэгу нэшэкъашэм псы къабзэ зэрыжэ щIытI декIуэкIырт. ЯтIэм, мывэм къыхэщIыкIа блын кIыхь къалэр зэрыгъэбыдар нэхъыщхьэт, хьэщIэкIэ зэрымыфIыр и теплъэ псом къагъэлъагъуэу. Налкъут псы езгъэфэну сэ сыкъэувыIэри шхуэмылакIэр згъэлэлащ.

Сэ сызыубыда гупсысэхэм сыкъыхишыжащ псалъэмакъ иным. Си щхьэр къэсIэтмэ, лъэбакъуищ нэхъ спэмыжыжьэну тэтэритI щытти, я зыр си ныбжьын щIалэ дахэт (а зэманым сызэрытарщ жыхуэсIэр). Абы алътес абэ лъапIэ щыгът, езыми уардэу зиIыгът. ЕтIуанэр нэхъ къызэрыгуэкIыу хуэпат, и Iуэху зэрыхуэмыщIар плъагъуу, дауи, модрейм и IуэхутхьэбзащIэу къыщIэкIынт.

— Сэламыр уэхьэлейкум! Си зиусхьэным, ар пэщэ цIэрыIуэщ, езы хъан дыдэу азалыхьу тэхьэлам и фIыгъуэхэмрэ гущIэгъумрэ хэмыныным и бейгуэлхэм ящыщым фIэхъус къуех! — жиIащ нэхъ къулейсызу хуэпам адыгэбзэ къабзэкIэ.

— Уэхьэлейкум уэсэлам! — фIэхъусыр стыжащ пэщэм сеплъурэ. Къабзэ дыдэу тэтэрыбзэкIэ сымыпсэлъэфми, тэрмэшыншэу сызыхуейр ягурызгъэIуэфынут.

— НэхъыфIыжщ! — машIэу пыгуфIыкIыну и щхьэ трилъхьащ пэщэм.— КъызэрысфIэщIымкIэ, уэ лъэпкъ къызэрыгуэкIхэм уащыщкъым, шэрджэс хахуэ!

— Укъэпцlакъым, пэщэ! Утхьэгурымагъуэми ярейщ. Си лъэпкъыр Къэбэрдеишхуэми ЦIыкIуми машIэу къыщацIыху, абы къыхэкIыу БолэткIэ зэджэ цIыхум узэрыдэуэршэрыным уи щIыхьыр куэдкIэ игъэлъахъшэнкъым.

— Сэ къызэрызэджэр Аслъэнщ,— и цIэ къриIуащ щIалэщIэми. Абы и нэ фIыцIэ дахитIыр нэхъ ину къызэтрихащ.— Сэ къызэрызгурыIуамкIэ уэ жыпIам нэхъыбэ къыщIыбгъун хуэдэкъым. Фэ, шэрджэсхэм, фи щэху фхъумэн фыфIэфIщ, псом хуэмыдэу, Кърым фыкъэкIуэн ипэ къихуэу, аргуэрыжьу зэ фызэщыхьэжа нэужь. Ари къэсщIа?

«Емынэ!» — сегупсысащ сэ икIи слъэмыкIыу сыдыхьэшхащ.

— Сэ иджыпсту нэгъуэщIхэм сахуэмызэу, кхъухьым ситIысхьэу си хэку згъэзэжыгъатэмэ, си гъащIэ псокIэ къысфIэщIынт тэтэр пэщэхэм я акъылыр я шабзэшэм ещхьыркъэпсу жану.

Пэщэри дыхьэшхащ:

— Хьэуэ, шыдыщхьэкIэ фIэкIа узэмыджэн куэдми ди дежи уащрохьэлIэ. КъызжеIэт мыдэ: уи шыр умыщэу пIэрэ? Сэ аращ сыкъыщIыдэкIар си адэ шыпхъу фызабэ бынышэм и пщIантIэм.

Блын иным къыдэщырт кхъуэщын плъыжь зытелъ унащхьэ лъагэр. Унэм и гупэр тенджызымкIэ, щIыбыр гъуэгумкIэ гъэзат, пырхъуэр лIитI я лъагагъ хуэдизкIэ Iэтат, абы тесу къаплъэу илъэгъуагъэнт пэщэм си Налкъутыр.

Сэ зэрыслъэкIкIэ нэхъ щабэу абы жэуап естащ:

— Уи ныбжьэгъур пщэ хъурэ, пэщэ?

— НтIэ, кIэн дыгъэджэгу.

«Еплъ абы! Сыт жиIэн апхуэдэ джэгукIэхэр зымыдэ Мухьэмэд бегъымбарым» — сегупсысащ сэ, ауэ си жьэкIэ жысIар нэгъуэщIщ:

— Си фочымкIэ дыгъэджэгуи нэхъыфIщ. Сэ ержыб зэпэщ сиIэщ.

Пэщэм и натIэхэр зэригъэлъащ:

— Къэбэрдейм фочыр дахэу щагъэщIэрэщIэфыр, ауэ фочыпэр Тыркум кърашагъэнщ, дауи, пэжкъэ?

— Хьэуэ, Испанырщ щащIар.

— НакIуэ унэмкIэ. КIыфI мэхъу.— Аслъэн си дамэм къытеIэбащ.— Япэ узыхуэзэ еуэкIыпIэм деж ныбжьэгъу

къыщыппэмыплъэмэ, си деж нэху фыкъыщекIыну фынеблэгъэну сыволъэIу.

— Япэ узыхуэзэ еуэкIыпIэм деж си шынэхъыщIэм дэрэ зыри къыщытпэплъэркъым.

— НтIэ, фынакIуэ! — ткIийуэ жиIащ пэщэм.— Хьэлэлий! Шыр зыхуей хуэгъазэ.

Арати япэ махуэ дыдэм ди Iуэху къикIащ. Армырамэ, сщIэртэкъым щIалэ цIыкIум и нэгу сэ сызэриплъэфынур.

Куэд дэмыкIыу дыщIашащ алэрыбгъукIэ зэщIэбгъа, щхьэнтэ щабэхэр дэнэкIи щикъухьа, уэздыгъэхэр нуру щыблэ хьэщIэщым. Хьэлэлий Аслъэнрэ сэрэ дякум къыдигъэуващ пхъэщхьэмыщхьэ къыпычагъащIэ, мэзыдэ укъэбза, миндаль зэрылъ дыжьын тепщэч инхэр. Прунж гъэва зэрылъ адрей тепщэчми бахъейр къыщхьэщихырт. Кхъуэщын Iу Iузэхэм ярыту къахьащ щербет, гранатыпс.

Налкъути егъэзыпIэ хъарзынэ игъуэтат. Иджыпсту ар шэщ хуабэм щIэтт и шхалъэм Iусрэ мэкъурэ пэрыхьэту дэлъу.

Аслъэн хуэфащэ пщIэ къыхуищIащ зи лъэдакъэр дыщэкIэ, налкъуткIэ гъэщIэрэщIа си ержыбым. НтIэми, абы и жырыр Испаным щагъэжат; ар Толедо къалэм и фочыщIэ IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIт. Хуабжьу гурыхь щыхъуат пэщэм си фочыр. Уеблэмэ Налкъути щигъэгъупщат. Абдежым алэрыбгъум хьэлъэу зууэ къытехуащ, Iэщэжан фIэкIа нэгъуэщI къизымыдзэ Къэбэрдейм емыщхьу пщIэ лей Кърымым щызиIэ дыщэ ахъшэхэмкIэ куда бохъшэ ныбэфыр. Аслъэн бохъшащхьэр итIатэри си пащхьэм дыжьын ахъшэ Iэмыщ1э кърикIутащ.

— Пиастрищэ мэхъу, зы щымыIэу,— жиIащ абы.— Мыбы я нэхъыбэр къанэ щымыIэу тырку ахъшэщ, ауэ мо нэхъ пIащэхэр урыс ефимкэхэщ. Дэтхэнэми пиастриплI яубыд. Уарэзы абыкIэ жьэмардэу? Еплъ, си хэкуэгъу куэдым ещхьу сынэпсейкъым сэ.

— Сэри сынэпсейкъым.

Аслъэн къысхуишиящ зым къыщыщIэдзауэ хым нэсу рубин плъыжь цIыкIухэр зи джабэм хэгъэтIысхьа кIэнитI.

— КъыщIэдзэ.

Сэ си акъылым къысхуигъэтIасэркъым мы Iуэхур. ХьэщIэ къебгъэблэгъам дауэ сату зэрепщIылIэнур, е кIэн узэрыдэджэгунур? Ауэ сигу къэкIыжащ нэгъуэщI хэку сызэрыщыIэр, абы я хабзэхэр дыдейхэм зыкIи зэремыщхьыр.

Сэ кIэныр тездзащ.

КIэнитIым язым тIу, адрейм щы къагъэлъэгъуащ. «Зэ-

фIэкIащ»,— сегупсысащ сэ.— СфIихьэхури джэгуни духащ»

АрщхьэкIэ сызэрыхэнар илъагъуу пыгуфIыкIа Аслъэн езым и Iуэхур нэхъыкIэж хъуащ: абы и кIэнхэм зы, щы бжыгъэхэрщ къагъэлъэгъуар.

— Ахъшэр ууейщ,— жиIащ абы мамыру.— Сэ апхуэдиз дыдэ иджыри тызогъэувэ. Иджы сэ япэу кIэныр содз.

КIэн цIыкIухэр лъеящ. Мис зыр къэувыIащ мыщIэ цIыкIуихыр къыдэгъэзеяуэ, адрейр — мыщIэ цIыкIуиплIкIэ батэр зыгъэш мы дунеижьым къеплъу.

— ХьэI! — Аслъэн и Iэгухэр зэтригъэуащ.— Ар зэкIэ Iейкъым. Иджы уи чэзущ, Болэт-пэщэ!

Пэжыр жысIэнщи, а дакъикъэм чэфым ещхьу, кIэн джэгум и гурыщIэ пщтырыр си щхьэм къеуащ. Къупщхьэ здзар щувыIэну меданым сэ сыпэплъащ си бгъэм къилъэтыну къеIэм ещхьу си гур зелъатэу. Аргуэру сэ сытекIуащ — мыщIэхэр зыр хы, адрейр тху хъурт. Абдежым сэ зыкъэсщIэжащ. А дакъикъэм си нэгу къыщIэуващ си адэм и нитIыр. СыукIытауэ сэ си нэр зэтеспIащ. ТIэкIу дэкIри гузэвэгъуэр спкърыту Къубатий сыхуеплъэкIащ, гу къыслъитауэ пIэрэ жысIэу, арщхьэкIэ, си насыпти, ар жейрт, зэрыIурихри зыкъом щIагъэнут. Ар дибгъукIэ щыжейрт хьэшакъыу гъэшауэ щхьэнтэм телъу, мамыру пырхъырт, зэзэмызи хэщэIукIырт.

ГушыIэ гуэр жысIам ещхьу си бысымыр дыхьэшхащ:

— УIэрыхуэщ уэ, си шэрджэс нэкIуху! ИIэт, ещанэу ди насып дыгъэгъэунэхут.

— Хьэуэ, зи щIыхьыр ин Аслъэн-пэщэ! Сэ иджыпсту си гъащIэм етIуанэу икIи иужь дыдэу кIэн сыджэгуауэ ращ. ЕтIуанэм къэсхьэхуари къэсщтэнукъым.

— Сыт щхьэкIэ? — телъыджэ щыхъуащ Аслъэн.

— Зи щхьэкIэращ: сэ иджыпсту зэхэсщIащ а джэгукIэм дихьэха цIыхум и гурыщIэ фIейр.

ЖысIар пэжрэ пцIырэ зэхигъэкI щIыкIэу ар къызэплъащ, итIанэ...

— Хъунщ,— жиIащ, ауэ мы етIуанэ ахъшищэр къащтэ.

— Хьэуэ. СлъэкIынукъым.

— Къащтэ бжесIакъэ! — кIиящ ар.— Сэ сфIэпхьэхуащ ар.

— ДыгушыIауэ къызыщыдгъэхъунщ. Абы нэмыщIуи, си гуапэ лей хъунт фочыр тыгъэу сIыпхамэ,— ар уэ уигу ирихьа хуэдэщ.

— Догуэ зэ...

— Мыри зэгъащIэ: зы бдзапцIэшэм и хьэлъагъым хуэдитху гыну зэ узэдыгъуэ хурикъун хуейщ.

— Ар сэ къызгурыIуэркъым...

— Сыт абы къыбгурымыIуэну хэлъыр? — пэщэр зыщIэупщIэр сымыщIафэ зытызогъауэ.— Мис шэр,— сэ абы IэщIызолъхьэ бдзапцIэ упIэщIар, ар сэ пщалъэу зесхьэрт.— Мыпхуэдэ дыдэ егъэщI. Иджыри ныбжызоIэри мыпхуэдитхум я хьэлъагъыр зэ узэдыгъуэщи, адэкIэ уи шэрыуагъыр уэращ зэлъытыжар.

— Уэ уцIыху гъэсащ! — уардэу жиIащ Аслъэн-пэщэм.— Алыхьым и фIыгъуэхэмкIэ ущIигъэнэну солъаIуэ. НтIэ, сщымыгъупщэ щIыкIэ, дэнэ щащIа гын мыбы икIутэн хуейр, Болэт-пэщэ?

— Мис ар лIы и псалъэщ,— сыкъэгуфIащ сэ, си гур мамыр хъужурэ.

— Си гугъэмкIэ, си ныбжьэгъушхуэ Аслъэн, урыс гыну, е нэхъыфIыжырщи, инджылыз гыну узыхуеинум хуэдиз къэбгъуэтыным гугъущэ уэ удехьынкъым, пэжкъэ? Пэжщ, тырку гыну нэхъыбэ икIутэн хуейщ, итIанэ абы уи дзыхь ебгъэзыщи хъуркъым.

— ХьыI! Тырку гын, жи,— а гын лIэужьыгъуэр игу зэрыримыхьыр къигъэлъагъуэу пэщэм и Iэр ищIащ.— Ар ди нэмысым къезэгъыркъым. Абы шэр и Iэгухэм щызэригъэжащ. Хуэгъэфэщауэ драхм *...

— Сэ пщэдджыжь уэзгъэлъагъунщ хъыдану Iупкуэнумрэ шэр зэрыраубэ щIыкIэмрэ...

— Лъэбакъуищэкiэ упэжыжьэу цIыхущхьэ мынэхъ ин нэщанэм утехуэну? — щIоупщIэ Аслъэн-пэщэр.

— Джэдуущхьэ хуэдизым утехуэнущ,— жызоIэ сэри.

— Ахьа! Сэ иджы зыгуэрхэм сапеуэнщ! Пщэдей Бахъшысэрей сокIуэри зыгъэсэн гъуэгум щыщIэздзэнщ,— гумащIэу абы фоч лъэдакъэм Iэ делъэ.— Кавказ къикIа си хьэщIэ, уэрэ сэрэ ди гъуэгу мызу пIэрэ? Зэгъусэу дыкIуэнщ. Уи шынэхъыщIэми шы игъуэтынщ.

Аслъэн-пэщэм тIэкIу-тIэкIуурэ къызигъэIуэташ Кърым цIыхугъэ зэрыщызимыIэри, хэбгъэзыхьмэ, дэнэ сыкIуэнуми хэт и гъусэу сыкIуэнуми сызэризэхуэдэри, зэман гъунэгъум си псэукIэ хъунур зэрызмыщIэри. Мис итIанэ, мащIэу гупсыса нэужь, къызжиIащ лъэпкъ цIэрыIуэхэм я бынхэр згъэсэну сищтэну зэрыарэзыр. ЩIалэжь цIыкIу хьэулей зыбгъупщI, жиIащ абы, шабзэ гъэуэкIэм, шы тесыкIэм, сэшхуэ гъэбзэкIэм егъэсэн хуейщ. Уэ ахэр лIыгъэм хуэбущиифынт. Пэжщ, абыхэм ущиякIуэ яIэщ, ауэ иджыблагъэ езыр шым къехуэхщ, щхьэкIэ мывэм техуэри зэшэзэпIэу иукIащ.

* Д р а х м — Хьэлъагъым и пщалъэ, грамми 3,7-рэ хуэдиз.

— ПщIэ уиIэрэ узыхущыщIэ щымыIэу упсэунщ,— жиIащ Аслъэн-пэщэ.— Шхэнрэ жеинрэ фIэкIа Iуэху зимыIэ я бын нэмыхъусхэр зыхуэбгъасэ адэ нэпсейхэм я бохъшэр къезмыгъэтIэщIмэ, сэ си Iуэхущ, зикI умыгузавэ уэ.

Дауи, мылъку зэзгъэпэщыну, къулей зысщIыну сэ сигу къэкIыххэртэкъым. СэркIэ нэхъыщхьэр Къубатий адыгэлI нэс къыхэсщIыкIынырт. Сэ Аслъэн сеупщIащ: си къуэш цIыкIур абыхэм ящIыгъу хъуну жысIэри, икIи «хъунущ» жэуапыр зэрызэхэсхыу занщIэу арэзы сыхъуащ. Аслъэнпэщэр гъуэлъыжыну и пэш пхыдзам ящыщ зым кIуащ,— Хьэлэлий къыщIыхьэри дэри ди пIэр тхуищIыжащ.

Кърымым ищI мыцIыхум дыщихьа япэ махуэр апхуэдэу, жыпIэнуракъэ, мыIейуэ иухащ. Ауэ Бахъшысэрей дызэрыщыIа илъэситхур зыр адрейм ещхьыркъэпсу екIуэкIащ. Апхуэдэу зэрыхъуари нэхъыфIу къыщIэкIынщ...

Iуэхур Аслъэн зэрыжиIам хуэдэ дыдэу хъуащ. Абы зи къуэхэр зауэлI хъыжьэу зыгъэсэну зи нэ къикI тэтэр лIакъуэлIэш зыкъомым сахуигъэзащ. Япэ махуэхэм зэм зыр, зэми адрей дзэпщыр, шу гъусэшхуэ ящIыгъуу къакIуэрт, я бынхэр хьэулейрэ сэбэпынагъ гуэр къахьрэ зрагъэщIэну — си щIалагъым дзыхь хуащI хъунтэкъым. АрщхьэкIэ чы хэтIахэр хьэвшыр губжьауэ пщIэууэ, кIийуэ зэрызэпаупщIыр, кIуэ пэтми сэшхуэ гъэбзэкIэм нэхъ Iэзэ зэрыхуэхъур е я пIэм ижыхьа нэхъей замыгъэхъейуэ куэдрэ Iэ сэмэгу шиякIэ шабзэкъур зэраIыгъыр щалъагъукIэ я гуапэ хъуауэ пыгуфIыкIырти нэрылъагъуу я гукъыдэжым зиIэтырт.

ЛIы джэгукIэ хъыжьэм дихьэхат си Къубатии. Япэ илъэсым ар хэпщIыкIыу нэхъ Iэчлъэч, щхьэпэлъагэ хъуащ.

Дэ пэшитI хъу унэ зэпэщ цIыкIум дыщыпсэурт. ЩIакIуэкIэ щIэбуфэнщ жыхуаIэм хуэдэ пщIантIэр ятIэ блынкIэ къещIэкIат, пхъэгулъ, хуэрыджэ, шэфтал жыгыу зэхэт хадэ цIыкIум и щIагъым псы Iэрышэ къабзэр щIэжырт. Пэжу бэджэндыпщIэу тIахри мащIэтэкъым. ЛъапIэт пхъэ гъэсынри. Ауэ сэ абы сыкъигъэхыщIэртэкъым, Аслъэн-пэщэм зэрыжиIам хуэдэу, зи бын згъасэ адэ-анэхэр «гъунапкъэншэу» жумарту къыщIэмыкIа пэтми.

Ауэ дызыхуей дгъуэту дыпсэурт, гуэныхь сыту сщIын. Дэ ехьэжьауэ дыпсэуну дыхэттэкъыми, мыгъуэ-махуэми къыдат ахъшэр къанэ щымыIэу дгъэкIуэдыртэкъым.

Аслъэн-пэщэр куэдрэ тлъагъужыртэкъым. Долэт-Джэрий щIыгъуу е абы и Iуэху зэрихьэу куэдрэ абы къалэр ибгынэрт, уеблэмэ, Истамбыл дыдэм щыкIуи щыIэт. Ауэ икIи дызыщигъэгъупщэртэкъым. Зэзэмызэ мэл, е пхъэ-

щхьэмыщхьэ матэ къытхуригъашэрт. Зэрэ-тӀэурэ и унэ дригъэблагъэри Ӏэнэ къулеи тхуиухуат. Иджы Къубатий тест Аслъэн-пэщэм кърита тэтэрыш лъахъшэ къуацэм.

Си къанхэр зэрызгъэсам, гупсысапӀэу сиӀам, е сигу зэрыгъуам кӀыхьлӀыхьу сатепсэлъыхьынкъым. Ауэ жысӀэнщи си гъэсэнхэм зауэ хуэӀухуэщӀэр псынщӀэу япхъуатэрт, ӀэкӀуэлъакӀуэ хъухэрт. Илъэс пщыкӀутху ныбжьым щихьам абыхэм я Ӏэпкълъэпкъыр балигъым хуэдэу жат — я Ӏэр, лъакъуэхэр быдэт, хъыщтхэм я закъуэт щабэу къэнар. Армыру дауэ хъунт — махуэ къэс къебгъэжьэжрэ зэбгъэбэнмэ, зыр зым и пщэдыкъым е и плӀэм дэсу ихьыфу ебгъасэмэ. ПщӀэнтӀэпс мащӀэ я фэм дэкӀакъым абыхэм, ауэ махуэ къэси нэхъ лъэщ хъухэрт, ӀэпцӀупцӀу къэкӀуахэри узыншэ, къарууфӀэ ящӀырт ерыщыгъэмрэ гугъуехьымрэ. Абыхэм я адэ пагэхэри арэзыт. ИкӀэм си гъэсэнхэр шыгъажэм, шабзэкӀэ нэщанэ еуэным хэтыну, шурылъэс джэгуну хуит щащӀым — а зэпеуэм езы хъан дыдэр хэтыну и щхьэ трилъхьат — ахэр зи лӀыгъэ Ӏэджэрэ зыгъэлъэгъуахэм ятекӀуэжыгъащ. Ӏуву къызэхуэса цӀыхухэр мэкӀий, мэгъуахъуэ, си тэтэр шырхэри зым адрейр кӀэлъыкӀуэу токӀуэ.

Адэ насыпыфӀэхэр я пӀэм изэгъэжыркъым. Я Ӏэ я лъэ ящӀу, дэлъей-къелъыхыу я макъ къызэрихькӀэ мэкӀийхэр:

— Еплъыт! Мор си Руфатщ!

— Си Хьэлым-щэ! Шыбзыгъуэм тесыр си ХьэлымкӀэ тхьэ соӀуэ! ЩӀэкъузэ, си щӀалэ цӀыкӀу! А къыббгъурыхьам и шы нэжьгъым хэуэ!

— Уа, феплъыт! Уей, феплъыт мо хьэкӀэпычым ищӀэм!

Хьэуэ, уи нэгу къыщӀэгъэхьэгъуейщ Къэбэрдейм апхуэдэ щыплъагъуну — адэр и къуэм щытхъуныр, хьэмэрэ псоми къалъагъуу адыгэлӀыр тепыӀэншэу щытыныр емыкӀушхуэщ.

Сэ зэпеуэм сыхэтакъым. Абы хэзгъэхьакъым Къубатии. Си шынэхъыщӀэм къарукӀи ӀэкӀуэлъакӀуагъкӀи нэхъ зэфӀэкӀ иӀэт. Ауэ тэтэрхэр зэзгъэфыгъуэн дзыхь сщӀакъым. ЩӀалэр ибгъукӀэ щытти гъыным мащӀэщ иӀэжар, зэпеуэм зэрыхэзмыгъэхьар апхуэдизкӀэ и жагъуэ хъуати. Куэд ухуейтэкъым кърым мырзэхэр къэбгъэгубжьын папщӀэ, псоми къафӀэщӀынут шэрджэс хэхэсыр, езым и къуэшыр, Ӏэзэу игъэса мыхъумэ, тэтэр сабийхэм емыгугъуа хуэдэу. Хьэуэ, сэ апхуэдэ гъуэгу цӀантхъуэрыгъуэ сытехьэфынутэкъым. Хэхэс псэукӀэр схуэмыхьыжу сужэгъуа пэтми, илъэс зы-тӀукӀэ Бахъшысэрей зыщызмыӀэжьэжу хъунутэкъым. Махуэ дэнэ къэна сыхьэт дэкӀыртэкъым сэ сыщапӀа щӀы-

налъэм семыгупсысу. Ди бжей мэзыжьхэр, гъэмахуэ епэрхэм я мэ гуакIуэр Iуву зыщхьэщыт къущхьэхъу хъупIэхэр, Iуащхьэмахуэ и бгъафэм къыщIэж дипс уэрхэр сигу къыщыкIкIэ, мы си гур зэшыгъуэ хьэлъэм икъузырт. Анэдэлъхубзэр-щэ? Тынш уи гугъэ махуэ къэс хамэбзэр — ар фIы дыдэу пщIэ пэтми — зэхэпхыну?

ГурыфIыгъуэ закъуэуи, зэштегъэууи сиIэр, дауи, Къубатийт. Iуэхур здэщыIэр къыпэхъун умыгъуэтын жыхуаIэ шууей Iэзэу ар къызэрыхъум и закъуэтэкъым. Гу щабэрэ псэ къабзэу къыдэкIуэтейрт си щIалэ цIыкIур. И акъылыр жанщ, куэди зэхуегъэхъуф. Илъэс зыбжанэкIэ ар мыдрисэ цIыкIу гуэрым кIуащ. Анкара щыщ тырку лIыжь гуэрым лъэкI къигъэнакъым тэтэр сабий зы пщыкIутхум я щхьэм тырку алыфбийр ириукIэн папщIэ. Ауэ адэ-анэ къулейхэм я бын щIалэ цIыкIухэм я щхьэм илъыр нэгъуэщIт. Я егъэджакIуэм щытхъу къыщIихьын Iэзагъэ ябгъэдэлътэкъым, абы къыхэкIыуи сабийхэм дежкIэ КъурIэныр узэрылъэпэрэпэххэу укъызэхуэхын щыхупIэ задэрт зэщхьыр, апхуэдизкIэ еджэным хуэIэсэмэгухэти. Сэбэп хъуртэкъым еджакIуэ тхьэмыщкIэхэм я щхьэ упсам куэдрэ техуэ молэ баш кIыхьри.

— Эли-и-иф, л-а-а-а-м, ра-а-а,— нэщхъейуэ зэпашырт Чэмал молэм и гъэсэнхэм. Абы сабийхэр ирихулIэрт езыр къызэджар къытрагъэзэжу жаIэжыну, хьэрф, Iэят мыгурыIуэгъуэхэр гукIэ зрагъэщIэну.

— Та-а-а, си-и-ин, ми-и-и-м...

Зы мардэм тету шэщIа я макъым щIэдэIужурэ сохъустэхэр щхьэукъуэу хуожьэ. Жей хьэлъэр къытоуэ езы молэми: лIыжьым и напIэхэр фIызэтохьэри щIэфиежу мэпырхъ. ИужькIэ къызэщоужри чылъахъстэныр къепхъуатэ, еджагъэшхуэ хъунухэм я щхьэ гъэщхъахэм ятрекъутэ. Абы и нэIэ нэхъ зытригъэтыр и хьэрхуэрэгъухэм мыбдежми щащхьэпрыкIа Къубатийт. ИлъэситIи дэмыкIыу тырку тхыбзэр зэригъэщIащ, КъурIэным щыщ сурэ псохэм гукIэ къеджэфырт. Адрей псоми хуэдэу молэм жиIар жиIэжыным Къубатий къыщызэтеувыIэртэкъым. Къеджэ къудейкIи зэфIигъэкIыртэкъым. Абы зэхэхауэ и ныбжьэгъухэм ягуригъэIуэжыфырт къызэджа уазхэр. Апхуэдэхэм деж сохъустэхэр хущхьэ-щатэу зэхэстэкъым, атIэ Къубатий жиIэхэм гупсэхуу едаIуэхэрт. Езы Чэмал молэр щхьэнтэ щабэхэм тесрэ блыным егъэщIауэ IэфIу жейрт. ЛIыжьым и жагъуэтэкъым щIалэщIэм апхуэдэурэ гъэсакIуэм и къалэныр зэригъэзащIэр. Абы «Батий и губзыгъагъэр» молэм и акъылымрэ и щIэныгъэмрэ я гъуджэу илъытэрт. ЖыIэзыфIэщ, абы нэмыщIыжу нэпсеигъэм ит-

хьэлэ а лІыжьым си щІалэ цІыкІур фІы дыдэу къилъэгъуат. Абы шкІафэ зытебза КъурІэн кърита щ, махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу щэхуу зэм чыщмыщ Іэбжьыб, зэми хьэлывэ Іыхьэ, языныкъуэкІи гранат зы-тІу къыІэщІилъхьэрт.

Дыщыуэршэрхэм деж ар къызэупщІрейт фи деж мыпхуэдэ щІалэ гурыхуэ щыІэ жиІэу. Щыкуэдщ, щыжысІэкІэ, хэгупсысыхьауэ, ауэ и нэгу арэзыныгъэ къищу и щхьэр ищІырт, икІи жиІэрт ди деж мыдрисэ къыщызэІуихыну и нэ къызэрикІыр.

* * *

Бахъшысэрей дэ ныбжьэгъуфІ гуэр щыдиІэт. Ар къыщытцІыхуат бэзэрым пэмыжыжьэу щыІэ ІэщІагъэлІхэм я хьэблэм. Абы блэкІри къыблэкІыжри еплъу щылажьэрт кхъуэщыныщІхэмрэ уанащІэхэмрэ, дэрбзэрхэмрэ фочыщІэхэмрэ, гъукІэхэмрэ дыщэкІхэмрэ, шырыкъущІэхэмрэ гъуаплъащІэхэмрэ. А псори къанэ щІагъуэ щымыІэу хамэ щІыпІэ къикІа защІэт. Зэзэмызэххэт кърымысэ цІэрыІуэхэр зыщІ тэтэрхэм уащрихьэлІэр.

Мис а щІыпІэрщ Къэбэрдейм щыщ дыщэкІым дыщыІущІар. Зи ныбжь фІыуэ хэкІуэта ди хэкуэгъур псом хуэмыдэу дыжьынхэкІхэмкІэ ІэкІуэлъакІуэт. АдыгэбзэкІэ сызэрепсэлъэххэу, и Іуэхур къигъанэщ, и лъэщапІэ Іэзэвлъэзэвыр зэхуищІыжри езым и деж дилъэфащ. Абы къыхуэнэжа гъащІэ гуфІэгъуэншэр щигъакІуэр тэхъуанэ факъырэрт.

А лІы ахъырзэманым зэреджэр Чыларт. Ар куэд щІауэ Кърымым щыпсэурт. Зэгуэрым ар МуцІалэ Къасболэт* и дзэм хэтат. Мис а езы Къасболэт дыдэм, и адэми хуэдэу Черкасский урыс цІэ лейр зезыхьэм, и дзэм. Бетэмал, хъуакъым иджы дуней щІылъэныкъуэм яцІыху апхуэдэпщ зэрыщымыІэжыр! Абы кърымхэр игъэшынэрт, тыркухэм дзыхь къыхуащІыртэкъым, урысхэм я фІэщ хъурт, къалмыкъ тайша Аюкэ къыдэІэпыкъурт, щхьэплъыжьхэм я дзэ къыхуэшырт.

Чылар кІыхьу дригъэдэІуащ илъэс тІощІрэ пщІырэ япэкІэ Къасболэт хахуэм япэ дыдэу тэтэрыдзэр зэтрикъутэу урыс гъэр псори хуит къызэрищІыжам, абыхэмрэ урысхэмрэ я плІэ зэгъэкъуауэ тыркухэр Іузэв, Чигирин деж зэрыщрагъэкІуэтам, украин гетманым и лъэІукІэ Днепр и псы зэпрыкІыпІэр зэрихъумам. ИужькІэ Къасболэт хъы-

---

* Къасболэт и адэ шыпхъур Аббас шахым и щхьэгъусэу щытащ.

жьэр хэтащ Москварэ Тыркумрэ Бахъшысэрей мамырыгъэ щызэращIылIам. ТхылъымпIэ инхэр Iэпэ щIэдзахэмрэ мыхъурхэмрэ ягъэдэхащ, пащтыхь унагъуитIым я лIыкIуэхэр саугъэтхэмкIэ зэхъуэжащ — зэман гуэркIэ мамыру зэдэпсэуну зэгурыIуащ. Ар дзыхьщIыгъуэджэ, къаруушхуэ зимыIэ мамырыгъэт, ауэ, дауэ мыхъуами, мамырыгъэт.

Мамыр хъужа нэужь куэд дэмыкIыу Къасболэт лIащ. Абы и лIэкIэр зэрифIэщкIэ щхьэхьу жэ шыр кIэщIу къыжьэдэкъуа нэужь зэрылIэм ещхьт.

Чылар и хэку игъэзэжа щхьэкIэ и лъапсэр зэрапхъуэжауэ къыщIэкIащ, и адэ-анэм псэууэ ирихьэлIэжакъым. А псом нэмыщIыжу и къуэш нэхъыщIэ цIыкIур тэтэрхэм гъэру Кърым яхьауэ и къуажэгъухэм къыхуаIуэтащ. Мис абы щыгъуэщ шынэхъыщIэр къигъуэтыжын и гугъэу ар Кърым щыкIуар. Ауэ абы и гугъэ псори къытелъэлъэжащ.

Абы лъандэрэ Чылар Бахъшысэрей щопсэу. Зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуа и лъакъуэм (ар нэрылъагъуу щIакъуэщ) и сэбэпкIэ ар сулътIаным и дзэм папщIэ гъэр ныкъуэ-зауэлI ныкъуэхэр зэхуэзышэсхэм я хъы бзаджэм къикIащ. ГъущI, дыжьын Iуэхухэм зи Iэр еса лIыр япэ щIыкIэ тырку лIыжь щхьэ закъуэ гуэрым и лъэщапIэм щылажьэу щIидзащ, итIанэ лIыжьыр щылIэм лъэщапIэр къыхуэнэжащ.

Чылар дыщэкIыфI хъуащ. Абы IэкIуэлъакIуэу къамапIэм, сэшхуапIэм тырку ятэгъэным дыжьын пIащIэр трибзэрти, екIуу тхыпхъэщIыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр трищIыхьыжырт.

Къубатий япэ дыдэу илъэгъуащ ар зэращI щIыкIэр. Абы игу къихьащ езыми гъущIым и къарур здынэсыр къищIэну, ар хуейт Iэ быдэмрэ нэ жанымрэ нэмыщI жырым, дыщэм, дыжьыным IэпщIэлъапщIэ ирихъун папщIэ Iэмал псоми хуэIэрыхуэну. ЩIалэм и IэкIуэлъакIуагъэмрэ гурыхуагъэмрэ ину зыгъэщIагъуэ Чылар къыдэIэпыкъуурэ, Къубатий псынщIэу зригъэсащ саут фIыцIэр зэрыхалъхьэм, сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрыхащIыкIым, псом нэхъыщхьэрщи, зэман куэд зытекIуадэ а Iуэхум езэш имыщIэу бгъэдэсыф хъуащ.

Дыкъежьэжыным, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, пIэщIэгъуэкIэ дыкъыщIэпхъуэжыным ипэ къихуэу, Чылар къызжиIащ Къубатий зыхуригъэджэжын зэрыщымыIэжыр. Сэри слъагъурт ар. Мы иджыпсту зесхьэ къамэм и Iэпщэри сампIэри си къаным и IэдакъэщIэкIщ. Тхыпхъэхэри, гу лъыптэрэ, нэсауэ адыгэ тхыпхъэщ. Ар зэригъэщIэрэщIа псори си бохъшэм дэлъа дыжьын ахъшэ нэхъ къабзэ дыдэхэрщ.

Къубатий ахъшэ илъэгъуа нэужь зэгупсысыр абы кърипщэху хъунуркъым, атIэ ахъшэ жьгъейр бгъэткIуа нэужь къыхэпщIыкI хъунурщ: бгырыпхым, е шхуэм и Iунэ, хьэзырIупэ, хьэмэрэ гынжьейм и тепIэ?

Чылар и деж щыдгъэкIуа пщыхьэщхьэ кIыхьхэр дэркIэ сыт нэхъри нэхъ гуапэщ, гукъинэжщ. ЛIыжьым псысэ, пасэрей уэрэдыжь, хъыбарыжь куэд ищIэрт. Удихьэхыу жиIэрт абы адыгэ уэрэдыжьхэри, нарт хъыбархэри. Сэри щэху дыдэу, си макъыр гъунэгъу уэрамхэм щызэхамыхын хуэдэу, абы сежьурт. Уэрэд жиIэу есащ ди щIалэ цIыкIури, а Iуэхуми ар дихьэхащ. Дэтхэнэ уэрэдри зэ зэхихыну фIэкIа хуейкъым.

Языныкъуэкlэ сэ Къубатии сытешыныхьырт. Сыт мы щIалэр зищIысыр, и натIэ илъыр? Сыт хуэдэ Iуэхуми псынщIэу, гугъу демыхьу хозагъэ — къарукIэ сэ къыстекIуэжащ, КъурIэным ит губзыгъагъэр къигъэIурыщIащ, дыщэкIым и Iэзагъэр къиубыдащ, апхуэдэу дахэу уэрэд жеIэри ущедаIуэкIэ дунейм тет псор пщегъэгъупщэ. А псом насыпыншагъэ гуэр къримыкIуащэрэт. А псом уасэшхуэ щIэтын хуей мыхъуащэрэт.

ЗэрыжысIащи, языныкъуэкIэ сыщалъхуа хэкум и зэшыр апхуэдизкIэ къыстегуплIэрти, си зэшыр Къубатий щызгъэпщкIун хуей хъурт. Ди къежьэжыгъуэр нэхъ гъунэгъу хъуху сэ нэхъ хуабжьу сыпIащIэрт. Мы бжьыхьэм и пэщIэдзэм дэ дыбгынэн ди гугъэт Бахъшысэрей къулейр икIи щIыкIейр, абы хъан-сэрейр, мывэ унэхэр, дуней псор зи хэку купецхэм дэнэ щIыпIэкIи къраашу мыбы щызэхуашэса хьэпшып куэдыкIейр щащэ тыкуэн инхэр щIыгъужу. Бахъшысэрейр, Кърымым и къалащхьэм и хьэуар, дыгъэ пщтырым, шхынхэлъхьэ удз зэмылIэужьыгъуэхэм, псыунэ ямыгъэкъабзэм я мэр зыщIэзыфар, тхуэмыхьыжыххэ хъуащ.

А псом нэмыщIыж а хьэуам зауэмэ къыхихырт. Бахъшысэрей зэпэщыр къулеягъыщIэ, гъэрыщIэ хуейт. Аргуэрыжьу Кърымым и дзэр илъу, лъы къызытрихьа и нэ нэпсейхэр ищхъэрэкIэ, къэкIыпIэмкIэ игъаплъэу хуежьащ. Хъаным и зауэлIхэм адыгэхэм ясакъ къыIах. Илъэс къэс хъыджэбз, щIалэ щищ-щищ гъэрыпIэм яшэ, ауэ иджы ари яфIэмащIэщ. Шхэкъуа ныбаблэр, и кIуэцI щIэншэм илъыр игъэткIуну хунэмыс щIыкIэ, ефэ-ешхэ Iэнэм мэтIыс.

Ди Iуэхури шынагъуэ хъурт. Сэ зыхэсщIэрт Къубатий сэрэ, дишхэмрэ мылъкумрэ я гугъу умыщIыххи, зауэ къэмыхъеям и япэ къуентхъыу къыдэплъ зэрыхъуар.

Ди насыпыншагъэти, ди ныбжьэгъу Аслъэн-пэщэм дыщыгугъыжи хъунутэкъым. И къыкIэлъыкIуэ Истамбыл

кIуэгъуэм ар пащтыхь теху зэрызехьэм ирихьэлIащ — султIаныжьыр трахуауэ щIэр — Ахьмэд Ещанэр — тахътэм трагъэтIысхьэрт. А зэрызехьэм пэщэ щхьэусыгъуэншэр хэкIуэдащ — янычархэм я ятагъэнхэм ящыщ зы фIэуащ.

Аргуэру зауэ гъуэгу зэрытехьэхэр плъагъуну гугъутэкъым — куэдыIуэрэ зэрыгъэкIий хъуахэщ диныр къабзэу хъумэным, джаурхэм я хьэгъэщагъэм теухуауэ.

— И чэзу хъуащ, гъуэгу дытехьэжын хуейщ,— жысIащ сэ пщыхьэщхьэ гуэрым Чылар и деж дыщIэсу.

— Дэнэ уздэпIащIэр? ТIэкIу фыщыс иджыри,— си псалъэхэр къыгурыIуакъым лIыжь угъурлым.

— Нэхъыбэкiэ Кърым дыкъинэныр шынагъуэщ, си псэм хуэдэу Чылар.

— А-а, ара зи гугъу пщIыр... Абы щыгъуэм узахуэщ.

ТэлайкIэ щыму щыса нэужь, нэщхъейуэ Къубатий еупщIащ:

— Уэ унэм, Хэкум укIуэжыну ухуейкъэ, си щIалэ цIыкIу?

Пщэдджыжь вагъуэу Къубатий и нэкIущхьитIыр къызэщIэнащ.

— Ауэ сытми сыхуей! ИджыпстуупцIэ сыхьэзырщ. Пэжу сэ сщIэркъым мыбы дыщIэшынэн гуэр щыIэу. Дэ тэтэрхэр, тыркухэм хуэдэу дымуслъымэн асыщ. Ахэр зэзэуэну зи ужь итыр Урысейрщ...

— «Дыапхуэдэу дымуслъымэн асыщ!»— пыгуфIыкIащ Чылар.— Апхуэдэщ, ауэ апхуэдэ дыдэкъым. ШитIым я фэр зэрызэщхьым къикIыркъым ахэр зы гъуэгум тету жэну. ИтIанэ: диным теухуауэ нэхъ ину кIииху абыхэм ялэжьыну бзаджэнаджагъэр нэхъ цIапIэжщ. Хьэмэрэ Тыркур езэуакъэ Перс муслъымэн асым? Хьэмэрэ дэ тлъэгъуакъэ езым хуэдэ муслъымэным хуэпщылI муслъымэн? Хьэмэрэ дэ тлъэгъуакъэ мэжэщIэлIагъэм игъэбэга муслъымэн? Гъэрхэр щащэ бэзэрым теткъэ гъущI Iэхъулъэхъу зэрылъ муслъымэн? Абыхэм яхэтщ адыги, къалмыкъи, уеблэмэ тэтэри. Муслъымэн къэмылэнджэжым и Iуэм ит жэмым къыщIаш шэм хуэдэщ чыристаным и жэмым къыщIэкIри. Iуэхур здэщыIэр диныракъым. Уэ пщIэрэ абыхэм Урысейм зауэ зэрыращIылIэ щIыкIэр? Япэ щIыкIэ кърым хъанхэм я дзэр Къэбэрдейм ягъакIуэ, мацIэ ныбаблэм хуэдэу абы и губгъуэхэр, къуажэхэр къахъунщIэн, шы минхэр къахун папщIэ. Мис Къэбэрдейр Урысейм езауэу щытамэ, итIанэ... Ауэ Къэбэрдейр зэи Урысейм и бийуэ зэуэнукъым. Ар Урысейм дэIэпыкъунущ, Урысейм Къэбэрдейр Тыркум зыIурыригъэгъэлъэдэ-

нукъым. Захуэщ, Къанболэт: мыбы афIэкIа зыщывгъэгувэж хъунукъым...

— Пэжщ,— жысIащ сэри.— Мыбы зы махуэ, е сыхьэт зыщытIэжьэжмэ уэ, Чылар, сэлам зэротхыжынур къызэрыдэхьэлъэкIырщ дызэтезыIыгъэр.

А гупсысэр си щхьэм къихьэу, си щхьэм икIыу си псэр зэриубыду щIалэжь цIыкIум хуэдэу сытемыпыIэж сыхъуащ. ЩIэхыу, щIэхыIуэу си гур зыщыкIа Бахъшысэрей дэкIын, афIэкIа сыпсэужыфынукъым сыкъэзылъхуа си щIыналъэм сыпэIэщIэу.

Чылар щыму къэтэджри ещIэкъуауэурэ и гъэтIылъыгъэ тIэкIур зыдэлъ пхъуантэ цIыкIумкIэ иунэтIащ.

— УмыпIащIэ, Чылар. Дэ тхурикъун хуэдиз ахъшэ диIэщ,— арщхьэкIэ си псалъэхэм къарыкIа щыIэкъым.— Хъунщ-тIэ, Батий зэкIэ уи деж кърензэ. Налкъути уи пщIантIэм дырет, сэ уи шыр къэсщтэнщ, Батий, зыдетхьэжьэ хъуну псори теслъхьэнщи занщIэу къэзгъэзэжынщ. Нэхущым гъуэгу дытехьэжынщ.

* * *

Ей, хьэщIэ угъурлытэкъым сэ ди бахъшысэрей псэупIэм къыщыспэплъэр. Ди пщIантIэ кIыфIым сыдыхьэжа къудейт сэ аркъэным сыщиубыдам. ЛIы хьэлъэ гуэрым си щIыбымкIэ зыкъыщызидзри сыхигуащ, си бгъуитIым зырыз щыту къыщIэкIри сызэщIаубыдэпащ. Къыстеуахэм ящыщ зым — ахэр псори зэхэту цIыхуибл хъурт — сэ сыкIуэцIыпкIащ. (Алыхьым жиIэмэ, абы и тхьэмщIыгъур къэуауэ къыщIэкIынщ, ар зиIуантIэ-зишантIэу и псэр хэкI хуэдэу, щIым щылъащи). Абдежым си Iи си лъакъуи быдэу япхащ. Зыгуэрым мафIэ щIигъанэри си нэкIум кърихьэлIащ.

— Тхьэр зэуэн шэрджэс тIасхъэщIэх! — гъумэтIымащ зыкъэзыгъэщхъа стражникыр.— Хъарзынэу уотхауэ уи фIалъэхэмкIэ. Абы папщIи Алигот-пэщэм и пащхьэ жэуап щыпхьынщ.

Хъуржыным хуэдэу шым сызэпрадзэкIри уэрам Iушэ бамэр къызыдиххэмкIэ срахьэжьащ.

ИужькIэ, мывэ блын лъагэм хэлъ бжэ зэв гуэрым деж къыщыувыIахэщ, пщIантIэ нэщI гуэр зэпаупщIри мащэ куум ибгъукIэ сагъэтIылъащ. Сэ сатIатэри бамэр къызрих мащэм срадзащ. Уи къупщхьэхэр зэхигъэщэщакIи гъэщIэгъуэн хэлътэкъым ар апхуэдизкIэ куути, ауэ сэ сызэхиубэрэжьа къудейщ. ФIыуэ сызэхиубэрэжьащ. Хьэпс куум сы-

къиплъмэ, Iупщ1у слъагъурт уи фIэщ мыхъун хуэдизу лыд вагъуэ инхэр.

Зыгуэрым и щхьэр мащащхьэм къыщхьэщихьэри уафэр щIихъумащ икIи макъ гурыхь дыдэкIэ жиIащ:

— Нэху щыху зыгъэпсэху, адыгэхьэ!

Куэд дэмыкIыу лъэ макъхэр кIуэдыжащ, кIыргъыу куэбжэр ирадзылIэжащ — абы гъущI тебзагъэнт — асыхьэтуи ихъуреягъкIэ гум къеIэу щым хъуащ. IэкIэ къэсIэбэрэбыхьащ хьэпсым и ятIагъуэ блынхэр. Мыбы уикIыжыфыну ущIэгугъэххэн щыIэтэкъым. Дэнэ щыIэ си Къубатий? Ари абыхэм я хъым ихуэнущ. Сыт хъунт си нобэрей унафэр дыгъуасэ сщIатэмэ, бетэмал! Пэжу жаIэ: псыунэм ихуэгъуафIэ щхьэкIэ къикIыжыгъуейщ. Батий къыщымыщIIауэ и адэжь и унэ игъэзэжын папщIэ сыгуфIэу си псэр стынт.

Дэнэ сыкъыздашар? Дауи, къалэм и тутнакъэщ нэхъыщхьэркъым. Шэч хэмылъу мыр Алигъуэт-пэщэм и уней тутнакъэщу арагъэнщ. Мыращ абы и щIыхуэ зытелъхэр, е щхьэщэхуж пэплъэ гъэрхэр щиIыгъыр. Бегъымбару пщIэн щхьэкIэ. Пщэдджыжьым къызэджэнхэщ (пщIантIэм дэт унэм цIыхухэм щеупщIкIэ лей щыкIэлъызэрахьэу арагъэнщ), къыспкърыупщIыхьа нэужь, тэтэрхэм яхэту сызэуэну къысхуагъэувынщ, «хьэуэ» къыхэзгъэкIмэ ущIыщытын щыIэкъым сэ зыми сызэримыщэхужынур ращ... гъащIэр зэрыхъур. О-о, алыхь, си гуэныхьт къысхуэгъэгъу, си псэм щIэнэцIхэм къахуумыгъэгъу.

Гур зымыгъэушэ апхуэдэ гупсысэхэм сыхэтурэ зэман гуэр кIуауэ, бжэмкIэ къикIыу зэхэсхащ макъ дэгу гуэр, пхъэ зэрыпхащIыкIыр, гузэвэгъуэ макъ занщIэу пичар. ИтIанэ зэрыфыщI бауэбапщэ макъ къэIури, аргуэру зыгуэрым и щхьэм вагъуэхэр щIахъумащ.

— Атэлыкъ! Упсэу!?

Псори зылъагъуу, псор зылъэкIым и фIыщIэщ! Ар Къубатийщ, си щIалэ хахуэ цIыкIурщ. Нарт натIэхум дауэ сыкъигъуэта?

— Лажьэ сиIэкъым, щIалэ.

— БжыкIым укъылъэIэсын? — Батий бжыкI кIыхьыр къригъэжэхащ.

— Хьэуэ, кIэщIыIуэщ. Уеблэмэ, щIопщым дэлъей, хьэуэ, сынидэлъейми сылъэIэсынкъым.

— Зэ умыпIащIэ-тIэ,— щIалэм и щхьэр бзэхыжащ.

КъэIу макъымкIэ къысфIэщIащ абы хьэлъэ гуэр мащэ Iуфэм кърилъэфалIэу.

— Блыным зекъузылIэ, кхъыIэ,— лъэIуащ ар.

Гъынанэу, щэIуу мащэм къиукIуриящ зи Iэхэр пха, зи

жьэм хъыданыжь жьэдэкуа къалэ къэрэгъулхэм ящыщ зы.

— Болэт,— къызэджащ си къаныр аргуэру.— А хьеуаныр дахэ-дахэу блыным еупсеи и дамэм къытеувэ.

Сэ къэрэгъулыр судынышIащ.

— Мы си IитIымкIэ уи псэр хэсхынщ. КъыбгурыIуа?

Адрейм псынщIэу икIи гуфIэу и щхьэр ищIащ. Ар мывэ блыну щытти, и дамэм сыкъытеуващ, бжыкIыр къэзубыдри, Къубатий хьэсэм къыхача бжьыну мащэм сыкърихыжащ.

Блыным хэлъу бжэр щыкъуейуэ зэпкъриудат. Абдеж дыдэм щылът шыщхьэ хуэдиз хъун мывэ гъумыщIэ. Мывэм ибгъукIэ — зи щхьэ къупщхьэр къута хъумакIуэр. Ар бжэм егъэщIауэ щысагъэнт.

Сэ аргуэру згъэщIэгъуащ си къаным и къарур здынэсыр. А мывэр лъэбакъуищ-плIыкIэ схуэдзын пэтми, жыгеибжэ быдэр апхуэдэу щыкъуейуэ зэ уэгъуэкIэ схуэгъэщэщэну къыщIэкIынутэкъым.

IэщэкIэ зэщIэбла Къубатий къызитащ зы сэшхуэрэ Чылар и кIыщым иужь махуэ зыкъомым егугъупэу щигъэщIэрэщIа си къамэ дыдэмрэ.

— Дауэ сыкъэбгъуэта?

— Хьэлэлий къызжиIащ.

— Аслъэн-пэщэ тхьэмыщкIэм и унэIутми?

— Ар дыдэм. Абы нэхъ пасэу хъыбар дигъэщIэн и гугъащ, ауэ хунэсакъым. Чылар деж ныщыкIуам псори зэфIэкIат.

— Догуэ, догуэ, сыт жыпIэр?

— Ахэр тху хъурт,— Къубатий гуауэ гуэр зэригъэвыр хэпщIыкIыу щэтащ.

— ЩIалэм псынщIэ дыдэу уэрам пхыдзакIэ езым фIэкIа нэгъуэщI зыщымыгъуазэ щIыпIэ гуэрым сишэрт.

— Чылар сыт и лажьэр? — лIыжьым щхьэкIэ сыгузавэу сыщIоупщIэ.

— Дэ дызэуащ. Сэ ар схуэхъумакъым. Ауэ ар аслъэным хуэдэу зэуащ.

Батий тэлайкIэ щыму кIуащ, итIанэ балигъым хуэдэу щIигъужащ:

— Алыхьым ахърэт нэху кърит...

— Iэмин. Адрей тхур-щэ?

— Псори дукIащ.

Зэрыхъуа псомкIэ сэ абы сеупщIакъым.

Тенджыз Iуфэм узышэ гъуэгум тету Хьэлэлий къытпэплъэрт дишхэр и Iэдэжу. Нэхутхьэху къэхъуу хуежьат.

Уанэкъуапэ хъуржынхэм ди гъуэгу гъуэмылэри, шэхэри, гынри ярылът.— Хьэлэлий зыпщIэхихащ шабзэр, шаб-

зэшэр зэрылъ шабзалъэр. А шабзэр зыпэсщI щыIэтэкъым, насып сиIэти ар Чылар деж щыIэт. И ныбжьэгъу пэжым и гугъат шабзэм телъ тхыпхъэхэр, мыщIэхэр, саутыр къигъэщIэрэщIэжыну, ауэ сыт...

Хьэлэлий псалъэ жимыIэу зыпщIэхихри зэгуэрым Аслъэн естауэ щыта фочыр — ержыбыр — къысхуишиижащ. Сэ мурад сщIат мы тэтэр нэщхъыцэ зи хъыбар лъэпкъ сымыщIэм фIыщIэ псалъэхэр жесIэну, ауэ ар къызэдэIуэххакъым. КIэщIу игъэшри къалэм хуэкIуэу пIащIэу ежьэжащ.

Сэ зыри къызгурымыIуэу Къубатий сеплъащ.

— Мыр Хьэлэлийщ,— къызитащ абы жэуап.— Зэгуэр ар Къэбэрдейм щыпсэуащ. Си адэм и шыгъашхэу щытащ. Абы сыкъицIыхужащ Каффэ дыкъыщыкIуа махуэ дыдэм.

— НтIэ иджыри къэс сыт зыри щIыжимыIар?

— Абы жеIэ бзэгу кIыхьым гъащIэр нэхъ кIэщI ищIу.

* * *

Каффэ дэ псынщIэу дынэсащ къытщымыщIIауэ. Абы хамэшхэр занщIэу щытщащ икIи ди гугъат Кавказым япэ зыунэтI кхъухьымкIэ дыкъэкIуэжыну. Ауэ грекылI зэрамыщIэжым апхуэдизу уасэр къыщIигъэлъати къамэ Iэпщэм сепхъуэным тIэкIущ иIэжар. Абы жыхуиIам и Iыхьэ тхуани дэ диIэтэкъым. НтIэми зы сыхьэткIэ нэхъ лейуэ псы Iуфэм уIутын жыхуэпIэр дэркIэ псэ зэпылъхьэпIэт. Бахъшысэрей къраутIыпщыкIа пхъэрхэр дэтхэнэ уахътыми къэсынкIэ хъунут.

Кхъухьыпщ нэпсейр палубэм дэкIуеижри тенджызым техьэнхэу унафэ ищI пэтрэ, абы бгъэдыхьащ адыгэ цей фIыцIэ зыщыгъ, зи хъурыфэ пыIэри апхуэдабзэу фIыцIэ лIы хэщIыхьар. Сэ гу зэрылъыстати, иджыри къэс щыму ар грек Iупэ Iувым дэрэ ди зэныкъуэкъум едэIуащ, иджы кхъуэжьым и тхьэкIумэхэм йохъуцацэ. Модрейри арэзыуэ дыхьэшхри кхъухьым дитIысхьэну Iэ къищIащ.

ЩIалэщIэр нэфIэгуфIэу къыдэуэршэрылIащ:

— Алыхьым и нэфI зыщыхуа мы Iэнлъэм фыкъитIысхьэ, си хэкуэгъухэ. Ди бысым гущIэгъулым сыгурыIуащ фэ къэвгъэлъэгъуа уасэмкIэ фишэжыну.

УщIэгупсысэххэн щыIэтэкъым. Пщыхьэщхьэ нэмэзыр адэ жыжьэу тенджызым дытехьауэ тщIащ.

Адыгэ щIалэ ныбжьыщIэр (ар илъэс-илъэситIкIэ сэр нэхърэ нэхъыщIэнт) ди цIэ къыщIэупщIакъым, езым и цIи къыджиIакъым. «СфIэгъэщIэгъуэну Тыркум сыкIуат» жиIа къудейщ. А цIыху гуапэм Анапэ деж фIэхъус щетхыжащ. Апхуэдэу уи гущIэм къиплъэ нэ губзыгъэ зиIэ цIыху

сэ зэи слъэгъуакъым. Сэ абы зэ сыхуэзэжащэрэт. Си гугъэщ ди гъуэгупщIэр абы грекым тхуритауэ.

Анапэ икIри ар Iузэв кIуащ Iуэху гуэркIэ урыс губернатор Ап-ра-син епсэлъэн папщIэ, Къубатий сэрэ зэман пщIэншэу дымыгъэкIуэду, унэгуащэр зэджэ джэд мэжэлIа нэхъей, ди щIыпIэжь дыкъэкIуэжащ. Аращ псори зэрыхъур.

*Бжьыныху хьэдзэ зышхам щхьэ псоми кIэ ирит хъунущ — тIум щыгъуи мэ къыпкIэрех жызыIа цIыхур зэрыгубзыгъэм щыхьэт техъуэ*

*ЕБГЪУАНЭ ХЪЫБАР*

Дыгъэ къыщIэкIым и япэ бзийхэм къыдэушащ Къанболэт. Мамырт, нэхут абы и гущIэр. Дыгъуасэрей пшыхьыр игу къэкIыжри ар и щхьэ хупыгуфIыкIыжащ. Махуэ зытIущкIэ иджыри мыпхуэдэу Нэлжан ахэр «зыгуэрхэмкIэ тIэкIу зэIуригъэумэ» тхьэлъэIу Iэнэм хуагъэхьэзыр выщIэу ахэр пшэр хъунщ.

ПсынщIэу зихуапэри а хьэщIэщ цIыкIу дыдэм щыжей Батий бгъэдыхьащ. Къанболэт щэхуу дыхьэшхри къыхидзащ:

Лэу, лэу, сэ си нэхунэ!
Уэ ин укъэхъумэ,
ЛIыхъужь утхуэхъунщ.
Шищэрэ вищэрэ
Псы адрыщIкIэ къипхунщ.
ХуэпщIыну тыгъэм
ФIыкIэ щыгугъыу,
Уи дадэри пэплъэнщ.
Ар уигу ибгъэхуу
Хыумын шы къэпхум...
Лэу, лэу, си нэхунэ!

Iэзэ дыдэу лIыжь макъ зищIауэ Къанболэт уэрэдыр къызэрыхидзэххэу щIалэм и нэр къызэтрихащ. Гущэкъу уэрэд къызэрыжраIэр и акъылым нэсри укIытащ, зигъэгусэу и атэлыкъым еплъащ, итIанэ и щыгъынымкIэ Iэбащ.

Къызэрыгуэк I пщэдджыжьышхэм иужькIэ — шху, кхъуей Iыхьэ, хьэпцIий хьэтыкъ — Къуанш ягъусэу хьэщIэхэр зыплъыхьакIуэ мэзым ежьахэщ.

Кхъуэ пIащэхэм зэхавыхьа фэхум деж Къанболэт зей баш кIэмщхьэмыфI щызэригъэпэщащ.

— Сэшхуэр къащтэ, Батий, икIи мы си башыр зэрызэпыбупщIыным иужь ит. Сэри мыр сэшхуэ хьисэпу сIы-

гъынущ, ауэ уи удыныр Iуздзурэ башыр сэдзэм зэрыщысхъумэным сыпылъынущ.

Къубатий и нитIыр, дэтхэнэ щIалэ цIыкIуми хуэдэу, мафIэ дэпу къилыдыкIащ. Сэшхуэр и щхьэщыгу зыбжанэрэ щигъэкIэрэхъуа нэужь щIалэр и атэлыкъым ебгъэрыкIуащ. Иих! Сэшхуэм зэпигъэлъэтащ... Хьэуар... иужь уахътым Къанболэт щэхуу и Iэпкъынэр игъэлажьэри башыр сэшхуэ удыным IэщIэкIащ. Аргуэру зидзащ — Батий иджы зей башым лъэIэсащ, ауэ башыр сэшхуэм и нэкIум техуащ. Апхуэдэу мызэ-мытIэу хъуащ. Башым къуэщIий къыкIэрылъэлъырт, ауэ и кIыхьагъым зыри хэщIатэкъым. Къанболэт дауэ мыхъуами и къаным ипэ медан IэубыдыпIэншэкIэ нэхъ мыхъуми ищырт.

— Ух, дэгъуэщ! Уэй, сыту телъыджэ,— кIийрт Къуанш. ИкIэм щIалэм гу лъитащ атэлыкъым и хьэгъэщагъэм икIи башыр и курыкупсэм деж щызэпигъэлъэтащ. Къуанш зэкуэфауэу къижыхьырт апхуэдизкIэ гуфIэгъуэ гурыщIэ иным яIыгъти,— иджы ар щIэгуфIэр и ныбжьэгъум и текIуэныгъэрт.

— Дэгъуэщ! Хъарзынэщ!

Къубатий бауэкIэщIу сэшхуэр сампIэм ирилъхьэжри нэщхъейуэ зэпишащ:

— А-а-Iэ, куэд хуейщ сэ уэ сыплъэщIыхьэным, атэлыкъ.

— Апхуэдэу куэд дыдэжкъым,— гушыIэу пыгуфIыкIащ Тузарыр.— ПщIэрэ уэ уи щыуагъэр? Зы щыуагъэкъым пIэщIэкIри. Япэр — сэшхуэ Iэпщэр уокъуэзыщэ. Абы къыхэкIыу сэшхуэр псынщIэу пхуэшэщIыркъым. Сэшхуэ Iэпщэр зэракъузыр зэман кIэщIщ — иужь меданырщ — сэшхуэр зытебгъапсэм щытехуэм дежщ. ЕтIуанэ щыуагъэр — уэ дэтхэнэ зыгъэзэгъуэми къарууэ уиIэр хыболъхьэ. ЗауэлI IэкIуэлъакIуэм аракъым ищIэр — абы и къарур зэрегъэзахуэ. БжыкIыр зэпыбупщIын щхьэкIэ выбжьэр зэрызэпыбупщIын къару щIэбгъэкIуэдын щыIэкъым. Абы щыгъуэми укъызэщIэплъэн хуейкъым — псынщIэ дыдэу уозэш. Псори зэпэзышэч, зэпIэзэрыт зауэлIырщ текIуэр, армыхъумэ пIащIэ-тхъытхъыр, тэмакъкIэщIыр аракъым.

— Сэ псори къызгурыIуащ, Болэт,— жеIэ нэщхъыфIэ къэхъужа Батий.

— Аланлы *! Апхуэдэ псалъэ дахэхэр къыбгурымыIуэу хъун! — и фIэщу диIыгъащ Къуанш: Тузарым и чэнджэщхэр абыи Къуанши хуэгъэзащ.

ИтIанэ Къанболэтрэ Къуаншрэ зэпеуэу Къубатий ебэ-

---

* Аланлы — балъкъэр псалъэщ «уа, цIыхухэ» жиIэу къокI.

нахэщ, ауэ зыри къикIакъым: сыт ямыщIамэ щIалэр щIым ягъэтIылъын яхузэфIэкIакъым. Къанболэт гушыIэу иритхьэусыхэрт и «лIыжь къарууншагъэм».

Зэрытримыдзэфам и лъыщIэж хуэдэу абы Къубатий хьэмбыIуу унэм нэс «къаз зекIуэкIэу» игъэкIуэжащ, абы щыгъуэми и макъ къызэрихькIэ дыхьэшх Къуанш абы и пщэдыкъым дэсу.

* * *

Си кIыщым укъыщIыхьэнкIэ хъун, Къанболэт? — иригъэблэгъащ ар Емуз.— Умышынэ гъукIэ къуэдзэ усщIыну яужь ситкъым.

— Уэ пхуэдэ гъукIэ и унафэм сыщIэту си гуапэу уадэр сIэтынт,— Къанболэт бысымым и гушыIэр диIыгъащ.

ПлIанэпэм, жьэгум деж Нэлжан щытт. Иджыпсту ар шэдыбжьым епща къудейуэ къыщIэкIынт: фIамыщI къызэщIэнахэм я бзийхэр абы и нэгум гъуатIэ-плъыжьыфэу теджэгухьырт.

Емуз бгъэдыхьащ сыджыр зытет бжей пхъэ тыкъырым.

— ИIэт, Тузар и къуэ, мы дакъэр дыгъэгъэIэпхъуэт.

ЛIитIым IэплIакIуищ хъун жыг лъэдакъэр ятIэ чырбышу зэтелъ кIыщым и лъэгу гъущэм ирагъэукIуриящ, ар зытетам деж кумб иIэт. Нэлжан зигъэщхъри абы дагъэ егъэфа чэтэн къэп кърихащ.

— Мыращ уи лъапсэм и щIэину къэнар,— жиIащ абы.— ТIатэ къэпыщхьэр.

ГурыщIэ мыIупщIым ирипIейтейуэ Тузарыр къэп кIуэцIым иIэбащ икIи гъущI джафэ щIыIэм теIэбащ. Аргуэрыжьу дунейм къытехьэжащ емынэ Iэджэ зыпыщIа, ауэ цIэрыIуэ жыр джанэр, Сэлэдин и жыр джанэр. Асыхьэтуи и нэгу къыщIэувэжащ илъэсибл и пэкIэ къэхъуа Iуэхухэр, мафIэ ункIыфIыжам и дэп пщтырым и бзий нурхэр зэзэмызэ къызэрыщхьэщыувэм ещхьыркъэпсу.

— Мыр дауэ уи деж къэкIуа? — макъ хъыршыркIэ щIэупщIащ Тузарыр. Ар ешауэ шэнт кIыхьым тетIысхьэри жыр джанэр и пащхьэ иригъэувэжащ.

— Шыпхъум псори къыбжиIэжынщ,— Емуз и шыпхъум еплъщ, и щхьэр хуищIри кIыщым къыщIэкIыжащ.

ИкIи Нэлжан абы хуиIуэтэжащ Тузархэ я лъапсэм щыIа лъыгъажэмрэ мафIэсымрэ, Мухьэмэд хьэщхьэрыIуэмрэ Алыджыкъуэ ЦIащхьэмрэ зэрахуэзар, Iэдышэм лIыжьым зэрихьа лIыгъэр. А махуэм ар лIакъым, Нэлжан зэрызэхихамкIэ, и псэр гъатхэм нихьэсащ. Ауэ мис а Нартшу гушыIэрейр шэм зэпэгъуанэу яушэбза пэтми псэууэ къэнащ. Ар и унэ щыпсэуакъым, абрэджу къуршым ихьэжащ.

ЖиIэжащ Нэлжан Мухьэмэдыр къызэрыриудари, Алыджыкъуэ и пэщхъыныр зэрыхутрикъутари, Хьэтэжыкъуэм нэмысыншагъэу илэжьари. Абы кърищIам Нэлжан игу къигъэкIыжащ жыр джанэр къызэрырихьэжьэну щIыкIэр. Абы къыгурыIуат пщыжь лъыифхэм зауэр зращIэкIар зэрыарар. ЩращIэкIакIэ — лъапIэщ. ЩылъапIэкIэ я щхьэщIыбыр зэрамылъагъужым хуэдэу жыр джанэр ялъагъункъым. Нэлжан «гъущI цей емынэр» щитIагъэщ, къызэрыгуэкI шухьэ цейр трикъуэжри макIуэ-мэлъей.

Зэрызехьэм зыми гу лъитакъым ар Къэралбийхэ я унэм къызэрыщIэкIами, япэ зыхуэза шым зридзу губгъуэм зэрилъэдэжами. ИтIанэ, етIуанэ махуэм, и дэлъхур игу къэкIыжри абы деж кIуащ. Абы унэм щIыхьэху жыр джанэр зыщихакъым. МащIэ и фэм дэкIакъым а жэщ-махуэм — шынэнтэкъэ, джанэ хьэлъэр пщыгъынри тынштэкъым. Ауэ сытми и бгъэр икъуэзыртэкъым.

Емуз хьэпшып шынагъуэр игъэщIагъуэу зэпиплъыхьри и кIыщым щигъэпщкIуащ. Зэдэлъхузэшыпхъум унафэ ящIат ямыщIэххэу къахэхъуа мылъкум темыпсэлъыхьыну, уеблэмэ ягу къамыгъэкIыжыну.

* * *

— Уа, Нэлжан, сэ игъащIэм зы уIэгъи къыстехуакъым,— хуэму жиIащ Къанболэт,— ауэ нобэ мы уи хъыбарыр къыщебгъажьэм, къысфIэщIащ си уIэгъэжьыр къэетэжа. Иджы аргуэру мис уи псалъэхэм сагъэхъужащ.

— Ан-на, Къанболэт, сыт уи нэхэм я лажьэр? Дауэ укъызэплъэрэ?

— Сэ сщIэркъым сынызэроплъыр, Нэлжан. Ауэ сощIэр уэр щхьэкIэ сигу илъыр.

Нэлжан кIыщ бжэблыпкъым иту тIэкIу зиIэжьащ:

— ЦIыхубзри зэзэмызэ гупсысэну зэранкъым. Псалъэм щхьэкIэ, шэджагъуашхэ гъэхьэзырыгъуэ зэрыхъуам...

— Дауи, зиунагъуэрэ,— дыхьэшхащ Тузарыр.— Хьэлу Iыхьэри уэ пхуэдэ цIыхубзым и Iэгу къикIмэ, бегъымбарым и тыгъэ хуэдэщ.

Нэлжан укIытауэ и Iэр ищIри гъэмахуэ пщэфIапIэ цIыкIумкIэ иунэтIыжащ.

КIыщым къыщIыхьащ Емуз:

— Пхъэ дакъэр и пIэм идгъэувэжын?

— Идгъэувэжынщ,— арэзы хъуащ Къанболэт.— Жыр джанэр унэм щIрелъ.— Тузарым и закъуэу къиIэтри сыджыр зытет бжей ентIырыр и пIэм иригъэувэжащ.— Сэ абы мурад гуэрхэр хузиIэщ.

— УзэрегуакIуэщ,— жеIэ Емуз.— Сыхуэзащэрэт жыхуэпIа лIым ухуеймэ, уэзгъэцIыхуфынущ, си гугъэмкIэ.

— Ярэби, уэ зи гугъу пщIыр кхъухьым дыкъизыгъэтIысхьэжа лIы телъыджэр арауэ пIэрэ?

— Ы-ы.

— Уэ дэнэ щыпцIыхунур сэ абы и цIэ къудей къыщысхуэмыщIакIэ.

— КъэщIэгъуейкъым,— арэзыуэ зэрыпыгуфIыкIыр пащIэ щIагъым щIигъапщкIуэу жиIащ бысымым.

Къанболэт абы нэгъуэщIкIэ пкъырыупщIыхьыжакъым. Iэнэм здыпэрысым нэхъыбэу зи гугъу ящIар Тузарым и лъэIурщ, гъущIым и зэхэлъыкIэрщ, гъущIыр зэрапсыхьырщ, зы сэшхуэр е джатэр адрейм зэрефIэкI фIагъхэрщ. (А псалъэмакъым щIалэщIэхэр едэIуэну хуит ищIащ — къащхьэпэнщ.) Ауэ псалъэмакъыр хуэкIуащ мысыр жыр телъыджэм. Абы теухуауэ Емуз жиIащ: абы и фIагъыр зэлъытар зэрапкIым, зэрапсыхьым и закъуэкъым, гъущIыр мывэм къызэрыщIагъэвыкIми щэху куэд хэлъщ. Еплъыт къэщIэфи джэдым япэ яуIуну хьэдзэмрэ иужь къинэнумрэ. Къанболэт игу къеуэу жиIащ апхуэдизу фIыуэ илъагъу мысыр жыр сэшхуэр зэрыфIэкIуэдар. Ар а жэщым Бахъшысэрей щытрахащ...

Емуз къыгурыIуэрт и хьэщIэм игу щыщIэр зыхуэдизри псалъэмакъыр мыбы щыIэ мэзым и къулеягъымкIэ триIуэнтIащ. Пщэдей нэхулъэ къыщищIым Шэджэм и адрыщIым зэпрыкIыу пшэрыхь лъыхъуэну зэгурыIуахэщ.

— Къуанш гъуэгугъэлъагъуэфI фхуэхъунщ,— жиIащ Емуз.— Сэ сынежьэфынукъым. Мыпхуэдэ зэман утхъуам унэм цIыхухъу гуэр къимынэу хъунукъым.

* * *

Гъуэлъыжын ипэ къихуэу, Къанболэт мурад ищIащ жыг хадэм ихьэну. Жьы зыщIригъэхуным къыдэкIуэуи Къубатий пщэфIапIэ щIэщIым щIыщыгувэм еплъыну: Къуанш къыбгъэдэмыкIыжыфу ара? АрщхьэкIэ Къуанш шэщым къыпыт пэш цIыкIум щыжейуэ къыщIэкIащ, щIэщI лъабжьэм щIэсыр Нэлжан и закъуэт: жьэгу мафIэ ужьыхыжым дэсу абы хъуржынхэм гъуэгу гъуэмылэ ирилъхьэрт. Асыхьэтым Къанболэт и гущIэр зэи зыхимыщIа Iэнкуныгъэм иубыдащ. Нэлжан гу зылъримыгъатэу унэ къуагъым зыкъуидзэри быдэу япкIа лъэс лъагъуэ цIыкIум тету ар хадэм хыхьащ. ИгъащIэм зэримыхабзауэ Тузарым и гуапэу жьэдишэрт жыг хадэ гъэгъам и мэ IэфIу Iэпкълъэпкъыр щIэзыгъалIэр. И щхьэр мащIэу зэрыкIэрахъуэр

зыхищIэрэ и щхьэм щыукIытэжу къэувыIэри абы жыг щIыфэ щIыIэтыIэ пхъашэм и нэкIущхьэ къэплъар ирикъузылIащ. Жыг тхьэмпэхэм къыпхыплъ вагъуэхэм нэщхъыфIэу нащхьэ къыхуащI мы дуней псом, уеблэмэ цIыхупсэм и дурэшплIэрэшхэм, дэлъкъым зыми имыщIэу пхуэхъумэн щэху жаIэ нэхъей.

Асыхьэтым зыгуэрым и Iущащэ щабэ макъыр лъэбакъуэ зытIущ мынэхъ жыжьэу къэIуащ:

— Сыту IупщIыщэ нобэ Вагъуэ Зэшиблыр...— ар Санэ и макъщ.

— Абы ящыщу модэ нэхъ ин дыдэр плъагъурэ, уэщхьыркъэпсщ...

«Си тхьэкIумэхэм зэхахыр пэж? — егупсысащ Къанболэт.— «Еплъыт Батий».

ЩIалэр щIым щыст щIыбкIэ блыным егъэщIауэ. Уэгум ета абы и щхьэм хуэзанщIэпсу хэлът щхьэгъубжэ цIыкIу. Хъыджэбз цIыкIур абдеж щыщымыткIэ, и адэ шыпхъум и гъусэу щыпсэу пэшым щIэс хъунт.

— Дауэ сэ а вагъуэм сызэрещхьынур,— гъэфIагъыбзэ хэлъу дыхьэшхыурэ щIоупщIэ Санэ,— ахэр зэкъуэшщ, къыбгурыIуа, зэкъуэш вагъуэхэщ.

— НтIэ ахэр зэшыпхъуу щрет,— и фIэщу жеIэ Батий.— Е и ныкъуэхэр зэкъуэшу, адрейхэр зэшыпхъуу щрет, апхуэдэу нэхъыфIыххэщ.

— Ы-хьы, а зэкъуэшхэм ящыщ зыуэ ущытыну уэри ухуейщ аракъэ?

— Аращ.

— НтIэ, сэ вагъуэ къуапэм и зы кIапэм, уэ адрейм и кIапэм...

— Хьэуэ,— хэкъузауэ жиIащ щIалэщIэм.— Апхуэдэу зэпэжыжьэIуэщ. Кърымымрэ Кавказымрэ нэхърэ нэхъ зэпыIудзыжащ. Сэ уибгъукIэ сыщытыну сыхуейщ. ИкIи суримыдэлъхуу.

— Хэту-тIэ, узимыдэлъхумэ? — игъэщIэгъуащ хъыджэбзым.— КъызгурыIуэркъым.

Къубатий щэтащ:

— Ухуеймэ, къыбгурыIуэнщ.

— Бахъшысэрей щыIэ хъыджэбзхэм я хъыбар къызжеIэ. ТхьэIухудхэ?

Хамэ тхьэкIумэм хухамыхā псалъэмакъым афIэкIа емыдаIуэу, Къанболэт лъапэпцIийуэ жыг хадэм къикIыжащ. Абы зэхихар телъыджэ щыхъуат. Еплъ и псэлъэкIэм! «Ухуеймэ, къыбгурыIуэнщ» жи. Ярэби, щIалэ цIыкIур лIы хъуауэ ара-тIэ? Асыхьэтым абы зэхищIащ и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжми, щIалэ цIыкIум ефыгъуэми

ещхь гурыщIэ гуэр икIи бгъэр икъузащ. Мис езы Къанболэт лъэкIакъым апхуэдэу жьакIуэу, хуиту епсэлъэн... цIыхубз гуэри...

Жьэгум дэс Нэлжан къеплъэкIыну хунэмыс щIыкIэ, унэ блыным бгъурыту Iэуэлъауэншэу, псынщIэу абы къыблэкIыжри Къанболэт унэм зыщIидзэжащ.

Куэд дэмыкIыу Къубатии къэкIуэжащ. Нэхъ хуэму бэуэну хущIэкъуу щIалэр щабэу теувэурэ и гъуэлъыпIэм щыкIуэсэжым, Къанболэт и макъ гъумыр щыблэ уам ещхьу къызэрылъэлъу пэш кIуэцI щымым щыIуащ.

— Унэидзыхьэ укIуа хуэдэ сыту щэхуу укъыщIыхьэжрэ?

ЩIалэр къащтэри лъэпэрэпащ, мащIэщ иIэжар джэлэным.

— Сэ... уэ... СлIо, иджыри къэс ужейркъэ?

— Гъуэлъ, гъуэлъ. Дыжеину къытхуэнэжар мащIэщ.

* * *

Нэхущ пшапэр къызэкIэщIимытхъ щIыкIэ ахэр къуажэм ехри лъэмыжкIэ псым зэпрыкIахэщ. Нэхущым къущхьэхъу и мэзыбгхэм ящыщ зым и щыгум ихьахэщ. Мыбдежым, бысымышым и IумпIэр иIыгъыу япэ иту кIуэ Къуанш къэувыIащ икIи пIейтейрэ пIащIэу и гъусэхэм еIущэщащ, зэрыщэкIуэну щIыкIэр яжриIэу:

— Ди пащхьэ къилъщ къуэнэфыжьыр. Ар лэгъупым ещхьыркъабзэщ. Аращи, Къанболэт ижьырабгъу Iуфэр иIыгъыу йокIуэкIри, и кIэм нэмысу, кхъужьей Iушэжьым деж къыщоувыIэ. ХьэкIэкхъуэкIэхэр псафэ зэрыкIуэ лъагъуэр абдежымкIэ блокI. Мэз бжэн урихьэлIэнщ. Е, щыхь. Мыщэ ущыхуэзи къохъу. Батий, уэ сэмэгурабгъур, уоубыд. Уэри унэмысыпэу къэувыIэ. Зи ныбэ изу шха хьэм зыщигъэпсэхум ещхьу мывэжь гуэр урихьэлIэнущ. Мис абдежым къэувыIэ. КъэувыIи щыт зумыгъэхъейуэ. Сэ тIэкIу дэкIмэ къуэм шууэ сыдыхьэнщи мащIэу зызгъэIэуэлъэуэнщ. Къанболэт деж, кхъужьейм деж, дыщызэхуэзэжынщ. Хъун? ДызэгурыIуа?

— КъыдгурыIуащ, тхьэмадэ,— дыхьэшхащ Къанболэт.

— Дэгъуэщ. ДызэгурыIуащ,— и фIэщу жэуап итащ Батий.

Къуанш Къубатий и тхьэкIумэм къеIащ, мыдрейм абы и пэр IэпхъуамбитIкIэ трипIытIащ. Абдежым щакIуэ хасэр щаухащ икIи щхьэж къыхуагъэува щIыпIэмкIэ иунэтIащ, къуанш и пIэм къинэри.

Къубатий лъэ псынщIэкIэ ежьащ, удз кIырым ерагъкIэ хэплъагъукI лъагъуэ цIыкIум тету. Мэзым зыхуэпэн иухатэкъыми, къуэр щиухыр куэд дэмыкIыу хуиту плъагъу хъуащ. Мис мывэри — мывэ гъуабжэжьщ, жыглыцхэр трищIэжауэ, ауэ пэж дыдэу зишыхьауэ жей хьэм ещхьт, мыщэ хуэдизи и инагът. Мывэм ибгъу дыдэм деж блокI фIыуэ яуба лъагъуэ,— щIы цIынэм къытенащ псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лъэужьхэр, хэти ину, хэти цIыкIуу.

Лъагъуэм лъэбакъуэ зытхух нэхъ пэмыжыжьэу щылът жьым ирищIыкIа бжей IэплIакIуи, Къубатий абы тетIысхьэщ шым хуэдэуи, фоч лъэдакъэр щIым тету и пэр жыгым егъэщIауэ игъэуващ. (Къанболэт шабзэр къыхихри и ержыбыр и къаным иритат).

ЩIалэр япэ щIыкIэ нэхъуеиншэу куэдрэ дэIуащ къуэм, жыгыжь IэплIакIуэхэм я лъэбжьанэр быдэу зыхэукIа джабэхэм хьэкIэкхъуэкIэм я макъ гуэр къыдэIукIын и гугъэу. АрщхьэкIэ даущыгъэр къэзыкъутэ щыIэтэкъым. Къубатий и нэр техуащ къуршыжьым икIи телъыджэлажьэ илъэгъуам псы Iурыуам ещхьу итхьэлэным мащIэщ иIэжар: дыгъэ къыщIэкIым и япэ бзийхэр къырыдзэ папцIэхэм теIэбати, Кавказ къуршым темыкIыу телъ уэсхэм я кIуэцIымкIэ мафIэлыгъей къащыщIэна фIэкIа зэрыпщIэн щыIэтэкъым. Уафэр нэхъ нэхутхьэху къэхъури, гъуабжэ-фагъуэу щыта уэгури къащхъуэ къэхъуащ. Дыгъэм къиутха нурыбэм мэзыр щIыху-фIыцIафэ, удзыфэ- фагъуэпсу кърыIащ. Уеблэмэ хьэуа дыдэм зихъуэжащ: дакъикъэ ипэкIэ щIыIэтыIэрэ псыIэмэ къызыхихыу щыта хьэуам Iэпкълъэпкъыр щIэзыгъэпсынщIэ сыхъэр къыхех, гъунапкъэншэу къару къыпхелъхьэ. Батий къыфIощI къуртIышхуэ иригъэщIу а хьэуар ириф, ириф пэтми зимыгъэнщI. Абы и псэр мамырщ, ар нэжэгужэщ, къыщохъу абы и пащхьэ къилъ щIыналъэм нэхъыфI дуней псом темыту. А уахътым абы игу къэкIащ Санэ, игу къэкIа къудейкъым, абы зыхищIэрт уэгум хэшыпсыхьыжа къудей Вагъуэ Зэшиблыр, тхьэмпэщIэ цIыкIухэм теджэгухь дыгъэ бзийхэри, а зэзэмызэ къыкъуэу акъужь щабэри. КIэщIу жыпIэмэ, а псори щыщыIэфынур Санэ щIыгъумэт, армырамэ — сыт и мыхьэнэ.

Къубатий зыгуэрым къыдридзеям ещхьу псынщIэу къыщылъэтащ икIи и Iэхэр ибгъукIэ зэбгридзу тIэу-щэ хьэуар жьэдишащ. ИтIанэ абы игу къихьащ мывэм дэпщейуэ, сыт хуэдиз абы имыинагъми, езым щыщ зы Iыхьэу, езым щыщ Iыхьэр мынэгъуэщIу, иджыпсту япэ дыдэу къилъыта щIым нэхъ нэхъуу къеплъыхыну.

Ар нэхъ гъунэгъуу бгъэдыхьащ мывэм икIи иджыри

къэс гу зылъимыта гуэр къилъэгъуащ. Хьэм и щхьэ дыдэм деж пхъэм телъу щылът джэд гъэва, кхъуей Iыхьэ, пIастэ Iэмыщ Iэ. Ар игъэщIэгъуэн имыух щIыкIэ мэзым къиIукI лъэ макъ гуэр зэхихащ икIи джэдум хуэдэу псынщIэу бжей жыгыжьым деж лъэжщ, и фочыр къипхъуэтэжри жыг лъабжьэ къуацэм къуэтIысхьащ.

Мывэм деж къыIухьащ пыIэ къуацэ зыщхьэрыгъ, зи джэдыгу кIыхь хъыбий хъуар (ар, шэч хэмылъу, зыщыгъым нэхърэ зэрынэхъ щIалэ щыIэу къыщIэкIынтэкъым) щIым илъэфу лIыжь гуэр. Зы IэмкIэ абы иIыгът фэ хъуржын, адреймкIэ гъущI тхыпхъэхэр зытелъ баш джафэ цIанлъэ кIыхь.

ЛIыжьым дзыхьмыщIу ихъуреягъкIэ зиплъыхьащ — абы и нэхэр пыджэрт, абы джэдри адрей шхыныгъуэхэри пIащIэу хъуржыным иридзэри псынщIэу IукIыжащ.

Къубатий хэгупсысыхьыпауэ абы кIэлъыплъащ. Дауэ мы псори къызэрыбгурыIуэнур? АрщхьэкIэ аргуэру зигъэпщкIун хуей хъуащ. Мывэм нэгъуэщI зыгуэри лъэ псынщIэкIэ къыхуэкIуэрт. «Ауэ мыбдеж ущыщэкIуэнкIэ цIыху зэблэкIыпIэIуэмэ»,— егупсысащ щIалэр. Иджы мывэм къыбгъэдыхьар къызэрыгуэкIыу, ауэ къабзэу хуэпа нэуэжь гуэрт. И Iэгухэр зэтригъауэурэ дуней гуфIэгъуэр иIэу къыхэкIиикIырт:

— Къиштащ! И Iыхьэр къиштэжащ. Уей, си хьэ дыщэу Дыгулыпхъу гуащэ! Зэбусыгъуэджакъым ди шхыныгъуэ къызэрыгуэкIыр! — фызыжьым щхьэщэ ищIырт, и Iэхэр мывэхьэм хуишийуэрэ ислъэмей ищIырт.

Къэхъуар Къубатий къыщыгурыIуар иджыщ икIи къыщиуду ину дыхьэшхыным иIэжар зы мащIэщ. Аращ, аращ, мащIэрэ зэхихакъым щысабийм щыгъуэ абы «тхьэпэлъытэ мывэхэм» псом хуэмыдэу цIыхубзхэм фIыуэ ялъагъу Дыгулыпхъу теухуа хъыбар Iэджэ. Ахэр къокI адыгэхэм хьэр, дыгъужьыр тхьэуэ къалъытэу жьагъэ щыхуащIу щыта зэман жыжьэм.

Къуэ лъащIэм къиIукIащ хуэдищкIэ джэрпэджэжым нэхъ ин ищIа Къуанш и макъыр. Иджы уахъты къэс пэплъэн хуейт хьэкIэкхъуэкIэ гуэр къыхэлъэтыну. Къуэгъэнапiэм къуэсын зыужэгъуа щIалэр занщIэу фызыжьым бгъэдыхьащ, щэныфIэу фIэхъус ирихри пщэдджыжь нэмэзым мыбдей зыгуэрым IущIэну игу къэмыкIаифэ зытригъэуащ.

— Нанэ, иджыпсту щэкIуэн щIыдодзэ. Мы лъагъуэм мыщэ е кхъуэпIащэ къытелъэдэн хуейщ.

— А-а, къызгурыIуащ, си щIалэ цIыкIу,— и напIэ хуэдакъым фызыжьым.— Сэ мо чыцэм иджыпсту зыхэзгъэпщкIуэнщи, сыппэплъэнщ.

— Укъыспэплъэнуи?

— НтIэ-на, уадыгэкъэ уэ? Хьэмэрэ щакIуэр мэз гъуэгум цIыхубз щыхуэзамэ, Iыхьэ нэхъыфIыр зэрыритыр умыщIэу ара? ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ.

— СощIэ, сощIэ — пIащIэу жэуап ирет Къубатий.

— НтIэ, Iэмал иIэххэм, си пелуан цIыкIу, зы кхъуэ пIащэфI къысхуэукI,— жиIэурэ фызыжьым чыцэм зыхигъэпщкIуащ.

«Сыт кхъуэпIащэ? — егупсысащ Къубатий, асыхьэтуи игу къэкIащ.— А-а-а, абы муслъымэн диныр къищтакъым...»

Къуанш аргуэру зэ кIийри балъкъэр уэрэд къыхидзащ. Абы и макъыр мащэ куум къиIукIым хуэдэу дэгуу къэIурт.

Къубатий зэхихащ нэгъабэрей пщIащэ пылъэлъыжахэр зыгуэрым и лъэ псынщIэм зэрыдэщхъыщхъыр — асыхьэту къуэ напщIэм мэз бжэн цIыкIу къытелъэдащ икIи, балий псыфым ещхь и нэ фIыцIитIыр щакIуэм къытриубыдауэ, кIэщIу къэувыIащ. Къубатий абы и натIэм тригъэпсащ, а меданми къилъэгъуащ чыцI къалъхуагъащIэ цIыкIур и лъакъуэ псыгъуэ кIэзызхэм ерагъкIэ яIыгъ къудейуэ анэм иужь иту къызэрыкъуэкIар. Фоч кIакхъур щIичати, шынэрэ гузавэрэ къыпкърыхьауэ пэплъэрт игъащIэ псокIэ пхуэмыгъэзэкIуэжын щIэщхъур къыщыхъунум: бетэмал, дауэ пIэщIат апхуэдизу! Бжэн шыр цIыкIу щIыгъуу. Ауэ фочыр бзэщхъуащ, алыхьым е езы Мэзытхьэ дыдэм и фIыщIэкIэ. Къубатий щыгъупщат фочыбзэр тришын. Фочыпэр ирихьэхын хунэмысу бжэнымрэ и шырымрэ мэзым щIэлъэдэжащ.

Иджы фоч гъэпкIар зыIыгъ Къубатий игъэпIейтейрт нэгъуэщI Iэуэлъауэ гуэрым. Ар табын псо хъу псэущхьэ гуэрхэм я лъэ макъ зы мардэм тету шэщIауэ къэIурт. Апхуэдэ зи щыпэлъагъу Къубатий кIакхъур зэрыщIичынур IэщIэгъупщыкIыжат. Дэтхэнэми илъэситI-щы и ныбжьыну кхъуэпIащэ пщыкIутху-тIощI хуэдиз, зыр адрейм иужь иту гъуэгум къытелъэдащ икIи мыпIэщIащэу «МывэхьэмкIи» блэущыкIащ. Къубатий игъэщIагъуэрт а псэущхьэхэм фIэщхъуныгъэу яхэлъымрэ я Iэпкълъэпкъ хьэлъэхэр екIуу, къаймыхьэлъэкIыу зэрызэрахьэмрэ. ИтIанэ иужь дыдэ итым и тхьэкIумэм деж тригъапсэри еуащ. Здытригъэпса дыдэм деж техуащ. Кхъуэ быным хуэдищкIэ нэхъ псынщIэ защIауэ зрачащ, фочыр етIуанэу иузэдыжыну хунэмыс щIыкIэ.

ЗэшэзэпIэу иукIа кхъуэпIащэм бгъэдыхьащ Къубатий.

Мыр абы и япэ пшэрыхьт. ИкIи зыкIи зыхуэмей пшэрыхьт.

Ауэ алъандэм къеплъэкIуа фызыр хуабжьу гуфIащ:

— ЖыIэт, щIалэ ахъырзэман, сыт хуэдэ Iыхьэра къызэптыр?

— Зэрыщцытыбзэу къащтэ, нанэ,— пыгуфIыкIащ Къубатий.— Ауэ сыт ар уэ зэрыпщIынур?

— А-а, къэсщIащ,— жиIащ фызыжьым, уэ дыгъужь гъалIэм ещхьу кхъуэл IэфIым зыщызыдзейуэ къэунэхуахэм уащыщц. ЗэIыхыным утемыгузэвыхь. Мобдей бгъуэнщIагъым щопсэу зи башыр иджыри зымыгъэтIылъа иужьрей дыдэ щоджэныр. А зызакъуэрщ ди лъахэм щоджэну исыжыр. Мис ар къыздэIэпыкъунщ. Сэ ари Iыхьэншэ сщIынкъым. НтIэ, абы си Iыхьэри езым ейри игъэгъунщ. Иуан — аращ абы и цIэр — тхьэ щеIуэж дуней Iуэху зэримыхуэжу, уеблэмэ хьэуа фIэкIа и джий емыхыу, ауэ си фIэщ хъункъым и Iыхьэ сIимыхыну...

А псалъэхэр щызэхихым, Къубатий игу къэкIыжащ Дыгулыпхъу хуащIа жьагъэр здэкIуар икIи, хуэмышэчу, ину, игу щызу дыхьэшхащ, ар адыгэ хабзэм къемызэгъ пэтми.

— Уэ ущIалэ хьэлэлщ, нэжэгужэщ. Хъадыжэ фызыжьым уэ пхуэдэхэр фIыуэ елъагъу. Ауэ зи тхьэм, ар Джэрыджэуи щрети, хуэпэжхэм щыдыхьэшхын хуейкъым, си щIалэ. Сэ сыкъапщтэмэ, ди тхьэ къызэрыгуэкIхэр си гум нэхъ и щIасэщ: ди нэхъыжьхэр ахэрщ зэлъэIуу щытар. Сэ къызгурыIуэркъым си къуэрылъху, пхъурылъху къэхъухэр — Псатхьэ дыдэр ягъагъыну хьэзырхэщ. Ауэ а фи алыхьыр апхуэдэу лъэщмэ, тэтэрхэми жаIауэ, ди пхъэ пыпхэхэр абы сыткIэ зэран хуэхъуфын? Хэт и лъэщи, физ делэу, фыгъуэнэдкъым.

— Хьэуэ, хьэуэ, сэ нэгъуэщIым и дин згъэикIэркъым,— икIэм абы жиIэхэм и псалъэ хигъэуващ Къубатий,— сэ зыгуэр сигу къэкIыжри сыдыхьэшхауэ аращ. Узыншэу ущыт, нанэ угъурлыжь, сэ ныбжьэгъухэр къыспоплъэ.

Къубатий псынщIэу зигъазэри къуащхьэмкIэ кIуэуэ ежьащ.

— Уи гъуэгурэ уи Iуэхурэ дахэ ухъу,— кIэлъыджащ абы фызыжьыр.

Къубатий псынщIэу къуэм къыпикIухьащ икIи, аддэ жыжьэу щыт кхъужьей Iушэр къыщилъагъум, лъагъуэ мылъыхъуэжу, щызэхуэзэжыну зэраухылIа щIыпIэм мэзыр зэпиупщIу иунэтIащ.

* * *

Къуанш мыбдеж къэсыжауэ щыхьыр зэIихырт. Щыхьым и бжьакъуэщIэм гъуатIэ-фIыцIафэу цы щабэ тетт.

— Iэу-у, Къанболэт! — и макъым щIыхь ин къыхэщу зэпишащ Къубатий.

— Шабзэшэр занщIэу и гум тригъэхуащ! — игъэщIагъуэу жеIэ Къуанш.

— Уэ, шынэхъыщIэ, сыт гын зытебгъэсхьар? — щIэупщIащ Тузарыр.

— Дэнэ щыIэ къэбукIар?

— Сэ си пшэрыхьыр Хъадыжэ фызыжь хьилэшымрэ си гъащIэм иужь дыдэу слъэгъуа чыристан щоджэн иуан нэхъ хьилэшыжымрэ ястащ.

Зэхихар зыхуихьынур имыщIэу Къанболэт и напIэр иIэтащ. Къубатий фIэфIыпсу абы хуиIуэтэжащ къыщыщIа псори, имыщIэххэу тIасхъэщIэх зэрыхъуам папщIэ и щхьэ щыдыхьэшхыжу.

Тузарым арэзыуэ и щхьэр ищIащ:

— Хъунщ, кхъуэ пIащэ ябгэхэм я щыблэ. КIуэ Къуанш дэIэпыкъу.

Iыхьэ-Iыхьэу зэпаупщIа лымрэ шыгъу траудэу быдэу яшыхьыжа лымрэ хъуржынхэм иралъхьэри шым тралъхьэжат. Иджы Къуанш сыт хуэдизкIи пIэщIэн хуейт: зэманыр гъэмахуэ дыдэ мыхъуами, дунейр хуабэщ, лыр зыхуей хуумыгъазэмэ, Iей хъунущ.

Къанболэтрэ Къубатийрэ пIащIэртэкъым унэм кIуэжыну. Пщэдджыжьыпэм, псом хуэмыдэу нобэ хуэдэу махуэфIу, мэзым къыщыпкIухьныр гурыхьщ. Мыдрейуэ зэрыкIуэжыну гъуэгухэр ящIэ, шынэхэркъым.

Лъэмыжым ухуэзышэж лъагъуэр жыгей, бжей жыгхэр зэкIэкIа ищхъэрэкIэ кIуэцIрыкI шытхым декIуэкIырт. Шэджэмыжьым и губжьыр жыжьэу къухьэпIэмкIэ къиIукIырт. А лъэныкъуэ дыдэмкIэ къиIукIыу ди щакIуэхэм я тхьэкIумэм къиIуа къафIэщIащ гъунэгъу къахуэхъу щыхь лъэ макъхэр. Япэри етIуанэри тэмэму къыщIэкIащ. Япэ щIыкIэ жыг зэхуакухэм къыдэщащ щыхь сырыху-плъыжьыфэхэм я джэдыгухэр, итIанэ дыгъэм и нурхэр зи щIыфэм бжьыгъэу къина щIэжьей зыщыплIыр блэлъэтащ, иужькIэ шууейхэр къыкъуэкIащ.

— Iэу, хэт щIэжьей зыщIэс псэущхьэр зэтезыукIэр? — къэгубжьащ Тузарыр.

Шууейхэр щы хъурт. Япэ иту къажэрт шы къарэм тес, щакIуэ къэкIуауэ умыщIэну зэщыхуэпыкIа, вытIощыщIэ фIэбдзэн хуэдизу зи нэр къыщихуа, шы пщэхам ещхьу зи

пэхэр зэгъэдзэкӀа лӀы пакъэ иныр. Къанболэт занщӀэу ар къицӀыхужащ икӀи, абы кърикӀуэнкӀэ хъунум емыгупсысыххэу, и шыпэм къилъадэщ, шы Ӏумпӏэр иубыдри зэрылъэкӀкӀэ къыжьэдикъуащ. И лъэ зэрихькӀэ кӀуэ шыр пхэщӀкӀэ тӀысри ерагъщ щхьэпримыдзу къызэрынар. Шыр къызэтена щхьэкӀэ лӀыр хъуржын куда нэхъей уанэгум илъэтащ. Иужь ит шууеитӀым я шыр кӀэщӀу къыжьэдакъуэри сэшхуэр кърапхъуэтащ. Къэбэрдей уэркъитӀыр — нэрылъагъут абыхэм хьэщӀэ лъапӀэр зэрахъумэр — нэм имылъэгъуам хуэдиз напэтех зращӀа хьэщӀэм илъ ящӀэжыну хьэзырхэт. Абыхэм дэнэ щащӀэнт ныкъуэкъуэгъу яхуэхъуар?

Къубатий гу лъамыта, е яфӀэщӀалэжь цӀыкӀуа, сытми япэ щӀыкӀэ а тӀум Къанболэт зрадзащ. Тузарым зэпӀэзэрыту абыхэм я удыным жэуап иритащ. Щымыхъум, уэркъхэм мурад ящӀащ ар яш зэхуакум даубыдэну, ауэ Къанболэт уафэхъуэпскӀыу а тӀум язым и шыкӀэм пытӀысхьащ, сэшхуэр зэриӀыгъ ӀэмкӀэ и гупэ къит лӀым и пщэдыкъым дэуэри уэркъыр псэ хэмытыжым ещхьу зэпылэлу щӀым ехуэхащ. А дакъикъэм етӀуанэ шум и сэшхуэр иӀэтат, зэ уэгъуэм къызэпиупщӀыну, арщхьэкӀэ и щӀыбагъымкӀэ нэрымылъагъу къару гуэрым къыщиубыдри и бгыр икъузащ, къупщхьэхэр псалъэу:

— Ӏэщэр хыфӀэдзэ, армырамэ скъутэнщ,— къеӀущэщащ абы зыгуэр.

Уэркъыр якъутэнур и Ӏэщэрарэ и къупщхьэрарэ щӀэмыупщӀэу и сэшхуэр хыфӀидзащ, икӀи щӀым лъэкӀэ теувэрэ къеплъэкӀмэ:

— ЩӀалэжь цӀыкӀущ,— ерагъкӀэ къыдришеящ абы.— ЗыӀэщӀэлъщ, къарууфӀэщ, ауэ щӀалэжь цӀыкӀущ.

— Дэгъуэщ уи сэшхуэр,— кӀэщӀу жэуап итащ Къубатий, сэшхуампӀэр зэрыкӀэрылъу бгырыпхыр къыщӀихыурэ.— ЛӀым щимыӀыгъыфакӀэ, иджы щӀалэжь цӀыкӀум ибг илъынщ. Ауэ мис уи къамэр сысейм нэхърэ нэхъыкӀэщ. Ауэ ягъэ кӀынкъым — зыгуэрым естыжынщ.

Уэркъыр къугъащ. Ар бжей жыгыжьым бгъэдэлъадэщ, пыӀэр ибгъукӀэ хыфӀидзэри щхьэ упсамкӀэ жыгым епыджащ, щхьэхупцӀапцӀэр къритхъыу. И Ӏэхэр зэбгрыдзауэ бжей щӀагъым щӀэлъым, жыгым еуэурэ зи щхьэм лъыкъуалэр къизыгъэжам, еплъри, зыри къыгурымыӀуэу Къубатий и атэлыкъым дежкӀэ зигъэзащ.

— Сыт мопхуэдэу щӀищӀар?

— УмыщӀэу ара? Мыхэр къыщагъуэтыжам деж мор уӀэгъэрэ мэхауэ яшэжынщ. Щхьэж зэрылъэкӀкӀэ емыкӀум зыщехъумэ.

— Мыр-щэ?

— Ари лIэнукъым. Ауэ и щхьэфэм Iэ дэслъэIуа хуэдэщ. Абдежым ихъуреягъыр къигъэпсалъэу фоч уащ.

Къубатий сакъыу и тхьэкIумэ ижьым дэIэбеящ икIи зэхищIащ и Iэпэхэр лъы защIэ зэрыхъуар.

Тузарым и фэр пыкIащ:

— Батий!

Къанболэт псынщIэу зыкъищIэжри пкIэгъуитIу тэтэр бэвытIэм и пащхьэ къихутащ. Адрейм, щIым щысу, фочыр лъэныкъуэкIэ хыфIидзауэ кIэрахъуэр къригъапщэрт. Тузарыр лъакъуэкIэ еуэри абы и Iэм кIэрахъуэр къыIэпыщIиудащ.

Пэщэр псынщIэу къыщылъэтри макъ псыгъуэ гурымыхькIэ тэтэрыбзэкIэ кIийуэ щIидзащ:

— Абы фэ фи гъащIэ фIейр щIэфтынщ! — тэтэрым и нэ удзыфитIыр нэжьгъым нэхъри къикIащ, лъынтхуэ плъыжь цIыкIухэр къызытридза нэкIу пшэрыр кIэзызырт, апхуэдизу ар къэгубжьати.— Фэ фщIэрэ сыхэтми сэ? Си цIэр къафщIэмэ, фышынэнщи фылIэнщ!

— ДылIэнкъым,— щIэкIиящ абы Къанболэт.— Дэ удоцIыху уэ, Алигот- пэщэ.

Тузар Батий дежкIэ еплъэкIащ.

— Сыт уэ уи лажьэр, щIалэ?

— Аууей,— къыфIэмыIуэхуу, уеблэмэ тIэкIуи зигъэщIагъуэу и Iэр ищIащ щIалэм — тхьэкIумакIэм и зэхуэдитIыр пигъэлъэта къудейщ.

— Армэ, алыхьым и шыкурщ.

— ЛIэкIейщ, хьэзабрэ лIэкIейм я лIэкIеижымрэщ фэ тIуми фхуэфащэр,— мэхъущIэ пэщэр.— ФыкъызэмыIусэ! Сэ хъан иным сырисераскирщ, абы срилIыкIуэу Кавказым сыщыIэщ!

— ДощIэ, дощIэ,— макъ нэхъ мамыркIэ гъумэтIымащ Тузарыр.— Дэ тIум хьэзабрэ лIэкIейрэ къыщыдлэжьакIэ, дэ уи дзапэфIанэр пхуIутщIыкIынщ,— абы тэтэрым къыпщIэхихащ шабзэкъулъэм илъ шабзэ бэлыхьымрэ ар зэрыпщIыхэщIа плIэпс гъэщIэрэщIамрэ, къамэмрэ сэшхуэмрэ зыкIэрыщIа бгырыпхыбгъуэр.— Ей-ей, си шынэхъыщIэ! Мисри си сэшхуэр! Мысыр сэшхуэр зейм и IэмыщIэ къихьэжащ. Бахъшысэрей и хъунщIакIуэхэм гугъу зыщIрагъэхьар мырати!

— Уи сэшхуэращ! — гуфIащ Къубатий.— Ауэ сэшхуампIэ хуащIащ.

— Ар мыхьэлэмэт, нтIэ мыпхуэдэ кхъуэжьым и ныбапцIэм сэшхуэ шыхьыр къекIуэкIынт. Еплъыт мы къамэм — хэт и хъэтI теплъагъуэрэ?

— Ей, Чылар мыгъуэ,— щэIуащ Къубатий.— Абы и хъэтIыр къэзымыцIыхужын щыIэкъым.

— ЛIэкIей... хьэзабищэ къыфпоплъэр фэ сэ схуэдэ цIыхушхуэм и гъащIэм шынагъуэ зэрефтам...— къригъэжьат аргуэру Алигот-пэщэм, арщхьэкIэ Къанболэт хуилъри щригъэгъэтащ:

— Уэ езыр уувыIэну, хьэмэрэ уи бахъшысэрей псыутхыр згъэувыIэну? — ар пэщэм и халат дахэу хэдыкIам дэIэбэри бохъшэ къыдихащ.

Алигот-пэщэр къугъащ.

— Зэхэпхрэ, шынэхъыщIэ? Мыр и бохъшэм и пIэкIэ и псэр къисхам хуэдэу зэрыкъугъыр?

— Абы и псэр ахъшэрамэ пщIэрэ? — делэIуделафэ зытригъауэу щIэупщIащ щIалэ хьилэшыр.— Уеблэмэ и бохъшэр щакIуэм къыщыздрехьэкI.

— АрагъэнкIэ хъунмэ. Къекъу шыхэм. Телъыджэщ, мы кхъуэгъэшхар езым и пщIэгъуалэ ахъырзэманым темысыжу хамэш щхьэ шэса? Хьэмэрэ хьэщIапIэ ирикIуэу ара езым и шым?

— Кхъуэ бамэр къызыщIих фи мэзхэм хуэдэкъым апхуэдэшхэр къыщIигъэщIар,— и Iупэ Iувхэм къыщIикъузыкIащ псалъэ зы-тIур Алигот-пэщэм.— СрищэкIуэну Алыджыкъуэпщым езым и шыр къызитащ. Абы и губжьри къыфпоплъэ фэ.

— Илъэсибл хъуауэ къытпоплъэ — пыгуфIыкIащ Тузарыр.— Мис, пэщэ, уэ уанэгум укъызэрихуам папщIэ хьэзабищэхэр къыттеплъхьэну жыпIэу догъэшынэ, сыт-тIэ иджы дэ гуэныхьыщIэ къэтхьыным дыщIригузэвэжынур? Бжьыныху хьэдзэ зышхам бжьыныхущхьэр зэрыщыту ишхми хъунущ — тIум щыгъуи мэ къыжьэдихынущ. Иджыпсту уэ зэшэзэпIэр къыпхуэдгъакIуэ хъунут.

— Iэу, уэ умуслъымэнщ, анэдэлъхубзэм хуэдэу тэтэрыбзэм уропсалъэ,— гъынэнащ пэщэр.— Апхуэдэ щIэпхъаджэ блэжьмэ, азалыхьталэу уэгум иту къаплъэм къыпхуигъэгъункъым.

Шым шэсу къежьэжын ипэ къихуэу, ди щакIуэхэм тэтэр лIакъуэлIэшыр нэмысышхуэ хуащI пхужымыIэну къуэжь нэфым и лъащIэм ираутIыпщхьэхащ, ятIэщIа пэщэр щIэх дыдэ къыдэмыпщыжыфын хуэдэу.

Ещанэшыр къэубыдыжынми зрагъэлIэлIакъым.

Гъуэгу здытетым Къанболэт игу къэкIащ я хэку къагъэзэжа нэужь абы ищIа мурадищ щIалэм щIечэнджэщахэм ящыщу тIур къазэрехъулIар. Япэрауэ — пIалъэкIэ щыпсэун егъэзыпIэ нэхъыфI къыщIэплъыхъуэн щымыIэу къагъуэтащ, етIуанэу къаным иIэщ адыгэлIыр зыхуеин

Іэщэ-фащэ псори. ИІэщ шы къэрапцІэ дэгъуэ (пщы ЦІащхьэм и лІыгъэр хурикъуркъым ар Кургъуокъуэ и къуэм къытрихыжыну), иІэщ тІуащІэу къамэ, сэшхуэ дэгъуэхэр, кІэрахъуэфІ, шабзэ зыкъизых, екІуу гъэщІэрэщІа «Хьэжы-Мустафа» фоч щІэрыпсыр. Ахъши. АбыкІэ хамэщІ къикІ купецхэм я деж къанми атэлыкъми папщІэ фащэ екІу къащэхуфынщ. Абы нэмыщІуи щІалэм Іэпэ-лъапэр щІэшхэ Іуэхум ирихьэлІэн — хьэзыр Іупэ, шхуэм папщІэ мыщІэ, нэгъуэщІ Іэджи къызыхищІыкІын дыщэ ахъшэ жьгъей къахудэхуэну къыщІэкІынщ.

(Апхуэдэуи хъуащ. Ауэ Къубатий и атэлыкъыр къигъэдэІуащ «Хьэжы-Мустафам» и пІэкІэ игъащІэ псокІэ хурикъун гукъэкІыжхэр зыпыщІа ержыбыр къритыну. Апхуэдэу абы гукъыдэж ищІащ кІэрахъуэр — Емуз, зы сэшхуэрэ къамэрэ Къуанш иритыну. Алигот-пэщэм и бохъшэм дыщэ ахъшэм нэмыщІ мывэ лъапІэ зыбжани къыдэкІащ. Къубатий Нэлжанрэ Санэрэ я дыжьын щІыІу-бгырыпххэм налкъут тІурытІ хигъэтІысхьащ. Хъыджэбзхэм папщІэ абы мыщІэ удзыфэ-щхъуантІафэ плІырыплІ зэрыс дыщэ Іэлъын зрыз яхуищІащ. Дыщэ цехинихым къыхищІыкІа хьэзыр Іупэ дахэкІей тІощІрэ плІырэ Къанболэтрэ езымрэ зэхуэдэу зэхуагуэшыжащ).

— Ещанэ мурадыр Іэрылъхьэкъым — егупсысырт Тузарыр.— Хьэтэжыкъуэм екІуу сызэрыІущІэным зыхуэзгъэхьэзырын, къыскІэралъхьа пцІы фІейр зыкІэрызгъэкъэбзыкІыжын хуейщ, Къэбэрдей псом я нэм хуиту сыщІэплъэфын хуэдэу.

Пщы Алыджыкъуи? Ар езы Тузарым и щхьэ Іуэхущ. Е Хьэтэжыкъуэпщым.

Алигот-пэщэи? ТІум щыгъуи мынобэмэ, пщэдей зауэм щІидзэнущ. Кърым тэтэрхэм абы зэрызыхуагъэхьэзырым Къанболэт фІыуэ щыгъуазэщ.

Нобэ плъытэ хъунут Къубатий тэмэму гъэса хъуауэ, щІалэ цІыкІум, къызэрищІыкІын хуеям хуэдэу, гу къабзэ зыкІуэцІылъ, акъыл жан, псэ щабэрэ лІыгъэрэ зиІэ къэбэрдеилІ къищІыкІащ. Пэжщ, пэжщ, Тузар и къуэу си гум и щІасэ, а щІалэм уригушхуэ хъунущ. Сыт уэ ущІэнэщхъейр?

* * *

Емуз куэбжэм деж Къанболэтрэ Къубатийрэ къащыІущІащ икІи и Іэхэр ищІри куэд кърегъэкІыу пыгуфІыкІащ:

— Сывохъуэхъу, сывохъуэхъу, си къуэшхэ, хъарзынэу фыщэкІуащи! Си гугъэмкІэ Кърым къикІа хьэкІэкхъуэкІи къэфщэкІуа хуэдэщ.

Къуанши шыгъуэгумкIэ къыдэжри, илъэгъуар апхуэдизкIэ телъыджэ щыхъуати, укIурий пэтащ.

— Дэгъуэ? Хъункъэ? — Къубатий абы нащхьэ хуищIащ.

Нэлжан гузавафэ тету и щхьэр ищIащ, и нэгум гуфIэгъуэр нэIурыту къыищ пэтми.

Санэ цIыхубз лэгъунэм къыщIэплъри и нэр Къубатий щыхуэзэм и щхьэр ирихьэхащ.

— НыщIыхьэ, унэм, ныщIыхьэ, си къуэшышхуэу Къанболэт,— тIэкIуи епIэщIэкIыу жиIащ Емуз.— Нобэ хьэщIэ диIэщ...

Къанболэт бжэщхьэIум деж зыIэзыбжьэкIэ хуэм зыщищIыжащ, хьэщIэм зэрыIуплъэххэу: адыгэ цей фIыцIэ щыгъыу абы къыпежьа щIалэр Кърым къыщикIыжым кхъухьым къыдисар арат.

— Сэ уи цIэр сощIэ, зыхуэфащэу Тузар Къэралбий и къуэ,— хуэму жиIащ щIалэщIэм.— Уи Iуэху мытыншхэми сыщыгъуазэщ. Сэ къызэрызэджэр Къэзэнокъуэ Жэбагъыщ.

— НэхъыфIыжщ,— пыгуфIыкIащ Къанболэт,— нэхъ мащIэрэ сыпсэлъэн, нэхъыбэрэ сыдэIуэну хуей зэрыхъунур.

Куэдым я щхьэфэм иIэбащ а пщыхьэщхьэм а лIищыр. МыпIащIэу, гупсэхуу яукъуэдия псалъэмакъыр щиухар жэщыбг нэужьырщ. Абы хэтащ зыбжанэрэ Къубатии: Жэбагъы хуейт Хьэтэжыкъуэ Исмэхьил зыукIыжа и къуэшымрэ Алыджыкъуэрэ зэраIущIа щIыкIэр Къубатий жиIэжу зэхихыну.

— Мис аращ тхьэмыщкIагъэ псори къызыпкъырыкIар,— жиIащ Жэбагъы.— ЦIащхьэм и Iущащэ узыгъэжакъуэр мафIэмрэ къамэмрэ нэхърэ нэхъ шынагъуэщ.

— Ар сэ кIасэIуэу къэсщIащ,— нэщхъыцэу гъумэтIымащ Къанболэт.

— Ярэби, мы хьэжьвакъэжьышхым зэгуэр хуэфащэ игъуэтыну пIэрэ? — губжьауэ щIэупщIащ Емузи, Жэбагъы зыхуигъазэурэ.

— Игъуэтын хуейщ. Хэт жиIэфын зэригъуэтын щIыкIэр? Адрей пщыхэм фIыуэ къамылъагъу пэтми, Хьэтэжыкъуэр, пэжыр жесIа иужь, абы теплъэ хъужыххэнкъым. Ауэ итIани абы тезыр телъхьэгъуей хъунущ. Фэ фщIэркъэ ЦIащхьэр къръм хъаным и сераскирщ, нэхъ акъылыншэ щымыIэ пэтми, зыкъызыфIэщIыжа Алигот-пэщэм и ныбжьэгъу пашэщ.

— Абы тезыр зэрытеслъхьэн щIыкIэр сэ фIыуэ сощIэ,— и дзэхэр зэтрикъузэу жиIащ Тузарым.— Дауэ мы-

хъуами сэ сыпсэууэ Щоджэныкъуэр къыхэмыщтыкIыу жеинукъым. А Алигот кIапэ пшэрыжьри щIохъуэпс си щхьэр си пкъым пымыту илъагъуным. Абы къыхэкIыу — пэжу нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэри хэту — сэ ЦIащхьэм сылъэIэсын хуейщ, сераскирыр и щIэгъэкъуэну езыр къыслъэмыIэс щIыкIэ.

Къэзэнокъуэ Жэбагъы хэгупсысыхьауэ сапэмкIэ щыхьыл гъэжьам теуIуэрт.

— Мис абы теухуауэ, Къанболэту нэху, сэ зыри бжесIэфынукъым. Сэ си Iуэхур мамыр Iуэхущ. Зыкъым-тIукъым сэ лъы яку дэлъу зэзгъэкIужар.

Тузарыр щIэплъащ абы и нэ ткIиитIым — ущIэплъапэмэ, гуапагъэрэ нэжэгужагъэрэ къызыщIиххэм, икIи абыхэм къыжраIэр зыхищIауэ и щхьэр ищIащ.

— Сыт-тIэ Алигот-пэщэмрэ фэрэ фхуэмыгуэшар? — щIэупщIащ Жэбагъы.

— Тхуэмыгуэшари? — дыхьэшхащ Къанболэт.— ТIэунейрэ ди Iуэху зэIууащ дэ. Япэ щIыкIэ Алигот и цIыхухэм Къубатий сэрэ ди мылъкур Бахъшысэрей щызэрапхъуащ — абы щыгъуи ди щхьэмрэ Iэпкълъэпкъымрэ зэпэщхьэхуэ ящIын я гугъащ; етIуанэр — нышэдибэщ. Ауэ мы зэм Алиготрэ абы и цIыхуитIымрэ я хьэпшыпымрэ Iэщэфащэмрэ зыгуэшар Къубатий сэрэщ. Пэщэм и щIыхуэ тIэкIур ипшыныжащ...

— Ауэ, ара уэ зи хъурыфэ тепхар,— пщIэ хуищIу Емуз Къанболэт еплъащ.— Уэ ахэр...

— Сыт щхьэкIэ сыукIыу? Псори псэущ. Дауэ сукIынт пэщэр? Ар хъунт лIы хуэдэу къыспэувамэ, е щIалэ цIыкIум уIэгъэ хьэлъэ къытридзамэ. Ауэ а къэрабгъэ щIыхьыншэр — алыхьым и шыкуркIэ — фочауэ мыхьэнэншэуи къыщIэкIащ. Абы иIыгъа фочыр фочыфIт...

Емуз махъсымэ фалъэр зэ Iэтыгъуэу ирифри и пащIэр IэгукIэ ирилъэщIэкIыжащ.

— Сэ си гугъати, щIалэ цIыкIум и тхьэкIумакIэр банэм фIэнэу питхъауэ...— бысымыр щыму хэплъэри и псалъэм пищащ.— Сераскирыр хъунщIэн, лей зехьэн Iуэху хэмыхьэну пIэрэ?

— Хыхьэнущ,— быдэу жиIащ Жэбагъы.— Ауэ щIыхыхьэнур нышэдибэ зэращар аракъым. Кърым хъаным нобэ-пщэдей адыгэхэм ясакъыщIэ къыттралъхьэну иужь зэритыр сэ фIыуэ сощIэ. Хэбгъэзыхьмэ, япэрей ясакъыр хуэдипщIкIэ ягъэбэгъуэн я гугъэщ.

— ХуэдипщIкIи-и-и? — зэпишащ Емуз.— Ар мыхъунщ, зиунагъуэрэ. Армырами цIыхур тхьэмыщкIэ хъуащ...

— Пэжщ, мыхъунщ. Абы къыхэкIыуи... зауэ къежьэ-

нущ,— Жэбагъым и псалъэр Тузарым нигъэсащ.— Ар сэ зыхызощIэ, лъэбакъуэ щэ ныкъуэкIэ езым ипэ ит хьэкIэкхъуэкIэр щакIуэхьэм зэрызэхищIэм хуэдэу. НтIэми, сэ Къым сыкъикIыжа къудейщ.

Сэри Тыркум сыщыIа къудейщ,— жиIащ Къэзэнокъуэм.— СулътIанымрэ урыс пащтыхьымрэ зэрызэзэуэнум шэч лъэпкъ хэлъкъым, Истамбыл дэс урыс лIыкIуэм зауэр нэхъ Iуигъэкlуэтын папщIэ, тырку къулыкъущIэхэр дыщэ ахъшэкIэ къищэху пэтми. Сэ сыхуэзащ а лIыкIуэм. Ауэ урыс ахъшэщIэхэр абыи и жагъуэкъым икIи лIыкIуэр къэзухъуреихьхэм зэрыжаIэмкIэ, сом мин щитIым и зэхуэдитIыр и жыпым игъэкIуэсащ. Ахьмэд Ещанэ сулътIанри ешыркъым и дзэхэм я лъэщагъымкIэ зигъэлIын. Дзэм и фIэщхъуныгъэр къиIэтын щхьэкIи и блыгущIэтхэр, хамэ къэрал лIыкIуэхэр щIыгъуу зыщIэн зымыщIэж цIыху хьэулейхэр къыкIэлъыплъу къалэм докIри псоми ярегъэгъэщIагъуэ шабзэшэр жыжьэ зэригъэкIуэфыр. ЗэрыжиIамкIэ, иджыри къэскIэ игъащIэм зы цIыхум апхуэдиз жыжьагъкIэ — лъэбакъуэ минкIэ — шабзэшэ игъэкIуэфакъым. Пэжынщ, ар езыри нэгъуей выщIэу щIалэшхуэжьщ. Ауэ Iуэхур аракъым. Иджыпсту зыхуэтщIын хуейщ тэтэрыдзэр къызэрыттеуэнум.

— НтIэ, иджыри къэс ятта ясакъыр яфIэмащIэ хъуащи нэхъыбэ хуейщ,— хэгупсысыхьауэ жиIащ Емуз.

Тузарыр губжьауэ и лъэгуажьэм IэштIымкIэ еуащ:

— Дауи, сыт-тIэ хьэтыкъ Iыхьэм илъэс къэс тIэкIутIэкIуурэ къыщIыпыпщIыкIынур зэуэ ебгъэлъэтэх щыхъунукIэ?

Емуз Iэнэм телъ хьэтыкъыр къиштэри быдэу зэпиплъыхьащ:

— Я тэмакъым темынэну пIэрэ?

— Тенэну си гугъэщ,— жиIащ Жабагъы.— Псом хуэмыдэу япэхэм мызэ-мытIэу зэращIам ещхьу, урысхэр къыддэIэпыкъумэ.

ЧыцIыл гъэвар зытелъ Iэнэ лъакъуиищыр иIыгъыу хьэщIэщым къыщIыхьащ Нэлжан. Абы и къуагъ къыкъуэкIащ Санэ, абы иужьым итт Къубатий, и тхьэкIумакIэм фо егъэфа хъыдан хужь тIэкIу къешэкIауэ. ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ ерыскъы ныкъуэшххэр псынщIэу Iэнэм трагъэкъэбзыкIыжащ. Ахэр щIэкIыжа къудейщ жыпIэну Къуанш псы щIыIэрэ мэрэмэжьейрэ къыщIихьащ.

ЦIыхухъухэм я гушыIэмрэ нэмыс зыхэлъ цIыхубзхэм я дыхьэшх макъ жьгъырумрэ ягъэдэха а зэрыхьзэрийри зэфIэкIыу, Емуз, Къанболэт, Жэбагъы сымэ я закъуэу къыщынэжым, бысымым жиIащ:

— Къанболэт, си къуэш, еупщIыт Жэбагъы: сыту пIэрэ абы мы чыцIым игу къигъэкIыжар.— И нэгу зэIухауэ Емуз и пащIэкIэ щIэгуфIыкIырт.

— ЕупщIыт. ГъэщIэгъуэн гуэр зэхэпхынкIэ хъунщ.

— СыткIэ хуей, Емуз? — Къэзэнокъуэм щхьэхынэу и Iэр ищIащ.

— КъыджеIэ, кхъыIэ,— Къанболэт Жэбагъы и Iэщхьэм теIэбащ.

— Хьэуэ, емыкIущ, сэ ар...— зрилъэфыхьащ Жэбагъы.

— НтIэ, сэ фезгъэдэIуэнщ а хъыбарым,— жиIащ Емуз.— Уэ уощIэ ди хьэщIэм и щхьэр зыхуэдэр. Мис иджыпсту ар абы фIэмыфIу егъэкIэрахъуэ. НтIэ, ар сэбэп абы къыщыхуэхъур Iуэхушхуэхэм я закъуэкъым, атIэ Iуэху дыхьэшхэн щыхэхуэм дежи и зэран къекIкъым. Апхуэдэ зы хъыбарыр епхащ чыцI цIыкIум, хьэуэ гъэвауэ Iэнэм телъыркъым, атIэ чыцI псэурт ар. НтIэ, ар зэрыхъуар мыпхуэдэущ. Арати, чыцIыр бжэн хъууэ фIэбгъэжын щыхъум пэплъаиплIым абы и лъакъуиплIыр зэхуагуэшащ, фIалъэ лъакъуэ ижьыр, е сэмэгур, кIэбдз лъакъуэхэр хэт дэтхэнэр ейми ящIэу. Махуэ гуэрым чыцI цIыкIум и лъакъуэхэм яз иуIэжат, ар зылъысам хъыдан кIапэкIэ ипхащ. ЧыцIым зыкъомрэ лъакъуищкIэ пкIэ-лъэуэ къикIухьащ. Пщыхьэщхьэ гуэрым ар жьэгум дыхьащ икIи лъакъуэ уIэгъэр зэрыпха хъыдан кIапэм мафIэ щIэнащ. Псэущхьэ шынам бжьаIуэм къыщижыхьу щIидзащ икIи бжьэ матэм телъ къамыл гъурым мафIэ щIэнэурэ зэрыбжьаIуэу исащ. Лъакъуэ узыншэхэр зейхэм уIэгъэр зылъысар ягъэмысащ икIи хуагъэуващ хэщIыныгъэр абы ипшыныжыну. ХеящIэ Уэрий-Дадэ лIыжьми апхуэдэу Iуэхур иухащ, арщхьэкIэ а унафэр къуажэгъухэм яфIэзэхуакъым. Абдежым Жэбагъыи ирихьэлIащ. Уарий-Дадэ Жэбагъы къелъэIуащ мысэмрэ захуэмрэ зэхигъэкIыну. Абы щыгъуэм Жэбагъы жиIащ: «ЧыцIым къызэрижыхьари, мафIэс зэрызэрихьари лъакъуэ узыншищырщ, сымаджэр абы хэтакъым. Апхуэдэу щыщыткIэ мафIэсымрэ хэщIыныгъэмкIэ къуаншэри жэуап зыхьри лъакъуэ узыншэхэр зейхэрщ. БжьаIуэм и уасэм и Iыхьэ плIанэр абыхэм я ныбжьэгъум хузэхадзэжын хуейщ». Зэрыкъуажэу зы жьэу Жэбагъы и унафэр даIыгъащ.

Къанболэт игу щызу дыхьэшхащ:

— А унафэр шы узытесыр жэрыжэм тету здэкIуэм шабзэр зэIубдзэу бзу лъэтар къебудыхыным хуэдэщ.

— Ар егъэлеиIуащ, Тузархэ я щIалэфI,— жиIащ Жэбагъы гукъанэ мащIэ хэлъу. (Ауэ набдзэгубдзаплъэм гу

лъитэнт апхуэдэ щытхъу наIуэр и акъылкIэ къимыщтами, Жэбагъы и псэм зэрехуэбылIар).

Пщэдджыжьым Къэзэнокъуэм Емузымрэ унагъуэм ис адрейхэмрэ я Iэр иубыдыжащ. Абы Къанболэт къыжриIащ и хъыбар пэплъэну. Ари хъыбарыфIу. Жэбагъы и мурадт пIалъэ къыхимыгъэкIыу Кургъуокъуэпщым деж кIуэну.

Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу Тузарым и Iуэхур зэIубз хъун хуейт.

* * *

Махуэ зыкъом дэкIат, ауэ Жэбагъы и лIыкIуэр зи къакIуэртэкъым.

Емуз и хадэм ит мыIэрысейхэмрэ пхъэгулъейхэмрэ я гъэгъа гъуэжьыфэхэр къанэ щымыIэу пылъэлъыжат, жыг лъащIэм щIидзэ жьауэр кIуэ пэтми нэхъ Iув хъурт. Бгыщхьэ гъунэгъухэм я джабэр зэфэзэщу жыгейм, бжейм, мэз кхъужьым, екIэпцIэм я къудамэ лъэщхэм къатеува щхъуантIагъэ Iувым ябгъат.

Шэджэмыжьыр къокъуэлъыкI, ипс гъуабжэ губжьар мывэ нэпкъхэм йодзакъэ: бгыщхьэ лъагэхэм уэсым ткIун щыщIидзащ, абы и щIыIужкIэ псы изу зэрыт хьэкъуцыкъу зэрамыщIэж уэгум щыщхьэпридза хуэдэ щIым псыдзэр кърекIых. Къозэвэк I псым и мывэ лъагъуэр — и Iуфитlым зэпрыдза лъэмыжхэр къипхъуатэу ирихьэжьэнкIэ тIэу еплъынкъым. Шэджэм дэгуу мэкъугъ — псом хуэмыдэжу жэщкIэ — икIи ирихьэжьауэ мывэ зэрамыщIэжхэр гъэпщкIуауэ ирехьэх.

Къубатий зэман куэд щегъакIуэ Емуз и кIыщым — зэми гъукIэм и къуэдзэщ, зэми и закъуэ зыгуэрхэм йолэжь. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу Къанболэтрэ абырэ мэзым макIуэри шабзэ гъэпсынкIэ зэпоуэ. Нэхъыбэм ахэр аузыщхьэм езыхэм я «ауз джабэ» Нэлжан къащыIущIам макIуэхэр.

Нэхъыбэми псэлъэгъуейуэ щыта Къанболэт иджы псалъэ къыпхужьэдэмышыжу сытым щыгъуи щымщ. ЖиIэшхуэ щыIэкъым Къубатии. Къыпщыхъунщ а тIур зым егупсысрэ я щыпэ зэрылъагъу нэхъей зэхущIэплъыжу.

Апхуэдэ гуэрхэр дыболъагъу Нэлжанрэ Санэрэ я зэхущытыкIэми. Хъыджэбзыр и адэ шыпхъум зыгуэркIэ еупщIыну хуейуэ, ауэ дзыхь имыщI хуэдэщ. Игу илъыр зэриIуэтэфын псалъэхэр къызэрыхуэмыгъуэтыр нэрылъагъут. Мис адэ шыпхъум игу къэкIрэ псалъэкIэ мыхъуу нэкIэ къыжриIэфатэмэ... Ауэ Нэлжан и нэм тхыпхъэ гурыIуэгъуейхэр къытрихьэрт. Зэм — напIэдэхьеигъуэм — и нэгум

Iэнкуныгъэ гуэр къихъуэрти блэлъэтырт, зэм — нэхъыбапIэм — Нэлжан и нитIым ерыщу ткIиягъыр щIэтт.

Санэ хъыджэбз нэжэгужэ цIыкIум и Iуэхур адэ шыпхъу мыщIалэжым ейм нэхърэ нэхъ тыншт, гурыгъуншэт, дауи. Зи щIалэгъуэм дыгъэпс пщэдджыжьым и гурыфIыгъуэр зыщимыгъэнщIу ирef, армыхъумэ шэджагъуэм дунейр зэрыхъунум е пщыхьэщхьэм къэхъункIэ хъуну щыблэм егупсысыркъым.

Мис иджыпстуи Санэ, къызыхуэт щымыIэу насыпыфIэу, гурыфIыгъуэ щэхур и гум щигъэпщкIуу и Iэгум ирекъузэ мыщIиплI зэрылъ Iэлъын цIыкIу Батий хуищIар. Хэт имылъагъунрэт езым Iэлъыныр Санэ Iэрилъхьэну мурад ищIу и Iэр щиубыдам, Батий и Iэхэр зэрыкIэзызар! Абы щыгъуэ Батий Iэлъыныр абы и Iэгум иридзэри зыгуэрхэр къигъумэтIымэурэ псынщIэу хадэм хэлъэдэжащ. Абы лъандэрэ, Санэ Iэлъыныр и Iэгу цIыкIум къузауэ илъу къыздрехьэкI. IитIкIэ Iуэху илэжьыну къыхуихуэмэ, Iэлъыныр жьэдедзэри егъэпщкIу. Ауэ ар игъащIэкIэ абы зыми жриIэнкъым.

А зэман дыдэм Нэлжан и гум аргуэрыжьу щигъэвыжырт дыгъуасэ Къанболэтрэ абырэ яку дэлъа псалъэмакъыр. Абы гу лъитэххатэкъым пщэфIапIэм щIэту ар къызэрыбгъэдыхьа щIыкIэм. Ауэ нэгъуэщI зыгуэри зэрыщIэтыр и щIыбагъ къэгъэзами зыхищIэри зыкъригъэзэкIмэ, къеплъу Къанболэт къыбгъурытт. Абы ищIэркъым сыт хуэдиз зэманкIэ ар къеплъу щытами. Нэлжан укIытащ, уеблэмэ фагъуэ хъуагъэнщ. Абы и нэгуми... Сыт абы и нэгум ирилъэгъуар? ИтIанэ Къанболэт къуаншагъэ гуэр IэщIэщIам ещхьу мащIэу пыгуфIыкIри и пыIэр, и набдзэр щIахъумэ жыпIэу къригъэкIуэтэхащ *.

— КъызжеIэт, Нэлжан, пыIэр мыпхуэдэу ящхьэрыгъмэ нэхъыфI, хьэмэрэ нэхъыкIэ?

— Уи ныбжькIэ, Тузар и къуэ, куэд щIащ уи пыIэ кIапэр уи набдзэм нэсу къекъухын зэрыхуейрэ,— жэуап иритащ абы Нэлжан, мащIэу гупсыса нэужь.

— Сэри аращ си гугъэр, Нэлжан,— щэтащ Къанболэт.

— НтIэ, хэтхэ я унащхьэ къанжэ тесми бжесIэну ухуейуэ ара?

— Хьэуэ,— и фIэщу жиIащ Тузарым.— КъызжомыIэ. Сэ щIэсщIэн щыIэкъым хэтхэ я унащхьэ къанжэ тесми.

Аращ хъыбарыр зэрыщыту зэрыхъур. Къанболэт и пыIэр тригъэсыжри унэм щIыхьэжащ. ЩIыхьэжащ Нэлжан и гущIэм зэшыгъуэм и узыр къринэри.

---

* Фыз къэзыша адыгэлIым и пыIэр къегъэкIуэтэхауэ щытын хуейт.

## *Тхьэгурымагъуэм и псалъэ*

1 Куэд щIащ гу зэрылъатэрэ щIыр фIымэ, ар зигу ирихьыр зейхэм я закъуэкъым.

2 Гу лъатащ апхуэдэу: ар, зэрыхабзэщи, зейр зезымыхьэфхэрщ.

3 Апхуэдэ дыдэуи гу лъатащ: ар зейхэр Iэмал имыIэу гъунэгъухэм я пащхьэ зыгуэркIэ щымыкъуэншэнкIэ Iэмал иIэкъым. Абыхэм къыхадзэнур а узыхуей уэрэдыркъым, шым уанэ зэрытралъхьэр апхуэдэукъым, щимычэзум нэщхъейщ, щынэщхъеипхъэм уэрэд къыхадзэ. Абы къыхэкIыуи гъэсэн хуейщ. Уагъасэмэ, гъэсапщIэ ятын хуейщ.

Уэр нэхърэ нэхъ лъэщ гъунэгъум сеныкъуэкъуащэрэт жыпIэркъым. Пэжщ, пэжщ — фи псалъэр нэхъ губзыгъэщ, фи диныр псом нэхърэ нэхъыфIщ. НэхъыфIкъым, а зызакъуэрщ пэжыр жыфIа? Хъунщ, дыарэзыщ.

Плъагъуркъэ, зи хьэсэр бэвылъэ, зи хъупIэр бэв, псыр шкIурышкIужу зыщIэлъадэ мэз, жыг хадэ къулей зи!э, а цIыхухэр зыхуэдэр! СыткIи арэзы мэхъухэр. КъазэрыфIэIуэхушхуэ щымыIэу ирамыгъэблагъэу пIэрэ абыхэм я унэм азалыхь закъуэр? Абы и пащхьэ нэхум сыт щIыщымыкIэзызыр, пщIэ лей щIыхуамыщIыр, тхьэм я нейм щIыщымышынэр? Адрей цIыхухэм ещхькъым мыбы я Iуэхур! Зэрагъасэм папщIэ хуагъэувa уасэр ятыну хьэзырхэ? Уасэр мащIэщи аращ-тIэ. НэхъыбэкIи арэзыхэ? Абы щыгъуэм зэрыжаIэм нэхърэ нэхъ бейхэщ.

Ахьа! Зыгуэрым аргуэру абы шы-уанэ зэрызэщIилъхьэнур зэрырагъэсам хуэдэукъым. Уи нэ фIыкIэ иулъагъу Iейуэ дыкъагъэгубжьынщ икIэм икIэжым.

Е, девгъэплъыт, яхуэфащэу пIэрэ абыхэм а щIы зытесыр? Апхуэдэ цIыху ар зыIэщIэлъын хуейр? Ди фIэщ ирещI. ИрекIуэ ди дзэ пашэм хэту ищхъэрэ гъунэгъу зэрамыщIэжым, мыщэ бэкъуэкIэ зыщIым, езэуэну... Зи лъэ лъэрыгъ изылъхьэф къэмынэу... КъаукIым и пIэ иувэн шу, Iэщэрэ фащэрэ, ерыскъыуэ дэри тхурикъуным хуэдиз здрашажьэу... Ди гаремым папщIэ хъыджэбзхэри...

А-а! Арэзы хъухэркъым. А псом нэмыщIыж зыгуэр дыхьэшхащ. Ину, наIуэу. Ар напэтехщ, апхуэдэ емыкIу тезырыншэу къэбгъанэ хъунукъым.

Дэ зи гугъу тщIы хъыбарым «щыдыхьэшхар» Тузар Къанболэтщ. Уеблэмэ, хъаным и сераскирым и нэгу иубжьытхауэ жыпIэ хъунущ. Ауэ езы Ахьмэд-пэщэми, сыт хуэдизу абы зигъэпагэрэ зимыгъэкъмэ, и щхьэм пщIэ егъэлея хуимыщIыжмэ, ищIэрт абы щхьэкIэ зы махуэ закъуэкIи нэхъ пасэу зауэм зэрыщыщIамыдзэнур.

**ЩIыфIым и цIыхухэм я IуэхущIафэ нэхъ хьэлъэ дыдэр хуэм-хуэмурэ елэжь, зыгъэгусэрей я гъунэгъухэр нахуэу къатеуэн папщIэ яхурикъун къару ягъуэтыху.**

**Нэхъыщхьэрщи, хъунщIэ зауэм и унафэр ябзри ядыжащ. Ауэ ар щыщIидзэнур тIэкIу нэхъ иужьыIуэкIэщ. НтIэ, дэ ди зэманыр апхуэдэщ, дэтхэнэ Iуэхугъуэшхуэми лъы къыпыжу щытын хуейщ. ЖыпIэ хъунущ ар «жыр джанэ» Iуэхууи, абыи къикIынури ардыдэр аращ...**

*ЗызэтезыIыгъэфыр чэщанэ зиIэм нэхърэ нэхъ лъэщу жызыIам арэзы удэхъуну уезыхулIэ*

*ЕПЩIАНЭ ХЪЫБАР*

Жэбагъы Кургъуокъуэпщыр пщIантIэм дэсу игъуэтакъым. Абы къыжраIащ Хьэтэжыкъуэр гуп цIыкIу игъусэу Бахъсэн и курыкупсэм деж пщыIэу къыщытIыса Алиготпэщэм епсэлъэну зэрыкIуар. Жэбагъы мурад ищIащ абы мыкIуэну, пщым ущепсэлъэн щIыпIэ щIагъуэтэкъым. Пэплъамэ нэхъыфIщ...

* * *

Кургъуокъуэпщыр сераскирым зэрыхуэзэнум фIы гуэркIэ щыгугъыртэкъым. Тэтэрым и гукъанэр къытрикъутэнщ, къигъэшынэну иужь къихьэнщи, Iэджэ хуащIэну къыхуигъэувынщ. Аргуэру зыгуэрхэмкIэ къэгъэгугъэн, тегъэужын хуей хъунущ...

Хьэтэжыкъуэм и цIыхухэм сераскирымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ яшхын папщIэ мэл хъушэ, выщIэ, шы зыкъом яхурт.

Дыгъуэпшыхь гувауэ къежьати, гъуэгум нэху щагъэщащ. Ноби пщэдджыжь пэнцIывым гъуэгу техьауэ теткэщ. Бахъсэн и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ къыщылъ хъупIэ бгылъэм, псы уэрыр ауз зэвым къыщыдэпкIэм пэмыжыжьэу телъ лъэмыжым деж, шэджагъуэ-нэужьым ахэр щыIущIэн хуейт пэщэм.

Кургъуокъуэ къыпэщылъ, ипэжыпIэкIэ жыпIэмэ, зыщымэхъашэ зэIущIэм теухуа гупсысэр зыщхьэщеху. Иджыпсту абы и акъылыр зыIыгъыр зызыгъэмелыIыч Адэлджэрий щхьэпсыншэм къыжриIа хъыбар телъыджэлажьэрщ. Ярэбий... пэжыну пIэрэ? Хьэмэрэ зыгуэрым и гушыIэ пхъашэ? ЦIыху хьэлэл щхьэкIэ къэухьышхуэ зимыIэ Адэлджэрий дахэ-дахэу къиIуэтэжыфакъым мэзым зыщрихьэлIа гъуэгурыкIуэ мыцIыхухэм я шыфэлIыфэр зыхуэдэри,

ахэм я нэхъыжьым къыжриIари тэмэму игу ириубыдэфакъым. Кургъуокъуэ шынэрт и къуэ закъуэр къигъуэтыжыну ищIа гугъэр и фIэщ ищIыну — ар пцIыуэ къыщIэкIыныр абы дежкIэ удынышхуэ хъунт, ауэ езыр хуей-хуэмейми, гугъэм абы и гум абгъуэ щищIат, унэгуащэ щхьэзыфIэфIым ещхьу.

Дыгъэми махуэ ныкъуэ гъуэгуанэ зэпичри щхьэщыгум къиувати, гъэмахуэм хуэдэу жьэражьэу уилыпщIырт, жэщым къешха уэшхым иужькIэ гъуэгур гъущыжати, шы лъабжьэхэм сабэр мащIэу къаIэт хъуат.

Зэнзэныпсу узыпхыплъ Гундэлэн псы цIыкIур тхъурымбэр IурищIауэ еукIуриех Бахъсэн щыхэхуэжым нэмыс щIыкIэ Кургъуокъуэ гу лъитащ адэ жыжьэу зыщызыIэт Iугъуэм, итIанэ къилъэгъуащ и гъуэгугъусэхэр щIыгъуу сераскирыр къыщыувыIа щIыпIэр. МафIэ ящIа щхьэкIэ, Алигот и шэтырыр хэтIэныр кIыхьлIыхь хъуат: шэтырыр зэраукъуэдий кIапсэр зрапх бжэгъухэр щIы мывалъэм яхухэукIэртэкъым. Хъаныр абдеж дыдэм упщIэ шыхьам тесу щыст икIи мыарэзыуэ адэ-мыдэкIэ плъэрт. БлыгущIэтхэм — я нэхъыбэр кърымт, ауэ абыхэм яхэтт Алыджыкъуэпщри — щIыхь хуащIу ар къаувыхьат, щыму еплъыхыу, плIэухуэрэ я щхьэр я плIэм хагъэпщкIуэжауэ. АдэIуэкIэ, псы Iуфэм деж, щыкIий-гуорт, зэныкъуэкъурт сераскирым и «гвардиер». А зэуэлIхэр щыму щытыфыну къыщIэкIынтэкъым, езы Мухьэмэд бегъымбар дыдэр къеувэхами.

Лъэбакъуэ щэ ныкъуэ хуэдизкIэ пэгъунэгъу зэрыхъуу, Кургъуокъуэпщыр шым епсыхащ, нэхъ гъунэгъуу бгъэдыхьэри, и Iэ ижьыр и гум трилъхьэри абы и щхьэр игъэщхъащ:

— Уи гъуэгур щIыхьлы ухъу, Алигот пэщэуэ нэхунэ!

Сераскирым и пIэм папщэу зыщриIуэнтIыхьащ: абы къикIыр къэтэджу фIэхъусым жэуап иритыжыну хуейуэ арат.

Хьэтэжыкъуэм къыфIэщIащ жиIам зыгуэр щIигъужын хуейуэ. ИкIи щIигъужащ (бетэмал, а псалъэхэм зэрамычэзур абы ищIатэми!):

— Ди ныбжьэгъу лъагэм Къэбэрдей щIыналъэм щыпч дэтхэнэ лъэбакъуэми гуфIэгъуэрэ насыпрэ къыпхуздихьыну азалыхьым жиIэ!

Мис абдежырщ Кургъуокъуэпщым, зэрыжаIэу, иужьрей хъыбархэр къыщищIар!

Сераскирым и бейгуэлхэмрэ ЦIащхьэм ещхь нацIэIуцэхэмрэ хуэму, шынауэ зэIущэщахэщ, кърым пэщэр и нэхэр къыщихуауэ къыщылъэтри лъакъуэкIэ теуащ:

— ГуфIэгъуэ жыпIа? Лъэбакъуэ къэсыху насып жыпIа?! Уи пащхьэ нэхум деж езы хъан дыдэм и бунчукыр зрита сераскирыр щаубэрэжьрэ щахъунщIэмэ, ар, дауи, насыпщ! Ауэ хэт дежкIэ? Дауи, «ныбжьэгъу лъагэм» дежкIэкъым, атIэ, си шывейм епэмын зыхуэмыфащэ хьэжьвакъэжьышхитIым, напэншитIым я дежкIэщ! — Алигот-пэщэр апхуэдизкIэ губжьати, и нэкIущхьэр мафIэу къызэщIэнат, зыхузэтеубыдэжыртэкъым, и макъыр фыз кIий макъ хъурт.— Дауэ яхуида Къэбэрдеишхуэм я пщышхуэм абыхэм апхуэдэ цIапIагъэ ялэжьыну? Хьэмэрэ, ар умыщIэ нэпцI зыпщIу ебгъэщIа, а, ы-ы-ы? — и тэмакъыр щиубыдыкIауэ абы упщIэм зытридзэжащ. Сераскирым и Iэр Щоджэныкъуэм дежкIэ ищIри и Iэпэр Кургъуокъуэ хуишиящ.

Алыджыкъуэ къыгурыIуащ къэхъуа щIэпхъаджагъэр Хьэтэжыкъуэм хуиIуэтэн зэрыхуейр.

Щоджэныкъуэм лъэбакъуэ ныкъуэ къичри — и нэхэр зыри зыщумыбзыщIыфын Кургъуокъуэ щигъэпщкIуурэ, макъ нэщхъей хуэмкIэ къыщIидзащ:

— Си Iэ ижьыр пезгъэупщIамэ, нэхъыфIт дыгъуасэ Шэджэм мэзым къыщыхъуа напэтех емыкIум сигъэукIытэу мыбдеж сыщыт нэхърэ,— Алыджыкъуэ хьэлъэу щэтащ.— Шэчыгъуейщ мы си гум гугъуехьу телъыр. Си гъащIэм япэ дыдэу сэ сроукIытэ сызэрыадыгэм.— Алыджыкъуэ и щхьэр игъэсысащ.

— Дыгъуасэ зи лIыхъужьыгъэм уэщхъу имыщIэ ди зиусхьэн нэхунэм мэзым щыхь къыщIигъэIарэ моуэ иджы сытохуэ щыжиIэм, къуэгъэнапIэм къуэса бзаджэнаджитIыр къытеуэри къагъэундэрэщхъуащ, Iэщэр пщIэхахщ, яхъунщIэри щIэпхъуэжахэщ. Ди пэщэ гъуэзэджэр хунэсакъым уеблэмэ ахэм я нэм щIэплъэн, и нитIым къыщIих къару шынагъуэмкIэ а тIур щIым иригулIын папщIэ. ПсынщIащэу ахэр...

Хьэтэжыкъуэр гупсэхуу едаIуэрт, фIэтелъыджэуи игъэщIагъуэрт: «Елъ, ар! Уэрэд хъарзынэ зэбгъэщIа хуэди!..» Иужь илъэсиблым ЦIащхьэр Кургъуокъуэпщым тIэу-щэ нэхъыбэрэ илъэгъуакъым. Ари блэкI пэтрэ. Абы лъандэри я жьэ зэхуагъазэу зэпсэлъакъым.

...зыкъыщищIэжам хъунщIакIуэ къэрабгъэхэр мэзым щIэлъэдэжат,— пщы Алыджыкъуэ и хъыбарыр иухащ.

Сераскирыр зэримызакъуэм теухуауэ Щоджэныкъуэм зы псалъи жиIакъым. Кургъуокъуэ гу лъитащ ЦIащхьэм и хъыбарыр Алигот-пэщэм игу зэрырихьам. Къэрым зиусхьэн губжьу зызыгъэгусэжар нэхъ теужати, и губампIэр нэхъри игъэтIысын папщIэ мэ дахэ къызыхих тырку туты-

ным ефэну гукъыдэж ищIащ. Асыхьэтуи, къыIэщIалъхьащ тутын пыгъэна зэрылъ лулэ кIыхь дахэр.

Кургъуокъуэ псалъэ итащ а щIапхъэджагъэ бзаджэр зылэжьахэр къэрым унафэм и Iэмыщ Iэ ирилъхьэну. Дауи, къуаншагъэ зылэжьахэр къэхуэгъуэтыххэу щытмэ, хъуакъым абыхэм я цIэр зыми зэримыщIэр, ауэ я шыфэлIыфэ нэхъ мыхъум наIуэу щытамэ... Абдежым Алигот-пэщэм аргуэрыжьу хъуанэрэ гыбзэу игъэшам щIэ щIэткъым, ауэ тэмэм дыдэу, ар пщым имыгъэщIагъуэу къэнакъым, къиIуэтэжащ мыцIыхуитIым я теплъэр, фащэр зыхуэдэр. Абы щыгъуэми пэщэм щыгъупщакъым фIэкIуэда мылъкур дапщэ, сыт хуэдэ хъуми къанэ щымыIэу кърибжэкIын. Апхуэдэу жиIащ иужь дыдэу хъаным деж щагъэзэжам къытеуаитIым я нэхъыжьыр Бахъшысэрей зэрыщилъэгъуар.

— СыIэбэмэ сылъэIэсыжыркъым абы и цIэмрэ зыщыщымрэ Къэрымым къызэрыщзмыщIам, гъуанэдэсым ещхьу зэрызмыпIытIам!

(Абы жиIам и япэ Iыхьэр пэжт: Алигот абы щыгъуэм къыфIэIуэхуакъым Къэрым щыпсэу адыгэхэм я цIэ зригъэщIэну, абы и нэ къызыхуикIар ахэм я мылъкурт. Ауэ, етIуанэ Iыхьэм деж абы пцIы щыIэщIэкIащ: ар хуейт ипIытIыну, арщхьэкIэ, Къанболэт гъуанэдэсу къыщIэкIакъым.)

Къэрым щхьэщытхъум хуищI пщIэр мылым хуэдэу щIэткIукIыурэ кIэкъинэ фIэкIа къызэрымынэжар зыхищIэу Кургъуокъи «НтIэ, уэ хъунщIакIуэхэм я нэм ущIэплъэн къудейм ухунэсакъым аракъэ? Дэнэ-тIэ апхуэдэу зэхэхауэ абыхэм я теплъэр щыпщIэр? А зэрыжыпIэм хуэдэу пIэрэ Iуэхур къызэрекIуэкIар?» жиIэу егупсысащ, ауэ жиIар нэгъуэщIщ:

— Пэщэ нэхунэм игъуэта хэщIыныгъэ псори, шэч хэмылъу, дыпшыныжынщ. Уеблэмэ, щIигъуу дыпшыныжынщ. Дыпшыныжынщ, къуаншэхэр къэхуэгъуэтми къэхуэмыгъуэтми.

— Ар апхуэдэу тыншу зэфIэкIын Iуэхукъым,— гъумэтIымащ Алигот. Ауэ абы и макъыр нэхъ щабэ хъуати, угурыIуэфын хуэдэт.

ИкIэм дыгъуасэрей «щакIуэм» теухуа псалъэмакъыр зэфIэкIащ. Хьэтэжыкъуэр щэхуу хуиту бэуэжащ. А дакъикъэм ирихьэлIэу пщым и цIыхухэм гъуэгум щакIэрыхуа мэл хъушэр къэрахулIащ. Сераскирым и шууищэм я кIийгуо макъыр нэхъ иныж хъуащ. Уеблэмэ, езы Алигот-пэщэ дыдэм и щхьэ трилъхьащ къэтэджу Iуэху и пIалъэ зыщIэ цIыхум и щIыкIэу мэлым еплъын: хъушэфIу пIэрэ Кургъуокъуэпщым къихуар. Алыхьым и фIыщIэкIэ хъушэ хъарзынэу къыщIэкIащ.

Куэд мыщIэу ефэ-ешхэ ин ящIын хуейщи, егупсысырт Кургъуокъуэ, абы щыгъуэ къызжиIэну къыщIэкIынщ хъаным и лIыкIуэр Къэбэрдейм къыщIэкIуар. Ауэ Iуэхур ефэешхэм нэсакъым. Алигот-пэщэм абы къыхуигъэувар пхуэмыIуэтэну напэншагъэ инт, цIыхум ямылъэгъуа гущIэгъуншагъэт.

— Мэлми, адрей Iэщхэми,— жиIащ пэщэм,— дэ, дауи, дыхуейщ. Ауэ уэ, пщы,— абы лулэм и быдзыр Хьэтэжыкъуэм дежкIэ ишиящ,— быдэу уегупсысын хуейщ ясакъ нэхъыщхьэр щIалэ, хъыджэбз зэкIуэжу нэхъыбэ зэрыпщIыным. КъыбгурыIуа?

— Ди сераскир нэхунэу зи хьэлэлагъкIэ къедзам яцIыхур гушыIэу къыщIэкIынщ,— гуапэу пыгуфIыкIащ Кургъуокъуэ.— Илъэс къэс щIалэ, хъыджэбз щищыр дэркIэ куэдыIуэщ. Дэ ди гугъат хъаным делъэIуну...

— Мыбдежым сэращ фи хъаныр! — къыщIэкIиящ абы Алигот.— Ар си бзэкIэ къывэпсалъэу аращ. Щищкъым, атIэ щIалэгъуалэ минищ Къэбэрдейм илъэс къэс Кърымым иритын хуейщ. Сыт дэгу ухъуам ещхьу укъыщIызэплъыр? Шэрджэсхэр гуфIэн хуейщ я щIалэжь цIыкIу Iуэхуншэхэу иужькIэ мамлюк хъужхэм дыгъэм хуэдэ ди сулътIаным, алыхь шыкуркIэ Портэ Гъуэзэджэм и тетым, джаурхэр кIуэдыным, муслъымэнхэм насып яIэным хуэлажьэу зи гъащIэр кIыхь хъуным къахуищIа пщIэм. Фи пщащэхэм-щэ? Насыпу къалъытэн хуейщ тэтэр, тырку дзэпщ хъанымрэ сулътIанымрэ я лъэщыгъэм и блынхэм я щIэгъэкъуэн Iуэхузехьэхэм я бгъафэщIэлъу щытыныр, а лIы Iущ лъапIэхэм къуэ хуалъхуныр,— Алигот тутыныр кууэ жьэдишэщ, и нэкIур къигъэпщурэ Iугъуэр пшагъуэ ину, ар езым нэхърэ ныбжькIэ нэхъыжь, къызыхэкIа лъэпкъкIи нэхъ лъагэ пщым и нэгум зэрырихуэр зыкIи къыфIэмыIуэхуу къыжьэдригъэхужащ.

«А-а, зыкъызыфIэщIыжа, уи нэжьгъ пшэрым сиубжьытхэнт,— егупсысащ игу мыгъуэу Кургъуокъуэ,— ауэ, сыт, хъунукъым. И кIэм нэс зыIыгъын, си гурыщIэхэр згъэпщкIун хуейщ. Ауэ сыт хуэдэ щIыкIэкIэ, сыт IэмалкIэ уи фIэщ сщIыну IэгупIэ фIэкIа мыхъу Къэбэрдеишхуэм къыхуэвгъэува ясакъыр зэрыгущIэгъуншагъэр?»

Сыт щыгъуи цIыхугъэ иным, фIым щIэкъуныгъэмрэ захуагъэмрэ, пщIэмрэ нэмысымрэ къару пхъашэм и пащхьэ зыщагъэщхъын хуей мэхъу. Iуэху захуэм лей ин ирахыну Iэмал щыIэху, а къарур сытым дежи нэхъ шынагъуэщ.

— Хьэуэ, уасэ зимыIэ ди Алигот-пэщэ,— щабэу жэуап ет Кургъуокъуэ.— Къэбэрдейм апхуэдэ жьагъэ ищIыфы-

нукъым. Зи къудамэщIэхэр траупщIыкIа жыг дыдэр нэхъ пасэу жьы мэхъури итырыгъу мэхъу.

— Къавказым щыпсэухэм фи фIэфIщ псалъэ тегъэлахэр.— Алигот гущыкI иIэу дыхьэшхыпцIащ.— Сыт а псалъэ дахэхэм къарыкIыр... Къавэрыбжэщ. Псори сэ зэрыжысIауэ хъун хуейщ.

Кургъуокъуэ «къавэрыбжэ» псалъэр зэрызэхихыу къамэ къыхаIуам ещхьу, къэскIащ.

— Дэгъуэщ,— быдэу икIи зэпIэзэрыту жиIащ Кургъуокъуэ.— Сэ афIэкIа зыри жысIэнкъым. Ауэ а бэлыхь хэмыкIыж Къэбэрдейм къыпэвубыдхэр нэхъ гъэмэщIэнымкIэ ди лъэIур псалъэм нэхърэ нэхъ IупщIу къреIуатэ си гъащIэ псом япэ дыдэу згъэш си лъэгуажьэмрэ щхьэпцIэ сщIы си щхьэмрэ! — пщым и пыIэр щхьэрихри сераскирым и пащхьэ лъэгуажьэ лъэныкъуэр щигъэшащ.

Арщхьэкiэ абы и щытыкIэм апхуэдиз уардагъэ екIу, апхуэдиз щэныфIагъэрэ къызэфIэмыщIэжыныгъэрэ хэлъти, щхьэгъэщхъагъ лъэпкъ хэплъагъуэртэкъым, абы къыхэкIыу Алигот-пэщэм икIагъэ къропэсауэ къыщыхъуащ. Зэгуэщэтыжауэ пшэр, дахэ-дахэу зызыхуэмыгъазэ сераскирыр дэнэт щыпеуэфыр жыгъэм и бжэщхьэIум бгъэдыхьами зекIуэкIэ щабэмрэ лIыгъэ уардагъэм и щэнхэмрэ зыхъума пщы зэкIужым!

Пэщэ губжьам и нэкIущхьэ хьэлъэхэр кIэзызащ, пэщхъын зэгъэдзэкIахэм фиижу жьыр жьэдашэрти къыжьдрагъэхужырт. Абы и лулэр зыжьэдихри лулэ фалъэ цIыкIур Кургъуокъуэ и щхьэку упсагъащIэм триунэщIащ. Тутын сахуэ пщтырыр Iугъуэр къыпихыу пщым и щхьэм телъэлъащ.

— Мис аращ уи псалъэ дахэхэм я жэуапыр,— щIэфиихьыжу, ину Iущащэу макъ икIакIэ жиIащ Алигот.— Мис аращ си жэуапыр. Саугъэтыр. Сэ уэ пхуэсщI саугъэтыр. Мис абыи псалъэм нэхърэ нэхъыфIу жырыреIэ,— пэщэр лулэмкIэ Хьэтэжыкъуэм и щхьэ мафIэм исам аргуэру зэтеуIуэжащ.

Кургъуокъуэ хуэму, сахуэр и щхьэм зэрыримыгъэлъэлъэхыным хуэсакъ щIыкIэу, къызэфIэувэжащ. Иджыпсту мы хьеуаным и тэмакъыщIэр зыIэмкIэ фIэбубыдыкIыу етIуанэмкIэ и ныбапцIэм къамэр Iэпщэм нэсу хэпхуэну сыт и уасэт! Ауэ Кургъуокъуэ и къамэр кърипхъуэтыну хунэсынукъым. И бгъуитIым шабзэ зэIудза зыIыгъ лIитI щытщ, масталъэ пхъуантэ цIыкIуу шабзэшэр пхэз уащIынщ. Алигот зэкIэ быдапIэр IэщIэлъщ. Кургъуокъуэ и унафэр езым IэщIэлъыжщ. Деплъынщ зэбэнитIым хэтми и щхьэ хъунур. ЗэкIэ шэчын хуейщ. Ауэ шэчын щыхуейр

иджыпстукIэщ, армыхъумэ иужькIэкъым. Армыхъумэ апхуэдэр пшэчу уи гум дэбгъахуэмэ, иужькIэ ущIэпсэужын щыIэкъым. Зыхуэгъэшэч, Кургъуокъуэ, зэкIэ уи тэмакъ тегъахуэ. Уэ уилъ пщIэжын уимыгугъамэ, иджыпстуупцIэ уи бийм зебдзри... абы и лъабжьэм зыри зыхэзымыщIэж хьэдэ хъурейуэ ущIэукIурият.

Хьэтэжыкъуэм зы псалъэ жиIакъым. И пыIэр цей Iэщхьэ дэублэрэкIеям диIущ, хуэмурэ зигъазэри мыпIащIэурэ ар ежьэжащ и шым хуэкIуэу. Ар щыму яблэкIащ пэщэм и хъунщIакIуэ гупхэу Iэнкун хъуауэ абы къеплъхэм, и цIыхухэм я деж зэрынэсыжу, фышэсыж жыхуиIэу Iэяхуищlри (дэгъуэтэкъэ шы-уанэ зэрызэщIамыхар), и лъэрыгъыпсым и лъапэ емыIусэу уанэгум зридзэжащ икIи и пIэм хьэмкIэкIэ зричыжащ. ЩIыгъуа шу гуп цIыкIур щIэх лъэщIыхьэжакъым я пщым.

Пщыхьэщхьэм Хьэтэжыкъуэм и шу гупым къахыхьэжащ Алыджыкъуэ ЦIащхьэр. Ари езым фIэфIу ищIакъым. ГубзыгъэкIэ уемыджэн щхьэкIэ цIыху зэуштыным, тIум дзыхь зыхуамыщIу зэкIэщIэгъэпыджэным Iэзэ хуэхъуа Алигот-пэщэ къигъэгузэващ пщы тетыр уащхъуэдэмыщхъуэу зэрежьэжам, асыхьэтуи ЦIащхьэм унафэ хуищIащ:

— ПсынщIэу кIэлъыщIэпхъуэ! Абы ущIыгъумэщ уэ сэбэп укъыщысхуэхъунур, армыхъумэ, узигъусэкIэкъым. Пщэдджыжь пщIондэ уи лIыкIуэм сыпэплъэнущ. Къыбгуры Iуа? Пщэдджыжь пщIондэ!

* * *

Алыджыкъуэ псори къыгурыIуат. Абы иджыпсту къыгурыIуэрт икIи иужь зэманым къэхъуа Iуэхугъуэхэм адрейхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ хищIыкIырт.

Дыгъуасэ мэзым асыхьэтым зыкъэзыщIэжа къудей уэркъитIыр къыщигъуэтыжа, ятIагъуэрэ пщIащэ факIэ зэщIэя пэщэр къуэм къыдэпщыжу илъэгъуа нэужь, ар зыми щIэупщIакъым Iэпщэрыбанэ зауэр щекIуэкIа щIыпIэр гупсэхуу зэпиплъыхьыху. Абы и хьэIуцыдзынэхэм занщIэу гу лъатащ мыбдежым шы лъэужьитI фIэкIа зэрыIумыкIым. ЩIы цIынэм къытена нал лъэкъуампIэхэм ящыщ зыр наIуэ дыдэти, нэрылъагъут ар зэрыналыщIэр. Иджы дыдэ пщым и къэрапцIэм щIалъхьа налым щыщыпсщ. Щоджэныкъуэ пэщэм — емынэм ихьыным — хьэхуу, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, саугъэт хуищIам ещхьыркъэпсщ. Алыхьым игъэбэги, зэгуигъэуд мы кхъуэ щIыкIэжьыр.

Джэдым хуэдэу яфыщIа сераскирым гыбзэмрэ бзаджэмрэ игъэшырт, пщIэурт, мыбдеж хъунщIакIуэ гупы-

шхуэ щыIауэ тхьэ щиIуэжырт, ауэ игу ириубыдар тIут. Уеблэмэ, хъунщIакIуэ пашэр КърымкIэ щицIыхурт, нтIэ мис а пэщэм, зи щIыфэр щIыфашхэ хъуным, зи Iэбжьанэхэр телъэлъыным, нэмукIытэу жиIащ мысыр сэшхуэжьыр зей дыдэм Iэрыхьэжауэ. Мис абы щыгъуэщ Алыджыкъуэ къыщыскIар шынауэ, лъы щIэжынри, къуентхъ ин къэщIынри зэхэту абы и гущIэр къыщилыдыкIар.

Абы къыгурыIуащ: Тузар Къанболэт къигъэзэжащ!

Хэт, армырмэ, зи Iупэ анэ быдзышэр IумыгъущыкIа щIалэжь цIыкIу фIэкIа зимыгъусэу зекIуэмрэ зауэмрэ япсыхьа лIыхэм я Iэщэ-фащэр ятезыхыфынур, абы щыгъуэми зы цIыху ямыукIыу? Щоджэныкъуэм ар зыхузэфIэкIыну Къэбэрдейм исуу ищIэр зылI закъуэт. Хьэмэрэ Щоджэныкъуэ лъэпкъым ирипагэу зэIэпахыу къекIуэкI мысыр сэшхуэр езым ейуэ хэт жызыIэфынур? Ардыдэрщ, нэгъуэщI цIыхукъым.

Аращи, Тузарыр къыкъуэкIыжащ, икIи абы мы мэзым лъэсу къыщикIухьмэ, ар Iэгъуэблагъэу, уеблэмэ гъунэгъу дыдэу щыIэщ. Зы илъэскъым-илъэситIкъым. ЦIащхьэм сераскирым Iуэхутхьэбзэ хэха зэрыхуищIэр, ар пэщэм и нэт, тхьэкIумэт, ауэ мы зэм Тузарым теухуауэ зыри жриIакъым. ЕкIи фIыкIи зыри жриIакъым. Щоджэныкъуэхэ я сэшхуэ шыхьыр Алигот иIыгъыу щилъэгъуам щыгъуэ зыри зэрыжримыIам хуэдэу. (Ауэ сераскирым и блыгущIэтхэм сакъыу япкърыупщIыхьурэ къищIат ар Бахъшысэрей щыщ БолэткIэ зэджэ шэрджэс еIуящIэ гуэрым, зэрыхъуари зэрыщIари ямыщIэу хьэпсым къикIыжу щIэпхъуэжам, къызэрытрахар).

Алыджыкъуэ тэмэму къилъытэртэкъым Iуэхум зэрыхэпщIыкIыр хэIущIыIу пщIыныр сытым дежи игъуэу, ар хэIущIыIу пщIыным сыт щыгъуи фейдэ хэлъуи илъытэртэкъым. Ар езыр егупсысат сераскирым и Iуэху къыхримыгъалъхьэу и къэпхъэныр Тузарым и гъуэгум тригъэувэну. Дыгъэ къепсыр Щоджэныкъуэм фIэмыIэфIыж зыщIа Тузарыр лъэныкъуэ иригъэзмэ, сэшхуэшыхьми, пэщэ зэгуэкIыкIыжар мыхъуу, зыхуэфащэ дыдэм деж игъэзэжынщ. Дыщэмрэ мывэ лъапIэхэмрэ зыIэрыхьапхъэр апхуэдэ Iэ фIейркъым. Нэхъыщхьэрщи, игъащIэкIэ къызэтримыхыжыну зэтрипIэжынщ Алыджыкъуэ и напэр зэрытекIар зылъэгъуа нитIыр, хуэмыфащэ къезыпэса и жьэр, жыр джанэ телъыджэу уасэншэм и гугъу пщIымэ (зэ мыхъуми зэм къыкъуэкIыжын хуейкъэ ар!) ари и кIэм икIэжым Алыджыкъуэ — Къэбэрдей псом и пщы тет хъунум — къылъысынщ!

Iуэхум иужь ихьэн хуейт. Ари жьы демыгъэхуауэ...

Алыджыкъуи и Iэр зэтедзауэ щыстэкъым. Дыгъуэпшыхь абы цIыхуиплI Шэджэм лъэныкъуэкIэ иутIыпщащ, лъэс махуитI гъуэгуанэм къриубыдэу щыIэ хьэблэ псоми «щыхьэщIэну». Иджы ахэм къыщагъэзэжыным пэплъэн хуейщ. ИджыпстукIэ Алыджыкъуэ и пщэрылъ нэхъыщхьэр Хьэтэжыкъуэм и гуращэр къиIуатэу сераскирым хъыбар иригъэщIэнырщ. Псалъэ щэху зехьэныр, укIытэ хэмылъыжу хъуцэцэныр ЦIащхьэм и Iуэху нэхъыщхьэ хъуат — а Iуэху закъуэрт игу ирихьыр икIи абы ар IэкIуэлъакIуэ дыдэ хуэхъуат.

Щоджэныкъуэм къыфIэщIырт псоми езыр щыгъуазэрэ къытекIуэн щымыIэжу. Ауэ абы ищIэртэкъым нэхъыщхьэр, ищIэртэкъым Хьэтэжыкъуэ цIыкIур зэрыпсэур, и цыпэ хэмыхуауэ зэрыузыншэр икIи нобэ-ныжэбэ и адэм хуэзэжынкIэ зэрыхъунур. Ар Щоджэныкъуэм къищIэгъамэ, а къищIам абы къыхилъхьэнур къарутэкъым, атIэ шынэт. Абы щыгъуэм ЦIащхьэм тыншу гу лъитэнт Тузарым дежкIэ, Алыджыкъуэ зэригугъэм хуэдэу, Къубатий щIыгъуу псым ихьа щэху гуэри зэрыщымыIэжым, абы къыхэкIыуи Iуэхум и пэжыпIэр Хьэтэжыкъуэм къызэрищIэнум.

Мис арат ЦIащхьэр зэкIэ зэрыпIейтеишхуэ щIыщымыIэр — Алыджыкъуэ гугъэрт япэ удыныр езым идзыну, абы къыхэкIыуи а удыным жэуап кърityну и бийр хунэмысыну.

* * *

Кургъуокъуэпщыр и гупым япэ иту лъагъуэрэ гъуэгурэ къимылъыхъуэу, мэзри къуэри зэпиупщIу япэкIэ жащ жылагъуэ мыцIыху цIыкIум Iууэху. Жылагъуэр Кургъуокъуэ сераскирым деж зэрыкIуа гъуэгум пыIудзат.

Тхъурымбэр IэшкIэу къызэхуэх и шыр пщым иунэтIащ щIыIуху телъым хуэдэу и щхьэгъубжэ утхъуахэмкIэ дунейм къеплъ тэхъуанэу япэ зыхуэзамкIэ. Абы и уэнжакъ яр унащхьэм теткъым, атIэ щIым къыщыщIидзэу дэкIуейрт блыным бгъурыту. Унащхьэм телът нэгъабэрей хьэуазэ фар.

Бысымым къеуэлIа щIыхь иным — езы пщы — тет дыдэр и хьэщIэщ — къигъэуIэбжьа пэтми, Iэрпхъуэрыгъэ хэмылъу, ауэ и щхьэ хуищI пщIэри имыгъэлъахъшэу и хьэщIэщ хуэмыщIам, ауэ чэщейуэ къабзэм, Кургъуокъуэр иригъэблэгъащ. Пщыгъусэхэм я нэхъыщхьэри абы щIыхьащ, щIалэгъуалэм шыхэр зыхуей хуагъазэу загъэIэуэлъэуащ (сыхьэтитIкIэ зэпымыуэ къэжа шыхэр мыгъэувыIауэ къешэкIын, гъэупщIыIун, я бэуэкIэ зэтегъэувэжын, абы иужькIэ псы егъэфауэ тIэкIу гъэшхэн хуейт).

Бысымыр щыпIейтеяр иужькIэщ — хьэщIэхэр гъэшхэн зэрыхуейр игу къэкIыжа нэужьщ. И жэмыжь закъуэм епхъуэн? Хьэмэрэ щынитI къыхуэзыхьа мэлыжь закъуэр фIигъэжыжын?

Апхуэдэу ищIыну къыщIэкIынт Хьэнэф угъурлым езым ещхьу цIыхуфI защIэ гъунэгъухэр имыIатэмэ. ЛутI щIакхъуэм и щIыбкIэ екъу гъэлъэхъу гъумыщIэ къилъэфащ, сыт щыгъуи псэлъэгъуей Щтым жьакIацэм и мэлыхьыплIэм дэлъу мэл пха пщIантIэм къыдихьащ; цIыхубзхэм хэт джэд, хэти кхъуей плъыжь хъурей, къэлэр Iэмыщ Iэхэр, бжьын бла, языныкъуэхэм я ерыскъы гъэтIылъыгъэхэм, е пщыхьэщхьэшхэу ягъэхьэзыра шхыныгъуэм щыщ яIыгъыу къыдахьэрт. НэгъуэщI зимыIэм Хьэнэф и пщIантIэм пхъэ гъур къыдилъафэрт, дунейм ехыжа Хьэбалэ мыгъуэм и щIалэ ахъырзэманхэу Хьэзешэ, ХьэкIашэ, Хьэнащхъуэ, Хьэшыр сыми я выщIэр къахуати ар яукIыну иужь ихьахэщ.

Хьэнэф мафIэ инитI щызэщIащIэ пщIантIэр къызэхижыхьырт цIыхубзхэм гушыIэу хъуэр яридзу (сощIэ, сощIэ фэ фи мурадыр — си хьэщIэхэр захуэмыгъэщIеижу вгъэшхэну аращ), цIыхухъухэми гушыIэурэ фIыщIэ яхуищIырт (нобэ зыкъысщIэвгъакъуи пщэдей фыхуеймэ, си псэр сIыфх, ауэ фэ фщыщ дэтхэнэми мыпхуэдэ хьэщIэ лъапIэ къыхуэкIуэным дыпэвгъаплъи нэхъыфIщ).

ПщIантIэм къыдыхьащ жылэм дэс уэркъ уэдыкъуа закъуэр, нэщхъейрэ и щхьэр къыхуэмыIэту — сыт Къургъуокъуэ абы и деж щIемыблэгъар — икIи занщIэу хьэщIэщымкIэ иунэтIащ.

Хьэнэф и гуфIэгъуэт, ауэ тIэкIуи гузавэрт. Къургъуокъуэпщыр фагъуэт, ауэ и нэхэр губжьауэ къилыдыкIырт: и щхьэкуми уIэгъэ гуэр телъ хуэдэт — а псом гу лъызыта мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIым Iэнкунрэ пIейтейрэ къыпкърыхьат. Мо и Iэ кIэзызхэр, и Iэбжьанэхэр хужьыбзэ хъуауэ пыIэр зыIуэт Iэпхъуамбэ кIыхьхэр-щэ! Мылъкуу бгъэдэлъыр псори къыуитынт сыт щыгъуи псори къэзыщIэну зыфIэфI Хьэнэф а махуэм къэхъуа Iуэхугъуэхэр къыжраIэну ищIамэ. Куэд дэмыкIыуи къищIащ. Абы щхьэкIэ щIитынIа хуей хъуакъым.

Пщы шуугъусэхэм ящыщ зы къыбгъэдыхьэри абы къыжриIащ щIыхьэу мыбы щекIуэкIыну псалъэмакъышхуэм хэтыну абы Къургъуокъуэпщыр къызэрелъэIуар. «ИпэжыпIэкIэ нобэрей махуэр, фIыщIэр ЗекIуатхьэ ейщ, къысхуэна гъащIэм срипагэу сигу илъыну срикъунщ,— жеIэ игукIэ Хьэнэф.— Дыгъэ къухьэмкIэ тхьэ соIуэ пэжкIэ!»

Хьэнэф хьэщIэщым щыщIыхьам Къургъуокъуэ жылэм

щыщ уэркъым зыхуигъазэу жиIэ псалъэхэм я кIапэр къиубыдащ.

— Сэ уи деж сыныщIыдэмыххьар хъуэн зимыIэ уэ уи щхьэр згъэлъэхъшэну аракъым,— Хьэтэжыкъуэм и макъым губжь, ткIиягъ мащIэ, абы щыгъуэми гуапагъэ гуэрхэри къыхэщырт.— Уэ еплъ: сэ зым и уни къыхэсхакъым, атIэ япэ сызыхуэзам сыщепсыхащ. Си гугъэмкIэ, дэтхэнэ гъуэгурыкIуэми ищIэн хуейр аращ, адыгэ хабзэм пщIэ хуищIыххэу щытмэ.

Уэркъыр укIытауэ еплъыхащ, ауэ игу зэгъауэ бэуэжащ.

Хьэтэжыкъуэр а и фэр зэрыпыкIам хуэдэу щхьэпцIэу жьэгу мафIэ зэщIэгъэнам пэрыст. Абы и пащхьэ къит Iэнэ лъакъуищым махъсымэ кхъуэщын тетт, кхъуей, пIастэ, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуа телът, пхъэ шыгъулъэм шыгъу пхъашэ илът.

Унэм и бысымыр щыщIыхьэм, и щхьэр къыхуищIри егъэлеяуэ пщIэ къыхуищIу, е къигъэныбжьэгъуфэ зытримыгъауэу, фэрыщIагъыншэу жиIащ:

— УщIэмыкIыжу гупсэхуу къедаIуэ уэри, бысым. Уэри дынолъэIунщ уи Iуэху еплъыкIэр къыджепIэну. Мыпхуэдэ Iуэхум лэжьакIуэжь и псалъэри лей щыхъункъым.

А дакъикъэм бауэ-бапщэу бжитI зэхуакум Алыджыкъуэ къиуващ: Уигугъэнт шым тесар армырауэ, атIэ шыр и плIэм дэсу ар къэжауэ.

— Уэра мыр? — игъэщIэгъуащ Хьэтэжыкъуэм.— ИгъащIэкIэ сигу къэкIынтэкъым, гъусэ зыкъытхуэпщIынщ...

— Хэт-тIэ сэ сызигъусэнур? — и жагъуэ хъуа хуэдэу и макъым зригъэIэтащ Щоджэныкъуэм, итIанэ къэхъуа щымыIэм хуэдэу макъ къызэрыгуэкIкIэ щIигъужащ,— фысфIэкIуэдри ерагъыу фыкъэзгъуэтыжауэ аращ.

— Дэгъуэщ! — Кургъуокъуэ макъышхуэ иригъэщIу и лъэгуажьэм IэгукIэ еуащ.— ПщIэншэу зэман дгъэкIуэдынкъым. Иджыпсту сэ жысIэр фэ къыздэфIыгъэрэ ныбжьэгъу нэсу фыкъыщIэкIмэ, мы хьэблэм дэс цIыху къызэрыгуэкIхэм си мурадымкIэ щIэгъэкъуэн зыкъысхуащIмэ, жэщыр ибг имыуэ щIыкIэ дишхэм уанэ тетлъхьэжынущ. Фэ фолъагъу си щхьэ пцIанэр, фолъагъу си щхьэ делэм тэтэр саугъэт зэрытелъыр. Къэбэрдейм щыщ дэтхэнэ пщылIми ирещIэ кърым сераскирым Кургъуокъуэпщым и напэр къызэрытрихар, абы и лулэ фIейр и щхьэм къызэрытриунэщIар. Апхуэдэу псоми ирещIэ илъ имыщIэжауэ, гущIэгъуншэу илъ имыщIэжауэ, Хьэтэжыкъуэм и пыIэр зэрыщхьэримытIэгъэжар. Зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми Къэбэрдейм и гугъуехьыр згъэмэщIэн папщIэ, гумащIэ сыхъуу жыIэзыфIэщу си пыIэ щыщхьэрысха меданыр нэлат ухъу!

Иджы зы гурыIуэгъуэщ: а гугъуехьыр нэхъ мащIэ хъунукъым — куэд мыщIэу зэрахьэну лейм, хъунщIэм, гъэрыпIэм хуэдэ адыгэхэм зэи ялъэгъуакъым. Абы къыхэкIыу ныщхьэбэ тэтэр егъэзыпIэм дытеуэнщи, пщэдей ди лейзехьэ, хъунщIакIуэ хъуну зы цIыхуи псэууэ къэдгъэнэнкъым. СыволъэIу сераскирым фемыIусэну. Сэ ар зыхуэфI хуэзгъэзэнщ. Сэ апхуэдэу сыхуейщ, цIыхуу зызбжыжын, фипщу сыкъэнэжын, си щхьэм си пыIэр щхьэрыстэгъэжыфын щхьэкIэ. Апхуэдэу хуейщ ди цIыхубэр — пщым ираха лейм, нэмысыншагъэмкIэ хабзэншагъэ зращIэкIа, зи пщIэр ягъэлъэхъша ди цIыхубэр... Аращ сэ жысIэнур. Иджы чэзур фыфейщ. ЖыфIэ, ауэ кIэщIу.

Щоджэныкъуэми, адрей уэркъхэми ялъэкIакъым пщышхуэм пэувын. Абыхэм кIэщIу, ауэ ткIийуэ жаIащ иджыпстуупцIэ шым шэсу гъуэгу техьэну зэрыхьэзырыр. Нэщхъейуэ, ауэ губжьауэ къилыдыкI и нитIыр Хьэтэжыкъуэм и бысымым триубыдащ.

Хьэнэф щыму, зы псалъи зэрыдимыгъэхуным хущIэкъуу пщым жиIэхэм едэIуащ, уеблэмэ и Iэпкълъэпкъыр апхуэдизкIэ шэщIати и плIэр псэ хэмытыжым ещхьу дият, Хьэтэжыкъуэм жиIэнур иуха нэужь, Хьэнэф и щIыбагъкIэ зигъазэри бгъуэщIэс щIалэ цIыкIум зыгуэрхэр жриIащ, адрейри занщIэу бзэхащ.

— Мыщэ жейр къыумыгъэуш, лIыгъэ зиIэр къомыгъэгубжь,— пIейтейрти Хьэнэф и макъыр хъыршыр хъуат, иужьым зигъэпсчэуIущ, и натIэм къекIуа пщIэнтIэпс ткIуэпс пIащэхэр ирилъэщIэкIри адкIэ пищащ:

— Ди пщым и щхьэр уIэгъэщ. Ар псынщIэу хъужынымкIэ дэIэпыкъуэгъу дыхъунщ. Мыбдеж Кургъуокъуэ цIыху тIощI щыщIыгъущ, апхуэдиз цIыхухъу ди хьэблэми дэсщ. Ар мащIэщ. Ди гъунэгъу хьэблэми лIы пщIих е пщIибл хуэдиз къыдэкIынщ, Губгъэн къысхуумыщI, пщышхуэ, сэ абы щIалэ цIыкIур згъэжакIэщ. Джэд хадзар мывэ щIыкIэ ахэр мыбы къэсынущ.

Уэркъхэр щэныфIэу дыхьэшхащ. Уеблэмэ, езы Кургъуокъуэ дыдэ и нитIри пыгуфIыкI хуэдэу хъуащ. Илъэс плIыщIым ит, лъэгагъкIи жылэм къахэмыщ Хьэнэф адрей махуэхэм зи пIэм имызагъэ цIыху гумызагъэт, ар ящыщт сыт хуэдэ гугъуехьри иримыгузавэу, гушыIэу зыгъэIурыщIэм. Мис иджыпстуи тIэкIуи тегушхуауэ пигъэщхъуу, абы Хьэтэжыкъуэм жриIэрт:

— Иджыри зы псалъэ жызгъэIэ, пщIэшхуэ зиIэ Кургъуокъуэ, ауэ ар зытеухуар нэгъуэщIщ. Сытыр дауэ мыхъуами, уэ узихьэщIэщ. НэгъуэщI мыхъуми, уи хъыбар зэгуэр зыхуэсIуэтэжыну си къуэрылъхухэм я хьэтыркIэ си

шыгъу-пIастэм хэIэбэ. Иджыри къэс слъагъуркъым ухэIэбауэ. Пэжщ, дэ псоми Алигот-пэщэм ди дзэр худолъ, ауэ абы къикIрэ гъуэгу дытехьэн и пэ къихуэу лы Iыхьэ зырыз тшхы, махъсымэ Iубыгъуэ зырыз дефэ мыхъуну?

Мыбдежым уэркъхэр ину дыхьэшхащ, Кургъуокъуи пэж дыдэу пыгуфIыкIащ:

— Хъунщ, ди бысым хьэщIафIэ, сэ уи гукъанэ къэзмыхьын хуэдэу сщIынщ.— Абы хьэ хьэлум Iэпэтез къыгуипIэскIукIщ, игъэныщкIури псы трифыхьыжащ.— Аращ. Нэхъыбэ нобэ си джий ехынукъым. Ауэ Хьэтэжыкъуэхэ я Iуэхум уэ Хьэтэжыкъуэм нэхърэ нэхъ псынщIэу унафэ зэрытепщIыхьар сигу дыхьащ. ЦIыхухэм яжеIэ — сэ зыри хэзгъэзыхьыркъым, щхьэж зырыфIэфIщ...— Хъэнэф гукъанэ хэлъу и щхьэр игъэкIэрэхъуащ:

— Псалъэ лей сыту тщIын? Ди цIыхухэм езыхэм армырми ар къагурыIуэнщ. ЦIыхущ ахэр, зиунагъуэрэ, дэтхэнэми дыгъужьыцIэ зэрихьэ щхьэкIэ...

ХьэщIэщым къыщIахьащ мэлыл гъэжьа зыфIэлъ дей дзасэ IэплIакIуэ — тэтэр мырзэхэм зыхалъхьэ щымыIэ шхыныгъуэр, тыркухэр «шашлыккIэ» зэджэр.

— Зи щIыхьыр инхэ, зи хьэщIагъэр си нэ, си псэ!.. Си гуапэ къэфщI — ерыскъым фыхэIэбэ! — мэлъаIуэ Хьэнэф.— ИIэт, кхъыIэ, пщтыр щIыкIэ фшхыт, сэ гукъанэ къысхуэвмыщI, зы меданкIэ сыщIэмыкIыу хъунукъым: ди гъунэгъу жылэм къикI Iуэхуншэхэр къегъэблэгъэн хуейщ. Я шы лъэ макъ къоIу.

Хьэнэф щIэкIа нэужь, мащIэу зиIэжьэри, Хьэтэжыкъуэри къэтэджыжащ.

— Дэри зэрызыдгъэпсэхуар хъунщ,— абы и набдзэ къуршитI зэхуакум лэдэх куу ирикIуащ.— Фэ псоми псалъэ фташ зэгъусэу дызэдежьэну. Ауэ зыщывмыгъэгъупщэ — гъуэгум тезыIуэнтIыкIым зэрихьэнур лIым и пыIэркъым, атIэ къэрабгъэхэм я жэщ пыIэ фIыцIэрщ. Фыарэзы?

Дауэ арэзы умыхъунрэт?..

* * *

Жэщыр даущыншэрэ мамыру ирихьэлIат. Вагъуэхэр нуру блэрт, мазэм и хъуреягъым дыхьэрэн къешэкIа хуэдэт.

Зы мардэм тет ущ шэщIакIэ Хьэтэжыкъуэм и гупыр гъуэгу нэхъ кIэщIкIэ сераскирым и егъэзыпIэм хуэкIуэрт. Абы гъунэгъу щыхуэхъум, Кургъуокъуэ унафэ ищIащ, гу къылъамытэу щэхуу бгъэдыхьэн папщIэ, лъэбакъуэ защIыну.

А зэман дыдэм Щоджэныкъуэр гузэвэгъуэ щIыIэр телъу егупсысырт ищIэнур зищIысым. Емынэм ирихын хьэблэжь цIыкIум кърнгъэкIыу Алигот деж и цIыху къигъэкIуэн абы хузэфIэкIакъым. Дауи, шу а жылэм къыдэбгъэкIынт, шэч къыпхуамыщIу. БлэкIар блэкIащ, иджы икIэщIыпIэкIэ унафэ пыухыкIа гуэр къэсщтэн хуейщ. Абы щыгъуэми нахуэу. Мис арат ЦIащхьэр езыр зытеплъэ мыхъур. Ар зэсар щэхуу пыджэнырт. ПсэзэпылъхьэпIэ Iуэху хыхьэн абы ауэ сытми и жагъуэ. АрщхьэкIэ, дауэ мыхъуами, бийм я увыIэпIэм щыблэ мафIэр зэрилъагъуу, Алыджыкъуэ лъэдакъэкIэ и шым кIуэцIытIыхьри шыщхьэмыгъазэу щIэпхъуащ Алигот-пэщэ и шэтырым хуэжэу. Здэжэм абы кIэрахъуэр дригъэуейуэрэ кIийуэ щIидзащ:

— Алигот, Алиго-от, шым зедз. ПсынщIэу шым зедз!

Хьэтэжыкъуэр зи пашэ гупыр абы кIэлъыщIэпхъуащ, гыбзэ бзаджэр хужаIэу.

Ауэ Алыджыкъуэ кIасэу хъыбар яригъэщIауэ къыщIэкIащ: кърымхэм къэбэрдей шууейхэм зыкъыпэщIасэн яхузэфIэкIакъым. Жейбащхъуэ, захуэмыгъэхъеижу шхахэм дауи зыкъыпэщIасэфынт уафэхъуэпскIым хуэдэу къатеуа адыгэ шууейхэм! Шуудзэм бийм и курыкупсэм зыщигъэкIэрахъуэрт, и кIапитIым емылIэлIащэу, икIи тэтэрхэм шым зрадзыну Iэмал яритыртэкъым. Псом хуэмыдэу зэхэуэ гуащIэ щекIуэкIыр сераскирым и шэтырым дежт. Мыбдежым щызауэрт пэщэм и щхьэхъумэхэр — зауэлI нэхъ лъэщхэр, хахуэхэр. Хьэтэжыкъуэмрэ и дарэгъу гъунэгъухэмрэ я ебгъэрыкIуэныгъэхэр абыхэм зэтраIыгъэху, езы Алигот-пэщэ, хуумыгъэфэщэн псынщIагъ хэлъу шэтырым къыщIэжри, занщIэу уанэгум зридзащ: шы лей къыздрашэкIым ящыщ зыр уанэ телъу ауэ сытми шэтыр щIыхьэпIэм деж щаIыгътэкъым!

Кургъуокъуэпщыр гуфIащ сераскирыр щилъагъум: алыхьым и шыкурщ, иджыпсту абы и Iэщэр пэщIигъэувэнщ емыкIушхуэр къезыщIа хьэбыршыбырым, ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, Алигот нэгъуэщI мурадт иIэр. ЩIопщкIэ зэпихулыкIри, жэщ мазэхэм ещхьу къарэ и шыр абы хьэмкIэу хуиунэтIащ лагерыр къэзыухъуреихьхэр здынэмыса лъэныкъуэмкIэ. Абы бгъурыту кIуэрт иш ешар зэзыхъуэкIа Алыджыкъуэ ЦIащхьэри.

Пщым кIэрахъуэ хьэлъэр къарипхъуэтри, щхьэжагъуэу, яримыгъэпщэххэу якIэлъыуащ. Бетэмал, якIэлъысамэ арат, арщхьэкIэ щхьэхъумэ зырыз шы лъабжьэм къыщIозэрыхьри гъуэгу къратыркъым, зы мащIэкIэ угувэжмэ, уащIыкIэлъеIэжыни щыIэжкъым — жэщ пхъэрым зыри къикIыркъым.

Зи щхьэр цӀэм фӀашхыкӀын Алыджыкъуэ дауэ ищӀыми кърнгъэлащ кърым емынэр, иужь дыдэ дакъикъэм ХьэзрэӀил псэхэхым и джатэ уэщхъу зымыщӀэм и лъабжьэм къыщӀихащ и зиусхьэн дурыдылыр.

Сераскирым и шууейхэм я махуэр лъыкӀпсыкӀт. Тэтэрхэм сэбэп къахуэхъуакъым гущӀэгъу къахуищӀыну кӀийуэ алыхьымрэ адыгэхэмрэ зэрелъэӀуари, я Ӏэщэри. А жэщым Щоджэныкъуэм щӀыгъуа уэркъхэм ящыщу тӀу фӀэкӀа пщым и гъусэу щӀэпхъуэжакъым. Мыдрейхэр дзэм щӀыгъуу зэрежьам хуэдэуи тэтэрхэм ятеуащ. (ИужькӀэ ахэми зэкъым уафэм — хэт ищӀэн алыхьыра хьэмэрэ Уащхъуэ-къан — «гъуэгу пэжым» зэрытехьэжам папщӀэ — фӀыщӀэ зэрыхуащӀар).

Қърым къикӀахэр, Алигот щӀыгъуу щӀэпхъуэжа дзэпщым къищынэмыщӀа зы къэмынэу яукӀат. А цӀыхухэми я щӀалэгъуэ дыдэм къыщыщӀэдзауэ нэкурэ напӀэу яӀар лэжьыгъэ хьэлэлкъым, атӀэ зэрыхъунщӀэнщ, я гупсысэр зэтар къуентхъ къащӀ цӀыхубзхэмрэ ерыскъы пшэрырэт, армыхъумэ лӀыгъэ зехьэныртэкъым, зэи егупсысыххэртэкъым нэгъуэщӀ къэралым и хьэкъкӀэ псэуну мурад зыщӀа къэралым гува-щӀэхами жэуап ткӀий итыжын зэрыхуеймкӀэ.

Хьэтэжыкъуэм щӀыгъуахэм хэщӀ щӀагъуэ яӀэтэкъым — уӀэгъэ зытхухрэ яукӀа закъуэмрэт.

Пщым и унафэкӀэ тэтэрхэм яшхэри Ӏэщэ-фащэри, дыгъуасэ Алигот-пэщэм къыхуахуа Ӏэщри зэхэуэм хэта мэкъумэшыщӀэхэм хуагуэшащ.

Ауэ зауэм кърикӀуамкӀэ арэзытэкъым Қургъуокъуэ — псори зытрищӀыхьыжар яӀэщӀэлъэтат. АрщхьэкӀэ уэркъхэмрэ мэкъумэшыщӀэхэмрэ — абыхэм я псалъэм щӀэдэӀурт Хьэтэжыкъуэр — пщыр къытрагъэхьащ и пыӀэр щхьэритӀэгъэжыну. И напэр текӀауэ зи щхьэр щӀэзыхьа Алигот-пэщэ и нэмысым, уардагъэм ягъуэта хэщӀыныгъэр, шэч хэмылъу инт.

И нэгур зэрынэщхъейуэ, и нэкӀур зэригъалъэурэ Қургъуокъуэ и пыӀэр къищтэжри зыщхьэритӀэгъэжащ, и набдзэм нэс къекъухауэ.

ГъэщӀэгъуэнырати, Алыджыкъуэ и гугъу зы цӀыхуми ищӀыртэкъым. — Псори пэплъэрт пщышхуэм жиӀэнум, ауэ зыри абы еупщӀыртэкъым. Ари щымт. Е ЦӀащхьэм ищӀар и акъылым нэмысарэ е абы и цӀэ къудей къипсэлъыну хуэмейрэ.

ЯукӀа тэтэрхэм я хьэдэхэр щӀалъхьэну лъхукъуэлӀхэм я пщэ иралъхьэри, пщыр и дарэгъу пэжхэр щӀыгъуу унэм кӀуэжыну къежьэжащ.

* * *

Пщэдджыжь дыгъэр къыщыщIэкIам, Кургъуокъуэ фIыуэ пэIэщIэ хъуакIэт «нэлат зытехуа щIыпIэм».

Шэджагъуэ нэмысыпэу ар къытрагъэхьащ шым епсыхыу зигъэпсэхуну. А гупсысэр абы и щхьэ къихьэнуи къыщIэкIынтэкъым зытес шыр пщыуэ зэгуэмыудамэ.

Хьэтэжыкъуэр епсыхащ, псынэпс цIыкIум бгъэдыхьэри и нэкIу къэплъам псы щIыIэ IэмыщIитI-щы щIикIащ. ИтIанэ зыкъиIэтыжри зэхищIэ уз мащIэр и гуапэу и плIэ ухуар иукъуэдиящ икIи ихъуреягъкIэ къиплъыхьащ гурыщIэ гъэщIэгъуэн гуэрхэр зыхищIэу — къыпфIэщIынт къыщалъхуа щIыгум и дахагъ псор нобэ япэ дыдэу зэрымыщIэкIэ илъагъуну арауэ.

Аддэ жыжьэу дыгъэ къуэкIыпIэм хуэкIуэу къыщылът алэрыбгъу щхъуантIэу, щIыпIэ-щIыпIэхэм упщIэ гъуабжэу вапIэхэр къытещу джабэ лъагэшхуэхэр зи куэд губгъуэ гъунапкъэншэр. Анэм и бгъафэм зыщIэзуукIа хьэвшыру Къущхьэхъум еуалIэу ипщэкIэ йох жыг IэплIакIуэхэр зэкIэкIа шытхыр. Къущхьэхъу шытхым и щIыIукIэ шэджагъуэ дыгъэм и хуабэм мащIэу щос зи щыгум гъэи щIыи уэс хужьыр темыкI къуршыщхьэ папцIэхэр. Ар Кавказым и къурш блын Къэбэрдеймрэ Сонэмрэ я гъунапкъэ лъагэрщ; щIымахуэ ткIиймрэ щабэмрэ я гъунапкъэрщ; Ахын къыщежьэу Хьэзэс нэс ех а гъунапкъэм гъэ къэс щхьэпрокIыж губгъуэ къазхэр. Аращ Кавказ псалъэр къэзыгъэщIари — «Къыу-Къаз» — аращ абы къикIыр.

Мыбдежыр — бгы жьэгъур — цIыхум дежкIи, хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ бзухэмрэ я дежкIи, псэупIэфI дыдэщ. Гумрэ псэмрэ дыхьэ акъужь щIыIэтыIэм мыбы къехь удз зэмылIэужьыгъуэхэм, жыг хадэ бэвхэм къапих епэрымэ гуакIуэр, къурш лъагэхэм къелъэ псыхэм къахиху ткIуэпс нэрымылъагъухэр, псэ зыIут псоми жумарту, кIуэщI имыIэу гъащIэщIэм и жылэр езыт щIы-анэ бэшэчым и бауэкIэ макъыншэр.

Мыжыжьэ дыдэу къыщылъ джабэ нэкIу задэм мэкъумэшыщIэхэм кърalъэфащ зи бгъуитIым шэрхъ щIэт хьэблэ пхъэIэщэ иныр: абы зэкIэлъхьэужьу вищ-плIы, язынькъуэхэми апхуэдиз дыдэ шыуи щыщIащIэ щыIэщ.

«ВакIуэ ихьэгъуэ дыдэщ,— йогупсыс Кургъуокъуэ.— Вэгъуэ мазэщ *. Дыдейхэри нобэ дэкIыу къыщIэкIынущ. Э-эх! НтIэ мыпхуэдэщIым утелэжьыхьу упсэуныр сыт и

* Вэгъуэ мазэу ябжу щытар майрщ.

уасэ! АрщхьэкӀэ, сыт, дытрагъэпсэухьыркъым. Языныкъуэ-кӀэ дэ езы дыдэхэр цӀыху хуэдэу дызэдэпсэуркъым...»

Абдежым Кургъуокъуэпщым, пщытетым, лъхукъуэлӀ зэрыгъэкӀийхэм, Ӏэджэ щӀауэ зыпэплъэ гъатхэ лэжьыгъэм пэрыхьа къудей мыхъуу, я нэхъуей текӀауэ лэжьыгъэм зе-зыдзахэм, ефыгъуэ гурыщӀэ къызэрыпкърыхьэр зыхи-щӀащ. Жьыбгъэм Хьэтэжыкъуэм деж къихьэсырт я макъ нэжэгужэр, къызэрылъэлъу зэрыдыхьэшхыр. Дунейм къа-щыфӀэӀуэху щымыӀэ нэхъей мэдыхьэшх адыгэ мэкъумэшы-щӀэхэр, абы папщӀэ ахэр щхьэусыгъуэ хэха гуэри хуейхэ-къым! ВыщӀэр мэныкъуакъуэ и пщэм бжьыр тримыгъэлъ-хьэну, мес зыгуэр къыпэщӀэлъэда хьэм и кӀэм теуващ, ар узым игъэдзыхати, зыпищӀ щымыӀэу фӀыуэ илъагъу зейм гуауэу пщӀэури епхъуащ, итӀанэ щӀалэ зэӀэщӀэлъ макъейм еӀуатэ я къуажэ ефэндыр и ныбэр узу нэху къыщӀекӀам и щхьэусыгъуэр — абдежым ахэр апхуэдизкӀэ ину дыхьэ-шхахэти, пкӀэ-лъэуэ пхъэӀэщэ ужьым ит къуаргъхэр щтэри лъэтэжат.

Дауи ахэр зыгъэдыхьэшхыр, егупсысырт Хьэтэжы-къуэр, а Ӏуэху жьгъейхэркъым, атӀэ къохъу гуащӀэу икӀи гуапэу къепса гъатхэ дыгъэм и нурыр гущӀэм кууэ щы-хыхьэ, ягъэщэба вагъэм къэкӀыну щӀакхъуэм и мэ гуа-кӀуэр къыщыхих; фӀыр, гъащӀэм щиӀэну ехъулӀэныгъэр къызэрыгуэкӀ махуэхэм нэхъри цӀыхум нэхъ и фӀэщ щыхъу махуэ...

Къэбэрдейм и адрей щӀыпӀэхэми хуэдэу, мыбы вэныр дзейуэ зэгуохьэри зэдэӀэпыкъуу, зым адрейм зыщӀигъа-къуэу, зы Ӏыхьэр яухмэ, адрейм Ӏэпхъуэу зэфӀагъэкӀ. Кур-гъуокъуэ и нэгу къыщӀегъэхьэ зи щӀы кӀапэр япэу вэн яухар щхьэхьу къуажэм зэрежэхыжыр, къебакъ ищӀын папщӀэ: къуэрагъ кӀыхьитӀым пхъэбгъу кӀэрапхэнурэ абы трагъэувэнущ пхъэм къыхэбзыкӀа сурэтхэмрэ хьэпшып зэ-мылӀэужьыгъуэ цӀыкӀухэмрэ. Махуэшхуэр зыгъэдахэ Ӏуэху нэхъыщхьэр — цӀыхухъухэм шы къагъэжэнущ (къэ-зыгъэжэн зиӀэм), нэщанэ еуэнущ (зэреуэн зиӀэр) пхъэ-бгъум тет хьэпшыпхэм щыщ къраудыхын папщӀэ. ЩӀалэ цӀыкӀу лъапцӀэрыщэ Ӏэджэр къебакъ лъабжьэм, щхьэж лъэкӀ къимыгъанэу (япэм лъы къызэхурахуху) щызэны-къуэкъунущ — шынэ ямыщӀэу, я щхьэм къытехуэ хьэпшып телъыджэр зыӀэрагъэхьэнущ. Жэщыр хэкӀуэтэху увыӀэну-къым хьэгъуэлӀыгъуэ нэжэгужэр, молэр къэсу мэжусий къафэхэр, уджхэр, «шыпсэ — псысэхэр», ажыгъафэхэр ди-ным идэркъым жиӀэу зэбгрихуну иужь ихьэху. (Лъэпкъ къафэхэр, хъуэр зэпэдзыныр, ажэ бжьакъуэрэ шыкӀэ жьа-

кӀэмрэ зытет ажэгъафэр зикӀ диныщӀэм и гум хутегъахуэркъым).

Ауэ Кургъуокъуэ и гущӀэр къизыӀуэнтӀыкӀыр нэгъуэщӀ гупсысэхэрщ. Пщыхэр зэхуэшэсауэ хасэ ин щӀын, адэжьхэм я щӀыналъэм къыщхьэщыхьа шынагъуэм тепсэлъыхьын хуейщ. КъэгъэувыӀэн хуейщ лӀыгъэ нэкъыфӀэщӀымрэ къуентхъ Ӏэрымылъхьэмрэ папщӀэ гъуэгуанэ жыжьэ техьэн зи мурадыр. ЗэгъэкӀужыпхъэщ зэбийхэр, зэрыфыщӀрэ я щхьэр ягъэкъыу зэхущӀэуэрэ щыӀэ хъунукъым. Иджыпсту пщыхэри уэркъхэри, зэрыжаӀэу, шууейр шуейуэ, лъэсыр лъэсу, Ӏэщэ зиӀэм Ӏэщэ иӀыгъыу Къэбэрдейм къыщхьэщыжын хуейщ. Псом япэу хъумакӀуэ гуп зыбжанэ къызэгъэпэщын хуейщ,— хэкум и ищхъэрэ лъэныкъуэм сыт щыгъуи я нэӀэ тырырет.

— Хуит сыщӀ, зи пщы щӀыхьыр лъагэ уи гупсысэр зэпызудыну,— и дарэгъухэм ящыщ зы Хьэтэжыкъуэм и ӀэфракӀэм теӀэбащ. ТӀэкӀу уедзэкъамэ арат. Псори хьэзырщ.

— СынокӀуэ.

Кургъуокъуэ зигъэзэн игугъат, арщхьэкӀэ асыхьэтым абы зыгуэрым гу лъитауэ и напщӀэр хэлъэташ.— Плъэт, шу гуэрым ди дежкӀэ къиунэтӀащ. Дыпэвгъаплъэ абы.

Гъуэгу еуэкӀыгъуэм къыкъуэкӀауэ ущ хуэму къакӀуэ шууейм, цӀыхухэм гу къалъитагъэнти, шхуэӀур иутӀыпщащ.

— Къэзэнокъуэрщ,— жиӀащ пщым.— Мис арат сызыхуэзэну си нэ къикӀыр.

— Сывоплъри, зыгуэр къэхъуа хуэдэу къысфӀощӀ. СлӀо, зызыгъэбэг тэтэрым фыгурыӀуакъэ? — щӀэупщӀащ Жэбагъы, шым епсыхыу, пщыми абы щӀыгъухэми щэныфӀэу фӀэхъус яриха нэужь.

— «ФызэгурымыӀуа» псалъэр щабэӀуэщ,— пыгуфӀыкӀащ Кургъуокъуэ.

— НтӀэ, фызэщыхьэпащ,— шэч къытримыхьэжу жиӀащ Къэзэнокъуэм.

— КъакӀуэ, Жэбагъы, мафӀэм деж дыщетӀысэхынщ.

Псалъэмакъыр кърымыгъажьэ щӀыкӀэ пщыр гупсэхуу щӀэплъащ и пыбжьым хуумыгъэфэщэну акъылыфӀэ лӀым и нэ губзыгъэ мамырхэм.

— КъыжеӀэт, си ныбжьэгъу, ди япэ хэт уэ къыбжезыӀэфар дэ дызэрызэщыхьар? Уэ укъыздикӀа лъэныкъуэм а хъыбарыр нэсын хуейкъым.

Жэбагъы и Ӏупэ гъущӀахэр хэлъэтри пыгуфӀыкӀащ:

— Дауи, Алигот лъэкӀ къимыгъанэу вы укӀам сэ хиӀуащ, пэжкъэ? Сэ зи гугъу сщӀыр щакӀуэм къыщыхъуарщ.

— УцӀыху телъыджэщ уэ, Къэзэнокъуэ,— пщым и щхьэр игъэкӀэрэхъуащ.

— Сэ уэ усцIыхуу щымытамэ, шэч сщIынт сераскирым и фIыгъуэ псори уэ къуентхъ пщIауэ. Сыт нэгъуэщI пщIэрэ?

— МащIи, куэди. Ауэ ар иужькIэ бжесIэнщ, иджыпсту игъуэкъым. Иджыпсту сэ къэсщIэн хуейщ, сипщ угъурлы, кърымымрэ фэрэ фи зэхуэзэр зэриухар.

— НтIэ, къедаIуэ,— щэтащ Кургъуокъуэ.— ИтIанэ сыбгъэмысэнуми ухуитщ...

* * *

Жэбагъы хэгупсысыхьауэ щыст, жьэгу ужьыхыжым дэлъ дэпхэр чыпэкIэ зэIищIэу. А тIум яку ит Iэнэм телъ лы гъэжьар упщIыIужырт, дыжьын фалъэм ит фадэми я Iупэ хащIатэкъым.

— Хьэуэ, пщы,— и щхьэр къиIэташ Къэзэнокъуэм,— сэ уэ узгъэкъуаншэркъым. Дауи узгъэкъуэншэн, уи пIэ ситамэ сэри апхуэдэ дыдэу сщIэну щытамэ? ЗыгуэркIэ уэ губгъэн къэпхьыпэу щытми, къызэрыпхьыр зыщ: уэ хъаным и хьэихубжэхуэщIхэм я захуагъэмрэ Iумахуагъэмрэ, апхуэдэ дыдэуи, уи... цIыхухэм къыпхуаIэу уигугъэ фIэлIыкIым егъэлеиIуауэ ущыгугъащ. Къысхуэгъэгъу, бзыщI зэрысхэмылъыр.

— Сэ бзыщI хэмылъу пэжыр къызжепIэнущ сызэрыпщыгугъыр,— жэуап къитащ Кургъуокъуэ.— Си жагъуэ къэпщIынкIэ умышынэу пэжыр къызжеIэ.

— Иджыпсту дэ дегупсысын хуейщ ди хэкум и Iуэху зэрыхъунум. Ари зэман гъунэгъу дыдэхэм къэхъункIэ хъунум.

— Аращ сэ си щхьэр щIэузыр. Алигот и лулэмкIэ абы гупсысэ гуэрхэр быдэу къриукIащ.

— Уи гур умыух. Къэгъанэ ар, пщы!

— Деплъынщ,— Кургъуокъуэ Жэбагъы иIыгъ чымпэр къыIихри мафIэ ужьыхыжым дэп пщтыр къыщилъыхъуэ нэхъей зэIищIэу щIидзащ.— ПщIэрэ, си ныбжьэгъу, си Iупэм нэгъуэщI зы хъыбари телъщ. Махуэ зыбжанэ хъуауэ абы дзэ узым ещхьу сызэрехуэ...

ИкIи Кургъуокъуэ абы хуиIуэтэжащ Адэлджэрий лIы мыцIыху гуэрхэм зэрахуэзар, Къубатий псэу хуэдэу абыхэм Хьэтэжыкъуэм къызэрыхуаIуэтар.

Жэбагъы хуэм цIыкIуу дыхьэшхащ.

— Ей, зи щIыхьыр ину Кургъуокъуэ, уэрэ сэрэ а зы хъыбар дыдэр зыр адрейм хуигъэтIыгъуа хуэдэщ.

— Уэри... уэри ар...— къэгумэщIащ пщыр.

— Къубатий зэрыпсэум щыхьэт къыпхутехъуэфыну

щытащ Алигот-пэщэр,— зэпIэзэрыту жиIащ хеящIэ ныбжьыщIэм.— Ар зэрыпсэумрэ зэрыузыншэмрэ шэч къытрахьэу щытамэ си Iуэхут Щоджэныкъуэм и уэркъ хьэжьвакъэжьышхитIыр сераскирым щIыгъуу щакIуэ ежьэтэм.

Пщым и нэгур мывэм хуэдэу жащ. Ар хуейт зыгуэрхэр жиIэну, ауэ къыхудэшейртэкъым.

— Пэжщ, пэжщ,— гуфIэу Iущэщащ Къэзэнокъуэр.— Ар гушыIэкъым, хьэмэрэ хъыбарыпцI щхьэрутIыпщкъым. Сэр дыдэм си нитIымкIэ слъэгъуащ Къубатий — нэхъ щIалэ къудан уигъэлъыхъуэнущ! — сепсэлъащ. ЩIалэ Iущщ, гъэсащ. Апхуэдэ насып зиIэ адэ куэд къэгъуэтыгъуейщ!

— Жэбагъы...— ерагъкIэ къыдришеящ Кургъуокъуэ.— Абы... а щIалэжь цIыкIум и гъусэр хэт?

— БжесIэнщ ари. Уэ, зи щIыхь лъагэ пщы, жыпIащ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ Iэмал имыIэу зэкъуэгъэувэн, зяку лъы дэлъхэр зэгъэкIужын хуейуэ... ЖыпIащ, абыкIэ сэри щIэгъэкъуэн сыпхуэхъупхъэу. Сэ си зэфIэкI мащIэм къитIасэ къэзгъэнэнкъым. Ауэ, пщIэрэ, си пщышхуэ, а Iуэхур уи деж къыщыщIэдзэн хуейщ... Пэжщ, пэжщ, сэ жысIэр! Зы махуэ закъуэу фIэкIа къыщымыхъуу ар илъэсиблкIэ зыпIар, зи Iэнэгу ишхыкIар, зи пIэ хэлъар, езым ищIэ псом ар хуэзыущияр — Тузар Къанболэтщ.

— Си къуэшхэр зыукIар...— ерагъкIэ зэхэпх къудейуэ жиIащ Кургъуокъуэ.— Я азалыхь къару къызэт...

— Хьэуэ, аракъым Iуэхур зэрыщытыр,— нэщхъейуэ щэтащ Жэбагъы.— Ауэ Iуэхум ипэжыпIэ ткIыбжьыр, пщы, сэ бжесIэфынкъым. Абы папщIэ уэ Къанболэтрэ Къубатийрэ уаIущIэн хуейщ. Къуэр адэм деж, дауи, къэнэжынщ, уимыгугъэ ар шэсыпIэу яIыгъ, ауэ Къубатий елъытэ уэ къуаншагъэ лъэпкъ зыкIэрымылъ Тузарым уекIужын хуейуэ. Уэ пщIэ псори къыбжезыIар Алыджыкъуэщ, нытIэ ЦIащхьэм и «бзэм и пэжагъым» Къэбэрдей псор щыгъуазэщ.

Хьэтэжыкъуэр куэдрэ щысащ щыму, итIанэ чымпэр мафIэм пэридзэри, псори зэпилъытарэ быдэу жиIащ:

— Иджыпсту зэкIужын Iуэхум и гугъу схуэщIынукъым. Ауэ зэхуэзэн хуейуэ жыхуэпIэр и гъуэщ.

— АтIэ а зэIущIэр сэ си пщэ дызолъхьэж,— къигъэгугъащ ар Жэбагъы.

*Гузэвэгъуэ зымылъэгъуам гуфIэгъуэм и уасэр зэримыщIэм теухуа псалъэ жаным щыхьэт техъуэ*
*ЕПЩЫКIУЗАНЭ ХЪЫБАР*

— А-а, си хъыджэбз цIыкIу, ар пщым къызэрилъхуар пщыгъупщэжа? — щIоупщIэ Нэлжан.

Санэ и нэкIущхьитIыр сырымэу къызэщIэплъащ, и нэхэр нурыр къыщIихыу маблэ — шэч хэлъкъым иджы дыдэ ахэр езыхэми хуэдэу хьэрэмыншэу хьэщыкъ жьэражьэ нэхэм зэрыщIэплъам.

— Сыт жыпIар, Жан? — хэгупсысыхьауэ щIэупщIащ хъыджэбзыр.— Сыт сщыгъупщэжар?

— Уэрэ сэрэ дызэрымыпщылъэпкъыр,— Нэлжан щатэри и щIыб къигъэзащ.

— Санэ и Iупэ пIырыпIу къэпщахэм ятелъ нэщхъыфIагъэр телъэтыжри и нэбжьыц кIыхьхэр нэщхъейуэ зэтеуэжащ. Зы псалъи жимыIэу гуэгуэн Iу зэвыр къиштэри ар псыхьэ кIуащ. Гъуэгу здытетым игу къэкIыжащ: дей щIагъым IэмыкIуэлъэмыкIуэрэ дыхьэшхэну натIэкIэ щызэIуэу я псэ лъащIэм сакъыу щыгъэпщкIуа гурыщIэ щэхур я нэгум меданкIэ къыщилыдыкIам, мы лъагъуэ цIыкIу дыдэмкIэ Къубатий мы псы IуфэмкIэ къиунэтIауэ арат. ИужькIэ, тIуми къэхъуа щымыIэфэ зытрагъэуат, арщхьэкIэ ар апхуэдизкIэ фэрыщI хъуати яхуэмышэчу дыхьэшхыу къыщиудхэри лъэныкъуэ зырызкIэ щIакъэгъащ.

Хьэуэ, гухэлъ гуэр сиIэу псымкIэ сыкъэкIуакъым сэ, зэгупсысыр езым и фIэщ ищIыну хэтт Санэ. Гуэгуэныр къыщищтэм абы игу къэкIакъым бгы щыхупIэм нэс — псы Iуфэ Iузэм деж ар Къубатий щыхуэзэну. Пэжщ, адэ шыпхъум и псалъэхэм яужькIэ, абы игу къилъэдат Къубатий хуэзэну. Абы щыгъуэ игу къыпылъэда къудеймэ, иджы Iэмалыншэу IущIэну хуейт. Сыхуэзащэрэт щIыжиIэр езы дыдэм зэкIэ къыгурыIуэртэкъым. Тхьэм ирещIи, иужь дыдэу... жыг хадэм нобэ... щызэхуэзэжу арамэ къищIэну арагъэнт. ИкIи Къубатий псымкIэ зэрыкIуар игу къэкIыжын ипэ къихуэу езыр абыкIэ кIуамэ, алыхьым апхуэдэу иухауэ аращ.

Къубатий псы IуфэмкIэ щыIэтэкъыми, Санэ и гущIэм банэ пхыр шыхьа щагъэкIэрахъуэм ещхьу уз щIыIэ гуэр зыхищIащ, хъыджэбзым гъуаплъэ гуэгуэным из псы кърИгъахъуэщ, мывэм тетIысхьэри кууүэ хэгупсысыхьащ. Иджыри къэс, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, Нэлжан къепсэлъэху, Санэ зэи игу къэкIатэкъым и гъащIэм къыщыхъункIэ хъуну зэхъуэкIыныгъэхэм, мы щIалэ пелуан зэкIужым

и гугъу пщIымэ, нэху къекIмэ зэрыIуплъэнум иригуфIэу псэу мыхъумэ, нэгъуэщI игу къэкIыртэкъым.

Псыхъуэ мывэ кIэщхъыр игъэщхъыщхъыу зыгуэрым и лъэ макъ щабэ къэIури абы и нэIуасэ псалъэкIэм жиIащ:

— Уэ Псыхъуэгуащэм урещхьыркъэпсщ.— Къубатий абрэмывэ иным и къуагъым къыкъуэкIащ.

Санэ губжьауэ щIалэм еплъащ.

— Сэ сыгуащэкъым.— Абы а псалъэхэр апхуэдизкIэ уардэу, куэд къригъэкIыу жиIати, къыпфIэщIынт лIакъуэлIэшым укъыхэкIауэ щытыным нэхъ емыкIу щымыIэу.— Уэ, щIалэ, пщышхуэм и унагъуэ укъыщалъхуа пэтми, лъэпкъ къызэрыгуэкIым къыхэкIа пщащэхэм ягу ирихьынкIэ Iэмал иIэкъым щэхуу укIэлъыплъыныр.

— Сыт пщы унагъуэ жыхуэпIэр? — Iэнкун хъуауэ жиIащ Къубатий.— А уи нитIым нэхъ лъапIэ мы дуней псом...

— Уи псалъэ фIэрафIэхэр уэ пхуэфащэ пщащэм хуэгъэтIыгъуэ,— псалъэмакъыр кIэщIу пигъэщхъыу Санэ гуэгуэныр къищтэри къызэфIэувэжащ.

— Сэ уэр фIэкIа псалъэ зыхуэзгъэтIыгъуэни зыжесIэни щыIэкъым,— адэкIи мыдэкIи имыгъэкIуатэу Къубатий абы лъагъуэ цIыкIум къыщыпэуващ.

— КхъыIэ, си хьэтыр къэлъагъуи, сыблэгъэкI, зи зэфIэкIыр ин пщы! — щынэ IэрыпIу Iэсафэ зытригъэуащ Санэ.— Уеблэмэ, зэштегъэу хьисэпкIи лъэпкъ икIэм къыхэкIам уепсалъэурэ уи зэман бгъэкIуэд хъунукъым.

Къубатий и фэр пыкIауэ лъагъуэм текIащ. Санэ лъэ псынщIэкIэ псыхъуэм къыдэкIыжащ. Абы здыкIэлъыплъым, зэхихынкIэ шынэу, ауэ зэхихмэ игукIэ имыжагъуэу щэхуу жиIащ:

— Уи Iэгум иту Iубыгъуэ закъуэм сефэным семыгупсысу пщыцIэр щIэстынт.

Санэ а псалъэхэр зэхихащ, ауэ зыкъригъэщIакъым: къэувыIакъым, жэуапи къритакъым.

* * *

МафIэр щызэщIэнэ къудей жьэгум пэрыст Емузрэ Къуаншрэ. Бжэ зэIухамкIэ уплъэмэ, дыгъэ къухьэм гъуатIэ-плъыжьыфэу ириIа уафэ кIапэр, зи лъащIэр къуршыщхьэ папцIэхэм хьэбзыпэу паупщIар, уолъагъу. ХьэщIэщыр дунейм щIыгъуу кIыфI хъурт, ауэ лIитIым уэздыгъэ пагъэнэну гукъыдэж яIэ хуэдэтэкъым.

Къуанш щIыбкIэ егъэщIауэ пкъом кIэрыту и хъыбарым пищэрт:

— ИтIанэ, си псэм хуэдэу слъагъу си хьэр — Акъбащт абы зэреджэр — ди таубийм щебэным, а цIыху гущIэгъуншэм унафэ ищIащ си хьэр яукIыу сэ башкIэ саубэрэжьыну. Нэлатыр техуащэрэт Чэлымэт Джабой. Узыну зы къыIурени адрей и дзэ псори алыхьым Iуигъэлъэлъ! Сэ абы и блыгущIэтхэм зыкIэ саубэрэжьати, сылIэн фIэкIа си гугъакъым. Джабой Iейуэ къэгубжьат сызэрымыкIийм щхьэкIэ, апхуэдизкIэ къэгубжьати, сызубэрэжьхэм къэпщIэнтIэху ядэIэпыкъуащ. ИтIанэ Чэлымэт-фызыпхэм унафэ ищIащ я деж сахуу и пщIантIэм сыдадзэну. ТIэкIу шхэрэ зигъэпсэхумэ,— аргуэру сакъуну жиIащ. ЖиIащ си гуфIэгъуэр* гуIэгъуэ ищIыну, сыкIиихуу, сыгъыху сиубэрэжьыну. Пщыхьэщхьэ гуэрым башкIэ сакъуащ. Ари сыт хуэдэу баш быдэт — зей башт. Сэ си гугъат абы и лъакъуэм седзэкъэн, ауэ сылъэIэсакъым, ауэ и лъахъстэным лъымрэ Iупсымрэ зэхэлъу сытеубжьытхащ. КIиинтэкъэ таубийр! «БзэгупэкIэ къозгъэбзеижынщ!»— жиIэрт. Абдежым дуней нэхур кIыфI хъури псори кIуэдыжащ, сэри сыкIуэдащ — сэ сымэхауэ арагъэнт. Жэщым щIыIэ хъури сэ сыкъэхъужащ, зызгъэхъеймэ — си Iэпкълъэпкъыр апхуэдизкIэ узырти тIэкIущ сыкIиином иIэжар. Си насыпти, лыр яубэрэжьами къупщхьэхэр псэут. НытIанэ сэ сыгупсысэу щIэздзащ. Пщэдджыжь аргуэру саубэрэжьынщ. Къысщхьэщыжын сиIэкъым. Пщым и пщылI зеиншэм къыщхьэщыжу пщым и бийуэ хэт къэувынур? УамыукIми, ныкъуэдыкъуэ уащIынщи, абы и щIыIужкIэ уи гъащIэ псокIи вым хуэдэу уахуэлэжьэнщ. Хьэуэ, ар хъунукъым. Силъ сымыщIэжу сыщIэпхъуэжынщ. Хьэуэ ари хъунукъым. Силъ сымыщIэжу сыщIэпхъуэжынуи сыхуейтэкъым. Сэ Акъбащ фIэкIа Iыхьлыи благъи сиIэтэкъым. Арати, Джабой и чэщанэм сыщIэпщхьащ. Соплъри, хьэнэфий уэздыгъэр сын иухауэ мэункIыфI, жьэгум дэп плъыжь зырыз иджыри щоблэ. Си нэр кIыфIым еса нэужь, нэхъыфIу слъагъу хъуащ: Чэлымэтыр пхъэ гъуэлъыпIэм илъщ, махъсымэ гуащIэм и мэр къыжьэдицыцыкIыу. Гъуэлъыжын ипэ къихуэу ефауэ аращ. ИбгъукIэ ерэн фалъэ щытщ. Къасщтэри сефащ. Си сэр къисхри сыщхьэщыуvауэ согупсысэ. СхуэмыукIыу сэр згъэпщкIужащ. Абдежым си щхьэр кIэрахъуэри Джабой сытеукIуриящ. Ар кхъуэм хуэдэу пырхъа мыхъумэ, къэушакъым. Соплъри, жьэгум лэгъуп фIэлъщ лэпс изу. Ар упщIыIупатэкъым. Зы фалъэ къизгъахъуэри сефащ. Сыкъэхъужыпэуи хуежьащ. Аргуэру Чэлымэтым сыщхьэщыхьащ, ауэ аргуэру схуэукIакъым. Хьэ-

* Къуанч — балъкъэр псалъэщ, «гуфIэгъуэ» жиIэу къокI.

уэ, сышынэу аратэкъым. Абы щыгъуэ сэ икъукIэ сыхахуэт. НытIанэ жьэгу уэнжакъым кIэгъуасэ къыкIэрысхщ, хьэнэфийр зыгъаблэ дагъэм хэсщIэри Джабой и нэкIур зэхэсцIэлащ. НытIанэ абы и гъуэншэджыр къасщтэщ, лэпс зэрыт шыуаным хэздзэри, щIыбым сыщIэкIащ. Псом нэхърэ нэхъ гугъур уанэ теслъхьэу, зыми гу къыслъамытэу, зыри къэзмыгъэушу шыр щэхуу къыдэсшынырт. Си дзажэхэр, щIыбыр апхуэдизкIэ узырти, сщIэркъым шыныбэпхыр зэрыскъузын къару къыздисхар. НытIанэ щхьэрыхьу сыкъэжащ. Сеплъмэ, шыр пщэхащ, зэгуэудыным нэсу,— нэхъ хуэм, иужькIэ лъэбакъуэ зысщIащ. ИтIанэ шым сепсыхри сутIыпщыжащ. Емуз деж лъэсу сыкъэкIуащ. Къэбэрдейхэм «хамэш тес и пхэ узыркъым» жаIэ щхьэкIэ, псэущхьэми лей епх хъунукъым. ЦIыхугъэкъым ар.

Къуанш и хъыбарыр иухати, и пыIэр, и нэр щIихъумэрэ жыпIэну, зыщхьэрикъуауэ Къанболэт дежкIэ плъэрт: сыту пIэрэ жиIэнур?

— Си жагъуэ мэхъу,— жиIащ Къанболэт.

— Сыт хъур? — игъэщIэгъуащ Къуанш.— Чэлымэтыра хьэмэрэ и гъуэншэджыра уигу зыщIэгъур?

Тузарыр ину щэтащ:

— Лэпсыр Iисраф зэрыхъуарщ си жагъуэ хъуар.

Къуанш гукъыдэж ин иIэу дыхьэшхащ:

— Сыту дэгъуэ! Сыту фIы! Тхьэ сIуэни уцIыхуфIыщэкIэ уэ, Къанболэт.

— Ей, «дэгъуэ-фIы»,— и пащIэ щIагъ щIэгуфIыкIми ткIиифэ зытригъэуэу жиIащ Емуз.— Ди хъыджэбзыжь цIыкIу щхьэпсыншэр езым хуэдэ бжэн щхьэпсыншэ мэзым жар къихужыну кIуащ. КIуэи, щIалэ, къэшэж ар, сщIэркъым апхуэдизу щIэгувэр — абгъуэр зэпиплъыхьрэ хьэмэрэ удз гъэгъа къищыпрэ? Бжэныр къигъуэтыжами къимыгъуэтыжами унэм кърекIуэж. Жэщ мэхъу.

— Ар Iуэху-тIэ,— гуфIэжу ину жиIэри Къуанш пщIантIэм дэлъэдэжащ.

ЩIэщI лъабжьэм джэдыр щызэпкъырызых Нэлжан абы къеджащ:

— Ей, щIалэ ахъырзэман! Си хъыджэбз цIыкIур, пщIэрэ...

— СощIэ, сощIэ! — абы жиIэр нригъэгъэсакъым Къуанш.— Сожэ къезджэжыну. Дэнэ щыIэ Батий?

— Шыхэр псафэ ишащ.

— Хъунщ-тIэ, сэри сожэ.

* * *

Санэ жыжьэ дыдэ щымыIэу къыщIэкIащ: Къуанш ар къуажэ цIыкIум къеуалIэ мэзым къыщигъуэтыжащ. Хъыджэбзыр удзым ерагъыу хэплъэгъуэж лъагъуэм тету къэкIуэжырт дзапэ уэрэд жиIэу, тхьэкIумэкIыхь шыр цIыкIур и бгъафэм щIикъуэзэу. Абы и ужь иту хэгупсысыхьагъэфэ тету бжэнри къэкIуэжырт, залымыгъэкIэ зэрамыхужыр игъэщIагъуэ хуэдэу и тхьэкIумэхэр игъэкIыу.

— Ей, тхьэIухуд! — Къуанш еджащ хъыджэбзым.— Куэдрэ уещэкIуа а назэм? КъэпщэкIуар зэбгъэшхын хьэщIэ къебджакIэ?

— Сыту ущIалэ делэ уэ, Къуанш! Апхуэдэу угушыIэ хъун? ТхьэкIумэкIыхь цIыкIум псори къыгурыIуэу къыщIэкIрэ шынэм илIыкIмэ, абы и кIуэдыкIэр дауэ уи напэм тебгъэхуэн итIанэ?

Асыхьэтым нэщхъыфIагъэм и нур зи нэгум кърих Къуанш и нэкIур мывэм хуэдэу жащ:

— Догуэт-зэ! Зэхэпхрэ?

Лъэмыж лъэныкъуэмкIэ, хьэблэмрэ Емуз и унэмрэ якукIэ, гузэвэгъуэ щIыIэр къызыпкърыхьа гуэрым и къугъ, фочауэ, шы щыщ макъхэр къэIуащ.

— Ей, пэж дыдэу зыгуэрым и лIэныгъэр темыкIыжын бжьыгъэу си напэм къытемынащэрэт! — щэIуу жиIэри, Къуанш щхьэрыхьу лъэмыжымкIэ щIэпхъуащ.

Здэжэм ар ялъэщIыхьащ щхьэж зыхуэкъулей IэщэкIэ зэщIэузэда и къуажэгъухэм. Ахэр лъэмыжымкIэ зэрыхьырт.

— Ди Емуз зыгуэрхэр къытеуащ! — жиIащ ахэм ящыщ зым.— ФепсынщIэкIыт, маржэ, мес ахэр.

— Лъэмыжым мафIэ щIадзащ унэхъунхэм!

Къуанш къилъэгъуащ зыр адрейм пэмыжыжьэу зэбгырыдзауэ щылъ хьэдищыр — нэхъ благъэу щылъыр Емузт. Къилъэгъуащ шууиплIи. ТIур зи щхьэр чэфым хуэдэу зеуалэ ещанэм ибгъу зырызымкIэ зыщIагъакъуэурэ, лъэмыжым икIыжауэ, псыщхьэмкIэ дэжейхэрт. Ещанэр псым мыдэкIэ къинат — Iэл хъуа шыр сыт иримыщIэми, пхъэзэтеупщIэ лъэмыж лъэгум кърадза мафIэм хуелъэртэкъым.

Зыгуэрым ибж хьэлъэм, Къуанш и щIыбагъымкIэ къикIыу и щхьэщыгумкIэ щхьэщылъэтри, шым и дзажэналъэ зэхуакум зыхиупцIащ икIи лIыр зэрытесу щIым техуащ. КъызэфIэувэжыну зыкъэзыIэтыжа лIым Iуплъэри Къуанш и къамэр абы и тэмакъым хиукIащ. ИгъэщIагъуэурэ илъ зэрищIэжам иригушхуэу ар иукIам и нэгу иплъащ — зан-

щIэуи къицIыхужащ — ар Чэлымэтым и блыгущIэт башкIэ зыубэрэжьахэм ящыщ зыт. Куэд щIатэкъым а удыныр абы игу къызэригъэкIыжрэ.

КъызэфIэувэжауэ щIыбкIэ щикIуэтым ар жыр джанэ телъыджэу, Къубатий къызэрыжриIамкIэ, уасэ зимыIэм, лъэдакъэкIэ жьэхэуати лъэпэрэпэным мащIэщ иIэжар.— А-а, мис аращ зэмыджа хьэщIэхэр къыщIэкIуар. Дэнэ щыIэ-тIэ Къанболэтрэ Къубатийрэ? Емуз мис... Щылъщ... Iыхьлы нэхъ гъунэгъу дыдэм нэхърэ нэхъ благъэ хуэхъуа цIыхум зыхуигъэщхъащ. Абы и хьэдащхьэ нэгум зэпIэзэрытыгъэмрэ ткIиягъымрэ къищырт.

Къуанш и щхьэр къиIэтащ. Абы ихъуреягъкIэ къепщIэкIа цIыху Iувыр иджыпсту зэплъыр Емузтэкъым, псом я щхьэри гъэзат унэмкIэ. Лъэбакъуэ шэщIакIэ уардэу абыхэм я дежкIэ къакIуэрт хьэлъэ шынагъуэр къихьу гъукIэм и шыпхъур. Къанболэт иджыпсту мыин дыдэу къыпщыхъурт икIи цIыхубз лъагэ Iэчлъэчым абы и хьэлъагъыр зыхимыщIэ хуэдэт. Тузарым и бгъэм, шхулъэ сэмэгум и лъащIэм хуэзэу, шабзэшэ кIыхьхэр къыхэпIиикIырт.

Нэлжан Емуз деж къыщувыIащ.

— Мис уи хьэщIэр, Псэтын,— фэрыщIагъ зыхэлъ макъ IэтакIэ жиIащ абы.— Уи псэр пытыху пхъумащ ар.

— Нэлжан... дэнэ щыIэ ди Батий,— макъ тхъунщIакIэ щIэупщIащ Къуанш.— Ари...

Нэлжан псы адрыщI IуфэмкIэ и щхьэр ищIащ:

— Iэпхлъэпхыу Iуашащ. Мы псор зи Iэужьыр Алыджыкъуэ ЦIащхьэрщ.

ЛIэкIейр азалыхьым зыхуигъэкIуэнырщ...

Асыхьэтым къыIухьащ и лъакъуэ щIэщIэхэм ерагъкIэ яIыгъ къудей Санэ. ЦIыхухъухэм бжыкI пкIэлъейм тралъхьэу лъагэу яIэта и адэр илъэгъуащ икIи и IэгумкIэ и Iупэр IуипIэри адрей IэмкIэ тхьэкIумэкIыхь цIыкIур зрикъузылIэурэ лъэгуажьэмыщхьэу етIысэхащ. Мэз бжэн уIэгъэм и плъэкIэ ищIу ар еплъырт зыпищI щымыIэ адэшыпхъум. Нэлжан къигъэлъэгъуащ лIыгъэ зыхэлъ щыгъуэкIэрэ къару мыкIуэщIыжрэ: лIыгъэ хэлъу зауэм хэкIуэда щауэ къуданхэр ягъейуэ адыгэхэм я хабзэкъым.

МэкъумэшыщIэ щIалэхэм я гугъат Емуз и хьэщIэ мыцIыхур — Тузар Къанболэт — Нэлжан къыIахыну, арщхьэкIэ яритакъым:

— Сэ схьынущ!

Унэ нэщIым ягъэзэж нэхърэ къуажэм щыщ унагъуэхэм ящыщу езыхэм нэхъ къыхахым зеиншэ хъуа цIыхубзитIыр щыхьэщIэмэ нэхъыфIщ щыжаIэм Нэлжан арэзы хъуащ.

Къуанш, жей Iувыр зыщхьэщиху нэхъей и щхьэр иутхыпщIащ икIи и фIэщу жиIащ:

— Сэ лIыукIхэм сакIэлъыщIэмыхьэу хъунукъым. Сожьэ...

— Дэнэ уздэкIуэнур? — къоупщIхэр абы — лъэмыжыр мафIэм ес.

Къуанш щыму жыр джанэр къищтэри лъэмыжым бгъэдыхьащ.

— КъэувыIэ щIалэ, пщIэр пщIэжрэ уэ!

— Ауэ ар хэт жиIи едэIуакъым. Жыр джанэм и щхьэр нриIущ, мащIэу зигъэщхъри зытеувэр имылъагъуу ар мафIэм хэпкIащ. Асыхьэтым псым мафIэр къызыпылъэлъ ентIыр зыбжанэ хэхуащ. Абы иужькIэ Къуанш теплъа щыIэкъым.

— МафIэм исагъэнщ,— щэтащ зи ныбжь хэкIуэта мэкъумэшыщIэр.

— Хьэуэ,— идакъым нэгъуэщIым.— А гъущI къиштар зэриIыгъыу Шэджэм хэхуащ. Мыпэжмэ, нобэ шууейр къызэрезгъэпсыха бжыр согъэпцI.

Нэлжан зыри жиIакъым. Укъэзымыщ Iэ Къанболэт и IэплIэм зэрилъым хуэдэу, лъэ бы дэкIэ бакъуэу абы мэкъумэшыщIэхэм я псэуалъэхэмкIэ игъэзащ. АбыкIэ яхьащ Емуз и хьэдэри...

Санэ и адэм бгъурыту кIуэрт, и бгъафэр хуэбапIэ зыхуэхъуа псэущхьэ шыр щабэ цIыкIур зэриIыгъыу.

* * *

Къубатий и Iэ- и лъэр пхарэ езыр гууэщIу щылъу къызэщыуащ. Абы япэ щIыкIэ къыфIэщIат щIыр хъейрэ щIиупскIэу, занщIэу и акъыл хуэкIуакъым щIыр зэрымыхъейм, атIэ губжьэ лъагэ зытет гур шы лъэщитIым жану зэрашэр.

ИщхьэмкIэ дэплъеймэ елъагъу вагъуэ пIащэ дыдэхэр зэрыс уафэ фIыцIэр,— апхуэдэу пIащэу, нуру ахэр щыплъагъур ауз зэвым ущыдэтырщ. И тхьэкIумэм ит щхъыщхъ макъ зэпымыужым къыщIэIукIыу абы зэхех гущхьэдэсым и хъущIэмрэ нал зыщIэлъ шыхэм мывэ гъуэгум ирагъэщI лъэ макъымрэ. Къубатий и щхьэр игъэзэн игугъат, арщхьэкIэ и нэ узым мазэ ныкъуэ щхъуантIэхэр къыщыIуидзэм, и Iупэм едзэкъэжри тэлайкIэ тесабыращ. Абы хуэсакъыпэу и IэпкълъэпкъыркъиIэбэрэбыхьащ, и щхьэпхэтIыгум телъ уIэгъэм упщIэ пыIэр кIэрыпщIат, удын къытехуа нэужь,пыIэр зэрыщхьэрымыхуари хъарзынэт — лъыр игъэувыIащ.

И тхьэкӀумэм ит Ӏэуэлъауэр нэхъ иныж хъури хуэмхуэмурэ псы губжьам и къугъ зэпымыужым хуэкӀуащ, зыгуэрым бжэ фӀыцӀэ абрагъуэр — уафэм нэхърэ нэхъ фӀыцӀэжыр — зэхуищӀащ дамэ Ӏушэнашэхэм фӀэкӀа къэмынэу, Къубатий къыгурыӀуащ Шэджэм аузым и зэвыпӀэ дыдэу удэплъеямэ пыӀэр пщхьэрыхуу къыр задэм пхырыха гъуэгу Ӏузэ цӀыкӀум зэрыкӀуэхэр, тхьэкӀумэӀупсыр иричу къугъыр псыкъелъэ цӀэрыӀуэхэу Къуанш зи гугъу ищӀар зэрыарар. Псыпыху ину лъагапӀэм къехуэххэм къахиху псыӀагъэ пӀащӀэм, язынықъуэкӀи ткӀуэпс цӀыкӀуцӀыкӀуу къаутххэм Къубатий и нэкӀур къатхьэщӀащ, уеблэмэ, иӀу игъущӀыкӀар игъэщӀытэн папщӀэ и жьэр ину зэтрихри и гум псэхужыгъуэ игъуэтащ: псыхуэлӀэм иукӀыжыртэкъым, уӀэгъэхэри нэхъ мащӀэу уз хъуат.

Ауэ нэгъуэщӀ узи — зыхэхуа емыкӀумрэ мыарэзыныгъэмрэ я узыр — къыпкърыхьащ, псом нэхъ бампӀэгъуэжыр къэхъуа псор зэримыщӀэрт. Пэжщ, абы ищӀэрт шыхэр псы щригъафэм шынагъуэу губжьа лӀитӀ къызэрытеуар, икӀи, а тӀум язырпсы уэр ежэхым и курыкупсэм хиутӀыпщхьэху, и щӀыбагъым дэтыр и щхьэм къеуэу зэригъэундэрэщхъуар. Ахэр унэми теуауэ пӀэрэ, теуамэ дауэ зэрыхъуар? Хьэмэрэ а зыр къадыгъуу абыкӀэ псори зэфӀэкӀа? Арамэ, ар дауэ унэм блахыу лъэмыжымкӀэ зыми имылъагъуу яхуэлъэфа? Къубатий и гущӀэр а псом я пэжыпӀэр зэримыщӀэмрэ шэч шынагъуэмрэ ячатхъэрт. Уеблэмэ, абы гу лъитэххакъым псы къелъэми и макъыр кӀащхъэ зэрыхъуамрэ блынитӀыр зэрызэкӀэщӀэкӀуэтыжамрэ. А блынхэм ящыщ зым и щыгур иджыпсту мазэм игъэнэхурт.

Ауэ жьыбгъэр къыкъуэури аузыщхьэмкӀэ кърихуащ вагъуэххэр зыӀурызыгъэлъадэ пшэ фӀыцӀэ уэшхыхьхэр. Жэщыр апхуэдизкӀэ кӀыфӀ хъуати, уигугъэнт мазэр Мухьэмэд бегъымбарым и зы ӀэгъуапэмкӀэ ихьэу, сыт хуэдизкӀэ абы и Ӏумэтыр мыинми, адрей ӀэгъуапэмкӀэ къыхуимыгъэкӀыжауэ.

ПэгункӀэ кърэкӀыхым хуэдэу къыщӀидзащ гъэмахуэм фӀэкӀа апхуэдэу ин мыхъу, абы щыгъуэми къуршхэм фӀэкӀа нэгъуэщӀ щӀыпӀэ зэуэзэпсэу къыщыщӀимыдзэ уэшхышхуэм.

ЦӀыхухэм я кӀий-гуо макъ къэӀуащ, япэ ит зэпыту къэкӀуахэм ящыщ гуэрым унафэ ищӀагъэнти, выгур нэхъ иныжу зэщӀэскъыскъащ. ИтӀанэ псы Ӏуфэм бгъэдэкӀыу кӀэщӀу игъэшри гъуэгу быркъуэшыркъуэм тету джабэм дэпщу щӀидзащ. Хуэд дэмыкӀыу Ӏэхъуэшыхъуэхэм я хьэхэм я банэ макъ къэӀуащ, тӀэкӀу дэкӀри выгур къэувыӀащ. Мэлыхъуэхьэ зыщыплӀым гур къажыхьу зафыщӀыжырт, ауэ

ахэри ерагъкIэ ягъэувыIэри щым хъуащ, иджы Къубатий IупщIу зэхихырт дэтхэнэ зы псалъэри:

— Фи пщыIэ фIейм хьэмэ къытрех,— а псалъэхэр макъ губжьа, гъэфIакIэ жаIат. ТэтэрыбзэкIэ псалъэ а макъыр Къубатий и нэIуасэт. — Мыбы бжьыдзи щыIэу къыщIэкIынщ! — Хьэуэ, иджыпсту Къубатий къищIэжынщ ар зи макъыр.

Ауэ Къубатий хунэсакъым.

— МызыгъуэгукIэ мы егъэзыпIэм нэхъыфI дгъуэтыну къыщIэкIынукъым, ди нэхунэу Алигот-пэщэ,— жэуап иритащ абы балъкъэр псэлъэкIэу тэтэрыбзэм ирипсалъэ гуэрым.— Иджыпсту пщыIэщIэ щIын щIадзэнущ. Куэд мыщIэу хьэзыр хъунущ.

«Ярэби, си уахътыр къэсауэ пIэрэ-тIэ? — егупсысащ Къубатий. Плъагъурэ зи лъэбжьанэ упэщIэхуар, щхьэншэ тхьэмыщкIэ? Зыгуэрым и щIакIуэр Къубатий къытрипIащ — дунейм цIыхуфI щымащIэ! Куэд дэмыкIыу ар къэхуэбэжащ икIи езы дыдэм имыщIэххэу Iурихащ...

* * *

Пщэдджыжьым уэшхыр увыIащ, ауэ дунейр щIыIэтыIэт икIи уфат. Чэлымэт таубийм и мэлхэр хъупIэ нэкIум ирагъэхьатэкъым, атIэ я щхьэр щIэгуауэ зэхэтт зэкIэщIэпщхьэжауэ.

Жэщым пхъэхуей жыгыщIэхэм къыхащIыкIа пщыIэшхуэм ерагъыу мафIэр щызэщIагъанэрт. Чэлымэт Джабой губжьауэ текIиерт пхъэ цIынэр зэщIэзымыгъэнэф мэлыхъуэ лIыжьым.

АдэIуэкIэ, мэлыхъуитIым мэлыр щызэIах щIыпIэм деж щащIа мафIэр гуащIэ дыдэу зэщIэплъат.

Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ пщыIэм къыщIэпщащ: абы и нэгу зэхэIуэта къэпщам къытещыр Iумпэмыгъэт. Iуэхур здэщыIэр я егъэзыпIэр игу зэрыримыхьымрэ дунейр зэрыуфамрэтэкъым. Иджыпсту лъэкIамэ, абы дуней псори зыIуригъэлъэдэнт. Пщыр мафIэм ибгъукIэ щылъ упщIэ шыхьам тетIысхьэри и Iэр пыIэ лъабжьэм щIигъэлъэдащ: жэщым абы и щхьэм шын зрищIа гуэрэфщхьэбж зытIущ къытекIат. Абы къилъэгъуащ: и бейгуэлхэм щыщу къыхуэнэжа уэркъитIыр и Iэм къеплъри дыгъум хуэдэу я нэр ягъэпщкIужащ. А тIум язым адрейм дежкIэ зигъэщхъри зыгуэр жриIащ а укIытэншэм жиIар къищIауэ Алыджыкъуэм тхьэ пхуиIуэфынщ. Дауи абы игу къэкIыжащ «Къуийм и щIыIу гуэрэф» псалъэхэр. Иредыхьэшххэ, Алыджыкъуэпщым абыхэм дуней щыIэрэ щымыIэрэ яри-

гъэлъагъунщ. Ауэ зэкIэ ишэчын хуейщ. Армырмэ къуэдзэн уимыIэжу укъэнэнщ. Аращ, кърым хъаныр гъуэжькуий фIыцIэу Къэбэрдейм щхьэпрыкIыху зышыIэн хуейщ. ИтIанэ Щоджэныкъуэм и къуэдзэ хъунущ псэууэ къанэ псори.

Псори зэпэщт, псомкIи арэзы хъунт Щоджэныкъуэр, гуэрэфхэм я гугъу умыщIыххи, я зекIуэр тэмэму зэфIэкIауэ щытамэ. Хьэтэжыкъуэхэ я щIалэжь цIыкIур къаубыда, Тузарыр шэч лъэпкъ хэмылъу яукIа пэтми, и мурад нэхъыщхьэм и Iэр теIэбакъым: жыр джанэ телъыджэр аргуэрыжьуи пщым и IэмыщIэ къихьакъым. Тузарым ар щыгъакъым. Дэнэ атIэ абыхэм ар щагъэпщкIуар! Хьэтэжыкъуэхэ я хьэпшырым ищIэу пIэрэ? ИщIэн хуейщ, ауэ къыбжиIэнкъым. Апхуэдэ лъэпкъщ ахэр. Ауэ тIум щыгъуи, еупщIын хуей хъунущ... Сыт мы таубий пхэ задэми къигъумшымыр? Щоджэныкъуэр зыIыгъ гупсысэхэм къыхэкIыжри Джабой еплъащ икIи къыгурыIуащ зыкъом щIауэ ар абы зыгуэрхэмкIэ къызэреныкъуэкъур.

...вы пщыкIутI, къыбгурыIуа? Абы нэмыщIу, нэхъыфIхэм ящыщу фоч зырыз, итIанэ IэфракIэтелъуи тIурытI — ари нэхъыфIхэм ящыщу...

— Зэ умыпIащIэ, умыпIащIэ,— игъэувыIащ ар Алыджыкъуэ.— Сыт уэ зи гугъу пщIыр?

— Iэу! СлIо, иджыри къэс жысIам укъемыдэIуауэ ара? И нэр къихуу абы Джабой къеплъащ.— Сэ бжесIэращи, си цIыхуитI хэкIуэдам щхьэкIэ уэ къызэптын хуейщ — къыбгурыIуэрэ? — мэл щэ ныкъуэ-щэ ныкъуэ, мыстуи хырых...

— Зэ увыIэт, таубий! Мыдэ соупщIынт: ярэбий щыгъынхэм ящыщ гуэрхэр нышIызгъуну ухуэмейуэ пIэрэ? И? КъыбгурыIуа?

— Сыт къыщIызгурымыIуэр. КъыщIыгъу.

— Псалъэм папщIэ, лэпсым хэбдза гъуэншэджым и пIэкIэ нэгъуэщI.

Джабой къэгубжьауэ дэпым хуэдэу къызэщIэнащ:

— УкъысщIэнакIэу ара, пщы хахуэр? Си щIыхуэр умыпшыныжыну ара? — Алыджыкъуэ хуэмыхьыжу къэтэмакъащ:

— Ар сыт псэлъэкIэ? Дауэ уэ хахуэ псалъэр къызэрупсэлъар? — къызэрыгубжьам и щыхьэту Iупс гъуэжьхэр иутхыу Iущэщащ ар.— Псом япэу Iуэхур зэIищIащ псым хэбдза мис а уи хьэвшырым, пщIэуурэ псоми дакъригъащIэри, зэрымыщIэкIэ датеуэфакъым. ИтIанэ си щIалэхэр а гъукIэ емынэм щеIэпщакIуэм, уэ адрейхэм я щIыб зыдэбгъапщкIуэу...

— НтIэ сэракъэ, сэракъэ,— хьэлъэу бауэурэ макъейуэ кIийрт Джабой,— а цIыхубз хахуэу узэIэпщэкIуам уанэгум фийуэ укъыщридзам щыгъуэ укъэзыIэтыжар? И?

Абы тепсэлъыхьын дэнэ къэна, ар ауэ игу къигъэкIыжын къудейр Щоджэныкъуэм дежкIэ хьэлъэт. Гурыгъу кIыфIхэр и гум щыжьэу абы хьэIуцыдзынэ цIыкIухэр и нэгу къыщIохьэж: ахэр пщIантIэм зэрыдогуэ, унэм къыщIож Тузарыр, ауэ асыхьэтым яутIыпща шабзэшэм кIэщIу къегъэувыIэри гууэщIу мэджалэ. Чэлымэт и цIыхуищыр хъунщIэну игъуэ хъуа я гугъэу хьэщIэщымкIэ щIопхъуэ, арщхьэкIэ абыхэм къапоув гъукIэр. Зыгуэр абы и сэшхуэм фIоуэри псэ хэмытыжу щIым тохуэ. ГъукIэм Iэ сэмэгукIэ кIэрахъуэр кърепхъуэтри шабзэкIэ зэщIэузэда, махуищ япэкIэ телъыджэу ажалым къела юзбашим *, Алигот-пэщэ и дзэпщым и щхьэр, дауи ирехъуи а щхьэ закъуэрт абы иIэр, зэхэуэм хелъхьэ. ЦIащхьэм Нэлжан щилъэгъуам игъуэта гуфIэгъуэм итхьэлэ пэтащ: сыт хуэдэ къуентхъ къиxьа абы и къэпхъэным! Нэлжани зигъэпщкIуну игу къэкIыххэркъым, атIэ езыр абы и лъакъуэм йопхъуэри кIэщIу, ауэ лъэщу къоIэ.. икIи... афIэкIа Алыджыкъуэ зэхихакъым, илъэгъуакъым. ЗыкъыщищIэжам лъэмыжым пэIэщIэ хъуат, уэркъитIым ибгъу зырызымкIэ зыкъыщIагъакъуэу къашэжырт.

— УвыIэ, Чэлымэт, увыIэ,— къилъащ Алыджыкъуэ.— Хъунщ, уэ шым укъехуэхыу уундэрэщхъуатэкъым, сыт-тIэ къуентхъ къулей къыщIумыщIар? Щхьэ унэр къэвмыхъунщIарэ?

— Си нэхъыжьхэм я лIакъуиблкIэ тхьэ сIуэнщ ди щхьэр псэууэ къыдэтхыжын хуейти арауэ! ТIэкIу зытIэжьэжамэ, ахэм къыщхьэщыжыну къежьа лъапцIэжьыдзэ псом дезэуэн хуей хъунут. Щэ, щитI хъунт ахэр. Дэ уеблэмэ, шыхэр къытхуехужьакъым. Пэжу си зы цIыху унэм щIэлъадэри къытлъэщIэмыхьэжу къыткIэрыхуащ. Дауи, яукIагъэнщ.

— АтIэ, си тIасэ, щIыхуэ гуэрхэр стелъ хуэдэу жыпIэу укъыскIэрымыхъыжьэ. Сэри а Iуэхум сыхилъэфащ.

Абы щыгъуэ Алигот-пэщэ ди Iуэхум хреплъэ. Дыгъуасэ лъандэрэ, пщы, уэ абы къыпхуиIэ лъагъуныгъэм фIыуэ хэщIа сфIощI. И хъугъуэфIыгъуэхэр къытепхыжакъым, и юзбашир хэкIуэдащ, алыхьым абы ахърэт нэху псори дыздэкIуэжынум къыщрит.

Хэплъхьэн щыIэкъым, пэщэр къыхуэмыарэзыуэ Джа-

* Ю з б а ш и (тырку псалъэ) — «щхьищэ» шууищэм я дзэпщ.

бой жыхуиIэр пэжщ, ауэ Алыджыкъуэ щIыхуэ къызытримынэн щхьэкIэ ауану пыгуфIыкIащ:

— Тэмэмщ, таубий! Еуэ, Алигот зыхуэгъазэ. Ар уи Iуэхум ауэ сытми хэплъэн къудей, Iэщ къыпхуимыгъэнэн дэнэ къэна уи иужьрей дыдэ гъуэншэджыр пщихынщ.

Джабой губжьымрэ бампIэмрэ хузэхыхьауэ и нэхэр къригъэжу Алыджыкъуэ еплъырт, жэуап къызэрыритын псалъэ имыгъуэту. ТIэкIу дэкIыжамэ, лIы хъыжьэхэр я къамэ Iэпщэм епхъуэну къыщIэкIынт, ауэ абдежым кърым сераскирым и макъ щIыIэ икIар уащхъуэдэмыщхъуэу къэIуащ:

— Ей, щхьэ фызэрышхрэ? Къупщхьэр фхуэмыгуэшу ара?

Джабойрэ Алыджыкъуэрэ макъыр къыздиIукIамкIэ псынщIэу загъэзащ, хъаным и лIыкIуэр пщыIэм къыщIэпщауэ къехьэлъэкIыпэурэ зиукъуэдийрт — и бгыр узу къыщIэкIынт, армырами зи щIыхьыр иным гукъыдэж щIагъуэ зэримыIэр нэрылъагъут.

Щоджэныкъуэ цIыху делэтэкъым, абы фIыуэ къыгурыIуэрт Алигот ажалым къыщригъэла жэщымрэ нышэдибэрэ яку зы къурш шытхыпс — Бахъсэнрэ Шэджэмрэ яку дэтым нэхърэ нэхъ ину — зэрыдэлъыр.

— Уи пщэдджыжь къэушыр угъурлы ухъу, ди пэщэ нэхунэ! — имычэзу дыдэу жиIащ Джабой.

Алигот нэщхъыцэу Таубий мыкIуэмытэм хуеплъэкIащ, итIанэ и гулъытэ лъагэр зэрыщыту Щоджэныкъуэм дежкIэ игъэзащ. Ар пщым еплъ хуэдэт, абы щыгъуэми блэплъ, е Iэпкълъэпкъым кIуэцIрыплъ къыпфIэщIыну.

Алыджыкъуэ — игукIэ абы сераскирыр Iумпэм ищIырт — зыкъримыгъащIэ пэтми — и щхьэ игъэкъуаншэрэ къысхуэпщI си унафэщ жыхуиIэу фэ зытригъэуат. Щоджэныкъуэм и плъэкIэм, зыIыгъыкIэ псом жаIэ хуэдэт: зы псалъэ жумыIэми, къысхуэпщI гукъанэхэр си гу лъащIэ дыдэм нэсу зыхэсщIащ. Пэжщ, пэжщ, Алыджыкъуэпщым тригъэчыныхьу Алигот-пэщэр мы зекIуэм хишэн хуеякъым, дауи, нэхъыфIт зэман имыгъэкIуэду, я гъащIэр псэ зэпылъхьэпIэ иримышэу занщIэу тенджызымкIэ, Сунджук — къалэ е Тамань, абы икIыу Кърым кIуэжу, къэбэрдей ерыщхэм гущIэгъуншэу лъы зэрагъэжэр и нэпсхэр къелъэлъэхыу, гущIэр кърихъыу гъуэгыу хуиIуатэу Къэплъэн Джэрий и лъабжьэм зыщIидзамэ. Мис дыгъуасэрей зекIуэр къащтэт, сыт абы фейдэуэ къыхахар? ТIу яукIащ, зыр къаубыдащ, абы щыгъуэми езыхэм тху ней, абы езы юзбаши дыдэр, Кърым псом щыцIэрыIуэ зауэлIыр хэту, яфIэкIуэдащ. Абы и щIыIужкIэ шыри...

Хьэмэрэ абрэджхэм иджыблагъэ сераскирым траха Iэщэр, дыщэр, мывэ лъапIэхэр къагъуэтыжа? Хьэуэ, къагъуэтыжакъым. Губгъуэ мафIэсым щIигъэIа губгъуэ бжэну къызэрехьэжьэжахэщ. Хэт къэзыгъэшынари? УнэIут къэгубжьахэрщ. Алигот псори илъэгъуащ... псы адрыщIым тету. Теуахэм япэм езыр иувэн хуеящ, си Iуэхут итIанэ псори зэпэщу зэфIэмыкIтэмэ.

Щоджэныкъуэр хуейт мис иджыпсту щыблэр уэуэ уафэхъуэпскIхэр къэмылыд щIыкIэ я щхьэщыгум къихьа пшэ фIыцIэжьхэр зэбгрихуну.

— Зи лъэщагъыр ин пэщэр хуэмейуэ пIэрэ,— мыбдежым Алыджыкъуэ машIэу пыгуфIыкIащ,— иджыблагъэ мы щIыпIэ дыдэм пэмыжыжьэу щыIэ мэзым зыщыхуэзауэ щыта щIалэр нэхъ гъунэгъуу зэригъэцIыхуну?

— Къекъу мыдэ абы.— Алигот нэхъ нэжэгужэ къэхъуащ.— Лыр нэхъ псынщIэу ягъэхьэзырынуи яжеIэ.

Щоджэныкъуэм и цIыхухэм нащхьэIущхьэ яхуищIри ахэр щIыгъуу выгум бгъэдыхьащ. Гъэрым щIакIуэжьыр къытрапхъуэтри хыфIадзащ. Къубатий къызэрыушрэ Iэджэ щIати занщIэу Iуплъащ гужьгъэжь щIэлъу зи дзэлыфэр зытI Алыджыкъуэ.

Къубатий ар занщIэу къицIыхужащ. Апхуэдэут, ар абы игу зэрыриубыдар.

Пщым щIалэщIэм зыхуигъэщхъри и тхьэкIумэм ихъуцэцащ:

— Абы щыгъуэ сыт уэ Тэрч ущIимытхьэлар, дыгъужь шыр?

— Зэ нэхъ мыхъуми сыпхуэзэжыну сыхуейти, пщы,— мамыру, уеблэмэ губжь лъэпкъ щIэмыту жиIащ Къубатий.

— НтIэ, мис дызэхуэзэжащ, уарэзы?

— Ауэ сытми,— Хьэтэжыкъуэ ныбжьыщIэр пыгуфIыкIащ.

Алыджыкъуэ аргуэру щIалэм гъунэгъу зыхуищIри иджы ерагъкIэ зэхэпх къудейуэ еупщIащ:

— Дэнэ здэщыIэр жыр джанэр? ЖыIэ.

— Сыт жыр джанэ? — игъэщIэгъуащ Къубатий.

— Мис ар дыдэрщ жыхуэсIэр. Уэ уощIэ ар зи сытыр.

-А-а-а, ардыдэри? — иукъуэдиящ Къубатий.— Сыт ар уэ зэрыпщIынур? — ЩIалэм и фIэщ дыдэу пщыр зыщIэупщIар игъэщIагъуэ хуэдэт.

Алыджыкъуэ и дзэхэр зэригъэшхащ, ауэ зэкIэ зызэтриIыгъащ:

— Хъунщ. Сэ иджыпстукIэ зэман сиIэкъым, нэхъ иужь-

кӀэ гупсэхуу дызэпсэлъэнщ. Иджыпсту уэ езы Алигот — пэщэ дыдэм уепсэлъылӀэн хуей хъунущ.

И лъэхъур ираха нэужь, Хьэтэжыкъуэ ныбжьыщӀэр Алиготым нэхъ гъунэгъуу бгъэдыхьэри,— ар еӀуящӀагъэ фӀэкӀа абы къызыхиха щыӀэкъым — къэхъуа щымыӀэм хуэдэу муслъымэн фӀохъусыр ирихащ:

— Сэлам алейкум!

— Уалейкум...— Алигот фӀэхъусым и жэуапыр имыщӀэххэу къыжьэдэлъэтыным тӀэкӀунитӀэщ иӀэжар.— Ей, уэ хъунщӀакӀуэ напэншэри уэ! И анэм и быдзыр зэриутӀыпщрэ куэд щӀакъым, итӀани мыри... мыри аращ... Мис унафэ сщӀынщ ныкъуэлӀэ ухъуху уаубэрэжьынуи, итӀанэ... ИтӀани къэзгупсысынщ итӀанэ къуащӀэнур!

— Сераскиру Ӏумахуэм къысхуигъэгъунщ, зыгуэрхэр си акъылым нэмысамэ, ауэ сэ къысфӀощӀ зы къуаншагъэ гуэр сӀэщӀэщӀа хуэдэу сагъэкъуаншэу, ара? — щэныфӀэ дыдэу жиӀащ Къубатий.

Ар Алигот апхуэдизкӀэ телъыджэ щыхъуати къыщылъэтащ.

— Мыр зэрынапэншэ! — щӀалэр игъэщӀагъуэ щӀыкӀэу жиӀащ абы.— СлӀо, щӀалэ, сыкъыумыцӀыхужу ара хьэмэрэ зыбгъэделэӀуделафэу ара?

— Дауэ сымыцӀыхужынрэ уэ пхуэдэ цӀыхушхуэр!, — жэуап ет Къубатий.— Ауэ хъунщӀэныр лӀыгъэ Ӏуэхущ, аращ дунеижьыр зэтезыӀыгъэр. Хэт езым хуэдэ цӀыхухэр ехъунщӀэ, адрейм и блыгущӀэтхэр, ещанэм хамэ лъэпкъхэр ехъунщӀэ.

Алигот и нэр къитӀэтӀу Къубатий къоплъ, абы жиӀахэр ерагъкӀэ и акъылым игъэткӀуу.

— Ей-ей! Сыт мы къэбвхэр? Мы дунейм къыщыхъу псори алыхьым и Ӏэмырщ. Алигот тӀэкӀу гупсысэри игурэ и щхьэрэ нэхъ зэтелъ хъужауэ щӀигъужащ:

— Уеблэмэ, цӀыхум и щхьэм зы щхьэц налъэ къыхэхунукъым алыхьым и Ӏэмырыншэу.

— Хэпхын щымыӀэу пэжщ,— арэзы хъуащ Къубатий.— НтӀэ, сэ къызэрызгурыӀуэмкӀэ, мэз гъунэгъум махуэ зыбжанэ япэкӀэ къыщыхъуа зэӀущӀэм си къуаншагъ хэмылъу пэщэ нэхунэм къелъытэ аракъэ?

— Дауэ зэрыхэмылъыр? — кӀиящ Алигот. Ар шэщӀауэ зыгуэрым егупсысыфыртэкъым.— Дэнэ щыӀэ си хъугъуэфӀыгъуэхэр? КъызжеӀэт мыдэ — дэнэ ахэр зыдэфхьар? Дэнэ щывгъэпщкӀуар? КъызжеӀэ, армырмэ уи бзэгур къистхъынщ.

— Си бзэгур къиптхъмэ, сэ зыри бжесӀэжыфыххэнукъым итӀанэ,— Ӏэдэбу жэуап иритащ абы Къубатий.—

ХъугъуэфIыгъуэхэр сэ згъэпщкIуакъым...— жиIэн ипэ а псалъэхэм фIыуэ егупсысат: щIалэр хуейт дыгъуасэ къэхъуа Iуэхум и пэжыпIэр зыхуэдэр къеутэкI-неутэкI псалъэхэмкIэ къихутэну.

— Ахьа, нытIэ зыгъэпщкIуар а уи мыстырщ, мыстыр? Хэтыт абы и цIэр? Туз...— пэщэр Алыджыкъуэ дежкIэ еплъэкIащ.— Туз...

— Тузарырщ,— къыхыхьащ псалъэмакъым Щоджэныкъуэр.— Мыбы щIыгъуу Бахъшысэрей дыгъуэгъуакIуэу дэтарщ.

Щоджэныкъуэр мыпIащIэу Алигот бгъэдыхьэри и тхьэкIумэм псынщIэу иIущэщащ:

— Мы пэшыницIэм яукIахэр жемыIамэ, нэхъыфIщ, армыхъумэ ерыщ екIуэнщи зыри къыпытхыфынкъым. Езым и закъуэ къэддыгъуащ — аращ жетIэнур.

Пэщэр гупсэхуу къедэIуащ, итIанэ къиужэгъуауэ и Iэр ищIащ:

— Сэри сощIэ. Дыгъуасэкъым сыкъыщалъхуар!

ЩIэрыщIэу къызэщIищIэжу хуежьа пшэ гуэрэнхэр зэбгрихун щхьэкIэ Алыджыкъуэ и Iэгухэр зэтригъауэри унафэ ищIащ:

— ИIэт зэ, лыр къэфхь! Жьагъэнщ, зиунагъуэрэ!

Тэтэрым и нэгур нэхъ зэлъыIукIащ мэл дзажэ псор зыфIэлъ дей дзасэр уэркъхэм ящыщ зым къыIэщIихыу Джабой щхьэщэ ищIурэ пэщэм ирита нэужь. Дзажэ къупщхьэхэр тхъуэплъ дахэ хъуат, ауэ лыр жьэпа хуэдэтэкъым: Алигот лыр ерагъкIэ дзэкIэ къыгуитхъыф къудейт, итIани нэхъыфIу ягъэжьэну яритыжакъым.

— Псэжь IуэхущIэкIэщ фи IэбэкIэр,— хъущIэрт ар и жьэм жьэдэлъ лым дахэ-дахэу имыгъэпсалъэу.— Филри аращ. Сэ си къулыкъумрэ си щхьэмрэ я пщIэм къемызэгъ мыпхуэдэ щытыкIэ иджы фIэкIа сихуакъым.— Абы лы Iыхьэшхуэ къыгуичар жьэ лъэтIанэм щызэригъакIуэурэ хуэмыгъэныщкIуауэ залымыгъэкIэ ирихухырт Алигот и натIэ лъахъшэм пщIэнтIэпсыр къытрикIутащ, и жьэпкъыпэм дагъэр къыпыткIурт.

— Тхьэ сIуэни, ди тетыр Батыр хуэдэу машхэкIэ.— жиIащ Джабой Iупсыр ирикъухыурэ.— Тэмэмуи ещIэ. Таулухэм * зэрыжаIэщи «Пщтыр хъуар цIынэжкъым».

Джабой нэгъуэщI зыгуэри жиIэн игугъат, арщхьэкIэ, балъкъэр псалъэжьым хэлъ гушыIэр къызыгурымыIуа пэщэм и нэр апхуэдизу къыхузэригъэдзэкIати, и псалъэр пичащ.

* Т а у л у (балъкъэр.) — бгырысхэр, мыбдежым балъкъэрхэр жиIэу къокI.

И мэжалIэ икIа нэужь, Алигот-пэщэм и бысым хьэщIафIэхэри гулъытэншэ ищIакъым:

— Фэ щхьэ фыщыт? ФыкъэтIыси фышхэ. Сыт иджы къахьынур? Гъэва жыпIа? Мыдэ а мыстыр... тхьэмщIыгъум щэ тешауэ ягъажьэр... Сытыт абы зэреджэр?

— Жалбаур! — гуфIэу кIиящ Джабой.— Иджыпстуупцlэ хьэзыр хъунущ!

Щоджэныкъуэм аргуэру зигъэщхъри Алигот-пэщэ и тхьэкIумэ цыбэм иIущэщащ, и щхьэр гъэр щIалэм дежкIэ ищIурэ:

— Сыт мыбы етщIэнур? Хэт ищIэрэ, занщIэу дымыукIыу здетшажьэмэ, дауэ уеплърэ? Тенджызым нэс гъуэгу кIыхь дэлъщ, Iэджэрэ пщыIэ хэттIэнущ...

— НтIэ, гъуэгум абы дыщытригъэунщ! — пщым и псалъэр Iэпиудри ину дыхьэшхащ Алигот.

И щхьэ лъагэу илъагъуэжрэ, гущыкI-гуемыIугъэ хэлъу ар зыкIэ гущыкIыу дыхьэшхати, Къубатий и гущIэм зыкъыдигъэзащ: хъан блыгущIэт ерум гъуэгум «зэштегъэууэ» щищIэфынур зыхуэдизыр уи нэгу къыщIэгъэхьэгъуейтэкъым. Си Iуэхут ар зи ныбэ из джэдур къиубыда дзыгъуэм зэрыриджэгум нэхърэ нэхъ Iейуэ къыптемыфыщIыхьмэ.

Джабой фэрыщIу дыхьэшхыпцIт, и теплъэ псомкIи Алигот зэрителъхьэмрэ зэрыдиIыгъымрэ къигъэлъагъуэу. Алыджыкъуи Iэдэбу пыгуфIыкIыу сераскирым и нэгу иплъэрт, абы и нэхэм наIуэу къыщIэщырт сыт хуэдэ дакъикъэми, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, зыми къамыщIэу абы и Iуэхутхьэбзащlэу щытыну зэрыхьэзырыр. НэкIэ ар Къубатий и нэкIум иIэбэрэбыхьащ икIи щIалэщIэм тхьэ иIуэфынт а плъэкIэ уахътым Кургъуокъуэ и къуэмрэ Щоджэныкъуэмрэ зэгурыIуэфыну, уеблэмэ зэгуэувэфыну Iэмал щыIэу къикIыу зыхищIауэ.

Къубатий фэ зытригъэуащ кууэ хэгупсысыхьа хуэдэу. Пэж дыдэуи абы иIэт зэгупсысын. ЦIыкIу-цIыкIуу зэпаупщIу мафIэм пэралъхьэу ягъэжьауэ щытмэ, дауи, абы и щхьэм и нэмысыр Iэпхъуамбэ жьакIэ хуэдизкIэ игъэлъэхъшэнкъым. Ауэ Iэмал иIэху уи щхьэр иныжьым щIыжьэдэпIуни щыIэкъым, ар пIащIэркъым. Апхуэдэ Iуэхухэм Iэрпхъуэрыгъэр сэбэпкъым. Хьэдрыхэ щыIэ гуэрми ар игъэкъуэнщэнкъым укъыкIэрыхуауэ укъэкIуащ жиIэу, Iэмал зэриIэкIэ зэманыр зэпылъэфын хуейщ. Хэт ищIэрэ, Къанболэт абы и лъэужьыр къихункIэ хъунщ... Армырми гъуэгум Iэджэ къыщыхъу хабзэщ...

Алигот лы гъэвам и Iыхьэ нэхъыфIхэр хутралъхьащ (мы зэм лыр нэсу гъэва хъуат). Зыбжанэрэ щыму абы

иригъэмэрэкIуэхащ мэлылу дунейм тетым я нэхъ IэфIыр — къэрэщей щынэ фIыцIэм и лыр. ИтIанэ ар тIэкIутIэкIуурэ хьэлъэ хъури губжьри нэхъ щхьэщыкIащ, игъащIэм зыдимылъэгъуа гурыщIэ щабэ гуэрхэр къыпкърыхьащ. Алигот езым и щхьэм хуигъэщIэгъуэжырт иужь махуэхэм зыхэта Iуэхугъуэхэм щхьэкIэ къэмынэу моуэ тIэкIу нэхъ цIыхуфIу щытыну игу къызэрыпылъадэр.

— НтIэ, башбузук хьэкIэпыч, мыдэ къыджеIэт: хэтхэ уащыщ, сыт хуэдэ лъэпкъым укъыхэкIа? — Алигот дагъэр зыкIэрыдиихьа и Iэпэ гъумыр Къубатий дежкIэ ишияц.— Е зэ жэуап къызумытыт, сэ къэсщIэнщ узыщыщыр. Сыноплъэри уэ лъэпкъ напэншэм укъилъхуа хуэдэкъым. Уэ адыгэ лIакъуэлIэш хъудырхэм уащыщ хъунщ. КъэсщIа?

Къубатий зыхищIащ Алыджыкъуэ и нитIыр тримыхыу ерыщу къызэреплъыр. Иджы пщым и нэIэ тригъэтт Къубатий жэуап тэмэм пэщэм зэрыригъэтыным, уеблэмэ, жэуапыр къыжриIэнуи хьэзыр хуэдэт. Ауэ ар лэжьыгъэ лейуэ къыщIэкIынут: Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэр бэлэрыгъынукъым — Iэмал иIэху я лъэпкъ унагъуэцIэр къриIуэн абы езыми и гуращэкъым.

— КъэпщIащ, нэхунэ, къэпщIащ.

— Флъэгъуа! — арэзыуэ гъурхъащ пэщэр.— Ей, и Iэр фтIати вгъашхэ мыр! Зэ фувыIэ, белэмбешэмхэ,— ящIэкIиящ ар и унафэр ягъэзэщIэну къыщылъэта уэркъхэм.— Щынэпхэ псыфу лъэныкъуэ зырызкIэ зыхыфIевгъэхуэну ара? Япэ щIыкIэ лъэхъу и лъакъуэ ижьым ифлъхьи абы пыщIа церпыр...Iэ ижьым ифщIэж... Сешащ фезгъаджэурэ...

Арати шы хамутым и Iыхьэ щанэ хуэдиз хъун жыгей лъэхъур лъэкIэным и щхьэкIэ щыхуэзэу ирадзащ, и Iэхэр зэрыпха кIапсэр къатIэтэжа нэужь, гъущI Iэпщэхъур иралъхьэри ар IункIыбзэ зэтыжа церпкIэ лъэхъум ирапхыжащ. И Iэ пкъынэхэр, лъынтхуэхэм лъыр щызекIуэу псэ къыхыхьэжыху, ундэрэбжьауэ щыташ, апхуэдизу зэпахулыкIати.

АпщIондэху щхьэукъуэн щIидзащ пэщэм икIи куэд мыщIэу зи ныбэ из лIыр жейм хилъэфащ. Абы и джабэм упщIэ щыщIадзым, Алигот жыIэдаIуэу гъуэлъащ. Джабой абы ибгъукIэ хьэмбыIуу тIысащ, бадзэ еуэну.

Лъэхъур церпымкIэ щIиIэтауэ иIыгъыу, Къубатий лъэныкъуэкIэ IукIащ. Ар мэлыхъуэхэм я жьэгум пэрытIысхьэри и Iэхэр мафIэм хуишияц. Хъыбий дыдэ хъуа зи къэпталыр зэхэдыжыхьа балъкъэр лIыжьыр укIытэхыу пыгуфIыкIри шхэным и пэ къихуэу ерэн фалъэ ин щIалэм къыIэщIигъэуващ.

Жэмышэм къыхэщIыкIа ерэн гуащIэм и сыхъыр и пэм-

кIэ кърихужу фIэIэфIыпсу здеIубым и хъуреягъыр фIэгъэщIэгъуэну къиплъыхьырт. Япэ щIыкIэ уэхыу, итIанэ кIуэ пэтми нэхъ задэу зызыIэт хъупIэр натIэкIэ жьэхэуэрт жьым зэрихьэ пшэжьхэм фIэгъэнапIэ ящIын ягугъэу зызыкIэращIэ къыр плъыжьыфэ дзахъэхэм. Пшэ чэтхъахуэхэм уапхыплъмэ, нэр щыджылу плъагъурт уафэ къащхъуэпсыр. АбыкIэ, нэхъ ауз лъащIэхэмкIэ, къурш шытхыр щIым щыхэкIыжым деж щыIэ мэз Iувым Къубатийрэ Къанболэтрэ фIы дыдэу махуиплI япэкIэ щыщэкIуат. Аузым и адрыщIыр нэхъ задэт икIи жыг зэхэпхъа защIэу мэз Iувт, тенджызым къыхэпIиикI къыру, скъар мывэ папцIэ зырызыххэ къыхэщу. АдэкIэ Шэджэм и псыщхьэмкIэ щолъагъу щыхупIэ хужь-гъуабжафэхэр, балъкъэрхэр АктопракъкIэ (ятIэ хужькIэ) зэджэхэр. Абы и Iэгъуэблагъэу псым лъэмыж телъщ икIи абдеж дыдэм блокI Бахъсэн аузым кIуэ щхьэдэхыпIэр.

Асыхьэтым Къубатий гу зылъитэжащ абы езым и пIэм ит цIыхур къебгъэлын папщIэ лэжьыпхъэхэм зэрегупсысым. ИкIи ар мащIэу нэжэгужэ къэхъужащ: хьэуэ, абы и бийхэм ялъагъункъым Къубатий игу иудауэ. Хэт ищIэн иджыпсту, мы дакъикъэхэм абы и ныбжьэгъухэм я нэ жанхэр ахэм я егъэзыпIэм гупсэхуу къыкIэлъыплъынкIи хъунщ, иужькIэ нэхъ я Iуэху къыщикIыным деж гъуэгум къыщыпэтIысын папщIэ...

— Мыпхуэдэ лъэхъу дахэкIей упщIыхэлъу жыжьэ укIуэфынкъым.— ЩIалэм и тхьэкIумэ дыдэм и деж Алыджыкъуэ и Iущащэ макъыр къыщыIуащ. Къубатий къыфIэщIащ абы и псэлъэкIэхэмкIэ дзыхь зыхуригъэщIыну ар хущIэкъуу, игу къыщIэгъу хуэдэуи къыхэщу.

Къубатий и щхьэр къиIэтмэ, зыкъэзыгъэщхъа Щоджэныкъуэм и дзэр итIырт. Пщым мэ Iей къыжьэдихырт.

— СыщIэпхъуэжыну пасэIуэщ,— Iэдэбу жиIащ Къубатий.— Япэ щIыкIэ шхэн хуейщ.— Зи Iупэр IушхыкIа фалъэр щIым игъэуври, церп зэрымылъ Iэ сэмэгумкIэ — мэл дзажэналъэ къиищтащ.

Алыджыкъуэ и нэ губжьахэмкIэ щепыджым, мэлыхъуэ лIыжьым Iэрпхъуэр хъуауэ псынщIэу лъэныкъуэ зригъэзащ. Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэмрэ ЦIащхьэмрэ я закъуэу къэнащ. Пщыр абдеж щылъ ентIыр кIапэм деж щетIысэхащ, Къубатий бгъурысу.

— Уэ егупсысыт. Уэ уи псэр жыр гуэррэ мывэ цIуугъэнэжь цIыкIухэмрэ нэхърэ нэхъ лъапIэкъэ?

— Уегупсысыпэмэ, дауи, хэт езым и псэми уасэ нэхъ лъапIэ хуигъэувыфынущ,— ауэ хамэм и псэм...

— Сыт хамэм и псэм?

— Ауэ адрейм и псэр мы къупщхьэм щыпамыщI Iэджэрэ къохъу.— Къубатий зэгъуа дзажэналъэр ЦIащхьэм иригъэлъагъури лъэныкъуэкIэ Iуидзащ.

— Сыт абыкIэ жыпIэну узыхуейр?

— ЖысIэнуращи, уасэр ята нэужь, уасэр зытам и щхьэри щыдагъакIуэ къохъу, а щхьэр делэрэ жыIэзыфIэщмэ.

— Уи щхьэр делэкъым, и ныбжь елъытауи хуабжьу хьилэшыщ.— Алыджыкъуэ а псалъэхэр жиIэрт зигъэфэрыщIрэ щIалэр щытхъукIэ къигъэпцIэн и хьисэпу,— хьэмэрэ пщым и псалъэ быдэ къуита нэужь, уи гущIэм шэч гуэрхэр къинэу ара?

— Мис аракъэ Iуэхур езыр, пщым и псалъэ фIэкIа нэгъуэщI узэрыбгъэдэмылъыр. Губгъэн къысхуумыщI уи псалъэр зэрызэпызудамкIэ, ауэ зи щIыхьыр ин уи ахьмакъыр къэуш си гугъэщ. ЦIыхубзэ пIурылъамэ нэхъыфIт, куэдкIэ.

— Уэ езыри упщщ! — щIэфиежу Iущэщащ Алыджыкъуэ.— Уимыгугъэ, зикI, сэ кърым хъаным апхуэдизу сридарэгъуу.

— Плъэт, къэушащ!

Щоджэныкъуэр къыщылъэтри сераскирым дежкIэ иунэтIащ.

Гъуэгу зэрытехьэнум сыт и лъэныкъуэкIи зыхуащIат. Джабой и гум къыщIитхъыу кIэлъыплъурэ мэл зытхух япхри выгум иралъхьащ. Къубатий шым ягъэшэсщ, и бгым аркъэн иращIэри, аркъэн кIапэр Щоджэныкъуэм и уэркъхэм яцыщ зым и уанэкъуапэм ирапхыжащ.

Шым плIаплIэу зытригъэщэтэжын ипэкIэ, Алигот-пэщэ и щхьэ хуигъэфэщащ лы тIэкIу ишхыу лэпс фалъэшхуитI трифыхьыжын. Мы зэм ар Къубатий дежкIэ еплъэкIыххакъым. Абы нэкууи напIэуи иIэр мы щIыпIэ «емынэунэр» нэхъ пасэу зэрибгынэнырт.

Лъагъуэ бгъуфIэмкIэ къехыжхэри псы Iуфэм зыдэзыгъэш гъуэгум тету зыкъомыфIрэ кIуахэщ. ИтIанэ Актопракъ деж телъ лъэмыж нықъуэкъутэ хъуамкIэ — ещэтэхыу шыри лIыри псым хэхуэныр бетэмалт — псы адрыщIым зэпрыкIахэщ. Лъэмыжыр щилъэгъуам Алигот и фэр шынэм пихуати тхьэ щиIуэжырт «сырат кёпрюсю»* уикIыныр мыбы нэхърэ нэхъ шынагъуэу щытын хуэмейуэ.

БахъсэнкIэ кIуэ гъуэгум и зэвыпIэм, ар аузым дыхьэу щригъэзыхым деж, выгухэр хыфIадзэн, шыхэр къыщIатIыкIыу кърахa хьэлъэр абыхэм трапхэн хуей хъуащ.

---

* Сырат кепрюсю *(тырку)* — диным хьэдрыхэ лъэмыж жыхуиIэрщ.

Бахъсэн хэхуэ Бедык псыIэрышэ къиурейм нэсауэ гъуэгурыкIуэхэм жэщ къатехъуащ. Ар Алигот-пэщэ и мацIэдзэр щIыхьыншэу щыкIуэда щIыпIэм нэхърэ фIыуэ нэхъ ипщэщ. ГъуэгурыкIуэхэр адэкIэ аузымкIэ нэхъ лъагэу дэкIуейуэ Тызыл псыхъуэм дыхьэн, иужькIэ Балъкърэ ПсыжькIэ * щхьэдэхын хуейщ. Гъуэгу кIыхьт, къуейщIейт, гугъут.

«Ей, мы слъагъуухэр егъэлеяуэ мэшынэхэр,— гупсысэрт Къубатий,— хуабжьу ягурэ я щхьэрэ зэтекIащ. Пхъэр къакIэлъыкIуэ, е къапэтIысаIакIэ шынэу мэсакъхэр... Гъуэлъыжыну загъэхьэзыр щхьэкIэ жейм езэгъыну пIэрэ? Мес Щоджэныкъуэм пщыIэ ящIын къуацэ пеупщIри, Iэуэлъауэ ин зэрыримыгъэщIыным иужь итщ. Телъыджэщ — ЦIащхьэмрэ пэщэмрэ я нэжьгъми сакъыныгъэщ къищыр. Таубий бэвым и теплъэри нэхъ щIагъуэкъым — ар апхуэдизкIэ тхьэмыщкIафэщ, и жагъуэ къащIагъэфэщи, емынэ гуэр иригъэлъэтэхам ещхьу и пэр зэхуешэ. Ауэ Щоджэныкъуэм и етIуанэ уэркъым къыфIэIуэху щыIэ хуэдэкъым. Сыту гъумыщIэ, лъэч — мис аращ къару зиIэр... Хэт емыIэпщакIуэнрэт абы... Хьэмэрэ... армырауэ пIэрэт жыгым щхьэкIэ еуэу щытар? Ардыдэрщ! Абы и нэм акъылу, цIыхугъэу щIэтыр нэгъуей гуум ейм щIэплъагъуэм нэхърэ нэхъыбэкъым...»

Лъэхъур цепкIэ иIэту Къубатий псымкIэ джэдащ. И нэгум псы щIикIэщ, и Iэр итхьэщIщ, псы еIубри псыIуфэ удзыпцIэм деж зыщригъэщIащ.

Дыгъужьыфэ зытет уэркъым — Зарифт абы зэреджэр икIи и цIэр зэрекIур адакъэм шхуэр зэрекIум хуэдэут — шыхэм кърихьэхырт упщIэ зэшыхьэкIа хьэпшыпхэр.

Джабой жьэгум деж щыIэуэлъауэрт, мафIэ къызэщIэнэм псы зэрыт лэгъупыр щыфIидзэу. Абы пэмыжыжьэу балъкъэр щIалэщIэм (ар пщыIэм къытрашат) мэлыр IэкIуэлъакIуэу зэIихырт. Абыхэм фIэкIа мыбдеж зы цIыху щыIэтэкъым, лымрэ лэпсымрэ хьэзыр хъуным пэмыплъэфауэ кхъуей гъущэ езыхух пэщэмрэ пщымрэ фIэкIа. Уеблэмэ езы Чэлымэт дыдэм Iуэху ищIэну и пщэ къыдэхуащ. АбыкIэ къуаншэри езырщ. Актопракъ деж таулу хахуэ пщыкIутху хуэдиз къыщыпэплъэну жиIати пцIыуэ къыщIэкIащ — зы цIыху къекIуэлIакъым. Хьэтэжыкъуэмрэ Алигот-пэщэмрэ я зэщыхьэмрэ абы и кIэм къикIынкIэ хъуну гузэвэгъуэм и инагъымрэ балъкъэр бгырысхэм езыхэм зэрафIэфIу къагурыIуа хуэдэт.

Чыцэ пызыупщIа уэркъыр, къудамэхэр щилъэфым, имы-

* П с ы ж ь — аращ адыгэхэр Кубань псым зэреджэр.

щIэххэ хуэдэу, Къубатий пэгъунэгъуу тIэкIу жьыIурыхьэгъуэ зригъэгъуэтын хьисэпкIэ къэувыIащ.

— Ей, ди гъащIэр гузэвэгъуэ хэмыкIыу дохьри-тIэ,— и щхьэ хужиIэж щIыкIэу щэхуу щэтащ ар.

Абы дежкIэ зимыгъазэу, Къубатий хуэм дыдэу абы жэуап иритыжащ:

— Гузэвэгъуэ зымылъэгъуам гуфIэгъуэм и уасэр ищIэркъым.

— Сыт-тIэ сщIэнур?

Дыгъэ къухьэм и нурхэм дыщэпс тхьэхуу яла псыбгъу щыхупIэ лъагэм худэплъейуэ здэщысым Къубатий ерагъкIэ зэхэпх къудейуэ къыхидзащ:

ЦIыв уи пашэм ухуешэр куэншыбым...

ИкIи щIигъужащ:

— Уи щхьэм нэсу ебзыпсым ущIимыгъанэ щIыкIэ щIэпхъуэж, щIалэ, къыпхуагъэгъункIи хъунщ, адыгэхэр гущIэгъулыщ. Уеблэмэ егъэлеиIуауэ.

— УщIалэщ сыбгъэIущыжыну...— уэркъым нэхъыжь хабзэу пхъашэу жэуап кърититын игугъат, арщхьэкIэ абы и макъ лъахъшэм къыхэщырт и щхьэм зэрыхузэгуэпыжри Iэнкуныгъэ къызэрыпкърыхьари.

...ЩыхупIэ щыгум гъущI зу макъ къыщыIуащ икIи Къубатий къилъэгъуащ дыжьыныфэ щабэу къэлыда жыр джанэмрэ абы и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм щыблэ вагъуэ гъуэжь цIыкIумрэ — апхуэдизкIэ упэIэщIэу аслъэн нэжьгъыр IупщIу къэлъагъугъуейт. Къубатий иужькIэ япэу жыр джанэр зылъэгъуар и мынэIуасэ зу макъым игъэщта Алигот-пэщэрщ. И Iэпэ сысыр ищхьэмкIэ ишийуэрэ абы макъ лъахъшэ дыдэкIэ ерагъыу къыдришеящ:

— Мор... къызэфт... Сыт мор зищIысыр?

— Сэращ зейр! — кIиящ ЦIащхьэр.— Аращ! Ардыдэрщ! Си жыр джанэрщ!

*«Iушэр насыпыншэщ жаIэкIэ, нэфым ар зэримыдэр»*
*зэрыпэжым шэч лъэпкъ къытозымыгъэхьэ*
*ЕПЩЫКIУТIАНЭ ХЪЫБАР*

«Ей, фэ испы угъурсыз цIыкIухэри фэ! Сыт фэ си бгъэр пхрывугъуэныкIын хуей щIэхъуар, сыт фэ си дзажэналъэ лъабжьэхэм къыщыфлъыхъуэр?!»— Зэран укъытхуэмыхъу икIи уэ дэ укъытхуэмышхыдэ, тIум щыгъуэми а къэтлъыхъуэр къэдгъуэтынущ».

— «И-и, си хьэзабыр зи ІэрыкІхэ! Мис сэ иджыпсту си ІэкІэ си бгъэр зэгуэсчынщи зэрызыхэу фыспІытІынщ! Фи лъэпкъ напэншэм щыщу — фэ фызэрылъэпкъыу си бгъэм фыщызэхуэсащ, ар сэ фІыуэ сощІэ,— зы закъуэ нэхъ мыхъуми дунейм къытезнэнкъым». Испыхэр зэман гуэркІэ тесабыращ: тхьэм ещІэ зэчэнджэщагъэнхэщ, итІанэ нэхъ иныжу загъэІэуэлъауэу щІадзащ: «Мис иджыпсту налкъут лъапІэ бгъэпщкІуар, ар мыбдежым, уи кІуэцІым зэрыщыбгъэпщкІуам, дэ дыщыгъуазэщ, къэдгъуэтынщи, дувыІэнщ»—«Хэт фэ насыпыншэхэм си бгъэм налкъут щызгъэпщкІуу къывжезыІар?»—«Ар къыджиІащ жэщкІэрэ цІыху жейхэм ятеуэу я лъым ефэ жэщтеуэ фызыжь губзыгъэм».—«Фыахьмакъыщ фэ испыхэр! Делэщ а фи жэщтеуэри. Налкъутыр — ар си шыр аращ, армыхъумэ мывэ лъапІэ гуэркъым!».—«Пэжуи?» Испыхэм аргуэру зэхэзежэн щагъэташ.— «Пэжщ, сэ КъанболэткІэ къызэрызэджэм хуэдэ дыдэу».—«НтІэ абы щыгъуэм дэ уедгъэфэнщ мывэ къыр ныджэм щагъэкІыу кІапсэ укъуэдия телъу ягъэгъуа хум къыхэщІыкІа махъсымэ, абы хэтлъхьэну фор Ахъмэт и Іуащхьэм къитхынщ». Испыхэм щэху цІыкІуу дыхьэшхыпцІхэри къафэу щІадзащ. «Иджыпсту си бгъэр зэгуэстхъынщ...»—«Хьэуэ, хьэуэ,— гузэвэгъуэр къыпкърыхьауэ лъэІуащ испы-тетыр.— Мис Емэч дахащэр, уи щхьэщыжыр къэкІуащ. Абы и Іэпэхэр уи бгым щытеІэбэкІэ, дэ ди щІыщІагъ хэкум жэрыгъэкІэ докІуэж».—«АфІэкІа фыкъэмыкІуэ! — якІэлъыджащ абыхэм Къанболэт.— Сэ си бгъэм налкъут лъэпкъ щыгъэпщкІуакъым!»

И нэр къызэтрихмэ, Тузарым елъагъу и Іэ лъэщхэмкІэ и бгъэр щабэу, гуапэу зышытІэ цІыхубз дахэкІейр.

— Ар уэра, си Емэч — зэхэпх къудейуэ щІэупщІащ Къанболэт.— Пэж дыдэу зэбгрыжыжа испыхэр?

— Хэт и испы? — игъэщІэгъуащ Нэлжан.

— ЕІуящІэ цІыкІухэр...— зэхэпх къудейуэ гъумэтІымащ Къанболэт.

— Си гущІэм хъугъуэфІыгъуэ гуэрхэр... къыщалъыхъуащ.

Абдежым Нэлжан гуфІащ, и Іэхэр зэтригъауэри, и напІэ къыщемыха жэщхэм фагъуэ хъуа нэкІущхьэхэм «щІау» жиІэу тІэу-щэ ІэгукІэ еуащ (ар нэгъуэщІ зыгуэру щытамэ, апхуэдэ удыным и щхьэр игъэутхъунт) — япэ дакъикъэм гуфІэщауэ псалъэр къемэщІэкІамэ, иужькІэ телъыджэлажьэ щыхъуауэ къыгурыІуащ уІэгъэ хьэлъэ, уеблэмэ къызэмылын хуэдиз уІэгъэ, зытелъ зауэлІым зыкъызэрищІэжар.

— Уэ, си щхьэ делэ мыгъуэ! Дауэ ар занщІэу...

Къанболэт и Iупэ фагъуэхэр лалэу пIэжьажьэрти, Нэлжан нэхъ лъахъшэу зигъэщхъащ.

— Щхьэ угърэ?

— Хьэуэ, хьэуэ, сэ сыгъыркъым, сыгъыжыркъым,— абы епIэщIэкIыу и нэпсхэр зэпилъэщIыхьащ.— СыкъэпцIыхужрэ уэ? И? СыкъэпцIыхужрэ?

Нэлжан къыфIэщIащ Къанболэт и нитI нэщIащэм иуэжахэу сабий къарууншэм ещхьу къеплъхэм асыхьэтым гуфIэм и гъуэбжэгъуэщыр къыщIэлыдыкIыу занщIэу ункIыфIыжа хуэдэу. ИтIанэ Къанболэт IупщIу икIи мамыру «ТIэкIу сыжеинщ» жиIэри и нэхэр зэтрипIащ.

* * *

Нэлжан Iэзэ IэкIуэлъакIуэу къыщIэкIат. Абы Къанболэт зэIуужыным зы тIэкIу фIэкIа имыIэжа куэбжэм къыдихыжащ. Ар зыхузэфIэкIын нэгъуэщI щыIакъым. А куэбжэм адэкIэ щыIэр зи щIысыр мыIупщI кIыфIыгъэщ. Абы нэгъуэщI дуней щыIэ? ЩыIэу жаIэ. Ауэ ар жызыIэр псэу цIыхухэрщ, ажалым и куэбжэм дэкIын хуейхэрщ. АбыкIэ къикIыжа, а куэбжэмкIэ къыдэкIыжауэ зыри щыIэкъым.

Нэлжан Къанболэт и бгъэм куууэ зыхэзыупцIа шабзэшэр къыхихыжащ, удз гъэвахэм япскIэ езым а уIэгъэр итхьэщIащ, уашхэ дагъэ щихуащ. Удз зэмылIэужьыгъуэхэр — асыхьэтым кърачагъащIэхэри, гъэгъуахэри, хьэжыгъэу ущэбахэри — Нэлжан къыхуэзыхьыр зи лъэри зи бзэри жан Хъадыжэ фызыжьырт. (дэ дощIэж Къубатий и пшэрыхьыр абы зэрыритыгъар).

Махуэ зыбжанэкIэ Къанболэт хэлъащ зыкъимыщIэжу; Нэлжан жэщи махуи зэкIэлъыкIуэу абы и пIэщхьагъым щхьэщысащ. Сани лъэкIымкIэ къыдэIэпыкъурт. Емуз (зым и адэм, адрейм и дэлъхум) и кIуэдыкIар а тIум зэрагъэвыфынур псом хуэмыдэу япэ махуэхэм, ящIэртэкъым, уIэгъэ хьэлъэм кIэлъыплъын зэрыхуейм тримыгъэуамэ.

Ахэр иджы мэкъумэшыщIэхэм ящыщ зым и унэм щыпсэурти, зэзышэлIа унагъуэми, гъунэгъухэми ялъэкI къагъанэртэкъым хьэщIэ насыпыншэхэр зыхуей хуагъэзэн папщIэ. Емуз къуэш ищIа щIалэм зэрызыкъищIэжам и хъыбарыр къуажэ цIыкIум псынщIэу щызэлъыщIэсати, мы пщIантIэм щIэупщIакIуэр щыкуэдт. Нэхъыжьхэр загъэщIагъуэу, уардэу щIэщIым щIэт тетIысхьэпIэхэмкIэ щетIысэхырт, щIалэгъуалэр гуп-гупурэ чыбжэгъу бжыхьыбгъухэм Iутт. Куэдым гукъыдэж ящIырт Тузарыр зыщIэлъ пэшым щIыхьэну, арщхьэкIэ, хабзэм ар имыдэ пэтми, Емуз и шыпхъум ахэр абы и деж щIигъэхьэртэкъым.

«Дывгъэгъэжей, абы щыгъуэщ абы и къарур къыщыкIуэжынур»,— жиIэрт. ИкIи абы зыри еныкъуэкъуртэкъым. Хьэблэ цIыхухъум дунейм ехыжа Емуз и шыпхъум щIыхьышхуэ хуащIырт. А цIыхубз ныбжьыщIэм и акъылыр езыр-езыру хуэкIуат Iэуэлъауэ лейр, цIыху зэблэкIыр — уIэгъэм и пащхьэ уэрэдхэр щыщыжаIэ, къыщыфэ щIопщакIуэм и гугъу умыщIыххи — сымаджэм икъукIэ зэран зэрыхуэхъунур. Нэлжан езы дыдэм къыгурыIуэжыртэкъым Iуэхум мыпхуэдэу зэрытегушхуэфар. А зэманым жэщи махуи ямыгъэжейуэ сымаджэм щIопщакIуэ иращIэкIмэ, нэхъ псынщIэу хъужу къалъытэу щыташ.

Ауэ, дауэ мыхъуами, махуэ гуэрым пщIантIэм къыщыIуащ шыкIэпшынэ макъыр. Абы иужь иту бэрэжьейм къыхэщIыкIа бжьамийм тхьэусыхэн щIидзащ. Пэжщ, бжьамийм щеуэр псым итхьэлар къыщалъыхъуэжкIэт, ауэ зэзэмызэ нэщхъеягъуэм емыхьэлIауэ мыпхуэдэу щеуи къэхъурт. Макъамэ зызышэщIам декIуу пхъэцIычри — ар зы Iэбжьэ нэхъ ямыкIыхьагъыу къыхаха пхъэбгъу цIыкIухэр зэтеупщIэу зы кIапэмкIэ зэпхыжауэ арат — джэгум къыхыхьащ.

Япэ щIыкIэ къафэ нэжэгужэхэм еуащ, ауэ тIэкIу-тIэкIуурэ а нэщхъыфIагъэр нэхъ кIащхъэ хъужащ. ЦIыхухъухэм ягу къэкIыжагъэнт иджыблагъэ лъыр уэру зэрыжар, ягу къэкIыжагъэнт, Емуз и кхъащхьэм телъ ятIэр зэрымыгъущар. ИтIанэ зи ныбжь хэкIуэта лIыжьхэм ящыщ зым, зэхэуэм хэкIуэдахэм я лIыгъэр игъэлъапIэ щIыкIэу, пасэрей уэрэдыжьыр къыхидзащ. Уэрэдыр зым адрейм иридзыжырт, адрейхэр я макъым зрамыгъэIэтыщэу абы ежьухэрт.

МэкъумэшыщIэхэм бампIэр къащытеуапэм пщы еру бзаджэмрэ лъхукъуэлI хахуэмрэ ятеухуа гъыбзэр къыхадзащ:

Къытхуигъэкlуэну лъапсэ кIуэд,
Лъостэн Къэрэщей гущэр къыттеуащ.
Зэи илъэгъуакъым езым гухэщI —
Шылэмрэ данэмрэ хэсу псэуащ.

И дыжьын фочыр къытхукъуегъэплъ,
Телъ дыщэ тхыпхъэр къытхуегъэлыд.
Зэ уэгъуэ закъуэм зэуэр догъуэлъ —
Йоплъ дыщэ гъуазэм, и нэр мэлыд.

ЗэщIимыгъэсту мафIэ лыгъей,
Iэщэншэу абы пэувыр хэт?
Зи шхуэIум еуэ шагъдийр хэт зейр,
Зы къамэ пцIанэу зэуэфыр хэт?

Хэт зи щIакIуэжьри хъупар хъыбий,
Хэт зимыIэххэу зауэр мэIуху,
Хутегъэсари зи пыIэр бийм,
Гуэбэнэч щыгъми, хуэхъуу мэIуху?

Бэлагъ хуэдизи хъур хэт зи Iэгу,
ЗиуплIэнщIым пфIэщIу зи хъугъуэ къэб?
Бийр щIимыгъэплъу зы мащIэкIи и нэгу
Жэщыбгым къэзыхьыр, щымыхъуу цы
къэп?

Мэшыкъуэ щIалэу лIы мэхъэшарщ —
КъимыкIуэтыжу мэкъумэшыщIэлIщ.
Пэжщ, лъхукъуэлI унэщ щауэр щапIар,
Ауэ цIыхугъэр и гущIагъщIэлъщ.

Абы кIуэцIылъщ Аслъэным игу,
И пащIэкIитIыр хъунщ зы къуацэгу,
ЛIыгъэм я лIыгъэм докIыф и щыгу,
Бийм яхыхьамэ — хьэдэр къанцэгущ.
ГуIэгъуэр къехь, къолъей шэ плъар,
Къарэр пырхъыжу егъэукIурий.
ЩIыгур джалъэу и нал жан лъам
Теуэжыфынукъым афIэкIкIэ бийм.

Дыпсэурт мамыру, хъушэт ди Iэщ,
Иджы дэ бгыщхьэм дыкъинэжащ.
Ди бийхэм гуауэр къытхуаулъэпхъэщ,
Мыгъуагъэр ди деж къыщепсыхащ.

ИгъащIэм мылъкуу зэхуэтхьэсар,
Къэрэщенжьу щIыхьэным щIым,
Зы сыхьэт закъуэм тфIызэщIикъуащ,
Хуэмыхьу къэнар арщ зыгъэсар,—
Ди лъапсэ сахуэр арщ зыщIар щым,
НыбжькIэ тхьэмыщкIэу дэ дыкъэнащ.

* * *

Уэрэдым и кIэух псалъэхэр зэхихат Къанболэти. Арфlыуэ жея дэтхэнэ цIыхуми хуэдэу езыр-езыру къызэщыуат, «испы» гуэри абы къещэжыртэкъым. Пэш кIуэцIыр кIыфIт, жьэгум дэлъ дэпхэр плъыжьу блэрт. ИтIанэ мыIупщI дыдэу абы и тхьэкIумэ къиIуащ цIыхухъу, цIыхубз макъхэр. ИужькIэ макъхэр кIуэдыжыпащ, цIыхухэр щхьэж и унэ кIуэжагъэнт.

Къанболэт къыгурыIуащ и акъылыр и пIэ зэриувэжар икIи къыщыщIам, и Iуэху зытетым егупсысу щIидзащ. Ы-хьы. Абы ещIэж шабзэ къызэрытрагъэпсар зэрилъэгъуар. Иджы гурыIуэгъуэщ шабзэпэр абы и бгъэм хыхьауэ зэрыщытар, армырамэ, лIам хуэдэу, зэшэзэпIэу джэлэнтэкъым. Апхуэдэ уIэгъэм къелыр зырызыххэт. Зэрыхабзэ-

щи, шабзэшэр къызэрыхачыжыххэу сымаджэр малIэ. Е уIэгъэр зимыщIэжу махуэ зыбжанэкIэ холъри, абы и ужькIэ малIэ. ТIум щыгъуи малIэ. Зэзэмызэххэщ псэууэ къыщелыр. НтIэ, ди насып щытекIуакIэ, иджыри дыпсэунщ, Къанболэт. Ар зи фIыщIэр Нэлжанщ! Армыхъуамэ... И бгъэр узыжыркъым. Ауэ куэдри зыбгъази хъущэнукъым. Ы-хьы. Къанболэт и Iуэху зытетыр гурыIуэгъуэщ. Къубатий-щэ? Емузи щхьэ сымылъагъурэ? Зэ къыщIыхьащэрэт Нэлжан.

ЦIыху нэхъ бэшэч дыдэри уз хьэлъэм куэдрэ иIыгъа нэужь сабийм хуэдэу къиин мэхъу. Къанболэт къыфIэщIащ Нэлжан куэдыIуэрэ къэту. Ауэ мис фIыуэ егулIа бжэм къыдэIукIащ цIыхубз макъ щэхухэр. ИкIи абыхэм ящыщ зыр, нэхъ жьгъыру гуапэр, Нэлжан зэримакъыр Къанболэт къищIэжащ, (а макъыр миным къахэIукIами абы къицIыхужынт!), макъ лъагэ мащIэу кIыргъыр фызыжь лъэрызехьэ гуэрым ейуэ къыщIэкIынт.

— Мы зэм щыхуэныр шкIэплъым къыхэсщIыкIащ,— жиIэрт фызыжь макъым.— Абы уIэгъэр псынщIэу егъэхъуж. Иджыпсту мы хущхъуэм игъуэ дыдэщ.

— Нобэ ди унэ укъакIуэу лъэбакъуэу къэпчым хуэдиз илъэс бжыгъэ алыхьым уи гъащIэм къыпищэ! — фIыщIэ ин абы хуещI Нэлжан.

— А уи алыхьыр апхуэдизу лъэщ ар къысхуищIэфын хуэдэу? — Фызыжьыр хьилэшыт, икIи щIэнакIэ зимыжагъуэт е къыгурыIуэшхуэ щыIэу къыщIэкIынтэкъым.

Къанболэт къыфIэщIащ ар хьилэшырэ ауаныщIу. Ауэ Нэлжан и фIэщу жэуап итащ и Iыхьлы гъунэгъу дыдэм щхьэкIэ шэсыпIэ ихьэм ещхьу:

— Алыхьым псори лъэкIынущ.

— ЛъэкIмэ лъырекI — арэзы хъуащ фызыжьри.— Уащхъуэкъанрэ Псатхьэрэ я нэфI фи алыхьым щыхуэ.

Фызыжьым и фасикъыгъэ псалъэм Нэлжан ирита жэуапыр Къанболэт зэхихакъым, ауэ къэхъуа щымыIэ хуэдэу фызыжьым и псалъэм пищащ:

— Куэдщ, укъэмыгубжь хъыджэбз ябгэр! Сыт апхуэдизу уи жагъуэ хъуну сэ жысIар? И жагъуэ ищIынкъым уи алыхьми. Ухуеймэ шкIэплъ лъабжьэм къыщIэзгъэвыкIам щыщ уэстыни? Уи нэкIум щыпхуэнщи, а щауэр нэхъ псынщIэу къыдэпхьэхынщ. Уэи, уэи, мыгъуэ, зэрыщумыхуауи дыхьэрэну къызэщIэнащ.

Къанболэт и нэщхъыр зэIууащ. «Хэт а щауэр» абы жыхуиIэр? Нэлжан и нэкIущхьэр дыхьэрэну къызэщIэнэну зыхуэфащэ щIалэ мы тIуащIэ пхыдзам къэзыхьар сыт? Жэбагъыуэ пIэрэ? А-а, арай ар... Хьэуэ, хьэуэ, пэжын-

къым. Сэр дыдэр Нэлжан нэхърэ сынэхъ щхьэпэлъагэщ. Жэбагъы абы и дамэм нэсын-нэмысыни. ИкIи IэпцIупцIщ, къуэгъущ... А тIур зэмыкIу. Хьэуэ, Къэзэнокъуэракъым. Хэтыну-тIэ?» Къанболэт и гупсысэхэр зэхэзэрыхьыжщ, и щхьэр къэузри зэрешар зэхищIащ — асыхьэтуи езыми имы щIэххэу жей IэфIым Iурихащ. Нэху щыху къэмыушыну. Уеблэмэ Нэлжанрэ Санэрэ абы и уIэгъэм а шкIэплъ хущхъуэфI дыдэр щыщахуэми къэушакъым.

* * *

КъуэкIыпIэмкIэ гъэза блыным хэлъ щхьэгъубжэр ин дыдэкъым, ауэ абы ирикъунущ мы гъэмахуэ пщэдджыжь бзыгъэ, ауэ иджыри жьэражьэу къызэщIэмыплъа дунейр зэрыбауэр зыхэпщIэн папщIэ. ИкIи Тузарым и Iэпкъ-лъэпкъ псомкIи зыхищIэ къыфIэщIырт бгыщхьэ мэз лъагэм и акъужь ткIыбжьри, мыл бгъафэм къыщIэжа къуршыпсым и сэхъ зэшыгъэр пщхьэщызыхри, къуалэбзум я гуфIэгъуэрэ нэщхъыфIагъэкIэ гъэнщIа я уэрэдри, бжьэ IуэхущIэрейхэм я ву макъри, куей къедзам къыщыкIми, щыгъагъэми, щыблэ мафIэми я хъыбар къезыхьэкI жыбгъэ хьэулей ерыщми я берычэтагъымрэ инагъымкIэ гъэнщIа нышэдибэрей пщэдджыжьыр. Пщэдджыжьым зыщIифа хуэдэт дуней псом дахагъэрэ къарууэ иIэ псор. Пщэдджыжьыр сымаджэм и щхьэкIэ хэлъ щхьэгъубжэ цIыкIум берычэту къыдэшкIурыкIукIырт, абы къаруущIэ, жаныгъэ, гугъэ дахэ къыхуихьу.

Къанболэт дыгъуасэ игу щыщIэ зэгупсысахэр игу къэкIыжри щэху цIыкIуу дыхьэшхащ. Иджыпсту абы хьэкъыу и фIэщ хъурт «а щауэр» жыхуаIар езыр зэрыарар. Пэжщ, а гупсысэм щышынэжщ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, абы нэ тригъэхуэным иригузавэри, псори зыщигъэгъупщэжынуи хэтат, ауэ къикIа щыIэкъым. Ерыщу жыIэмыдаIуэ гуэр Къанболэт и щхьэм щыкIий зэпытт. «Ар сэращ! А щауэр сэращ!» жиIэу. КъызэрыщIыхьэу Нэлжан и нэгум ар гупсэхуу иплъащ. ЦIыхубзыр мащIэу Iэнкун хъуат, ауэ зэпIэзэрытрэ гуапэу жиIащ:

— ЦIыху узыншэм и плъэкIэ уощI. Уи уIэгъэр къоузыжыркъэ?

— Уа, си бысым гуапэ,— пыгуфIыкIащ Къанболэт,— иджыпсту лы Iыхьэ къысхуашиякIэ, хьэуэ жысIэнтэкъым.

— Пэжуи? — и Iэхэр зэтригъэуащ Нэлжан.— Абы щыгъуэм ди Iуэхур йофIакIуэ. Сэ иджыпсту...— къыщылъэтыжри абы бжэмкIэ иунэтIащ.

— Ей, хъыджэбз ябгэ! — къигъэувыIащ ар Къанболэт.— Зэ умыпIащIэт.

ЦIыхубзыр жиIэн имыщIэжу и пIэм ижыхьащ.

— Дауэ хъун? — Iэнкуну и щхьэ хужиIэжащ абы.— Хъадыжэ сэрэ апхуэдэу ину дыуэршэру къэдгъэушауэ ара си... «ЦIопI» и Iэгу бгъуфIэмкIэ епхъуэри и Iупэр Iуипlащ: хэзэрыхьыжащ — зы тIэкIущ иIэжар игукIэ Къанболэт зэреджэ гъэфIэныцIэр жиIэным.

— Фи псалъэр зэхэсхащ, сыт-тIэ абы щхьэкIэ? ЗикI фэ зыгуэрым и щэху шынагъуэ нахуэ фщIакъым.

Ауэ Нэлжан и плъэкIэмкIэ адэ жыжьэу и гущIэм щигъэпщкIу гурыщIэр дэни щызэлъыщIысауэ хъыбар къыIэрыхьа фIэкIа пщIэнтэкъым.

Абдежым Къанболэт зыхищIащ насыпышхуэ къызэреуэлIар, икIи гуфIэ дыхьэшхыр хуэмыубыду къыпкърыхьащ. Япэрауэ, Нэлжан и щэхур дауэ имыхъумами нобэщ нахуэ щищIар, дыгъуасэкъым — нобэщ (сыту игу къэмыкIыжрэ дыгъуасэ Къанболэт и цIэр ахэм зэрырамыIуар, фызыжьым и щхьэр ар зыщIэлъ пэшымкIэ къищIами ар Къанболэт зэримылъэгъуар); етIуанэрауэ, иджыпсту абы имыщIэххэу къыжьэдэлъэтри «си» жиIэу къыщеджакIэ, гъэфIэныцIэ къыфIищауэ аращ. Гуапэщ икIи дыхьэшхэнщ ар, дауи. Къанболэт зыри къыгурымыIуауэ фэ зытригъэуащ, ауэ мыгуфIэу къэнакъым — цIыхум ауэ сытми цIэ лей фIащыркъым...

Арати, Нэлжани и щэхур езым фIэкIа зыми имыщIэу къыщыхъужа хуэдэу игу зэгъауэ ину щатэри:

— Сытыт жыпIэну узыхуеяр, Тузар и къуэ? — жиIэу щIэупщIащ.

— Сэ сызыхуейр мырат. Дэнэ щыIэ Емуз, дэнэ щыIэ Къубатийрэ Къуаншрэ?

Нэлжан ищIэрт Къанболэт абыкIэ къызэреупщIынури, и гуауэшхуэ къатепсыхар зэрыхуиIуэтэнум куэд щIауэ хуэхьэзырт. Абы псори къызэрекIуэкIар зэхэхауэ, псалъэ лей хэмылъу гъы-бжэ хэмыту жриIэжащ. Уеблэмэ, ЦIащхьэм тIэу фIэкIа ебгакъым.

Хьэдэм хуэдэу фагъуэ хъуа Тузарыр куэдрэ щыму щылъащ. ИтIанэ Нэлжан и Iэм Iэбэщ, и Iэпщэр быдэу икъузри хуэм дыдэу жиIащ:

— Сэ мыпхуэдэу куэдрэ сыхэлъ хъунукъым. Уэ дауэ уеплърэ, псэ нэху зиIэ, щIэх сышэсыжыфыну шы? Сигу къэкIыжыххэртэкъым! Ы-ы... Налкъут? — ар зыгуэр щIэупщIэн шынэ хъуат.

— Уэ къожьэ. Къыпхуозэш,— нэщхъейуэ пыгуфIыкIащ

Нэлжан.— НэхъыфIу ушхэмэ, нэхъ псынщIэу Налкъут ушэсыжынщ. Уи шыгъашхэр Санэщ. А тIум я бзэ зэрыщIащ. Дыгъуасэ а напэншэм шууэ къижыхьащ.— ИкIи а жиIэм зыкIи емыпхауэ щIигъужащ:

— Хъыджэбз насыпыншэ цIыкIу мыгъуэ! Ибэу къэнащ... Абы нэмыщIыжу,— си гугъэмкIэ, хьэуэ, арамэ тхьэ зэрыщытри — Къубатий щхьэкIэ Iейуэ мэгузавэ. Е гуIэгъуэ...

— Ар уэ зыгуэрурэ къыпфIэщIынкIи хъунщ,— хуэмурэ жиIащ Къанболэт,— сэ си къаным папщIэ апхуэдэу егъэлеяуэ сыгузавэркъым. А си щIалэр акъылыфIэщ икIи хьэрычэтыншэкъым, щигъуэм и деж и щIалагъэделагъэри къыжьэдекъуэф. Иджыпсту, дауи, абы псэзэпылъхьэпIэ шынагъуэ мащIэ къыпэщылъкъым. Ауэ сэ хьэкъыу си фIэщ мэхъу абы шахми матми я гъуэгу къызэрихутэфынур.

— Хэти и шах, сыт мат, на? СлIо, ди щIалэ цIыкIур тырку джэгукIэ гуэрым дихьэхауэ ара?

— Хьэуэ, ар тырку джэгукIэкъым...

— Вакъэм зи лъакъуэр къикъуз пщылIу си дежкIэ зыщ Тыркуми, Кърымми, Ермэлыми... Си гум вакъэ зэв къыщакъуа хуэдэщи...

— А узри увыIэнущ...

— Уэ пщIэжрэ Къэзэнокъуэ Жэбагъы жиIар: «Дыгъуасэрей гуауэр гъэвыгъуейкъым, пщэдейрей гуауэри пхуэгъэвынущ, ауэ нобэрей гуауэр дауэ бгъэвын?»

— А Жэбагъы дыдэ жиIащ нобэрей гуауэр пщэдейрей, дыгъуасэрей зэрыхъунур.

— А «пщэдейр» зэ къэсащэрэт,— Нэлжан щэтащ.

* * *

Хъадыжэ и пэ лъабжьэм щIэгурымыкIыу, дзапэ уэрэд гуэрхэр жиIэу удз гъэгъуахэр, удз жылэхэр, къэкIыгъэ гуэрхэм я лъабжьэхэр дихьэхауэ зэхидзырт, Санэ хэгупсысыхьыпауэ фызыжьым зэхилъхьэну хущхъуэр убалъэкIэ игъэщабэрт.

— Хъадыжэ хущхъуэ хъу удз куэд ецIыху,— и щхьэм хужеIэж фызыжьым.— Хъадыжэ и Iэр псынщIэщ, и лъэр жанщ, лъэпхъащэм-лъэпхъащэурэ жылэ IэфI дыдэ къэзыгъуэтыф джэдым хуэдэу и нэр жанщ. Хъадыжэ щыхуэну, зэфэну иIэр псоми сэбэп яхуохъу, ахэм ямыгъэхъужыф щыIэкъым. Ауэ уэ хъыджэбз цIыкIур иджыкIэ зыри ухуейкъым. ХъупIэфI дыдэм хэту къэхъуа бжэн цIыкIуу

уузыншэщ, укъабзэщ. Ауэ, пэжу къыщыхъу щыIэщ уэ пхуэдэ хъыджэбзхэм я куэншыбэ лъабжьэм къилъэту къыщеуэ ягу цIыкIухэм я нэIуасэ щауэм и гур хьэщыкъ къащIыну щыхуей... Абы папщIэ...

— Хьэуэ, нанэ, сэ абы сыхуейкъым,— нэщхъейуэ жиIащ Санэ.— Псэурэ узыншэу слъагъужащэрэт. НэгъуэщI мыхъуми зэ закъуэ, итIанэ...

— Догуэ, догуэ,— зэпиудащ абы и псалъэр фызыжьым.— Ярэбий, уэ зи ґугъу пщIыр... Дауи, аращ, иджыри къэс абы сыту гу лъызмытарэ! Сыт-тIэ зэ закъуэ фIэкIа плъагъужыну ущIыхуэмейр? Хьэмэрэ уи дахагъэм къыхуэмычэфауэ ара?

Санэ и щхьэр лъахъшэ дыдэу щIигуэри ерагъкIэ зэхэпх къудейуэ жэуап къитащ:

— Хьэуэ, аракъым, ауэ...

— Аращ жыпIэми си фIэщ хъунтэкъым. Мэзым къыщысхуэзэу сэ фызыжьым пшэрыхьыр къызэзыта щIалэм делэIуделафи ныкъуэдыкъуагъи телъкъым. Хьэмэрэ уэ ухуэмыфащэу ара апхуэдэ щауэ къуданым? — Фызыжьым и Iэпэ гъур Iушэр гушыIэу къыхуигъэдэлъащ.

— Хьэуэ, нанэ, сэ апхуэдэ насып сиIэкъым,— Санэ и нэбжьыц кIыхьхэм нэпс ткIуэпситI къапыткIуащ.— Мис си адэр сиIэжкъым, мис Къубатии...

— Умыбжэ, хъыджэбз делэжь цIыкIу,— къытехьащ Хъадыжэ.— Дэ Iушэр насыпыншэу жытIэ щхьэкIэ ар нэфым идэркъым. Адэхэр сытым дежи быным япэ ищын хуейщ. Уэ щIалэгъуэр, дахагъэр, лъагъуныгъэр, къэплъхун хуей сабийхэр уи Iэпэгъущ. Уи щакIуэм Iэмал имыIэу къигъэзэжынщ, мис итIанэ...

— Къигъэзэжыпэми сэракъым зыхуэкIуэжынур. Езым хуэдэу пщым къилъхуа къигъуэтыжынщ!

— А-а, ара уэ зи гугъу пщIыр?! — ину кIиящ фызыжьыр, и пщэр дзыдзэм ещхьу хишу.— Къэбгъуэтаи — езым хуэдэу... НтIэ, мыдэ къэдаIуэ,— Хъадыжэ и нэр хьилэуэ щIиукъуанцIэри, зыгуэрым щыщтэ нэхъей и плIэр зэфIигуащ.— А Къубатий фIыуэ ирегупсыс: ар езыр уэ къыпхуэфащэу пIэрэ? КъыбгурыIуа?

ЖиIэнур имыщIэу Санэ и щхьэр игъэкIэрэхъуащ:

— Зыри къызгурыIуакъым.

— КъыбгурымыIуами афIэкIа бжесIэнукъым,— щэху гуэр ищIэрэ ибзыщIым ещхьу Iущэщащ фызыжьыр.— Арыншэми куэдыIуэ бжесIащ.

* * *

**Игъуэ нэмысу, ауэ езым и уахътыкӀэ (н. ж. Ӏэпщэрызауэм щаукӀащ) лӀа, лӀэн и пэкӀэ колесцовэ ӀункӀыбзэ зиӀэ мушкет лъапӀэр, «нюрнбергскэ джэдыкӀэ» зыфӀаща сыхьэтым хуэдэ, Лейден къалэм и нагъыщэ зытет дыжьын бэтырбакъ, апхуэдэу жыр шыгъэцӀыв зыщӀыгъу шырыкъу лъэныкъуэ абрагъуэ зиӀа шэрджэс зауэлӀым и хъуржыным илъу къагъуэта**

## ӀЭРЫТХ

*Зи гугъу тщӀы Ӏэрытхыр нэгъуэщӀыбзэм къэрахыжащ икӀи, а тхыгъэм тэмэму жыӀа мыхъуа зыкъом хэлъми, а лъэхъэнэм щӀэныгъэшхуэ зиӀэ Европэр (щӀэныгъэшхуэ зыбгъэдэмылъа) Севернэ Кавказым и народхэм зэреплъу щытар тэмэму къызэригъэлъагъуэр къилъытауэ, тхьэгурымагъуэм езым и ӀуэхуеплъыкӀэхэр щӀыгъужауэ мыхэр тридзамэ тэмэму къелъытэ.*

*ПщӀэшхуэ зыхуэсщӀ ныбжьэгъум (апхуэдэу щыту сэ согугъэ), изящнэ искусствэм и бакалавр Иеронимус Бон хуегъэхь езым и тхыгъэр дворянин къабзэ, щӀэныгъэмрэ дуняплъэмрэ фӀыуэ зылъагъу*

*Клаус Пфефферкопф*
*(Х. Къ. и 1702 гъэ).*

Псом япэу, ди alma mater студент унагъуэм щызиӀа си ныбжьэгъу гуапэ, апхуэдиз илъэскӀэ сыкъызэрытамрэ си хъыбар зэрозмыгъащӀэмрэ я щхьэусыгъуэр уэзгъэщӀэн хуейщ. Сэр папщӀэ хъыбарыпцӀ зыупс, пцӀы къыстезылъхьэ цӀыхухэм гукъеуэ ин зэрахузиӀэм, апхуэдэу щӀыхьышхуэ зыхуэсщӀ си сэшхуэр абыхэм я кӀуэцӀ фӀеймкӀэ сымуфӀеин щхьэкӀэ, сэлам ехыжыным зэман тезмыгъэкӀуадэу Ӏэмал зэриӀэкӀэ сепӀэщӀэкӀащ сэ Швецием сызэрыкӀуэным. ЩӀыхуэ къасщтэрэ зи щӀыхуэ стелъхэм защызгъэпщкӀуу, абы нэмыщӀкӀэ щӀыхь зиӀэ унагъуэ гуэрым и цӀыхубз гуэрым къысхуиӀэ гумащӀагъэр къэзгъэсэбэпурэ абы мывэ лъапӀэ фахэр къыӀэщӀэзгъэкӀуэсыкӀыу ломбардым схьа хуэдэу ягъэӀуахэр пцӀыщ жысӀэу сыкъэувыну си щхьэ теслъхьакъым. Псом нэхъыкӀэжырщи, а пцӀырыпцӀышыр зутӀыпщар ди ефэгъу-

*1. Мыбы узыгъэгупсысэ гуэр хэлъщ.*

хэрщ, абы щIыгъужын хуейщ ахэм я бзэ фIейр къыщIэвэр ди зэхэзекIуэхэркъым, атIэ сэ ...скэтавернэм сызэрыщыIарщ. Иджыпсту сэ бжесIэнщ псори пэж дыдэу къызэрекIуэкIар, ди бийхэр езыхэм яхь... иретхьэлэж. ...гугъэ лажьэ гуэри зэрызбгъэдэмылъар уи фIэщ сщIыфауэ. ИщхьэкIэ жысIахэм аргуэру зэ ун фIэщ ящI иджырей итальяшкэхэм я нэхъыжьхэу «magna est viratas» Sed rara жызыIахэр икъукIэ захуэу зэрыщытар. Иджы сигу загъэу си хъыбарым пызощэ. Швецием, Упсалэ къалэ цIэрыIуэм, сэ илъэситIкIэ щызджащ медицинэр, философиер, икIи щIэныгъэ Iуэхум ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр къыщысхьыну къыщIэкIынт си натIэм илъ тхьэмыщкIагъэм мы къалэр симыгъэбгынамэ... ..ти, ефахэр щызэзауэм, сэри тIэкIу сахэташ, ауэ зи... хъун сырыху белэмбешэмым и щхьэ куцIыншэр ...зэрефэ квартэ зэрыхуэ фалъэ инымкIэ пхызыудар сэракъым.

Ди тхьэшхуэу Иисус Христосу псори зэлъэIумрэ — абы и цIэр игъащIэ псокIэ ягъэлъэпIэну — Iэмин — Стокгольм щыщ фIэлIыкI зиIэ унагъуэм къыхэкIа си нэIуасэфI цIыхубзымрэ (par exellence) я фIыщIэкIэ Карл XII и лIыкIуэу Россием, нужькIэ Ираным кIуа Людвиг Фабрициус и секретарь къулыкъур згъуэташ. Кавказым ис языныкъуэ лъэпкъхэр «Kizilbash-кIэ зэджэ персхэм я деж сыщыпсэуныр куэд мыщIэу сужэгъуащ, сыту жыпIэмэ гъэщIэгъуэн лъэпкъ хэслъагъуэртэкъым. НытIэми посольствэм и кIэзонэ ахъшэшхуэр кIуэдауэ хэIущIыIу хъуакIэт, икIи абы шэч (зыхуэдэ щымыIэ а псэжьыгъэр) сэ къыстралъхьэнкIэ тIэу еплъынутэкъым. КIэщIу жыпIэмэ, perilculum in mora — уриджэгу мыхъуну апхуэдэти, уи уз зыхьыным и хьэпшыпыр зэщIикъуэжри... илъэс мыбжанэкIэ Ост — Индскэ компанием и кхъухь хъурымэжьэрымэ зыщум сэ хирургыу сыщылэжьэну къысхуихуащ. Тхьэм солъыIу сызэIэзахэм (иджыпсту абыхэм я

*2. Псалъэр гурыIуэгъуэкъым.*

*3. Iэрытхыр мыбдеж щызэпоу.*

*4. ИкъукIэ тэмэму гу лъатат: «Пэжыр хьэпшып инщ, ауэ куэдрэ узримыхьэлIэщ».*

*5. Iэрытхыр мыбдежым щызэпоу.*

*6. квартэ-грамм 1.140-рэ.*

*7. хъуэхъущ.*

*8. француз псалъэщ. Мы Пфефферкопф езым гу лъитэжыркъым и фэрыщIагъымрэ напэншагъэмрэ зэрызэпэщылъым.*

*9. бгъэгувэну шынагъуэщ*

*10. Iэрытхыр мыбдеж щызэпоу.*

Iуэху жэнэтым щыIей дыдэу къыщIэкIынкъым) къысхуагъэгъуну.

Иджы мис, игъащIэ лъандэрэ народу щыIэм я деж щыфитIнэ гъащIэм къысхуиухауэ, аргуэру шведхэм къулыкъу яхузощIэ. Сэ иджы Кърым хъаныгъуэмрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ сыщыIэщ, королым сритIасхъэщIэхыу. Баккалавр еджагъэшхуэ, уэ мажийр дыдэ ухъуагъэнкIи хъунщ, ди псэм и щIасэ faterland и бийхэм я лъэныкъуэ сызэрыхъуамкIэ сумыгъэкъуаншэщIыкIэ къызэдаIуэ. Пэжщ, си хэкур ягухьащ Карл XII и бийуэ зауэ къэралхэм. ИкIи, хуабжьу си жагъуэ зэрыхъущи, (Европэм щыщ политик цIэрыIуэ гуэрхэми хуэдэу), а къэралхэр зи щIыналъэр Кавказым нэс, адэжкIэ зиукъуэдиину хущIэкъу Россием дарэ хуэхъуахэщ. Еплъыт адэкIэ къэхъум. Урысей Питер хьэбэсабэу зэхакъутащ. Данием и Фридрих и Iэр иIэтри зитащ, Саксонием курфюст Август цIыхубз лэгъунэхэм лъэщыгъэ нэхъ щегъэлъагъуэ, зауэ губгъуэм нэхърэ. Иджы, Iуэхур зыхуэкIуэм тепщIыхьмэ, куэд дэкIами мащIэ дэкIами Европэм урыс мыщэжьым дэIэпыкъун щигъэтыжынущ, итIанэ Карл (Тыркухэмрэ къырымхэмрэ гъусэ ищIынкIэ зэрыхъунур зыщыгъэгъупщапхъэкъым) ар илъэсищэкIэ къызэрымыкIыжыфын мыщэгъуэм ирнгъэпщхьэнщ! Апхуэдэу хъумэ, Московьем и Ипщэ щIыналъэхэр къыфIэIуэхужынукъым. НытIанэ, ечдо нэщI хъуа щIыпIэм зыгуэр кIуэн, мыбы щыIэ мэзылIхэм я Iуэху зехьэныр зыгуэрым и пщэ дилъхьэжын хуейщ. Хэт ар къэзыщтэнур? А Iуэхум ди къэралри хыхьэ щIэмыхъунур сыт? Шведхэм я дзэр пэлъэщынукъым ар ирагъэлъэтэхыну, итIани ар абыхэм я жьэ яущIам пэжыжьэфIщ. Иджы си гугъэщ уи ныбжьэгъур, католик тэмэмымрэ лIакъуэлIэш лъэщыжьым къыхэкIа дэтхэнэми хуэдэу, зэрыпатриот нэсыр хьэкъыу уи фIэщ хъуауэ. Католик тэмэму, гурэ псэкIэ...

11. *Ину жыIа хъуащ.*

12. *1700 гъэм Нарвэ деж.*

13. *Август иIащ «Лъэщу» цIэ лейр.*

14. *Ечдо хуэбгъэфащэ зэрыхъунымкIэ(лат.).*

15. *ДощIэ абыхэм я Iуэху зехьэкIэр.*

16. *ДощIэ, гурыIуэгъуэщ «патриот» гъащIэм хуигъэфэща цIэ лейр езым зэрекIупсыр.*

17. *Мыбдежым Iэрытхыр щызэпоу.*

...ЩІызодзэ телъыджэлажьэ сщыхъуа хэкур къестхэкІын.

Мы хэкум исщ шэрджэсхэр, къэбэрдейхэр, адыгэхэр, нэгъуейхэр, тэтэрхэр — ахэр псори зэрызэджэжыр адыгэщ.

Мы щІыпІэр икъукІэ дахэщ, куэду щыІэщ бгыхэри тафэхэри, псы Іуфэхэм деж мэз гъуэзэджэхэри, ауэ псыхэм бдзэжьей хэскъым. КъухьэпІэмкІэ адыгэщІыр тенджыз ФІыцІэмрэ Меотинскэ гуэлымрэ, къуэкІыпІэмкІэ — Каспийскэ тенджызым, ищхъэрэкІэ къэзакъкІэ зэджэ нэгъуей Іэпхъуэшапхъуэхэм я хэкум, ипщэкІэ зи щІыбагъ Сонэр къыдэс къурш лъагэкІейхэмрэ Дон псымрэ йоуалІэ. Адыгэхэр цІыху зэкІуж дахэхэщ, псом хуэмыдэу хамэщІ къикІахэр зыфІэгъэщІэгъуэнщ икІи ахэм яхуогуапэ цІыхубзхэр.

Ахэр икъукІэ къабзэлъабзэщ, хамэгухамащхьи яхэлъкъым. ЩІыгулъым гъавэфІ къет, ауэ шэрджэсхэм хьэпцІии авоси трасэркъым, хьэрэ мэшрэ мащІэ дыдэу ящІэ мыхъумэ. Хэкур дыжьын рудакІэ къулейщ. Куэд щІакъым ахэр мажусий диным зэритрэ, абы и пэжкІэ чыристану (грекхэм къыхахьауэ) щыта пэтми. Иджы мыбы муслъымэн диныр щытепщэщ. Пэжу, Тыркум куэду къару ин щиІэкъым. Тэмэмыр жыпІэнумэ, адыгэхэм диныр къърадзащэу щыткъым, я хабзэжьхэм нэхъ ткІийуэ тет мыхъумэ. ЦІыхухъухэм яшхэмрэ Іэщэфащэмрн пщІэ ин хуащІ, тІуми хуэІэижьхэщ, апхуэдэу щыт пэтми, зауэ нэс ирагъэкІуэкІыфынукъым. Сыту жыпІэмэ, дзэ ухуэкІэмрэ сатыру къэкІухьын жыхуэпІэмрэ щыгъуазэхэкъым.

Узденхэмрэ мырзэхэмрэ — н. ж. мыбы щыІэ лІакъуэлІэшхэм — махуэ псом зыри ящІэркъым, е мылъкум кІэлъыплъхэркъым, сату ящІыркъым, ауэ пщыхьэщхьэкІэрэ гуп зэрогъэхъури зекІуэ йожьэ. Къахъунщ Іэри хамэ хэкухэм я закъуэкъым, атІэ зыр адрейм тоуэ, къаІэрыхьэр къадыгъу. ХъунщІакІуэхэм, уеблэмэ я лъэпкъэгъу цІыху нэгъунэ къуентхъ къащІ, тыркухэм,

*18. Нэпсеягъэ гурыщІэрщ сытхэну сезыхулІэр жиІамэ нэхъ тэмэмт.*

*19. Псори зэхигъэзэрыхьащ.*

*20. Дауэ зэрыхэмысыр?*

*21. Еуэ, еуэ, зэхэтхъуэ псори.*

*22. Сыт Донри къыщІыхиІуар?*

*23. Хэт ар къыжезыІар?*

*24. Мис ар пэжщ. Ар икІи дэгъуэу къыщІэкІынщ.*

*25. Щыуагъэ инщ.*

*26. Абы тэмэму гу лъитащ.*

*27. Узден, мырзэ псалъэхэр адыгэ псалъэкъым.*

къэжэрхэм, нэгъуэщIхэми иращэ. Гу лъозгъэтэну сыхуейт шэрджэсхэм (уеблэмэ пщыхэм) дыщэ, дыжьын ахъшэм и уас... ... хуэдэ щапхъэ мымащIэу къысхуэхьынущ. Зэманыр зэрыхъуар къэсщIэну си сыхьэтыр къыщисхам, гъуэгугъэлъагъуэхэм си хъуреягъыр къаувыхьауэ абы къеплъырт, ар хьэпшып телъыджэ гуэру къащыхъуу. Псом хуэмыдэу яфIэгъэщIэгъуэныр сыхьэт къеуэ макъырт. Туземцхэм «нюрнберг джэдыкIэм» псэ пыту я гугъэт икIи ар зэрыпсалъэр сытыбзэ жаIэу къызэупщIхэрт ИтIанэ сыхагъэзыхьауэ къызэупщIырт уэ укъыздикIа щIыпIэм дыгъэрэ мазэрэ къыщепсрэ жаIэу.

Ауэ, псом хуэмыдэу, мыбы щыпсэу туземцхэм яфIэгъэщIэгъуэн дыдэр си парик хужь зи цыр пэрыпэ цIыкIуу шыхьарт. Абыхэм си «щхьэцыр» сщхьэрахыурэ щIэрыщIэу къысщхьэратIэгъэжырт... Я тепIэным и гугъу пщIымэ, ар мэ дахэ къызыкIэрих удзхэр зэрыкуа фэ уэншэкурэ екIуу зэкIэрыда мэлыфэм къыхэщIыкIа пIэпхъуэрэ телъу арат. ШхыIэнри фэ зэкIэрыдат, щхьэнтэр фэ пIащIэт цы щабэ икудауэ. Сэ згъэщIэгъуащ щхьэ телъхьэпIэм деж пщыхьэщхьэ къэс хъыдан хужь жыщIагъащIэ зэрытрапхъуэр. ИтIанэ — пщэдджыжьым сыкъызэрытэджыххэу — тепIэныр зэщIахырти ягъэгъущыну пщIантIэм щрадзырт.

Пщэдджыжь нэхущым деж щыщIэдзауэ шэрджэс нэплъыснэIусхэр си псэупIэм деж къыщызэхуэсхэрт. Хэти хуейт сэ къызэплъыну, адрейхэр си шухьэ камзолым къеIусэну, абы щыгъуэми щэхуу си щIыIур ирачыну. Куэдым IэпэтэрмэшкIэ я деж хьэщIэу срагъэблагъэрт. ЩIалэжьыцIыкIухэр си пыIэ щимэм я Iэпэр къыхуашийурэ я ныбафэр яIыгъыу дыхьэшхырт. Нэхъыщхьэр ахэм ятекIиерт икIи ятIэ шыкъыр ираутIыпщурэ Iуахужхэрт. ЗыгуэркIэ къызэхъуэжэну зи нэ къикIхэм щIэи-гъуни яIэтэкъым. Псалъэм папщIэ, мырзэ гуэрым зы подзорнэ нэрыплъэр талеритIкIэ (мо-

*29. Ди жагъуэ зэрыхъущи!*

*30. Мыбдежым Iэрытхыр щызэпоу.*

*31. Рпороз — псалъэм щхьэкIэ (франц.).*

*32. А зэманым щыIа шэрджэс гушыIэкIэр хамэ щIыпIэ къикIахэм я фIэщ хъууэ щытащ. Ахэр апхуэдэу къоупщIыфыну щытащ фи деж щыIэ шыхэм лъакъуих ящIэт е фи джэдыгухэр блэм хуэдэу щхъухь хэлъу дзакъэрэ жаIэу.*

*33. Бетэмал, щхьэр и гъусэу пщхьэрахамэ сыт хъунт!*

*34. Мыбдежым Iэрытхыр зэпоу.*

*36. КIэпIейкIэр абы щыгъуэ дыжьынт.*

сковскэ кIэпIейкIэ тещIыхьауэ) хьэлъэ зэрызепхьэ хъун шыбз дэгъуэ къызитащ. Къэбэрдей къамэ цIэрыIуэм хуэдэ саут фIыцIэ зытебза сампIэ гъэщIэрэщIам илъыжу дзэху кIурушкIэкIэ къэсхъуэжащ, ар ди къалэм щыпудыжыщ. Абыхэм я дежкIэ къызэрыгуэкI абдж щыгъэр...

Шэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэ щащэху фочыку, шы Iэмэпсымэхэр, шхуэIухэр, налрэ нал Iунэрэ, уанэм ирахьэлIэ хьэпшыпхэр, ахэр псори мыбы дэгъуэу щащIыф, ауэ къызыхащIыкIынур хуабжьу къомэщIэкI. Апхуэдэу яфIэфIу ящэху, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, къахъуэж шабзэхэмрэ шабзэшэхэмрэ, гъущI яе, щэкI зэмылIэужьыгъуэхэр — къэжэр къэдабэ, чэсыргей, цIыхубз щхьэтепхъуэ ящIын чэсей, лентI, уагъэ, нэгъуэщIхэри. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым махуэ къэс къагъэсэбэп хьэпшып жьгъейхэр: мастэ, Iэпхъуалъэ, шамбырым, кхъупщхьэм къыхэщIыкIа мажьэ, къэкIыгъэм къыщIахуа дагъэ, шхынхэлъхьэр, чыщмыщ, сабын хуэдэхэр. Абыхэм ягу ирихьыркъым кърымхэм щэ дагъэм къыхащIыкI сабынхэр — урижьыщIэну хъарзынэ щхьэкIэ, зрибгъэпскIа нэужь мэ гурымыхь къыпкIэрихыу махуэ IэджэкIэ къыбокIухь. Мыбы сабыныфIыр щылъапIэщ — жыпIар къуат.

37. *Сабийр къэбгъэпцIэным нэхъ тынш сыт щыIэ?*

38. *Мыбдежым Iэрытхыр щызэпоу.*

Иджы езы адыгэхэм куэд дыдэу ящэфыну хьэпшыпхэм ятеухуауэ. Псом япэу цыр — ар шухьэцщ икIи жьыщIащ. Выфэ дэгъуэу мин! Илъэс къэс фоуфI дыдэу шентал минитху! Апхуэдэуи шэху куэд дыдэ. Дзыдзафэу, бажафэу, дыгъужьыфэу, мыщафэу мелуан плIанэ мынэхъ машIэ.— плъэгъуа хъугъуэфIыгъуэ! Илъэс къэс мэлыфэ мелуан ныкъуэ. Дауэ къыпщыхъурэ! Вы бжьакъуэ минищэри гъуэгум телъкъым.

39. *Аращ Пфефферкопф псори къыщIигъэкIуэжыр!*

40. *Кинтал — килограмм 62-рэ хуэдиз мэхъу (тырку псалъэщ).*

ИкIэм-икIэжым — къэбэрдейхэм яшхэр. Абыхэм щытхъу яIэщ. Псом хуэмыдэу цIэрыIуэщ Shooloh, hara лъэпкъхэр. Зы шым унэIутий щиуасэ щыIэщ. Езы адыгэ унэIутхэр ныззэрыстхащи, икъу...

41. *Щолэхъу, хуарэ лъэпкъхэрагъэнщ.*

Иджы си тхыгъэм и кIэм ныбжесIэнур

42. *Хъарзынэщ Iэрытхыр мыпхуэдэу зэрызэ-*

мыращ — ауэ уи мыгугъэ кIэухыу нэстхым мыхьэнэ нэхъ мащIэ хуэфащэу, дэнэкIи къыщыщIидз британец зыкъызыфIэщIыжахэм зэрыжаIэщи, last, not least, иужь къина щхьэкIэ иIэ мыхьэнэр нэхъ цIыкIукъым. ИщхьэкIэ жысIам тезгъэзэжурэ сыхуейщ мы хэку дахащэр, къулейр нэсу къэзыгъэсэбэпыфын и IэмыщIэ щIэхыу ихуэн зэрыхуейр. Хэт япэ ищыфми и пхъэ нэхъыбэ къикIынущ. Ефэ-ешхэм къыкIэрыхуам къылъысыжыр ныкъуэшхщ. Иджыпсту егупсысын хуейщ унафэ щIыным, сату Iуэхур зэтеублэным ехьэлIа гугъуехьхэр зи нщэ дэзылъхьэжыфыну цIыхухэр къыхэхыным. Дэ дыхуэхьэзыру щытын хуейщ Азов губернатор къулыкъур щызыубыдынур Pedir pashap зэрыамырам, атIэ опыт, зэхэщIыкI зиIэ, тегушхуауэ дэтхэпэ Iуэхуми бгъэдыхьэн европеецу щытын зэрыхуейм. НыбжьэгъуфIу Иеронимус! Иджыпсту уэ уи къалэныр мы си щхьэм имыкI гупсысэр зыIэщIэлъ цIыхухэм ди псэм хуэдэу тлъагъу хэкур — сатуущIэмрэ дзэпщхэмрэ икIэм зынэтщI щымыIэ монархым деж нэбгъэсыныращ. Согугъэ зи зэфIэкI ин цIыхухэм, а псом нэмыщIыжу ахэр икIи жумартщ, си егугъуныгъэм хуэфащэ пщIэ къыхуащIыну икIи си сымыщIэу злэжь Iуэхугъуэ гугъухэм хуэфэщэн мылъку къызатыну. Сэ сыхуейт...

Тхын сыухыу зэтезгъэпщIэжа тхыгъэр зэтесхыжауэ аргуэру папэкIуэцI зыбжанэ ныщIызогъу. Тенджыз Iуфэм сыкIуэну гъуэгу сыздытетым (ари щIэсщIэр Iэмалыншагъэм срихулIауэ аращ). Тхьэм фIэкIа зыщIэ щыIэкъым, шури лъэсри зынхымыкIыф пыжьейхэр Iуву зэщIэкIа хуей псыIэ цIыкIупижьгъэм сэ жэщ — махуэ дапщэ сисынуми. Сэ си гъуса цIыхуипщIым щыщу зы закъуэ фIэкIа псэууэ къэнакъым. Абы пыжьей Iувыр пхиупщIыкIыурэ мы хуейм лъэс лъагъуэ пхищIыкIащ, мыбы шыхэр къиша нэужь, пиупщIа чыцэхэр паупщIауэ умыщIэну зэбгъурыту Iуву хигъэувэжри хуейм къихьэ лъагъуэр игъэпщкIужащ.

*пыур, армырмэ цIыху щэным хэуныкIын зи мурад европеец «еджам» и фIэщу итххэр уеджэнкIэ гурымыхьщ.*

43. *Педыр — пэщэ — ар Федор Апрасиян губернаторыр арагъэнщ.*
44. *ПэжкIэми, пцIыкIэми.*
45. *Пфефферкопф зыпищI щымыIэ и монархыр зауэрт, адрей монархырт Пфефферкопф къулыкъу зыхуищIэр.*
46. *Iэрытхым пытхъахуэ зэриIэм и зэранкIэ дэ къытхуэщIакъым Пфефферкопф хахуэр къыхуащIэну зыхуеяр.*
*Ауэ, дауи, мащIэкIэ гугъакъым.*

Туземхэр абы гъуэгур «дыжынкIэ» йоджэ.

Лэпсым хэхуа бдзэжьейуэ сэ сызыхэхуа Iуэху мыщхьэмыпэр мы щIыпIэм щыпсэухэм зыкIи пхуагъэщIэгъуэнукъым — апхуэдэ зэрыхьзэрийм ахэр есэжащ.

Мэз цIырхъхэр зэпыдупщIу губгъуэ тафэм дытету дыздэкIуэм, псы гуэрым и Iуфэм деж дэ дыIууащ щхьэпыупщIхэм я нэгъуэщI зы хъунщIакIуэ туп я бжыгъэкIэ дыдейм нэхърэ нэхъыбэу. Ауэ псом нэхърэ нэхъ гузэвэгъуэр дызыIущIа хъунщIакIуэхэм я нэхъыжьымрэ жыхьэнэмэ мафIэм исыи ди шу пашэмрэ яку лъы зэрыдэлъырт. Дыдей хьэбыршыбырым и кIакхъур япэ щIичри и бийм дунейм щекIуэкI бэлыхь псори щхьэщихащ, ауэ абы иужькIэ! Абы иужькIэ къэхъуам ущIэмыупщIэ! О, ди тхьэшхуэу Марие! Абы иужькIэ къэхъуар! Си бысымыр и бийр зэриукIам зэрыригуфIар зы дакъикъэ нэхъыбэнкъым — абы и щхьэр зэ фоч уэгъуэм фIахащ, уеблэмэ, и щхьэр зэрыпаупщIар езы дыдэм къищIакъым, щхьэ фIэмытыжу фут плIыщI хуэдиз ижа нэужьщ шым щехуэхар. ГущIэгъу жыхуэпIэр ямыщIэу къызэреупщIэтэхащ. Адрей лъэныкъуэми ди лъэныкъуэми щыщу зыбжанэ яукIауэ псым дыхахуащ, уэрыпIэм деж псыр лъэрыгъыпсым къыфIэкIырт. Ди бий гупым щыщ шууей хъыжьэ зытIущ псым къыхэпкIауэ, сэшхуэр ягъэкIэрахъуэу къыдахулIэ, псым дызэпрамыгъэкIыу. Адрей щхьэпыупщIхэр зэрогъэкIий, фочыр яузэдыжауэ сэрэ си гъуэгугъэлъагъуэхэмрэ къытхоуэ. Аргуэру хьэдэ зыбжанэ (е уIэгъэ хьэлъэ хъуа цIыхухэр) жьгъумпIэщ жиIэу псым щIигъэмбруащ. ХэщIыныгъэфI ягъуэтащ дыкъыщIэзыгъэIахэми.

Сэ псом япэу адрей псы Iуфэм сесылIащ, си Iуэхут си шым сыщысхьыжмэ. ИужькIэ къыслъэщIыхьэжащ ди гупым щыщу псорэ узыншэу къэна лIы хэкIуэта закъуэр. Теплъаджэ зиIэ а лIыжьыр езыр — абы и нэгум бзаджагъэрэ хьилагъэрэ къищырт, и нэкIур дыркъуэ зэфэ-

*49. ГъэщIэгъуэнщ «адрей бандэр дыдейм нэхърэ нэхъыбэт» жыхуиIэр гушыIи хуэдэтэкъым. ПIейтеищэу пэжыр къыжьэдэлъэтауэ ара? Хьэмэрэ хъунщIэну зекIуэ ежьауэ ара?*

*50. Иджы аргуэру «гъуэгугъэлъагъуэ» жеIэ*

зэщт — емынэу зауэрт. Арагъэнщ иджыри къэс ямыукIауэ щIэпсэури. ИтIани гъэщIэгъуэнщ — зауэ-банэм хэмыкIыу псэу а цIыхур куэдкIэ нэхъ пасэу зэрыфIамыбзар!

Аращи, дэ пыжьей зэхэкIам дыхэсщ, зыдгъэхъеин дошынэри. Дэ дыкъалъыхъу. Зэхыдох а хьэбыршыбырхэр зэрызэкIэлъыджэр, яшхэр зэрыщыщыр. Дишхэр щыщкъым. Апхуэдэу ягъэсащ. ЯщIэ ябг исхэм зыщагъэпщкIуар. Зейхэм ящхьщ, хъунщIакIуэ нэсхэщ.

Бжьыхьэ дуней уфащ. Си лъакъуэхэр псыфщ: ботфортхэм ярызу псы къилъэдащ. Си шырыкъуитIым языр псым ихьащ. ЩIыIэ схудеху, пыхусыху сыхъуа хуэдэщ. Сыт сщIэнур? Пэж дыдэу мис аращ (vevic) Iуэхур шыпхэщ жыхуаIэр. Уеблэмэ, мафIэ пщIы хъунукъым.

51. *ГурыIуэгъуэщ а адыгэлIым зы шырыкъу фIэкIа щIимыхъумар.*

Пыжь зэщIэкIам и курыкупсэм уиплъмэ, уэгум ит пшэхэмрэ жыг щхьэкIэхэмрэ фIэкIа нэгъуэщI плъагъуркъым. Лъэбакъуэ щищкIэ нэхъ тпэмыжыжьэу уолъагъу зи щхьэщыгур тафэ къыр лъагэр — ер къызэрыкIа зэхэуэр къэхъуным дакъикъитI нэхъ имыIэжу дызыблэкIа гранит къырыра си гугъэщ ар.

52. *Латин хьэрфхэр зэпрытхъыжат. Ди зауэлI хъыжьэм латиныбзэрэ бзэ зырызыххэм къыхипхъуэта жыIэгъуэхэмрэ и Iуэхужу къыщIэкIынтэкъым. Хьэуэ, ар хуеягъэнт vaevictis хагъэщIам псалъэ жанхэр игу къигъэкIыжын.*

Ди пхъэрхэр тпэгъунэгъу дыдэу блэкIа къудейщ. Шым я лъэ макъ дэнэ къэна, я бэуэкIэри зэхэпхырт. Дауи, а абрэджхэм я нэ къыхуикIыркъым сэ сщIыгъу хъунщIакIуэм и нэжыгъым, ахэр зылъыхъур сэращ. Шэч къытрахьэ хъункъым зыгуэр зэрыскIэрахыфынум. О, си тхьэ! Дапщэщ ахэр езэшу щыIукIыжынур! Пэжу, шыгъуэгу хадэм хэс дзыгъуэм хуэдэу, дэри дыкъэбгъуэтыну тышкъым. Нэхъыщхьэращи, уеблэмэ ди пэр пабжьэм къыхэдгъэщ хъунукъым. ЩIыIэщ. УэтIпсытIщ. Си гущхьэм дзыгъуэшхуэхэр щыджэгуа хуэдэщ. Сыт щыгъуи си пщэм фIэдза си домбеякъ шэкъалъэжьыр нэщI мэхъу, псалъэ стхыху къалэмыр шакъэм хэзгъэуэн хуей мэхъу... Мыр сыт? Си тхьэу тхьэшхуэ! Уи лъабжьэм зыщIэзыдзэ тхьэмыщкIэм гущIэгъу къыхуэщI! Абрэдж гуэр къыр щыгум тетщ и Iэр ди дежкIэ къищIу.

53. *Дауэ мыхъуами къагъуэтынущ.*

54. *ЛIахэм я цIэ IейкIэ ирамыIуэми аращ цIыху Iейм хуэфащэр.*

55. *Абдежым Iэрытхыр щеух.*

*Шы пщІэгъуалэ утесу уежьэмэ, щхьэц тхъуауэ къызэрыбгъэзэжынум щыхьэт техъуэ*
*ЕПЩЫКІУЩАНЭ ХЪЫБАР*

Къубатий ибгъукІэ щыта уэркъым пхъэ ІэплІэ къыІуихьар ІэщІэхури и жьэр ущІауэ мывэкІэщхъ псыфым деж етІысэхащ. Щоджэныкъуэм и адрей уэркъ бзаджэнаджэр — Зэриф, алыхьым нарт къарурэ хахуагъэ мыкІуэщІыжрэ зритар — псыІэрышэм псынщІэу зэпрыкІри къыр задэм дэпщу щІидзащ, къехуэхмэ, къыщыпщыжрэ кІэрыхьэжу.

КъэпІейтеяуэ Чэлымэт Джабой псы Іуфэм Іуту дэжейкъежэхырт, псым хыхьэн темыгушхуэу.

Алигот-пэщэри кІий-гуорт, унафэри хъуанэри зэщІэту. Япэ уахътым зэрызыхуэмыІыгъам хущІегъуэжа Щоджэныкъуэр и ІэфракІэм едзэкъэжырт икІи мащІэу сыс и Іэпэлъапэр зэригъэувыІэным иужь итт. Ар и нэ гъуабжитІымкІэ псы Іуфэм Іус и уэркъым кІэщІэпыджэри, къырым дэкІ жиІэу къригъэкІыу и Іэр ищІащ. Модрейм и щхьэр игъэкІэрахъуэри, хьэлъакъуиплІу пщым бгъэдэпщхьащ. Щоджэныкъуэм кІэрахъуэр крипхъуэтащ. Уэркъыр къыщылъэтри псы Іуфэм Іуту щІэпхъуащ. Уэркъым, къэувыІэн дэнэ къэна, нэхъ псынщІэ зищІащ, куэд дэмыкІыу нэпкъым екІэкІа чыцэхэм хэлъэдэжащ. Абы зыри кІэлъыжэртэкъым, кІэлъыжэни иджыпсту щыІэтэкъым.

— Мыдэ умыпІащІэ уэ, епцІыжакІуэ,— кІэлъыкІиящ абы ЦІащхьэр.— Фызэрылъэпкъыу...

Абдежым пщым къыжьэхэплъащ Алигот-пэщэ.

— Сыт цІыху лъапсэ мы былымхэр! — Іупсыр ипхъырт сераскирым.— Хэт щІопхъуэж, хэти мывэм дэпщеифыркъым. Куэдрэ си пащхьэм ущыкІэрэхъуэну уэри! — щІэкІиящ ар Чэлымэтым.— Ей, мыдэ къэдаІуэ, мэл таубий! Модэ... псынщІэу псым зэпрыкІи мо жьэмщхьэмыжьым уэрэ къырым къыпэфкІухьи фыдэпщ! Уэракъэ жыхуэсІэр!

Зи гъащІэр къуршым щызыхьа дэтхэнэ бгырысми хуэдэу, Джабой псынщІэ дыдэу къихутащ къырым нэхъ псынщІэу узэрыдэкІыфын шытх лъэныкъуэр. Езыр цІыху пІащэти, ІэмыкІуэлъэмыкІуэу къыпщыхъу пэтми, ар гугъу зэрыдехь щымыІэу джабэм кІэрыхьащ икІи къыгуэщэтынкІэ шынагъуэ щІыпІэхэм, мывэхэм дзыхьмыщІу къапикІухьурэ, ар псынщІэу дэкІырт. Щоджэныкъуэм и дэІэпыкъуэгъу закъуэ и зиусхьэным щІыгъуу къэнам ар щилъагъум, къе-

щэтэхыж щхьэкӀэ къимыгъанэу Чэлымэтым и ужь иуващ.

Дыгъэр къурш шытх папцӀэм къухьати, жыр джанэм къытещ ӀэпапӀэ гъуэжьыр сэлам къарихыж щӀыкӀэу зэкъэцӀуужри у нкӀыфӀыпащ. Къубатий зэрыпӀейтейр къаримыгъащӀэу игу къилъэту Джабойрэ Зэрифрэ якӀэлъыплъырт. Ахэр и зэхуэдитӀым нэса, лъэбакъуэ тӀощӀрэ пщӀырэ — тӀощӀитӀ нэхъыбэ къахуэмынэжауэ арагъэнт бгыщхьэм зы мывэжь шыщхьэ хуэдиз хъуну къыгуэщэту мывэ нэхъ жьгъейхэр къызэщӀигъуейуэ къыщежьам. Джабой шынауэ пщӀэури бгым дэкӀуэу ибгъукӀэ зидзащ. ИмыщӀэххэу ар ятӀагъуэ къыгуэщэтам хэпкӀэри къыщымыщӀӀауэ абы хэсу кърихьэхащ. Зэриф апхуэдэу жану къыщӀэкӀакъым. Мывэ зэрамыщӀэж и лъэдийми къытехуэри ар кърпудащ. Ауэ ар занщӀэу къыщылъэтыжри лъэбакъуэхъуу бгым къежэхыжащ. Псым и уэрыпӀэм нэсу ныбафэкӀэ зыхидзэу Алигот-пэщэ и щхьэм къыщыщӀэдзауэ и лъакъуэм пэсыху псы ириутхыхуи къэувыӀакъым, серакирыр а цӀыху ӀэмыкӀуэлъэмыкӀуэр къыщехуэха щӀыпӀэм пэгъунэгъу дыдэу щытт.

— Псыдыуэм алыхьым уаригъэшх уэ куэншыб узденыр! — зилӀэжырт Алигот.— Сэ уэ махуэ къэс псы къоскӀыхынщ, зыгъэгъущыжыпӀэ уэзмыту.

Хьэтэжыкъуэ нэхъыщӀэр дыхьэшхым къызэкӀуэцӀеч, ауэ зызэтреӀыгъэ, Алыджыкъуэ и нэм лъыр къытелъэдауэ ину къиуда и гъуэншэдж пхалъэр гужьеяуэ къэзыӀэбэрэбыхь Джабой йоплъ зыӀуригъэлъэдэным хуэдэу.

Зэриф и закъуэщ зигу зыфӀэмыкӀуэдауэ яхэтыжыр. Ар и лъакъуэ ижьымкӀэ хуабжьу ещӀэкъуауэу псым зэпрыкӀри, и напэр тезыха джабэм хуэкӀуэу ежьащ.

— Мис мы гъущӀымкӀэ тхьэ соӀуэ...— абы и сэшхуэр сампӀэм кърилъэфри шынагъуэу бгыщхьэмкӀэ дэплъеящ, занщӀэу пичащ и псалъэр...

Адрейхэми я щхьэр къырым и папцӀапӀэмкӀэ дракъеящ, жыр джанэ лъэпкъ абы телъу плъагъужыртэкъым.

Япэу зыкъищӀэжащ Алыджыкъуэ ЦӀащхьэм. Ар жэрыжэкӀэ Къубатий бгъэдэлъэдащ.

— ДэнэӀэ жыр джанэр? Уэ уощӀэ ар здэщыӀэр! УощӀэ!

— Сыт джанэ?

— Жыр джанэр жызоӀэ, уэлэхьи! — щӀэфиежу псалъэрт Щоджэныкъуэр.— Дэнэ, зо, ар здэкӀуар?

— А-а, арати ахэр бгым щӀыдэпщыр...

— СлӀот-тӀэ уи гугъэр! Хьэмэ абы нэгъуэщӀ зыгуэри телъа?

— Сэ слъэгъуакъым абы телъыххэIауэ,— зэпIэзэрыту жиIащ Къубатий,— жыр джани, Iэпщэхъуи, бгъэгурыдзи.
— Догуэ, зэ, ауан сыкъэпщIу ара, щIалэ, уэ?
Абыхэм гъунэгъу закъыхуищIащ зи нэплъыснэIусагъыр хьэм хуэдэу къызытекIуа хъаным и лIыкIуэм икIи и щхьэ трилъхьащ щIэупщIэну:
— Хэт а зи жьафэ тезышыр? Хэт зыри зымылъэгъуауэ жызыIэр? — губжьауэ щIоупщIэр Алигот-пэщэр,— дэнэ щыIэ а мыстыр... и цIэр сщыгъупщэжакъэ... НтIэ Iэпщэтебзэр. ФIы гуэр хьэмэрэ мыхьэнэншэ?
— Дэ мыбдем дыщIызэныкъуэкъур, пэщэ нэхунэ, жыр джанэр здэкIуэнкIэ хъунурщ,— псалъэмакъыр нэгъуэщIыпIэкIэ триIуантIэ щIыкIэу жиIащ Алыджыкъуэ, ар хуейтэкъым Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэмрэ езымрэ яку дэлъ Iуэху щэхур сераскирым къригъэщIэну.— Дэнэ къикIыу мо къыр щыгум ар къыщыхута, и?
— Уэ, пщы, хэт нэхъри нэхъыфIу пщIэн хуэмейуэ пIэрэт ар? — и нэ зэвхэр нэхъри зэхуишэу щIэупщIащ Алигот.— Мы аузыр къигъэпсалъэу кIияр хэт: «Ар сысейщ, сысейщ»,— жиIэу? СлIо, иджы уи жьэм псы жьэдэт нэхъей ущыми? Сыт жыпIэн иджы?
А псалъэмакъыр щекIуэкIым Зэрифрэ Джабойрэ мафIэшхуэ ящIауэ загъэгъущыжырти, бахъэшхуэ ящхьэщытт. Пшапэр зэхэуати, мафIэ бзийм идз нурыр Алигот и нэгу пшэрым теджэгухьырт, абы къыхэкIыуи ар нэхъ ерыпIынэ, губжьа къыпфIэщIырт, махуэм щыплъагъум нэхърэ.
— Хьэуэ, ар си жыр джанэ кIуэдар арауэ къысфIэщIа къудейщ,— нэщхъыцэу гъумэтIымащ Щоджэныкъуэр.
Ауэ Алигот акъылышхуэ зыбгъэдэмылъ дэтхэнэ зы цIыху еруми хуэдэу дзыхьмыщI-гурыщхъуэщIт икIи езым зэрыхуэфэщэжынкIэ хьилэшыт:
— Ей, пщы, уэ псынэр уогъэутхъуэ...
— СыткIэ уигу зэзгъэбгъа...
— Хъунщ, хъунщ, шэрджэс хахуэу гу зэIуха! ИужькIэ дызэпсэлъэнщ. Хьэмэрэ пщэдей а жыр джанэр аргуэру къыкъуэкIыжынкIэ хъуну пIэрэ? — ИкIи зыкъызэкъуипхъуэтри Къубатий еупщIащ: — Уэ сыт жыпIэн, щIалэ хьилэшы? КъыкъуэкIыжыну хьэмэрэ къыкъуэмыкIыжынрэ?
— Псори алыхь Iэмырщ,— Iэдэбу жиIащ Къубатий.
Алигот и нэр къихуу щIалэм еплъащ — плъэкIмэ, къащIэ мыр зищIысыр.
— Хъунщ,— хэгупсысыхьауэ зыкъомрэ щыса нэужь, жиIащ пэщэм,— алыхьым Iэмыр ищIрэ пщы Алыджыкъуэ и пщIэншэрышхэхэр тIэкIу игъэпIэщIатэмэ, дэри икIэм икIэжым ди мэжалIэ идгъэкIынт.

Я гуи хуэмыкIуащэу, щыму пщыхьэщхьэшхэ ящIащ, итIанэ пIащIэ-тхъытхъыу зэрагъэпцIа пщыIэм зыщагъэу-кIурнижащ. Жэщ плъыру къагъэна Зэриф Къубатий и Iэ-хэр ипхри, абдеж дыдэм щиубгъуа щIакIуэр егъэзыпIэ ищIащ. Куэд дэмыкIыу ар мелыIыч гуэныхьыншэм хуэдэу мамыру Iурихащ. Здэжейм ар пыгуфIыкIырт. Абы пщIы-хьэпIэ илъагъурт зэтраукIа биидзэм я Iэщэ-фащэр къа-щих хуэдэу. Ящех, дахэу зэрегъэзахуэри губгъуэшхуэм зэкIэлъхьэужьу иукъуэдия шыгухэм ярелъхьэ. Зы гум ирелъхьэ шабзэхэр, тисэ пхъэм къыхэщIыкIа, фэ зытебза, налкъуту тхыгъэ дахэхэмкIэ гъэщIэрэщIа шабзэфIхэр нэгъуэщIыгу ирелъхьэ. Адрейм дыжьын саутрэ дыщэ Iуда-нэкIэ зэщIэбла сампIэм илъ сэшхуэхэр, я сэбзэр ауэ сыт-ми къызэрыгуэкI — Щам е Златоуст урыс къалэ жыжьэм щащIагъэнщ. Ещанэ гум фочхэмрэ бзэ зыIулъ мушкетон-хэмрэ, кIэрахъуэхэр, еплIанэм — мисюркхэмрэ бармицэ-хэмрэ, адрей гухэмкIэ Зэриф ишэнущ афэ, жыр джанэ-хэр, бгъэрыбзэхэр, мэIухухэр, щыгъыныфI къомыр, фочым и шэпхъыр — чыпыр. А псом пэмыщIыжкIэ — Зэриф мэз чыцэр къызэкIэкIа Къулъкъужын псы цIыкIум Iус и къуа-жэм ишы хакIуапщIэ псо ихунущ. Тхьэм и шыкуркIэ, мы-гъуэмылIэу псэуныр иухынщ, езы ЦIащхьэ дыдэм нэхъ-рэ нэхъ къулей хъунщ...

Сераскир хъыжьэми пщIыхьэпIэ илъагъурт хъаным Бахъшысэрей щыIэ дворец иным и кIэлындор сабалъэрэ хуабэм хьэлъакъуэшлIу къыщищыхьу. Ар ешащ, и бгыр пичу мэуз, ауэ шынагъуэ гуэр ерыщу лъапэкIэ и пхэм къыкIуэцIыпыджэ зэпытщи, къимыгъэтэджу нэхъри нэхъ псынщIэжу кърегъэпщыхь. Пэщэм ещIэ хъаныр къызэры-пэплъэри пщIэнтIэпсыр къетIэтIэх, мыбэуэжыф щхьэкIэ къимыгъанэу мэпIащIэ, арщхьэкIэ кIэлындорым дэкIуеп-пIэ, ехыпIэ пкIэлъей къомым кIэ яIэж хуэдэкъым, а псом я щIыIужкIэ и пхэм къытехуэ удыныр кIуэ пэтми нэхъ лъэщ мэхъу.

Джабой нэхъ пщIыхьэпIэ делэ зылъэгъуа абыхэм яхэт-къым. Абы елъагъур пцIанабзэрэ и щIыфэ псом мэлыц къытекIауэ. Ар Джабой зыкIи къехьэлъэкIыртэкъым, фIы-уи къигъэхуабэрт, арщхьэкIэ а сыхьэтым цыщ лэныстэ иIыгъыу Алигот-пэщэр къэсащ.

— Уэ, у-мэл таубий, у-аксюек* пэтми цыр сымыцу хъунукъым,— жи, абы.

— Сыхуейкъым,— мэкIий Джабой,— итIанэ сыпIы-щIэнущ!

* Аксюек — балъкъэр псалъэм аристократ лъэпкъым къыхэкIа жыхуиIэщ.

— Ягъэ кIынкъым, мэлхэр зымыс щIыIэм уэри уисынкъым, укъелынщ. Иужькlэ цыщIэ къыптекIэжынщи, сэ аргуэру усщынщ...

Джабой щIэпхъуэну йоIэ, арщхьэкIэ и лъакъуитIыр щIым хэкIа нэхъей зыхуэгъэхъейркъым.

Щоджэныкъуэм жэщ псор гэремым щигъэкIуащ. Абы и хъуреягъыр жэнэт хур хъыджэбзхэм уэрэд къращу къафыхьырт. АрщхьэкIэ хъыджэбз дахэкIейхэр къыхуэубыдыртэкъым, зэрыIэбэу хьэуа пщIыпщIым хоткIухьри мэкIуэдыжхэр. ГущIэм зезыгъэгъазэ макъамэ IэфIыр зыгъэIу пшынэр ягъабзэу ахэм пщым ихъуреягъыр загъафIэу къафыхь, гуфIэжу уэрэдыр къраш.

Алыджыкъуэу, уей дуней!
Мы дунеижьым теткъым
уэр нэхъ цIапIэ!

Къубатий жэщыбгым ерагъкIэ зыхригъэлъэфэфа къудейщ икIи нэху щыху пщIыхьэпIэ лъэпкъ имылъагъуу жей IэфIым хэтащ...

* * *

Иужьрей махуэхэм Алигот дежкIэ зэманыр лъапIэ дыдэт. Абы къыгурыIуэрт пхъэрым щIагъэIам и махуэр къызэрыхуэкIуар. НтIэми нобэ ар пIащIэртэкъым. Ар гугъэрт жыр джанэ телъыджэм аргуэру зэ Iуплъэну. ЦIыху къэзэр къулеижьым и псэм ищIэрт а хьэпшыпыр зэрыфIыдыдэр. Щоджэныкъуэм и зыщIыкIэми зыкъомым гу лъаригъатэрт. Езы Щоджэныкъуи ищIэнур имыщIэжу къэнат. Акъыл зыхэлъ гупсысэ гуэр и щхьэ къимыхьэрэ псори фIызэхэзэрыхьыжауэ Iэнкуну щытыну абы зэи къыхуихуатэкъым. Шынэ жыхуаIэр зищIысыр абы ищIэрт, къыхуихуат цIыхуми, узыфэми, хьэкIэкхъуэкIэхэми къагъэшынэну, ауэ абы нобэ пкърыт щтэIэщтаблагъэм хуэдэ зыхищIатэкъым зэи. Иджы зыхищIащ. Пэж дыдэу, дауэ къызэрыбгурыIуэнур жыр джанэр къызэрыхукъуэплъар? Дауи, ар цIыху гуэрым и еIуящIэгъэнкIи мэхъу, ауэ сыт апхуэдэу щIащIынур? И? НтIэ, абы цIыхуIэ хэмытмэщэ? Хьэуэ, хьэуэ жын Iэужьым ущрихьэлIэр псысэхэм я закъуэ сытми? Алыджыкъуэ шэч ищIырт лъэхъу илъу лъэныкъуэкIэ щыс пщы щIалэм, мы дунейм къыщыфIэIуэху щымыIэм ещхьу уафэм дэплъейм, жыр джанэр здэщыIэр ищIэу. Ауэ сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэн абы, сыткIэ къыдэпхьэхын, дэнэ деж хъы щыбгъэувын — ар зэрищIынур ищIэртэкъым Щоджэныкъуэм. Хьэмэрэ жынхэм

я къару фIыцIэм абы и акъылыр ягъэутхъуауэ пIэрэ? Сыти жыIи, шынагъуэщ, ауэ сытми шынагъуэ къудейуэ къэмынэжу.

Пщэдджыжьышхэ ящIа нэужьи пIейтейхэу куэдрэ къырыщхьэмкIэ дэплъеяхэщ: жыр джанэр къыкъуэплъыжакъым. Шэджагъуэ нэблэгъауэ Зэриф бгым дэпщри чыцэр щIипщыкIащ, мывэу телъыр къиIэбэрэбыхьащ, ауэ зыри игъуэтакъым. Къехыжри щыму и дамэхэр дригъэуеящ. ИтIанэ пIащIэу, Iэпхъуэшапхъуэхэу гъуэгу зэрытехьэным зыхуащIу щIадзащ. ЗанщIэуи гъуэгурыкIуэхэм я псэр пIейтенгъэм иубыдащ, дакъикъэ къэс пхъуреягъыр нэкIэ щIащыкI, зыгуэрым «цырхъ» жиIамэ, лъапэкIэ лъэрыгъым иту зэпходэIукIхэр.

Иджыпсту дунейр апхуэдизкIэ мамырт, дахэти шынагъуэ гуэр игъэпщкIуу зэрыхуэбгъэфэщэн щыIэтэкъым. Гъэмахуэ пщэдджыжь Iумэтыр хьэкIэкхъуэкIэри, къуалэбзури, цIыхури, псэ Iуту щIым тет дэтхэнэри игъэгуфIэн хуэдэу щIэрыщIэу къалъхужам хуэдэт. Уафэ къащхъуэпсыр зыщхьэщыт мэз щхъуантIэмрэ губгъуэ удзыфэпсымрэ хуиту, тыншу мэбауэ, уи фIэщ мыхъу хуэдизу къабзэщ, гурыхьщ къуршыпсхэр, ублэмэ дыщэпсым уэру зыхэзыгъапскIэ мывэхэмрэ къыр лъагэхэмрэ псэ яхэту природэм къигъэщIа пфIощI. Унгу къыполъадэ япэу узыхуэза мывэ джейм уи напэр епкъузылIэу и щIыфэ пхъашэм Iэ дэплъэну. Унгу къыполъадэ фоумэ къызыпих удзхэм нэкIукIэ зыхэпIубэу уи нэхэр зэтекъузауэ меданкIэ ущылъыну. Унгу къыполъадэ зыбулъэпщIу уи лъакъуэхэр дияуэ мылыпс ткIужам и щIыIэр зыхамыщIэж хъуху уи лъэгуажьэм фIэкI псыр дэпщеину, къепщыхыжыну. Арат пышэдибэрей пщэдджыжьым Къубатий и акъылыр зэтар дунейм и дахагъым зыдримыгъэхьэхыу гъащIэм и бэIутIэIухэм, и лъакъуэм илъ пхъэ лъэхъум егупсысыным и пIэкIэ. Иджыпсту абы игу Къанболэт къызэрыридзэр нэхъ мащIэ хъуат, и гупсысэхэм Санэ хэмыкI хъуа пэтми. Жыр джанэм и щэхур къызэрыфIэIуэхужи щыIэтэкъым... Сыту жыпIэмэ, дыгъуасэ а упщIэм и жэуапыр къигъуэтат. Шэч хэлъкъым Iэгъуэблагъэм Къанболэт зэрыщымыIэм. Ар тыншу япэлъэщынут Зэриф делэIуделафэм нэхъ шынагъуэ зыхэмыт мы хъунщIакIуэ гупым. Жыр джанэр зыIыгъыр зэманыр зэпызыш, зыгуэрым ерыщу пэплъэ гуэрщ...

Къубатий шым ягъэшэсу гъуэгу техьэну загъэхьэзыра къудейуэ, япэми хуэдэу, къыр щыгум зу макъамэр къыщыIуащ.

ГъэщIэгъуэныгъэ гъыбзэ, хъуанэ, тхьэ лъэIу псалъэхэр къызыхэщ зэщIэвэ макъыр занщIэу къэIуащ. Къубатий и

закъуэт щымыр. Абы и нитIыр къигуфIыкIырт, Iуэхум и пэжыпIэр къыгурыIуати. Ауан зыхэлъ а плъэкIэр шынэм иIыгъ Щоджэныкъуэм къипхъуэтащ. Алигот-пэщэри гъэр щIалэм еплъащ икIи упщIи унафи ищI хуэдэу зыгуэрхэр къигъумэтIымащ икIи занщIэуи псалъэр пичыжащ, Iуэху шынагъуэ гуэрым и щэхур къищIа хуэдэ.

Джабой Iэгъуэблагъэм щыIэтэкъым — чыцэ гуэрым и лъабжьэм щIэпщхьагъэнщ, лIарэ псэурэ къыпхуэмыщIэн хуэдизу шынауэ. Зэриф аргуэрыжьу джабэм дэпщырт. Дыгъуасэ къыщыщIам дерс къыхихати, иджы ар ятIагъуэ щыхупIэм и бгъумкIэ щыдэпщырт зыгуэркIэ мывэхэр къежьэ хъужыкъуэмэ, къылъэмыIэсын папщIэ. И нэр къыщапхъуам ещхьу, ар жыр джанэм еплъырт: борэ маисэр нэр игъэджылу дыгъэм полыд. Моуэ лъэбакъуэ зытхух хуэдизкIэ дэпщыжми... асыхьэтым мывэхэр къелъэлъэхащ, ауэ Зэриф къылъэмыIэсу блэлъэтащ. Зэриф нэхъ псынщIэжу зричащ, хьэлъакъуиплIу къыр щыгум хуэкIуэу. Иджыпсту ар ещхьт и пэм къытехуэ башым ерыщу зезыдз хьэ бзаджэм. Моуэ зэ ипкIыгъуэ фIэкIа къэмынауэ, щыгум тет чыцэм мывэ Iэгурыхъуфl къыхэлъэтри Зэриф и щхьэм макъ дэгу иригъэщIу къытехуащ. Уэркъ хахуэр щхьэщIыбкIэ техуащ, япэ щIыкIэ хуэму, итIанэ нэхъ псынщIэ хъуурэ къещэтэхыжащ, зэми гупэкIэ зэми щIыбкIэ телъу, икIи и щхьэр псым хэлъу, лъакъуэхэр гъущапIэм телъу псы Iуфэм къыIунащ и Iэхэр зэбгрыдзауэ. Абы и пыIэр псы цIыкIум ипхъуатэри ирихьэжьащ. И насыпти, псыр къыIурымыуэ щIыкIэ езыми зыкъищIэжащ. Зэриф зэфIэтIысхьэжри щхьэхуэпцIапцIэм хуэзэу къытетIысхьа шыкъырым Iэ дилъащ (япэм игъуэта уIэгъэм ибгъу дыдэм деж) икIи и IэштIымыр игъэдэлъащ:

— Мис мы гъущIымкIэ тхьэ соIуэ,— къызэрызэфIэтIысхьэжу икъузу иIыгъ сэшхуэр абы бгыщхьэмкIэ игъэдэлъащ,— мы гъущIымкIэ тхьэ соIуэ, сэ уэ усIэщIэмыкIынкIэ,— икIи и пыIэр къиубыдыжыну кIэлъыщIэпхъуащ.

Зытет мывэм ехуэхам ещхьу, жыр джанэр щIыбкIэ хуэму ещIэри бзэхыжащ.

Бедыкъ псы Iуфэри абы Iут псори, я бзэр иубыдам хуэдэу, щым хъуащ. Даущыгъэр икъутащ къэзмакъ банэ лъабжьэм къыщIэпщыжа Чэлымэтым.

— ДыIувгъэкI мыбдежым! — тхьэкIумэкIыхь макъкIэ кIийрт ар,— лэпсымэ алыхьым къысщIримыгъэхьэжкIэ пэжу жызмыIэм, икIэщIыпIэкIэ дывгъэбгынэ мы щIыпIэр, сыт дызыпэплъэр?

Жыгым епха мэлхэм ящыщ зым зыкъуигъэпщкIуауэ хьэмбыIуу щыс мэлыхъуэ щIалэхэм ящыщ зыр и Iэпкъ-

лъэпкъ псор зэщIэсысэрэ зэщыджэу макъкIэ гъырт.

— Алл-ах ак...ак...ба...бар,— къикъ хъуауэ гъумэтIымащ Алигот-пэщэри.

И Iупэ пIащIэр ишхыжу зыгуэрым шэщIауэ егупсыс Алыджыкъуэ зигъазэри Джабой щIэкIиящ:

— УувыIэну уэ, кхъуэкIэ щIагъым къыщIэхуа!

Дэплъей-къеплъыхыу и куафэхэм еуэжу Джабой зыгуэрхэр жиIэрт.

Алигот-пэщэм пистоль хьэлъэр кърилъэфри Джабой щхьэпригъэукIащ. Модрейм и псэр хэкIауэ и тхьэкIумэр IуипIэри гъын щигъэтауэ щIым етIысэхащ.

Алыджыкъуэ и хьэIуцыдзынэр ерыщагъ къыщIихыу къилыдыкIащ — жыр джанэм кърита къарур шынэм нэхърэ нэхъ лъэщу къыщIэкIащ.

— Мыбы дэпщеяуэ абдежым щыпэплъэн хуейщ,— жриIащ абы сераскирым, дзэ зэхуакухэм къыдэпсэлъыкIыурэ,— Уеблэмэ нэху къыщекIын хуейщ...

Алигот арэзыуэ и щхьэр ищIащ:

— Ыхьы! Уэ тэмэму жоIэ. Еуэ-тIэ, уэ езыр дэпщ. Мы делэр уи гъусэу.— Абы и Iэпэр Зэриф дежкIэ ишиящ.

— СлIо, сыдэмыпщын уи гугъэ? Ауэ нэху щыху уэ мы гъэрым уи пэр тумыгъэкI. Тэмэм дыдэу, уэ зэрыжыпIащи, мэлхэм я таубийхэм узэрыщыгугъынышхуэ щыIэкъым. Уэрэ сэрэщ мыбдеж лIыуэ щыIэр.

— Аргуэрун пэж жоIэ,— арэзы хъуащ пэщэр.— Сэ сыкIэлъыплъынщ абы.

Шым хьэлъэр трахыжщ, мафIэ ящIри лэгъупыр фIадзащ. Мэл яукIакъым — дыгъуасэрейм и зэхуэдитIыр къэнат. Зигъэпсэхуат, фIыуэ шхати, Зэриф хьэзырт аргуэру батэр игъэшыну.

И фэр фагъуэу пыкIа щхьэкIэ, мамыру зызыIыгъ Щоджэныкъуэр Зэриф и щIыбым псу псым зэпрыкIри япэиту ежьащ, бгым дэкIыну. ЩIакIуитIыр къищтэну къэзыгъэзэжа уэркъри абы лъэщIыхьэжыну еIэрт, шым хуэдэу пырхъыу, папщэу.

А тIур гугъу демыхьыщэу джабэ задэм дэкIри, мыпIащIэу, дзыхьмыщIу заплъыхьу шытхым техьахэщ икIи мэзчыцэм куэдрэ хэплъахэщ ялъагъунIауэ я гугъэу. ИужькIэ зыкъагъазэри бгым къеплъыхыжахэщ. ЦIащхьэм сераскирым Iэ къыхуищIри гъуейм хыхьащ, щабэу теувэурэ.

Алигот-пэщэ, Джабой, мэлыхъуэр, Къубатий сымэ уэркъыр зыщIигъуу IукIа пщым нэкIэ кIэлъыкIуэтахэщ, жыр джанэм ещакIуэхэр ямылъагъуж хъуху.

Алигот ину щатэри, хэгупсысыхьауэ, Джабой еплъащ — апхуэдэущ джэду шхэкъуар дзыгъуэ ныкъуэлIэм

зэреплъыр: иджыпсту сшхын хьэмэрэ тIэкIурэ сыпэплъэн, жыхуиIэу.

Чэлымэтым зызэхуишащ.

— Мы щIалэм и Iэр пхыи къекъу мыдэ... нэхъ си гъунэгъуу, и упщIэ гъуанэм зэрытелъым хуэдэу.

Таубийм фIэфIыпсу а унафэр игъэзэщIащ.

— Мыдэ тIэкIу сопсэлъэнущ,— жриIащ Алигот щIалэм, Iуэхутхьэбзэ гуэр хуищIэм хуэдэу.

— Азалыхь, уэ гупсэхуу сызэродэIуэн тхьэкIумэ закъуэ сыщI,— и фIэщ дыдэ фIэкIа умыщIэну жэуап ет Къубатий.

— Зэ умыпIащIэ! — къэлыбауэ и Iэ пIырыпI гъэпщар къиIэтащ Алигот.— ТхьэкIумэм и закъуэкъым... Мыстыр... Уи бзэгуми сыхуейщ. СыноупщIым жэуап къызэптыну?

— Уэстынщ,— и щхьэр ищIащ Къубатий, Iэдэбуи щIигъужащ.— Азалыхьым жиIэмэ.

— Аргуэрыжьу мыстхэм, сытыт ар... къыщIэбдзэжащ,— щIалэм и псэлъэкIэр игу иримыхьауэ Алигот и нэкIур зэригъэлъащ.— Абы нэхърэ нэхъыфIщ мыдэ къызжеIи, хэт уэ узикъуэр?

— Сэ си адэм срикъуэщ, си адэр езыр, уэ пхуэдэу пэщэ нэхунэ муслъымэн аслыщ.

— Уэ цIэ уиIэкъэ, зи адэм и къуэ?

— Бысымым и шыгъупIастэ махуищкIэ зымышха хьэщIэм и цIэр зэрамыщIэр ираIуэкIрэ-тIэ?

— Уэ Iэ пцIанэкIэ къахуэмыубыд бдзэжьей къуэлэну уцIанлъэщ. Уэ укIытэншэм си хьэщIэу зубжыжу ара, и?

— Дэ псори мы дунеижьым дыщыхьэщIэщ,— жэуапым зыпыIуидзащ Къубатий икIи ину щэтащ.

— Хъунщ, куэдщ делагъэу къэбвар. КъызжепIэну си хьугъуэфIыгъуэр здэфхьар? КъызжепIэну а жыр джанэ шейтIан Iэмэпсымэр здэщыIэр? Мес уи нэм къыщIощ зэрыпщIэр. Апхуэдэ фащэм уасэ иIэкъым, пэжкъэ? Э? Ауэ сытми хьэIуцыдзу къэкъугъакъым Алыджыкъуэ ар щилъэгъуам щыгъуэ.

— Уэ зэкIэ куэдкIэ укъызэупщIащ,— щэIуащ Къубатий,— мы си Iэр пхащи...

— Еплъыт мы хьэпшырым! Уэ IэкIэ узэрыпсалъэр?

— Iэр языныкъуэкIэ бзэм сэбэп хуохъу. УпщIэр щыкуэдым деж...

— Умыхьилэ. Сэ дыгъуасэкъым сыкъыщалъхуар. Сэ зи гугъу сщIыр жыр джанэрщ. Апхуэдэ мы дуней псом тету къыщIэкIынкъым, пэжкъэ, и?

— КъурIэным итщ: «Алыхьым дунейр сыткIи игъэдэхащ, фIыгъуэ Iэджэ къигъэщIащ, цIыхухэр игъэунэхуу хэт

сыт ищIэнуми, хэт нэхъыфIми къищIэн щхьэкIэ». Ар епщыкIуянэ сурэм и еханэ Iэятырщ. Дауи, нур зыщхьэщих уэ, а псалъэхэр гукIэ уощIэж?

— Дауи, мыстыр, дэтхэнэ зы мыстми хуэдэу...— гъумэтIымащ Алигот, асыхьэтуи мафIэу къэлыбащ.— Дуней уэзмыгъэлъагъумэ, щIалэжь цIыкIу! Уи гъащIэжь тIэкIур мы си IэмыщIэм зэрилъыр пщIэрэ уэ?

— Алыхьым и IэмыщIэрщ зэрылъыр,— щабэу жиIащ Къубатий.— Уэ пщIэрэ ебгъуанэ сурэм и блыщIрэ етIуанэ «Къытезыхымрэ щIегъуэжымрэ» Iэятым жиIэр?

— ЩIегъуэжым...— и нэр къилэлу жиIащ пэщэми.

— «Алыхьыр зи фIэщ хъухэр, лIыхэри фызхэри, зыр адрейм и ныбжьэгъущ».— Зэхэпхрэ, зи щIыхьыр лъагэ — зэныбжьэгъухэщ, зым адрейм чэнджэщ ирет IуэхуфIхэр ялэжьыну, зым адрейм е иригъащIэркъым, тхьэ йолъэIухэр, псапэ ящIэ, алыхьымрэ абы и бегъымбарымрэ жаIам тетхэщ. Абыхэм алыхьым и нэфI къащыхуэнущ, сыту жыпIэм, алыхьыр лъэщщ икIи Iущщ.

— Сэ нужькIэ сопсэлъэнщи нэхъыфIщ,— жиIащ ешауэ пэщэм.— Сыупэхъуу дэпэ къисха мы молэр. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, езы дыдэр молэ сыхъуным хуэIуа щыIэкъым.

Алигот пэ утхъуахэмкIэ уэгум дэплъеящ.

Дыгъэр етIысэхырт. Пшапэ нэмэз щIыгъуэ хъуат.

— Ей, Джабой! Уэракъэ сызэджэр, бегъымбарыр зэуа! Уэращ сызэпсалъэр. ЩIалэм и Iэр тIатэ, нэмэз ирещI абы. ИтIанэ аргуэрыжьу... ы... пхэж аргуэру.

Уэгум вагъуэ цIыкIухэр къитIысхьэрт. КъуршымкIэ къижу акъужь щIыIэр къыщIэпхъуащ. Адэ жыжьэу жындy джэ макъыр кIыхьу зэпышауэ къэIуащ. Мэлыхъуэ щIалэр Джабой и тхьэкIумэм иIущэщащ...

— Жынду маджэ — зыгуэр лIэнущ.

* * *

А жэщым Къубатий и пэбдзыпэ къехакъым. Ибгьу дыдэм деж, ищыIэ блын пIащIэ цIыкIум адэкIэ, хьэлъэу щыпырхъырт Алигот. Джабойрэ и мэлыхъуэмрэ куэдрэ щэхуу зэIущэщахэщ, итIанэ пачри Iэджэрэ ахъи-быхъи щымыIэу щыму щылъахэщ. Жэщыкум абыхэм сакъыпэу хэщIапIэр къаIэбэрэбыхьащ, шым уанэ тралъхьащ, иужькIэ абыхэм ящыщ зым хьэпи-шыпи трапхащ. Псори зэхихырт Къубатий фIы дыдэу, арщхьэкIэ жей нэпцI зищIащ: щIрепхъуэжхэ.

Таубийр и ясакъчир, щIыгъуар коравашыр хьэмэрэ каракишыр, къэзакъыр, сыти фIэщи и гъусар щIыгъуу хъар-

зынэу ежьэжащ. Шищри, хьэлъэхэри, уеблэмэ мэл ныкъуэм зы щIакIуэрэ упщIэрэ щIыгъужу ящтэри ежьэжахэщ, псом ящхьэрти, гъуаплъэ лэгъуприздахьащ. Ауэ сытми лэгъуптэкъым ар!

ГъэщIэгъуэнрати, Чэлымэтыр ежьэжу, иужьрей дыдэ Iэуэлъауэхэр, мывэ лъагъуэм дэгуу къытеIукI шы лъэ макъыр жэщ кIыфIым зэрыхэткIухьыххэу, Къубатий Емуз и унагъуэ илъым ещхьу и гур мамыру жейм хилъэфащ.

Нэхущ пасэу пхужымыIэну дыгъэр къыдэкIуеяуэ ар шынэмрэ гузэвэгъуэмрэ зэуэ яубыда Алигот къигъэушащ.

— Ей, дэгу ухъуа,— едыркъырт ар Къубатий и дамэм.— Дэнэ ахэр, и? Дэнэ здэщыIэр? Сыт щхьэкIэ?

Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэм и Iэ пхахэр ишиящ. Модрейм сэр кърихри емыгупсысыххэу, Iэхэр зэрыпха кIапсэр зэпиупщIащ. И Iэ пкъынэ ундэрэбжьахэр зэригъэIуэтурэ, Къубатий хэщIапIэр зэпиплъыхьащ, илъагъу псор фIэгъэщIэгъуэну фэ зытригъауэу.

— Дэнэ щыIэ зи пщIэ лъагэ, Чэлымэт таубийр? Ярэби, Iуэху пIэщIэгъуэхэм ар гъуэгу трамышауэ пIэрэ? Мэлхэри щIыгъууи?

— Щхьэпылъэщ хуэфащэр а уи таубийм! — къилъащ сераскирыр. ДихъунщIэри щIэпхъуэжащ. Хэбгъэзыхьмэ, лэгъупыр къыздащтэри мэлхэри здахуащ,— адэкIэ Алигот жиIа псалъэхэр зыхуэшэчын тхылъымпIэ кIап дунеижьым теткъым. Ауэ жыIэн хуейщ ар тэтэрыбзэм и къулеягъым и мызакъуэу, абы тырку, урыс, грек, журт псалъэ къыхэщыпыкIахэри къызэригъэсэбэпыр.

Пэщэ тэмакъкIэщIым и губжьыр етIысэхыжа нэужь, ешауэ тесабырэжри Къубатий гукъанэ хуищIащ:

— Хъунщ, уэ дэнэ уздэплъар, сыт щIумылъэгъуар?

— УмыщIэн фэ сэ сыфхъумэу сэ сывихъумакIуэ фIэкIа,— Къубатий игу щызу, моуэ сабий хьэл гуэрхэри хэлъу дыхьэшхащ.

— СлIо тшхынур? — нэщхъыцэу щIэупщIащ пэщэр.

— Алыхьым къыдитыр,— къыфIэIуэху щымыIэу жэуап къитыжащ модрейм.

Алигот и пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ. Мы щIалэр кIуэ пэтми нэхъ игу ирихьырт. И гущIэм къыщытэдж а гурыщIэ дахэм пэщIэувэн мурад ищIат Алигот, арщхьэкIэ хузэфIэкIакъым. Мы шейтIан шырым ар ихъунщIакъэ! Дауэ уеплъэрэ абы?

— Алыхьым ди закъуэкъым щыгугъыр,— гъумэтIымащ нэжэгужагъэр зыщхьэщылъэтыжа пэщэр.— Къуршым ит пщыIэжь цIыкIухэр зи егъэзыпIэ гъуэгурыкIуэ яхъунщIахэр къигъуэту игъэшхэн фIэкIа Iуэху имыIэу уи гугъэ

абы? — пэщэм и Іэпхъуамбэ пІащэжьыр уэгумкІэ ишиящ.
— Апхуэдэ гупсысэ фейцейхэмкІэ ди щхьэр ткудэну ди пщэ дэхуэркъым, нэхунэ.
— Хэт-тІэ зи Іуэхур?
— Алыджыкъуэпщыр зэрыпщІынур сыт? Аракъэ сераскирыр Шэджэм аузым дунеяплъэ къэзышар?
— Аращ! Махъшэм и екхъур згъэпцІаи, армырамэ, сэ мыбы сыкъэзылъэфар...
— НгІэ мис абы и щхьэр иреуз. Армырами и щхьэр машхэ. Къуий вэгъу трищІащи. И щхьэфэр щышхэкІэ, и кІуэцІри ирешхэ.
— ЦІащхьэ! Хьы...ы...ы...— гузэгъэгъуэ игъуэту ину дыхьэшхащ Алигот, пщым и цІэ лейр зэрищІэр имыбзыщІу. Тэмэму жоІэ. Хьы-ы-ы, и кІуэцІымкІэ..хьы...ы...ы... ирешхэ.
Дыгъэм лъагэу зиІэтри абы и нэбзийхэр Бедыкъ ауз зэв куум и лъащІэм къэсат. Зи ныбэ ныкъуэ пэщэр нэхъ тэмакъкІэщІыж хъууэ хуежьащ.
— Лъэданэ инаи. Шыдыцым хэна банэу. Жыр джанэр афІэкІа къыкъуэщыжынукъым. Иджыри къыздэсым къыщыкъуэмыщакІэ, ущІежьэни щыІэжкъым афІэкІа. Мыдей дыщысщ...
А уахътым щыхупІэм деж Іут чыцэ Іувхэр зэпэщІэкІуэтри Щоджэныкъуэр къыхэкІыжащ. Абы и занщІэр и гъуэгуу псы ІуфэмкІэ иунэтІащ. Пщым и ужь иуващ Зэрифи. ТІури псым Іугъуалъхьэри куэдрэ ефащ, я щхьэр хащІэ-къыхахыжу.
— О, нэхунэ!..— кърикгъэжьащ Алыджыкъуэ, арщхьэкІэ пэщэр пэрыуэри игъэпсэлъакъым.
— ЗэтепІэ уи жьэр. Солъагъу — жыр джанэр къэбгъуэтакъым. ИкІи бгъуэтынукъым. Гъуэгу гъуэмыли диІэкъым, Алыхьым и шыкуркІэ, дишхэр къытхуагъэнащ, нэгъуэщІ мыхъуми. Джабой бысым телъыджэу къыщІэкІащ.
— Сыт жыпІэр? — къэкъугъащ Щоджэныкъуэр,— Ари щІэпхъуэжа? Мыдэ иремыпІащІэ-тІэ, сэ а кхъуэпІащэм и хьэджэсэр сымыкъутэмэ, езым хуэдэу си напэр фІыцІэщ. НыбафэкІэ си пащхьэр къеэгъэпщыхьынщ! Жылэр къеплъу!
— ЗэщІэкъуэ уи жьэр! — щІэкІиящ абы пэщэр.— УщІихьаи! Уэращ псори зи лажьэр. Уи закъуэпцІий! Абы и гугъу иужькІэ тщІынщ. Иджы зызэщІэфкъуи фынежьэ, икІэщІыпІэкІэ. АрщхьэкІэ слІо зэщІэфкъуэнури? Уи ІэмыркІэ, зи щІыхьыр лъагэ пщы хьилэшы, лы дзакъэгъуэ димыІэу дыкъэнащ. Егупсыс гъуэгум щытшхынум. Сэ шэджагъуэ хъуху схуэшэчынкІи хъунщ, ауэ шэджагъуэнэу-

жьым... Зэтефпӏэ фи жьэр! — кӏиящ ар зы цӏыхум и жьэр зэщӏихыну игу къэмыкӏа пэтми.

Шэджагъуэм ирихьэлӏэу тӏу-щыуэ зэгуэжу псытепхъэ щыхъу щӏыпӏэм деж Бахъсэн щызэпаупщӏащ. Псы адрыщӏым, джафэрэ зы жыг закъуи зэрымыт джабэм мэл хъушэ щыхъуакӏуэрт. Щоджэныкъуэмрэ Зэрифрэ щӏэупщӏэххакъым ӏэщыр зейм. Хъушэм мэл зыбгъупщӏ къыпахури псыщхьэмкӏэ драхуеящ. Мэлыхъуэ лӏыжьым шынэри зы псалъи жиӏакъым, ауэ мэлыхъуэхьэр нэхъ хахуэу къыщӏэкӏынти, шууейхэм защридзым, пщым и кӏэрахъуэшэм игъэсабыращ.

Зэм щыгум дэкӏ, зэми къехыж лъагъуэ нэшэкъашэм тету ахэр куэдрэ кӏуащ. Икӏэм псынэ цӏыкӏу гуэрым деж къэувыӏэхэри, Зэриф псынщӏэу зы мэл иукӏри зэӏиудащ, уанэкъуапэм епхауэ къыздрахьэкӏ чы гъурыр зэщӏигъанэри тхьэмбыл-тхьэмщӏыгъур дэпкӏэ игъэлыцӏащ. Нэхъыбапӏэр, дауи, лъысащ ныбэблагъэм хьэлэч дыдэ ищӏа сераксирым. Зэӏурыуащ хъарзынэу Зэрифрэ Алыджыкъуэри. Гъэрри ӏыхьэншэ дыдэ ящӏакъым.

Пщыхьэщхьэм ахэр нэсащ къурш щхьэдэхыпӏэм. Мыбдежым къыщӏидзэрт Бахъсэнрэ Тызылрэ я псыщхьэр зыгуэш мэзылъэ щыгум. Япкӏа лъагъуэм лъэныкъуэкӏэ текӏри ахэр мэз ӏувым хыхьащ. Абдежым щепсыххэри егъэзыпӏэ ящӏащ. Гъуэгурыкӏуэхэм шынэ къаублащ зыхуэмей гъуэгурыкӏуэ гуэрым ӏущӏэнкӏэ — Къэбэрдеишхуэм и ищхъэрабгъу щӏыналъэхэм Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ и шуей плъырхэм къыщаущыхьынкӏэ зыхуэӏуа щыӏэкъым. Уи мыӏупэфӏэгъу адыгэхэм я щӏыгум ущыпхрыкӏкӏэ фӏы ущӏыщыгугъыни щыӏэкъым. Дзыхь пщӏы хъунукъым зи толъкъун инхэр къуэкӏыпӏэмкӏэ ирихыу къухьэпӏэм зыхь Псыжь бгъуфӏэ щыхъу щӏыпӏэм и ижьырабгъу адрыщӏым унэсыху, абы унэсыным махуищ-плӏы гъуэгуанэ дэлъщ.

* * *

Къубатий къэушащ уэгур къэнэхутхьэхуарэ вагъуэхэр фагъуэ, я нур жан цӏыкӏухэмкӏэ мыпыджэж щыхъу лъэхъэнэм. Зыгуэрым Къубатий и ӏэр итӏатэрт хьэлъэу бауэу:

— Щ-щ-щ. Щыму щылъ,— абы ӏущащэ щэху дыдэр зэхихащ.— Ар сэращ, Къуанчщ.

— Ар дэгъуэкъэ,— ерагъкӏэ къыдришеящ Къубатии къыщиуду ину дыхьэшхынкӏэ шынэу.— Дэнэ щыӏэ Къанболэт?

— Увыӏэ зэ. Иужькӏэ. Сыт мы уи лъакъуэм ищӏар?

А дакъикъэм цепыр ину зууащ. Абдеж дыдэм щылъ

Зэриф, щIопщ уэгъуэ зраха шыуэ, къыщылъэташ: хьэкIэкхъуэкIэр занщIэу къоуш ищIэнур ищIэу. Пэжщ, Зэриф хуэдэу упщIэ делэ имыту.

— Ей, сыт апхуэдэу щIищIыр? Хэт къелъэIуар? — къикъугъыкIащ уэркъ абрагъуэр, Къуанш къуэгъу цIыкIу къиубыдауэ щIым хигуэу.

Къуанш гузавэмрэ узымрэ ягъэкъугъащ, ауэ Зэриф и кIэпкъым дэлъ кIэрахъуэр къыдилъэфу кIаккхъур щIичын хузэфIэкIащ. АрщхьэкIэ и Iэм зыхуегъэгъэзакъым, абы къыхэкIыуи шэм щIым зыхиупцIащ. КIий, уэ макъ иным зи псэр зи лъэдакъэпэм ягъэкIуэжа сераскирымрэ пщымрэ къыщылъэташ. УахътыкIэ егупсысахэщ Зэриф дэIэпыкъуну задзынрэ Iуэхур зэрыхъум еплъынрэ ямыщIэу, арщхьэкIэ адрейм мыщэм и къарур и гуащIэт. Къубатий зыкъындзу пхъэ тыкъыр лъэхъур зэрылъ и лъакъуэхэм къеуэну зэрызигъэхьэзырыр, мис-мис жоуэ и IитIыр — ахэр ауэ сытми Iэ шынагъуэт абы дежкIэ — хунт зэрыхъур щилъагъум, IэштIымкIэ Къуанш и щхьэм еуэри игъэмэхащ, занщIэуи Къубатий зытридзащ. Iэпщэрызауэм къигъэбырсея уэркъым гуфIэжу Къубатий и Iи, и лъакъуи ипхащ. ИужькIэ мэхауэ щылъ щIалэр хъыданжэрумэу зэкIуэцIипхащ.

— Зэриф хуэдэ мэлыхъуэхьэм,— и бгъэм IэштIымкIэ «баргу-баргу» жиIэу еуащ ар,— зы щынэ фIэкIуэдынкъым. Мы гъущIыр згъэ...

— Уи бзэр убыд, мэлыхъуэхьэ,—и къурмакъейр щаубыдыкIауэ ятхьэлэм хуэдэу ирхъыу къилъащ Алигот-пэщэр.— Дунейр щхьэ пкъутэрэ? Щэхуу жыхуаIэр умыщIэу ара? ЩхьэщытхъуагъфIэкIа пкъуэлъ щыIэкъым. Пщыгъупщэжауэ ара уэ пхуэдэ хьэм щынэ дэнэ къэна, езы Алигот-пэщэ дыдэр фIэкIуэд пэтауэ зэрыщытар? ИтIанп и жьэ фIейр зэщIехыр шейтIаныр зэуа мы белэмбешэмым. Уи нитIыр къитIэтIу укъаплъэурэ саукIынкIэ хъуну щыташ. СаукIами, зыбгъэхъеинтэкъым, уэлэхьи, уэ шыд вейм.— Пэщэр и фIэщ дыдэу къызэрыкIат.— УмыпIащIэ, сэ уэ къыпкIуэцIысхужынщ страха налкъутхэри, къызаха пудыгъэри, лейри...

Ауэ, дауи щрети, Алигот-пэщэм лIыгъэ хэлъуи къыщIэкIащ, къэрал Iуэху зи пщэ дэлъ а цIыхур гузэвэгъуэ Iэджэ хэта, яукIыным цы налъэ хуэдиз имыIэжа, хъугъуэфIыгъуэу бгъэдэлъыр траха пэтми, апхуэдиз зэрыхьзэрийм хэхуа кърым мырзэм хуумыгъэфэщэн Iэдэбагърэ бэшэчагърэ бгъэдэлъу къыщIэкIащ. Ар, уеблэмэ зы цIыхум еуакъым щIопщкIэ, къэвэн-къэбжэныр хуэмыхьу къигъэгубжьыху Зэрифи Iэпэ трилъхьакъым. И пIэм зэшэзэпIэу

иримыукIыхьа дэнэ къэна, хэбгъэзыхьмэ, Къубатий дыдэр абы иригъэчэтхъакъым. Абы щхьэкIэ фIыщIэ хуэфащи! А псори шынагъэм е и Iуэху зэрыхъунур зэримыщIэм къыхихауэ къыпщыхъуныр мащIэщ. Зэриф тхьэмыщкIэм а псор къыгурыIуэртэкъым. Абыи апхуэдиз хъуэн фIейр — дауи щрети, уэркъщ! — пхуихьынукъым,— уэркъым и акъыл зыгъэзэгъуейм къыщыхъейуэ хуежьащ губжь гуэрхэр. Абдежым пщыри Iуэхум чыцэкIэ хэуащ, губжьауэ и дзапэфIанитIым къыжьэдэубжьытхыкIри:

— Си нэгу зыкъыщIумыгъадзэ, блэ щылъху!

Зэриф чыцэм зыхидзащ, ауэ илъ зэрищIэжыным емыгупсысу къэнакъым: «Умыбэлэрыгъ, а блэр зы зэман къомыуащэрэт уэ».

Алигот-пэщэмрэ Алыджыкъуэпщымрэ псалъитI-щы нэхъ зэпамыдзауэ лъагъуэмкIэ къиIукIыу зэхахащ шы лъэ макъ куэдымрэ я хъуреягъкIэ — я гупэмкIи, ижьырабгъумкIи, сэмэгурабгъумкIи — чыцэр сакъыу зэрызэкIэщIагъэкIуэтымрэ. Мис аращ уахътыр къэсащ жыхуаIэр. Мис аращ Зэриф — мэлыхъуэхьэу щIапIэ щIэкIуадэр зыхуэкIуэным ищIа Iэуэлъауэм къахуихьар.

— Ей. Мыхэр щыи плIыи зэрыхъур,— лъэбакъуэ зыбжанэ нэхъ япэмыжыжьэу щыт нэрымылъагъу гуэр джащ. Джащ... тэтэрыбзэкIэ, моуэ къэрым къэпсэлъыкIэ щIэлъу.

— Ей, фэр-фэру фыкъыхэкIи нэхъыфIщ, армыхъумэ...

— Фэ фыхэт езыхэр? — щIэупщIащ Алигот-пэщэр, и макъым щIилъхьэ пхъашагъэмкIэ и псэр зыубыда гурыщIэ IэфIыр игъэпщкIуу.

— Хъаным и шууейхэрщ. Дэ мыбы Iэджэ ды...— шу пашэм и псалъэр пичащ.— О, алыхь, пэжу пIэрэ си тхьэкIумэхэм жаIэр? Пэжмэ, си нэхэм я насып къикIауэ езы Алигот-пэщэ дыдэу нурыр зыщхьэщихыр ялъагъуу аракъэ?

— Ущыуакъым, зауэлI,— къэгуфIэжащ сераскирыр.— Къеджэ мыдэ а уи белэмбешэмхэм, мыбдеж пхауэ гъэритI щылъщ.

Алъандэм Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэм нуру блэуэ къыдекIуэкIа гугъэр нэхущ уафэ щхъуантIэ лъащIэншэм фагъуэ щыхъуурэ вагъуэр лъэужьыншэу зэрыщыкIуэдыжыпэм ещхьу хуэмурэ щыункIыфIу хуежьащ.

ИбгъукIэ щылъ Къуанш щэIури къэушащ.

Чыцэр къызэпхратхъри егъэзыпIэм деж къыщызэхуэсащ я лъакъуэм къыщыщIэдзауэ я щхьэм нэсу зэщIэузэда къэрым зауэлIхэр.

* * *

Сунджук-Къалэм Къубатий щилъэгъуащ мы гъэм тахътэр зубыда къудей, зи нэгур мазагъуэу нэху езы Къаплъэн-Джэрий дыдэр *...

Алигот-пэщэм и шууищэм я кIуэдыкIэ хъуар псынщIэу нахьэсащ хъаным деж икIи, ар а лъэхъэнэм Кавказым и тенджыз Iуфэм щыIэти, унафэ ищIащ икIэщIыпIэкIэ къагъуэту сераскирымрэ а пщы дыдэмрэ къыхуагъэсыну.

Гъуэгуанэ псор Алигот икIуащ и жьафэр щIэуэрэ и нэхэр щыункIыфIыкIыу, ныбэ уз бзаджэми нубыдати къиутIыпщыртэкъым, тахътэ лъабжьэм зыщигъэщхъыну имыщIэххэу ираджа дэтхэнэми къеуз узыфэт ар! Аращхьэкlэ, зэримыгугъауэ, хъаным гущIэгъу ин къыхуищIащ. Шылэ уагъэкIэ ятхьэлакъым, гъуанэдэс зэрыз мащэм ирадзакъым, уеблэмэ Бахъшысэрейм и псыунэхэр къызыгъэкъэбзыкIхэм я лэжьыгъэм кIэлъыплъыну ягъэкIуакъым. Хъаным и нэфI апхуэдизкIэ къыщыхуати, и Iэ угъурлыхэмкIэ абы щэнейрэ щIопщкIэ зэпихулэкIащ и пащхьэм хэIубауэ илъ сераскирым и плIэр — абыкIэ тезыр псори зэфIэкIащ. Пхужымы Iэн хуэдиз насып зэуэлIа Алигот — ар и бунчукым къранэжат — нэгъуэщI зы насыпышхуи къеуэлIащ: хъаным и вакъэм ба хуищIыну хуит ящIащ. Апхуэдэ саугъэт щIэхъуэпсыххэну ар щытакъым!

ЩоджэныкъуэмиIуэху нэхъыбэжкIэ къикIащ: хъаным мурад ищIат Къэбэрдейм я тетым илэжьа щIэпхъаджагъэр «щыхьэт нэхъыщхьэм» къиIуэтэжу едэIуэну.

Алиготрэ Алыджыкъуэрэ къагурыIуат Бахъсэн Iуфэ лъыгъажэр и чэзу дыдэу къызэрыщыхъуар. Абдежым Щоджэныкъуэм и гум къилъэдащ: дауи, щыуагъэ лъэпкъ хъункъым пщы Кургъуокъуэ и щIалэр зэригъэрыр икIи дунейм и мазэ хъаным дахагъэ телъыджэрэ зыхуэдэ щымыIэ къарурэ зыбгъэдэлъ и щIалэр къызэрыгуэкI саугъэту Iихыну Алыджыкъуэ елъэIукIэ.

Пэжщ, Щоджэныкъуэр щыуакъым. Хъаным и щхьэ хунгъэфэщащ а щIалэм еплъыну, икIи къраджэну унафэ ищIащ. Хъан унафэр игъэзэщIэну езы Щоджэныкъуэр щIэпхъуащ. Псысэм хуэдэу гъэщIэрэщIа каютэм (Iуэхур щекIуэкIыр нэху къекIмэ хъаныр Кърым зэрыкIуэжыну кхъухьырт) къыщыщIэжым ар Iуплъащ зэхихар телъыджэ лажьэ зыщыхъуа Алигот — пэщэм и нэ къибыргъукIахэм. А нитIым фIы лъэпкъ щIилъэгъуакъым адыгэпщым: апхуэдэ гъэрым и цIэр дауэ ибзыщIыфа ЦIащхьэм! «Хъунщ,

---

* Дыгъэм ирагъэщхьыну хуитыр Тырку султIаным и закъуэт.

хъунщ, накъэ,— егупсысащ Алыджыкъуэ.— ИужькIэ зыгуэрурэ дызэгурыIуэжынщ».

Арати, Къубатий напIэдэхьеигъуэм жыхуаIэм хуэдэу цеищIэ щатIэгъащ, лъахъстэнышIэ лъатIэгъащ (зэрыхабзэм хуэдэу, лъэпэдым ещхьу псыфу щакъуащ). Зи щхьэр псынщIэу яупса Къубатий, лъым ириIам и пIэкIэ, пыIэ хуэфIыпси къыхуагъуэтащ икIи зы псалъи жрамыIэу хъаным и каютэм щIадзащ.

Алэрыбгъухэмкlэ зэщIэбгъа лъагапIэм дыщэ-дыжьынкIэ зэщIэблауэ тес лIыкур щилъагъум, Къубатии и Iэ ижьыр и гум трилъхьэри щэныфIэу щхьэщэ хуищIащ. НэбгъузкIэ Алиготи къилъэгъуащ: сераскирыр пхъэхьу гъэшат, и нэгум лъаIуэ-убзэр къищырт. И щIыбагъкIэ бауэкIэщIу Алыджыкъуэ зэрыдэтри зыхищIэрт. Каютэм и бжэм и бгъуитIкIэ щытхэр, дауи, лIакъуэлIэш бэлыхь гуэрхэр — къалгы, нурадин хуэдэхэрт. Ахэр Iэдэбу щыму йоплъыххэр, ауэ щIэх-щIэхыурэ «хуарс» я напIэр къыдрадзей. Гу лъамытэу зы къагъанэркъым, уеблэмэ уэ мыхьэнэншэ дыдэу къыпщыхъунухэр.

ЖьантIэ блыным хэлъ щхьэгъубжэ цIыкIуиплIым я лъабжьэм дыщэ плъыжькIэ хуэпауэ щIэсым и ажэ жьакIэ кIыхьыр пысысыхьу хуежьащ — ар апхуэдэу дыхьэшхырт макъыншэу.

— Пагэщ! — Къубатий дежкIэ и щхьэр ищIурэ тэмакъ кIыхьыгъэ, ауан зыщIэлъ макъкIэ жиIащ абы.— Апхуэдэщ ахэр псори, адыгэпщхэр. Мы алыхьыр си щыхьэтщ, уолъагъу зэрыпщы лъэпкъыр. Гу лъыфтакъэ? НыбжькIэ нэхъыжь дэтхэнэми хуэдэу, щхьэщэ къысхуищIауэ аркъудейщ.

— Хабзэ зэрызэрахьэм хуедгъэсэфынщ ар! — адрейхэм нэхърэ нэхъ зыкърихыу хуэпа блыгущIэт лIы лъагэр зы лъэбакъуэкIэ зыхэтхэм къахэкIуэтащ,— ар хъаным и щхьэхъумэхэм я унафэщIырт, Къаплъэн-Джэрий нэхъ и Iупэфlэгъу дыдэрт (арат нэхъ тегушхуауэ зыщIиIыгъри).

Хъаныр и нэ текIыжа гупсысэ гуэри къызыщIэмыщхэмкIэ абы дежкIэ еплъэкIащ — зыкъызыфIэщIыжа лIакъуэлIэшым и псалъэр пичри и щхьэр щIигуащ.

— Ягъэ кIынкъым,— щэтащ Къаплъэн-Джэрий,— ди деж щыIэмэ, гъэсаи хъунщ. Мобы ещхьу,— хъаным и щхьэр Щоджэныкъуэм дежкIэ ищIащ.

Къубатий а зэрыIэдэбым хуэдэу игъэкIэрэхъуащ и щхьэр.

— Дэ иджыпсту уи арэзыныгъи дыщIэупщIэркъым,— губжьауэ жиIащ хъаным.—Бжьыхьэ пщIондэ ди кхъухьым и хьэнцэр щIэбупскIэмэ, гупсысапIи уихуэнщ. ЩIэфш. Ар-

мырами псалъэ куэдыӀуэ тедгъэкӀуэдащ щӀалэжьыцӀыкӀу пагэм.

Къубатий щӀашыжащ, а пщыхьэщхьэ дыдэм пщым къратащ хъаным и саугъэт берычэт. Пщым и гуфӀэгъуэшхуэт, абы и пщӀыхьэпӀэ къыхэхуэнтэкъым Къубатий апхуэдизу лъапӀэу хуэщэну. Мыбы къакӀуэу гъуэгу щытета лъэхъэнэм абы щӀалэм жыр джанэм и щэхур къыпкърихыным и шэч хихыжащ. Зыт Алыджыкъуэ ЦӀащхьэр хэзыгъаплъэр: гъэмахуэ псом ар дэсын хуейщ сабэмрэ бамэмрэ зэщӀащта мы жылагъуэжь цӀыкӀуу тенджыз Іуфэ хуабэм Іуукъуэдиям. Кърымым я дзэр иджыпсту Къэбэрдейм яшэнукъым. Хъаным мурад ищӀащ адыгэ мэкъумэшыщӀэхэм я гъавэр кърахьэлӀэжыху ятемыуэну. Гъавэ гъэтӀылъыгъэр лей хъункъым и мащӀэдзэр Урысейм щарнуштам дежи.

Алигот и гукъанэхэмрэ щӀыхуэхэмрэ пщыр зэрыригузавэ щыӀэтэкъым: «Ягъэ кӀынкъым, накъэ! Зыгуэрурэ дызэгурыӀуэжынщ. Уи щхьэ акъыл пхъуантэр си щынэ къэгъанщӀэкъым. Дауэ мыхъуами, си гупкӀэ ущискӀэ, си уэрэд уежьуунщ, ар сызэриуэрэдыр умыщӀэххэу».

* * *

Хьэнцэ кхъухьым и палубэр бамэт, бэуапӀэ умыгъуэту хуабэт. Кхъухьыр къезыхуэкӀхэр плӀырыплӀыххэу зэбгъурысу сатыр Іэджэу кӀуэрт. Къубатий икӀыпӀэ люкым деж щагъэтӀысащ. Абдежым зы цӀыху чэмт. Ар хьэнцэ хьэлъэр зэрыгъэлъэда щхьэгъубжэ цӀыкӀумкӀэ плъащ, занщӀэу къэкӀинным зы мащӀэщ иӀэжар: нэщхъейуэ пыгуфӀыкӀыу абы къеплъырт Къуанш. А тӀур зэкӀэрачат. КъызэрыщӀэкӀымкӀэ, пщӀэншэу игъэкӀуакъым нобэрей махуэр Щоджэныкъуэм.

Къубатий и гупэ дыдэм къист зи ныбжьыр илъэс щэныкъуэм ебэкъуа лӀы зэщӀэкӀэжа, и нитӀыр щхъуантӀэпсрэ жьакӀэ кӀыхь тету. Абы зыщигъазэм и щхьэц зэщӀэкӀэжар мащӀэу зэкӀэщӀэжри Къубатий къилъэгъуащ, лӀым и зы тхьэкӀумэр зэрытемытыжыр, и нэкӀум и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм дыркъуэ ин зэрытелъыр.

Хьэнцэ къэс цӀыхуиплӀым ягъэлажьэрти, ахэр тӀурытӀу зэбгъэдэст, я гупэ зэхуэгъэзауэ. Лъэгум хэӀуэнтӀа гъущӀым церп пыщӀат, а церпым гъущӀ уэрдыхъу фӀэлъыжти цӀыхум бгырыпх папщӀэу щӀалъхьэрэ ІункӀыбзэиратыжу.

Куэд дэмыкӀыу Къубатии быдэу трагъэтӀысхьащ шэнтым. Иджы ар абы тепхауэ шхэн, жеин, пщӀэнтӀэпсыр къе-

тIэтIэхыу хьэнцэкIэ лэжьэн хуейт, зыщигъэпсэхунур жьы гъуэгурыкIуэ къыкъуэурэ кхъухьыр парусхэм щашэм дежт.

КIэлъыплъакIуэм, кхъуэпIащэ гъумыщIэжьым, IункIыбзэр Iуигъауэри IункIыбзэ Iухыр кнутIыкъу гъумыр зыдэIуа бгырыпхым кIэрыщIа Iуххэм яхилъхьащ.

Зыгуэрым хьэпцIий тхьэв ныкъуэгъажьэр зэрылъ тепщэчыр къридзыхащ. КIэлъыплъакIуэ-кхъуэпIащэр палубэм и адрей лъэныкъуэм кIуащ шхыныр игуэшыну.

— Уадыгэ? — къеупщIащ и гупэкIэ къис лIыр.— КъэсщIат. Ей, сэ мыбы щызмылъэгъуауэ хэти сыти къэнэжа? Сыт хуэдэбзэкIи сыкъэвэф хъуащ. АдыгэбзэкIи. Сэ ЖихаркIэ къызоджэ. Сыурысщ. Мор — абы Къуанш дежкIэ Iэ ищIащ — Балъкъэрщ, сощIэ. Уэ дэнэ укъикIа? Къэбэрдейми? ГурыIуэгъуэщ...

А дакъикъэм кIэлъыплъакIуэр абыхэм я сатырым къэсащ Жихарь и Iэгур щIигъэувэри тхьэв IэмыщIэ къраупцIащ.

— Ей, убыд! — Къубатий и тхьэкIумэIупсыр IунудоэжыпIэну къыщIэкIиящ, кIэлъыплъакIуэр. Дуней псор и IэмыщIэ илъу зылъытэж а цIыхум бжьыныхумэр, пщIэнтIэпсымэр, и дзэ фахэм я мэр къыкIэрицыцыкIырт.

Тхьэвыр Къубатий и лъэгуажьэм къытехуащ. АпщIондэху ищIэнIауэ щIалэм и гущхьэ къэкIыххакъым, ауэ зэрыхъуар имыщIэу тхьэвыр къипхъуатэри кIэлъыплъакIуэм и нэкIум зэрылъэкIкIэ щIиупцIащ, и нэхэр зэтришхэу. Асыхьэтуи зэман имыгъэкIуэду зыкъиIэтщ, Iэ сэмэгумкIэ и пщэр иубыдри иришэхащ, Iэ ижьыр жьэпкъыпэм щIигъэувэри щхьэ щIыбымкIэ къарууэ иIэмкIэ еIащ, кхъуэпIащэм и пщэдыкъыр макъ ищIу щIыщIащ, лIы домбейр джалэри тетIысхьэпIэ зэхуакум дэукIуриящ.

И жьэр ущIауэ щысакъым Жихари: кIэлъыплъакIуэр мыджалэ щIыкIэ IункIыбзэ зэкIэрыщIар абы и IэмыщIэ къихуакIэт. IункIыбзэIух зыхуеинухэр псынщIэу къигъуэтри езым ейри, Къубатийрэ Къуаншрэ я бгырыпх IункIыбзэри Iуихри зэкIэрыщIар тетIысхьэпIэ зэхуакум дидзащ.

Галерэм исхэм Iэуэлъауэшхуэ ящIу зэрызехьэу щIадзащ, Iэ зытхух IункIыбзэIух зэкIэрыщIам Iэбащ.

Ишхьэ палубэ зэIухам сакъыныгъэ лъэпкъ яхэмылъу, кхъуэщыным кърautIыпщыкIа жыным хуэдэу, щыри дэжеяхэщ. Ахэр хъумакIуэм IууэнкIэ зэрыхъунум егупсысыхакъым, ауэ я насып къикIащ: къэрэгъулхэр асыхьэтым кхъухьым и адрей кIапэм щыIэт. Къубатий щабэу бакъуэурэ лъэмыж ехыпIэм иунэтIащ. Ауэ щIым теувэну хунэмыс щIыкIэ псы Iуфэм хъумакIуэ куэд дыдэ зэрыIу-

тыр къилъэгъуащ — ахэр пщIищ нэхъ мащIэ хъунтэкъым. Пэжу, абыхэм я къалэн къазэрыфIэIуэхушхуэ щыIэтэкъым. Языныкъуэхэр жейрт, къэп гуэрхэр я плIэм щIадзауэ, кхъухьым нэхъ и гъунэгъуу щызэщIагъэста мафIэм бгъэдэсищыр кIэн джэгурт. Абы адэIуэкIэ щызэтелъ пхъэнкIий лъагэм Iугъуэр Iуданэу къыкъуокIри мазэм и бзийхэм IупщIу дэцIууэ жэщ уэгум докIуей. Ар хъумакIуэхэм ящыщ гуэрхэм я хьэл бзаджэм зратауэ аращ — гашиш ираф.

Ауэ къикIуэтыжыпIи щыIэтэкъым. Къубатий и ныбжьэгъухэм Iэ яхуищIри здэкIуэри щIэкIуэри зыщIэ цIыхум и кIуэкIэу ахэр мафIэм бгъэдэсхэм яблэкIащ. Жихарь щIым зэрытеувэххэу, чэфым хуэдэу бгъукIэ ещIащ, Къуанш мыхъуами джэлэну къыщIэкIынт.

— Эй?! — щIэупщIащ хъумакIуэхэм ящыщ зы,— дэнэ фыздэкIуэр?

Iэджэ щIауэ егупсысу зэхилъхьам ещхьу Къуанш иупса пцIым ахэр къригъэлащ.

— Мыбы,— абы и щхьэр ищIащ зеуалэ Жихарь дежкIэ,— емынэ уз къеуэлIащ. Мы хьэчимым дэрэ,— абы и щхьэр Къубатий дежкIэ ищIащ,— мыбдеж ар Iудош. Псори зэтрицIэлэнущ.

— Уэ, алыхь...— жиIэу Iущащэри зыIуидзащ хъумакIуэм.

Абы и ныбжьэгъу мафIэм пэрысахэри хьэлъакъуиплIу кIыфIым хэпщхьащ, я пхэ Iувхэр лъагэу Iэтауэ.

И пэжыпIэкIэ гуитIщхьитI узыщIынт абыхэм я теплъэр. Зи нэхэр утхъуа, жьафэр щIэхуа, зи лъакъуэхэр къыщIэмыувэ лIы пцIанэм хэти игъэшынэнт. (Илъэсий хъуауэ щIым лъапэ тезымышиям и лъакъуэ къыщIэувэнт!) НтIэ мис а лIыр (абы къыгурыIуат Къуанш къыхидза джэгукIэр) гущIэр къигъазэу мэщIэу, и нэхэр щIрегъэлъафэ, лъыр къызытридза нэхужьыбэр къаплъэу — а псори щищIэр мафIэ зэщIэгъэстам щыблэкIым дежщи и нэгур хуиту псоми ялъэгъуат.

ЩIэпхъуэжахэр хъумакIуэхэм къаувыхьа псы Iуфэм икIа нэужьщ кхъухьым мафIэ щыпагъэнар, кIий, гъущI зэрышх, фочауэ макъ къыщыIуар. НаIуэт шэнтым епхауэ щытахэр палубэм къызэрызэрыдэхьеяр.

Я Iуэху къикI зэпытт щIэпхъуэжахэм. УэрамдэкI кIыфIхэм ящыщ зым деж шы лъэхъахэр щыхъуакIуэу къыщIэкIащ. Мыбдеж дыдэм деж жыг лъабжьэм уанэр и пIэщхьагъыу щыжейрт шыр хэзыгъэпщ щIалэ бэлэбанэр. Абы псынщIэу лъахъэ иралъхьэри и къэптал кIапэр и жьэм жьэдакуэжащ, кIийуэ къызэщIимыгъэстын папщIэ.

Жыг лъэдийм щIэлъ шхуэхэр къащтэри, Къубатий зыш уанэ трилъхьащ, адрейр иритащ щIым есэжу хуежьа Жихарь.

КъэмыувыIэу ахэр хьэмкIэу кIуащ нэхущым нэсыху. Ауэ шыхэр зэгуимыгъэудын щхьэкIэ Къубатий зэзэмызэ лъэбакъуэ зищIырт. Нэхутхьэху къэмыхъупэ щIыкIэ мэзым хыхьэхэри, Къубатий къигъэш-нигъэшу, и лъэужьыр игъэпщкIуу куэдрэ гупыр ишащ, пхъэр къыкIэлъежьэр игъэщхьэрыуэн мурадкIэ.

Дыгъэр къызэрыщIэкIыххарауэ ахэр къыщыувыIащ зи лъащIэм псы щэху цIыкIу щежэх уэхым. Тхъурымбэр къызэхуэх шыхэр щIагъэгъущхьэжщ, псы ирагъафэри жыгым ирапхащ. Къуанш щIым зэрынэсу Iурихащ жейм.

МэжэлIа, еша щхьэкIэ Жихарь жейр къыфIэIуэхукъым. Щхьэхуитыныгъэ! Насыпышхуэм чэф ищIа лIыр сабийм хуэдэу дэлъеину хьэзырт. ЛъапцIэу псым хэту къижыхьырт. ДыгъапIэ джабэм кIэрыту абы мэрэкIуалъэ щIыпIэ къигъуэтри мамкъут мэракIуэ пIащэхэр зыIурипIытIэжу хуэшхыр ишхащ, и нэхъуей текIауэ.

Удз тхьэмпэр игъэныщкIуу, хэгупсысыхьауэ щыс Къубатии IэмыщIиз къыхуихьащ. Абдежым Жихарь тесабырэжщ аби къыщиудри гъащ.

* * *

Христос къыщалъхуам и 1662 гъэм цIыху еIуящIэжь цIыкIухэм Мэзкуу и щIыпIэ Iэджэм тхылъ щэху гуэрхэр щыфIадзащ. А пцIыIуэпцIышхэм ярыт пащтыхь боярхэр нэмыцэ гуэрхэм гурыIуарэ Мэзкуу абыхэм иращэну хэт хуэдэу. ЗыкъаIэтащ къэрэхьэлъкъ фIыцIэхэм, Кремлым жахэщ, къыдэт мыдэ, фи пащтыхь дотэ, пщы пцIыIуэпцIышххэр, жаIэу. Пащтыхь иныр, пащтыхь икIи пщышхуэ Михаил и къуэ Алексей, Россие Иныр, ЦIыкIур, Хужьыр, нэгъуэщI къэралыгъуэхэр, къуэкIыпIэм, къухьэпIэм, Ищхъэрэм ящIхэм я адэр, адэшхуэр, а псор зи IэмыщIэ илъыр Коломенскэ къуажэм кIуэри и чэщанэм и бжэр быдэу къигъэбыдащ. Къэрэхьэлъкъ минипщI кIуащ Коломенскэм, абыхэм я зэхуэдитIыр нэмыцэ, стрелковэ корпусхэм я топышэхэмрэ сэшхуэхэмрэ щIым щыщ ящIащ. Адрейхэр гъущIкIэ зэщIаIулIэри суд тращIыхьащ.

ИкъукIэ къэгубжьащ «Щэху дыдэ» зыфIаща пащтыхьыр. И Iэ хужь щабэ цIыкIухэмкIэ далъэрт, и лъакъуэ цIыкIухэмкIэ тепкIэрт Михаил. Аргуэру цIыху миным я щхьэр паупщIащ, палъащ. Адрейхэм гущIэгъу хуащIащ. Я тхьэкIумэр траупщIыкIащ, я нэкIубгъу сэмэгум «Б»

дамыгъэр кърагъэжьыкIри я унагъуэхэм ящIыгъуу Сыбыр ягъэкIуащ. Илъэс 12—14 зи ныбжь щIалэ цIыкIухэм я зы тхьэкIумэрщ траупщIыкIар. А щIалэ цIыкIухэм захигъэпшэхъуащ езы Долгоруков боярин дыдэм и бэлыхьыр зыхуэмыхьыж Жихарь сабий зеиншэм.

Ауэ ар Сыбырым нэсакъым, атIэ къэзылъхуар зымыщIэж Иван зыкъомым ящIыгъуу губгъуэ нэщIым щIэпхъуэжащ. Илъэс зыбжанэ дэкIри ар хъуащ Стенькэ Разиным и дзэ нэжэгужэм и къэзакъ щхьэхуит. Атаман хъыжьэм и кхъуафэм исү Къэжэрхэм я къэралыгъуэм кIуащ, къуентхъ къулей къыздишащ — илъэс псокIэ хурикъуащ Iэнэм къыпэрымыкIыу ирефэну. ИужькIэ Индылыжьыр и хэщIапIащ. Яхэтащ Астрахань, Саратов, Самарэ къэзыщтахэм. Симбирск деж мэкъупIэр зейм щыIуущ. Борятинский пщым абдежым мэкъумэшыщIэ лъапцIэрышэ минхэр щызэтриукIащ. Къэзакъхэр Волгэ псышхуэ-анэ и Iуфэр яIыгъыу щIэпхъуэжащ, абыхэм я ужь иту къесыхырт пхъэзэфIэдзэ шынагъуэхэр,— абыхэм ятет насыпыншэу къалъхуахэр зэIулIа щхьэпылъапIэхэр.

Абы и ужькIэ ткIууэ хуежьащ Степан Тимофеевич и дзэр. Къэзакъ лIакъуэлIэшхэм Качальницкэ къалэжь цIыкIум щаубыду абы атаманыр Москва щалъэфынур жыжьэжтэкъым!

Къэзакъ гуп щIыгъуу Жихарь ежьат Запорожьскэ Сечэм кIуэну, арщхьэкIэ нэмысу тэтэр гъэрыпIэм ихуащ. Илъэс тIощIрэ блырэ и ныбжьт абы щыгъуэм. Абы и ужькIэ илъэсиблкIэ кIуащ ар кърым гъэрыпIэм зэритрэ. Иужьрей илъэсийм кхъухь хьэнцэм епхауэ щытащ.

* * *

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу Къубатийрэ Жихаррэ гъуэрыгъуэурэ жея нэужь, ахэр гъуэгу техьэжащ, адэ жыжьэу гъуэзым уардэу къыхэщ къуршыжьхэм, зи щыгур гъэи щIыи уэсылъэм, хуэкIуэу. МэжалIэр кIуэ пэтми нэхъри къатегуплIэрт, ауэ зыри тхьэусыхэртэкъым — ар Iуэху сытми!

Жэщ псом щыгу лъагэм екIэкIа мэз Iувым я щыгум ис къуажэхэм зыдэзыдзэ гъуэгухэм темыхьэу кIуахэщ.

Нэхущым аргуэру епсыхащ. ЗатхьэщIащ, псы ефахэщ.

— Иджыпсту тутын тIэкIу диIэныр сыту дэгъуэт,— хъуапсэу жиIащ Жихарь.

— А-а-Iэ! — и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Къуанш.— Иджыпсту лы Iыхьэрэ ерэн фалъэрэ сыт нэхъри нэхъыфIт.

— Іэщэ дыхуейщ, дызыхуейм фыщІэупщІэмэ,— нэхъыжь жыІэкІэу къыхилъхьащ Къубатий.— Армыхъумэ, гъуэншэджыншэм дрещхьщ. Джэджьей дыхуэзамэ, зэрыфІэдгъэжын диІэкъым. Уанэншэуи щІагъуэкъым. ДиІэ закъуэр...

Жихарь ину дыхьэшхащ.

— Емынэ уз къеуэлІащ! Дауэ къыпщыхъурэ?

Къубатии дэджэгу щІыкІэу Къуанш ещхьэфэуащ.

— Ей, ар дэ щІалэ ахъырзэману диІэщ!

Къуанш нэщхъейуэ щэтащ:

— Ахъырзэмант... Емуз яукІащ..

— Абы уи къуаншагъ хэлъкъым,— ткІийуэ жиІащ Къубатий.— Уигу умыух. Ар лІы и лІэкІэу лІащ.

Къуанш и щІыб къигъэзащ. И гущІэм шынэрэ гузавэрэ къитэджыкІауэ егупсысащ Къанболэт и Іуэхум. Ари яукІамэ-щэ? ЯукІагъэнщ... И ныбжьэгъум Іэджэ хузэІуищащ, Къанболэт и уІэгъэр мыхьэнэншэу, махуищ нэхъыбэ пІэм химыгъэлъыну жриІащ. Дауэ иджы зэрыхъунур?

— Мыпхуэдэу куэдрэ къэджыхьыну? — щІэупщІащ Жихарь.

— Зы жэщ гъуэгуанэ зэпытчыжмэ, дыщІэшынэн щыІэжкъым. ИтІанэ узыхуей пщІантІэм дыхьи зыгъэпсэху. А щІыпІэм тэтэр щыІэкъым. ФІыуэ игъэшынащ ахэр Кургъуокъуэпщым.

Ауэ Хьэтэжыкъуэ нэхъыщІэм зэригугъам нэхърэ нэхъ псынщІэу ахэр ихуащ шынагъуэ здэщымыІэж щІыпІэ.

Ди шууей ахъырзэманищым увыІэпІэ ящІа щІыпІэм и лъащІэкІэ чыцэм упхыплъмэ, къыщылът фэху кІыхь щІыкІу. ШууеипщІитІ хуэдизым мэшым ипщэкІэ къыщыхэкІауэ ищхъэрэкІэ кІуэуэ фэхур зэпаупщІырт. Къубатий пІейтейуэ плъэрт, хэт сымэ ахэр, хьэуэ, ахэр тэтэркъым, ясыхьэтым ар къыщылъэтащ икІи мо щІалэ пІащэр и макъ къызэрихькІэ джащ:

— Къанболэ-э-эт!

Япэ иту кІуэ шууейм, шыр кІэщІу къыжьэдикъуэри, кІий макъымкІэ и щхьэр къриІуэнтІэкІащ.

* * *

Фэхум мафІэр щыпщІыпщІырт. Лы гъур гъэжьа инхэм, кхъуей плъыжьхэм, махъсымэм хэс Жихарь и ІутІыжт. Къубатийрэ Къуаншри я ныбэ изт — бгрысхэм зэрахабзэу, ахэр загъэнщІын щхьэкІэ куэд хуейтэкъым.

Иджы а плІыр мей жыг абрагъуэм и лъабжьэм щІэсу мамыру зэпсалъэхэрт. ЕплІанэр, зи нэзэрыхъэм деж иущ-

кӀумпӀауэ, нэм, нэхъ пэжу жыпӀэмэ, нэуэ щытам нэсрэ жыпӀэну, дыркъуэ шынагъуэ зытелъ лӀырт. Ар Къанболэт и ныбжьынт. Къанболэт ар къаригъэцӀыхуащ:

— Мыр Нартшущ. Ди щӀалэгъуэм абы дэрэ зэкӀэщӀэпыджэ цӀыкӀу гуэрхэм дыздыхэтащ.

Нартшу мыгурыӀуэгъуэу зыгуэрхэр къигъумэтӀымащ, ауэ а нэ закъуэми ӀупщӀу къыщӀэщырт Къанболэт хуиӀэ гурыщӀэ гуапэр.

— Мо цӀыхухэр абы ейщ,— пищащ Къанболэт и псалъэм.— Ахэр шууей щхьэхуитщ. Фэ къывгуроӀуэ зи гугъу сщӀыр. Нартшу модэ... Шэджэм къыщыхутащ сэ щхьэхынэр Нэлжан зыхуэзгъафӀэу сыщыхэлъам щыгъуэ. Арати, мис абы жэрдэм ищӀащ нужь зэманым хьэлэбэлыкъ Ӏэджэм сыхэзыдзэ си къаныр къыздилъыхъуэжыну. Зэ и адэм и ӀэмыщӀэ ислъхьэжу хуиту сыбэуэжащэрэт,— Къанболэт скъуащ Къубатий и тхьэкӀумэм.— Ауэ жыр джанэр! Дэнэ ар здэщыӀэр? Уэ, си ныбжьэгъушхуэ Къуанш, жоӀэ а жэщым ар къыр къэчам дэплъхьауэ, япэм щыгъуи хуэдэу, дэнэ-тӀэ ар здэкӀуэнур?..

— Тхьэ пхузоӀуэ, Къанболэт! Си щхьэ делэри абы тескъутащ сыгупсысэурэ. Жын Ӏуэху хэлъу пӀэрэ?

— Дэнэ къикӀауэ! Жын си фӀэщ хъуркъым сэ. ЯзыныкъуэкӀэ цӀыхухэм къагупсыс жынхэм ягу игъащӀэкӀэ къэмыкӀып. КъэтӀэбэрэбыхьынти а щӀыпӀэр иджыри зэ. ФӀыуэ къэтӀэбэрэбыхьынщ...

Къубатий и шыр кӀуэрт Къанболэт ейм бгъурытщ жыпӀэным хуэдизу (абы и шыпэр Къанболэт и лъэрыгъыпсым хуэзанщӀэу арат) дуней насыпыр къеуэлӀат: шыр зыхуэдэ щымыӀэщ, и уанэр адыгэ уанэщ — дунейм щынэхъ тыншщ, и бгым къамэ илъщ. Ауэ сытми къамэ гъэщӀэрэщӀакъым. Нартшу и саугъэтщ. СампӀэмрэ къамэ Ӏэпщэмрэ дыщэу телъыр щилъагъум, Къубатий лъэӀуат моуэ нэхъ къызэрыгуэкӀ гуэр къритыну, арщхьэкӀэ абрэдж нэ закъуэр, лӀы псалъэ къабзэр, дыхьэшхри къыхуидакъым.

— Къащтэ уэ. НэхъыкӀэ зепхьэ хъунукъым. Уэ иджы езы Къаплъэн дыдэм фӀыуэ илъагъу ныбжьэгъу ухуэхъуащ.

Загъэпсэхуну щепсыхахэм ящыщ зым Къубатий икъукӀэ къуэгъу, фагъуэ и атэлыкъым еупщӀащ:

— УӀэгъэр кууа? КӀыжыпакъэ иджыри?

— Кууащ... Сыт а мыхьэнэншэхэм дыщӀытепсэлъыхьынур? УӀэгъэ Ӏэджэ дэ иджыри къыттехуэнущ. Апхуэдэ гъуэгущ къыхэтхар... Аращ, си къуэш, пщӀэгъуалэ утесу уежьэмэ, щхьэц тхъуа къыздэпшэнщ, жи. Зэхэпха уи адэм Алигот и щхьэхъумэхэм ярищӀар? СщӀэркъым Кургъуо-

къуэ зэлъэдэкъэуа шым и плъыфэр зыхуэдэр, ауэ ар икъукIэ шагъдий шынагъуэщ.

— Зэхэсхащ Алигот къэзылъыхъуэжахэм зэжраIэжу. Щоджэныкъуэм зы псалъэ къызжиIакъым. Сераскирми абы и гугъу ищIакъым.

— Ей, Щоджэныкъуэ, Щоджэныкъуэ. Дауэ абы щыгъуэ Тэрч Iуфэм деж ар щызутIыпщыжт!

* * *

Бедыкъ аузым куэдрэ зыщаIэжьэн хуей хъуакъым. Къуанш яригъэлъэгъуащ жэщым жыр джанэр зыдилъхьа къыр дазэри, абы лъэбакъуищэ нэхъ пэмыжыжьэу щыжея щIыпIэри. Джанэр къэлъыхъуэным псори хэтащ. Мэзым и Iыхьэшхуэм зы IэгупIи къранакъым къамыплъыхьауэ. Къахуэмыщlэ щэхур а къыр хьэдзэ дыдэм деж Нартшу къыщихутащ.

— Еплъыт, Къанболэт, мыбдеж щIым иIэ гъуанэ цIыкIухэр гъэщIэгъуэнщ, пэжкъэ? Ахэр бжыпэкIэ пхыудащ.

— Солъагъу, ауэ сыт-тIэ абы къикIыр? — щIэупщIащ Къанболэт, абы жиIар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ.

— Апхуэдэ гъуанэ цIыкIу зи башым щIым къытринэ цIыху сэ зэрысцIыхурщ.

*«Лъагэу заIэтын щхьэкIэ бзур дамэ, цIыхур акъыл хуейщ» псалъэжьым куэд къызэрикIыр хьэкъ пщызыщI*
*ЕПЩЫКIУПЛIАНЭ ХЪЫБАР*

ЩIэлъын папщIэу зэтеубгъуа мэлыфэ Iэтэм Иуан лIыжьыр тест, хуэму щэнауэу. Набдзэ хужь Iувхэм къащIэплъ и нитIым нэщхъейуэ бгъуэнщIагъ хуит гъущэм и блынхэм къыщаущыхьырт. БгъуэнщIагъым и щIыхьэпIэ бгъуэшхуэр дыгъапIэмкIэ гъэзати, абы и кIуэцIыр нэхут. ЛIыжьым жэщкIэ щIыхьэпIэм выфэ хьэлъэхэр Iуипхъуэрт. Мывэ блынхэм ящыщ зым иIэ дазэ мащIэм гъущI хьэлъкъышхуэ хэукIат. Абы кхъуэпIащэ дзажэхэр фIэлът, ищIагъым щIэщIыхьа мафIэм къыхиху IугъуэмкIэ игъэгъуу. Удз гъэгъуахэм я мэ гуакIуэр (Iугъуэмрэ лымрэ я мэм къищцынэмыщIауэ) къыпщIихьэрт.

ЛIыжьым и пащхьэм куэд зи нэгу щIэкIа тхылъ Iув илът и напэхэр гъуэжь хъужауэ, адэIуэкIэ ятIэ лъэгум щыхэтIа башым и щхьэкIэр жору иухыжырт.

Закъуэныгъэ куэдым Иуан щхьэхуэпсалъэ ищIат. Я нэхъыбэм деж абы мыгурыIуэгъуэу зыгуэрхэр къиIущэщырт, ауэ языныкъуэхэми и нитIыр къэлыдырти, лIыжьыр ину, гуащIэу, къыхэкIиикIыу, и Iэхэр ищIу псалъэрт.

Иджыпсту абы къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу тхылъым и напэ текIыжахэр къызэригъэдзэкIырт.

— Мы зырауэ къыщIэкIынщ, дауи, Къэбэрдей псом къинэжар... Сэри абы сыпэмылъэщыж хъуащ. Нэхъапэхэми урысыбзэм сыхуэшэрыуэ дыдэтэкъым, ауэ абы щыгъуэ сщIэуэ щыта тIэкIури сщыгъупщэжащ. Сытым щыгъуэт ар къыщыхъуар? СощIэж урыс лIыкIуэхэр Куржым зэрыкIуауэ щытар. Бахъсэншылылэ лъэпкъымкIэ кIуэцIрыкIырт ахэр. Донгъуз-Орун-Башн щхьэдэхыпIэм нэс сшахэу щытащ...[1] — ЛIыжьыр хэгупсысыхьащ.— СыщIалэт а зэманым: илъэс щэ ныкъуэ срикъуатэкъым. Мис абы щыгъуэ а урысхэм къызатыгъащ Библиер...

ЛIыжьым IэпитIкIэ, пасэм зэращIу щытам ещхьу, жор ищIащ.— Уэхухуей, нэгъуэщI мыхъуми зэчыр зыкъомыр зэкIэ сщыгъупщэжакъым.

ИтIанэ лIыжьым нэгъуэщI гукъэкIыжхэр къытезэрыхьагъэнти, тхьэ Iуэхум жыжьэуи емыхьэлIа уэрэд къыхидзащ макъ псыгъуэкIэ:

Си джатэжьурэ уей, дуней, хьэщхьэрыIуэдзэр
Уей, дуней...

— Дауэт адэкIэ? — лIыжьым и щхьэр игъэкIэрахъуэри и гуапэу щэтащ. Ар куэдрэ гупсысащ, и жьакIэ чэтхъахуэхэр и IэмыщIэм ирикъузэу, икIэм нэгъуэщI уэрэд гуэрым щыщ пычыгъуэ игу къэкIыжащ:

Уей, дуней, Хъымыщ и къуэурэ ди Бэтырэз,
Ди зекIуэлIышхуэщ, Iуэхушхуэ лэжьщ.
И пащIэкIитIыр хуэжэрумафэщ,
И щIыфэ гущэр... и щIыфэ гущэр...

Пичащ аргуэру.

ИтIани Библиер аргуэру тIэкIу зэригъэдзэкIри и джэдыгу щIагъым щIигъэпщкIуэжащ. «Дыгулыбгъу деж сыкIуэн хьэмэрэ? Шынагъуэ хъуащ гъуэгу утехьэну. ЕуэкIыгъуэ къэс тэтэр уIуоуэ. Мажусийр зэкIэ яшэч, сэ сакъелынкъым».

---

* 1650 гъэм урыс посольствэр Къэбэрдеймрэ БалъкъэрымкIэ кIуэцIрыкIри Грузием кIуауэ щытащ.

— Илъэс мин, аргуэру мин ныкъуэ япэкIэ,— джэгуакIуэм ещхьу зэпишу къригъэжьащ лIыжьым.— Диоклетиан СултIаным христанхэр зэхэзехуэн ищIу, я фэм фэлъыр дихыу, я щхьэр пилъэу щытащ. Абы и деж тIасхъэщIэхыу щыIэгъащ Спион Подлецэр, зи нэр зы къэхъукъащIи блэмыплъыкIыфыр. Иджырей Спион Подлецэм къулыкъу зыхуищIэр Ахьмэд султIанымрэ Къэплъэн хъанымрэщ. Апхуэдэу абы адрей тетхэм къулыкъу илъэс миным и Iыхьэ янэкIэ хуищIэнущ. ТIасхъэщIэх уахътыншэр лъэныкъуэ ебгъэзыфынут, ауэ... хъунукъым. ЦIыху псори, тет псори зэгухьамэ хъунут, ауэ яхузэфIэкIыркъым.

ЛIыжьыр гупсысэщ, гупсысэурэ губжьауэ къыхэкIыикIащ урысыбзэкIэ:

— Промеж их бысть пря! — гукъанэ хэлъу и щхьэр ищIри щIигъужащ:

— Яко бестие, но не яко человеци...

А дакъикъэм чэщанэбжэм зыгуэр къиуващ:

— Мы унэм мамыр илъыну!

ЛIыжьым и нэкIу иуэжам телъ лэдэххэм мащIэу зашэщIыжащ:

— Уо-о, мы сэ къысхуеблэгъар! Ар уэра, Нартшу тхьэншэу щхьэпсыншэ?

— НытIэ, нытIэ, ди адэ,— хьэщIэр нэжэгужэу пыгуфIыкIащ.— Ар сэращ, уи ныбжьэгъужь Нартшущ. Япэ тхьэншэр къэкIуащ иужьрей щоджэн деж.

— Тхьэм и жагъуэ умыщI, тезыр къыптрилъхьэнщ.

— ЦIыхухэм нэхърэ нэхъ тезыр шынагъуэ тезылъхьэ щыIэкъым.

— ГъэувыIэ уи бзэр! — къэгубжьащ щоджэныр.— Armырмэ, мы башыр къыптехуэнщ!

— Щоджэн башри?! — шынауэ фэ зытригъауэу щIэупщIащ Нартшу.

ЛIыжьым и гугъат и губжьыр и кIэм нэс трикъутэну, арщхьэкIэ е дин лэжьакIуэр бэшэчрэ тэмакъ кIыхьу щытын зэрыхуейр игу къэкIыжа, хьэмэрэ и гукъыдэжым зыIэзыбжьэу зихъуэжа, сытми и Iэр ешауэ ищIащ.

— Уэ къоныкъуэкъукIэ...— Иуан къэтэджри хьэщIэм пежьащ.— КъыщIыхьэ, тIыс. Си шыгъупIастэр мыберычэтми зумыусыгъуэджэ.

— Сэ си закъуэкъым, ныбжьэгъухэр сщIыгъущ,— Нартшу бгъуэнщIагъым щIыхьащ, лIыжьым къилъэгъуащ бжэщхьэIум адэкIэ лъэбакъуэ зыщыплIкIэ нэхъ мыжыжьэу къыщыт щIалитIымрэ илъэс тIощIрэ пщIым итын лIымрэ.— Ауэ, мэ IэфI къыпих пэтми, ахэр зыхуейр мып-

хуэдэ шыгъупIастэтэкъым.— Нартшу и щхьэр ищIащ лIыжьым игъэгъуу фIэлъ кхъуэпIащэлымкIэ.

— А-а, муслъымэнхэщ, аракъэ,— зэхэпх къудейуэ жиIащ абы, итIанэ ину щIигъужащ:

— Ягъэ кIынкъым, сэ бжэни сиIэщ, мес модэ жыг щIагъ удзыпцIэм щохъуакIуэ.

— Бжэныр, ди бысым лъапIэ, уэ иджыри къыпщхьэпэжынщ — зи ныбжь хэкIуэтар шэ имыIэу дауэ къэдгъэнэн. Дэ мыдэ мэл зыбжанэ къэтхуащ. Зы закъуэ фIэдгъэжынщи, адрейхэр уи дей кърензэ.

— ФогъафIэIуэ Иуан лIыжьыр...

Нэжэгужэу, ауэ уардэрэ и щхьэ пщIэ хуищIыжу щоджэныр бгъуэнщIагъым къыщIэкIри Къанболэт, Къубатий, Къуанш сымэ и псэупIэм иригъэблэгъащ. Иригъэблэгъащ, мыр бгъуэнщIагъыр мыхъуу пщы унэ гъэщIэрэщIам щыпсэум ещхьу.

ЩIалэщIитIыр лIыжьым ицIыхурт, апхуэдэу куэд щIакъым хьэтеплъэ зиIэ мывэм деж зэрыщызэIущIэхэрэ. «Абы щыгъуэ къэзукIа кхъуэпIащэм и лыр игъэгъуи иухакъым иджыри»,— егупсысащ Къубатий. Абы, дауи, игу къэкIыххакъым иужькIэ, Бедыкъ деж и лъакъуэм лъэхъу илъу лIыжьым зэрыщилъэгъуар. Абдежым и ужь щоджэныр фIэгъэщIэгъуэну чыцэм къыпхыплъу щыкIэлъыплъат Къуанш хьилэшым зэхищIыхьхэм. НтIэ, балъкъэр щIалэм жеину лъэныкъуэ зыщригъэзым, ЦIащхьэр нэпкъым къыщыдэпщым, лIыжьым мурад ищIащ жыр джанэр езым и деж ихьу игъэпщкIуну: тэтэр кIий-гуомрэ пщы бзаджащIэмрэ я бий гурыщIэ абы и псэм къыщыушри гъэрыпIэм ихуа щIалэм игу щIэгъуат.

МыпIащIэу шхыным хэIэба нэужь, лIыжьым мурад ищIат зэрихьа лIыгъэм и хъыбар яхуиIуэтэну, шууейхэм жыр джанэр яритыжыну, Нартшу мамыру къызэреупщIыр щызэхихам:

— Уэ пщIэрэ, зи пщIэр ин щоджэн, Алыджокъуэ ЦIащхьэ и Iэмыщ Iэм ипха жыр лыдыр зей щIалэр уэ къызэрыббгъурысыр?

ЛIыжьым зэхихар телъыджэ щыхъуарэ и жьэр Iурыхуауэ зэм Нартшу, зэм Къанболэт еплъащ.

— Уэ, лIо, тхьэр уи дэIэпыкъуэгъу? Дауэ къэпщIа?

Нартшу дыхьэшхащ:

— Уи башыр къыддэIэпыкъуащ.

ЛIыжьыр къэтэджри и башыр щIым къыхичащ, аргуэру хитIэжщ, и щхьэр игъэкIэрахъуэри бгъуэнщIагъым и плIанэпэ кIыфIымкIэ кIуащ. Абдежым щылъ хъыдан кIапэхэр зэбгридзри жыр джанэр къиштэжащ.

— Мис ар, къэфщтэж.

— СщІэркъым уи Іуэхутхьэбзэм щхьэкІэ пхуэсщІэнур, цІыху угъурлы,— щабэу гъуэгъуащ Къанболэт и макъ гъумымкІэ.

— Сэ схуэфащэр тхьэм къызитыжынщ,— Ідэбу жиІэри щоджэным жор ищІащ.

— ЦІыхум къуатыжмэ нэхъ тэмэм къысфІощІмэ, сэ,— жиІащ Нартшу.

— Сыту узэпІэщІэкІа псалъэ ахэр! — щэІуу жэуап къритащ абы щоджэн лІыжьым.— Мы щІым щыІэ псори тхьэм и Іэужьщ. Ярэби, фэ къывгурымыІуэу ара-тІэ абы имыщІэу, и фІэфІыныгъэ хэмылъу мы дунейм зыри къызэрыщымыхъур! Дэтхэнэми — ар мажусий, муслъымэн е дин тэмэм закъуэу щытым — Ауш Джэр ейм и телъхьэу щрет — езым хуэфащэр лъысыжынущ!

— Дэтхэнэ динми елъытэ езым нэхъ тэмэм, захуэ щымыІэу,— псалъэмакъым къыхыхьащ Къанболэти.— Мис молэхэми жаІэ алыхьым и Іэмыр хэмыту мы дунейм зыри къыщымыхъуу. НтІэ куэдкІэ зэщхьэщыкІрэ муслъымэн, чыристан динхэр?

— Ди тхьэ, мыбы къахуэгъэгъу! шынащ щоджэныр.— Абы езым ищІэжкъым жиІэр зищІысыр.

Къанболэт гуапэу пыгуфІыкІащ:

— СощІэ. КъызжеІэт-тІэ, щІыхь зиІэ чыристан молэ, фи чытапым ит нэгъуэщІ дин зиІэ псоми тезыр ткІий яхьынущ, жиІэу?

— Итщ... — мащІэу Іэнкун хъуащ Щоджэныр.

— НтІэ аращ КъурІэнми жиІэр: «Зэкъым зэрыхущІегъуэжынур джаурхэр муслъымэн зэрымыхъуам». А псоми жыхьэнмэр къапоплъэ, аракъэ? Иджыри сыноупщІынут: хэт фи диным адрей дунейм жэнэткІэ къигъэгугъэр — тхьэр нэхъ зи фІэщ хъухэр, тхьэм нэхъ щышынэхэр аращ, пэжкъэ?

— Пэжщ...

— Иджыри бжесІэнщ КъурІэным ит Іэятхэм ящыщу зы: «Ди зиусхьэным и пащхьэ нэхъ пщІэшхуэ щызиІэнур тхьэм нэхъ щышынэрщ».

Иуан нэщхъыцэт, щымт. Япэхэм хуэдэу и захуагъэр игъэнэхуэну, тхьэм къыщхьэщыжу ныкъуэкъуэну абы гукъыдэж иІэтэкъым. Иджыпсту ар егупсысырт хьэщІэхэр кІуэжа нэужь абы и акъылыр жьым щІиупскІэ жыг закъуэу адэ-мыдэкІэ зэрещІэнур, абы фІэкІаи абы къаруи, фІэфІыныгъи иІэжынукъым еша и акъылымкІэ лъагэу зиІэтыну, бгыхэмрэ аузхэмрэ я щыгум зиІэтыну, псори наІуэу зылъагъу и нэхэмкІэ дунейр къиплъыхьыну. ИІы-

хаи абы зэгуэрым дамэ зытет акъыл? Езым и псалъэ яжриIэфауэ пIэрэ абы цIыхухэм?

Къанболэти дин зэмыщхьхэр «благъэ» зэхуэзыщI щэнхэр къигъуэтырт.

— Чыристанхэр я Iупэм телърэ я ныпым жор тетхауэ муслъымэнхэм зауэ гуащIэ мащIэрэ иращIылIакъым. Муслъымэнхэм щIыхуэ къызытранакъым, щихъ зауэ-къэзэуат зэхаублэрти, я тхьэм и цIэр я Iупэм телъу лъы ягъажэрт. Адрейхэми мыдрейхэми тхьэм ищтэн Iуэху ялэжь я гугъэт, цIыху щаукIкIэ, щахъунщIэкIэ, щагъэскIэ. Адрейхэри мыдрейхэри кIийрт дин тэмэмым, езы тхьэ дыдэм пащIэ зауэу жаIэу, абы щыгъуэми я щхьэ зыщагъэгъупщэртэкъым — я щхьэ жьагъэ хуащIт, хамэщIхэр, хамэ мылъкур абыхэм хьэдрыхэтэкъым, атIэ мы дуней гуэныхьлырт щызыIэрагъэхьэну хуейр...

— Куэдщ,— ещауэ жиIащ щоджэным.— Куэдщ. Сэ сыгупсысэн хуейщ. Нэхъ пужькIэ зыгуэрурэ къакIуи, абы щыгъуэм дызэныкъуэкъунщ.

— Хъунщ,— арэзы хъуащ Тузарыр,— Сэ егъэленIуауэ псэлъэрей сыхъуа хуэдэщ.

Сэлам щрахыжым Къанболэтрэ Нартшурэ бысымым щIакIуэ щIэрыпс иратащ.

Щоджэным фIыщIэ ищIу и щхьэр ищIащ, ауэ езыр и гур нэщхъейуэ егупсысащ: «Сыту сщIын мы щIакIуэр? СылIэнущ куэд мыщIэу...»

Шэджэм телъ лъэмыжым, Емуз и къуажэгъухэм тралъхьэжам, пэгъунэгъуу, Нартшу сэлам ирахыжащ.

— Хуей хъумэ, дэнэ укъыщызгъуэтыну? — щIэупщIат Къанболэти, Нартшу пыгуфIыкIащ.

— Хуей хъумэ, сэ сыт щыгъуи укъэзгъуэтынщ. Уэ, Тузар и къуэ, сэ си нэIэ афIэкIа птезгъэкIынкъым. Иджы сежьэжынщ. Си еIуящIэхэр къыспоплъэ.— Ар гуапэу и нэ закъуэмкIэ Къубатийрэ Къуаншрэ еплъащ.— АфIэкIа Алигот кIэн фыдэмыджэгу. ЕтIуанэм ар екIэ нухынкIэ мэхъу. Урыс къэзакъым пащIэ фымыгузавэ. Ар иджы ныбжьэгъу тхуэхъуащ. Ди псэукIэр игу ирохь, ЖэрыкIэ * нэгъуэщIыпIэ здэкIуэни иIэкъым.— Нартшу и шыр фIалъэкIэ игъатхъуэщ, зригъэгъазэри мэзым хыхьэжащ.

— Уи Iуэху дахэ ирикIуэну! — мыщэу кIэлъыджащ абы Къанболэт.

Дыгъэм къухьэпIэмкIэ иригъэзыхат...

Нэлжанрэ Санэрэ «Псэтын и ныбжьэгъухэм», арат ди лIыхъужьхэм ахэр зэреджэр, къагъэзэжыным хуаIэ

* Жихарь и цIэр апхуэдэу зэрахъуэкIауэ аращ.

гугъэмкIэ псэухэрт. Къанболэт дэкIыжа нэужь, а тIум я унэм ягъэзэжати, псэупIафэ къытрагъэуэжат. ХьэщIэщыр мыл гъуджэу лыдырт: Емуз и Iэщэ блыным фIэлъри, хьэкъущыкъури, жьэгу лъахъшым фIэдза гъуаплъэ лэгъупри. Абдеж дыдэм щызэтелът дэтхэнэ дакъикъэми хьэщIэхэр гуапэу кърригъэблагъэу мафIэ бзий нуру къызэщIэнэну хьэзыр пхъэ гъур IэплIэри.

Къуажэ благъэм я лъхукъуэлIхэм, зым адрейр зэрихъуэкIыу, цIыхубзхэм я щхьэр ямыгъэуз дэнэ къэна, зыкърамыгъэлъагъуххэу, абыхэм я унэр яхъумэрт. Шыхэр зыхуей хуэзыгъазэри ахэрт.

ЩIэх-щIэхыурэ мы унэм къеблагъэрт зи бзэр жан Хъадыжэ фызыжь псэлъэрейри. И хъыбар, псысэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ абы тригъэурт гупсысэ нэщхъейм хэт зэпыт Санэрэ Нэлжанрэ.

«Псэтын и ныбжьэгъухэм» къагъэзэжмэ, адэкIэ я Iуэху зэрыхъунум ахэр зэи тепсэлъыхьыртэкъым. ЗэкIэ зи цIэ зэгуэр зэхахыхха тхьэхэм елъэIуу арат «шууей хъыжьэхэр» псэурэ узыншэу яхъумэну. Санэ щэхуу лэныстэмкIэ джэш идзырт, лэныстэтхьэкIумэ зэуалIэм ищI макъымкIэ и гъащIэр зэрыхъунур къищIэфын фIэщIу. Ауэ зэIубзу зыри зэхихакъым сэшхуэ зэрышхым я макъ шынагъуэр игу къэзыгъэкIыж лэныстэбзэ зу макъым фIэкIа. Нэлжан ищIэрт и благъэ хъыджэбзым нэхърэ езыр зэрынэхъ насыпыфIэр, абы къыхэкIыуи, «хъыджэбз насыпыншэм» и пащхьэ щыкъуаншэу къыфIэщIырти, япэхэми хуэдэу зэпIэзэрытагъ ткIийм и нагъыщэр и нэгум къищ зэпытт. Ауэ зэкIэ Нэлжанрэ Санэрэ жеину щыгъуэлъыжкIи пщэдджыжьым къыщыушкIи хъуэпсапIэу яIэр зыт: зи лъащIэр бжэгъукIэ къищIыкIа лъэмыжыр шы лъэ макъ куэдым къагъэпсалъэу Къанболэт уардэр, Къубатий щIалэщIэ Iэчлъэчыр, Къуанш цIыху нэжэгужэ, угъурлыр къызэрысыжар жыжьаплъэу къалъагъунырт.

Ауэ щыгугъам нэхърэ нэхъ пасэу зи лъэ нал щIэлъ шы куэд дыдэм я лъэ макъ лъэмыжым къытеIукIащ икIи жыжьаплъэу шууейхэм ящыщ зыр абыхэм къацIыхуащ — ар Къэзэныкъуей щыщ Жэбагъыт. Адрейхэр псори мыцIыхут...

Дауи, Жэбагъы и закъуэу щытамэ, хьэщIэ гуапэт, ауэ нобэ ар хьэщIэ нэхъ иныжым, езы Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ дыдэм и шу гъусэт. Унагъуэм и гуащэ щIалэмрэ абы и благъэ хъыджэбз цIыкIумрэ пщы тетыр щабэу, гуапэу япсэлъащ, ауэ псалъэмакъым и кIэм ар зэIууащ.

ЕпцIыжакIуэ Щоджэныкъуэ мыбы къызэрытеуар, къигъуэтыжа и къуэр — Къубатий — зэрадыгъуар, дауи, Кур-

гъуокъуэ дежи нэсат, ауэ иужь дыдэ пщылIми зэхиха нэужьт, Iуэхур здэщыIэрати, пщышхуэр а зэманым кIуат Тэрчыпс и Iуфэм Iут Тэрч и пхъэзэтеупщIэ урыс къалэжь цIыкIум. Абы щыIэ дзэзешэм хуиIуэтат хъаным и сераскирым зэрыжьэхэуар икIи Кърымым къиIэтыну зауэм дэIэпыкъуэгъу къыщыхуэхъуну елъэIуат. Ауэ дарэгъухэми Астрахань и стрелецхэмрэ сэлэтхэмрэ я бунтым и ужькIэ зыкъаужьыжатэкъым. Кургъуокъуэ лъэIуат урыс Iэщэхэм ящыщ, гын, нэгъуэщI мыхъуми зы топ къратыну. Ауэ ари къыхуащIакъым. Дзэзешэм игу дахэ къыхуищIын и гугъэу джэдыгурэ удзыфафэ зыщIэбза пыIэрэ къритащ.

Кургъуокъуэ къыгурыIуащ: уи щхьэ фIэкIа узыщыгугъын щыIэкъым. Джылъахъстэней къэсыжа нэужьи, Къэбэрдейми ар пщы зыкъом яIущIащ, ахэм и мыхабзэу ткIийуэ япсэлъащ, нэгъуэщI мыхъуми зэкIэ зэрызэбийр зыщагъэгъупщэну елъэIуащ... Зыкъоми къехъулIа хуэдэт. ХейщIакIуэ ныбжьыщIэр — Жэбагъы — абы дэIэпыкъуэгъуфI къыхуэхъуащ. Щичэзум узыхуейну псалъэр къыгъуэтыф. Пщы нэхъ зызыгъэкъхэр щошынэ Къэзэнокъуэм и бзэм.

Мес иджы Кургъуокъуэ Емуз тхьэмыщкIэм и унэм къэкIуащ и щхьэ IуэхукIэ. И дзэ цIыкIур Къэбэрдейм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ иришэжьэн и пэ къихуэу хъунщIэ теуэм и пэжыиIэр къищIэну хуейщ. Хэт ищIэн зыгуэр къихутэфын, алыхьым жиIэмэ, и лъагъуэ техьэфынкIи хъунщ...

Дыгъэр хуэму етIысэхыжырт. Аузым и дыгъэмыхъуэ джабэр, махуэ псом жьауапIэм щIэтыр, зэман мащIэкIэ дыщафэ пшэплъ бзийхэм къагъэбэдзэуэжри, аргуэру фагъуэ къэхъуащ икIи аргуэру — дыгъапIэ лъэныкъуэм щIыгъуу — жьауэкIэ зыщIиуфэжащ. Ауэ иджы махуэ жьауэтэкъым, атIэ жыг щхьэкIэ хъурыфэхэр зыхэшыпсыхь, мывэ къыр къыхэпIиикIхэр захуэу тезылъэщIэж, щIым и плъыфэ щхъуэкIэплъыкIэхэр нэху щыху зыгъэункIыфI жэщым и жьауэт. Уафэр щхъуафэ-хужьыфэт, дыгъэр щетIысэха къудейм деж уафэр щытхьэмбылыфэт икIи а уафэ щхъуэкIэплъыкIэм къыщыпIэжьажьэу хуежьащ зэкIэ ерагъкIэ фIэкI хыумылъагъукI вагъуэ цIыкIухэр. Пшапэзэхэуэгъуэм удзхэм апхуэдэ мэ дахэ къахихырти, уи гугъэнт абыхэм мы пщыхьэщхьэр я иужьрей дыдэу икIи гъащIэм къыпахыну псори зэуэ къыпахыжыну хущIэкъуу. Псым и хъущIэ макъыр нэхъри губжьауэ, фIэщ хъуныгъэ хэлъу къэIурти, езы псыри нэхъ гъунэгъу къызэрыхъур Iэпкълъэпкъ псомкIи зэхэпщIэрт. Емузхэ я унэм ипщэIуэкIэ хуэзэу иIэ хуей тIэкIум мэзыкхъуэ хъушэ цIыкIу къыхэ-

кIащ. Ауэ кхъуэ анэ абрагъуэм къыщIихьащ я бийхэм, лъакъуитIи лъакъуиплIи зыщIэт я бийхэм, ящыщ куэдым я мэ икIи ину пырхъри, мэзым хыхьэжащ, и хъушэр зыдыщIишэжри...

КIыфIым кIуэ пэтми нэхъ наIуэу къыхэлыдыкIырт Хьэтэжыкъуэм и цIыхухэм ящIа мафIэхэр. Езыр хэгупсысыхьауэ, губжьауэ хьэщIэщым щIэст, и Iэ пIыщIахэр жьэгу мафIэм иригъэууэ. Иужьрей махуэхэм пщым щIыIэ худихурт, зэпымыууэ и натIэм пщIэнтIэпс щIыIэ къытрикIутэрт.

Зеиншэ хъуа унагъуэм зэрыныбжьэгъур къигъэсэбэпауэ, Жэбагъы хэгъэрей къалэныр игъэзащIэрт. Къуажэм къикIа лIы ныбжьыщIэ зыбжанэ я гуапэу пщэфIапIэм щыIэуэлъауэ абырэ Нэлжанрэ къадэIэпыкъурт.

Санэ пщIыхьэпIэм хэтым хуэдэу къикIухьырт. И лъакъуэхэмрэ и Iэхэмрэ щхьэхуэу, езым зыкIи къемыпхауэ псэу фIэкI пщIэнтэкъым. Пщыр щилъагъум, абы и гущIэм зыгуэрхэр къыщытэджащ, щэнауэри аргуэру укIытауэ джэлэжащ. И адэр щаукIа махуэми хуэдэу, зэуэ илъэс зытхуxкIэ иджыпсту балигъ зэрыхъуар зэхищIащ. Пщым и щытыкIэм абы шынагъуэ зэIумыбз гуэр къритат. Хьэуэ, езы пщым и теплъэр аракъым хъыджэбзыр зыгъэпIейтейр, нэгъуэщI гуэрщ, абы, Къубатий и адэм, быдэу пыщIа нэхъ шынагъуэшхуэ гуэрщ. Япэ щIыкIэ абы къыгурыIуакъым и псэм щывэ псор зищIысыр, ауэ иджы нэхъ гурыIуэгъуэ щымыIэну наIуэ къэхъуащ. ИкIи Санэ мурад ищIащ: Къубатий къигъэзэж-къимыгъэзэжми зэи IумыщIэну. Апхуэдэу нэхъыфIщ.

Ауэ сыт и адэ шыпхъум къыщыщIар? Нэлжан и нэр къиxуу Санэ щхьэпроплъыкI пщIантIэм дэплъэу. Ар зэуэ фагъуэ къэхъуащ, ещIэри пIастэ пщтырыр зэрылъ Iэнлъэм итIысхьэным иIэжар зы мащIэщ. Санэ зыкъригъэзэкIащ: щабэу, зэ еплъыгъуэкIэ мыпIащIэу, ауэ и пэжыпIэкIэ лъэпсынщIэкIэ абыхэм къахуэкIуэрт... Къанболэт. Абы къыкIэлъыущырт, дэлъейуэ къыкIэлъыущырт бзаджэу къыпыгуфIыкI Къуанш. Иджы езы Санэ фагъуэ къэхъуащ, иужькIэ къызэщIэуцIыплъащ. Ауэ дэнэ щыIэ Къубатий? А упщIэ дыдэр макъкIэ жиIащ Нэлжан.

— Тпэмыжыжьэу щытщ,— къызыхэкIыр ямыщIэу щэхуу жэуап къитащ Къанболэт.— Фымыгузавэ, псори хъарзынэщ.— ХьэщIэщымкIэ и щхьэр ищIри:

— ЩIэс?

— ЩIэсщ. УкIуэну?

— АтIэ.

— ЩIалэ цIыкIур дауэ къэбгъуэтыжа?

— Езыр къыкъуэкIыжащ. А щIалэ цIыкIум иджыри куэдым дуней яригъэлъагъунщ. Пэжкъэ, тхьэIухуд? — зыхуигъэзащ абы Санэ.

Хъыджэбз укIытам и IэхэмкIэ и нэкIур иубыдыжри хадэм илъэдащ.

— Зэкъуэшиблым щхьэщэ схуахуэщIыж,— гуапэу кIэлъыгуоуащ хъыджэбзым Къубатий. Абы иджыпсту щIалэ щхьэпс цIыкIу фIэкI умыщIэну гукъыдэж иIэт.

— Нэлжа-а-н,— я бгъумкIэ макъ тхьэусыхафэ къыщыIуащ.— СлIо, Къуанш цIыхум хыумыбжауэ ара? Си Iуэхущ-тIэ сэри бжесIэIам!

— Уэри уэ, си щIалэфI цIыкIу! — Нэлжан гуапэу Къуанш и дамащхьэм теуIуащ икIи щIалэр джэлэным иIэжар зы мащIэщ.— Си нэм и нэху! Иджыпсту мыбдежым Къубатий щытамэ, сэ зыми сыщIэупщIэнтэкъым, уэр фIэкIа.

— Хъунщ-тIэ,— теужауэ къыпыгуфIыкIащ Къуанш.— Сэ уэ псори пхуэсIуэтэжынщ.

— Уэрэ сэри дызэпсэлъэнщ, си ныбжьэгъужь ЕмыщI. Ауэ нэхъ иужьыIуэкIэщ.— Къанболэт и Iупэхэр къуаншагъ бгъэдэлъ щIыкIэу къыпыгуфIыкIыурэ мащIэу зэтежащ.— СыкIуэнщ.

— КIуэ, кIуэ, Тузар и къуэ. Сэ мыбдеж сыщытынущ,— Нэлжан и макъым тегушхуэныгъэ къыхэщырт.

Къанболэт хьэщIэщым щIыхьэри бжэм деж къыщыувыIащ.

— Гуп махуэ апщий! — жиIащ абы, и макъ гъумыщIэр зэригъэлъэхъиэным хущIэкъуурэ.

Кургъуокъуэ мащIэу къыхэщтыкIащ, и Iэхэр езыр-езырурэ фалъэмкIэ Iэбащ, ар къищтэри занщIэу Жэбагъы хуишиящ, мыдрейм фалъэр Тузарым къритащ. Къанболэт фо махъсымэ ефащ, щхьэгъэрытым бжьэр кърыгъэхъуэжыху ежьэри, и щхьэр игъэщхъыурэ Жэбагъы хуишиижащ. Къэзэнокъуэм бжьэр адэкIэ зыхуэфащэм ирижащ икIи фалъэр къекIуэкIыурэ нэхъыжьым деж нэсыжащ. Зы тэлайкIэ псори зэщIэщымащ. Пщым и натIэм къыщIэплъ нитIыр хьэлъэу Къанболэт и нэхэм триубыдащ. Тузарым зэпIэзэрыту, губжь хэмылъу а плъэкIэр хуэшэчащ. Жэбагъы пIейтейуэ (ауэ зыкIи зыми зыкърымыгъащIэу) зэм Хьэтэжыкъуэм, зэм Тузарым еплъырт. Иджыпсту Жэбагъы егупсысырт, щымагъыр къызэпызуду хьэщIэм и цIэр къисIуэн, жыхуиIэу. А тIури хабзэм къезэгъыртэкъым, ауэ Къэзэнокъуэм къыхуихуат нэхъ хабзэ ткIийхэри къызэпиудын хуей щыхъуа: Iуэхур адыгэ ха-

бзэм хэлъын хуей языныкъуэ Iуэхугъуэхэм я щхьэ щыкIуэр мащIэрэтэкъым.

Ауэ мыбдежым езы Кургъуокъуэ Жэбагъы щытыкIэ мытыншым кърищащ:

— МыпхуэдэлI хъуащ-тIэ Къэралбий и къуэр...— Жэбагъы Къанболэти щыгугъакъым пщым ар езым къиcIыхужыну (е арауэ хуигъэфэщэну зэпсалъэр).— Сэ уэ ущIалэжь цIыкIуу услъэгъуауэ щытащ. Сыт хуэдэ Iуэху къысхуиIэр? ЖыIэ, сынодаIуэ. Ауэ бжэIум уимыту къэтIыс.

— СытIысыным и пэкIэ, пщышхуэ,— къыщIидзащ Къанболэт,— иджыпсту нэхъ узытегузэвыхь Iуэхум и гугъу пхуэсщIынщ: уи къуэр псэущ, уIэгъэкъым, щхьэхуитщ. Ар апхуэдизкIэ дэ тпэгъунэгъущи, си джэ макъыр тыншу зэхихынущ.

— Уэ уи макъыр, Тузар, Къэбэрдей ЦIыкIум и гъунапкъэми щызэхахынщ.

Къанболэтрэ езы пщымрэ къищынэмыщIа псори зэпIэзэрыту дыхьэшхащ.

— Куэд щIащ сэ а гъунапкъэхэм сызэрыщымыIэрэ,— Къанболэт къыфIэмыIуэхуфэ зытригъауэурэ жэуап итащ.

— Ущалъхуа псы Iуфэм куэд щIауэ узэрыщымыIамкIэ пщым укъуаншэу къилъытэрэ къимылъытэрэ Хьэтэжыкъуэм езым жиIэу зэхэпхыну ухуей?

Къанболэт щымт.

— ЗанщIэу бжесIэнщ: сэ си фIэщ мэхъу уэ зэхэублакIуэу узэрыщымытар. Си фIэщ мэхъу япэ щIыкIи уи адэр, итIанэ — си къуэш Мухьэмэд зэрыхэкIуэдар. Ауэ сэ си фIэщ схуэщIыркъым Мухьэмэд сыт хуэдизкIэ лIы псынщIэу щымытами, Исмэхьил иукIауэ.

— Ар Къубатий илъэгъуащ. Езым къыбжиIэжынщ.

— Сэ сыхуейт абыкIэ щыхьэт... Щоджэныкъуэри хъуну?

— А епцIыжакIуэм и щхьэ цIэ защIэр сэ сыхуэмызэ щIыкIэ фIэмыкIуэду щытмэ, ар аркъэным кIэрыщIауэ къыпхуэсшэну тхьэрыIуэ сIыпхын, ди пщышхуэ? Пэжым ухуеймэ, уи къуэшхэмрэ си адэмрэ зэрыхэкIуэдамкIэ аращ къуаншэр.

— Аращ... нэгъуэщIхэр игъэжакъуэу тезыгъэгушхуэр джатэмрэ шэмрэ нэхърэ нэхъ шынагъуэщ. Мыпхуэдэуи бжесIэнщ, нэхъыжьхэм я нэгу къэмыланджэу иплъэф: си дзыхьыр е си шэчыр, си лъагъуныгъэр е лъагъумыхъуныгъэр а Iуэхур и кIэм нэсыху зэпкърызмыхауэ сэ зесхьэ Iуэхугъуэхэм зыкIи ягъэщIылIауэ щытынукъым,— икIи и макъыр фIыуэ игъэлъэхъшауэ Жэбагъы зыхуигъазэри,—

иджыпсту арат къысхуэтыр, джэдыкӀэм цы къыхэзыххэм я щапхъэ згъэлъэгъуэну, ари тэтэр зауэм и пэ къихуэу...

Жэбагъы и дзэ хужьхэр къыӀупсу къыпыгуфӀыкӀащ:

— Атэлыкъым и къаныр къриджэну жепӀэну ухуейуэ ара?

— ЖысӀауэ лъытэ.— Къанболэт бжэщхьэӀум ебакъуэри гуоуащ:

— Къубати-й!

ПщӀантӀэм дэт шыхэр къэскӀащ, лъэмыж лъэныкъуэмкӀэ къиӀукӀыу кӀыфӀым шы лъэ макъ къыхэӀукӀащ.

Тузарыр иджы бжэм деж къыщыувыӀакъым, хьэщӀэщым щӀыхьэжри, нетӀэ жьэгум пэгъунэгъуу къыщыхуагъэлъэгъуауэ щыта тӀысыпӀэм деж щетӀысэхащ.

Аргуэру псори щым хъуащ. Ауэ иджыпстурей щымыгъэр Къанболэт япэу къыщыщӀыхьам щыгъуэ щыӀам зыкӀи ещхьтэкъым. Псори щымт, иджыри къэс я фӀэщ мыхъу Ӏуэхур къэхъуным пэплъэу.

ЩӀыхьэпӀэмкӀэ лъэ макъ псынщӀэ къыщыӀури, бжэӀум щӀалэщӀэ къиуващ. Балигъым хуэдэу Ӏущыгъэ зыщӀэлъ, сабийм ещхьу дзыхь зыщӀ нэ фӀыцӀэшхуитӀымкӀэ абы пэшым щӀэс псори къызэхиплъыхьащ икӀи и нэхэр Хьэтэжыкъуэм деж къыщызэтеувыӀащ.

Пщыр зыбгъэдэс Ӏэнэ лъакъуищым къыпэрытэджыкӀащ:

— Нэхъ гъунэгъуӀуэу къэкӀуатэт, си щӀалэ цӀыкӀу.

Къубатий кӀуэтащ. И инагъкӀэ ар и адэм хуэдиз хъужат.

Хьэтэжыкъуэм и Ӏэр и къуэм и дамащхьэм трилъхьэри, Тузарым дежкӀэ зигъазэурэ еупщӀащ:

— Си къуэм и пӀэкӀэ нэгъуэщӀ къысхуэпшакъэ? — пщым и нэгу зэхэуфар япэ дыдэу къыхэгуфӀыкӀащ.

Къубатий и щхьэр и адэм и бгъэм иригъэщӀащ. Кургъуокъуи абы и щхьэм Ӏэ дилъащ.

— КӀуэ, уи атэлыкъым и гъунэгъуу щыт. Уэ иджыри уи унэ уихьэжакъым,— ар нэхъ тыншу шэнтым тетӀысхьащ икӀи ину жиӀащ:

— Псори хабзэм тету едгъэкӀуэкӀынщ. Атэлыкъым и къаныр адэжь унэм ишэжынщ. ХьэгъуэлӀыгъуэ тщӀынщ. Сэ мазэр къыщыщӀэкӀым сежьэжынущ. Уэ, си къуэш Жэбагъы, къанэ. Зы махуэ дэвгъэкӀи, къыкӀэлъыкӀуэм Тузарымрэ абы и гъэсэнымрэ уи гъусэу си унэмкӀэ нэвунэтӀыж. Иджыпсту къафщтэ фадэр икӀи иужь махуэхэм зыхэтахэр къытхуаӀуэтэну арэзы хъуну къыщӀэкӀынщи, Къэралбий и къуэм жиӀэм дедэӀуэнщ.

* * *

...Адэр щышэсыжым Къубатий лъэрыгъыпсыр иубыдащ, Хьэтэжыкъуэр и къуэм псалъэ зытIущ нэхъ мыхъуми жиIэу зэхихыну хуейт.

— Къызжеlэт, си щIалэ цIыкIу,— щэхуу щIэупщIащ ар,— псалъэмакъ гуэрхэм къахэщу зэхыумыхауэ пIэрэ кърымхэм къыттеуэн щамурадыр?

Къубатий мычэнджащэу, лIы хуэдэ жэуап итащ:

— МэкъумэшыщIэм гъавэ Iухыжын зэраухыу.

Хьэтэжыкъуэм къыгурыIуауэ и щхьэр ищIащ икIи ар-гуэру жиIэнIауэ хуеягъэнут, ауэ Къанболэт жыр джанэ иIыгъыу къыIухьащ:

— Мыр, щIыхь зыхуэсщI пщы, ар дыдэрщ... Уасэ зимыIэ, апхуэдиз бэлыхь къызэрыкIаращ.— Жыр джанэр мазэ нурым пэлыдырт узригъэхъуапсэу, щэхукIэ гъэнщIауэ, хъуаскIэ щхъуантIэхэр къытелыдыкIыу.

— Ар дыдэри? Иджы гурыIуэгъуэщ: мыпхуэдэм хэт и щхьи игъэузынщ. Ар си ныбжьэгъу Алыджыкъуэм ейм хуэдэу мыбэгуми.

— Сэ си гуапэ хъунт мыр си натIэм изгъэкIамэ, Кургъуокъуэ. Мыр уэ зыдэщти, ди адэмрэ уэрэ фызэрызэгурыIуауэ щытам хуэдэу щIы. Махуэшхуэ джэгум щытекIуэм ет.

— Абы щыгъуэм, ар уэ къыплъысыжынущ,— къыпыгуфIыкIащ Кургъуокъуэ.

— Хьэуэ. Ар зылъысынур ди щIалэрщ. Сэ а джэгухэм сыхэтынукъым.

— УIэгъэ нэужьым уи узыншагъэ зэфIэмыувэжамэ, джэгухэр дгъэIэпхъуэ хъунущ.

— Уи захуагъэм и сэбэп къокIыжыну тхьэм жиIэ, пщышхуэ, ауэ къаруушагъэракъым ар къызыхэсхыр.

— АтIэ сыт?

— Сэ сыхуейт афэ джанэр мы щIалэм — лъэныкъуэкIэ IукIыт, къан; укъэмыдаIуэ,— мы щIалэ бэлыхьым лъысыну. Жыр джанэр сысейуэ щытами, ар Къубатий щыгъыу слъагъунут щIалэр и унэм ихьэжын и пэ къихуэу...— Къанболэт жыр джанэр нэдым ирилъхьэри Хьэтэжыкъуэм и уанэкъуапэм кIэрищIащ.— НэгъуэщIым дзыхь хуэсщIыфынукъым. Уэху-хуху! Си натIэм икIащ.

— Унэпсейкъым уэ икIи уфыгъуэнэдкъым...— хуэмурэ жиIащ пщым.

— Си адэри апхуэдэу щытащ... Гъуэгу махуэ, Кургъуокъуэ!

— ДызэрызэгурыIуам хуэдэу сынывожьэ.

Хьэтэжыкъуэр ежьэжащ, пщэдеймыщкIэ Жэбагъы, Къанболэт, Къубатий сымэ гъуэгум щащIыгъун папщIэ и шу гъусэхэм щыщу зы пщыкIутху хуэдиз къигъанэри.

* * *

Емуз и кIыщым пэгъунэгъуу жыг хадэ плIанэпэм деж щыт чы матэ къэIубам кIэщIэст хэпщIыкIыу ин хъуа тхьэкIумэкIыхьыр икIи шыудз пыупщIагъащIэр дихьэхауэ ишхырт, макъ иригъэщIу. Къубатий мыбдеж нэхущ и пэ къихуэу къэкIуат икIи бэшэчу Санэ пэплъэрт.

Дыгъэр къыщIэкIыу аузым адэкIэ къыщылъ мэзылъэ джабэм къыдэкIуеину хущIыхьа къудейтэкъым, атIэ дыгъапIэ лъэныкъуэм телъа уэсэпс уэрри ирифакIэт. Мыгувэу пкIауэхэм я макъхэр къэпIэнкIащ, губгъуэ удз гъэгъахэм я тхьэмпэ цIыкIухэм бжьэхэм къыщауфэрэзыхьу щIадзащ.

Хъыджэбзыр къакIуэртэкъым.

«Iэмал имыIэу къэкIуэн хуейщ,— и фIэщ ищIыжырт щIалэм.— Абы щыгъупщэнуи... и тхьэкIумэкIыхьыр! — Къубатий чы матэм кIэщIэIэбэри псэущхьэ цыбэ цIыкIум сакъыу еIусащ.— Ей-й, си къуэш цIыкIу, дэ тIури зы махуэм, зы сыхьэтым гъэр дащIащ. Сыт сэ уэ уи пIэм сыкъыщIимыхутар?.. Апхуэдэ гъэрыпIэм си гъащIэ псокIэ сисынт...»

Къубатий нышэдибэ лъандэрэ зытес уэздыгъэй пхъэ дакъэжьым псынщIэу зыкъытриIэтыкIащ икIи асыхьэтым и лъакъуэхэр къарууншэ хъуащ: Санэ лъэ макъыншэ дыдэу, пэмыплъауэ къыIухьат, Къубатий абы зэпымыууэ пэплъа пэтми.

— А-а-а, уэра ар? — икъукIэ имыгъуэу щIэупщIащ щIалэр.— АтIэ дауэрэ ущыт... уэ...

Къубатий щилъагъум, хъыджэбзри мымащIэу укIытат, ауэ щIалэр зэрыIэнкуныр щилъагъум, и макъ хуэмыр, уеблэмэ тIэкIуи кIэзызыр, щызэхихым бгырыс хъыджэбзым и хахуагъэмрэ къарумрэ къыхыхьэжащ, сыт щыгъуи укIытэхыу щытыну, ауэ езым къыхуэгъэза дэтхэнэ зы псалъэми пагагъэ хэлъу жэуап иритыжыну хьэзыру.

— АтIэ, сэращ. Абы, ухуейуэ щытмэ, си тхьэкIумэкIыхь цIыкIуми шэч лъэпкъ къытрихьэркъым.— Санэ тхьэкIумэкIыхьыр матэм къыкIэщIихри и IэплIэм иригъэтIысхьащ.

— Сэ иджыпсту сехъуэпсат уи псэущхьэ цIыкIум.— Къубатий укIытэр ерагъкIэ тригъэкIуэту хуежьащ.— Сэри абы и унэгуащэм хуэдэ сиIамэ арат.

— Сэ схуэдэ унэгуащэ пщыхэм яIэ хабзэкъым,— куэд къикIыу жэуап къитащ Санэ.

— Сыт щхьэкIэ?

— Сэ схуэдэхэр пщыхэм къафIэмыIуэхуу ядыгъу, ирикъуху я зэш ирытрагъэури, Псыжь Iуфэ Iус тэтэрхэм иращэж.

— Зэи си гущхьэм къэкIынтэкъым, си пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым апхуэдэ псалъэхэр, апхуэдэ псалъэ гущIэгъуншэхэр...

Санэ щIалэм и жагъуэ зэрищIар къыгурыIуэжа хуэдэт:

— Сэ уэракъым а псалъэхэр жыхуэсIар.

— Сэ сыхуейкъым ахэр зыхужаIэхэм срагъэщхьынуи. Уеблэмэ апхуэдэу зыхуагъэфащэхэм сыхабжэну.

— Уэ нэгъуэщIхэр къуагъапщэр,— Санэ тхьэкIумэкIыхь цIыкIур щIым игъэуващ, езы цIыкIуми и кIэбдз лъакъуэхэр мыпIащIэу дридзейуэрэ мэзымкIэ игъэзащ.

— БутIыпщыжауэ ара? — еупщIащ Къубатий.

— Аращ. Ари уэ пхуэдэу балигъ хъунущ мыгувэу. Щхьэхуиту. Уэ пхуэдэукъым, атIэ пэж дыдэу и щхьэ хуитыжу.

— Сэ си щхьэ сыхуитыж сыхъуфынукъэ? — Къубатий фIыуэ къыгурыIуат Санэ жыхуиIэ щхьэхуимытыныгъэр зищIысыр, ауэ хъыджэбзым едэуэну, зыгуэрхэр и фIэщ ищIыну хэтт...

— Зыри хъуфынукъым. Пызыхыжар уэ уи адэм хуэдэ зиIэ щIалэхэрщ.

Къубатий зыкъомрэ щымащ, и Iэгум мэ гуакIуэ къызыпих пхъэгулъ тхьэмпэхэр щиIуэту.

— Уэ пхуэдэ хъыджэбз щхьэкIэ дунейр къызэзэвэкIын адэ щыIэнкIэ хъуну...— ерагъыу зэхэпх къудейуэ къыжьэдэкIащ Къубатий. Езыр къэгузэвауэ егупсысащ и адэ къэзылъхуам нэхърэ мы хъыджэбзыр нэхъ лъапIэу, нэхъ гъунэгъуу къызэрилъытэм.

— Сытри жыпIэ хъунущ...

— Хьэуэ, хъунукъым. Мис сэ схулъэкIамэ, уэри укъызэдэIуэну ухуеймэ — Шыхулъагъуэм вагъуэу къыщыблэм хуэдиз псалъэ дахэ, лъагэ куэд жысIэнт.

Санэ мащIэу плъыжь къэхъуащ, ауэ и нэбжьыцхэр дригъэуейри хъыджэбзыр медан нэрымылъагъукIэ Къубатий Iуплъащ, а тIум я плъэкIэр нобэ япэ дыдэу зэхуэзауэ арат. Узыхуейм хуэдиз гуапагъэ, узыхуейм хуэдиз пэжыныгъэ, узыхуейм хуэдиз зи инагъ гухэлъ зыщIэхуэну а нэ телъыджитIым, гъэщIэгъуэну сыт хуэдиз щIилъэгъуа а напIэзыпIэм гуфIэгъуэм зэщIиубыда щIалэм! Абы иджы зыгуэр жиIэн хузэфIэкIыжынутэкъым, жиIэнуи хуейтэ-

къым. Иджыпсту уэрэд къыхэбдзэну аркъудейт, ар... къыхэбдзэ хъуну щытамэ... Абы къыхэкIыуи щIалэр зэрымыщIэу къыжьэхэуа насыпым и толъкъуным зэщIищтауэ щытын хуей хъуат икIи адэкIэ ищIэнур ищIэртэкъым.

Ар зэрыхуа щытыкIэм къызэрикIыжын Iэмал къэзыгъуэтар, дауи, Санэщ. Абы ар тыншу, къыфIэмыIуэху щIыкIэу зэфIигъэкIащ, куэдрэ емыгупсысу, щIым хъыджэбзу тет псоми зэращIым хуэдэу: зиIэтри щIэпхъуэжащ.

* * *

Тузарым Нэлжан и закъуэ IущIэну хузэфIэкIакъым. Япэрауэ, унэгуащэм а махуэм хущIыхьэгъуэ лъэпкъ иIакъым, етIуанэрауэ, пщIантIэм цIыху куэдыIуэ щызеуэрт, ещанэрауэ, Жэбагъы сыт щыгъуи Къанболэт и гъусэт. Къэзэнокъуэм Къанболэт икъукIэ игу ирихьырт. Игу ирихьырт адрей языныкъуэ пщыхэм, Къэзэнокъуэр лъэпкъ мыцIэрыIуэм, къызэрыгуэкIым къыхэкIа пэтми, и ныбжьэгъугъэ къэзылъыхъуэм хуэмыдэу. Апхуэдэ пщыхэм я ныбжьэгъугъэм и уасэр Жэбагъы фIыуэ къыгурыIуэрт. Лъэпкъышхуэ къыхэкIа дэтхэнэ зыри езым хуэдэ нэгъуэщI гуэр хуэзамэ, и щхьэ щытхъужыну фIэфIт, сэ пщышхуэм, пщIэрэ Къэзэнокъуэй щыщ лIыр куэдрэ къызэуэршэрылIащ, абы ди псалъэмакъым Iущыгъэ, гупсысэ куэд къыхихащ, жиIэу Къанболэт деж Жэбагъы щилъагъур аратэкъым, ар зыгуэркIэ Емузми Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуи ящхьт, ауэ нэхъыбэу зэщхьыр куэд зылъэгъуа, шыIэ зыхэлъ, гупсысэу Iуэхум бгъэдыхьэ адыгэ мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкIхэрт. Зи IэщIагъэм гъуэзэджэу хэзыщIыкI, лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу икIи лэжьэф, псалъэ лей ягъэкIуэдыну зыфIэмыфI мэкъумэшыщIэхэрт. Тузарым уеуэршэрылIэну гуапэт, си гурылъ нэхъ щэху дыдэхэри есхьэлIащэрэт зыхужигъэIэрт. Къанболэт нэгъуэщIхэм жаIэм едэIуэну нэхъ къиштэрт, упщIэкIэ зыкъыхуагъазэмэ, жэуапыр кIэщIрэ наIуэу иритыжу. Езы Къанболэти зэзэмызэ щIэупщIэрт. Апхуэдэм деж Жэбагъы ерагъкIэ зиIыгът, къыпыгуфIыкIыу: зытепсэлъыхьхэр гугъут, гъэщIэгъуэнт. Нэхъыбэу зытепсэлъыхьхэр цIыхухэм я зэхущытыкIэхэр, лъэпкъым я блэкIар, дяпэкIэ абы къыпэплъэхэр арат. Апхуэдэ упщIэхэм узыпэмыплъа гупсысэ нэхухэм ухуашэрт.

— Уа, си къуэш Къанболэт, мазэ нурым и лъабжьэ щIэт ди дунейм хэлъ щыщIэныгъэхэм я гугъу пщIащ. Дунейр зэпхъуэкI, ар нэхъ захуэ, нэхъ пэж, цIыхугъэ нэхъ зыхэлъ зэрыпхуэщIынум шэч къытыбохыз. Сэ шэч къы-

тесхьэркъым... Дунейр пхузэхъуэкIынущ. Ауэ ар нобэрей ди щIэблэм и къару дэхуэнукъым. Зы унагъуэ, зы къуажэ, уеблэмэ зы цIыхубэ псо и гугъу умыщIыххи, нобэ щIым цIыхуу тет псоми дунейр зы мащIэ тIэкIукIэ, зы тIэкIунитIэкIэ яхуегъэфIэкIуэну аращ, ауэ а тIэкIум папщIи щIэблэ къэкIуэнухэм дэ фIыщIэ мыухыж къытхуащIынщ. Ар гъуэзэджэщ! Ауэ псори апхуэдэу егупсысу щытами! Дэтхэнэ зы Iуэху цIыкIури Iуэхушхуэри къэкIуэнум хуэгъэлэжьэн зэрыхуейр дэтхэнэ зыми къыгурыIуэу щытами! Абы щыгъуэм гъащIэм пэжыр щытекIуэрэ цIыхугъэкIэ ар гъэнщIауэ хъунт.

Псы Iуфэм зыкъомрэ къыщакIухьри, ахэр жыг хадэм ихьащ. ПщIантIэм щыкIуэцIрыкIым Нэлжан IущIахэщ. Ар тIуми къахуэгуфIащ, ауэ и нэхэр зы мащIэкIэ нэхъ псынщIэу Къанболэт къытрипхъуэтыкIыжащ, ар ауэ сытми ныбжьэгъу къызэрыгуэкIхэм зэращIым хуэмыдэу. Къанболэт Жэбагъы еупщIащ:

— Нобэрей ди дунейм щхьэкIэ, абы сыт хуэдиз щыщIэныгъэ хэмылъми, ухуэлэжьэну хуэфащэкъэ? — псалъэмакъым зэрыдихьэхар къызыщIэщ и нитIым иджыпсту къащIихыр хъуэпсэгъуэ мыгурыIуэгъуэ гуэрт.

— Сэ хуэмыфащэу жысIакъым,— хэгупсысыхьауэ гъумэтIымащ Жэбагъы.— Дауи, хуэфащэщ! — нэфIэгуфIэу, гушхуауэ къыщIигъужащ абы, зэщIэплъауэ хадэм къижыж Емуз и пхъур къащыIууам икIи хъыджэбзыр къэщтауэ щыщIэпхъуэжым.

* * *

ГуфIэгъуэр щIызэхыхьэр къэсыжыным куэд иIэу ХьэтэжыкъуэхэІ я щIапIэм ихъуреягъкIэ цIыхухэр къыщызэхуэсу щIадзащ. Жылэ гъунэгъухэми къуажэ пхыдзахэми куэд къикIахэт. Къэбэрдей псом щызэлъащIысат пщы Кургъуокъуэ и къуэр къызэрыкъуэкIыжар, щIалэр нэгъэсауэ зэрынарт щауэр.

Зи джабэхэр мэз Iувым щIигъэна бгы фIыцIэжьым и лъапэм хуэкIуэ тафэм деж щытт Хьэтэжыкъуэм и хэщIапIэр. ПщIантIэм унэ зытIущ (зыр хэпщIыкIыу фIыуэ нэхъ ину), адыгэ хабзэу чы бжыхьым къыхэщIыкIарэ зэщIэежауэ, шэщ, гъавэ щахъумэ духэр, мэлхэм папщIэ чэт дэтт — а псоми занщIэу гу зылъыуагъатэрт, ауэ лъахъшэхэу, икъухьауэ зэхэтхэт.

ЩIапIэм фIыуэ пэжыжьэу, псы хуэм цIыкIум и нэпкъ лъагэм деж мэкъумэшыщIэ унэ зыбжанэ щытт, нэхъ ипщэIуэкIэ щызэхэтт уэркъхэм я унэхэр — ахэри пщым и

унэм ещхьхэт (къызэрыгуэкIхэт). Кургъуокъуэ и щIапIэмрэ къуажэмрэ я зэхуакум щIы IэнэщI хуитышхуэ дэлът. КъызэрыгуэкI махуэхэм деж мыбдеж Iэщыр щагъэхъуакIуэрт, махуэшхуэхэм деж — цIыхухъухэм я зэпеуапIэт.

Дунейм зыкъиуфат, уэшх щIыIэ къепсэпсауэрт, ауэ щIапIэм ихъуреягъкIэ щызэрызекъуэ цIыхухэм ар къафIэIуэхутэкъым. Уэшхуэ зыщIэт уафэгъуагъуэ уэшх къешха щхьэкIи къамыгъанэу ахэр къызэхуэсынут. Кургъуокъуэ и пщIантIэ Iэхуитлъэхуитышхуэм мафIэ щащIырт, мафIэ бзийхэр лэгъуп абрагъуэхэм я гъуаплъэ джабэхэм теджэгухьырт. Псом хуэмыдэжу зы яхэтт зэрамыщIэжу нну: абы иплъэн папщIэ я нэхъ лIы лъагэри лъапэпцIийуэ увын хуейт.

— Алыджхэ я унэ къэуэжам къыщыщIимытIыкIыжауэ пIэрэ пщым мы лэгъупыр? — щIэупщIащ лIыхэм ящыщ зы.

— Хьэ-э-уэ,— зэпишащ бэлэбанэу хуэпа лIыжь къуэгъу цIыкIу гуэрым.— Алыджхэ я лэгъупым зэуэ вы плIыщI ихуэрт. Мыбы тIу фIэкIа ихуэнукъым.

— А тIуми зэрыкъуажэу дрикъунут,— къэпсэлъащ зи пщэр выпщэу къыдэкIыкIа щIалэ абрагъуэ.

— Ирикъунт, Шот,— арэзы хъуащ лIыжь цIыкIур,— уи ныбэ из мыхъупэу Iэнэм укъыпэрытэджыкIыжатэмэ.

Псори зэрыгъэдыхьэшхащ. Нэхъ ин дыдэу дыхьэшхари Шотщ.

— Нобэ дрикъуху дышхэ хъуну си гугъэщ. Куэдрэ къытхуихуэркъым апхуэдэ тхъэжыгъуэ.

— Фыплъэт, къэсыжахэщ! — къэIуащ зыгуэрым и макъ.— Ахэращ!

— Хьэуэ,— идакъым псоми щыгъуазэ лIыжь цIыкIум,— Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэр къыздикIын хуейр къухьэпIэмкIэщ, мыхэр къуэкIыпIэмкIэ къокI...— тIэкIу зиIэжьэри щIигъужащ:

— ЕхъулIэхэщ ахэр. ЕхъулIэ зэкъуэшхэрщ. Нэхъыжь дыдэм а и пыIэ цIэрыIуэр щхьэрыгъщ. Езыр Къэбэрдейм щынэхъ пщы лъагэ дыдэу щымытми, и пыIэм нэхъ лъагэ ди лъахэм щыбгъуэтынкъым!

— Фыплъэт модэкIэ, иджыри хьэщIэ бэлыхь гуэрхэр къыкъуэкIащ!

— Солъагъу, солъагъу... Пэжщ! Къэсеипщыр къокIуэ, и къуэхэмрэ зэпымыууэ мэжэщIалIэу къэзыкIухь и шу гъусэ гупышхуэмрэ щIыгъуу. Мис абыхэм ямыгъэхъэжым си Iуэхущ!

— Къетыкъуэ Аслъэнбэч къэсакIэу жаIэ.

— Джатэжыкъуэ Мухьэмэди къэкIуащ.
— Мысост Хьэтэжыкъуи...
— Къазий Хьэтэжыкъуи...
— Мысост Ислъамбэчи...
— Сыту фащэ дахэ ящыгъ!
— Я Iэщэхэр, шыхэр зэрагъэщIэрэщIар-щэ...
— Сыт абы утепсэлъыхькIэ! Абыхэм зылIым хуэзэу джэдыгуибгъу яIэщ, дэ, тхьэмыщкIэхэм, бгъу къэс зы диIэу аращ!
— Ар дыдэщ! Дэ зэрыддын диIэт, къызыхэддыкIынщ дымыгъуэтыжыр...
ХьэщIэ цIэрыIуэхэр къызэтемыувыIэу пщIантIэм дыхьэхэрт. Уэркъ унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм я щIалэхэм абыхэм я лъэрыгъыпсыр яубыдырт, шыхэр зыхуей хуагъазэрт. Уэркъ нэхъ цIэрыIуэхэм ахэр хьэщIэщ нэхъыщхьэмкIэ прагъэблагъэрти, унэм и хэгъэрейр гуапэу къапежьэрт. Хэгъэрейр нэхъ пасэу къэкIуахэм я гъусэу хьэщIэщым щIэст. Iэнэ лъакъуищхэм фо зэрыт фалъэхэр, дэ, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуа, чыщмыщ, лэкъум хуабэ зэрылъ хьэкъущыкъухэр тетт. Дауи, фади щыIэт — махъсымэ, мэрэмэжьей, аркъэ гуащIэ, уеблэмэ щIакхъуэм къыщIахуа урыс шагъыр иту Тэрчкъалэ цIыкIум къраша бащырыбэ удзыфафэхэр. Ефэ-ешхэ нэхъыщхьэр дяпэкIэщ. ЗэкIэ мыпIащIэхэу мэуэршэрхэр.
Ефэ-ешхэр къыщIаIэт щхьэусыгъуэм псори щыгъуазэт, ауэ зэкIэ абы и гугъу зыми ищIыртэкъым. ХьэщIэхэр щэху цIыкIуурэ хуеплъэкIырт Iэнэ щхьэхуэм тет жыр джанэ телъыджэм, ауэ шууей нэхъ лъэщым и тыгъэр зыхуэдэм гу зэрылъатар ябзыщIырт. АрщхьэкIэ езы Кургъуокъуэ а «джанэ дыдэм» еплъыну къащыжриIэм, хьэщIэхэр къыщылъэтахэщ, Iэнэ цIыкIур къаувыхьащ. Абыхэм я щхьэр ягъэкIэрахъуэу, я бзэгур ягъаджэу, джафэу зэщIэлыдэ гъущIым Iэ далъэрт.
— Мыпхуэдэ фащэ пщыгъыу зауэ Iэпщэрыбанэм ущIыщышынэн щыIэкъым! — жиIащ ЕхъулIэ зэшхэм ящыщ зым.
— А фащэр сэ сиIатэмэ,— къэпсэлъащ нэщхъейуэ Къазий Хьэтэжыкъуэ,— си Iуэхут сэ тэтэрыдзэм и курыкупсэм сафIыпхымыкIтэм! — Кърымхэми си ней яхуэгъэзат!
Абы Ислъамбэч ауан щIыкIэу къыпидзащ:
— Щыхь ямыукIам и кIуэцIыр кърахыркъым, пщы. Кърымхэр лъэщщ, жыр джанэри зэкIэ ууейкъым.
— Уэри ууейкъым! — къэгубжьащ Къазийр.— ИкIи ууеинукъым!
Мысостыр къызэрыгубжьыр хэпщIыкIыу, и нэкIур хуэ-

мурэ къызэщIэуцIыплъэрт, ауэ Кургъуокъуэ хьэщIэхэр Iэнэмкlэ щригъэблэгъэжым, къызэтеувыIэжащ, Iуэхури хьэргъэшыргъэншэу зэфIэкIащ.

* * *

ПщIантIэм танэхэмрэ мэлхэмрэ щызэпкърахырт, иджыри бахъэр къызыщхьэщих лы Iыхьэшхуэхэр шыуанышхуэхэм хадзэрт, жьы мащIэм джэдыцхэр зэрихьэрт, дзажэ гъэгъуахэр дзасэкIэ ягъажьэрти, жьэрымэ гуакIуэр къыпщIихьэрт.

Макъамэ къэIуащ. Зыбжанэм адыгэ уэрэдыжь къыхадзащ.

КъыкIэрыхуахэр иджыри пщIантIэм къыщызэхуэсхэрт.

— Уэри, ди нарт абрагъуэ, лы гъэжьам и мэ IэфIым укъыншауэ ара? — Шот я гъунэгъу хьэблэм щыпсэу и ныбжьэгъум и плIэм дэуащ.

ЩIалэ къуэгъу лъахъшэр мащIэу къыпыгуфIыкIащ:

— Хьэуэ, си щIалэ цIыкIу, си дежкIэ макъамэ дахэр лы гъэжьэрымэм зыкIи къыкIэрыхуркъым. НакIуэ мобыкIэ. Плъагъурэ, хъыджэбзхэри...

— Хьэуэ, си ныбжьэгъужь Тутыкъу, сэ мы шыуаным илъ былымыр вэху сежьэнщи, итIанэ джэгумкIэ секIуэкIынщ. Куэдрэ дыпэплъэжынукъым, тхъурымбэ къытрищIакIэщ.

ЩIалэ цIыкIу лъапцIэрыщэ гуп хъупIэшхуэмкIэ къижри къыIулъэдащ:

— Къэсахэщ!

— Лъэхъуу къокIуэхэр!

— Я Iэщэ-фащэр дыгъэм полыд!

Пэж дыдэуи, гухэхъуэт абыхэм уеплъыну. Шухэр псы Iуфэм пэмыжыжьэу зыщIыпIэ деж къыщувыIэу я фащэхэр ягъэкъэбзауэ, яшхэр ягъэпскIауэ, сэшхуалъэхэмрэ къамалъэхэмрэ, шхуэхэм яхэлъ дыжьынхэр егугъуу ялъэщIауэ къыщIэкIынут. Иджы ахэр мыпIащIэу хъупIэм къыкIуэцIрыкIырт, къызэрыгуэкI цIыхухэри атэлыкъымрэ къанымрэ Iуплъэфын хуэдэу.

ЦIыхухэм я зэрызехьэхэм арэзыныгъэ къыхэщырт, а макъыр толъкъуну хьэуам ирихьэкIырт. Языныкъуэхэр яхуэмышэчу зэрыгъэкIийрт:

— Феплъыт зэрыщIалэ дэгъуэм!

— Езы атэлыкъыр-щэ? Къаным и ныбжь зэритрэ куэд щIа!

— ТIури зэхуэфащэщ!

— Хьэтэжыкъуэ нэхъыщӀэр-щэ?! Нэсри къэсыжауэ пщыщ. Щхьэж и лъэпкъи уолъагъу!

— Джэду и къуэ удзышхкъым, джэду и къуэр дзыгъуащэщ!

— Зы шы Ӏэдэжи къыздешэ...

— Ари алъпщ, нэсри къэсыжауэ шыфӀщ, сыту шы бэлыхь! Сосрыкъуэ и Тхъуэжьейр мыбы ещхьу щытагъэнщ!

— Тузарым и хуарэри нэхъыкӀэкъым. Сэ соцӀыху ар — Налкъутщ зэреджэр.

— Мо пщы щӀалэр зи сыджыр пасэу къыхэкӀ адакъэхэм ящыщщ!

— И шыгъэцӀывхэр...

— И адэри и щӀалэгъуэм апхуэдэу щытауэ жаӀэж.

— Банэ и пӀэ банэ къокӀэж!

— Хэт а делагъэхэр жызыӀэр? Сыту фымукӀытэрэ?

— Феплъыт, Къэзэнокъуэ Жэбагъыи я гъусэщ!

— Уа! Пэж дыдэщ! Цей фӀыцӀэ щыгъщ!

— Жэбагъы-ы-ы!

— Насыпрэ берычэтрэ уиӀэну, Жэбагъы!

— Ар дыдейщ!

— Берычэт иӀэну!

— Ар Тузарым и ныбжьэгъущ!

— Тузарми берычэт иӀэну!

— ЛӀыгъэ уиӀэщ, Тузар!

Къэзэнокъуэр япэ, абы иужькӀэ Къанболэт, итӀанэ Къубатий сымэ епсыхыу хьэщӀэщым щыщӀыхьэм, цӀыхухэр зэтебэяуащ икӀи шхын къахьыным Ӏэдэбу пэплъэу зэхэувэжащ. Куэдрэ пэплъэнуи къахуихуакъым.

Хьэтэжыкъуэм и унэӀутхэм былымыл, мэлыл Ӏыхьэшхуэхэр шыуанхэм кърахыурэ Ӏэнэ хъурейхэм, кӀыхьу зэпагъэува пхъэбгъухэм тралъхьэрт, щхьэхуэу къахьырт лыцӀыкӀулыбжьэ, шатэкӀэ ягъэжьа джэдылхэмрэ бабыщ гъэгъуахэмрэ, пхъэгулъ гъэгъуахэм, мэ гуакӀуэ къызыпих щхъуантӀагъэхэмрэ шыбжиймрэ къахэщӀыкӀа шыпс зыщӀэт тхьэкӀумэкӀыхьыл, е щыхьыл зэрылъ фалъэшхуэхэр трагъэувэрт, пщэфӀапӀэхэмкӀэ кърахырт хьэ чыржын, щӀыунэ кӀыфӀхэм махъсымэ зэрыт кхъуэщын ныбэфхэр къыщӀахырт, пхъэ фалъэхэм фокӀэ гъэва къэб илът...

Мы цӀыху къызэрыгуэкӀхэм иджыри къыздэсым апхуэдиз ерыскъыфӀ, апхуэдизу зэмылӀэужьыгъуэу зэи ялъэгъуатэкъым. Ауэ пщым щытхъупс кърагъэжэхыртэкъым, я щхьэфэр лъэгущӀыхь ящӀыну, я щхьэ ягъэпудыжыну хэттэкъым. ЗэпӀэзэрытхэт, зэрызехьэхэртэкъым, дэтхэнэ зыри хущӀэкъуурт къыбгъэдэсым игу нэхъ ирихьауэ къыщыхъуа Ӏыхьэр зэрыхуигъэкӀуэтэным. АдэкӀэ-мыдэкӀэ

къыкъуэху цIыкIухэмрэ хьэхэмрэ нэхъ зэрызехьэ къыхалъхьэрт махуэшхуэм. Ауэ ерыскъыр псоми — инми цIыкIуми, уеблэмэ хьэхэми — ярикъурт.

Пщы унэм и бжэ зэIухам макъамэ къыдэIукIырт. Пхъэ-цIычым и зэрылъэлъ макъыр, сринэмрэ накъырэмрэ я макъ нэщхъей зэшыгъуэр — абыхэм макъамэ дахэ къибгъэкIын щхьэкIэ Iэзагъэшхуэ ухуейщ. А макъамэ зэмыфэгъум къыхыхьа шыкIэ пшынэм тешэщIа шыкIэ налъэхэм иряжэ пхъэ цIыкIур макъ псыгъуэкIэ къыпогъыкI. Шабзэшэ зыбжанэ зытралъхьа шабзэм ещхь пшынэдыкъуакъуэм и макъ щабэр уигъэпIейтейуэ къэIуащ — шабзэшэр шабзэкъум нэхъ пэгъунэгъуху, макъри нэхъ кIэщIщ, жьгъырущ.

Пхъэбгъум къыхэщIыкIа Iэнэ кIыхьышхуэм бгъэдэсу пщIантIэм дэсхэмрэ пщIэ зыхуащI я нэхъыжьхэмрэ къэнэжэгужащ, яшхыр нэхъ мащIэ, махъсымэм зэрытрагъащIэр нэхъыбэ хъуащ.

— Иджыпсту уэркъ зауэ уэрэд къыхадзэнущ,— жиIащ псори зыщIэ лIыжь цIыкIум.

Ар щыуакъым. Зыгуэрым хьэщIэщым къыщыхидзащ:

Къэрэкъан щIалэм напщIэ уэрэд
Дэ къыхэддзащи фэ фыкъежьу.
Ар зыусари жыпIэмэ хэт,
И адэ дыдэрщ, хъупауэ жыы.

ЛIыхъужьым и адэ Зэхэджокъуэпщщ,
Зэм гъыбзэ жеIэ, зэми — уэрэд.
Щауэм и лъапсэр мыхъуу зэи нэщI,
Хьанхэр щохьэщIэ, джэгур зэхэтщ.

Дариипль щэкIхэр тыгъэ къыхуащI,
Анхуэдэ нартхэм ямылъэгъуа,
Сыхьэт телъыджэ Къэрэкъан къыхуахь —
Ар зылъагъу нартхэм я щхьэцыр тхъуат.

ЛIыжь цIыкIум нэщхъейуэ и щхьэр игъэкIэрэхъуащ:

Аслъэн мышынэу лIы хахуэ пщым,
И псалъэм нэплъэу уэркъхэр зэхэтщ,
Къашыргъэ мэжэщIалIэу,
Пщым и дзэм хуеIэу уэркъхэр гъуэгу
тетщ.

(— Мис ар нэжщ! — жиIащ лIыжь цIыкIум.— Къашыргъэр — къашыргъэщ!)

Къэрэкъанышщым и псалъэр зыщ:
Къызэпичынырщ зекIуэлI гъуэгуанэ.
Ар сытым щыгъуи езыр хьэзырщ,
И Хуарэ уардэм телъщ саур уанэр.

Жыр пыIэр псоми къахощхьэхукI,
И джатэр дыгъэ нуру мэлыд.
Шабзэшэ гуащIэр Лъэпщ и IэрыкIщ,
Хахуэм фIэкIай ар зым иримыт.

И пелуан Iэпщэм игъабзэ джатэм
ТхьэгъэпцI нэшкIулым щенэ дамыгъэ.
Зыри IэщIэкIкъым бзууэ лъэтами,
Къэбэрдеипщ Къэрэкъан и лIыгъэм.

Шабзэшэм фIэлъыр мэхъу зы IэгупIэ,
Абы зешэщIыр, къашыргъэ дамэу,
Бийр ирегъахуэ куэдрэ пыхьэпIэ,
Ажал зезыхьэ шабзэр лэжьамэ.

Ар жэщ мазэхэм щIэтщ мэзыжь кIыфIым,
Къум хъуреягъым цIыхур щегъащтэ.
Губгъуэ лъагъуэншэм и гъуэгу пхешыфыр.
КъафIеугъуейри къафIехур гуартэр.

Абы и щIыхьыр лъагэу мэлъатэ!
И лъэр здэмыкIуэм и цIэр щегъэIур.
Аслъэн и закъуэу а щIалэ уардэм
Хуэдэ флъагъунырщ тхьэ фыщIелъэIур.

«Ди адэжь хабзэщ»,— пщы Бэлэтокъуэр
КъыщыхигъащIэм ар щIэгуоуащ.
И щIалэ хахуэр пщы Зэхэджокъуэм
Псэ къабзэ дахэу къыхущIэкIащ!

( —«Псэ нэху»... Мазэхэ жэщри нэхъ нэхущ абы нэхърэ!).

ХьэщIэщым уэрэдыр щызэпыуащ. Зы тэлайкIэ унэри пщIантIэри щыму щыташ.

— Мобыхэм нэхърэ дэ ди Iуэху нэхъыфIщ,— лIыжь цIыкIум и Iэр хьэщIэщымкIэ ишияш.— Сыт абыхэм? Сэ сыщыгъуазэщ абыхэм я Iуэху зыхуэдэм. Дэтхэнэ зыми гузэвауэ зеплъыхь, самыгъэпудыну пIэрэ, щIыхь къысхуащIыну яшыгъупщэну пIэрэ, жиIэу. Ауэ псэлъамэ, умыгъэщIэгъуащэу еплъыт! ТхьэмыщкIафэ зыкъыпхуищIынщ щIыкIафIэу, ауэ щыхъукIи, алыхьым къыпхуимыуххIэ ар езым зэрыжиIэм хуэмыдэу щыту къыщIебгъэдзыну ухуежьэныр. Дэтхэнэ зыми игу ирихьыр езыр щыпсалъэм е езым къыщытепсэлъыхьым дежщ. Тузарым и гъэсэн тхьэмыщкIэр иджыпсту бжэIум зепIытI-зехузри итщ. Сэ сощIэ, ар щIалэ губзыгъэ цIыкIущ икIи а къомым къав делагъэхэм едэIуэныр къытехьэлъэнщ. Жэбагъы е Iэмал имыIэжмэ, Кургъуокъуэ щыпсалъэм деж нэгъуэщIщ, ауэ адрейхэм псэлъэн щIадзамэ... Тузар Къанболэт лIы губзыгъэщ, ауэ иджыпсту щымщ. Сыт ар щIэпсэлъэнури? И Iуэху зэфIигъэкIащ. Кургъуокъуэ зыхилъхьэ щымыIэ щыхь

куцIымрэ фомрэ иджыпсту ирегъэмэрэкIуэх. Щыхь куцIымрэ фо цIынэмрэ уIэгъэ нэужьым сэбэпщ, псынщIэу укъызэфIегъэувэж. Ауэ, сэ си гугъэмкIэ, аракъым Iуэхур, бэлыхьыр акъылыр жьы щыхъум дежщ. Бзур и уахътыр къэсыху къезыхьэкIыр и дамэхэрщ. Апхуэдэу цIыхум и акъылри щытын хуейщ лIэжыху. Бзум лъагэу зиIэтын папщIэ дамэ, цIыхум — акъыл яIэн хуейщ. Иджыпсту хьэщIэщым, хэт жиIэми зыгуэрым хъуэхъу щыжиIэнущ. Дэри ди тхьэмадэм девгъэлъэIу зы адыгэ хъуэхъужь къыджиIэну.

Нэхъыжьхэр арэзыуэ къыпыгуфIыкIащ.

Псом нэхърэ нэхъыжь дыдэм, и нитIым еуалIэу зи нэкIур жьакIэ тхъуам щIихъумам, мащIэу кIэзыз и IэхэмкIэ фалъэр къиIэтащ.

— Си макъ лъахъшэр псоми зыхахыни зыхамыхыни, ауэ сэ нэгъуэщIу схужыIэнукъым. Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ. Псатхьэ къыздэIэпыкъунщ! Мыбдежым щыс псоми яжесIэну сыхуейщ си гъупэгъухэм, ди хьэщIэхэм. ЖысIэнщ ди адэжьхэм зэрыжаIэу щытам хуэдэуп... Ди шэр къурпыпс уэру, ди кхъусищхьэхэр тэтэр выгу шэрхъыу абрагъуэу, ди унэхэм берычэт ирырелъ. Ди нысащIэхэр бгъурыбгъуу, бгъуми фадэ пIащIэр зэрыз фалъэшхуэхэр хьэщIэхэм IэщIагъэувэу, бадзэу мывухэу, бабыщу зэрымыгъэкIийуэ, джэдым хуэдэу мыкъакъэу, щынэ бзафIэу щытынхэу. Быпыр хъушэу къытхуалъхуу. Шы гъэшхауэ гуащIафIэхэу. ТIэтынщ! Ди хъушэхэр мэл щхьуафэрэ кIапэшхуэ защIэхэу пшэрхэу. Ди мэлхэр тIурытIылъхуу, хъун кIырыр я пэрыхьэту. ТIэтынщ! Дэ къытпэщIэувэр ятIагъуэ ныбэу бэгыну. Ди бийхэр фэндым хуэдэу къэпщыну! ТIэтынщ!

Пасэрей тхьэмадэм фIыщIэ хуащIащ. А тхьэмадэм и къуэрылъху зи ныбжь хэкIуэтахэм зэрыжаIэмкIэ, лIыжьым ищIэжырт Ахын тенджызышхуэр къанэ щымыIэу мылым зэщIиIулIауэ щыщыта зэманыр *.

ЛIыжьхэм ящыщ зым уэрэдыжь къыхидзащ. Ар адрей адыгэ лIыхъужь уэрэдыжь псоми хуэдэу кIыхьт, зауэлIым и хахуагъэм тепсэлъыхьырти, икIэм икIэжым а зауэлIыр зэрыхэкIуэдамкIэ иухыжырт:

Си псэр щыст махуэм,
Сэ схуэдэ нартыр
Си щIэдзыни зыхуэсщIыжынщ,—
Уэзырмэс хахуэр,

* КъызэрызгубзыгъыжымкIэ, сыщымыуэмэ, ар къыщыхъуар 1630 гъэрщ.

И гъащIэр щитым,
А и тхьэрыIуэм хахуэу хуэпэжщ.
Къумыкъу лIыхъужьыр
И псэм къылъыхъуу
Абы шууейуэ къыбгъэдолъадэ,
Ди хахуэ хъыжьэм
Зы къыщымыхъуу
Шабзэшэр дехыж и дзажэналъэм.
Треукъуэдие
ШэщIа и шабзэм,
Ныхуегъэзэжыр
Бий гущIэ лъапсэм.
Хьэдэгурышэу
Шууейр къоджалэ.
Ар Уэзырмэсым
ЗырелъэфалIэ,
И щхьэщIэдзыни
Хахуэм ещIыж,
Уэзырмэс хъыжьэу
Ди ЕщIэнокъуэр
Мы дуней нэхум
Абдей йохыж.

Зы уэрэдыр адрейм кIэлъокIуэ, зы цIэм нэхърэ адрейр нэхъ уардэжщ.

ПщIэгъуалэ псыгъуэ уанэгум
Къраудами зэ уэгъуэм,
Къиувэжауэ шыгъуэгум,
Шуудзэ гупым и уасэу
Тузар Сэралъпыр мэзауэ,
Бий фащэ псори мыжурэ
ЖанкIэ зыфыщIу зи хабзэр.
«Ей! Хэт си гъусэр? — ар маджэ,—
Бий ерыщ бзаджэм и гущIэм,
Шэрэзу бжыкIхэр хэвукIэ.
ТкIэщIэкIуэсыкIыуи кIуэжым,
Къэрабгъэ джанэр щыфтIагъэ,
Жьэгум къыдэнэр къыкъуэплъу,
ЦIыхубз кIэ къуагъым къурес.»

А уэрэдым ягу къигъэкIа хуэдэ шурылъэс джэгун щIадзащ. Шу зыбжанэ кIуэрыкIуэм тету бжыхьым елъэну икIи «быдапIэр» зыхъумэ лъэсыдзэр хагъэщIэну хэтщ. Шухэм щIопщ яIыгъщ, лъэсхэр бжыкIкIэ е башкIэ зэщIэузэдащ. ЩIопщхэмрэ башхэмрэ хэт и Iэм, хэт и лъакъуэм, хэти, уеблэмэ, и щхьэм тохуэ. ЗэрогъэкIийхэр, зэрызохьэхэр, шы лъэ макъым щIыгур егъэзджыздж, шыхэр мэщыщ — псори зэхэуэ дыдэм ещхьщ. УIэгъэ ящIыпи къахокI. Бжыхьым елъэу «быдапIэм» дэлъэда шур, лъэсыдзэр шыбгъэкIэ зыхьыну хэтыр, уанэгум къызэрыра-

мылъэфыным хущIокъухэр. Уанэгум къырахрэ щIым традзамэ, ар джэгум хокI. Псоми ди цIыхугъэ Шот (шыуаным деж фIыуэ щылэжьэну хущIыхьагъэнут) зы шу зэтес, лIыри шыри зэрыхьу, щIым хигуакIэщ.

Шууейм нэхърэ мынэхъ мащIэу къэгузэва хакIуэр псынщIэу къыщылъэтыжри тафэбгъумкIэ щIэпхъуащ. Шым теса Тутыкъуи ерагъкIэ зыкъиIэтыжри, ину ещIэкъуауэу лъэныкъуэкIэ IукIащ.

— СлIо, си пелуаныжь абрагъуэ? — арэзыуэ зэкIуэцIычырт Шот.— Лы гъэжьам и мэмрэ уэрэдым и макъамэмрэ дэтхэнэр нэхъыфI?

Узыр ерагъкIэ зыхуигъэшэчурэ, Тутыкъу гуапэу пыгуфIыкIащ:

— Умыгузавэ, си ныбжьэгъужь цIыкIу, иджыри дызэпеуэну къытхуихуэнщ. Шыгъажэм дауэ укъыщикIыну пIэрэ?

— Хьы! Зыуи! ЛIыр шым тесу къэмыжэу, шыр лIым телъу къызэдэжауэ щытамэ, мис абы щыгъуэ уэзгъэлъагъунт!

— Пэж дыдэуи, щIалэжь цIыкIу, абы щыгъуэ уэ зыри къыппэхъунтэкъым! — арэзы хъуащ Тутыкъу.

Тафэм и адрей лъэныкъуэмкIэ дагъэ егъэфауэ щыхэтIа пкъом щIалэгъуалэр къепщIэкIащ. Пкъом и пэнцIыв дыдэм теукIа пхъэбгъум хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр фIэщIащ. Абыхэм яхэлъщ маисэхэри, цIыхубз дыжьын бгырыпххэри, фалъэ дахэхэри, «Кърым къраха фэрэкI нэкIухэри» — Iэпхъуалъэхэри, хьэзыр дэгъуэхэри, пхъэбгъум и кIапэ дыдэм, нэхъ лъэIэсыгъуей дыдэм, кIапсэ псыгъуэ цIыкIукIэ фIэщIат лъахъстэн вакъэрэ бухъар пыIэ бэлыхьымрэ. Мыбдежми зыми щысхьатэкъым Кургъуокъуэпщыр!

НыбжьыщIэхэмрэ щIалэ цIыкIухэмрэ зым и ужь адрейр иту пкъом дэпщейхэрт. Хэт нэхъ жыжьэ дэпщеифырт, хэти и кум нэмысу къещэтэхыжырт, ауэ куэдрэ пкъоущхьэм зыри нэсыфакъым. ИкIэм икIэжым зы щIалэ нэсащ, хьэпшыпыр къыфIихыну щыIэбэм псоми къалъэгъуащ абы и Iэгу фIыцIэр — щIалэр бзаджэ гуэру къыщIэкIынт, и Iэгум яжьэ щихуэри дэкIуеяуэ арат. ЩIалэм нэхъ къыпэгъунэгъу дыдэ саугъэтыр, уагъэкIэ хэдыкIа цIыхубз пыIэр, къыфIихащ, ауэ зыхуэмыIыгъыжу къехуэхри щIым къытехуащ. Къытехуами текIуат. Саугъэтыр абы занщIэу нэхъ пэгъунэгъу дыдэу къыщыт хъыджэбзым иритащ. Хъыджэбзыр къыпыгуфIыкIри, пкъом нэхъ пэIэщIэ зищIащ — къыкIэлъыкIуэ саугъэтыр нэгъуэщIым лърес.

Мыгувэу пхъэбгъум фIэбзэхыкIащ цIыхубз хьэпшыпхэ-

ри, абы и ужькIэ «цIыхухъу хьэпшыпхэри», ауэ лъахъстэн вакъэмрэ пыIэмрэ зыри лъэIэсыфакъым. Ахэр жыжьэIуэу фIэлът.

Пщы пщIантIэм гъуом и макъыр къыдэIукIащ:

— Маржэ хъужынхэ! Псори фыкъэдаIуэ! Адыгэ фащэр хуэфащэу зезыхьэ, зи гъащIэм и нэхъыбэр уанэгум есу зыхь щIалэ ахъырзэманхэм я нэхъ ахъырзэманыжхэр нэщанэ еуэнкIэ, шы къэгъэжэнкIэ, бэнэнкIэ щызэпеуэну зэманыр къэсащ! ЦIыхухэ, фызэлъыIукIуэт, тафэбгъум зефт, зэхьэзэхуэм хуит къыхуэфщI утыкур. КъимыдэкIэ, шырэ Iэщэрэ зиIэ псори, ар къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэуи щрети, зэхьэзэхуэм хэт хъунущ, саугъэт лъапIэм — рум жыр джанэ гъуэзэджэм — щIэбэн хъунущ! Апхуэдэ унафэ ищIащ ди пщышхуэ Кургъуокъуэ! Пщышхуэм щIыхь!

ЗэкIэлъхьэужьу пщы пщIантIэм шу тIощI хуэдиз къыдэкIащ. Ахэр зытес шыхэр зым нэхърэ адрейр нэхъыфIыжт — къызытекIа лъэпкъыфIхэм я щIэблэ епщыкIуплIанэ нэхъ мащIэ яхэту къыщIэкIынтэкъым. Псори зыхуей хуэгъэзат, къарууфIэт, бэшэчт. Дэтхэнэри сыт хуэдэ гугъуехьми хуагъэхьэзырат, Iусыпхъэрэ мэкъумылэ хэплъыхьакIэ ягъэшхат, ауэ лы лей зытрырагъэлъхьатэкъым, я лыпцIэхэр шэщIат.

Пщым и унэм пэмыжыжьэ Iуащхьэ цIыкIум деж пщылIхэм тетIысхьэпIэ кIыхь щагъэуващ пщы Хьэтэжыкъуэм, абы и хьэщIэ нэхъ лъапIэ зыбжанэм, апхуэдэуи Тузар Къанболэт папщIэ. Тузарри атэлыкъри нобэ нэхъ хьэщIэ лъапIэхэм хабжэрт.

ТетIысхьэпIэм псынщIэу къэрагъэувэлIащ фадэрэ ерыскъырэ щIэрыщIэу зытрагъэувэжа Iэнэ лъакъуищхэр.

Къубатий адрей шухэм къазэрыщхьэщыкIыр и щIалагъэмрэ зэрыплIабгъуэмрэт. Абы и къарэр, щымыщу зы Iэпапэ зыхэмылъыр, и теплъэм ещхьыжуи ФIыцIэ зыфIащар, сэром хуэдэу зимыгъэхъейуэ щытт, Къубатий и Iэщэр адрейхэм ейхэм хуэдэу дыщэкIэ гъэщIэрэщIатэкъым, ауэ Iуэху и пIалъэ фIыуэ зыщIэ дэтхэнэ зыми гу лъитэнут ар зи Iэдакъэ къыщIэкIар зэрыIэзэ дыдэм.

Шууей зэщыхуэпыкIахэм, зыкъизыххэм я курыкупсэм зэрымыщIэу Хъадыжэ фызыжьыр къихутащ. Ар шы зэхуакухэм псынщIэу дэкIырт, шы джабэхэм теуIуэу — шыхэми дзыхьыщIу я щхьэхэр абы къыхуашийрт. Фызыжьым дэтхэнэ зы шууейри къызэпиплъыхьырт, и щхьэ гъур цIыкIур джэдум ещхьу игъэбгъунлъауэ икIи зэпымыууэ пIэнкIырт:

— Дэнэ мыгъуэ мы сыкъыздыхэпщхьар. ЦIыхухэм къафIэщIынщ мы фоч делэжьхэр згъэуэн мурад сщIауэ! Ауэ,

тхьэуэ дыкъэзыгъэщIа, Хьэтэжыкъуэхэ я мэрэмэжьейр мыбзаджэ! Сыту фызэкIуж защIэ! Ауэ мес мор,— абы и Iэпэр Къубатий дежкIэ ишиящ,— псом нэхърэ нэхъ уардэщ. Флъэгъуа адыгэ быныр зыхуэдэр! ЗыпэпщIын щыIэкъым, пэж дыдэу жызоIэ. А пщыкъуэжь цIыкIухэр абы и лъэгу къыщIэхуа ятIэ и уасэкъым.

— Нанэ! — къыхэгуоукIащ зыгуэр цIыху гупым.— Хьэтэжыкъуэхэ я мэрэмэжьейр шэч хэмылъу гуащIэу къыщIэкIынущ, ауэ Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэр къыпхуэмыцIыхужын хуэдэу уи щхьэр игъэкIэрэхъуа?

— А сымыгъуэт! — бжэуэ щIидзащ Хъадыжэ.— Си акъылым сикIащ. Пэж дыдэуи акъылым бгыр егъэхыщIэри фадэм акъылыр хегъащIэ,— Хъадыжэ и Iэр аргуэру Къубатий дежкIэ ишиящ.— Щхьэ занщIэу къысхуэмыцIыхужарэ ар пщым и щIалэр зэрыарар?

Асыхьэтым ирихьэлIэу гъуор джащ икIи нэщанэуапIэхэр зэрыхьэзырыр, нэщанэ еуэнкIэ зэпеуэм щIадзэ зэрыхъунур жиIащ.

Шабзэмрэ фочымрэ папщIэ нэщанэхэр адыгэ хабзэм тету ягъэуват: пхъэ кIыхь хэтIахэм лъагэу фIаукIат нал нэхърэ мынэхъ ин пхъэ хъурей цIыкIухэр. Жэрыжэм тету шым зыкъебгъэлэлэхын, уи лъакъуэ сэмэгум фIэкIа лъэрыгъым имыту, уи щхьэр шы сокум и щIагъ щыIэу, шабзэр пиэщIын икIи нэщанэм уеуэн хуейт. Нэхъ лIыгъэ дыдэу къалъытэр нэщанэм утехуэн къудейр аратэкъым, атIэ ар къыфIэбудынырт.

Апхуэдэу нэщанэ еуэфар тIу къудейщ — Къубатийрэ Тутыкъурэщ. Тутыкъу Iэзэу нэщанэ зэреуам псом хуэмыдэу пригуфIар и ныбжьэгъужь Шотщ.

Фочауэм щыгъуэ Тутыкъу Къубатий лъэщIыхьэфакъым. Ар къызыхэкIари, Тутыкъу зи щхьэ хуитыж мэкъумэшыщIэ хуэщIа пэтми, Къубатий и фочым хуэдэ IэщэфI къищэхуну къару зэримыIэрщ. Ар къызыгурыIуа Къубатий мурад быдэ ищIащ апхуэдэ Iэмал къызэрыхуихуэххэу, и фочыр а щIалэ ахъырзэманым саугъэт хуищIыну. Ауэ иджыпстукIэ ар къэб ягъэтIылъам лъэбакъуищэкIэ пыIукIуэтри, фIэмыIуэху-фIэмыIуэхуурэ уащ икIи къэбыр зэгуиудащ. ИтIанэ къэбым и пIэкIэ джэдыкIэ ягъэтIылъыну лъаIуэри, и тузар ержыб цIэрыIуэр щIэрыщIэу иузэдыжащ. А ержыбыр иджы зейр Къубатийт.

Къубатий и Iэзагъым щыгугъыж хъунут: абы ищIэрт фочыр сыт щыгъуи зы шэпхъ лIэужьыгъуэкIэ (дауи, шэпхъ нэхъыфI дыдэкIэ) бузэдмэ, шэпхъыу икIутэн хуейр тэмэму, сакъыу къэппщмэ, фочым узэримыгъэщIэхъунур. Шэпхъыр къыщыппщкIэ, зэ икIутэгъуэр зы хьэдзэ цIыкIу

нэхъ мыхъуми нэхъ мащIэу е нэхъыбэу щытын хуейкъым. ИкIэм икIэжым, нэхъыщхьэ дыдэращи, шэм и хьэлъагъымрэ и щытыкIэмрэ: абыхэм зебгъэхъуэжынкIэ Iэмал иIэкъым. Къубатий а псори тэмэму игъэзащIэрт.

Зыми и фIэщ хъуртэкъым фочымкIэ апхуэдэу шэрыуэу ууэфыну. Урыс фузей хьэлъэжьхэм, европейскэ мушкетхэм, адыгэ е тырку щтаучауэхэм укъагъэпцIэныр зыхуэIуа щыIэтэкъым. АбыхэмкIэ бийм ё мэзым щIэт хьэкIэкхъуэкIэм лъэбакъуэ щэ никъуэкIэ уатехуэфмэ, хъарзынэу арат. Мыбдежым... КIэщIу жыпIэмэ, Хьэтэжыкъуэ ныбжьыщIэм и фочыр пхъэ зэфIэбдзэм трилъхьауэ нэщанэм щригъапщэм, цIыхухэр зэщIэщымащ, мыбэуэж жыхуаIэм хуэдэу. ИужькIэ фочыр уащ, псоми я нэр зытедия нэщанэ хужь цIыкIум и ткIуэпс гъуэжьхэр лъеящ, зэуи гупыр, я плIэм хьэлъэ дэхужа хуэдэ, хуиту бэуэжащ. ЦIыхухэр я щхьэхэр ягъэкIэрахъуэурэ зэплъыжхэрт, ялъэгъуар я фIэщ мыхъужу.

ИужькIи зыбжанэ еуащ нэщанэ. Ауэ, джэдыкIэм дэнэ къэна, къэбым техуэфыну къахэкIар тIу къудейщ, уэркъхэу Ачэрт Арзэмэсрэ Абашэ СулътIаналийрэщ (ахэр нэхъ нужьыIуэкIэ къэбэрдей лIыкIуэу Петербург кIуауэ щыташ).

Шыгъажэм щыщIадзэм зыми шэч къытрихьэртэкъым Къубатий къазэрытежынум. Пэжу, Шот хущIэкъуащ и ныбжьэгъу Тутыкъу къызэщIигъэплъэну:

— Лъэпкъ цIэрыIуэхэр зытедмыгъакIуэмэ, дауэ хъуну, и? Уэ упсынщIэ дыдэщ, уи хакIуэм къауц фIэкI укъыщымыхъуу уихьынущ...

— Хьэ-э-уэ, си щIалэ цIыкIу,— нэщхъейуэ къыпидзащ Тутыкъу.— Сэ, дауи, сыкъэжэнущ. Мазэм къикIыу къыт-хуехам ещхь щIалэ дэгъуэм и зэфIэкI сеплъыну сыхуейщ. Ауэ иджыпсту абы утекIуэфынукъым. Дэ дишхэр абыхэм яйхэм ялъэщIыхьэнукъым, арыншами ахэм хуэдэу дэ зэман дэнэ къитхын зыдгъэсэну, дишхэр дгъэсэну...

Жыжьаплъэу узыIуплъэ хуейм ит жыгей абрагъуэ щхьэкIацэм нэс жэн, жыгей къудамэ къыпыупщIауэ къэгъэзэжын хуейт. А жыгей къудамэр нобэрей джэгум и тхьэмадэм япэ езытыр текIуауэ арат. Тхьэмадэу нобэ ягъэтIысат зи жьакIэхэр зэщIэтхъуа лIакъуэлIэш Выкъуэ Инал. Ар Кургъуокъуэ бгъэдэст. (Езы Кургъуокъуэ тхьэмадагъэр къищтэн идакъым: уи къуэм и текIуэныгъэхэм уащытхъужу дауэ ущысын).

КIэрахъуэ драгъэуейри, шу плIыщI нэхърэ мынэхъ мащIэн зэдилъащ. Япэ щIыкIэ бжьэпэ нэпкъ лъагэм зрату, нужькIэ хъупIэ дэгъэзыкIыгъуэмкIэ узышэну гъуэгу Iузэ

цIыкIум зэрытеувэным дэтхэнэ зыри хущIэкъурт. А гъэгум зэ япэ уищрэ утеувамэ, уи ужь итхэм я дежкIэ къыбдэхыну тынш хъужынутэкъым. Мо зэхэзэрыхьа гупым япэу къыхэкIар Тутыкъущ. Ар шыщхьиплI-тху хуэдизкIэ адрейхэм ящхьэщыкIат. Тутыкъу и ужьым Къубатий иуващ. А тIум якIэлъыкIуэрт шы лъэгухэм къащIэлъэлъ ятIэкIэ заутэжауэ, къэгубжьауэ, къызэщIэплъахэу, ауэ иджыри гугъэ гуэрхэр зиIэ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ. Абыхэм я фащэ зыкъизыххэр псыф, фэншэ хъуат — уэшх къепсэпсауэр щигъэтатэкъым, щигъэтыным и пIэкIэ нэхъ хуабжь зыкъищIат...

Иджыри зыми ищIэртэкъым махуэр зэриухынур. Зыми ищIэртэкъым жыр джанэ цIэрыIуэр а зэманым Хьэтэжыкъуэ и унэм зэрыщIэмылъыжыр, а фащэ лъапIэр аргуэру — ар едапщанэрэ! — зэрыкIуэдар...

## *Тхьэгурымагъуэм и псалъэ*

**Христос къыщалъхуа илъэсым укъыщыдэбжэмэ 1703-нэ гъэм и май мазэм и 16-нэ махуэм Нева псым и Iуфэм, Веселэ островым деж ухуэн щыщIадзащ Санкт-Петербург зыфIаща быдапIэр. Уэшх хуабэм и ужькIэ щIым къызэрытекIутэ Iэгъэбэгухэм ещхьу, псынщIэу зыкъаIэтырт бастионих хъу пхъэ унэ блынхэм, Петр пащтыхьым и унэм, кхъухь тедзапIэм, казармэхэм.**

**Иджыри щIалэ дыдэ, абы къыхэкIыуи иджыри мыкIуэмытэ, ауэ ткIий Урысей къэралыгъуэм и къалащхьэщIэ къэунэхурт. ЗэрыпхъуакIуэхэм зы махуэкIэ нэхъ мыхъуми зэи ямыубыдыфа къалащхьэ, дуней псом зэи къыщымыхъуа жыхуаIэм хуэдэ къалащхьэ, къэунэхурт.**

**Илъэс щэщIрэ зым ит пащтыхь гъур кIыхьым псынщIэу островым къыщикIухьырт, макъ икIакIэ унафэ ищIу, дыхьэшхыу, къэгубжьу, и нэхэр залыму игъэлыду, зэм уадэ, зэм джыдэ къипхъуатэу, зэми кхъухь ухуапIэ къыщрагъэжьа псы Iуфэм щрикIукIыу, игу зыгуэрхэр къигъэкIыжу е зыгуэрым щIэхъуэпсу.**

**Урысейм и лъэщагъыр зэрыхэхъуэм лэжьыгъэ Iэджэ текIуэдат, дяпэкIи текIуэдэнут. А лэжьыгъэхэм яхэтт хьэлэли, язынькъуэхэм деж мыхьэлэли, ауэ а псори зэхуэдэу хьэлэлхэт, абрагъуэхэт.**

**...Япэ Iуэхугъуэшхуэ дыдэу пащтыхь ныбжьыщIэм ищIар 1696 гъэм Азов иришщIэкIа зекIуэрщ — «кIуащ, къилъэгъуащ, текIуащ!» — икIи быдапIэр къызэрищтарщ: южнэ тенджызхэм зэрахуэкIуэн гъуэгу икIэм икIэжым зыIэрагъэхьащ. Илъэсищ нэхъ дэмыкIауэ ахэр Воронеж ща-**

щIа япэ кхъухьипщIымкIэ Керчь нэс кIуахэщ. А кхъухьхэм ящыщ зым ису Истамбыл иунэтIат урыс посольствэм и Iэтащхьэ Украинцевым. Петр япэ щIыкIэ Азов, иужькIэ Москва къэкIуэжащ. Урыс кхъухьхэр Кимерийскэ Босфорым щымыгугъыхахэу къызэрыдыхьам тыркухэр игъэгулэзащ. Илъэс дэкIри, Урысеймрэ Константинополь и Портэ гъуэзэджэмрэ «илъэс 30-кIэ мамыру зэдэпсэуну» зэгурыIуащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсипщIым и ехъулIэныгъэхэр нэхъ иныжт: Нарвэрэ Дерптэрэ къащтащ, Полтавэ деж шведхэр щызэхакъутащ, Ригэ, Ревель, Выборг къаубыдащ, Гангут деж урыс флотым текIуэныгъэ гъуэзэджэ къыщихьащ.

Къэралым и хабзэхэр, и лъэщагъыр ягъэбыдэрт, ауэ ахэр хьэлъэу зытещIэр урыс мэкъумэшыщIэрт. МэкъумэшыщIэхэмрэ иджыкIэ куэд дыдэ мыхъу къалэдэсхэмрэ, хуей хъумэ, гъубжэ, хуей хъумэ, джатэ къащтэрт, езыхэр арат а гъубжэмрэ уадэмрэ къыщIэзыуIукIри, ахэрат быдапIэхэр зыухуэри, зыкъутэхэри ахэрат, абыхэм къэралыр ягъашхэрт, къэралым и лъэщагъыр ягъэбыдэрт, а лъэщагъым и хьэлъагъым езыхэм я лъынтхуэхэр къызэпитхъыжу.

1705—1706 гъэхэм Астрахань и стрелецхэмрэ сэлэтхэмрэ зыкъаIэтащ. Абы Волгэ и ищхъэрэ лъэныкъуэм, Каспий Iуфэм, Гурьев къыщыщIэдзауэ Тэрчкъалэ цIыкIум нэсу, зыщиубгъуащ. А мафIэр ягъэуфIынкIа къудейуэ нэгъуэщI зы нэхъ шынагъуэжу къэлыдащ, Булавин Кондратийрэ атаман Голый Никитэрэ я унафэм щIэту мэкъумэшыщIэхэмрэ къэзакъхэмрэ зыкъаIэтащ. Абыхэм Запорожьем къыщыщIэдзауэ Волгэ къэсу, Царицыни Саратови хыхьэу къызэщIаубыдат, Воронеж, Тамбов, Пензэ зэщIагъэзджызджат. ГущIэгъуншэу игъэуфIынкIащ къэралым мафIэр. ЦIыху минхэм я щхьэр щхьэ пыупщIыпIэхэм къытехутащ.

Арат, пащтыхь хужьым махуэ къэс Iуэхугъуэ хьэлъэ, ибрагъуэ куэд къыхуихьырт. Абы ахэр зэфIигъэкIырт языныкъуэхэм деж захуагъэ хэлъу, языныкъуэхэми хэмылъу... Ауэ дэнэ дежи абы и унафэ ткIийм, унафэ быдэм щыхуэныкъуэт. Езыри дэни нэсырт. Здынэмысар (ари пIалъэкIэ) и северо-кавказскэ «Iыхьлы» тхьэмыщкIэхэм я дежт, къащхьэщыжынрэ къадэIэпыкъунрэ пэплъэхэм я дежт.

А илъэсхэм зыщIыпIэ къыщехуэхащ Ньютон и мыIэрысэр, англичанин гениальнэм и закон цIэрыIуэр къызэIуихащ. Еджагъэшхуэм къызэIуиха хабзэр цIыхухэм зэкIэ ирани сэбэпи къахуэхъуртэкъым. Абыхэм хьэкъыу зыха-

**щIэр нэгъуэщI хабзэт: зылъэкIхэр нэгъуэщI щIыналъэхэмрэ нэгъуэщI мылъкумрэ зэрыхуэпабгъэрт. Испанием и мылъку щIэиным щхьэкIэ щIылъэми тенджызми, Европэмрэ Америкэмрэ я псы Iуфэхэми, зауэр щызэрызехьэрт. Урысеймрэ абы пэгъунэгъу щIыналъэхэмрэ иджыри илъэс куэдкIэ Севернэ зауэр щекIуэкIынущ. Къэрал куэдым цIыхухэр щызэзауэрт, фоч щагъауэрт, щызэрыупщIатэрт, мафIэм зэрыщегъэсыжхэрт, зэрыщыхъунщIэжхэрт. Зауэм иджыри хэмыхьа къэралхэм щхьэкIэ зылъэкIхэм я джатэр ялъырт, гын ягъэхьэзырырт. Ахэр я гъунэгъухэм сакъыу якIэлъыплъырт икIи пэплъэхэрт: хэт нэхъ псынщIэу къарууншэ къэхъунур, япэм хуэдэу и мылъкур быдэу имыхъумэжыфыну?**

**Псом хуэмыдэжу сакъыу плъэрт тырку сулътIаныр. А плъэкIэр здэунэтIар Севернэ Къавказыр арат.**

### *«Мыщафэ Iэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ»*
### *псалъэжьым щыхьэт техъуэ*
### *ЕПЩЫКIУТХУАНЭ ХЪЫБАР*

Мэкъуауэгъуэ мазэм и махуэ хуабэвэххэр нэр темыпыIэу псынщIэу блэлъэтащ. Ауэ иджыри дыгъэр щыгуащIэ, гумрэ псэмрэ едэхащIэ гъавэ Iухыжыгъуэ мазэм и махуэхэр екIуэкIырт. Апхуэдэ зэманым бгы лъапэхэм — хъупIэ нэкIухэм, хуейхэм, ауз Iэхуитлъэхуитхэм зыми имыгъэпIейтей щымагъыр щытепщэщ. Хэгупсысысхьагъэфэ зытет жыг тхьэмпэ щIэгъулыкIахэр, я псынщIагъыр зыхэпщIэу, хьэуам фIэщIащ, къабзэу ущызэкIэщIэплъ уафэм махуэ ныкъуэкIэрэ мыхъейуэ итщ пшэ хужь Iэрамэ цIыкIу щхьэ закъуэр, бзухэм я уэрэдыр нэхъ хуэму кърашыну хущIокъу, Iэуэлъэуэным хэмыкI къуршыпс цIыкIухэми нэхъ хуэм защIащи, я жьгъыру макъыр ерагъыу зэхэпх къудейуэ йожэх.

ЩIыр ихъуреягъкIэ — мэкъумэшыщIэм, вакIуэлIым я Iэ зылъэIэсахэри, езы щIым езыр-езыру удзхэмрэ мывэ Iувхэмрэ здигъэкIами — езым ейуэ, цIыхухэм ещхьу гурэ напэрэ зэриIэр, ар зэриIэри езыми къыгурыIуэжу къыпфIощI, абы и напэр иджыпсту къабзабзэщ, и гур — мамырщ...

* * *

Мы гъэм бэв дыдэ хъуа хур къэхыныр икIэм щынагъэблэгъа хьэсэбгъу кIыхьым, псы Iуфэмрэ мэзылъэ джабэмрэ я зэхуаку дэлъым, Iуту гъусэншэу, езы тIум я закъуэу Хьэтэжыкъуэхэ Кургъуокъуэрэ Къубатийрэ хуэмурэ шууэ еххэрт.

ЛъхукъуэлIхэмрэ пщыкъанхэмрэ — пщыкъанхэр пщыхэм щхьэхуит ящIа икIи пщы хьэсэхэр хьэхуу къыIахауэ телэжьыхь мэкъумэшыщIэхэт — щхьэхуэу, щхьэ закъуэщхьэ закъуэу лажьэхэртэкъым, атIэ дзейуэ зэгухьахэт: гъавэр нэхъ пасэу зыдэхъуа хьэсэр япэ щIыкIэ Iуахырт, щхьэмыжхэр иджыри щымыгъупа хьэсэхэр яужь къырагъанэрти, итIанэ адрей хьэсэхэми кIуэхэрт. Языныкъуэхэм мэш къахырт, адрейхэм псы, гъуэмылэ, пхъэ къыдашырт, ещанэхэр псоми яхуэпщафIэрт.

Хьэсэбгъум деж хьэуазэ пщыIэшхуэ щытт. Абы и тетт «мэш пщыIэм и гуащэр». Нобэ, гъавэ Iухыжыгъуэм и нужьрей махуэм, мэкъумэшыщIэ джэгушхуэрэ ефэ-ешхэрэ ящIынут. А джэгум уэрэди къафи гъунэжу щыIэнут, лIыгъэрэ нэхъыфIу тхьэ елъэIунрэкIэ щызэпеуэнут. Псом хуэмыдэу ягъэлъэпIэнущ Тхьэгъэлэдж — гъавэм и тхьэр (абы щхьэкIэ щIэуэ къэунэхуа алыхьым зремыгъэгусэ). ЗэкIэ мэш гуащэу хаха цIыхубзыр, апхуэдиз щIыхь зыпылъ къалэныр зылъагъэсар, мэжаджэ тебэшхуэ, зы шэрхъ хуэдиз хъуну, гъэжьэным иуж ихьат. Япэ дыдэ гъавэм и хьэжыгъэм щIакхъуэ къыхэбгъэжьыкIыныр тхьэ Iуэху пэлъытэщ икIи а мэжаджэшхуэм щыщу тIэкIу-тIэкIу псоми ялъысынущ.

УзэлIэлIэн хуей лэжьыгъэ гугъу ящIэу къыпхуэмыщIэну, атIэ зы джэгукIэ гуэрым дихьэхауэ къыпэрымыкIыжыф пфIэщIыну цIыхухэр нэжэгужэу я IэнатIэ пэрытт.

Кургъуокъуэ цIыху имыцIыхум хэт зыцIыхуу зыхужыIэнур, ауэ абыи лъэмыкIыу игъэщIагъуэрт: икъукIэ гъэщIэгъуэнщ мы адыгэхэр! ФIы дыдэу ящIэ нобэ-пщэдей Къырымым къикIыу зэрыпхъуакIуэхэр къазэрытеуэнур. ЯщIэ мыгувэу щыблэ къызэрыуэнур, дэтхэнэ зыми и лъапсэр, унэр хыфIидзэн, фызхэмрэ сабийхэмрэ, Iэщ хъушэхэр бгылъэ ихьэгъуейхэм щагъэпщкIун хуейуэ къазэрыхудэкIынур. Ауэ итIани иджыпсту псоми я нэгу гуфIэгъуэ къощ, пщыхьэщхьэрей джэгум щогуфIыкI.

Кургъуокъуэ мащIэу Къубатий къыхуеплъэкIащ, абы сэмэгурабгъур иIыгъыу, мащIэу иужь къинауэ къакIуэрт! ЩIалэфIщ! Къаруи, лIыгъи, акъыли, гъэсэныгъи иIэщ... Шурылъэсым сыт хуэдэу зыщигъэлъэгъуа! Мы щIалэщIэм

пигъэувыфын къэзыгупсысыжын зы лIыжь бгъуэтынкъым. Кургъуокъуэ зыгъэпIейтейр зы закъуэщ — Къубатий тIэкIу зэрыцIыху мыщIырщ: мыгурыIуэгъуэу хамэгу-хамащхьагъэ гуэр хэлъщ...

* * *

Асыхьэтым Къубатий зэгупсысыр а Iуэхугъуэ дыдэхэрт. ЩIалэм зыхищIэрт адэр мащIэу къызэрыхуэгущIыIэр. ЦIыхухэм щахэтым деж Кургъуокъуэ къызэрыгуэкIыу зиIыгът: икIи къыпыгуфIыкIыфынут, ухуеймэ, пхуэгушыIэфынут, ауэ я закъуэу, нобэ шууэ къызэракIухьым хуэдэу, къэнакъэ, пщыр банэ чыцэ хэзэрыхьа пфIэщIыну и гупсысэхэм хэзэрыхьырт икIи зы псалъэ къыжьэдэпшыну гугъут. Зэзэмызэ къеплъынти — и плъэкIэр ткIийми и нэхэм гуапагъ къыщIихырт — аращ зэрыхъур, къыфIигъэкIынкъым. Езы Къубатийщи, япэу псалъэмакъыр дауэ къыщIидзэн, ар къезэгъыркъым...

Иджы дыдэ екIуэкIа шурылъэсыр игу къэкIыжащ. Мис етIуанэу къудамэр псом япэ нихьэсащ. Жыгейм щыхуэжэхэм щыгъуэ псом япэ ищащ шабзэкIэ нэщанэ Iэзэу еуа щIалэр. Къубатий абы щыщхьэдэхыфар хуейм къэсыжа иужьщ.

ЩIалэфIщ. Тутыкъу си гугъэжщ и цIэр. Шыгъажэм пэшэныгъэр щыIэщIэкIами, шабзэкIэ нэщанэ уэным къыщихьыжащ: аргуэру шабзэр къиштэри, фIыуэ иригъэпщащ икIи алъандэм зыми къыпамыудыфауэ пкъом фIэлъ лъахъстэнымрэ пыIэмрэ зэрыкIэрыщIа кIапсэр шабзэшэмкIэ зэпиудащ. Ар зыгъэщIэгъуа цIыхухэм я зэрыгъэкIий макъым игъэгушхуа Тутыкъу шым зэрытесу къеIэбыхщ, пыIэри лъахъстэнри къипхъуатэри и унэмкIэ иунэтIыжащ. И щыгъыныр зэрихъуэкIри мыгувэу къигъэзэжащ икIи узыIэпашэу къафэмрэ уджымрэ я макъамэхэр къыщыIу джэгум хыхьащ. Хъыджэбзхэр укIытэхыу щIалэм къыхуеплъэкIырт, дэтхэнэри щIэхъуэпсырт Тутыкъу езыр дишу къигъэфэну.

Гъуор къеджэри, пщы Кургъуокъуэ, Къанболэт, Хьэтэжыкъуэ нэхьыщIэр, шурылъэсым хэта адрей щIалэхэр бгъэдашащ нэхъыжьхэр зыпэрыс Iэнэм. Iэнэм пэрысхэм я нэхъыжь дыдэхэу Выкъуэ Иналрэ Къэрэбын-Къарэ цIэ гъэщIэгъуэныр зезыхьэ лIакъуэлIэшымрэ жаIащ Къэбэрдей псом, апхуэдэуи «Андолым нэсу щIыналъэ псоми» щынэхъыфI дыдэ жыр джанэр Кургъуокъуэ и къуэм къызэрихьар, ар иджы езыми и бынхэм я быныжхэми зыри къемыныкъуэкъуну игъащIэ псокIэ зарейр. Ар хьэкъыу

псоми япхрырекI, япхрырекI псы зэфэм хьэ хэзыукIыхьыжхэми, зыдэпсэу и щхьэгъусэм бзаджэу хущытми. Алыджыкъуэ ЦIащхьэ хуэгъэза хъуэр псалъэхэр псоми къагурыIуащ икIи арэзыуэ я щхьэр ящIащ, Къанболэти и гум жьы дихужауэ тыншу бэуэжащ.

Къызэрыгуэмыкl мэхъчэмэм пэмыжыжьэу къыщыт Шоти арэзыуэ и гурыIупсыр ирикъухащ, и псэм фIэIэфIуи шыуанышхуэм, лы Iыхьэ диижахэр иджыри зэрылъым, иIэбащ. Шот къыбгъэдыхьащ къафэмрэ шыгъажэмрэ ирагъэша, фIыуи ягъэмэжэлIа Тутыкъу:

«Нэгъуеипщ щIыкIэу зым удэмыгуашэу,
Уи закъуэ утIысу умыжьэгъуашхэ!»

— О-о-, уэра ар, нарт Сосрыкъуэу си къан! Модэ мо жьэгум мафIэ къыпэрыбдыгъукIынкIэ сыт уи лIыгъэ? Мыбдежым, ди жьэгум щызэщIэдгъэнэнти лыр къэдгъэхуэбэжынт.

— Ей си бзу цIыкIу, иджыри щыкъункIэ урикъуакъэ?!

— Сэ бжесIэнуращи, тэмэму жаIэ: ныбэр Iуэтэжыгъуафlэщи гум телъ гуауэр мыкIуэщIыжынщ. Абы си жьэнэхуагъэкIэ щIызогъуэжри, ныбэм и IутIыжыгъуэри куэдрэ къыпхуихуэркъым.

— Зэт! — Тутыкъу зэщIэдэIукIащ.— Сыт мобыкIэ къыщыхъуар?

Пщым и хьэщIэщым жыр джанэм щхьэкIэ ягъэкIуахэм зэрызехьэшхуэ къаIэтат. Зыгуэр зилIэжу кIийрт:

— Жыр джанэр кIуэда-а-ащ!

ЦIыхухэр зэрызекъуэу, зым адрейр тегуплIэу, лъэпэрапэхэу, джалэхэу унэмкIэ щIэпхъуащ.

— Ядыгъуащ! Ядыгъуа-а-щ!

Зи пIэм имыкIыу къэнар Къанболэт, Къэрэбан-Къарэ, ХьэтэжыкъуитIыр — арат. Къанболэт къэнэщхъеят, гу залъримыгъэтами, Къубатии къэгубжьат, Кургъуокъуэ щIэщхъу кърашIар къыпкърыхьат, Къэрэбан-Къарэ лIыжьым, и ныбжьым хуумыгъэфэщэну, къэжыджэрауэ псори фIэгъэщIэгъуэнт:

— Нэхъыщхьэращи,— ткIийуэ, ауэ тIэкIу епсынщIэкIыу жиIэрт абы,— ар цIыхум и IэдакъэщIэкIрэ тхьэ Iэмыррэ къэщIэн хуейщ. ЦIыхум и IэдакъэщIэкIмэ, дыгъужьыхуэ мафIэм пэрыддзэнщи, дыгъум и Iэр пыгъукIауэ зыкъигъэшынщ. Ауэ, Iуэхуракъэ, дыгъур дэ къытхэмыту, атIэ жыжьэ зыщигъэпщкIужагъэнкIэ хъунщ. ИтIанэ — иджыпсту дыгъужьыхуэ дэнэ къитхын? Мес Хъадыжэ удыжьыр къокIуэ. Абы иIэну пIэрэ а...

— Ей, Къарэ,— ауанышIу пыгуфIыкIащ фызыжьыр.— Уд уи унэ къыщылъыхъуэж, уи фызым и шхыIэн щIагъым къыщылъыхъуэ. ИгъащIэкIэ уи псалъэ Iущхэм седэIуэнт, ауэ си тхьэкIумитIым яхуэмышэчынкIэ сошынэ.

ЛIыжь жыIэзыфIэщым гушыIэр къыгурыIуакъым:

— Уи тхьэкIумэхэр узмэ, пщэдджыжьищкIэ зэкIэлъыпыту, угунэщIу, уи Iэпхъуамбэшхуэр уи дзэхэмкIэ зэтекъузи, щэ бжэщхьэIум щхьэдэубжьытхэх...

— Уэ езыр убжьытхэ. Сэ уи псалъэмакъым техьэгъуэ къыстригъыхьэу щIидзащ.

— Техьэгъуэ жыпIа? Узэрыхуэпауэ псым зыхэдзэ, зэуэзэпсэу ухъужынщ.

Хъадыжэ Кургъуокъуэ зыхуигъэзащ:

— Сэ къызэдаIуэт, пщы. Сэ сыудкъым икIи сыжэщтеуэкъым, ауэ адрейхэм ящIэм нэхърэ нэхъыбэ сощIэ. Сэ сщIэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу зытеухуар удзхэм я хущхъуэгъуэхэмрэ цIыхум и узыфэхэмрэщи, ахэр дэтхэнэ зы цIыхуми хузэгъэщIэнущ, ауэ языныкъуэ си щэхухэр, уеблэмэ уэ къогъэщIылIахэри, Кургъуокъуэпщ, си гъусэу дунейм ехыжынущ. Ей, жызмыIэн жызоIэ. Нэхъ сакъыу сыщытын хуейт... АтIэ мыдэ къэдаIуэ: жыр джанэр Щоджэныкъуэхэ ящыщ идыгъуащ. Абы шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. Аращ сэ бжесIэнур.

— Мы фызыжьым пэж жиIэу си гугъэщ,— къэпсэлъащ Тузарыр.

— Сэри аращ си гугъэр, ауэ дэнэ ар щищIэр? — жэуап къыпидзыжащ абы Кургъуокъуэ.

— Сэ цIыху и пIалъэ сощIэ! — къапидзащ Хъадыжэ.

— Мыбы жиIэр зэрыпэжыр си фIэщ мэхъу,— нэхъри текъузауэ жиIащ Къанболэт.

— Хьэуэ, иджы сэ фыкъызэдаIуэт,— къахидзащ Къарэбын-Къарэ.

— Тхьэм и шыкуркIэ уи псалъэмакъ срикъуху седэIуащ,— и Iэр ищIащ Хъадыжэ.— Уэ апхуэдизкIэ чэнджэщ куэд къызэптащи, сэри зы-тIу нэхъ мыхъуми уэзмытыжыныр емыкIущ. Япэрауэ: андыз лъабжьэм къыщIэгъэвыкIа псы ефэ. Ар ныбажэм сэбэп хуохъу, уэри уи жьэр тIэкIу уигъэубыдынщ. ЕтIуанэрауэ: къыр джафэм мэш щумыщIэ.— Фызыжь жыджэрыр Къубатий къыхупыгуфIыкIщ, адрей цIыхухъухэр ауанышI пэлъытэу зэпиплъыхьри, пагэу IукIыжащ.

Тузарымрэ Хьэтэжыкъуэмрэ зыри къагурымыIуэу зэплъыжащ икIи, къыщиуду мыдыхьэшхынхэ щхьэкIэ, лъэныкъуэ зырызкIэ еплъэкIахэщ.

А зэманым ирихьэлIэу уэшхыр нэхъ иныжу къyрикIутэхыу хуежьати, псоми пIащIэу унэмкIэ ягъэзащ. Ефэ-ешхэ нэхъыщхьэм щIадзэнуи и зэман хъуат.

* * *

Мэш Iухыжыныр и кIэм щынагъэблагъэ хьэсэр Хьэтэжыкъуэ зэадэзэкъуэм мыпIащIэурэ къызэранэкIри, апхуэдэу а зэрымыпIащIэм хуэдэурэ къуажэмкIэ яунэтIащ. Къуажэм къыдиху акъужь мащIэм къэб гъэвам и мэр къихьырт: къызэрыгуэкI цIыхухэм фIы дыдэу ялъагъу къэбыр унагъуэ псоми унэгуащэхэм гъэтIылъын щыщIадзэ лъэхъэнэт.

Шыхэм я хъуреягъкIэ хьэуар бадзэхэм яуфэбгъуат, ауэ дэшхуей тхьэмпэскIэ яIуэта шыхэм я щIыфэхэм тетIысхьэну дзыхь ямыщIу, къадэгъуэгурыкIуэ къудейт. Къытесыр зэрыхэгупсысыхьам, абы и гупсысэ — иджыпсту зытет гъуэгуми, удзыпцIэ Iувым кIыру щIигъэна мэкъупIэми зэрыпэжыжьэр къыгурыIуа хуэдэ Хьэтэжыкъуэ нэхъыжьым и пцIэгъуэплъым тегушхуауэ гъуэгум триIуэнтIыкIащ икIи удз кIырым хыхьащ. Абы Къубатий ишри кIэлъыкIуащ. Зэадэзэкъуэр яшхэм япэрыуакъым, атIэ шхуэмылакIэхэр ягъэлэлащ.

— Адэжь и унэм удэзэшыхьыркъэ? — зэрымыщIэу, и къуэм къыхуеплъэкIыу щIэупщIащ Кургъуокъуэ.

— Хьэуэ. Псори тэмэмщ.

— ТIэкIу мымамырыIуэу пIэрэ?

— Мамырми хуэфащэ пщIэ хуэпщIыфу щытын хуейщ.

Кургъуокъуэ щIалэр игъэунэхуу, набдзэгубдзаплъэу еплъащ:

— Пэжщ жыпIэр. Ауэ ар зэрыпэжыр зыхуэдизыр, — абы «зыхуэдизыр» псалъэм трикъузащ, — уэ езым иджыри пщIэркъым, уи гъащIэм гузэвэгъуэ мымащIэ ухэта пэтми. Ауэ мис иджы мыгувэу дэ псоми къытхуихуэнущ...

— Сэ абы гу лъызотэ, — жиIащ Къубатий, тегушхуэри.

Емыупщ1а пэтми щIалэм псалъэ къызэрыхиIуам Хьэтэжыкъуэм гу лъитакъым.

— ЦIыхур уи ныбжьым щитым деж къыпэщылъ шынагъуэхэм егупсыс и хабзэкъым, гузэвэгъуэу игъэвари етIуанэ махуэм щогъупщэж. Сыт-тIэ уэ апхуэдизу зэпымыуэ узыщIэгупсысыр, куэдрэ тегупсысыкIауэ къыщIэпкIухьыр? Хэмылъу пIэрэ мыбы зы Iуэхугъуэ гуэр, дэтхэнэ зы Iэщэри, уеблэмэ языныкъуэхэм деж лIыгъэри, щыкъарууншэ Iуэхугъуэ гуэр?

Къубатий и фэр шэхуу пыкIащ, и тэмакъыр щиубыдыкIащ, хуиту мыбэуэжыфу.

— Сэ... сэ къызгурыIуащ...

— КъыбгуроIуэ! — быдэу жиIащ Кургъуокъуэ.— И пыжьынэ цIыкIухэр игъэджэгуу Шэджэм адрыщIкIэ Адиху ныбжьыщIэ къыщымыхутауэ пIэрэ? — пщым асыхьэтым игу къэкIыжащ Санэ и нэкIущхьитIыр, ар езым игъэщIэгъуэжащ икIи, хъыбар мыфэмыц къыхуахьа хуэдэ, абы щIэгужьеикIащ.

Къубатий иджыпсту а Iуэхум тепсэлъыхьыну зыкIи хуейтэкъым. А псалъэмакъыр адэм къыщиIэтыну и гугъар тэтэр зауэм иужькIэт. А зауэр зэриухынумрэ абы кърикIуэнумрэ иджыкIэ наIуэкъым. ЩIалэщIэм и акъыл псор жэуап тэмэм итыным триухуат, ауэ жэуапыр къыхуэгъуэтыртэкъым — пщIы иупсыну зэрыхуэмейм хуэдэ дыдэу игу илъри наIуэу къыжиIэну фIэфIтэкъым.

Къубатий сэбэп къыхуэхъуащ шы ешар цымысхьыжу къэзыху шу мыцIыхур. Ар Хьэтэжыкъуэ нэхъыжьым къыхуэпIащIэу къыцIэкIынут.

— Хьэтэжыкъуэпщым и къуэр и гъусэу мыбдеж къыщикIухьу къызжаIати занщIэу сыкъэкIуащ — жиIащ абы сэламым и пIэкIэ.

Ар зэрыпсалъэр адыгэбзэт, ауэ и къэпсэлъыкIэр тэтэр псэлъэкIэт. И фэми къиIуатэрт ар зэрытэтэрыр. Къубатий занщIэу къицIыхужащ и цIыхугъэжь Хьэлэлий, модрейм япэ дыдэ зэхуэза фIэкI умыщIэну зищI пэтми, ауэ щIалэм ар ицIыхуум имыцIыхууи зыкъримыгъэщIами: игу къэкIыжащ Къанболэтрэ езымрэ я цIыхугъэ тэтэрыр абы теухуауэ зэрыIущыр: пщIэ псори занщIэу утыку умыщI, псом хуэмыдэжу зылъэкIхэм уащыпыщIам деж.

Хьэтэжыкъуэм и шыхъуэр зэримылъагъурэ илъэс Iэджэ щIат, ауэ пщым ар къицIыхужащ.

— Сыт хуэдэ хъыбарыфI ди лъахэ укъизыхьар, Хьэлэлий? — Кургъуокъуэ нэшхуэгушхуэу пыгуфIыкIащ, ауэ абы зыхищIэрт и гур зыгуэрым зэрихузыр.

— ХъыбарыфIкъым, Кургъуокъуэпщ, хъыбарыфIкъым, атIэ хъыбар бзаджэщ! — Хьэлэлий гуауэщIу и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.— Къаплъэн-Джэрий Кавказ гъунапкъэм къыIухьакIэщ.

— И дзэр къыщежьэнур дапщэщ? — щIэупщIащ пщыр.

— КъежьакIэщ. Ауэ, пэжщ, хуэмурэщ къызэрыкIуэр.

— Кърымхэм я закъуэ къакIуэр?

— Кърымхэри, нэгъуей гупышхуи, псы Iуфэм етIысэкIа тэтэрхэри. Иджы ахэр шапсыгъхэми, убыххэми, адрей фи

къуэшхэми ящышынэжыркъым. Дзэм зауэлI мин щэщI хэтщ...

— Мин щэщI...— ешауэ жиIащ Кургъуокъуэ.— Лъы ткIуэпс къытщIамынэу дызэхакъутэн я мураду арагъэнщ, иужькIэ ди щхьэ къэдмыIэтыжыфын хуэдэу.

— Аращ. Аращ тырку сулътIаныр зыхуейр.

— Уэ-щэ, си цIыхуфIыжь Хьэлэлий, хъыбар къыдэбгъэщIэну укъэкIуащ... Сыт щхьэкIэ?

— Ар зауэ щIагъуэкъым. Ар, уеблэмэ, зауэкъым. УщIэмыупщIэ, Кургъуокъуэпщ.

— Хъунщ. ДэнэкIэ-тIэ иджы здэбгъээзэнур?

— Балъкъэрхэм я дежкIэ. Бгым нэхъ жыжьэу сихьэнущ. Абы сыщыпсэунщ...— Хьэлэлий хьэлъэу щэтащ.

— Си хъушэм щыщу зы мэл щэ ныкъуэ зыдэху...

* * *

А махуэ дыдэм Хьэтэжыкъуэ зэбгригъэкIа хъыбарегъащIэхэм Къэбэрдейм и гъуэгу псомкIи ягъэзат. Абыхэм хъыбару яхьырт пщы тетым ищIа унафэр, щызэхуэсыну щIыпIэр, адыгэу зызылъытэж икIи Iэщэ зыхуэIыгъ псори къекIуэлIэн зэрыхуейм теухуа унафэр.

Къубатий хуабжьу щыгуфIыкIащ и адэм ар хъыбарегъащIэ и атэлыкъым деж зэригъакIуэм — цIыху хузэхуэшэсым хуэдиз зэхурешэси Къэзэнокъуэм дежкIи дрырехьэ. Пщыр и къуэм кIэлъыджащ:

— Уи шыр зэрымыалъпыр зыщумыгъэгъупщэ. Дамэ тет къыпщыхъужу умыху.

* * *

Хэгъэрей дыдэм хуэдэу зыщыпсэуа Емузхэ я унэм къызэригъэзэжам Къанболэт щыгуфIыкIырт. Пэжу, пIалъэкIэ мы унэм къыщыувыIат и цIыхугъэ лъхукъуэлI зэщхьэгъусэхэри — Тузарыр уIэгъэ щыхъуам абыхэм я деж щIэлъат — икIи ущIэшынэн щыIэтэкъым цIыхубз ныбжьыщIэхэм, Емуз и шыпхъумрэ и пхъумрэ, лей къатехьэнкIэ. Къанболэт апхуэдэуи щыгуфIыкIырт Iэнэщ Iу къызэримыгъэзэжам: Кургъуокъуэпщым абы къыхуищIа саугъэтхэр дэтхэнэ атэлыкъым хуащIым нэхърэ зыкIи нэхъыкIэтэкъым. Пщым Къанболэт кърита щ мэлищэ хуэдиз, бжьэ кIыхь хъужахэу нэгъуей вищ, лъэпкъыфI дыдэу зы шыбз щIалэ, кIэрахъуэ, тырку джатэ нэхъыфI дыдэхэм хуэдэу зы, унэIут илъэс плIыщI зи ныбжьын лIы бэлыхь. УнэIут-

ри нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къыхихат: Iэщым кIэлъыбгъэплъыну Хьэмац хуэдэ уигъэлъыхъуэнт.

Иужьрей ефэ-ешхэ Iэнэм пэрысу Кургъуокъуэ и унафэр цIыхухэм щажриIам, хьэщIэ цIэрыIуэхэр зыри къагурымыIуэу зэплъыжащ. Кургъуокъуэ Тузархэ атэлыкъыпщIэу зыри яримытми хъунут, сыту жыпIэмэ Къубатий лъыщIэжыпщIэ къану арат! Ауэ пщыр а Iуэхум нэгъуэщIу егупсысагъэнут. Абы псоми къагуригъаIуэу арат блэкIар къыщIэпIэтыжын зэрыщымыIэр, зызэхуагъэгусауэ зэрыщытар, зэрызэфIэнахэр зыщагъэгъупщэжын зэрыхуейр.

Тузарыр нэхъыбэу зыщыгуфIыкIыр аргуэру мылъку зэригъуэтыжар, «тет» зэрыхъужар аратэкъым, атIэ и щIыхьыр зэрызэтеувэжарт. Пэжым пцIыр илъэса, хуэмыфащэу къылъыса лейр кIуэда хуэдэт. Иджы адэкIэ зэрыпсэунум, адрейхэм нэхърэ мынэхъыкIэу и гъащIэр зэрызеригъэпэщынум егупсысын хуейт... Адэм и жьэгужьыр зэфIигъэувэжын?.. Ауэ иджыри наIуэкъым хъаныр къатеуа нэужь ар псэууэ къелынрэ къемылынрэ. Ар зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым, ауэ, мыхъунуми, щогъупщэ. Зыми нщIэркъым, гупсысэм нтхьэкъуа, нэхъ и гугъупIэ, нэхъ гуащIапIэ дыдэхэм щызэуэну зи мурад Тузарым и мызакъуэу, хэку псом къынэлъэр.

Къанболэт и щхьэр игъэукIытэжырт а гупсысэ къемызэгъхэм щхьэкIэ, а гупсысэхэр ЕмыщI IэпщафIэ и нэху псоми къызэщIагъаблэрт. И щхьэр игъэукIытэжыну хэтт Къанболэт, ауэ и насып къэкIуэнум теухуа нэкъыфIэщI хъуэпсапIэхэр къанэ щымыIэу къызэринэкIын хузэфIэкIыртэкъым. А псоми къыдэкIуэу ар цIыху къэзыухъуренхьхэм я псалъэмакъымрэ зыIыгъыкIэмрэ ягъэхутыкъуэрт. Зыми мамыр псэукIэм къытекIыу зауэм зыхуигъэхьэзырын мурад иIэу плъагъуртэкъым. Гъатхэм явэну щIыхэр, илъэситI-щыкIэ зызыгъэпсэхун хуей хьэсэхэр, мэкъумэшыщIэхэм яубзыхурт: унагъуэхэм я нэхъыжьхэр нысащIэм щIатыну уасэмкIэ зэгурыIуэрт, мы бжьыхьэм ирагъэкIуэкIыну жыхуаIа хьэгъуэлIыгъуэхэм щыщ зыри ягъэIэпхъуэртэкъым; лIыжьхэм щIымахуэр пасэу къэкIуэну, мэкъур къишыжынымрэ нхъэщхьэмыщхьэ мэзым къыщыпауэ гъэхьэзырынымрэ епIэщIэкIын хуейуэ жаIэрт. «Сыт а псор зищIысыр? КъафIэмыIуэхуу ара? — зэупщIыжырт Къанболэт.— Сыт хуэдэ лъэпкъыу ущытын хуей мыпхуэдэ зэманым апхуэдизу укъыхэмыщту зыпIыгъыфын, махуэ насыпыфIэхэр къызэрыкIуэнур уи фIэщ хъун щхьэкIэ!»

А гупсысэ куэдым я ужькIэ Къанболэт игу къихьащ иджыри зэ Нэлжан епсэлъэну.

* * *

ЦӀыхубзым пхъэгулъ хъуахэр къыпичурэ пхъэ фалъэшхуэм ирилъхьэрт. Пщэдджыжь пасэти, дыгъэр къыщӀэкӀа къудейт, щӀыхуфэ зыщӀидз пхъэгулъхэм уэсэпс ткӀуэпс цӀыкӀухэр къателыдыкӀырт.

— Пхъэгулъыр пщэдджыжь пасэм деж псом нэхърэ нэхъ ӀэфӀщ,— и макъ гъумыщӀэм зэрыхузэфӀэкӀкӀэ нэхъ щабэу «къиӀущэщащ» Къанболэт.

Нэлжан къэщтакъым, атӀэ зы тэлайкӀэ и пӀэм ижыхьауэ щытри, хуэмурэ зыкъригъэзэкӀащ:

— Гу лъыстакъым укъызэрыӀухьам. Апхуэдэу щэхуу зыбгъэдыхьэр яхьыну гу зыхуащӀа хъыджэбзырщ.

— Хьэуэ, си ЕмыщӀ дыщэ, сэракъым уэ укъэзыдыгъуар, уэ езым сэ сыбдыгъуащ.

Нэлжан и нэкӀухэр дыхьэрэну къызэщӀэплъащ.

— Сыт жыпӀэр, Тузар и къуэ... Си акъыл мащӀэм къимытӀэсэн къуажэхь къызумыдз. Мэ, пхъэгулъ шхыи нэхъыфӀщ абы нэхърэ.

— Уэ къызэптауэ зы пхъэгулъыр тӀэкӀу сфӀэмащӀэӀуэщ,— зигъэгуса щӀыкӀэу жиӀащ Къанболэт.

— АтӀэ тӀу къащтэ, ухуеймэ щы...

— Хьэуэ, сэ сызыхуейр пхъэгулъкъым...

«Псалъэмакъ нэхъыщхьэм сыт и къыщӀэдзапӀэ? ЗэрыхъуӀамэ хъунщ, Ӏуэху мыублэ блэ хэсщ, жыхуаӀэр пэжу къыщӀэкӀынщ!» — егупсысырт ар, зэрыӀэнкуным техьэгъуэ къытригъэхьэу.

— Сыт-тӀэ узыхуейр? — укӀытэм текӀуауэ къеупщӀащ Нэлжан.— МыӀэрысэ? Хьэмэрэ кхъужь? Зэрыжыг хадэу ухуей?

— Сэ жыг хадэкъым сызыхуейр, а хадэр зезыхьэн унэгуащэщ! — езыри пэмыплъауэ къыжьэдэхуащ Къанболэт.

Нэлжан куэд къызыгурыӀуэ цӀыху губзыгъэт. Арат Къанболэт и псалъэхэр абы гъэщӀэгъуэн щӀыщыхъуари. Нэлжан ищӀэрт пасэ кӀасэми а псалъэхэр щӀалэм къызэрыжриӀэнур.

— Уэ — сэ узинартщ, узинэхущ вагъуэщ, си нитӀми уэр фӀэкӀ игъащӀэкӀэ зыри къахьынукъым. СощӀэ уи гур си гум къызэрыхуэпабгъэр. Ауэ адэкӀэ-щэ? Дэ дыкъызыхэкӀа лъэпкъкӀэ дызэхуэдэкъым.

— КъэдаӀуэ мыдэ, жыг хадэм и гуащэ! — Къанболэт фагъуэт, пӀейтейт, ауэ и псалъэхэр быдэу Ӏурт.— ЦӀыхухэр лъэпкъкӀэ зэхидзу къэзылъытэхэм сыт жамыӀами, сэ уэр нэмыщӀ нэгъуэщӀ гуащэ сыхуейкъым. Аращ. Иджы уэ егупсыс...

* * *

А махуэ дыдэм, етхуанэ нэмэзым ипэӀуэ къихуэу, Къанболэт къилъэгъуащ лъэмыжым къытехьа шу закъуэр. ЗанщӀэу Къубатий къицӀыхужри, абы пӀащӀэу пщӀантӀэмкӀэ иунэтӀащ, хьэщӀэщыбжэм деж хьэщӀэм щыӀущӀэн мурадкӀэ. ПщӀантӀэмкӀэ кӀуэцӀрыкӀ Санэ къигъэувыӀэри еупщӀащ:

— Къуажэхь бжесӀэнщи, къащӀэт. Лъакъуихрэ ниплӀрэ, тхьэкӀумиплӀрэ зы кӀэ закъуэрэ. Сыт зищӀысыр?

— А къуажэхьыр сабийхэм яжеӀэ,— къыпыдыхьэшхыкӀащ хъыджэбзыр.— Шу зэтесщ.

— АтӀэ а тхьэкӀумиплӀым щыщ зыр бдзапцӀэшэм мащӀэу пигъэщхъамэ-щэ?

Санэ и пӀэм ижыхьащ, иужькӀэ зызэтриубыдэжри унэмкӀэ иунэтӀащ. Лэгъунэм зэрыщӀыхьэу гъуэлъыпӀэм зридзэри и щхьэр щхьэнтэ щӀагъым щӀиӀуащ.

Зыми хуэмыдэжу хьэщӀэм щыгуфӀыкӀар Къуаншщ. Абы и гуфӀэгъуэр игъэпщкӀун хуейуэ и къалэнуи къилъытэжыртэкъым. Къанболэтрэ Нэлжанри хьэщӀэм щыгуфӀыкӀахэт, ауэ апхуэдэ дыдэуи ар къызэрыкӀуам игъэпӀейтеяхэт. ПасэӀуэт иджыри къаныр атэлыкъым къыкӀэлъыкӀуэну — зэрызэбгъэдэкӀыжрэ махуэ зыбжанэ хъуауэ аркъудейт. Ауэ сытми къызэрыгуэкӀ Ӏуэхукъым ар къыщӀэкӀуар...

Къубатий къызытекӀухьа Ӏуэхур куэдрэ ибзыщӀакъым...

Жэщ хъуху цӀыхухъухэм Ӏэщэ-фащэр ягъэкъабзэу, щӀалъыкӀыу, зэпалъэщӀыхьу, зекӀуэм зыщыхуеину псори аргуэру къапщытэжу зэхэтащ. Къупщхьэм къыхэщӀыкӀа пхъуантэ цӀыкӀур шыгъулъэщ, абы хуащӀа фэ хъуржыным дыд, жьакӀэупс, дагъалъэ, щтауч илъщ. ЩӀакӀуэм фочылъэ кӀэрыщӀащ, шабзалъэхэм, зэрыхабзэу, шабзэшэ щэщӀщэщӀ ярылъщ. Лъахъэхэри къащыгъупщакъым, къащыгъупщакъым уанэм кӀэрапхэ джыдэ цӀыкӀухэр, хуей хъумэ, уӀэгъэ зэрапхэну щащыхури...

ЦӀыхубзхэми ящӀэн ягъуэтырт: лы гъэгъуа къагъэхьэзырырт (ар фӀыуэ хуэтхъуэплъ щӀыкӀэу тегъэжыкӀын хуейт), къэп цӀыкӀухэм гъуэмылэрэ хьэкъуртрэ иралъхьэрт, пӀастэ япщэфӀырт, кхъуей ягъэгъурт.

Санэ гуэгуэныр къищтауэ псыхьэ щыкӀуэм зригъэхьэлӀэри, Къубатий, зыми зыкъримыгъэлъагъуу пщӀантӀэр зэпиупщӀащ, псымкӀэ дыхьэри, къуэгъэнапӀэм къуэкӀа абрэджу, хъыджэбзым и пащхьэм къихутащ.

— Умышынэ, ар сэращ!

— Сышынэххэркъым.

— Сэр щхьэкIэ ушынэркъэ? Дэ дыздэкIуэнур фIыуэ уощIэ.
— СощIэр.
— Ауэ аракъым сэ сызыщIэупщIар.
— ЗыкIи укъызэмыупщIамэ нэхъыфIт.
— Сыт щхьэкIэ?
— Уи адэм еупщI...
— КъызгурыIуащ. Дауи, сеупщIынщ. Хъарзынэщ, псори фIыуэ, тэмэму щызэфIэкIым деж. Ауэ мыр хьэкъыу зыпхыгъэкI, абы сыт хуэдэу унафэ имыщIми, сэ сызэрыхуейуэ сщIынущ.
— АтIэ си жэуапыр зыхуэдэм ухуейкъэ?
— Уэ езыращ жэуап къызэзытын зымыдар. Иджы...
— Иджыпстукъым, къэбгъэзэжа нэужьщ.
— Сэ Iэмал имыIэу къэзгъэзэжынщ. Ухуей къэзгъэзэжыну? — Санэ дыхьэшхащ:
— Сэ угъурсыз напэншэ гуэру, хьэмэрэ сурибийуэ щхьэ къыпщыхъурэ, зауэм ухэкIуэдэну сфIэфIын хуэдэу!
Къубатий дыхьэшхащ, ауэ абы и дыхьэшхыр дыхьэгът.
— Сэ зэхэсхыну сызыпэплъар а псалъэхэр армырами, абыхэм папщIэ алыхьым и нэфI къыпщыхуэ!
— Алыхьым удэмыджэгу! Гуэныхь къэпхьынщ!
— Санэ, къызэдаIуэт...
— Хьэуэ, Къубатий, уэ цIыхухъухэм уахыхьэжын хуейщ. КIуэ. Сэри псы къизгъэхъуэнщи...
— Къэзгъэзэжмэ сыт къызжепIэнур?
— Плъэгъуа ар зэрыбзаджэ! Къэбгъэзэжа нэужь къэпщIэнщ! Уэ иджыри уи адэм къуищIылIэну зауэм ухэтыну къыппэщылъщ. Ар тэтэр зауэм нэхърэ нэхъ гуащIэIуэу къыщIэкIынщ.
— СыкъикIуэтынкъым,— ерыщу, и дзэхэр зэтрикъузэу жиIащ Къубатий.
— АтIэ, мис абы иужькIэ деплъынщ. Иджы кIуэ. КуэдыIуэрэ дыщытащ ди закъуэу... Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым:

Нахуэу пщIэну ущIэукIытэр.

Щэхуу зэи умыщIэ.

— Сэ сыIуокIыж,— нэщхъейуэ жиIащ Къубатий.— IужькIэ дызэпсэлъэну къыдэхъулIэжыну къыщIэкIынкъым. Дэ нэху мыщу ди шы-уанэ зэтетлъхьэнущ.

* * *

Дзэм и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху махуэ ныкъуэ гъуэгуанэ хуэдиз дэлъыну зиукъуэдияуэ, Къаплъэн-Джэрий и зауэлI мин щэщIым Кавказ Ищхъэрэм и бгы лъапэхэм я гъуэгу Iузэхэм сабэр къыщаIэтырт. Абыхэм къаIущIэр цIыхуншэ жылэхэрт. Абы игъэгубжьа, зэрыщыгугъауэ зи Iуэху къыщIимыдза тэтэрхэм лъапсэ нэщIхэр ягъэсырт, Iэщ кIэрутIыпщ нэхъ мыхъуми къалъыхъуэу Iэшэлъашэхэр къызэхаущыхьырт, ауэ къаIэрыхьэ щIагъуэ щыIэтэкъым. Къагъуэтын дэнэ къэна, езыхэр щыхэкIуадэр нэхъыбэт: дзэ нэхъыщхьэм къыкIэрыхуа гупхэм мэз Iувхэм къащытеуэрт шэрджэс шухэр. Ахэр уафэхъуэпскIыу къатеуэрти гъуэбжэгъуэщу бзэхыжхэрт.

ЗауэлI минхэр зыхэт зэхэуэ гуащIэхэри къэхъурт. Тэтэрхэм хэщIыныгъэшхуэ яхьырт, адыгэхэр пIалъэкIэ икIуэтырт, я къарур яхъумэу.

Дэтхэнэ зы тэтэр шуми зы шы Iэдэж здишэрт. Ар къуентхъхэмрэ къихъунщIэнухэмрэ хуигъэхьэзырауэ арат. Тэтэр лъэсыдзэм цIыхуипщI къэс хуэзэу зы шыгушхуэ щIыгъут, шы лъэрызехьэ тIурытI щIэщIауэ: ари къахъунщIэнухэр ирашэн щхьэкIэт. Кърымхэр «Мыщафэ Iэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ» псалъэжьым зэрыщымыгъуазэр хьэкът...

Зэхэуэ нэхъыщхьэ дыдэм и пэ къихуэу загъэпсэхун папщIэ Балъкъ Iуфэ къыщыувыIахэщ. Къэплъэн-Джэрий дыщэпскIэ гъэщIэрэщIа и шэтырыр игъэувакIэу къэна дзэри псы Iуфэм къэсыным ежьэрт. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуат зэрыпхъуакIуэ къомым, зэрыгъэкIийуэ, дыхьэшхыу, хъуанэурэ, нэху зэрагъэщынум зыхуагъэхьэзырын щыщIадзам. ХъупIэ нэкIухэм, Iуащхьэ зэхуакухэм, мэз хуейхэм Iугъуейр къызыхиху мафIэ мин бжыгъэхэр щащIащ. ЗэрыпхъуакIуэхэм я щыгъыным бамейр къыхихырт: тэтэрхэм я щIыфи я щыгъыни псы, уэшхыпс къиищынэмыщIауэ лъэIэсыртэкъым. А уэшхыпсри щалъэIэсыр уэшхым къригъэжьа иужь къуэдзапIэ къащыхуэмыгъуэтым дежт.

Хъаным и IупэфIэгъухэм я шэтырым пэгъунэгъуу щыму щыст Алыджыкъуэ ЦIащхьэ. Ар зэшырт. Алыджыкъуэ зыщыгугъа пщIэмрэ щIыхьымрэ иджыри къыздэсым къримхэм я деж щызэригъэгъуэтыфакъым. Къубатий щIэпхъуэжу хъаным и кхъухьым къыщыхъуа зэрызехьэм иужькIэ Къаплъэн-Джэрий щыгъупщэжа хуэдэт езым къыхуэпэж къэбэрдеипщыр дунейм зэрытетыр. Хъаныр нэбгъузкIэ нэхъ мыхъуми пщым къыхуеплъэкIакъым, зы псалъэ къыжриIэну и щхьэ хуигъэфэщакъым. А жэщ угъурсызым,

апхуэдизу шынагъуэм игъэгузэва хъаным игъэкъуаншэр Щоджэныкъуэр арауэ пIэрэ?

Пщыр щIэчэ имыIэу щIогупсыс кърым тетым и нэфI зэрихьэжыным. ЗылъэкI гуэрхэр къигъэIуларэ, ахэр здигъэIэпыкъуурэ хъаным зыпищIамэ хъуну пIэрэт?

Ауэ и «ныбжьэгъужь» Алигот щIыщыгугъын лъэпкъ щыIэкъым. Абы езым и щхьэр ерагъкIэ кърикъэла къудейщи, блэ зэуар аркъэным щощтэ жыхуаIэм хуэдэщ. Абы къищынэмыщIауи сераскирым Алыджыкъуэ гужьгъэжь къыхуиIэщ: Хьэтэжыкъуэ и щIалэр сераскирым езым и гъэру икIи зэрыхуейм хуэдэу абы унафэ трищIыхьыну зыкъилъытэжат, ауэ Алыджыкъуэ абы апхуэдизкIэ къебзэджэкIати, сераскирри къигъапцIэри езыр зэрыхуейм хуэдэу гъэрыр хъаным и Iэмыщ!Iэ ирилъхьат. Абы и закъуэ! Рум жыр джанэр къызэрыIэрымыхьамкIи хэт къуаншэр? Алыджыкъуэщ! А былымыр аргуэру зэгуоп и адэжь щIэин фIадыгъуа хуэдэ. Лы Iыхьэ хукъуагъэплъу зыфIагъэпщкIужа хьэжь мэжэлIауэ фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым. Ауэ а пэщэ щхьэдыкъыр сыт хуэдэу зэхэзежэнт жыр джанэ цIэрыIуэр гъунэгъу дыдэу, лъэбакъуэ зытхухкIэ нэхъ япэмыжыжьэу Щоджэныкъуэ и шэтыр къызэрыгуэкIым, пэбжьауэу Зэриф здэщысым деж щылъу ищIамэ! Алыджыкъуэ пыгуфIыкIри «нэхунэм» хуеплъэкIащ, модрейми пщым и плъэкIэм гу къылъитэри, папщэурэ зригъэзэкIащ.

Щоджэныкъуэми лъэныкъуэкIэ зигъазэри набдзэгубдзаплъэу Балъкъ и адрыщI Iуфэр къызэхиплъыхьу хуежьащ. ПсыщхьэмкIэ дыгъэр щетIысэх дыдэм деж хуэзэу Iуащхьэмахуэ и щыгуитIри IупщIу щыплъагъу хабзэт. Ауэ ахэр иджыпсту пшэм щIауфат. Нэхъ ищхъэрэIуэкIэ къыщегъэжьауэ къехырт псыхъуэр, щIыпIэм щыпсэухэм Балъкъ зыфIащар (нэхъ иужьыIуэкIэ абы, урысхэм я Iэужьыншэ хъуакъым ар, Малкэ фIащащ). Алыджыкъуэ здэщыт дыдэм къыхуэзэу псы адрыщIым уэхышхуэ иIэт, псы Iуфэ ижь лъагэр зэпигъэщхьэхукIыу. Псы зэпрыкIыпIэм къыхуэзанщIэу джабэм нэшэкъашэу дэкIырт мывалъэ гъуэгу Iузэр. АдэкIэ куэд пкIужын хуейтэкъым пщым и щIыналъэхэм унэсын щхьэкIэ. Абы игу къэкIыжащ хы адрыщI кърахa жыр джанэр и адэшхуэм и адэжым и унэм къызэрыщыхутам теухуа лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбарыр. Iэщэ-фащэ щIыным хуэIэпщIэлъапщIэм и Iэдакъэ щIэкI хьэпшып гъуэзэджэр аргуэру пщэдей пщэдджыжь Къэбэрдейм къыщыхутэжынущ. Илъэс щитI нэблагъэкIэ япэкIи хуэдэу...

Жыр джанэм щещакIуэм иджыри къэс Алыджыкъуэ зы мурад закъуэщ иIар — ар зыIэригъэхьэу, хъаным сау-

гъэт папщIэу иритыну икIи кърым тетым и нэфI игъащIэкIэ къилэжьыну. Iуэхур апхуэдэу кърихьэкIыфамэ, Алыджыкъуэ фейдэшхуэ, иджыри къэс зы адыгэпщи зыщIэмыхъуэпсыфа фейдэшхуэ, иIэнут. Нэхъыщхьэращи, тетыгъуэр иубыдыфынут. Мис итIанэ Алыджыкъуэ яригъэлъагъунт! (Ауэ езы пщым иджыпсту ищIэркъым яригъэлъагъунури зэрыригъэлъагъуну щIыкIэри).

Апхуэдизрэ зыхуэпэбгъа мурадыр къехъулIэным къэнэжа щIагъуэ щыIэ хуэдэтэкъым. Жыр джанэр Щоджэныкъуэ и IэмыщIэ илъщ. (Кургъуокъуэ и унэм щекIуэкIыну гуфIэгъуэм теухуа псори къихута иужь, тенджыз Iуфэм пщIэкIэ къыщищта хьэкIэпычхэм дыгъуэгъуакIуэн Iуэхухэм бэлыхьу хащIыкIырт). Арати, зэ еплъыгъуэкIэ зыри зэран хъу хуэдэтэкъым. Ауэ зы лъэпощхьэпо гугъу щыIэт. А лъэпощхьэпори... езы Щоджэныкъуэрт. Щоджэныкъуэм жыр джанэр игу пыкIыртэкъым! Ар шэми шхуми исырт: абы и псэм жынитI щызэныкъуэкъурт, ауэ а жынхэр, зэрыхабзэу, зыр хужьтэкъым, захуагъэм и телъхьэу, адрейри бзаджагъэр зи саулыкъу жын фIыцIэтэкъым, атIэ тIури фIыцIэт, зыр нэхъ губзыгъэIуэу, адрейр нэхъ нэпсейуэ. «Жыр джанэр хъаным ет, ущIегъуэжынкъым»,— къыхигъэзыхьырт зым. «Сыхуейкъым,— зытригъыхьэртэкъым етIуанэм.— Апхуэдиз и уасэ хьэпшыпыр схуетынукъым!» «И уасэкIэ сыт и мыхьэнэ? Бэлыхьу дэпшэчынур-щэ!» — «Нэхъ фейдэ пылъу къызэрызгъэсэбэпын Iэмал къэзгъуэтынкIэ хъунщ...» — «Къэбгъуэтынукъым. Умыделэ. Хъаныр ифI къызэрипшэжын щхьэусыгъуэ мащIэ щIауэ къэплъыхъуэрэ, хъуным яшхыжын хъаным!» — «Жыр джанэм сыщыIуплъэкIэ, хьэщыкъ сещI! Насып къысхуихьмэ-щэ?» — «Къихынущ насып, Къаплъэн енту щытмэ».— «СщIэркъым, сщIэркъым...»

* * *

Зи кIуэцIыр мыкIыфI-мынэху шэтырым Къаплъэн-Джэрий нэмэз щищIри щэIуурэ нэмэзлыкъым къытекIыжащ икIи шэтырыбжэр Iуахыну унафэ ищIащ. Махуэ ужьыхым и нэху фагъуэмрэ щIыхьэпIэм деж щащIа мафIэшхуитIым я бзий нурхэмрэ шэтырым къыщIидзащ. Псыхъуэм акъужь щIыIэ къыдихурти, хъаным и тырку халатым и кIапэхэр нэхъ быдэу зыщIиупщIащ. Дарий щхьэнтэхэр зэрылъ зекIуэ гъуэлъыпIэм итIысхьэурэ, абы и Iэр мащIэу ищIащ. Асыхьэтым хъаным и пащхьэ нэхум къихутэу щIадзащ и IупэфIэгъухэр. Абыхэм сакъыу заIыгът. Я дамэхэр ешэхащ, я ныбэр иуэжащ, я плъэкIэм зыри къыбжаIэркъым —

жыIэдэIуагъэмрэ щэныфIагъэмрэ я нэщэнэ нэсхэщ! Я цIэрыIуагърэ къулыкъурэ елъытауэ шэтыр джабэм етIысэкIахэщ. Ауэ шэтырыкум хэтIа пкъом адэкIэ зыри фIэкIакъым. АдэIуэкIэ къыщытт, Асканием и цIыхубз мывэ сын гъэжахэм хуэдэу, хъаныр зыхъумэхэр. Макъ ешакIэ Къаплъэн-Джэрий жиIащ Кърымым текIуэныгъэ тынш къыхуихьыну, ислъамым и щIыхь щIэрыщIэм папщIэ Къэбэрдей пагэр ехъулIэныгъэкIэ яхъунщIэну, дэтхэнэ зы зауэлIми къуентхъ къулей иIэну алыхьым зэрелъэIуар. Шэтырым щIэсхэм къыпыгуфIыкIыу Iэуэлъауэ мащIэ къаIэтащ мазэ пэлъытэ хъаным и Iущагъ мыужьыхымрэ и берычэтагъымрэ фэрыщIу ягъэщIагъуэу.

Алигот-пэщэ хуэмышыIэу къэпсэлъащ:

— Хъан иным и текIуэныгъэм шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым! Алыхьым и нэфI зыщыхуа и Iэр модрей псы Iуфэм зэрызэпришиикIыу...

— Адыгэпщым ди Алигот, «лIыхъужьыр» зэрыпэщIэтам хуэдэу,— ар щысхьыншэу ауан ищIу къэпсэлъащ хъаныр.— Алигот лIыхъужьыр зэрыпэщIэтам хуэдэу Хьэтэжыкъуэр къытпэщIэтмэ, шэч хэлъкъым ар гугъу лъэпкъ демыхьу зэрызэхэткъутэнум.

Алигот зызэхуишэурэ и нэр иуфIыцIащ. Хъаным и IупэфIэгъухэр, я IэгумкIэ я жьэр IуапIэурэ, щэху цIыкIуу зэщыдыхьэшхыкIахэщ.

И псалъэ шэрыуэхэр и IупэфIэгъухэм я гум нэсу дыхьэху пэплъэри, Къаплъэн-Джэрий Iуэхум тепсэлъыхьын щIидзащ:

— Дэ дзэшхуэ диIэщ, ди Iэщэ-фащэр фIыщ, ауэ дэ Iэмал имыIэу зэдгъэщIэн хуейщ дэ къытпэувыну къарур зыхуэдизыр, къыщытпэувыну щIыпIэр.

Хъаным и дзэзешэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы къалгъэ БетIал-пэщэ жиIащ шэрджэсхэм я дзэр зэрыхъур щIыпIэщIыпIэхэм щызэбгрыдза шуудзэ гупхэмрэ къызэрыгуэкI цIыхухэм къыхаша гупхэмрэ арауэ. КъызэрыгуэкI цIыхухэр щхьэж игъуэткIэ зэщIэузэдауэ аращ. ТIасхъэщIэххэм къызэрахутамкIэ, мыбдеж ущыту тыншу плъагъу бгым — мес а бгым и джабэу псым нэхъ къыпэгъунэгъур щIыпIэщIыпIэхэм щыхупIэурэ аузым къыщхьэщогъуалъхьэ — мис а бгым и лъапэ мэзым цIыху гуп-гуп цIыкIухэр щытщ. ЖыпIэ зэрыхъунумкIэ, кърым зауэлI лIыхъужьхэм къапэувыфыну бийм зауэлI минищ-плIы нэхъыбэ иIэкъым.

Къалгъэм, шэч хэмылъу, пцIы иупсырт. Абы ищIэрт адыгэ зауэлIхэр куэдкIэ зэрынэхъыбэр, зэрызэбгрымыдзар, фIыуэ зэрызэщIэузэдар, апхуэдэу дауи ищIэрт мы къригъэкIуэкIа къомыр хъаным и фIэщ зэрымыхъур. Ауэ а

псори зэгъэдзэкIауэ щIыжиIэр хъаным нэхъ игу зэрырихьынум хуэдэу Iуэхур хуиIуэтэну хуейти арат.

— Сыт хуэдэу щымытами, дэ абыхэм гугъу драгъэхьынущ,— къажриIащ Къаплъэн.— Фэри зэрыфщIэщи, шэрджэсхэр зауэлI хахуэхэщ, лъэрызехьэхэщ. Абыхэм псалъэжь хъарзынэ яIэщ: «Аргъуейр нэм къищтэ къудейщ, ауэ аслъэным хуэдэу лъы пщIефыкI». Пэжкъэ, Алигот?

Пэщэ тхьэмыщкIэр хэпщIыкIыу нэхъ цIыкIу хъуат. Ар иджыпсту и фIэщ дыдэу къэгузэващ: псоми кIэ игъуэтауэ пIэрэ — щIыхьми пщIэми?

Ауэ и IупэфIэгъур ириудыхыну, иужьыгуну хъаным и мурадыххэтэкъым, атIэ мащIэу игъэгузэвэн фIэфIу арат.

— Хъунщ. Умыгузавэ. Уэ иджыри пщIэи щIыхьи къэблэжьынщ. Дэнэ щыIэ а уи адыгэ ныбжьэгъур, хэтыт жыпIа зэреджэр... уи цIэм ещхь гуэрщ?

ИкIэм икIэжым хъаным игу Щоджэныкъуэр къэкIыжащ! Пщыр пэтырым къыщIыхьащ и лъакъуэхэр зэрыщIэщIэр къаримыгъэщIэну ерагъыу зиIыгъыу икIи лъахъшэу щхьэщэ ищIащ.

— ЖыIэ! — унафэ ищIащ хъаным.

«Сыт жысIэнур?» — шынагъуэр къыкIэщIэзэрыхьауэ егупсысащ Алыджыкъуэр, ауэ, дауэ щымытами, и хьилагъэм къигъэщIэхъуакъым.

— Нурыр къызыщхьэщих хъан! Мазэгъуэ жэщми мазэ нурыр зыщIэфагъукI! Уи гум ищIа мурадыфIхэмрэ уи акъыл Iущхэмрэ зыхуищIэкъухэм уи Iэр техуэну алыхьым жиIэ. Сэ си бий кIэруфIыцI Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ кърымыдзэм хэщIыныгъэшхуэ къритыфынущ, кърымыдзэм кIыхьу зызэнишмэ, зэбгрыдзауэ щытмэ, гуп-гупурэ зигуэшмэ. Адыгэхэр зэрымыщIэу ятеуэнкIэ Iэзэ дыдэхэщ. Зи щIыхьыр ин хъаным хуит сыкъищIмэ, мыпхуэдэ чэнджэщ естыну сытегушхуэнут. Зы махуи зимыIэжьэу, зэхэуэ цIыкIухэм зэмап тримыгъэкIуадэу, Кургъуокъуэ и гъуэгур зэпиупщIыну, ар къуршым примыгъэхьэну, иужькIэ мэзым къыщIихуу тафэм къытрихуэну. Iэщ минхэр ящIыгъуу къуршыщхьэмкIэ зунэтIа цIыху куэд дыдэр къэбубыдыну уэ ухунэсынщ.

— Ар уэрыншауи дощIэ,— хъаным и Iэр ищIащ, ауэ пщым гу лъимытэу къэнакъым и псалъэхэм фIыуэ къызэредэIуам, ахэр Iэмал имыIэу къызэралъытэнум.

— Псори жыпIа? — щIэупщIащ хъаныр.

Щоджэныкъуэм къыгурыIуащ — иджыпсту «атIэ» жиIэмэ, и зэран лъэпкъ къызэремыкIынур, ауэ мы псалъэмакъым фейдэ гуэри къызэрыхимыхынур. Мыбдежым жын губзыгъэр жын нэпсейм текIуащ:

— Зи щIыхьыр иным зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми си сэбэп зэрезгъэкIын къару сэ сиIэкъым, ауэ абы зауэм сэбэпышхуэ къыщыхуэхъунут мыхьэнэшхуэ зиIэ фащэ гуэр, муслъымэнхэм я щыхьэрым щытраха, алыхьым къыбгъэдэкIа псалъэхэр зытетыр...

— Сыт ар зищIысыр? — нэхъ щабэу щIэупщIащ Къаплъэн-Джэрий.

— ...Пасэрей жыр джанэр аргуэру дунейм къытехьэжащ.

Адыгэхэм кърымхэми тыркухэми шэху куэд хурагъашэ пэтми, уеблэмэ адыгэхэм я унагъуэхэм куэдрэ узыщримыхьэлIэ шэху уэздыгъэ Iэджэм шэтырыр къагъэнэхуащ.

Хъаным и нэ фэншэ нэпсей цIыкIухэр зежэрт, уэздыгъэ нурхэм къапэлыдыж жыр щхъуантIафэр и Iэгум щыщIигъэжым. Кърымым и тетым и пагагъэр зы тэлайкIэ фIэкIуэдри, ар цIыху къызэрыгуэкIым ещхь зы зэман мащIэкIэ хъуащ.

— АтIэ, зэрыжыпIэмкIэ, мыр езы Салах ад-Дин ейуэ щытащ? Чэбэм дыуэ щытращIащ, укъихъумэу къару щэху хэлъщ, ара?

Щоджэныкъуэ гуфIэу и щхьэр ищIащ. Иджы ар мы ищIа Iуэхум зэрыхущIегъуэж щIагъуэ щыIэтэкъым.

Зи щIыхьыр иным жыр джанэр зыщитIагъэри зригъэпщащ. Ар тIэкIу хуэиныфэт, ауэ БетIал-пэщэ зэрыжиIэмкIэ, жыр джанэр щIагъщIэлъу тIу щыптIагъэм — щIагъщIэлъ папщIэу адыгэ тэджэлейр езэгъынут — фащэр хъаным хуэфIыпсынущ.

— Сыт мыбы хьэрыпыбзэкIэ тетхар? — зыкъыхуигъэзащ хъаным Щоджэныкъуэм.

Пщым жиIащ ар зэримыщIэр, сыту жыпIэмэ ар «адыгэ тхьэмыщкIэщ» икIи хьэрып тхыгъэм хэмызагъэ дэнэ къэна, зы тхыгъэ гуэри ищIэркъым. ЗэраIуатэмкIэ, КъурIэным щыщ псалъэ гуэрхэр тетхащ.

— Уи еджар дэнэ щыIэ? — хъыжьэу щIэупщIащ хъаныр, и къадым зыхуигъазэурэ.— Абы имыщIэ бзэ щымыIэу жыпIэри уи щхьэ ущытхъужауэ щытаи.

Къадыр лIыжь гъур кIыхь гуэрт. Ар хьэлъэу щэтащ:

— Си псалъэхэм ди мазэ нур пэлъытэр къигъэгубжьми абы зыщIыхуэзгъэгусэн щыIэкъым. Сэ езым а си псэр гуауэм ехуз, си гур губжьым къегъэплъ: а гуэныхьым и къуэрылъхуу шыд вейм къилъхуар жэщ кIуам гашиш куэдыIуэ ефэри зэрымыщIэкIэ мафIэ ужьыхыжым пэрылъ дэпым хэхуащ. Алыхьым иужэгъуам и нэкIур мафIэм зэхисыхьащи, зыри имыщIэжу хэлъщ.

— ЗыкъищIэжым щIопщкIэ фубэрэжь,— къыфIэмыIуэ-

хуу хъаным и Iэр ищIащ: «иджыпсту» къэгубжьыну, «ар тэмэм» пэтми, абы апхуэдэ гукъыдэж иIэтэкъым.

Жыр джанэм зыри хуэгулъытэншэтэкъым. ЗызыгъэкъулыкъущIэшхуэхэм я пщэ пшэрхэр зэрахулъэкIкIэ хашурэ абы хуеплъэкIырт, зэIущащэхэрт, уеблэмэ ину темыпсэлъыхьын яхузэфIэкIыртэкъым. Аслъэн сурэтыр къызытещ, дыщэ щIыIунэхэр зэта жырым пэж дыдэуи пхулъэмыкIыу узыIэпишэрт, абы къару щэху гуэр хэлът!

Алигот-пэщэ и закъуэт зыри жызымыIэр. Вым хуэдэу зызэригъэпщхьауэ ар зэзэмызэ пэбжьауэу, Щоджэныкъуэм хуеплъэкIырт.

* * *

Алыджыкъуэпщыр хъан шэтырым къыщыщIэкIыжам пщIэнтIэпсыр ирикъуэкIырт, ауэ насыпыфIэт. Абы иIыгът уагъэкIэ къэщIыхьа бохъшэ дыщэ ахъшэ зэрызыр. И тхьэкIумэм макъамэ гурыхьу итт «Алыджыкъуэ-пэщэ (пщым и цIэр хъаным фIы дыдэу ищIэжу къыщIэкIащ) и Iуэху дяпэкIэ зэрыхъуным егупсысыну» къызэригъэгугъар.

Зыгуэрым и Iэпкълъэпкъ хьэлъэр кIыфIым къыхэкIри Щоджэныкъуэм къыпэуващ. Абы къызэхихащ губжьым игъэкIэзыз макъ тхъунщIар.

— Дэнэ къыздипхар? Сыт щIубзыщIар?! — зилыгъуэжырт Алигот.

— Сэ хъаным щызбзыщIакъым...

— Дэ тIуми дызэгъусэу... Дэ абы щыгъу... ар... зэгъусэу къэтлъэгъуащ! Ар тIуми дызэгъусэу хъаным еттын хуеящ. Дызэгъусэу!

— Е, нэхъыфIыжырати, зи щIыхьыр ин пэщэм и закъуэу. Аракъэ? — Щоджэныкъуэ ауанышIу щхьэщэ ищIри кIыфIым хыхьэжащ.

Абы Алигот зэхэмыщIыкIыгъуэ гуэр къыкIэлъэнутIыпщащ. Пщым къызэрыфIэщIамкIэ, дыгъужь щхьэцIакIэкIэ къещауэ арат.

«УмыпIащIэ, умыпIащIэ,— егупсысырт Щоджэныкъуэр,— уигу къэзгъэкIыжынщ сэ ар зэ мыхъуми зэ, кхъуэжьынэ! Иджы ухуеймэ, узэгуэудыху узэгуэпыну ухуитщ».

Нэхущым и пэ къиихуэу пэгункIэ кърaкIыхым хуэдэу уэшхышхуэ къешхащ. Дзэр зэрыщыту IэпапIэ къыхэмынэж жыхуаIэм хуэдэу нуфэнщIат.

Псыр къиуат. Дыгъуасэ псы уэрым къыхэпIиикIыу щыта мывэ хьэдзэжьхэр псы утхъуам щIиIубат. Пэмыплъауэ къуршыщхьэмкIэ кърихуа жьы щIыIэми уигъэгуфIэртэкъым.

ЗэрыпхъуакӀуэхэр хуэму, зэман куэдкӀэ заӀэжьэурэ псым зэпрыкӀырт. Псы утхъуам хэтӀысхьа шэрхъхэр мывэ зэхуакухэм дэнэрт, шыхэм лъэ фӀэгъэнапӀэ ягъуэтыртэкъым, шыгу хьэлъэхэр ирачыфыртэкъым. Шухэр нэхъ тыншу зэпрыкӀырт псым, ауэ ахэри псы толъкъун къэукъубиям ирихьэжьэрт. Балъкъ ӷубжьам псы тепхъэм трихыурэ архъуанэм иридзэри мащӀэтэкъым; цӀыхухэри шыхэри зэхэзэрыхьыжауэ, щӀигъэмбрыуэ къыщӀигъэмбрыукӀыжу «зэресыхыр» щӀэх-щӀэхыурэ плъагъурт.

Гу Ӏэджи щхьэпридзащ, зэхэкъутащ. Ӏэпслъэпсыр зэпаупщӀыну хунэмысмэ шыхэри здыщӀилъафэрт.

Кърымхэм ших зыщӀэщӀа топ хьэлъэжь гуэри зыдалъэфырт. Ар сулътӀан гуэрым саугъэту хъан гуэрым къритыгъат. Мыпхуэдэ зауэм топым мыхьэнэ гуэри щиӀэтэкъым: Къаплъэн ар къыщӀыздрилъэфэкӀыр бийр иригъэшынэн, апхуэдэу езым и пащтыхьыгъуэр иригъэинын папщӀэу къыщӀэкӀынут.

Шэджагъуэнэужьым ирихьэлӀэу дзэм и нэхъыбапӀэр псым зэпрыкӀа иужь, хъанымрэ и блыгущӀэтхэмрэ зэпрашащ. УпщӀэрэ алэрыбгъукӀэ бгъа гум, топыжьми ещхьу, ших щӀэщӀат. Апхуэдэуи нукер Ӏэчлъэчыжьийм шэрхъхэм зыщӀагъакъуэрт. Хъаныр и Ӏэпкълъэпкъ дэсысу ину хьэкӀэрт.

Псы адрыщӀ зэпрыкӀа иужь дзэр джабэм дэкӀащ икӀи Балъкъ аузым къыщхьэщыхьэ бгым и шытхыр иуфэбгъуащ.

Псым и адрыщӀым къыпыхьэ шытхым адэкӀэ джабэ нэкӀум мэз Ӏувыжьым ухуишэрт.

Дзэр зэрыщыту Балъкъ и ижьырабгъу лъэныкъуэм пщыхьэщхьэм зэпрыкӀащ.

*«ЩӀыӀубым къритхъуа Ӏуащхьэм выгу зэригъэуфэрэнкӀым» гу лъызыта адыгэ мэкъумэшыщӀэхэм я псалъэр зыщызыгъэгъупщэжхэм ар ягу къэзыгъэкӀыж*

*ЕПЩЫКӀУХАНЭ ХЪЫБАР*

Бгы задэ лъапэм декӀуэкӀ тафэшхуэм и ищхъэрабгъум тет чыцэ Ӏувым хэс Тутыкъу цӀыкӀурэ абы и ныбжьэгъу лӀы гъумыщӀэжь Шотрэ кӀэлъыплъырт тӀэкӀу хуэегъэзыхыгъуэ джабэм и ипщэ лъэныкъуэмкӀэ кърымыдзэр зэрыщызэхуэсым. ЗауэлӀиплӀым я нэхъыжь, жыыбгъэм ипхъэха зи нэкӀум уӀэгъэхэр къытещ, зи пэбгыр хэпщӀыкӀыу лъэныкъуэкӀэ ешэкӀа, куэд зи нэгу щӀэкӀа,

илъэс хыщIым ит лIым гъущI зытебза пхъэ мэIу хъурей, урыс фоч дыкъуакъуэ иIыгът, гъущI пыIэ щхьэрыгът. Зи ныбжь хэкIуэта зауэлIым и Iэщэ псори я «ныбжькIэ» езы зауэлIым дэнэ къэна, абы и адэшхуэм нэхърэ нэхъыжь хъунт. Иджыри зи пащIэ къэмыкIа, зауэлI хэкIуэтам и къуэшым и къуэрылъху щIалэщIэм зи пэр папцIэу пылъыкIа бжы кIэщI иIыгът. Тутыкъу шабзэшхуэрэ сэшхуэрэ IэщIэлът. Шот езым нэхъ езэгъыну Iэщэ къищтат — зи пэ хъурейм гъущI папцIэхэр хэукIа токъумакъ.

Шот зэрыжиIэмкIэ, мыбы щыIэ мэлыхъуэхэм я гъащIэм мэлу ямылъэгъуам хуэдиз цIыху бгыщхьэм щызэхуэсырт.

— КъокIуэхэри къокIуэхэр,— жиIащ Шот.— Къущхьэхъу дэкIыгъуэу мэл хъушэхэр зэкIэлъхьэужьу кIэ имыIэу блаху фIэкI пщIэнкъым.

— Ауэ мыбыхэм я дзэпкъым хуэдэ зиIэ мэл зэи къэхъуакъым,— нэщхъ зэхэукIауэ къэпсэлъащ зауэлI хэкIуэтар.

— КуэдыIуэ мэхъу, икъукIэ куэдыIуэщ,— Шот нэщхъейуэ и щхьэр игъэкIэрахъуэрт.— Дыкъызэтракъутэнщ.

Тутыкъу ауанышIу къыпыдыхьэшхыкIащ:

— Уэ, тIыкIуэ, псы икIыпIэм унэмысу уи кIэр умыIэт!

ЗауэлI хэкIуэтар и ныбжьэгъу ныбжьыщIэм хуэпагэ щIыкIэу къыхуеплъыхащ:

— Суншэлей и къуэрылъху, Муцал и къуэ Къасболэт сэрэ а тэтэрхэр щызэхэткъутам фэ фыкъалъхуну фи анэхэм я пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым. Тэн * деж щызэхэткъутащ, ар жэщ хъуху шыжьэрутIыпщу ужами зы жыг цIыкIу нэхъ мыхъуми ущыхуэмызэ тургъут тафэхэм, тыркухэм дэрэ дыщызэпэщIэуващ, Iузэв и блынхэми, Украин псышхуэм и Iуфэми. ИкIи сыт щыгъуи къэмхэр дэ нэхърэ нэхъыбэу къыщIэкIырт, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу дэ ахэр бгъэм ифыщIа адэжынэу зэхэтчатхъэрт, ди лIыгъэр жыжьэ дгъэIуу. Къасболэт тхьэмыщкIэ мыгъуэм фIыуэ сыкъилъагъурт — езым и адэшхуэм хуэдэу СуншэлейкIэ къызэрызэджэм папщIи, Iэпщэрыбанэ зэхэуэхэм тIэкIу сыкъыщыхэлIыфIыкIыну зэзэмызэ къызэрысхуихуам щхьэкIи. Аращ-тIэ... Ауэ мис мыбыхэм,— къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу бийм дежкIэ и щхьэр ищIащ,— псы икIыпIэм дащыIущIэн хуеящ. Апхуэдэу тщIамэ, абыхэм фIыуэ ялъагъу я Iэмалыр къахуэгъэсэбэ-

---

* Т э н — адыгэхэр Дон псым зэреджэрщ.

пынутэкъым — кIыхьу заубгъурэ зэрыщыту къыптезэрыгуэу. Тафэ хуитырщ абыхэм я шуудзэр щызэуэфыр. АращтIэ... Лъэпщ и гъущI лъакъуэмкIэ тхьэ сIуэнщ, псы Iуфэм, псы Iуфэ бгъузэм деж, дащыIущIэн хуеяуэ!

— Пэжщ жыпIэр, Суншэлей! — акъылэгъу хъуащ Шот.— Абдежым дащыIущIамэ, Балъкъ плъыжьыфэ мащIэ щIэдгъэлъэдэнт. Хъуакъым, бетэмал, дыкъэсыфакъым. Кургъуокъуэ иджыпсту мэзым щIэсщ, къэгубжьарэ и нэм щIыр имылъагъужу: ар щеджам языныкъуэ пщыхэр къызэрепIэщIэкIышхуаи, дзэуэ къашар зэрыкуэдыщи щыIэкъым.

— Абыхэм ящыщ зыгуэрхэр иджыпсту яфIэфIыжьу хъаным и унафэ щIэувэнт! — къахэпсэлъыхьащ зи пащIэ къэмыкIа щIалэщIэри.

Суншэлей ар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ и набдзэ тхъуа Iувхэр дридзеящ:

— Ей, Джэджьейр къэкъащ — тхьэмыщкIагъэ фыпэплъэ! Уи бзэ узэрыхуимытыжыр мы зэкIэ пхузогъэгъу, БышкIэ.— ИтIанэ Шотрэ Тутыкъурэ захуигъэзащ:

— ЗэрыпIейтейращ ар. Япэ дыдэу зауэм Iухьэнущ. Зыри щемыупщIакIэ, и бзэр иIыгъыжын хуеящ, ауэ, уегупсысмэ, пэжщ абы жиIар...

БышкIэ и мызакъуэу, псори зы тэлайкIэ щымащ, тэтэрхэм я зэхуэсыпIэмкIэ плъэуэрэ.

Бгыщхьэ нэхъ лъагэхэм зрашыхьэкIауэ уэшхзехьэ пшэжьхэр упщIащхъуэ бацэ хуэдэ къуршхэм къафIэлът. Жьы къепщэртэкъым, ауэ хьэуа псыIэм къупщхьэм нэсу зызэпхидзырт. ЗауэлIхэм къащыхъурт дуней псор хэкIыпIэ зымыгъуэтыж гупсысэ нэщхъейм, гупсысэ хьэлъэм зэщIиубыдауэ икIи лIэщIыгъуэхэм ягъэкIэрэхъуэжу пасэ зэман жыжьэм — Пакъуэ тхьэ щхьэзыфIэфIым цIыхухэм мафIэ къахуэзыхьыжыну мурад зыщIа Нэсрэн ЖьакIэ Iущыр, лIыгъэ зыхэлъыр Iуащхьэмахуэ уэсылъэм и къыр екIуэлIапIэншэхэм ящыщ зым щрипхам ягъэзэжауэ. Мылымрэ мывэмрэ зэщIаIулIауэ, зи дамэ абрагъуэхэмкIэ дуней нэхур щIэзыхъумэ бгъэ бзаджэжьым и тхьэмщIыгъур къиуIуу Нэсрэн ЖьакIэ иджыри абдежым кIэрыт хуэдэу къащыхъурт. ЕтIуанэ лIыхъужьым — Батэрэз — иджыри бгъэр иукIакъым, нартхэм я тхьэмадэ Нэсрэн ЖьакIэ хуит къищIыжакъым икIи насып къэзыхь мафIэр иджыри цIыхухэм я жьэгу упщIыIужамрэ я псэ нэщхъейхэмрэ куэдрэ къыщызэщIэнэжынукъым.

— МафIэ ящIыркъым,— жиIащ Тутыкъу щэхуу.

— Апхуэдэ уэшхымрэ псым къанэ щымыIэу зэрызыхагъэпскIыхьамрэ и ужькIэ мафIэ зэращIын гъущэ гуэр дэ-

нэ къыздребгъэхынур? — гу лъитащ Шот.— Мыбы мэкъуу щыIар зы къэмынэу дыгъуасэ мэзым щIэтлъэфащ...

— ТхьэмыщкIэжьхэ! Е замыгъэгъущыжыфыну, е лэпс пщтыр тIэкIу къыщIамыгъэвыкIыфыну, е я шы бацэжь цIыкIухэм иратын мэкъу Iэгуэ ямыгъуэтыну.

— Феплъыт, пщыIэхэр ягъэув. Мес зы гупи, къуалэбзум хуэдэу загъэубэлэцауэ,— Шот и ныбжьэгъум и шабзэмкIэ еплъэкIри щэтащ.— ЖыжьэIуэщ. Лъэбакъуищэурэ тху дэлъынщ...

* * *

Тэтэрхэм яубыда хъупIэ нэкIум Iуву къыкIэщIэувэ, лIэщIыгъуэ зи ныбжь жыгеижьхэм я щIагъымрэ мэз хуейхэмрэ къыщызэхуэсырт Iэщэ зыIыгъыфынухэмрэ адыгэлIу зызыбжыжхэмрэ. Кхъуэщыным къиж псыр фалъэм япэ щIыкIэ уэру, итIанэ псыгъуэ цIыкIуу, нужькIэ ткIуэпс зырызурэ зэрилъадэм хуэдэу, мэзыр нышэдибэ лъандэм яуфэбгъурт щалъхуа щIыналъэм и хъумакIуэхэм. Лъэсыдзэр тIэкIу нэхъ мащIэт шуудзэм нэхърэ. Псори цIыху миний хуэдиз къызэхуэсащ. Абыхэм хьэпшып къелъэфэкIын лей зэрылъ, гу, уеблэмэ, хьэлъэ зытепха шы ящIыгъутэкъым.

МэкъумэшыщIэ нэхъ тхьэмыщкIэ дыдэхэм ящыц зауэлI къызэрыгуэкIхэм я хьэпшып тIэкIур — щIакIуэр, гъуэмылэ зэрылъ хъуржыныр, язынык ъуэхэм пхъэ гъэсын IэплIэр — теплъхьэр зи хьэлъэ шыд угъурсызхэмкIэ къашат.

Сыт щыгъуи нэщхъыфIэ Хьэнэф, иджы дыдэ пщы Кургъуокъуэ зи хьэщIам, и шыдым мэкъу Iэгуэ хуигъэтIылъурэ жиIэрт:

— Шхы, шхы, си щхъуэ цIыкIу! ЩыблэкIкIэ ауанычIу къыпхуеплъэкIыурэ я пэ лъэпкъыфIхэр щызубыдыкIыж уэркъ зызыгъэкъхэм щхьэкIэ умыгузавэ. Абыхэм, пщIэрэ, я пэр зэрегъалъэ уи шыдыц пщIэнтIамрэ си гуэншэрыкъ уцIынамрэ. Ауэ уэ укъимыкIуэт! А уэркъхэмрэ абыхэм яшхэмрэ хуэдэ дыдэу дэри пэкIэ псы дефэркъым.

Хьэнэф и къуажэгъухэу, Хьэбалэ мыгъуэм и щIалэхэу Хьэзешэ, ХьэкIашэ, Хьэшыр, Хьэнащхъуэ зэкъуэшиплIыр Хьэнэф едаIуэурэ тхъэгъуэу дыхьэшхырт.

— КъывгурыIуакъэ? ЕдаIуэ, сипхъу, зэхэщIыкI, си нысэ, жыхуиIэращ!

— ЗыгурыгъаIуэ, си щхъуэ цIыкIу,— къыпищэрт Хьэнэф,— уэрэ сэрэ дыкъызэралъхурэ дыгъэр къыщыщIэкIым къыщыщIэдзауэ къухьэжыху долажьэ икIи ди щхьэм и

мызакъуэу мо уэркъ зызыгъэкъхэри допI. Ауэ щыхъукIи уэрэ сэрэ зэи ди кIэр зыдимыхуэным ди щхьэр итIуакъым, ди щхьэм хуэдмыгъэфащэри нэгъуэщIым хуэдгъэфэщакъым.

Хьэбалэ и къуэхэр зэкIуэцIычу дыхьэшхырт икIи я ныбжьэгъур нэхъри трагъэгушхуэрт (пэжу жаIэ: «псалъэ акъылыфIэр вым хуэдэщи, псалъэ делэр цIэм хуэдэщ»). А махуэм абыхэм нэгъуэщI зы нэгузыужьагъи къапэщылът, ауэ ар мыбы зыкIи ещхьтэкъым.

Адэлджэрий плъыжь, молэ еджар, зауэлI гуп цIыкIухэм ябгъэдыхьэурэ къикIухьырт, езым къызэрыфIэщIыжымкIэ, цIыхухэр ислъамым и псалъэхэмкIэ игъэгушхуэу, ауэ абы и псалъэхэр «вым» езыгъэщхьыфынур мащIэт. «IуащхьэмахуэхъандзэгутыкъыррэИндылпсыежэх цIыкIуу» щыщыта зэманым екIуэкIа зауэхэр зигу къэзыгъэкIыж лIыжьхэм а еджар къафIэIуэхутэкъым. Нартшу нэ закъуэрэ абы и абрэджхэмрэ Адэлджэрий ауан къащIу къыщыдыхьэшхащ, ар иджы зэрыуэркъщауэр икIи дэтхэнэ зы лъхукъуэлIми и щхьэ зэрыкIуэр ящIэ щхьэкIэ къафIэмыIуэхуу. (Езы Адэлджэрий псынщIэ Iейуэ щыгъупщэжат лъхукъуэлIу къызэралъхуар). УкIытэ зымыщIэхэм Адэлджэрий и къамэр иджыпсту ятригъэбзэнт, ауэ абрэджхэм запыпщIэну шынагъуэщ... Ислъамым и лэжьакIуэ емышыжыр икIэм икIэжым Хьэбалэ мыгъуэм и къуэхэмрэ абы я ныбжьэгъу Хьэнэфрэ къабгъэдыхьащ. ЩIалэхэр япэ щIыкIэ яфIэгъэщIэгъуэну едэIуащ, иужькIэ къагурымыIуэу щIэупщIэу щIадзащ:

— Мис уэ, еджа, жэнэтым псори щытелъыджэу, абы дэнэкIи псыхэм къаухъуреихьа жыг хадэхэр щыгъагъэу жоIэ. Аракъэ? — еупщIащ Хьэнэф.

— Аращ,— жеIэ Адэлджэрий.

— АтIэ къызжеIэт, ди адыгэщIым жыг хадэ щымащIэ? Хьэмэрэ псым дрикъуркъэ? Дэ псыуэ диIэмкIэ иджыри а ди жыг хадэхэм нэхърэ хуэдищэкIэ нэхъыбэ бгъэкIыфынщ, къэнари уи жыхьэнмэр ирибгъэункIыфIыну ирикъунщ!

— УвыIэ зэ, цIыху акъылыншэ! — къыпыгуфIыкIащ Адэлджэрий.— Жэнэтыр ар — уахътыншэу ущытхъэж щIыпIэщ, зыщцыбгъэпсэхущ. Ар ерыскъыгъуэ телъыджэхэмрэ хур пщащэхэмрэщ — диныр игъэпэжу напэ хужькIэ алыхьым и пащхьэм ихьэжахэм къратхэрщ! Абы гугъуехьи, лэжьыгъи, зыри щыIэкъым икIи алыхьым фIыщIэ хуэпщIу, утхъэжу ущыпсэуну аращ.

— Хьэуэ, си Адэлджэрий дыщэ! — идакъым ХьэкIашэ.— Дауэ жыпIа, хур жыпIа, а пщащэхэм сащIыгъуу си щхьэгъусэм сыкъиубыдмэ, цыкIуэкI, уеблэмэ жыгей фа-

лъэжьыр къищтэнщи... Хур пщащэр сыт, псынщIэ цIыкIущи, зыгуэру IэщIэкIынкIи хъунщ, ауэ сэ... УзижагъуэнитIым апхуэдэу сыпэщIимыгъахуэкIэ...

— Уделэщ уэ! — псоми я гъусэу дыхьэшхащ Адэлджэрий.— Жэнэтым цIыхубз ягъакIуэркъым. Джэдурэ хьэрэ зэрамыгъакIуэм хуэдэу.

— Шыхэри ягъэкIуэнукъэ? — къэгузэвауэ щIоупщIэ Хьэзешэ.

— Дэнэ къикIа шы! — Адэлджэрий игу къеуэ щIыкIэу и Iэр ищIащ.

— Сыт цIыхубзхэм апхуэдиз лей щIрахыр? — къэгубжьащ Хьэнэф.— Къэзэнокъуей щыщ Жэбагъы дэ псом нэхъри нэхъ губзыгъэщ. Абы жеIэ: «ХеищIэ тIуащIэ фымыщI, фызыр фымыгъэпуд!»

— Мухьэмэд бегъымбарым жиIар фщIарэт фэ,— молэ еджар иджы дыхьэшхыжыртэкъым.

— ЦIыхубзыр, — къикIуэтыркъым Хьэнэф,— цIыхум и анэщ, ар уэ уи анэщ, Адэлджэрий. Абы и закъуэ цIыхубзым фIыщIэу бгъэдэлъыр? КъызжеIэт, хэт къэзыгупсысар уадэр, сыджыр, Iэдэр, гъубжэр? Хъыбарыжьхэм къазэрыхэщыжымкIэ, Лъэпщ гъущI гъэплъар Iэ пцIанэкIэ иухуэрт, мывэм трилъхьэрти IэштIымкIэ иупIэщIырт. Апхуэдэуи екIуэкIащ нартхэ я гуащэ Сэтэней пхъэм къыхиIущIыкIа уадэ цIыкIурэ сыджрэ абы и кIыщым езы Лъэпщ имылъагъуу хущIидзэхун. Iэдэр-щэ? Сэтэней Лъэпщ игъэлъэгъуащ хуэжор щIыкIэу зэблэдзауэ щIым щылъ блитIыр, пхъэ папцIэ къищтэри а тIур зэкIэриIулIащ — арати, Iэдэри къагупсысащ! Ардыдэрщ лэныстэри. Уэрсэр фызыжьым и хъыбарыр пщIэжыркъэ? Гъубжэр зищIысыр зыми ищIэртэкъым а фызыжьым гъубжэм теухуа уэрэд цIыкIу щызэхилъхьам икIи мэшыр Iэ пцIанэкIэ Iуахыжырт:

Адакъэкlэу къэзгъэшри гъущI яем
Къазшырыдзэу и кIуэцIыр жьэдэсхыжмэ,
ПызгъэтIысхьэмэ и кIэм пхъэ Iэщэ,
Мис аращ жыхуаIэжыр гъубжэ.

— Аргуэру таурыхъ къызжаIэ — къэгубжьащ Адэлджэрий.— ЗэхэщIыкI лъэпкъ фиIэкъым. Фэ къуажэ пхыдзам фыдэсщ, фи хьэблэжь цIыкIум, фи пэр къыдэвмыщиикIыуи, мы дунейм зыри хэфщIыкIыркъым.

— А уи жэнэтым теухуауэ къэтщIар дрикъунщ,— жиIащ Хьэнэф.

— Ди щхьэгъусэхэр, ди шыпхъухэр, дипхъухэр ди мыгъусэу...— къэпсэлъащ Хьэзешэ.

— Ахърэтым щыIэ къэхьпэхэм уащIыгъуу уи нэгу зебгъэужьу, уи ныбэр ерыскъы IэфIкIэ пкъуурэ, абы и щIыIужми уи жьафэм тхъурымбэ къытрищIэху алыхьым фIыщIэ хуэпщIын хуейуэ...— жиIащ ХьэкIашэ.

— Мэл хъушэр пхуэзыхъумэн, уашхэгъуэр къэзыгъуэтын хьэ къудей уимыIэу, уи псэр зыгъэгуфIэн хьэ...— жиIащ Хьэнащхъуэ.

— Хьэуэ, дигу ирихьыркъым дэ апхуэдэ ахърэтыр,— жеIэ Хьэнэф.— ЩIы къэушым япэ вагъэбдзумэ къыщумылъу, нэхущым адакъэм и Iуэ макъыр зэхыумыхыу, уи сабий цIыкIум и Iэ цIыкIуитIыр къызэрыпхуишийр умылъагъуу упсэунуи?!

Адэлджэрий псынщIэу къыщылъэтыжащ икIи, и лъэр Iуихын и пэкIэ, зи гугъэр псоми хэзыхыжа цIыху ешам и макъкIэ жиIащ:

— Мы мажусий щхьэ къэбхэм псэуну къахуэнэжар ныжэбэризэрауэ къыщIэкIынкIэ хъунущ, итIани ахэр... шейтIанхэр зэгупсысыр плъагъурэ!

* * *

Лъыгъажэ зауэ къапэщытым Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ хуэдэу егупсыс, дауи, зыри яхэту къыщIэкIынтэкъым.

Ар щхьэкъэIэт имыIэу егупсысырт унафэ тэмэм къызэригъуэтынум, и къару мащIэр нэхъ тэмэму зэрызеригъэзэхуэнум, ауэ зы хъун гуэри и щхьэм къихьэртэкъым. Нэхущым ятеуэрэ мохэр зыщымыгугъауэ ягъэундэращхъуэрэ псынщIэу къикIуэтыжхэмэ... Хьэуэ, хъунукъым. Зэхэуэ гуащIэм итхьэкъуа адыгэхэм къызэрикIуэтыжын хуей унафэр зэхахынукъым, зэхахынуи хуеинукъым. ЗауэлI щIыхьым абыхэм нэгъуэщI гупсысэкIэ, езым я бгъэдыхьэкIэ хуаIэжкъ. ТекIуэныгъэ мащIэ зыIэрагъэхьэу псынщIэу къикIуэтыжыным, мэзым зыщагъэпщкIужыным икIи аргуэру ущытеуэ хъун зэманыфIым пэплъэным и пIэкIэ, зауэлI лIыхъужьхэр текIуэныгъэщIэхэм хуэпабгъэу ипэкIэ кIуэнущ, кърымхэр бжыгъэкIэ къазэрефIэкIым шэдым хуэдэу хэнэнурэ хьэлэч къащIынущ. Пэплъэурэ ящIын? ЗыгъэпщкIупIэхэм къыкъуэлъэтурэ яхэуэн? Пызыхыжар аращ. Тэтэрхэр апхуэдэу къыпхуэзэтегъэувыIэнукъым. Абыхэм гъэрхэр яубыдынкIэ, ауэ дэкIыпIэхэр кхъуэщыныщхьэм хуэдэу ягъэбыдэнкIэ хъунущ. Абы къищынэмыщIауэ, нэхъ Iеижыр аращи, Кургъуокъуэ зы IэпхъуамбэкIэ лэжьэху, адреибгъум ящIэм щымыгъуазэу екIуэкIынущ...

Иджыпсту абы и деж къыщызэхуэсащ пщы, лIакъуэлIэш цIэрыIуэхэр. Ахэр зэкIэ, езыхэм зыри къыхамылъ-

хьэу, Кургъуокъуэ и псалъэм поплъэхэр. Жыжьэу къыщыту, нэщхъыфӀэу Хьэтэжыкъуэм къоплъ Хьэнэф — Кургъуокъуэ фӀыуэ игу ириубыдащ а лӀы бэлыхьыр! Мес, мэз лъапэмкӀэ къокӀыж и къуажэгъухэр — вым хуэдэу зэрамыщӀэж Шот гушыӀэрейрэ иджырей зэпеуэхэм Къубатий хуэдэ лъэрызехьэ къыщыпэщӀэмыхуамэ жыр джанэ бэлыхьыр къэзыхьыфынкӀэ хъуну щыта Тутыкъу цӀыкӀурэ. (И къуэр адэӀуэкӀэ къыщытщ, Тузарымрэ Къэзэнокъуэмрэ я къуагъ зыкъуигъапщкӀуэу.)

Кургъуокъуэ жыг къэуам тести къэтэджри — а тӀысыпӀэ гугъусыгъум зыкъомрэ тесат, и бгыр игъэузати къэтэджат — и ценкӀэр зэригъэзэхуэжащ. Пщыхэмрэ лӀакъуэлӀэшхэмрэ я тхьэкӀумэр ягъэкӀри, ипэкӀэ зыкъашиящ.

— Си гъунэгъу! — Хьэтэжыкъуэр Шот еджащ.— Сыт уи ныбжьэгъум уэрэ гъэщӀэгъуэну къыфхуэлъэгъуар?

Ар зи гуапэ хъуа лъхукъуэлӀыр арэзыуэ къэувыӀащ.

— Дыгъэр къухьа нэужь, матэм бжьэхэр зэрыдэзым хуэдэу, кърымхэр куэдыжьу щызэрызохьэ. Ди Псыхъуэгуащэ дахэр абыхэм гушыӀэкӀейкӀэ ядэгушыӀащ: уэшхышхуэм, абы къищынэмыщӀауэ балъкъыпс щӀыӀэ зыщагъэпскӀын хуейуэ къазэрыхудэкӀам къыхэкӀыу, тэтэрхэр гъэсынышхъэ гъущэ ямыӀэу къыщӀэкӀащ икӀи мафӀэншэу, псыфу гъуэлъыжыну загъэхьэзыр. СфӀэгуэныхьэщ, псори зэуэ зы лъэныкъуэмкӀэ гъэзауэ къызэдепсыркъым, армыхъуамэ хъанри пэщэхэри зыщӀэс пщыӀэхэр зэрыщыту бгым прадзыхат, зи кӀэтӀийр зэрылъэдэн гуп!

— Ар хъарзынэт, Шот,— Кургъуокъуэ зиӀыгъыурэ мащӀэу къыпыдыхьэшхыкӀащ,— ауэ пщэдей дызыщыгугъыну диӀэр ди лӀыгъэр, ди лӀыгъэ закъуэр аращ.

— Сыт щӀэмынобэр? — щӀэупщӀащ Ачэрт Арзэмэс.

Пщым и щхьэр игъэкӀэрэхъуащ:

— Мыгувэу кӀыфӀ дыдэ хъунущ.

Жэбагъы, Къанболэт, Къубатий сымэ хэгъэзыхьауэ зыгуэр щхьэкӀэ зэӀущащэри, Къэзэнокъуэр псынщӀэу пщым къыбгъэдыхьащ:

— Пэж дыдэуи, сыт щӀэмынобэр? Нэхъ кӀыфӀыхункӀэ нэхъыфӀщ! Мы щӀалэм,— Жэбагъы и щхьэр Шот дежкӀэ ищӀащ,— бжьэрэ бжьэматэ гугъурэ щищӀым мафӀэр къыщӀэнауэ бжьэматэхэм къыщызыжыхьа чыцӀыр дигу къигъэкӀыжащ. ИкӀи зыгуэрым гукъэкӀ ищӀащ: а чыцӀыр зы закъуэу щымытамэ, икӀи мычыцӀыххэу щытамэ...

Кургъуокъуэ и Ӏэр къиӀэтащ:

— Хъунщ. Псори къызгурыӀуащ! Шот! Узыхуейм хуэдиз цӀыху зыщӀыбгъуу мэз гъунэм шыду бгъуэтыр щызэхуэпхусу шыд къэс мэкъу Ӏэмбатэфӏ зырыз и щӀыбым иуп-

хэну уи пщэ изолъхьэ. Зы шыд щищ нэхъ мыхъуми вгъуэтын си гугъэщ.

— Сэри псори къызгурыIуащ, пщы! — гуфIауэ къэгъуэгъуащ Шот.— Шыд щищ нэхъ жумыIэмэ, дгъуэтын хуейщ, фIалъиплI зыпытхэмрэ зи тхьэкIумэхэр кIыхьхэмрэ фIэкIа шыдым хыумыбжэу щытми! — икIи ину дыхьэшхыу щIэпхъуащ, и пщэ кърaлъхьар игъэзэщIэну.

— Фэ къывгурыIуа? — захуигъэзащ Хьэтэжыкъуэм и гъусэхэм.

Къэрымхэм къадэщIыным и телъхьэ Мысост Ислъамбэчыпщым и дзэлъыфэр итIащ:

— Ди пIэкIэ шыдхэр дгъэзэзэуэну ара? Абы адыгэ напэр игъэдэхэн?

— ДэIэпыкъуныгъэ щхьэкIэ ди адэжьхэр шыдым елъэIуу щытауэ зэхэсхауэ сщIэжыркъым,— хэгупсысыхьауэ гъумэтIымащ Къарэбын-Къарэ.

Жэбагъы, лIыжьым зыхуигъазэри, къыпыгуфIыкIащ:

— БлэкIар къыумыджэж, Къарэ тхьэмадэ! ЩIэблэр сыт щыгъуи блэкIам и дамащхьэм тетщ, нэхъ жыжьэу елъагъу.

— Уэ, Мысостыпщ,— къыпыдыхьэшхыкIащ Кургъуокъуэ,— умыгузавэ. Дэри тщIэн дгъуэтынущ. Гупсэхуу фыкъэдаIуи псори фигу ивубыдэ. КIыфI зэрыхъуу лъэсыдзэм шыдхэр тэтэрхэм я хэщIапIэм ирехулIэ, гъунэгъу зэрыхъуу псоми зэуэ мэкъум мафIэ щIадзэ. Ар шуудзэм дежкIэ хъыбарегъащIэу аращ. Ди шуудзэр лъэсыдзэм шIыгъуу хъаным и хэщIапIэм теуэнущ, шыд гужьеяхэр биидзэм хэлъэда нэужь. Абыхэм икIуэтыпIэ яIэнукъым — бгым ещэщэхынущ бжэщхьэIу лъагэм кърапхъэнкIэха пхъэнкIийуэ.

— Мис араи ар! — гушхуауэ къэкIиящ Iэбаш СулътIан-Алий.— Жьындухэр дзыгъуэхэм зэратеуэм хуэдэу дaтеуэнущ! — абы сэшхуэ лыдыр кърипхъуэтри хьэуам щигъэбзащ.

Апхуэдэ дыдэу мыгуфIами, пщышхуэм жиIамкIэ арэзы хъуахэщ Мусей Ислъам, Къетыкъуэ Аслъэн, Мырзей Тэтэркъан, балъкъэр таубий Балъкъэрыкъуэ Гапалау сымэ— абыхэм яшхэмрэ дзэхэмрэ дежкIэ занщIэу яунэтIащ, зэхэуэм зыхуагъэхьэзырыну.

Кургъуокъуэ и Iэр Жэбагъы и дамащхьэм трилъхьащ:

— АтIэ-э-э... Зы «щхьэ гуэрхэр» хъарзынэу мэлажьэ!

— ИкъукIэ хъарзынэу,— гушыIэ лъэпкъ хэмылъу жэуап къитащ Къэзэнокъуэм.— Ауэ, пщIэ зыхуэсщI Кургъуокъуэ, уэ зи гугъу пщIыр си щхьэр арамэ, мы зэм ущыуащ. ЗэкIэ зыри бжесIэнукъым. Хьэуэ, сыхыумыгъэзыхь...

* * *

Мэкъу зыкIэрыпха шыд цIыкIу щищыр, жьажьэхэр, цIыхухэр зыхуейхэр зыкIи къызыфIэмыIуэхухэр мэзыбгъумрэ хъупIэ нэкIумрэ сэлэтхэм хуэдэу щрагъэувэкIащ. Абыхэм дзэхэри гъунэгъуу къабгъэдэкIуэташ: япэу — лъэсыдзэр, абыхэм шуудзэр къакIэлъыкIуэу. Мы жэщтеуэмкIэ ящIа мурадым псори щыгъуазэт.

— АтIэ, си щхъуэ цIыкIу,— зыхуигъэзащ Хьэнэф фIыуэ илъагъу и шыдым,— уэ иджыпсту зепхьэну къыппэщылъым хуэдэ лIыгъэ зепхьэну а уи шыдыщхьэ делэм игъащIэкIэ къэкIынкъым!

ЛъэныкъуитIымкIи кIыфIым дыхьэшх макъ къыхэIукIащ. Хьэнэф фэрыщIу хущхьащ:

— Сынохъуапсэр, си ныбжьэгъужь. Уэ езы Къаплъэн-Джэрий дыдэр плъагъункIэ, уеблэмэ, уи мафIэмкIэ бгъэхуэбэнкIэ хъунщ!

Дыхьэшхыр нэхъ ин хъуащ.

— Хуэму! — иужь сатырхэмкIэ зыгуэрым и унафэщI макъ къиIукIащ.

Хьэнэф и бгъум деж зыгуэр щэху дыдэу къыщыпсэлъащ:

— Иджыпсту щIэддзэну хъунщ. КIыфI дыдэ хъуакIэщ. Щхьэ зытепIа лэгъуп кIуэцIу жэщыр кIыфIщ. Зы вагъуэ закъуэ нэхъ мыхъуми плъагъуркъым, тэтэрхэри зэгъэжащ...

— Мис мыпхуэдэу кIыфIу щыташ,— къэIуащ нэгъуэщI макъ, хуэлIыжь макъыфIэу,— Псыжь Iуфэ и джабэ задэм дыщыкIэрытам щыгъуэ...

Ауэ а джабэ задэм къыщыхъуар къиIуэтэжыну зауэлIыр хущIыхьакъым.

— Фынежьэ! Фынежьэ! — зы кIапэмкIэ къикIыу адреймкIэ кIуэуэ «шыд сатырым» унафэ щыIуащ. ЩIопщрэ къамэпэкIэ яху шыдхэр псынщIэу ежьащ, арэзыныгъэ лъэпкъ зыхэмылъ я кIий макъымкIэ жэщ хьэуар ягъэзджызджу.

Бийм и хэщIапIэм нэсыным зы лъэбакъуищэ нэхъ къахуэмынэжауэ, я щIыбагъымкIэ хъыбарегъащIэ макъ къыщыIуащ — шыдхэр зыху дэтхэнэ зыми жэрыжэм тету мэкъум мафIэ щIидзащ. ЕзырызекIуэ мафIэ щищ зэуэ къызэщIэлыдащ. НапIэдэхьеигъуэ зытIущ дэкIатэкъым лэжьэрей тхьэкIумэшхуэжьхэр тэтэрхэм, абыхэм я хьэпшыпхэмрэ мылъкумрэ, шы бжыгъэншэхэм я курыкупсэм къыщихутам.

Мыр бжьэ къэпщIам ебгъэщхьыныр мащIэт. Къэрымхэм

я зычэтхъэж, кӀий макъыр, шыдхэм я макъ гузэвэгъуэр, фӀалъэ минхэм я лъэ макъ зэщӀэжьууэмрэ шыхэм я щыщ макъымрэ — а къомыр хуэмыӀыгъыу уафэр щӀым къехуэхын къыпщыхъурт. Адыгэ зауэлӀхэр иджыри бийм деж нэсатэкъым, япӀытӀрэ нэджэӀуджэ ящӀарэ бийм мин бжыгъэу къыщыхэкӀам. Адыгэхэм зауэм хуезыджэ я макъыр тэтэрхэм я макъ зэхэзэрыхьам хэкӀуэдэжырт, сэшхуэ зу макъ къэӀуртэкъым, адыгэ минийри зэхэуэм хыхьа пэтми.

Дэтхэнэ зыми къыгурыӀуэрт: мэкъур сын иухыху Ӏэмал зэриӀэкӀэ кърымхэм хэщӀыныгъэ нэхъыбэ етын хуейщ; зыгуэрым игу къэкӀри мэжарэм мафӀэ иридзащ, абы иужь иту нэгъуэщӀ зы, аргуэру зы къэлыдащ... Шыдыжь цӀыкӀухэм ящыщ куэдым, нэхъ губзыгъэу къыщӀэкӀахэм, я щӀыбым мафӀэр исыпэ щыхъум, гукъэкӀ ящӀри щӀым зыхагъэукӀуриеурэ мафӀэхэр ягъэункӀыфӀа пэтми, нэхъ нэху къэхъуащ. Адрей шыдхэр ипэкӀэ жэрт, бий хэщӀапӀэм и кӀапэ жыжьэм хуэкӀуэу, езыхэм япэ ит шы гуартэмрэ цӀыхухэмрэ зыдахьу, щыхупӀэм ирахулӀэу. Шыдхэр апхуэдизкӀэ тезэрыгуплӀэрти, тэтэрищэхэр, яхуэмыхьыжу, сажнэ плӀыщӀ зи лъагагъ щыхупӀэм щхьэщыхухэурэ псым хэлъалъэрт. ХэкӀыпӀэ къахуэнэжыртэкъыми, ахэр иджыри ныкъуакъуэрт щыхупӀэм емыхыну, езыхэм я ужьым иту къатезэрыгуэ сатырхэр яупщӀатэу. А иужьым ит сатырхэм шабзауэхэр къахэуэрт, ауэ бгы къыгуэуар къыпхузэтегъэувыӀэн!

Хъан пщыӀэм пэмыжыжьэу тэтэр топыр иужь дыдэу щыуащ дуней Ӏэуэлъауэр ищӀу, ауэ зэран зыхуэхъужар езыхэрщ. Топгъауэ гужьеяхэм топым гын куэдыӀуэ иралъхьауэ къыщӀэкӀащ: шыгун топыпэр цӀыкӀу-цӀыкӀуу щащэри, зыбжанэ иукӀащ, уӀэгъэ ищӀащ. Зэрыхьзэрийр нэхъыбэ хъуащ.

— Гухэм мафӀэ ящӀэвдзэ! — и макъыр икӀауэ, лъыр къызыпыж джатэр игъэдалъэу кӀийрт Кургъуокъуэ.— Мэжархэр вгъэс!

ИкӀи пщым къилъэгъуащ мафӀэ зэщӀэгъэнар Ӏэ лъэныкъуэмкӀэ, адреймкӀэ и токъумакъ гъущӀыжьыр иӀыгъыу зэуапӀэ губгъуэм кӀуэцӀрыж Шот, илъэгъуащ аргуэру зыгу мафӀэм зэрызэщӀищтар. ПыӀэ щхьэрымыгъыу, и щхьэц сырыхур кӀыхьыбзэу зы жьакӀацэ гъэщӀэгъуэн пщым и бгъумкӀэ блэжащ: ар и макъ къызэрихькӀэ гъуахъуэу, урысыбзэкӀэ хъуанэу тэтэритӀым якӀэлъыжэрт. Мохэм ыкърагъэзэкӀри я джатэ къуаншэ кӀэщӀхэмкӀэ захъумэу хуежьащ.

ЛъэныкъуэкӀэ зы шу нэ закъуэ къыкъуэлъэтащ:

— ЗыIыгъ, ЖэрыкIэ! — кIиящ ар икIи сэшхуэмкIэ зы тэтэрыр хигъэщIащ.

«Къубатий дэнэ щыIэу пIэрэ? — зэхэуэм и кумкIэ хуеIэурэ гупсысэрт Кургъуокъуэ.— Къэзэнокъуэри слъагъуркъым...»

Къубатий зэхэуэм и пэщIэдзэ дыдэм и курыкупсэм илъэдат, ауэ псы къиуауэ кIуэ псэущхьэхэмрэ цIыхухэмрэ зарнмыгъэхьу зыкърнгъэлын хузэфIэкIащ. Бгы гуэуар зэрехыу, абыхэм зыкъащIэжри Iэщэ къащтащ икIи гу къэлыдахэм я нэхумкIэ задзу хуежьащ, я щхьэ яхъумэжыну. Уеблэмэ языныкъуэхэм шыхэр къаубыду зрадзын яхулъэкIащ. Къубатий зэуэ шууитIым япэщIэтт, лъэситIи ибгъу зырызымкIэ къыщебгъэрыкIуэрт, я бжыкIхэмкIэ Къубатий и шы джабэм къылъэIэсыну хущIэкъуу. А тIум языр гъунэгъуIуэу къекIуэлIауэ къыщIэкIащ икIи занщIэу и къурмакъейр нзыбза сапэм игъэджэлащ, макъ псыгъуэ цIыкIукIэ къыхэпырхъыкIри. Къубатий и шы къарэр бгъукIэ пэщIэуващ къарууэ иIэмкIэ ятэргъэн хьэлъэр зыгъабзэ тэтэр плIабгъуэ ныбжьыщIэм и шым. Къубатий зэ уэгъуэр зэтриIыгъащ, етIуанэ шум и сэшхуэм зыпыIуидзащ икIи езым абы и плIэр къыхуриупщIэтэхыну нэсащ, тэтэрыр хьэндыркъуакъуэм теува цIыхубзу къэкIийри шым ехуэхащ. Ауэ япэ шум пэмылъэщыгъуафIэу къыщIэкIащ. Абы джатэри шыри дахэу игъэIэкIуэлъакIуэрт, хэкIыпIэншагъэм нэхъри къару къыхилъхьэрт, лъэсырыкIуэ зауэлI къыкIэрыхъыжьари бэмпIэгъуэу къыкIэрыныкъати тэтэр шум дэIэпыкъурт, Къубатий шым кърнгъэпсыхын и гугъэу. А лъэсыр ди лIыхъужьым кIэригъэкIащ БышкIэ пащIэншэм и бжым, и адэшхуэ къуэшым и гъусэу мыбдеж къыщыхутам.

— Лъэпщ и гъущI лъакъуэмкIэ тхьэ пхуэсIуэнщ лIыгъэ униIэу, щIалэжь цIыкIу! — кIийрт зауэлIыжьыр.— Ауэ ущIимыхьэщэ, зыплъыхь. Плъагъуркъэ, аргуэру мо кIыфIым къыхэкIуэт нэджэIуджэхэр!

Суншэлейрэ БышкIэрэ и пэкIэ зрачащ, Къубатий зэран къыхуэмыхъуу зыпэщIэт шум езэуэну Iэмал ирату. Тэтэрым и джатэ къуаншэр лъэщу, Iэзэу игъабзэрт. Къубатий и сэшхуэр абы ейм нэхърэ тIукIэ нэхъ псынщIэти, щIалэщIэм зэфIэкI псори ирихьэлIэн хуей хъурт мо удын лъэщхэм и сэшхуэр къызэпамыудыным. Абы и Iэдакъэр мащIэу ишэщIырт, джатэ къуаншэм сэшхуэдзэр пэщIигъэувэрти, иужьрей напIэдэхьеигъуэ дыдэм деж нэрымылъагъуу, Iэзэу крихьэхыжырт, мащIэу лъэныкъуэкIи ирихьэкI щIыкIэу. Къубатий бийр шымкIэ иригулIыну хэтт

икIи мафIэм ис гум кIэрикъузэпэным къэнэжа щIагъуэ щыIэтэкъым.

— Батии мыр! — къыхэкIиикIащ, хьэлъэу бауэурэ, тэгэрыр.— Плъэгъуа а хьэр!

— А-а! Си еджэгъу! — Къубатий Бахъшысэрей щыщ и цIыхугъэр къицIыхужащ.— Дауэрэ упсэурэ, Уэсмэн?

— Сэ сызэрыхуейм хуэдэу сопсэу, ауэ уэ афIэкIа упсэуну къыпхуихуэжынукъым! — абы зэуэ и пэкIэ зыкъидзащ, ауэ Къубатийм къылъэIэсакъым.

— Хьэуэ, сэ иджыри сыпсэунущ,— щIалэщIэр ебгъэрыкIуэу хуежьащ.— Мис уэ мы дунейм куэдрэ утетыж хъунукъым. Уэ икъукIэ егъэджакIуэ Iэзэ Iуэ уиIэщ,— мауэ,— икIи, Уэсмэну си ныбжьэгъужь,— жыр зу макъ,— уэ иджы,— джатэ къуаншэр мэфий,— икъукIэ, икъукIэ ушынагъуэщ!

— Нащтэ-тIэ, уи Iыхьэр, былым! Е-е-х!

— Узотыжыр! Мэ! Мэ!

Уэсмэн ешащ, и нэхэр пщIэнтIэпсым ягъаплъэркъым. ЗыщIыпIэ деж ар тIэкIунитIэ къыщыкIэрыхуащ икIи Къубатий и сэшхуэпэр абы и натIэ бгъузэм лъэIэсащ. Зыри имылъагъужу тэтэрым и джатэ къуаншэмкIэ аргуэру уэгъуитI ищIащ икIи нэкIукIэ шы сокум хэджэлащ. Къубатий иджыри зэ еуэн и гугъат, ауэ ар зэрылейр къилъэгъуащ: Уэсмэн къэпым хуэдэу щIым ехуэхащ, и шыр лъэныкъуэкIэ лъащ, мафIэ бзий гуащIэм зэщIищта гум и щхьэр пыIуихыу.

ДжабэнэкIум кIуэцIрыкI фIыцIафэ бгъузэм тету Къубатий щыгумкIэ, бжыхь папщIэу зэпагъэува гу зыбжанэ мафIэм щисымкIэ, иунэтIащ. КъарапцIэм и фIалъэм щIэкIуэрыкI щIыр цIыху хьэдэхэмрэ уIэгъэхэмкIэ кудат. «Дэнэ щыIэу пIэрэ Къанболэт? — егупсысырт ар.— Къуанши слъагъуркъым...»

Къуанш а дакъикъэм иш яукIам и лъабжьэм щIиубыдауэ щIэлът. Иджыпсту дыдэт ар шэ цIывауэ ипэкIэ щыжар, къыхуэзэр кIуэцIрихыу, зэхэуэ гуащIэм дихьэхауэ, къару мыкIуэщIыж къыщIэрыуауэ, шынэ имыщIэу, ауэ шабзэшитI цIыва кIыфIым къыхэлъэтри: зым шым и пщэм кууэ зыхисащ, етIуанэм Къуанш и щхьэфэр зэгуиупщIыкIащ. Иджы ар щылът зищIэж-зимыщIэжу, хуэIуэщхъу щIыкIэу, къэтэджыну къару имыIэу...

Къанболэт гухэм я сатыр кIыхьыр мафIэм щис щIыпIэм деж щызауэрт. Мыбдежым тэтэрхэм икIуэтыпIэ лъэпкъ щаIэтэкъыми, дыгъужь гужьеяуэ щызауэхэрт, адыгэ лъэсырыкIуэдзэмрэ шууейхэмрэ мафIэ блыным быдэу кIэракъузауэ.

Уафэхъуэпсклым хуэдэт Тузарым и уэкIэр, ауэ и дэтхэнэ зы уэгъуэри убзыхуат, шынагъуэт икIи мурадым щылъэмыIэс щIагъуэрэ къыхэхуэртэкъым. Абы и ужькIэ бий Iувым и зэхуакум дэкIыпIэ къинэрт, чыцэ пхиупщIыкIыурэ пхыкIа пфIэщIыну. Къанболэт и ужьым иту Жэбагъы кIуэцIрыкIырт, и ныбжьэгъум бгъурыувэну хущIэкъуу. Тузарыр нэбгъузкIэ къыздеплъэкIым абы гу лъитэрти, зэхэуэм дихьэха Жэбагъы апхуэдэ Iэмал иритыркъым, уасэ зимыIэж абы и щхьэр мафIэм хримыгъэIун щхьэкIэ. «Мэуэ зы пIэскIугъэ тIэкIу нэхъ мыхъуми къылъэIэсамэ аратэкъэ,— пIейтейуэ егупсысырт Къанболэт,— итIанэ си цIыхухэм унафэ яхуэсщIынт залымыгъэкIэ зэуапIэм Къэзэнокъуэр Iуашу шынагъуэ здэщымыIэ щIыпIэ яшэну».

ИжьырабгъумкIэ Къарэбын-Къарэ и адакъэ макъ зэщIэнлъар къыщыIурт:

— Ейэ! Ей, адыгэхэ, феуэ!! — ИкIи апхуэдизкIэ и гурыщIэм зыкъиIэтати, уэрэд къыхидзащ:

— О-о-ра-рэ, оо уо-ри-ра-ра-рира!

Зэуэным фэжьIужь хэхъухьыжа адакъэжьыр зэуэ къызэфIэщIэри шыпщэм техуащ. Асыхьэтым шууитI абы ибгъу зырызымкIэ къыщыхутэри я шу пашэр мэз лъэныкъуэмкIэ Iуашащ. Сэлам къарихыжу Къарэ и щхьэр къиIэтри, и шхужьым кууэ хыхьа уIэгъэм нэхърэ зауэр зэрекIуэкI щIыкIэм нэхъ тегузэвыхьу, макъ нэщхъыфIэкIэ къэкIиящ:

— Аращ абыхэм яхуэфащэр, си щIалэхэ! Феуэ! Феплъыт а Тузархэ я щIалэжь цIыкIум и IэкIуэлъэкIуагъым! Мис абы фыдэплъей!

Къанболэт и ижьырабгъумкIэ лъэщу щызауэрт Тутыкъу. Мо лIы псынщIэ цIыкIур тэтэрхэм я курыкупсэм къущхьэ чыну щыджэрэзырт. Абы и сэшхуэдзэм зыздигъазэм укIэлъыплъыфынкIэ Iэмал зимыIэт, мафIэ бзийр гъущI цIум къытелыдыкI къудейт. Шу зауэм нэхърэ зыкIэ мынэхъ Iейуэ ар зауэми хуэIэкIуэлъакIуэу къыщIэкIащ (абы и шыр щIаукIыкIат).

Дыгъуэпшыхь мы Къэбэрдейр къезыгъэлыфын зы телъыджэ гуэр къэхъуным щIэхъуэпсу щыта Хьэтэжыкъуэ иджы нэхъ куэдыж хуейт — кърымыдзэр къанэ щымыIэу зэхикъутэну. «Хъаным и дэIэпыкъуэгъухэмрэ езы хъанымрэ я пщыIэхэр къэзыухъуреихьа мо мафIэ блыным дыпхыкIыфамэ арат. Абы Алигот-пэщэри Алыджыкъуэ ЦIащхьэри щыIэт! ХэщIапIэм и кум хащIыхьыжа хэщIапIэр зыхъумэр цIыху минитIым щIимыгъу хуэдэщ. АбыкIэ иджыри шабзэшэхэр къолъэтыкI, ауэ зыри къыдэкIыну

хуежьэркъым. Хуежьэнуи «къыщIэкIынкъым»,— егупсысащ Кургъуокъуэ. Абы ищIэрт тэтэрхэр лъэныкъуищымкIи къызэраухъуреихьар. Лъэныкъуэ еплIанэр щыхупIэ куущ. Абы ищIэрт, ижьырабгъумкIэ Балъкъ зэпрыкIыпIэм ухуэзышэ ехыпIэм хуэкIуэ гъуэгур Iэбашым, Ачэртым, Балъкъэрыкъуэм я шууейхэм зэрызэпаупщIар; хэщIапIэ цIыкIум и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ къыщихьэну Нартшу нэ закъуэ и абрэджхэмрэ къэрэхьэлъкъ гупымрэ къоIэ. И курыкупсэм къару нэхъыфI дыдэхэр итщ. Мес и къуэри — Кургъуокъуэ къилъэгъуащ зы лъэбакъуэ щэ нықъуэ нэхърэ нэхъ пэмыжыжьэ Къубатий икIи гушхуэу, ауэ зыкIи мыпIейтейуэ еплъащ. «Апхуэдэ зауэлIхэр щIалэу хэкIуадэркъым. Абыхэм лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ кIыхь якIу»,— егупсысащ Хьэтэжыкъуэр.

Зэхэуэм и зэрыгъэкIий иныр: ебгъэрыкIуэхэм я текIуэныгъэ макъ мин куэдри, кърым зэтраукIахэм я макъ тхьэмыщкIафэри — зэрыщыту щIихъумэу зы гъуагъуэ макъ абрагъуэ зэуэ зэуапIэ губгъуэм щхьэщыIукIащ:

— Ей! Гухэр зэлъыIуфлъэф!

— Хьы! Дауи, Тузарыращ! — макъкIэ и щхьэ хужиIэжащ Кургъуокъуэ.— И зэману къыхилъхьа псалъэщ.

Сын иух гухэм ящыщ зым деж Шот гъумыщIэжьыр къыщыхутэри и токъумакъымкIэ зытIущрэ фIэкI емыуэу хьэбэсабэу зэхикъутащ. КъыкIэлъыкIуэ гуми ирищIар ар дыдэрщ:

— Мис Кърымым фыхуэзышэ гъуэгур! Мис хъан ажалыр!

IущIапIэ Iуудам дэуа псыуэ, адыгэхэр хуит къэхъуа дэкIыпIэм дэзэрыгуащ. Къанболэт, Къубатий, Тытыкъу, Жэбагъы, Шот сымэ псоми япэ итт. Хьэтэжыкъуэми абыхэм закъыкIэригъэхуакъым, ауэ мыбдежым къыщыгурыIуащ адэкIэ укIуэныр зэрыделагъэр, зэрышынагъуэр. ИпэкIэ нэм къыщIэIэбэр умылъагъуу кIыфIщ. Бжьэ ягъэпIейтеяуэ вууэ тхьэкIумэбгъухэмкIэ тэтэр шабзэшэхэр блолъэт.

Кургъуокъуэ Тузарым дежкIэ кIуэцIритхъри унафэ ищIащ псори гу щIыбагъхэм нэс къикIуэтыжу нэхущ хъуху пэплъэну яжриIэну.

* * *

Къупщхьэ мыштыкум щIэфу, мафIэ дэпхэр зыпэрылъ жьэгухэр къегъэтIылъэкIауэ пщыхьэщхьэм зигъэхуабэу пщыIэм щыщIэсам Къаплъэн-Джэрий и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым адыгэхэр къатеуэнкIэ хъуну. Ауэ, сыт хуэдэу щымытами, унафэ ищIащ езым и хэщIапIэмрэ шуудзэ

къыхэщыпыкIа минищымрэ lэпэдэупIэ имыIэу гу хьэлъэхэмкIэ къаухъуреихьыну. (ИужькIэ хъаным алыхьым фIыщIэ хуищIыжырт апхуэдэ гукъэкI ди щхьэщыгум итым къызэрыритам папщIэ.)

Пщыхьэщхьэм ар IэфIу жеящ, ауэ, пэжу, жейм здыхэтым пIейтейуэ щатэрт, мащIэу щэIурт. ЩымыгъэмрэкIыфIыгъэмрэ къызэфIагъэщIауэ, хъаным и хъумакIуэхэри къепэзэзэхыу хуежьат.

ТхьэкIумэIупсыр Iузыч шыд кIий макъым хъаныр занщIэу къигъэушакъым. Щхьэнтэр и щхьэм фIикъуэнуи хэтащ. Ауэ хьэщхьэрыIуэ хъуам хуэдэу шыхэр къыщысым, шы лъэ макъ куэдымрэ дзэ псом и зэрыгъэкIиймрэ щызэхихым, шынагъуэ мыкIуэщIыжыр къыкIэщIэзэрыхьауэ Къаплъэн-Джэрий къыщылъэтри, и лъакъуэ пцIанэхэр тахътэбаным къригъэлэлэхащ. БетIал-пэщэ хьэлъакъуиплIу пщыIэм къыщIэпщхьащ:

— О, ди мазэ пэлъытэ! Зэман дгъэкIуэд хъунукъым!

— СощIэ! Ар ноби къызжепIауэ щытащ,— ауанышIу къэпсэлъащ хъаныр.

— Ди тетыр зауэр зэрекIуэкI щIыкIэм модрей псы IуфэмкIэ къыщыту кIэлъыплъамэ нэхъыфIт! — макъ гъырнэIукIэ къыхэкIиикIащ пэщэр.

— АтIэ, дауи, абыкIэ нэхъыфIу псори щыплъагъунущ,— кIэщIу пиупщIащ Къаплъэн-Джэрий икIи, и нэхэр къыщихуауэ, къыщIэкIиящ:

— Хьэпс мащэм уизгъэлIыхьынщ, шыд щылъху!

Куэд дэкIатэкъым тетыр пцIэгъуэплъ лъэрызехьэ гуэрым тесу, къыхуэпэж и дзэм къиухъуреихьауэ, «дунейр зыгъэзджызджа пщыхьэщхьэм» и зэрызехьэ шынагъуэм пхыкIыу хуэмурэ псымкIэ щигъэзам. Дыщэ уагъэкIэ къэдыхьа тырку шырыкъу цIыкIухэр лъитIэгъэну хущIыхьакъым. ЛъапцIэу кIуэрт. Хъаныр ерагъкIэт пщыIэм къызэрыщIэпщар — шы къэщтахэм абы и пщыIэр лъэныкъуабэ ящIат.

ЩыхупIэ дыдэм деж щыт гу зыбжанэ БетIал-пэщэ и бейгуэлхэм зэлъыIуагъэкIуэтащ (абыхэм иджыри мафIэ къащIэнакIэтэкъым). ИжьымкIи сэмэгумкIи хьэщхьэрыIуэ хъуа цIыхухэр щIопщкIэ щызэкIэщIахуурэ адэкIэ ежьахэщ. Къапхъэным имыхуэу ерагъкIэ къелхэри, икIэм икIэжым ехыпIэм нэсахэщ.

Къаплъэн-Джэрий игу къэкIыжащ жыр джанэр къызэригъэнар икIи зыгуэр игъэкIуэн и гугъат, ауэ зыри жиIакъым. Кърымым и тетхэр зрагъэщхь мо мазэр зэрыжыжьэм хуэдэ дыдэу ари иджыпсту япэжыжьэт.

* * *

А зэманым ирихьэлIэу жыр джанэр аргуэру Алыджыкъуэ ЦIащхьэм къыIэрыхьэжащ. Бгы нэкIум щекIуэкI мо зэрыхьзэрийм ар егупсысауэ Iуэхум бгъэдыхьащ, джэдэщым щIыхьа бажэу псынщIэу икIи IэкIуэлъакIуэу лэжьащ. Хъаным и пщыIэ лъэныкъуабэм (ар зыIыгъ щIэгъэкъуэныр лъэныкъуэкIэ, ещIат, ауэ иджыри джэлатэкъым) пщым жыр джанэр къыщигъуэтауэ иджы и хъуржыным ирикуэну екъурт. Имылъагъуу мо жэщ кIыфIым щIым щылъ гуэрым теуващ, зыгуэр лIыжь макъкIэ къыхэкIыикIри КъурIэным ит сатырхэм къеджэу хуежьащ: «Бисмылахьи рахьманирэхьим...» Асыхьэтым пщыIэм и зы кIапэмкIэ мафIэ къыщыщIэнащ — жьэгухэм япэрылъа дэпхэр иракъухьауэ къыщIэкIынут, — икIи Щоджэныкъуэм кърым къадыр къицIыхужащ, мобыи, пщым и гъусэу къыздыщIэлъэтым, Щоджэныкъуэр къицIыхужащ. «И дзажэналъэ зэхуакум къамэр дэсIуэнтIыхьын», — егупсысащ пщыр, ауэ къадыр кIыфIым хэшыпсыхьыжакIэт.

Шу гужьеяхэр ерагъкIэ зэтриIыгъэу абы Зэриф къежьэрт.

Хъаным и хъумакIуэхэм я сатыр кIыхьым и кIэр папIытIыкIын хуэдэу адыгэхэр иджыри къэсакIэтэкъыми, Алыджыкъуэрэ Зэрифрэ абыхэм яхэуващ, ауэ ахэр щыхупIэ гъунэ дыдэм, нэхъ шынагъуэ дыдэм, тету ирикIуэн хуей хъуащ. А щыхупIэм зэм лъэс, зэми шу, бгъукIэ къекъухэм кърагъэкIуэтэкIыурэ, ехуэххэрт.

Япэ щIыкIэ ажал къегъэлыпIэ, итIанэ ажал къэхьыпIэ хъуа джабэм и дэкIыпIэ дыдэм нэсыпауэ зыгуэрым абы и лъакъуэм зыкъыкIэрищIащ, хьэщхьэрыIуэу кIийуэ, а макъыр Алыджыкъуэ и нэIуасэу къыщыхъуащ. Пщым дежкIэ гугъутэкъым ишри и щхьэхъумэри зыфIэкIуэда Алигот-пэщэр къицIыхужыну.

— Уэ накъэм езым зыкъегъэлыж — Щоджэныкъуэр абы щIэкIиери, и щхьэпхэтIыгум тэтэр токъумакъ хъурейм кIэ еуащ.

Алигот щэнауэри пщым и лъакъуэр иутIыпщащ икIи, нэпкъ задэм темытыфу, ехуэхащ. Иджыри адыгэхэм ямыубыда тафэм нужь дыдэу къытехьахэм я гъусэу Алыджыкъуэрэ Зэрифрэ къытехьащ, псы икIыпIэм нэсри ищхъэрэкIэ ирагъэзыхащ. Иджы абыхэм тэтэрхэм я деж яшхи, хъаным фIы гуэркIэ щIыщыгугъыни щыIэжкъым.

Нэхущым ирихьэлIэу зэхэуэм аргуэру щIадзэжащ, ауэ куэдрэ екIуэкIакъым. Бгым тэтэр мин нэхъыбэ къытенатэкъым, зыкъызэрыпэщIасэнышхуэ щыIэтэкъым. Кургъуо-

къуэ къызэрилъытамкIэ, хъаным и гъусэу зы шу минитIым ягъэзэжагъэнт — арат мо дзэ абрагъуэм щыщу къэнэжар. Гъэрхэмрэ уIэгъэхэмрэ куэд хъуркъым. Адыгэхэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтауэ къэплъытэ хъунукъым, зы минрэ щитхурэ хуэдизщ.

Кургъуокъуэ мурад ищIат хъаным кIэлъежьэу зэхикъутэпэну, ауэ адрей пщыхэм яфIэфIтэкъым мыбдежым щылъ къулеигъэ къомыр къагъанэу ежьэну: Iэщэрэ хъат зимыIэ шы куэдыкIейрэ! Уэркъ къэнэпсеяхэм губгъуэм къыщахущыхьырт, губгъуэм пшэм хуэдэу къуаргъхэр щхьэщытт.

Щоджэныкъуэр зыщIыпIи щагъуэтакъым. Ауэ мывэ щыхупIэм и бгъуэнщIагъхэм ящыщ зым деж къыщыкI жыгым и къудамэм Алигот-пэщэр дэнауэ пщышхуэм къилъэгъуащ. А жыгыр щыхупIэ лъащIэм зэрыпэжыжьэр сажнитI хуэдизт, арщхьэкIэ пэщэр лIат: гурыIуэгъуэт шынащэу и гур зэрызэгуэудар. Кургъуокъуэ, ар и жагъуэ хъуауэ, и нэгур зэригъэлъащ, Жэбагъы къеупщI щIыкIэу къыщеплъым, и Iэр ищIа къудейщ. Абыхэм япэмыжыжьэу къыщыту Шот щыхупIэм еплъыхырт.

«Пшапэр зэхэуауэ пхъэнкIий иумыкIут, фIыкъым»,— жаIэ. Дэ зэгъэдзэкIауэ тщIати: еплъ — фIы къыдэхъулIащ! Дэнэ щыIэ иджы а хъан шынагъуэр?

— ХьэщIэр шхэмэ, бжэм йоплъ! — къэпсэлъащ Тутыкъу.— Дэ хъаныр мыIейуэ дгъэхьэщIа си гугъэщ.

Къаплъэн-Джэрий и пщыIэр здэщыта лъэныкъуэмкIэ Хьэнэф ешауэ къикIыжырт. Iэ лъэныкъуэмкIэ абы иIыгът гъэщIэгъуэну псэууэ къызэтена и шыд цIыкIум и пщэм ищIа кIапсэр, адрей IэмкIэ — хъаным и шырыкъу телъыджэ цIыкIуитIыр.

— Илъэсищэ упсэуну, Кургъуокъуэпщ! — жиIащ Хьэнэф.— УпсэухукIи мыпхуэдэ текIуэныгъэхэр къэпхьыну. Мыр хъаным и вакъэщ. Уэ къыпхузохь...

— Уэ къызыхуэгъэнэж,— пыгуфIыкIащ Кургъуокъуэ.— Уи къуэрылъхухэм хъуэхъу къыпхужаIэну. Шыдри псэу? Мы дунейм къэмыхъуу сыт щыIэ!

— Ей! — и щхьэр ищIащ Хьэнэф,— шыд хахуэщ. Мы щхъуэ цIыкIур уэркъ пщIы мыхъуну пIэрэ, жызоIэри согупсыс. Къилэжьащ ар абы.

Жэбагъырэ Кургъуокъуэрэ дыхьэшхащ.

— Щхъуэ цIыкIур сщIэркъым,— жиIащ пщым,— ауэ уэ утщIынщ, Хьэнэф. Уэ дауэ уеплърэ, Жэбагъы?

— Къилэжьащ,— и фIэщу жиIащ Къэзэнокъуэм.

* * *

Къубатийрэ Къанболэтрэ Къуанш къагъуэтыжри шы лъабжьэм къыщIалъэфыжащ. ЩIалэм зыкъищIэжауэ мащIэу пыгуфIыкIырт.

— Хъунщ... Хъарзынэщ...— Iущащэрт ар и Iупэ фагъуэхэмкIэ.

* * *

Кургъуокъуэ и цIыхухэр бгым къехыжри мэз хуейм деж щитIысыкIащ. Пщым и унэIутхэр зы мэл хъушэ хуэзати, ар Щоджэныкъуэ ямыгъуэтыжам и хъушэу къыщIэкIри къахуащ. Дзэм хэт псоми пэрыхьэту мэлылыр ярикъунут.

Пщыхэр здыщIэс щIыпIэм адэIуэкIэ мафIэм къыщетIысэкIащ Хьэтэжыкъуэм и къуажэгъухэр. Абыхэм япэмыжыжьэу — Нартшурэ абы и шууей хахуэхэмрэ.

— Суншэлей лIыжьыр зэрыдимыгъусэр си гуауэщ,— щэтащ Шот.— И псэ тхьэмыщкIэм зигъэнщIыжынт... Мэлыл гъэжьаи пэрыхьэту щыIэт...

— Ар сщIэркъым, ауэ уэ уи псэм зимыгъэнщIым си Iуэхущ,— къэпсэлъащ Тутыкъу.— Уэ уи псэр уи ныбэращ зэрылъыр.

— Зэрыгын ар. Псы фIэкIа мыбы тетфыхьыжын зэрыдимыIэр си ягъэ уи гугъэ — Шот и пэщхъыным хьэуар изу иришащ:

— Жьыр къыщепщэр пщыхэм я «уэтэрымкIэщ». Абы щрафыр псыкъым!

— Сыт пщIэн-тIэ, тIыкIуэ — Тутыкъу и дамэхэр дришеящ.— Хэт шатащхьэ, хэти къундэпсо лъос!

— Мы мэл блэгъумкIэ тхьэ соIуэ, ахэр зэфэр сытми къэсщIэнкIэ! Ахэр зэфэр...

— Сыт ар къапщIэкIэ! Абы нэхърэ иплъи нэхъыфIщ...

— Ари хъунщ.— Шот къабзэу игъуа блэгъум и бгъуапIэмкIэ къупщхьэ дзакIэ къыгуищIыкIащ.— Мыри шхуэмылакIэ фIэдзапIэщ — насып къехь. ФщIэжыркъэ шым лIыр ирихьэжьэу къыщридзыхар? Зэманыр щIымахуэти, мо гъуэгу щтырыгъум мыпхуэдэ зы блэгъу хэщтыхьат. Блэгъум зы къупщхьэ дзакIэ къыдэщIыкIауэ къыщIэкIри, шхуэмылакIэр абы фIэнащ, шыр къэувыIэри къаубыдыжауэ щытащ. Абы лъандэрэ цIыху губзыгъэхэр блэгъу иплъэн и пэкIэ абы къупщхьэ къыдащIыкI!

— ДощIэр, дощIэ...

— Фыкъыспэрымыуэ. Иджы блэгъу иплъэн щIызодзэ.—

Шот блэгъур и нэм хуихьри, нэхумкӀэ игъэзауэ хущӀэплъу хуежьащ. Дунейр уэфӀ хъуну укъэзыгъэгугъэ дыгъэр мэз щхьэкӀэм къыфӀэтӀысхьакӀэт.— Солъагъу бжьыхьэр уэлбанэрилэу щытынукъым, щӀымахуэр уае, уэсыфӀэ хъунущ. Ди Ӏэщыр тэмэму гъэ техьэнущ, ауэ дэ икъусыкъужкӀэ дылэжьэнущ, хьэлъэу дылэжьэнущ. Тэтэрхэм КъэбэрдеймкӀэ щӀэх къраӀуэнтӀэкӀыжынкъым, ауэ дэ езым ди уэркъхэм щысхьыншэу дахъунщӀэнущ, хамэӀэкӀэ шыпсыранэ кърачынущ...

Тутыкъу ауанышӀу дыхьэшхащ.

— Флъэгъуа джэшыдз!

Шот и псалъэхэр зэрымыщӀэкӀэ зэхэзыха Нартшу гупым къыбгъэдыхьэри жиӀащ:

— Джэш хъарзынэу уодз, щауэ уардэ, ауэ а уи нитӀми къамылъагъуфар си зы нэ закъуэм къилъэгъуащ. Къащтэт мыдэ.— Блэгъу къупщхьэр къищтащ, дыгъэм хуигъазэщ, щӀэплъри, кӀэщӀу жиӀащ:

— Дэ иджыпсту мо пщыхэр зэфэм хуэдэ дефэнущ,— блэгъур хыфӀидзащ, и гупым бгъэдыхьэжри Ӏущащэу щӀидзащ.

ЩӀалитӀ уанэ зытесхэм къытелъэтыкӀри лъэ макъыншэу чыцэмкӀэ яунэтӀащ. Абыхэм мыгувэу къагъэзэжащ выкуэ хуэдиз хъун кхъуэщын пӀащэ яӀыгъыу. Пхъэмыфыр кхъуэщыныщхьэм Ӏуаудри, мэ гуакӀуэр лъэбакъуэ тӀощӀ хъункӀэ зэбгрихащ.

— Фо махъсымэ! — гуфӀауэ кӀиящ Шот.— Си пэр дзыгъуэм пнушхыкӀ, мы фо махъсымэмэ.

— Ар дыдэщ,— жиӀащ Нартшу.— Бгыщхьэ хъупӀэм щыщӀахуа фом къыхэщӀыкӀауэ. Дэ ар мо пщы Ӏэнэм... хьэхуу къеӀытхащ.

Ар бгышхуэ удзхэм я гъэгъахэм бжьэхэм къыхаха фом къыхащӀыкӀа фадэ гуащӀэт.

* * *

Щоджэныкъуэм теухуа хъыбар Кургъуокъуэпщым имыщӀэххэу къыӀэрыхьащ. Абы къыхуашащ гъэр ящӀа къадымрэ къадым и тхакӀуэ-еджамрэ, зи нэкӀур мафӀэм илыпщӀамрэ.

Дин лэжьакӀуэшхуэу зэрыщытым папщӀэ зыщышынэшхуэн зэрыщымыӀэр къыщищӀэм, (уеблэмэ и гугъу ямыщӀу яутӀыпщыжыну къагъэгугъэ) ар нэхъ къызэрыкӀащ, фо махъсымэм ефэри уаз иту щӀидзащ:

— Алыхьым щышынэр аращ зи Ӏуэху дэкӀынур! — жиӀащ абы.

— Къаплъэн-Джэрий алыхьым щышынэрэт? — еупщӀахэщ къадым.

ЛӀыжьым хэкӀыпӀэ къигъуэтри фӀэфӀыпсу жэуап итащ «уафэр щысысыну, бгыхэм хъейуэ щыщӀадзэну» махуэр иджыри къызэрымысамкӀэ икӀи кърымхэм къызэрытрагъэзэжынумкӀэ, сыту жыпӀэмэ «лъы ягъэжар лъыщӀэж щӀэлъэӀуу мэкӀий». Апхуэдэуи абы ягу къигъэкӀыжащ КъурӀэным ит псалъэхэр: «Делэр и Ӏэ щӀыбым едзэкъэжынущ икӀи жиӀэнущ: «О, бегъымбарыр зытет гъуэгум срикӀуэну алыхьым иухауэ щытамэ аратэкъэ!»

Абы еупщӀащ а делэр гъуэгу пэжым тету игъэкӀуэну алыхьыр щӀыхуэмеямкӀэ.

Мыбдежым къадыр мащӀэу къэӀэнкунащ, итӀанэ зы Ӏэят игу къэкӀыжащ:

— ЕплӀанэ сурэм щыжыӀащ: «ФӀыуэ къыпщыщӀ псор алыхьым къыбгъэдокӀ. Ӏей псори къызыпкърыкӀыжыр уэращ».

Жэбагъы и Ӏупэхэр Къубатий и тхьэкӀумэм Ӏуилъхьэри зыгуэркӀэ еупщӀащ. Къанболэт зэхихащ щӀалэщӀэм «БгъущӀрэ езанэрщ» жиӀэу псынщӀэу жэуап къызэритар.

Къэзэнокъуэм къадым зыхуигъэзащ:

— Абы щыгъуэм дауэ узэреплъынур мыпхуэдэу зэрыт бгъущӀрэ езанэ сурэм:

«Тхьэ соӀуэ... псэкӀи, ар къигъэщӀу фӀыри Ӏейри хэзылъхьэжамкӀи...» Псори наӀуэщ: фӀыри хилъхьащ, Ӏейри хилъхьэжащ!

Чэф гукъанэ хэлъу къадым и Ӏэпэр къишиящ:

— Сэ уи гугъу зэхэсхащ. Уэ у-Къэзэнокъуэщ, алыхьыр уи фӀэщ зэрымыхъумкӀэ уцӀэрыӀуэщ, икӀи урысхэм уралыбжьэгъушхуэщ. Хьэуэ, шэрджэсым игъэныбжьэгъун хуейр урысыркъым, атӀэ дэращ, дин нэсым и хъумакӀуэ нэсхэу Кърымымрэ Портэ Гъуэзэджэмрэщ! Мис а Алыджыкъуэпщыр дызэриныбжьэгъум хуэдэу. ИпэжыпӀэкӀэ жыпӀэмэ, ар тӀэуней епцӀыжакӀуэщ. Зэм жыр джанэр мазэм хуэдэм ирет, зэм къыфӀедыгъуж...

Хьэтэжыкъуэм и цӀыхухэр зэрагъэщӀэгъуэнур ямыщӀэу къэуӀэбжьащ, къэпӀейтеящ.

Езы пщышхуэм зыкӀи закъримыгъащӀэу щӀэупщӀащ:

— Алыджыкъуэ иджыпсту дэнэ здэщыӀэр?

— ЩӀэпхъуэжащ. Мис а мыстри, а хыв Ӏэл хъужам ещхьри щӀыгъущ...

— ДэнэкӀэ здыщӀэпхъуэжар?

— СщӀэркъым, ауэ хъаным и цӀыхухэм ящӀыгъукъым. Иджы ар абы и дежкӀэ шынагъуэщ.

— Жыр джанэм тет тхыгъэм фыкъеджа?

— Хьэуэ.— Къадым нэкӀэ и еджар къилъыхъуащ.— Мес мор... Къафщтэт иджыри фо... Мес мо гуэныхьым и къуэмрэ шыд вейм и къуэрылъхумрэ,— лӀыжьыр хэпсэлъыхь хъуат,— анаша вым хуэдэу ирифри... Чы фиӀэ? Феуэт фӀыуэ чыкӀэ! Езы Къаплъэн-Джэрий унафэ ищӀащ...

— Хьэуэ! — идакъым Кургъуокъуэ.— Адыгэхэм яукӀыфынущ, ауэ зэи бэлыхь трагъэлъынукъым. ЦӀыхум и фэр итхыну дэ тфӀэфӀкъым.

— Сыт щхьэкӀэ? — игъэщӀагъуэу хьэкӀащ къадыр.

— Ар япэ къэсым къыгурыӀуэнукъым,— жиӀащ Жэбагъы.

— Уэри, пщӀэ зыхуэтщӀ, уи абызри Алыджыкъуэ къэдгъуэтыху фыдихьэщӀэнущ,— унафэ ищӀащ Хьэтэжыкъуэм.— Хъуну?

— Хъунщ! — арэзы техъуащ къадыр.— Иджыри фо фиӀэ?

Фо иджыри щыӀэт. Ахэр иджыри куэдрэ ефахэщ, Ӏэнэм пэрысхэм я цӀэкӀэ хъуэхъухэр жаӀэу, Къаплъэн-Джэрий нэлат ирахыу: «Гъавэ къыхуэмыкӀыну, нэджэӀуджэ хъуну, и унэ лъабжьэм хьэндыркъуакъуэ щӀищӀэну; шыфэм хуэдэу гъуну, шы нэфым хуэдэу и нэхэр къыщихуну; гъэмахуэм шэншэрэ щӀымахуэм джэдыгуншэу, дэ насып къыдэуэлӀэну, ди хьэ нэгъунэ мэкъу яшхыну, хъаныр насыпыншэу, и унэм илъ мылъкур и нысэхэм зэхадыгъуэжыну!»

* * *

— Хэт и щхьэр аращ жыпӀа-тӀэ фӀыуэ лажьэр? — Хьэтэжыкъуэр Жэбагъы еупщӀащ.— МафӀэр къызыпылъэлъ мы теуэр къэзыгупсысар къызжепӀэну сыкъэбгъэгугъати.

— Иджы жысӀэнщ. ЩӀалэжь цӀыкӀум ахэр зэригъэӀущыжым щхьэкӀэ дипщхэр къэгубжьыну кӀасэӀуэ хъуакӀэщ,— дыхьэшхыурэ жиӀащ Жэбагъы.— Уи къуэращ ар къэзыгупсысар. Къубатийщ.

## *Тхьэгурымагъуэм и псалъэ*

**ГурыфӀыгъуэншэкъым хъаным и щӀэпхъуэжыкӀэр. Гъуэгу ятӀэ бдзантхьэм я налхэр къыханэурэ шы зэхэукӀахэм я лъэр ерагъыу зэблахыу арат. Шу мэжэлӀахэр, къэгубжьахэр дакъикъэ къэс сакъын хуейт мэз чыцэхэм ямыщӀэххэу къыхэлъэт адыгэ шабзэшэхэм, шэхэм зыщахъумэн щхьэкӀэ, гупым къыкӀэрыхуахэм Ӏэмал имыӀэу къатеуэрт цы къахьыну я гугъэу кӀуахэу, ауэ езыхэр щауэ къэзыгъэ-**

зэжахэм я лъэдакъэпэр пачу къэзыхухэр. Шэдылъэрэ мэзылъэр щынэхъыбэ щIыпIэ пхыкIыгъуейхэм я жэщ щIыIэхэми зауэлIхэр зэтраукIэрт. Сымаджэхэр мэщэIу, уIэгъэхэр мэгыз. АдэкIэ мыкIуэжыфынур гъуэгум щыхыфIадзэ икIи а тхьэмыщкIэм къыхуэнэжыр алыхьым и гущIэгъу пэплъэну аркъудейщ. Ауэ алыхьми кIэншэу гущIэгъу игуэшын нет иIэкъым.

Гумэ псым адэкIэ кърымхэм яшхэр лъэрыщIыкI щыхъуу хуежьащ, дзэр щIэкIыу сымаджэ зэтехъуащ. АдыгэщIыр зыхъумахэм я пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэным, щIэмыхъуэпсыфыным хуэдиз Iуихащ узым.

КъыкIэлъыкIуэ гъэми тэтэрхэмрэ тыркудзэмрэ Псыжь деж фIыуэ щаудынымщIащ.

Зи кIэн къимыкIыжыххэ Къаплъэн-Джэрий и пащтыхьыгъуэм трахуащ.

Иджы ахэр къащытеуэнур 1709 гъэр арат. А зэманым тырку султIан Ахьмэд и мурадащ Урысейм ирищIылIа мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэр къызэпиуду, кърым хъаныр гъусэ къищIу УкраинэмкIэ иунэтIыну. Абы езым и дарэгъу Карл XII и дзэр щIыгъуу щыIэт. Нэхъ зэманыфI уигъэлъыхъуэнщ жыхуаIэм хуэдэт, ауэ...

Майм Петр Езанэм Азов къишащ кхъухь щIэрыпс защIэу 241-рэ зыхэт флотилиер. Апхуэдиз зи лъэщагъ флотым Тыркур игъэшынащ икIи швед пащтыхьым Полтавэ деж щызэхигъэзэрыхьа къомыр езым и закъуэу зэхихыжын хуей хъуащ.

Зауэм щIидзэным и пэкIэ Карл и офицерхэм захуигъэзащ:

— Абы (Петр) дэ ерыскъы куэд тхуигъэхьэзыращ. Пщэдей фэ щIыхьыр къыщывэджэ лъэныкъуэмкIэ фыкIуэну къыфпэщылъщ.

«Ерыскъыр» икъукIэ гъэткIугъуейуэ къыщIэкIащ...

«ЗэрымыщIэкIэ урысхэм къахьа а текIуэныгъэ ин дыдэм» иужькIэ зыри «зыпэмылъэщыжыну», мин щэщIрэ тIурэ хъу шведыдзэм и гъащIэр иухащ.

Карл ерагъкIэ и щхьэр Константинополь нихьэсри султIаным и къуагъ зыкъуигъэпщкIуэжащ.

1709 гъэм кърикIуахэм, «северым щыIэ щытыкIэр къанэ щымыIэу зэблэзыгъэувыкIахэм: и гъунэгъухэр апхуэдизрэ зыгъэшынэу, австрийскэ империер зыгъэкIэзызу щыта Швециер езыгъэхуэхам икIи адрей къэралыгъуэу зи цIэкIэ фIэкI зи щхьэкIэ иджыри ямыцIыхуу, езым и гъунэгъу нэхъ благъэ дыдэхэм фIэкI нэгъуэщI къэралхэм я Iуэху хэмыIэбэфу щытар, ину къэзыIэтахэм» Францием

**и тхыдэтх герцог Луи Сен-Семон пщIэшхуэ хуищIауэ щытащ.**

**Югми Iуэхум апхуэдэу зыщызэрихъуэкIыну зэманыр къэсатэкъым, ауэ абы и лъабжьэр ягъэтIылъырт. А зэхъуэкIыныгъэхэм адыгэхэми къалэнышхуэ щагъэзэщIэнут.**

*Сэ салъытэ срикъуэу*
*Сыкъэзымылъхуа анэм,*
*Сэ срикъуэу мэгугъэ*
*Адагъэ зымыщIэ адэр —*
*Лъэпщ и псалъэхэр гум къэзыгъэкIыж*

## *ЕПЩЫКIУБЛАНЭ ХЪЫБАР*

Зэхэуэр зэфIэкIри етIуанэ махуэм Кургъуокъуэ уnэм зэрыкIуэжыным зыхуигъэхьэзырын щIидзащ.

Щхьэж и зэпщIэкIэ зэбгрыкIыжырт шухэри, зэбгрыджэдыкIыжырт нэгъуэщI мыхъуми зы шы щIакъуэ къуентхъ къэзымыщIыфа лъэсыдзэхэри: уэркъхэм шэтырышхуэр яубыдащ хакIуэпщIэурэ. (Уей-уей жезыгъэIэхэм къуентхъыр ягуэпыху, мэкъумэшыщIэхэм зауэм хэкIуэдахэр щIалъхьэжат.) Дэтхэнэми фIыуэ ищIэрт ЦIащхьэр къилъыхъуэну зытехуэр хэтми — Тузар Къанболэтрэ Хьэтэжыкъуэ Кьубатийрэт. Ауэ епщIыжакIуэр къыщалъыхъуэну лъэпыкъуэр зыкъомкIэ нэхъ нужьыIуэкIэщ.

Нартшу ечэнджэщамэ нэхъыфIт жиIэу Канболэт игу къыщыкI дыдэм, зэрыщIыкIу лъандэрэ фIыуэ ищIыху макъ хьилэшыр къэIуащ:

— БжесIатэкъэ укъысхуей щыхъуа дакъикъэм сыкъызэрыбгъуэтынур. Иджыпсту сигу къокIыж Нартшу и мыгъусэу Къэралбий и къуэр щакIуэ мыкIуэу щыщыта зэман дахэкIейр.

— Сэри моуэ сигу къэкIа къудейт Iуэху гугъу дыдэм икъукIэ къысщхьэпэн си ныбжьэгъу гуэрыр.

— Сыт-тIэ мыщэ лъэужь ущIэлъыхъуэр езыр уи пащхьэ щыткIэ!

— ХьэIуцыдзым и лъэужь къэлъыхъуэн хуейщ...

— Уи щакIуэ нэ закъуэм зыгуэрхэр къихутакIэщ.

— Уи фIэщу жыпIэрэ? — шэч ищIу щыгуфIыкIащ Къанболэт.

— ДыгушыIэнуи зэман дихуэнщ, ауэ ефэ-ешхэ нэужьым Щоджэныкъуэ хьэблэм сыкIуэу сыкъэкIуэжыну сыхунэсакIэщ.

— Ар сэри сигу къэкIын хуеящ...

— Псори уэ уигу къэкIынумэ, сыт ныбжьэгъурэ Iыхьлырэ зэрыпщIыжынур?

— Сыт къэпщIа-тIэ?

— Алыджыкъуэ и унагъуэ екIуэлIэжащ.

— ИтIанэ-щэ?

— Гъуэмылэ къищтащ, игъэпщкIуа хъугъуэфIыгъуэхэри зэщIикъуэри... Нартшу и щIопщыр Iуащхьэмахуэ лъэныкъуэкIэ иишящ.

— Гуры-Iуэ-гъуэщ,— зэпишащ Тузарым.— Чыржыныр ишхри КуржыкIэ кIуащ. Уэлэхьэ, демыпIэщIэкIыу мыхъуну.

— Шэч хэмылъу,— арэзы хъуащ Нартшу икIи щIигъужащ и щхьэ хужиIэж щIыкIэу.— Псом хуэмыдэу адрей псор щыпIэщIэкIам деж.

— ЦIыху куэд дыхуейкъым дэ, пэжкъэ? — щIэупщIащ Къанболэт.— Абы езым дапщэ щIыгъур?

— И унэIутхэм зэрыжаIэмкIэ, ЦIащхьэм Зэриф жыхуаIэ и уэркъым фIэкIа зыри зыдищтакъым. Ауэ гъуэгум зыгуэрхэр щызыщIигъункIи мэхъу.

— Сэ Къубатийрэ а таулу нэжэгужэмрэ къыздызощтэ. Уэр-щэ?

— Къуанши? — пыгуфIыкIащ Нартшу.— И щхьэр яуIа нэужьи а зэрынэфIэгуфIэ ар? — Абрэджым Къанболэт и щIыбагъымкIэ къыдэт балъкъэр щIалэр имылъагъуфэ зытригъэуащ.

— Ей, уэри уэ! — щIалэр губжьауэ Тузарым и щIыб къыдэплъащ.— Си щхьэ уIэгъэм уи щхьэ узыншэр иремыгъэуз.

— Уэ мыдэ ущыIи? НтIэ, си ныбжьэгъу, уи щхьэр зэпэщыжамэ, мы къуажэхьыр къащIэ: щхьитI, кIитI, нибл, тхьэкIумибл.

Къуанш хэгупсысыхьащ, и натIэр зэригъалъэу, и нэхэр зэтрикъузэу, иужькIэ ину дыхьэшхащ, зы псалъэ къыхудэмыщеижу.

— Ар... ар... мис...— абы и Iэр абрэджым дежкIэ еший, арщхьэкIэ дыхьэшхыр хуекъухыркъым,— ар Нартшу нэзакъуэ, ЖэрыкIэ къуагуэ сымэ шым тесу аращ!

Къанболэтрэ Нартшурэ ягурэ я псэкIэ дыхьэшхащ икIи зы жьэу жаIащ Къуанш и щхьэм хуэдэщхьэ къэбгъанэу гъуэгу утехьэ зэрымыхъунур.

Уанэ зытелъ шитI и Iэдэжу Жихару щыта, иджы ЖэрыкIэ хъуа лIыр къыIухьащ, Iуэхур зытетыр къыщищIэм, адрейхэм я гъусэу дыхьэшхащ.

Абдежым пэмыIэщIэу щыт шэтырым къыщIэкIащ Къубатий икIи гъуэгу техьэнухэр гуп зэрыгъэхъуащ.

— Гъуэгупэ псалъэ къуата? — еупщIащ Къанболэт и гъэсэным.

Къубатий нэщхъейуэ пыгуфIыкIащ:

— Къызатащ. Уэри къолъэIужащ ЦIащхьэр Iэмал имыIэу псэууэ къэпшэжыну.

— Ар дыдэр сэри къызжиIати.— Тузарым и дамэр дригъэуеящ... Дэгъуэщ-тIэ. Зитлъэфыхьынкъым. Уи ФIыцIэри уанэ зэщIэлъхьа?

— НтIэ,— Къубатий мащIэу фиящ. Фэхум деж щыхъуакIуэ табыным къыхэкIри абы къыбгъэдыхьащ шы къарэ дахэкIейр икIи щIалэм и нэкIум и пэр къыщихъуащ.

* * *

«Гъуэгупэ псалъэ...» — нэщхъейуэ гупсысэрт Къубатий, фIэхъус папщIэу и щхьэр къыхуищIащ,— арат гъуэгупэ псалъэр зэрыхъур... Пэжу, адэр диным ехьэлIа псалъэмакъым хуабжьу дихьэхат, итIани...

Къадым и алътес халатыр ятIэм хэутат, щIыпIитI-щыри пхисыкIат мафIэм, щихъым и гугъу нщIымэ, и нэгум къыщыр гузагъэгъуэрэ ныбэизыгъэрэт. Иджыпсту ар гукIэ къеджа къудейт щIэгъэкъуэн лъэпкъ имыIэу уафэр зэрыIэтам теухуауэ КъурIэным ит усэ едзыгъуэми, аркъудейр ирикъуну къилъытэрт алыхьым и лъэщагъым шэч лъэпкъ къытемыхьэжыным! Пэжуи абы зыми зыгуэри пидзыжыфакъым — уафэм щIэгъэкъуэн нIэу зылъэгъуа щыIэкъым. Къадым гупсэхуу едаIуэхэрт, арэзыуи я щхьэр ящIырт. Адэлджэрий уазыр игу хыхьауэ дин гурыщIэ куум иубыдауэ щыст. Ауэ къадыр щтэIэщтаблэу Къэзэнокъуэм хущIэплъырт — зыгуэр къыкIэщIидзэнкIэ шынэу.

— НтIэ, алыхьым и пащхьэм щызэхуэдэмэ, цIыхум диныр и фIэщ зэрыхъумрэ и IуэхущIафэ дахэмрэ фIэкIа алыхьыр зэплъ щымыIэмэ, дэнэкIэ умыгъэзами, хэт и дин щIэкъуи тхьэмыщкIэрэ алыхьи бегъымбари къизымыдзэу зи гъащIэр зыхьыр хуэщIауэ псэууэ сыт дыщIрихьэлIэр? — щIэупщIащ Жэбагъы.

Къадыр щэху гуэрым щыгъуазэ нэхъей, пыгуфIыкIащ:

— Алыхьым и пащхьэ къикIа тхылъым итщ: «Алыхьым зыхуейм шхыныр Iэмыщlэ изкIэ ирет, е мардэ нахуэм трещIыхь».

— АтIэ, а тхылъым щхьэ ит шхыныр «лъаIуэ псом яхурикъун хуэдизу» алыхьым ярет жиIэу?

Къадыр губжьауэ папщэри кIыхьу тепсэлъыхьу щIидзащ дин Iуэхугъуэхэм, Псалъэмакъыр зэIубз мыхъу дэнэ къэна, атIэ «КъурIэным и фIыцIагъэ» куу пхыплъыпIэ

зимыIэм хишэрт. ИкIэм абы псори псалъэбэм хигъэзэрыхьащ, езыри хэзэрыхьыжауэ шэтыр кIуэцIыр щым хъуащ.

Ей, ауэ сытми и нэ къикIрэт Къубатий и псалъэ яхилъхьэну! Ауэ абы нэхъыщIэ мыбдеж щыIэтэкъым...

ИтIанэ зыгуэр щIэупщIащ, дин псори зы тхьэм къыбгъэдэкIа? — жиIэри.

Къадым Iупсыр къыIурипхъыу, жиIэхэр къыбгурымыIуэу гъумэтIымащ икIи и Iэхэр ищIащ ар имыдэу.

Нэхъыжьхэм ящыщ гуэрым и псалъэр иукъуэдиящ зэныкъуэкъухэр зригъэкIуж щIыкIэу, егъэлеиIуауэ муслъымэн диным щытхъуу, абы щыгъуэми ислъамым и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэм — чыристаным и жагъуэ зэримыщIыным иужь иту:

— Еджа гуэрхэм жаIэу сэ зэхэсхыгъащ, пэжуи къыщIэкIынщ, уи фIэщи пщIы хъунщ мыпхуэдэ псалъэ. Дэтхэнэ динри ипэжыпIэкIэ тхьэ закъуэм деж къокI. Бегъымбар псори абы къигъэщIащ, абы и уазхэр цIыху цIыкIум деж къахьэсыну. Япэу къигъэщIащ Муссэ, журт лъэпкъым я акъылым зригъэузэщIыну, Хьисэ къэкIуэным хуигъэхьэзырын щхьэкIэ. И чэзу къэсри Хьисэ къигъэщIащ. АрщхьэкIэ абы и хьилмы къабзэр гъэзэщIэгъуей хъуащ цIыху цIыкIу къаруунишэм, хабзэ ткIийхэр имыгъэзащIэу гуэныхьлыуэ псэун щызымыгъэтыфым дежкIэ. Еплъыт щIыбышэ ныкъуэдыкъуэр шууейм егъэзэуэфи, хьэмэрэ нашэм фоч егъэгъауи. Арати, алыхь гущIэгъулым Мухьэмэд щIылъэм къигъэкIуащ, Хьисэ и хабзэ ткIийр игъэщэбэн папщIэ, абы хьилмыр, цIыхум и фэм дэкIыфыным щхьэдэмыхыр, зымыгъэзащIэр игъащIэ псокIэ бэлыхь хэмыкIыжу къэнэну иухри. Си шым и лъэ псыгъуэхэмкIэ тхьэ соIуэ, ар мыпэжу щытмэ.

Губжьым зи гущхьэр къигъэкъуалъэ къадым абы иритыну щыта жэуапымрэ зи пащIэкIэм щIэгуфIыкI Къэзэнокъуэм абы пидзамрэ зэхихакъым Къубатий. А дакъикъэм хэгупсысыхьауэ щыс адэм сэлам кърихыж щIыкIэу и щхьэр ищIри, гъуэгу техьэну къуэр хуит ищIащ. Шэтырым къыщыщIэкIым Хьэтэжыкъуэ нэхъыщIэм гу лъитащ абы щIэт псори хъуэпсэнэкIэ къызэрыкIэлъыкIуэтар, Жэбагъы и закъуэщ ныбжьэгъугъэ хэлъу и дамэ къытеуIуар.

* * *

ЗэрыщIэпхъуэж лъандэрэ Алыджыкъуэрэ Зэрифрэ пхъэрым япэ итт зы жэщ махуэ гъуэгуанэкIэ. Ауэ ахэр Балъкыщхьэ дыдэм къыщыщIэж псы фIэIу хуабэм щынэ-

сам, а гъуэгуанэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ хъуат. Пэжу, щIэпхъуэжахэм ягу къэкIыххэртэкъым пхъэрыр апхуэдэу кIэщIу я ужь къиту. Уеблэмэ я гугъэт пхъэр къакIэлъемыжьэххауэ.

Адэ-мыдэкIэ щызэбгрыдза къыр къутахуэхэмрэ абрэмывэхэмрэ я джабэхэр езылъэсэкI къуршыпс щIыIэр нэжэгужэу щыушэ щIыпIэ гуэрым деж ахэр шым щепсыхащ.

Зибг иуа махуэр зэлъыIухат. Iуащхьэмахуэ абрагъуэр щхьэ хужь хъужауэ уардэу, щIэращIэу къэлыдырт, уафэ щIылъэныкъуэр иубыду.

Скъар абрагъуэхэм я лъащIэм псы хуабэхэр лъагэу къыщыдриутхейрти псыIэрышэ цIыкIу къагъэщIырт я лъащIи ябгъуи гъущI улъияыфэу ираIауэ. Зыгуэрым и Iэгумызагъэхэм псы цIыкIум и лъащIэр къратхъури Iуащ Iати, уи пщэм къыщIэуэу псы хущхъуэм ухэс хъурт. Ар дыдэрт ищIэр иджыпсту Щоджэныкъуэми. И гум хыхьарэ и нэхэр щIиукъуанцIэу абы и щхьэ къуийр псым щIигъэмбрыуэрт. ГъащIэр абы нобэрей махуэ дыгъэнс дахэм, уафэ щхъуантIэпсым, Iуащхьэмахуэ нэр зыгъэджыл и уэс хужьыпсым хуэдэу телъыджэу къыщыхъурт. КъикъуэлъыкIырт, уэрэд жиIэу ушэну хэтт абы и псэ фIей къуий вэгъу зытрищIар. Мыпхуэдэ махуэу пIэрэт, егупсысырт Алыджыкъуэр, нартхэр Iуащхьэмахуэ щыгу санэхуафэ Псатхьэ деж щыцызэхуэсрэ тхьэхэм я фадэр зэрыт фэндырэм бгъэдэсу ефэ-ешхэу щыщытар. Мыпхуэдэ махуэу пIэрэт санэ зэрыт фалъэр иратын щхьэкIэ Сосрыкъуэ хахуэр къыщрагъэблэгъауэ щыщытар, ауэ гуитIщхьитI мыхъуу чэфыжьыр къезыта санэмрэ абы и жылэмрэ зэрыт фэндырэр къипхъуатэу бгым къыщридзыхар. Пасэрей адыгэхэм я щIыналъэм щызэбгрыжащ фадэр, жылэхэр къыхэкIащ — дэнэ щIыпIи къыфIэблэлу санэ пIащэхэр зыпыт чыцэхэр къыщыкIащ. Псом япэу абыхэм ещIэн хуейр къыгурыIуащ Сэтэней. Санэр фэндырэм ириубэри абрэмывэ трилъхьэжащ. Санэм и псыр къыщIихуащ, а псыр къэкъуалъэмкъэкъуалъэурэ къэгубжьыщ аби фэндырэм телъ абрэмывэр фийуэ дрихуеящ. Мис абы щыгъуэ нартхэм къащIащ тхьэхэм я фадэр зыхуэдэр. Ауэ дэнэ щыIэж иджы санэр? Пасэрей тхьэхэм я динми хуэдэу, санэ жыгхэр гъужащ. Къурш адрыщIым щыпсэу сонэхэмрэ куржыхэмрэ я деж санэ жылэ нэхъыбэ щелъэлъэхагъэнщ мы ищхъэрэм нэхърэ. Ауэ, дауэ мыхъуами, Щоджэныкъуэпщым иджы зыщегъэпскI пасэм щыгъуэ нарт псынэкIэ, иджы нарт санэкIэ зэджэ псы хуабэм.

Зэриф нэщхъыцэу мывэм тесу абдеж дыдэм къыщыст, зэтIэхъуу икIи пIащIэу пэплъэрт езым чэзур къыщылъы-

сынум: пщыр зыхэс псыIущIэм хыхьэну ар хуиттэкъым.

ИкIэм Алыджыкъуэ къыхэкIыжри зихуэпэжу щIидзащ, Зэриф пщым елъэIуащ и щIыб къигъэзэну — укIытэу къыщIэкIынт. Щоджэныкъуэр ауан хэлъу абы еплъри зигъэзащ. Пщым ищIэрт абы и Iэпкълъэпкъ зэIэщIэлъым цы Iув темыту зы IэпапIи зэримыIэр.

Пщым зихуэпэжащ. И уэркъым псы хуабэм зыгуэрхэр жиIэурэ зэрызыхидзар щызэхихым, бгъэдыхьэри Зэриф зытеса мывэ дыдэм тетIысхьащ.

— Нобэ Бахъсэн аузым зыдэдгъэщэтэфатэмэ арат,— жиIащ Алыджыкъуэ.— ИтIанэ пщэдей Чегет бгым къыпэткIухьу Донгуз — Орун щхьэдэхыпIэм и щыгу дихьэфынт.

— Си шым и лъэбжьанэр икъутащ. Хуэму дымыкIуэу хъункъым,— жэуап къитащ уэркъми.

— Сэ псынщIэу сымыкIуэу хъунукъым,— губжьауэ жиIащ пщым.— Пхъэр ди ужь итмэ, сыт тщIэжын?

— Сэр-щэ? Сэ уи сэшхуэм сриIэпщэщ, уи шабзэм сришабзэкъущ.

Пщым ауанышщIу и пащIэхэр дригъэуеящ.

— Уи псалъэ дахэхэм сыт я пэрмэн, гъуэншэдж щыпщымыгъкIэ.

— Уэри гъуэншэджыншэу псым узэрыхэсрэ куэд щIакъым...

— Ей, Хьэтэжыкъуэ пщы щIалэр уи нэзэрыхъэм къызэрыхэуэрэ губзыгъэ ухъуа хуэди,— Алыджыкъуэ хузэфIэкIакъым и уэркъ балэбанэм щIэмынэкIэн, «хьэм и кIэм утеувэмэ, къодзакъэ» псалъэжьыр ищIэж пэтми.

Зэриф и жэуапыр телъыджэлажьэт. И IэгушхуэжьымкIэ псым хэуэри уэркъыр губжьауэ къилъащ:

— Дэнэ къикIауэ пщы ар!

Алыджыкъуэ и нэхэр щыункIыфIыкIащ:

— Сыт жы... жы... зэ жыIэжыт!

— ЛIо жысIэжмэ. А уи Къубатийр Хьэтэжыкъуэм и къуэкъым. Мис аращ жысIэр.

— Хэт-тIэ зи къуэр.

— УнэIут фызым. И адэри унэIуту щытащ.

— Дэнэ уэ ар щыпщIэр? Хэт къыбжезыIар?

Зэриф псыр зыжьэдигъэжыхьри псыутхыу къыжьэдигъэжыжащ.

— Зыми къызжиIакъым, сэ зэхэсхауэ аращ. Уи цIыхухэм жыр джанэр къадыгъуауэ Кургъуокъуэ и унэр зыкIзыщхьэ щащIым сэ хадапхэм сису абыхэм сежьэрт-тIэ. Мис аращ.

— Сыт арар? ЖыIэт, жыIэт.

— Фызыжь гуэр моуэ хэпсэлъыхьу хадэм къихьащ. Дэ къищыпырт, и щхьэ хуэпсэлъэжу,— Зэриф зызэкIэщIишурэ фызыжь дзэншэм зыпищIыжу щIидзащ:

— Хъадыжэ псори ещIэ, псор-ри. Хъадыжэ ищIэр зыщIэ зы цIыхуикI щыIэкъым. Тэмэм дыдэу жысIатэкъэ а щIалэ цIыкIур псом нэхърэ зэрынэхъыфIыр. Зы пщыкъуи абы и Iыхьэ блани и уасэкъым Къубатийуэ дуней нэху! Псоми я гугъэщ уэ Кургъуокъуэ урикъуэу, арщхьэкIэ укъэзылъхуар унэIут тхьэмыщкIэщ. Кургъуокъуэ и фызыр лъхугъэм щилIыкIакIэ, сабийри лIат-тIэ. Хъадыжэ Iущыщэ мыхъуу хэт и фыз-тIэ нэгъуэщIым и Iэуа цIыкIур, тэхъуапэ тхьэмыщкIэм къыщалъхуар, абы къихьу кIэщIэзыдзар. И адэри унэIутт, ауэ нэхъапэжу...

— Сыт «нэхъапэжу» жыхуэпIэр?

— СщIэркъым. Дэр ихьри фызыжьыр IукIыжащ.

— А дэр уи тэмакъым тенащэрэт уэ! НэгъуэщI зыри зэхэпхакъэ?

— Хьэуэ. Уи щIыб къэгъазэ, сынысхэкIыжынущ.

— Зэ умыпIащIэт. Иджыри къэс щхьэ бубзыщIа ар?

— Сытыт щIэсIуэтэнур-тIэ?

— Белэмбешэм!

— ГъущIыр згъэпцIащ, пщы, хьэфIым хуэдэу, гурэ псэкIэ пэжу игъащIэм сыббгъэдэмытмэ, абы и ужькIэ фIыщIэм и пIэкIэ...

— ТIуащIэу убелэмбешэмщ. Иджы фIыщIэ гуэркIэ укъэмыгугъэххэ. Вэнвей цIынэщ а уи щхьэм хуэфащэр!!

— Зыгъази зызгъэхуэпэж! — и макъым шынагъуэу зригъэIэтащ уэркъым.

Алыджыкъуэ уэркъым и нитIым щIэплъэри зэщIэдиящ: гъуэгу зытетыр екIэ иухыну гугъэ уэзыгъэщI гужьгъэжь абыхэм къыщIэщырт. Мы домбейм ныкъуэдыкъуэ уищIыныр, унукIыпэныр цыуэ къридзэнкъым, уихъунщIэрэ шыншэу къырым укъринэу Къэбэрдей игъэзэжыныр шэч зыхэмылъщ. АрщхьэкIэ пщым псынщIэу зыкъищIэжри кIэрахъуэр кърипхъуэтащ. Зэриф псым зыщIигъэмбрууащ, шынауэ. Хьэуэ, пщым и мурадтэкъым Зэриф иукIыну, абы и гъащIэ псом зы цIыху иукIатэкъым, кIэрахъуэр уащ, зи псэр хэкI шыр елъэкъуаууэ мывэ зэхуакум дэхуащ. Псым зыкъыщIигъэмбруукIыжмэ, уэркъым елъагъу Зэриф и щыгъынхэр къищтауэ пщыр и шым дежкIэ зэрыжэр. НапIэзыпIэм абы шым зридзыжащ.

— Зысхуэпэжынущ жыпIа, хьэнэкIу? Хьэуэ, щIэх дыдэ уи щIыфэ щыгъын иплъхьэнкъым уэ!

Апхуэдэ напэншагъэ зыкIэлъызэрахьа уэркъыр, къапхъэным IэщIэхуа мыщэу, къэкъугъащ. Алыджыкъуэ абы

къыщIэнакIэу Iэ къыхуищIри ущ мащIэкIэ и гъуэгу техьэжащ. Пщым гыбзэ бзаджэр и лъэужьт. Зэриф псы хуабэм къыхэжри лъэбакъуэ зытхухкIэ Iужащ, арщхьэкIэ гузэвэгъуэ гуэрым иубыдауэ жэрыгъэкIэ къигъэзэжри псым хэтIысхьэжащ. АсыхьэтыпцIэм тесабырэжри ину пыгуфIыкIащ. ИтIанэ пщым здигъэза лъэныкъуэмкIэ убжьытхэри Iущэщащ:

— Сытеубжьытхэ. ТIум щыгъуи сыкъилъэгъуакъым.— ТхьэмыщкIэм дежкIэ иджыпсту нэхъыщхьэр псэ зыпыт къытемыплъэнырт.

И щхьэр уардэу щIиупскIэу, и Iупэ Iувхэр ерагъкIэ игъэпIэжьажьэу къыхидзащ и сабиигъуэм анэшхуэм къыжриIауэ игу къинэжа уэрэд цIыкIур:

Джэдум лы къылъагъэсакъым,
Ауэ уардэу джэдур щысщ:
Ар сэ Iупэм ныхуэсхьынкъым —
Ягъэфауэ мэ къыхех.

Абдежым Зэриф и щхьэм зыгуэр щыкIыргъри, игъащIэм зы псалъэ имыщIам ещхьу, цIыхубзэр щыгъупщэжащ.

* * *

Тэмэму къыщIэкIащ Нартшу къихьа хъыбарыр. А махуэ дыдэм техьэу щIадзащ «хьэIуцыдз лъэужьым».

Япэ епсыхыгъуэм и пэ къихуэу абыхэм къахуэзащ Къущхьэхъу щиIыгъа жэм хъушэ цIыкIур жылагъуэ гъунэгъум зыхуж Iэхъуэр. Дыгъэ къухьэгъуэм нэблэгъауэ абы жыжьэу илъэгъуащ псыщхьэм дэкIуей шууитIыр.

— Си гугъэщ а тIум языр Алыджыкъуэ ЦIащхьэу,— быдэу жиIащ Iэхъуэм.

— Апхуэдэу щхьэ уи гугъэ?

— Iэу, сэ сыт щыгъуи зи ныбэр нэщI, зи тхьэкIумэр хъыбарылъэ, зи бзэгур хъыбарыщIэ сыцIыхущ. Хъыбарыр ар пцIащхъуэм нэхърэ нэхъ псынщIэу лъатэ къуалэбзущ. Тэтэрхэр зэтраупщIэтащи, Iэщыр тщIыгъуу къуажэм докIуэж. ЕпцIыжакIуэ Алыджыкъуэр тэтэрхэм я гъусэу щIэпхъуэжакъым, гъэруи къаубыдыжакъым. ДэнэкIэ иджы абы здигъэзэнур? Аращ, нэгъуэщIкъым. Сонэм кIуэ щхьэдэхыпIэр жыжьэкъым — махуищ гъуэгу дэлъу аращ.

— Хэт дежкIэ щы, хэт дежкIэ тIу,— мыарэзыуэ гъумэтIымащ абрэджыр.

— Узахуэщ,— жиIащ Тузарым.— ДепIэщIэкIын хуейщ.

Аузыр дахэкIейт. Гъуэгур нэшэкъашэу джабэм дэкIуейрт, зэми мэзышхуэм хэлъадэу, зэми гъэмахуэм

цIыхур щIигъанэу удзыр щыкI мэкъупIэ джабэ бгъуфIэхэмкIэ зыдидзу къэзмакъ, хьэцыбанэ, чыцIыбжьэ зэхэкIэжам хэпщхьэу, зэми зи лъащIэм Балъкъ щыхъущIэ къыр хьэдзэ абрагъуэхэм зриупсейрт. Гъуэгум ухуишэрт блыну иувыкIа Къавказ къуршым и папцIапIэхэмкIэ уафэ къащхъуэпсым зыщыщIигъакъуэ, абы ибгъукIэ чэщанэ щхьитIу Iуащхьэмахуэ абрагъуэр, Къуанш и бзэмкIэ, Мингитау, уардэу здэщыт щIыпIэм.

Дыгъэ етIысэхам Iуащхьэмахуэ и уэсхэм дыщэпс ятригъэлъадэу щIидзат, шууейхэр нартсанэ хуабэм и къыщIэжыпIэм щынэсам.

— КъызжеIэт, Нартшу,— гъуэгум щаIыгъа щымыгъэр икъутащ Къубатий,— дауэ щыт ди Щоджэныжьыр?

Бгы задэм еххэрти шууейхэр хуэму кIуэрт.

— А-а... ЩIэтлъхьэжащ тхьэмыщкIэр.

— Мыхъуа. ЛIыжь угъурлыт. ЦIыху гъэщIэгъуэнт.

— Иужьрей дыдэ щоджэнт,— щэтащ Нартшу.— ЖэрыкIэ урыс дыуэ гуэрхэр трищIэри щIэтлъхьащ. Си гугъэщ ди Иуан хьэдрыхэ щымыгъуэщэну.

— Иумыгъэлей, щIалэ,— губжьауэ фэ зытригъэуащ ЖэрыкIэ, зэрыпыгуфIыкIыр пащIэ-жьакIэ Iувым хигъапщкIуэ пэтми.

— Догуэт-зэ,— и макъым зригъэIэтащ Къанболэт.— Мор сыт? Феплъыт мобы.

— Шы лIа щылъщ...— игъэщIагъуэу зэпишащ Къуанш, асыхьэтуи и псалъэр нимыгъэсу и макъ къызэрихькIэ кIиящ:

— Аланлы! Мсс, мажэ, мажэ...

— Тузарым зи гугъу ищIыр шыратэкъым, атIэ мывэхэм елъэу, мывэ джейхэм закъуигъапщкIуэу, псы къыщIэжыпIэр ибгынауэ къырым ихьэж цыбэрт.

Цыбэр псы адрыщI джабэм нэсри чыцэ пабжьэм хэлъэдащ, зэпишу шынагъуэу зэ кIиижри.

ЩтэIэщтаблэ хъуа шууейхэр шы лIам деж къыщыувыIахэщ.

— Мыр Зэриф и шырщ,— къицIыхужащ Къубатий.

ЖэрыкIэ епсыхри шым уанэр трихыу щIидзащ.

— Мыбдеж къыщыхъуар къызгурыIуэу хуежьащ,— дыхьэшхащ Нартшу.— ТхьэгъэпцIым пцIыупсым дзыхь хуищIакъым, мор псы хуабэм зигъафIэу хэсыху мыдрейм абы и Iэщэмрэ щыгъынымрэ къиштэри щIэпхъуэжащ.

— Тэмэмщ,— арэзы хъуащ Къанболэт.— Кхъуэм и губжь хьэм хуехь... ЖэрыкIэ, ухьэзыр? Фынелъэдэкъауэ.

* * *

Мэз абрагъуэхэм я лъапэм декIуэкI къуажэхэм щыпсэу Iэхъуэхэмрэ мэлыхъуэхэмрэ я деж иужь зэманым щызэлъэщIысащ псэр зыгъэдий хъыбар шынагъуэхэр. Псоми зи гугъу ящIыр мэзылIыр, джэдхэмрэ мэлхэмрэ зыдыгъу, цIыхум я гуэныр къэзыщ, башкIэ е мывэкIэ яхэуэурэ хьэхэм яIэщIэкIыж алмэстырщ. Дахэ-дахэуи ялъагъуркъым — махуэм дунейм къытехьэркъым, жэщым гъуэгур е фэхухэр жэрыгъэкIэ зэпиупщIу ирихьэлIэхэу аращ. Нэхъ хахуэ гуэр щIымахуэ уэсым лъакъуэ пцIанэхэм къытрана лъэужьым тету кIуэри абы и гъуэр мэкъурэ мылыфкIэ къищIыкIауэ бгъуэнщIагъым къыщигъуэтат.

Тегушхуэ зыхэлъ щIалэм и насыпти, алмэстыр щIэмысу ирихьэлIащ. ЦIыхухэм шынапэу, Iущащэу зэхуаIуатэ абы тет бжьакъуэхэм я инагъыр, дэп жьэражьэу къилыдыкI и нищыр, лъыр къызыпыж и Iэбжьанэ кIыхьхэр зылъэгъуам къиIуэтэжахэр. Алмэстыр е вым хуэдэу мэбу, е дыгъужьым хуэдэу мэкъугъ.

* * *

Щоджэныкъуэм лъэщIыхьахэщ ар Бахъсэн аузым щыдыхьэ дыдэм. Пщыр щалъэгъуащ псей IэплIакIуэхэр зэкIэкIа псы цIыкIум и Iуфэм Iуту. Псытепхъэ къилъыхъуэу къыщIэкIынут. Бахъсэн гъуахъуэрт, и толъкъун пщэхухэр губжьауэ псы Iуфэ къырхэм яриудэкIырт. Алыджыкъуэ хутыкъуауэ гу къалъитащ и пхъэрхэм, абы къыхэкIыуи щIэпхъуэну иужь ихьэххакъым. Шынагъуэт уIэгъэ хьэлъэм къела Тузарым аргуэру Iуплъэныр. И Iэ кIэзызымкIэ кIэрахъуэр иIэтри, нэхъ гъунэгъу хуэхъуа Къубатий зыхуигъазэу, къэджащ.

— Укъызбгъэдэмыхьэ, уэ укъамэмэ, сэ сыджатэщ.

— УгъущIIунэ улъиящ уэ, армыхъум, уджатэкъым уэ.

— Мы джатэмкIэ уи щхьэр пызупщIынщи зэфIэкIащ,— жиIащ ЖэрыкIэ пыгуфIыкIыурэ.— Сыт ар зэрыпсэууэ Кургъуокъуэ деж нэс щIэтлъэфынур? И щхьэр тхьынщи куэдыщэщ.

Щоджэныкъуэм кIэрахъуэр хыфIидзащ: Зэриф и шыр щIиукIыкIа нэужь иузэдыжыну игу къэкIыжатэкъым.

— Мис ар губзыгъагъэщ,— жиIащ Тузарми.— Сытым дежи дахэкIэ узэгурыIуэфынущ. Ауэ жаIэркъым псалъэ дахэм блэр гъуэм къришу. Дэнэ щыIэ жыр джанэр?

Пщым и шым кIэрыщIа тэтэр хъуржыным къеIащ Къубатий.

— Мис ар! — абы хъуржыным кърихащ фащэ цIэрыIуэр, псори хуейт абы зэ нэхъ мыхъуми еIусэну.

— Хэт ищIэн, иджы сывутIыпщыжынкIэ хъуну пIэрэ?— игу Iэпыхуауэ щIэупщIащ Щоджэныкъуэр, и лъэIур зэрыделагъэр езы дыдэми фIыуэ зыхищIэу.

— Уэ узилъапIагъ дауэ удутIыпщын? — упщIэр игъэщIагъуэу фэ зытригъауэу жиIащ Нартшу.— Къэбэрдей псом я нэ къокI уэ къыпIуплъэну!

Алыджыкъуэ и нэ гъуэжьхэр щIилъафэри и дзэ цIырхъхэр къыIупсащ икIи шым къещэтэхыу хуежьащ.

ЖэрыкIэ еIэри къригъэхуэхакъым.

— Сыт абы къыщыщIар? — игъэщIэгъуащ Къуанш.

— Сыт! Сыт! — гъумэтIымащ ЖэрыкIэ.— Шынэм ехь, плъагъуркъэ. Мыпхуэдэ къэбэрдеилI япэ дыдэу слъагъуу аращ...

* * *

Санэ Къубатий къытриIуа зэхэуэр Хьэтэжыкъуэм абы кърищIылIащ къаубыдыжа пщым суд щытращIыхьа махуэм и пщэдджыжьым.

Езы Къубатий а псалъэмакъ жагъуэр фIыкIэ нухыну зэрыцыгугъаишхуэ щыIакъым, итIани къыжриIар гущIыхьэ щыхъуащ.

— Дауэ уигу къэкIыхха? — и фIэщ дыдэу игъэщIагъуэрт Кургъуокъуэ... Уи Iэпкълъэпкъым щызежэ лъым и джэ макъ зэхомыхауэ ара? Пщышхуэ тетыр Къубатийрэ Къанболэтрэ япэплъэу къыщыувыIа Выкъуэ лIакъуэлIэшым и хьэщIэцым иджыпсту щIэсыр а тIум я закъуэт.

— Арат къысхуэнэжар иджы,— пищэрт пщым и псалъэм,— си къуэрылъхухэм тумэкIэ къеджэну.

— ЦIыхум я пщIэр къызэралъытэр я IуэхущIафэкъэ? — щIэупщIащ Къубатий.

Хьэтэжыкъуэр мащIэу и пащIэм щIэгуфIыкIащ.

— Дауи, цIыхум хуащI пщIэр къызыхэкIа лъэпкъым е и фащэм темыщIыхьамэ нэхъыфIат. Ауэ ди лъэхъэнэр апхуэдэу къызэрыгуэкIкъым. ЛIакъуэлIэшхэр арэзы зытемыхъуэн Iэджэ щыIэщ.

— Сэ зэрысфIэфIу сщIымэ-щэ? — ерыщ екIуэрт Къубатий.

— Ауэ уигу къыумыгъэкI,— къэгубжьащ Хьэтэжыкъуэ.— Уи гъащIэм, уэрэдым зэрыжиIэщи, «апхуэдэ тхьэрыкъуэ пщэху» Iэджэм иджыри ущрихьэлIэнщ.

Къубатий мурад ищIащ зэкIэ ар куэду икIи афIэкIа адэм еныкъуэкъуакъым. ДяпэкIэ зэман ихуэмэ, итIанэ... ИтIанэ ищIэнур абы иужькIэ къигупсысынщ.

Хьэтэжыкъуэри мащIэу нэхъ гумащIэ хъуауэ и къуэм жриIащ:

— Ей, уэри уэ! «Мышынэу гъущIынэм щIэплъэкIэ» йоджэ абы, итIани,— абы зи гугъу ищIыр къуэр гъукIэ Iуэхухэм зэрыхуэIэзэрт, хэт ищIэн, зауэ лIыгъэхэрагъэнкIи мэхъу.— НакIуэ, и чэзу хъуащ. Уи ныбжьэгъу Алыджыкъуэр къожьэурэ езэшагъэнщ.

* * *

Бжьэпэм деж, мэз кхъужьеижь ину зызыубгъуам и лъабжьэм щIэс зи щIыхьыр ин мэхъчэмэм и пащхьэ иуващ Алыджыкъуэпщ щIэпхъаджащIэр. Судыр цIыхуитIт зэрыхъур: уэлиймрэ зи ныбжькIэ нэхъыжь пщымрэ (апхуэдэпщу къедзам щыIэу къыщIэкIар Ахъло зэшхэм ящыщ зырт) лIакъуэлIэшхэм я лIыкIуэ къуэдзэкIэ зэджэмрэт. А къалэныр нобэ и пщэ дэлът Выкъуэ Инал. Ахълор тIэкIу гуитIщхьитIт: мэхъчэмэр езыр къызэраублэрэ куэд щIакъым, абы и нэмыщIауэ, иджыри къэс пщым и Iуэху зэрыхъунум мыпхуэдэ щIыкIэкIэ унафэ тращIыхьу зэгуэр щытауэ зыми ищIэжыртэкъым.

Арати, я пащхьэ иуващ... Хьэуэ, апхуэдэу жыпIэныр тэмэмкъым — Алыджыкъуэ щIакIуэ зытеубгъуа жыг лъэдакъэм тесу щтэIэщтаблэу адэкIэ-мыдэкIэ плъэрт. Абы и щIыбагъым къыдэст пщы, уэркъ пашэ жыпIэми цIыху пщыкIутху хуэдиз. И кум ист Хьэтэжыкъуэр. Абы ибгъукIэ щолъагъу Тузар Къанболэт, Къэзэнокъуэ Жэбагъы, Мысост Ислъам-бэч сымэ. Хьэтэжыкъуэм къыбгъурысщ Къырым къикIа къадыр. АдэIуэкIэ щызэхэтщ уей-уей жезыгъэIэ лъэпкъхэм къахэкIа щIалэгъуалэхэр. Къубатий тэтэрыбзэкIэ къадым щIыгъуу къэкIуа еджэрейм йоуэршэрылIэ.

Мэхъчэмэм къэрэхьэлъкъым щыщ зыкъоми къекIуэлIати, хабзэм тету адэ жыжьэу щызэхэтт, къэхъунум пэплъэу.

Япэ щIыкIэ Алыджыкъуэ хагъэзыхьащ илъэсибл и пэкIэ къэхъуа Iуэхухэм Хьэтэжыкъуэхэ Исмэхьил, Мухьэмэд зэкъуэшхэм, Тузар Къэралбий сымэ я кIуэдыкIа хъуар иIуэтэжыну.

Нэхъапэм зэхиджа пцIым къытригъэзэжыну дзыхь ищIакъым Алыджыкъуэ. Ауэ псори Мухьэмэд трилъхьэрт мо тэмакъкIэщIыжым и акъылыр утхъуэри и къуэшым зэрылIыкIа удыныр иридзауэ. ЖиIэрт иужькIэ Мухьэмэд и цIыхухэм яхэуэурэ пщIэшхуэ зиIэ лIакъуэлIэшыр иукIауэ. Абы щыгъуэми Щоджэныкъуэм ар хузэтемыIыгъа хуэдэу. ИужькIэ Мухьэмэд Тузархэ я унагъуэр, жыр джанэ

телъыджэр къигъуэтын щхьэкIэ, ихъунщIауэ, зилъ зыщIэжын щымыIэн щхьэкIэ занщIэу Къанболэт иукIыну мурад ищIауэ, (а жыр джанэр езыр иджыпсту Ахъломрэ Выкъуэмрэ яку дэт Iэнэ лъакъуищым телът). Гъуэгуанэ псом Щоджэныкъуэм Мухьэмэд а Iуэхухэр имылэжьыну къытригъэхьэну иужь итауэ, ауэ зыри абы къимыкIауэ.
Мыбдежым Щоджэныкъуэм и ягъэ лъэпкъ...

ЦIащхьэм жиIэхэм зы псалъи дамыгъэхуу щыму иджыри къэс едэIуа цIыхухэм яхуэмышэчыжу щэхуу загъэIэуэлъауэу щIадзащ:

— И пщIым пщIы треупсыхьыж аргуэру.

— Тузар тхьэмыщкIэр-щэ? Илъэсибл енкIэ абы и щIыхьым лъыпсыр къыпыткIуу къекIуэкIащ.

— Уэсым нэхъ хужь щымыIэми, хьэм и веймкIэ еуфIейф!

— Ей, зэ фувыIэт! Къубатий егъэпсалъэ. А зы закъуэпщIийрщ щыхьэту къэнар.

Къубатий зэхэхауэ, Iупщlу псоми яхуиIуэтэжащ Алыджыкъуэ абы щыгъуэ жиIамрэ ищIамрэ: Мухьэмэд щтаучмэ, Алыджыкъуэ щтамылщ. Жыр джанэм и гугъу пщIымэ...

Щоджэныкъуэр къыщылъэтри и Iэр иIэтащ, зэрымыарэзыр къигъэлъагъуэу:

— Уа, а псалъэхэр уи фIэщ пщIы хъуну? Абы щыгъуэм ар сабий дыдэу щытащ, иужькIэ блэкIа илъэсиблым хамэ гупкIэ ысащи, Тузархэ я уэрэдщ жиIэр.

Ахъло и пащIэшхуэр иIуантIэри и фIэщу жиIащ:

— Ы-ы... Iуэху утхъуащ мыр. И кIэм нэсу зэIубз щIыгъуей хъунщ. Ауэ нэхъыщхьэмкIэ Алыджыкъуэ зиумысыжащ — а лъыгъажэр зи лажьэр Тузарыр аракъым,..

— Алыджыкъуэ цIыху губзыгъэщ,— ауан и макъым щIэлъу жиIащ Жэбагъы.— Пэжымрэ пцIымрэ Iэзэу щызэгуэухуэнам и деж а тIур зэгуэпхыным нэхърэ пцIы нахуэр сэтей къэпщIыныр зэрынэхъ гугъур абы ещIэ.

ФIыуэ ялъагъу хеящIэм и псалъэхэр бэ зэхуэсам ягу дыхьащ.

— Пэжщ, Жэбагъы!

— Лъэчу жиIащ!

— Жэбагъы дыдейщ!

Ахъломрэ Выкъуэмрэ Кургъуокъуэ дежкIэ еплъэкIырт, жиIэнум пэплъэу.

— Михкемыр хуейщ псалъэ жысIэну,— пщыр къызэфIэуващ.— АфIэкIа дыщIытепсэлъыхьын щыIэкъым Хьэтэжыкъуэхэрэ Тузархэрэ ятеухуа Iуэхум. Алыхьым и шыкуркIэ, дяку лъыщIэж щIыдэлъын щхьэусыгъуэ щыIэ хуэ-

дэкъым. Мыдэ Алыджыкъуэр и лъэпкъым зэрепцIыжам и гугъу дывгъэщI. ДызэрытеуэнумкIэ Алигот-пэщэм ди тIасхъэ хущIихыу ар щIэпхъуэжынымкIэ зэрыдэIэпыкъуар нахуэщ, ауэ ди пащхьэ дауэ зыщигъэзэхуэжыфыну пIэрэ мыбы? Сыт къыджиIэфын абы бийм и егъэзыпIэм зэрыщыIам, Къэбэрдей псом я фочыщIэ нэхъыфI дыдэ Емуз и унэм къуентхъ лъыхъуэу теуэу а лIы телъыджэр щIиукIам теухуауэ?

А псалъэ купщIафIэхэр, захуагъэ инкIэ гъэнщIахэр, апхуэдэу ткIийуэ, ауэ лIыгъэ зыхэлъ макъ дахэкIэ жызыIэр нобэм уэлий езы Ахълор зэрыармырам къигъэгубжьауэ Щоджэныкъуэм щIэкIиящ:

— Щхьэ ущым? Къэт жэуап!

— Къэт,— унафэ ищIащ Кургъуокъуи.

— Нэстмэ, нэстщ,— къэлыбащ Алыджыкъуэ.— Пэщэр си ныбжьэгъу-жэрэгъуу щыщыткIэ сэ ар ажалым къезгъэлын хуейтэкъэ?

— Абы щыгъуэм сыт пэщэм деж укъыщIэмынар? — япэу и псалъэ къахилъхьащ Выкъуи.— Сыт дэ гъусэ зыхъыщIытхуэпщIыжар? Ди тIасхъэ щIэпхыну аратэкъэ?

— Уэлэхьи, мис ар шэрыуэу уакIэ! — жиIащ лIакъуэлIэшхэм ящыщ зым.

Дыгъэр пшэм къухьа, псымкIэ къриху акъужьыр щIыIэтыIэфI пэтми Алыджыкъуэ къэпщIэнтIащ.

— Сэ тэтэрхэм я псы Iуфэм сызэрыIуихьар си зэранкъым,— зигъэзахуэрт абы.— Си хэкуэгъухэм я бийуэ сэ зэи къамэ къисхакъым.

Асыхьэтым тэтэр къадым и дыхьэшх гурымейр ину къэIуащ:

— Пэжщ, къипхакъым! — къадыр куэдрэ щыму щысыфынкIэ Iэмал иIэтэкъыми къыщиудауэ арат.— Ауэ абы хъаным чэнджэщыфI дыдэхэр иритырт, Къэбэрдейр нэхъ псынщIэу, нэхъыфIу хъунщIа зэрыхъунымкIэ. ИужькIэ жыр джанэр хъаным саугъэт хуищIри икIи къыфIидыгъужащ!

— НтIэ ар епцIыжыныгъэ хьэмэрэ сыт? — Ахълом и напщIэ тхъуахэр зэхиукIащ.— Жэуап къет, Алыджыкъуэпщ!

— Емуз и Iуэху зэрыхъуари къыджыреIэ! — къыхэкIиикIащ зыгуэр цIыху Iув зэхэтым.

— НтIэ,— уэлийм и щхьэр ищIащ зигъэуардэу.— Емуз и хъыбарри!

— Емуз и кIуэдыкIэм си къуаншагъэ хэлъкъым! — идакъым пщым.— Ар зи лажьэр Алигот-пэщэрщ. Абы кIэрахауэ щыта хъугъуэфIыгъуэр къатрихыжын и гугъат.

— ПцIы яупсынумэ лIам тралъхьэ,— жиIащ Хьэтэжыкъуэм.— ЛIам къэтэджыжу уипцI къыщIигъэщынукъым.

Iуащхьэ лъэныкъуэмкIэ Тузарым и макъ гъуагъуэр лъэщу къиIукIащ:

— Алигот-пэщэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэщIикъуэнут, Алыджыкъуэ-пэщэм — уасэншэ жыр джанэр уэ зыкIэщIэбупщIэнут.

— Сэ сыт щыгъуи жысIащ, дяпэкIи жысIэнущ жыр джанэр хабзэкIэ Щоджэныкъуэ лъэпкъым зэрыдыдейр! — нэмукIытагъэ хэлъу къэуващ Алыджыкъуэ.

— Уи нэм къыфIэнэ псори ууейуэ щытын хуейуэ зэрыщлъытэм псори щыгъуазэщ,— жиIащ Выкъуэм.— Укъызэрыдэщщыжам теухуа псалъэр духакъым иджыри.

— Ауэ сэ зы цIыху сукIакъым! Си гъащIэ псом — зы цIыху!

Къэзэпокъуэм псом япэу къигъуэтащ а псалъэхэм ярытын жэуап:

— Ауэ уэ уи зэрапкIэ цIыхунщэхэр яукIащ. Фэндырэ лъабжьэр зэрыщIаудар уэщыщхьэм и мызакъуэу уэщыкIми и лажьэщ.

Щоджэныкъуэм къыфIэщIырт зэи уигъэвэпхъын хуэдизу пщтыр зэми мылым хуэдэу щIыIэ псым хэс. Абы адэмыдэкIэ зидзырт, къаруиуэ иIэр зэхилъхьэрти екъурт псы Iуфэм техьэну. Языныкъуэми абы хузэфIэкIырт и бгъэм щызу бэуэну, арщхьэкIэ аргуэру псышыхьым ирехьэжьэ, жьэ кIуэцIыр ису псы къэкъуалъэмрэ мылыпсымрэ къыжьэдоуэ. Зэми абы и нэгум къыщIидзэрт Къубатий икIи щIалэм теухуа Iуэху щэхур хьэшым ихуа ныбгъуэу и щхьэм щызелъатэрт, ауэ сыт имыщIэми езым и сэбэп нэхъыбэ хэлъу а щэхур къигъэсэбэпа зэрыхъуну щIыкIэр къыхуэгупсысыртэкъым. Бахъсэнызщхьэ къыщехыжхэм щыгъуэ абы зэ мурад ищIат щэхур нахуэ ищIыну жиIэу Къубатий е Къанболэт игъэшынэну, ауэ езыр шынащ. Делагъэт щэху пхъумэну къэбгъэгугъэкIэ уаутIыпщыжыну угугъэныр. Шэч зыхэмылъыращи, пщым ар иутIыпщынтэкъым, атIэ ипIэ имыкIыу теувэнти мацIэм хуэдэу ипIытIынти ежьэжынт. Дауи, Къубатий Щоджэныкъуэм и жьэр игъащIэкIэ зэщIимыхыжыну зэтрипIэну хуеинт, Къанболэти, аращ. Ауэ мис мыбдежхэм зы щIыпIэ гуэрым деж къанымрэ атэлыкъымрэ щыхьэт щымыту я закъуэу япсалъэрэ иужькIэ къыдэIэпыкъуну япиубыдмэ... Къамэр уи тэмакъым кърахухын щхьэкIи? Хъунщ, сыт мехкем зыфIаща мы делагъэм сэ къызищIэфынкIэ хъунур? Си щхьэр палъэнуи? Хьэуэ-тIэ, ар хъункIэ Iэмал зимыIэщ. СаукIын хуейкъым. Хьэуэ, хьэуэ. Дапщэщ Къэбэрдейм щхьэпылъэ щы-

щыIар? Псом хуэмыдэу пщы палъэу хэт зылъэгъуар? Зэзауэм, е хъунщIэм ущаукIынщ — ар нэгъуэщIщ. Деплъынкъэ къэхъунум. Алыджыкъуэ псэууэ къанэмэ-щэ, пщышхуэр кIэну къигъэфэнщ, иджыри къигъуэтынщ а щэху цIыкIум джатэ къызэрыхищIыкIын Iэмал.

— Дауэ мыхъуамэ сэ лъы скIэрылъкъым, хьэрыпыбзэ тхыгъэ зытет джанэр Щоджэныкъуэхэ яйщ,— ерыщт пщы щIэпхъэджащIэр, Iэпщэрыбанэм щыгъуи, нэмукIытагъэм текIуэныгъэр къихьу илъытэу.

Апхуэдэ дыдэуи хъуащ.

Ахълом и пащIэхэр аргуэру ирилъэщIэкIщ, къыбгъэдэсхэм нащхьэ яхуищIри, упщIэ щIэщхъу гуэр иту къыфIэщIыжу Алыджыкъуэм еупщIащ:

— Ярэби, Алыджыкъуэпщ, дыкъызэмыджэф а хьэрып тхыгъэм рум фащэр уэ пIэщIэлъын хуейуэ жиIэу къикIыу жыпIэну ухэту армырауэ пIэрэ?

Абы жэуап иритыну зыщигъэхьэзыр дыдэм, цIыхубзым хуэдэу хъалатыкIэхэр иIэту утыкум къилъэдащ Кърым къикIа къадыр.

— Дэ! Дэ дыкъеджэфынущ! — къикъуэлъыкIащ ар муIэзин макъ лъагэкIэ.— Мыдэ къакIуэ, си къуэдзэу дотэ! — зыхуигъэзащ абы и еджэрейм. КъэкIуатэ гъунэгъуу. Мы хьэлымым дэрэ Кургъуокъуэ-пэщэр къэдгъэгугъащ алыхьым и фIыцIагъэм дыкъыхуеджэну. Мы цIыхум апхуэдизкIэ хьилымышхуэ бгъэдэлъщи, мазэгъуэр зи нэгу кърым тетым деж тефтерь-эмини [1] къулыкъур къыщыхуагъэфэщат. ИIэт, къеджэт!

— Къеджэ, къеджэ — лъэныкъуэ псомкIи къиIукIащ а тхыгъэм къикIыр къащIэну зи нэ къикIахэм я макъ.

Къэбэрдеипщхэм я хъуреягъыр къаувыхьащ мэкъумэшыщIэхэм.

Тефтерь-эмини къулыкъум зи насып хэмылъу къыщIэкIа тэтэрым и нэгу гукъыдэж гуэрхэр къыщыушу хуежьащ. Абы и щхьэр жыр джанэм хуригъэзыхри и Iупэ Iувхэр игъэпIэжьажьэу щIидзащ. ИтIанэ зыкъиIэтыжри, абы и нэгум псоми иралъэгъуащ нэжэгужагъэ гуэр.

— КъыджеIэт, сыт абы тетхар? — унафэ ищIащ Хьэтэжыкъуэм.

— Сэ жысIэнщ,— макъейуэ къыщIидзащ абы.— Ауэ мыр... абы тетхар моуэ мыгурыIуэгъуэ гуэру щытщ. Ауэ алыхькIэ соIуэ, сэ пэжыр жысIэнкIэ.

---

* Тефтерь-эмини (*тырку пс.*) — хъан канцелярием и секретарь нэхъыщхьэщ.

— Абы пэжыр жиIэнущ,— къигъэгугъащ къадым къызэхуэсахэр.

Еджэрейм и бгъэм щызу жьы жьэдишэри:

— Зы псалъэ дэзмыгъэхуу жысIэнщ. ИужькIэ фыкъызэмышхыдэж, си зэран хэлъкъым. Мис а тхыгъэм къикIыр: «О, алыхь, Айнан, Меджид...» — абы «Пэж, Псори зылъэкI» жиIэу къокI...— Къызэхуэсахэм къазэрыгурыIуар къагъэлъагъуэрэ фIыщIэ ящIу я щхьэр ягъэщхъащ, языныкъуэхэм дыуэ ящIу я Iэр уэгумкIэ яIэтащ. «О, алыхь, Айнан, Меджид! Уи нэлатыр трехуэ мы джаур фащэр щызытIагъэ кхъуэм и щхьэм икIи ар псым итхьэлэм и лIэкIэ хьэлъэмкIэ гъалIэ!»

Асыхьэтым Сосрыкъуэ и Жаншэрхъыр Iуащхьэм къежэхакIэ е кхъужьей жыгыжьым и щыгум дамэ зытет Самыр хьэр щхьэпрылъэтыкIакIэ ягъэщIэгъуэнтэкъым икIи игъэщтэнтэкъым кьызэхуэса цIыхухэм зэхахар телъыджэзэрацыхъуам хуэдэу.

Ахълом и закъуэ муслъымэн нэсым зэрихабзэу нэмэзлыкъым тетым ещхьу и жьакIэм Iэ дилъэри уардэу:

— Iэмин! — жиIащ.

— Имычэзууэ абы къыжьэдэхуа а «Iэминыр» мыхъуамэ, тэтэрым лей къарихауэ, къащыдыхьэшхауэ къацыхъуну къыщIэкIынт, ауэ гуитI-щхьитIу дакъикъэ хуэдэкIэ щыта нэужь губжьахэмрэ мыарэзыхэмрэ я макъыр зэуэ щIихъумэу дыхьэшх макъ иным зиIэтащ.

Хамэ гуауэм щыгуфIыкI пщыхэмрэ лIакъуэлIэшхэмрэ пытхъсытхъ жаIэу зэхэтт, и щхьэр ищIурэ ткIыбжьу ыгуфIыкIырт Тузарыр, анхуэдэ гурыщIэ дыдэт Къубатин зыхищIэр: сыт хуэдиз гуауэ, укIыгъэ, лъырэ фIейрэ къихьа а джанэм!

Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ ерагъкIэ къела къудейщ а удыным. Фагъуэу, ауэ ткIийуэ — зэпIэзэрыту къэтэджщ, и Iэр иIэтри цIыху Iув зэщIэвэр зэуэ игъэувыIащ.

— Мехкемым и нужь псалъэр жиIакIэкъым! Сыт хуэдэ тезыр хуэдгъэфэщэну епцIыжакIуэм? А дакъикъэм пщым ЦIащхьэм хуиIэ лъагъумыхъуныгъэр зэи хуэмыдэжу инт, куут, жыр джанэм тет тхыгъэр тезыщIар мы Алыджыкъуэ пэтми.

Выкъуэмрэ Ахъломрэ жаIэнур ямыщIэу зэплъыжащ.

Дэтхэнэри зэгупсысыр, ауэ къиIуэтэну зытемыгушхуэр жиIащ псоми зи Iуэху хэзыIу къады хьэлыншэм: ар пэжу абы ину псоми яжриIакъым, атIэ къыбгъурыс Мысост Ислъамбэч еIущэщауэ арат, ауэ псоми зэхахащ абы и псалъэхэр.

— Ди IэмыщIэ къихуэж епцIыжакIуэхэр лIэкIэ псын-

щIэ щIэлъэIу я хабзэщ. Ди хъаным мы фи Алыджыкъуэ и фэр трихынти тулумбасышхуэм * трикъуэнт!

— Сыт жыпIэр зи щIыхьыр ин! — къэгубжьащ Мысостыр.— Пщым и псэ бгъэнуи? Пщы-ы-м!

— Абы щыгъуэ пщыцIэр къытефх! — къыхэкIиикIащ къэрэхьэлъкъым щыщ гуэр.

Мысостыр къыщылъэтащ:

— Иджыри къэс къэхъуакъым пщыгъэр щытрах, кIуэ хэкум ирахуамэ сщIэркъым армыхъумэ...— лей гуэр жиIам ещхьу и псалъэр пичри етIысэхыжащ Ислъам-бэч.

ИкIэм къащта унафэр зыхуэдэр мырат:

«ЕпцIыжакIуэ Щоджэныкъуэр уанэ зытемылъ шыжь гъэшэсауэ, Iэщэншэу Къэбэрдейм и гъунапкъэм нэс шэн икIи пщыгъэр зэрытрахар жеIауэ Хэкум ихун, зыгуэркIэ Щоджэныкъуэм къэбэрдеищIым къигъэзэжмэ, ар хэти иукI хъунущ. Щоджэныкъуэм и мылъкури лъапсэри къытехауэ гуэшыжын».

Алыджыкъуэ къызэрыфIэIуэхушхуэ щымыIэу а унафэм едэIуащ: жыр джанэм тетхам къызэреджэрэ абы и Iулыджыншагъэр нэхъ мащIэ хъуат икIи и Iуэху зэрихуэжыну гукъыдэж гуэри иIэжтэкъым, дэгъуэ хъуатэкъэ а тхыгъэ «телъыджэм» хъаным къыхуеджэгъамэ! Тулумбас башхэм дэпсэлъэнт Щоджэныкъуэм и фэ гъэгъуар итIанэ.

Шыжь уэдыкъуа гугъу демыхьу къагъуэтащ. Пщым дэкIуэтэну хуей щIалэ зыбжани къыкъуэкIащ.

— А кхъуэм жыр джанэр щыфтIагъэ,— унафэ ищIащ пщым.

УэркъитIым гуфIэжу а унафэр ягъэзэщIащ.

Гукъыдэж лъэпкъ зимыIэж Щоджэныкъуэм зыри япидзыжыртэкъым. ЦIыху Iувым къаухъуреихьауэ ар яшащ псы Iуфэм, абы зэпрыкIыу абы икIун хуейт Къэбэрдей щIыналъэр къызэрибгынэну гъуэгуанэ щIыхьыншэр.

Абы кIэлъадзырт ауан псалъэхэр, ауэ Алыджыкъуэм зыри зэхихыж хуэдэтэкъым. АрщхьэкIэ и лъэгуажьэм нэсу шыр псым хыхьа къудейуэ ар къигъэскIащ цIыхубз кIий макъ псыгъуэжь цIыкIум.

КъызэплъэкIмэ, елъагъу адыгэ фызыжь кхъахэм жану тепкIэу и Iэхэр къызэрыхуищIыр:

Шыгъу зышхар псы йофэж,
Насып зимыIэм и дзэр лэпсым
IуещIыкI.

* Тулумбас (*тырку псалъэщ*) — зауэлIхэм зэрахьэ бэрэбан ин.

Мис абдежым Щоджэныкъуэм и псэр къыхыхьэжащ, пщIыхьэпIэ хьэлъэр зыщхьэщидза нэхъей жан къэхъужри и тхьэмбыл ныкъуэдыкъуэм зэрыхуэгъэкъарукIэ къэджащ:

— Ди зэбгъэдэкIыжыгъуэм узгъэгуфIэнщ, нэлатыр зытехуэн Кургъуокъуэ! Къуэ уиIэкъым уэ! КъызэралъхуулIэжащ! УнэIут щылъхукIэ яхъуэжащ! Мес щыти мобдежым уи Къубатийр! Куэншыбщ! А псори зи Iэужьыр мо Жэщтеуэрщ! ФеупщI абы, фи фIэщ мыхъумэ!

ЦIащхьэм шым и щIыб лъэдакъэкIэ итIыхьри псыкумкIэ иунэтIащ. АрщхьэкIэ псы тепхъэм текIри уэрыпIэм хэхуащ, архъуанэм ирихьэри, зэгуэрым Хьэгъур хьэкIэпычым къызэрыщыщIам ещхьу, Шэрэджрэ Урыхурэ, ящхь псы еIуящIэм, шыбгым къытрихри и IэплIэ шынагъуэр иришэкIащ.

Щоджэныкъуэм щыгът дыщэ Iунэ зэта, дыщэ аслъэным и нэкIумрэ Мэчэм щратхъа хьэрып тхыгъэмрэ зытет рум жыр джанэ лъыпсейр.

ЦIыхухэр хунэсатэкъым ЦIащхьэм жиIэу зэхаха хъыбарыр ягъэщIэгъуэну. Ауэ тIэкIу дэкIри, Алыджыкъуэм и лIэкIэ хъуам абы и хъыбарыр яIэщIигъэхужащ.

Аргуэрыжьу къадыр утыкум къихьащ:

— Мэчэм щыжаIа гыбзэр нахуэ хъуащ,— и Iэр ищIащ абы ислъамым и щыхьэрымкIэ.— Мыбдеж кхъуэкIэ сызэщар лIэкIэ IейкIэ лIащ. Хэт ищIэн, абы и гуэныхьыр иджы алыхьым къыхуигъэгъункIэ хъунщ.— Iэмин!

— Молэм ептыр мащIэмэ, дыуэр нэхъ кIэщIыжщ — жиIат мэкъумэшыщIэхэм ящыщ зым, ауэ а гушыIэр даIыгъакъым — къадым и псалъэм цIыхухэм я гур диным щабэ хуищIагъэнт. Нэхъыжьхэм ящыщ гуэр щIалэм къешхыдащ.

— Арат иджы къэнэжар делэм седэIуэну,— гъумэтIымащ тхьэншэр.

Абы и псалъэр кIэщIу IэщIахащ.

— НэгъуэщIым делэкIэ уеджэн ипэ, уэ узэрымыделэр къэгъэлъэгъуэф, щIалэ!

Пщым и кIуэдыкIэр къызэрыфIэIуэхушхуа щыIэтэкъым Кургъуокъуэ. ЦIащхьэм и псалъэхэр фочыншэу къытехуат и гум.

ИкIи а псалъэхэр занщIэу и фIэщ хъуащ. Адрейхэми я фIэщ хъуа хуэдэт. Ар иджыпсту кIуэрт фызыжьым деж, и нэхэр быдэу триубыдауэ еплъу, ауэ езыми зэхищIэрт хэти къыщыгуфIыкIыу, хэти игу къыщIэгъуу пIейтейуэ абы цIыху куэд къызэреплъыр.

Фызыжь шынам и плIэр хьэшакъыу гъэшауэ ежьат цIыху Iувым захигъэпщкIуэну, арщхьэкIэ хузэфIэкIакъым.

Щоджэныкъуэр зэритхьэлэу, цIыхухэр псы Iуфэм къызэрыIухыжащ.

— КъызжеIэ, фызыжь угъурлы, пэжыр,— зэрешар и макъым къиIуатэу жиIащ Кургъуокъуэ.

— СлIожь сэ жызыбгъэIэнур,— къебгъэрыкIуэу жиIащ Хъадыжэ.— Сэ зыри сщIэркъым.

— УощIэ. Уи IэплIэм илIыкIащ, зиунагъуэрэ, щхьэгъусэр...

— Си IэплIэм илIыкIащ, ауэ сэ сщIэркъым а делэм мыбдеж къыщивахэр зищIысыр. Уэ езыр еупщI хьэIуцыдз лIам.

— Куэд и щхьэ трелъхьэ мы удыжьым,— къэгубжьащ Мысостыр.— Лъаркъэ, ар пщым зэрытепсэлъыхьыр! МафIит зэхуакум дэгъэтIысхьамэ, итIанэ нэгъуэщIу псэлъэнщ.

— ДэгъэтIысхьами хъунущ,— фызыжьым и нэм хьэлъэу зэрыщIэплъэм хуэдэу жиIащ Кургъуокъуэ.

Фызыжьыр и фIэщ дыдэу къэшынащ. Уду уабжынщ, умыщIэххэу мафIитI зэхуакум удагъэтIысхьэнщи, къыбдэIэпыкъу жин плIыщIым я цIэ къипIуэху удрагъэсхьэнщ. ПлIыщI дэнэ къэна плIыщIурэ плIыщIым я цIэ къипIуэни! ИтIанэ пыжь баш цIыкIум фIэлъу хьэ тхьэмщIыгъу уагъэшхынщи, а баш дыдэмкIэ уи тэмакъыр ягъэкъэбзэжынщ. Удым и къэжьахуэм щIыгъуу къыжьэдэкIыжын хуейщ уд Iэзагъри. ИужькIэ махуэ тIощIрэ пщIыкIэ кIэлъыплъыжын хуейщ «цIэ къэзытам» джэдыл зэримышхыным — армырамэ жынхэм къагъэзэжынущ.

А пасэрей дыдэ IэзэкIэр къыщагъэсэбэпыр зэзэмызэххэщ, Iэмалыншагъэм щрихулIам дежщ, Кургъуокъуэ апхуэдэ ткIиягъ егъэлея къызэригъэхъун щыIэтэкъым, ауэ фызыжь ерыщыр тIэкIу гъэшынами мылейуэ къилъытащ.

Хъадыжэ зыри ибзыщIакъым, Кургъуокъуэ и фызыр лъхугъэм илIыкIащ. Сабий къалъхуагъащIэри къахуегъэлатэкъым. Апхуэдэу щыхъум, а жэщ дыдэм Хъадыжэ жэрыгъэкIэ кIуащ махуэ зыбжанэ ипэкIэ лIа унэIут фызым и тэхъуанэм, икIи пщыкъуэ лIам нэхърэ зы мазэрэ ныкъуэкIэ нэхъыжьу абы къыщIэна щIалэ цIыкIур къихьри физ лIам кIэщIилъхьащ. Игу щIэгъуу зеиншэхэр зибгъэкIэ зыпIыну арэзы хъуа фызыр, Хъадыжэ хэлIыфIыхьри, пщым дэгызэу къищтащ. Ауэ зеиншэ цIыкIум иджы зэреджэр Къубатийт, пщыкъуэт. Абы и адэ дыдэри — унэIут сабийр дунейм къытемыхьэ щIыкIэ къуршым къещэщэх мывэм хэхуэри иукIат.

— Иджы сэ сыноупщI,— зиумысыжа нэужь нэхъ хахуэ къэхъуащ Хъадыжэ,— хэт сэ зэран зэсщIар? Ей, цIыхухэ,

сыт фэ фхэщӀа мопхуэдэ щӀалэ дыгъэ къызэрыфхэхъуам щхьэкӀэ? Уей, Къанболэт! УхущӀемыгъуэж уи гугъуехьым!

— СыхущӀегъуэжыркъым! — псынщӀэу жиӀащ Тузарым.

— Уэри, си щӀалэ цӀыкӀу, уигу умыгъэныкъуэ,— фызыжьым Къубатий зыхуигъэзащ.— АкъылкӀи, Ӏэпкълъэпкъ-кӀи, нэкӀукӀи мо пщыхэм яцыщу хэт уэ къыппэхъун?

— Сыт щӀэзгъэныкъуэнур! — ину жиӀэри Къубатий мэкъумэшыщӀэхэм я дежкӀэ бэкъуащ.— ВыщхьэтесыфӀ къыпхэмыкӀамэ, шууеифӀи ухъункъым, жаӀэ. Сэ шуулей сыхъуфащ, си гугъащ Хьэтэжыкъуэхэ я вауэ мыбзаджи сыхъуфыну.

— Ар унэӀут сытми...—хуэму жиӀащ Кургъуокъуэ,— партщ ар. Щхьэхунтщ.

Хуэм дыдэу, лӀыжь кӀуэкӀэу, пщым и шым дежкӀэ иунэтӀыжащ.

Къэзэнокъуэ Жэбагъы Къубатий и дамэм и Ӏэр трилъхьащ, адрей и Ӏэ сэмэгумкӀэ Къанболэт и Ӏэщхьэр иубыдри зрилъэфэлӀащ.

— Мы дунейм тхьэ тетмэ, фэ фицыщ дэтхэнэми мыпхуэдэ «унэӀут» зыраз къэвгъэхъуу вгъэсэну сыволъэӀу!

* * *

Абы и псалъэр даӀыгъыу, цӀыхухэр зэщӀэпсэлъащ.

Емузхэ я унагъуэм псахэми, абы нэмыщӀкӀэ адрей жылагъуэхэм щыпсэу унагъуэхэми щтапӀэ зэрыхьэжа щӀыпӀэр ябгынэн хунэсатэкъым хъаныдзэр зэрызэтракъутам теухуа хъыбарыр щынэсам. А щӀыпӀэр, мывэ къурш лъагэхэм я куэщӀ итыр, езыри жыжьэ щыӀэтэкъым, Шэджэм псыкъелъэхэм ябгъукӀэ къыщылът. ГъэпщкӀупӀэ щэхум узышэр ауз нэхъыщхьэм хэкӀыу къуэ зэв цӀыкӀум дэту кӀуэ лъагъуэрт — скъар блынитӀым шуунтӀ щызэблэкӀыфынутэкъым. Уеблэмэ выгухэр мыбы дэлъэфын, нэхъ тэмэму жыпӀэмэ, зэпкърыхауэ ӀэкӀэ дэхын хуей хъурт. Къуэ шыхьар мэкъупӀэ Ӏувт, мыбы къыщыкӀырт куэду мэз пхъэщхьэмыщхьэри, бгы лъагэхэм ящыщ зым къепкӀэ псырт псыкъелъэ хъужри.

ГуфӀэгъуэр зылъэӀэса къуажэдэсхэм мы зэкӀэ псэууэ къызэтена я унэхэм ягъэзэжащ. АфӀэкӀа зы цӀыхубз тхьэ елъэӀужыртэкъым «азалыхь си жэмыжь закъуэр уи анэмэтщ» жиӀэу.

Алыджыкъуэ ЦӀащхьэр зэраубыдам, абы суд зэрытращӀыхьам, напэтехыу дунейм зэрехыжам, жыр джанэм и щэхум, щӀалэр къызыхэкӀам, ар къэзымылъхуа анэм и

къуэу ябжу зэрыщытам теухуа хъыбархэр Нэлжан, Санэ, абыхэм я гъунэгъухэм я тхьэкIумэ и чэзум иIуат. И чэзур ар Къанболэтрэ Къуаншрэ къамыгъэзэж щIыкIэт.

Къубатий абыхэм я гъусэу кIуэну ауэ жыжьэуи зытригъэхьакъым. ГущIэгъу зыхуригъэщIыну хуейтэкъым. Дауи, хэлъэт зиIэ Тузарым къыгуроIуэ щIалэм и атэлыкъым шэч гуэри зэрыхуимыщIыр, абы и «пагагъэр» зэрыфэрыщIыр.

Къубатий ежьэжащ Нартшу щIыгъуу. Къуанши абыхэм якIэлъеIат, арщхьэкIэ Тузарым иутIыпщакъым.

— Къубатий хуит пщIаи-тIэ? — хъущIэрт Къуанш.

— Ар умутIыпщынри гъуэншэдж хьэху щыгъыу къэфэну къытехьам къытепхыжынри, тIури зыт.

— А-а! — къыгурыIуащ сыт щыгъуи нэщхъыфIэ, хьэрэмыгъэншэ, Iэуэлъэуэн тIэкIури зимыжагъуэ Къуанш икIи игу зэгъауэ щэтащ:

— Абы щыгъуэ кърефэ-тIэ!

* * *

Санэ нэщхъеирилэт, хъуэпсэнэIут. Абы Къубатий кърита Iэлъыныр нахуэу зэрихьэ хъуат, и гурыщIэр, нысэм пщыкъуэцIэр зэрибзыщIым ещхьу, игъэпщкIуми. Уэрэд цIыкIури зэхилъхьат жынхэр къеупщI хъумэ и Iыхьлыхэм я цIэ кърumыIуэу ахэр кърuгъэпцIэн папщIэ:

Емыщ Iэ-фIымыщIэр,
ЗифыщIыжу щыкъакъэм
КъызэрыщакIэцIу хужь хъурей цIыкIу,
ЩабэрыкIуэ
КIэ гъуэплъыр къыщIыхьэу,
Щхьэпрылъыжым чы зэхэухуэнам,
Седжэнщ, си нэр къuхуу,
Щхьэгъусэ схуэхъуам,
Езым и ужькIэ къытехьам дунейм,
И анэбгъэ хужьым и ужькIэ щIэфам.
Я фэр пымыкIыу,
Дзэпкъ жаныр я гъусэу,
Сакъыу абыхэм къалъыхъуэнщ,
Щхьэпримыхыуи къагъуэтынщ
Щабэу-хуэпсыIэу зи Iур бгъузэ,
Замыгъэгувэу,
Абыхэм ар къатIынщ.
И нэхэр зежэу,
КIэ баринэгъуэр абы къuжынщ,
Сэ си щауэщIэ,
Зи шэр мыубзэщхъум,
Кърипхъуэтынщи зи пэр папцIэр,
Къызэроплъ хабзэр кърихунщ,
ИтIанэ гъуэплъыр яупцIэну,

Дыщафэ щабэр къыщахынщ,
А дыщафэ щабэр сэ къысхуихьынщ,
А цыбэ-щабэр сэ схъуэжынщ,
ПхужымыIэжу IэфIрэ хужьу,
Щхьэцыгъуэ гупым къашэ гуэркIэ —
Мис аращ къэхъунур
ЕмыщIэ-фIымыщIэр
Зи фIэщыпэу щыкъакъэм
КъызэрыщакIэцIу хужь хъурей цIыкIу,
И нэр щипхъуауэ, кIэ баринэр
И унэжьым хуэдэу зэгуэр щIыхьэм.

* * *

Апхуэдэурэ блэкIащ илъэсиплI!

Тузарым мафIэм иса адэ лъапсэм унэщIэ ирищIыхьыжри и ныIэр къригъэкIуэтэхащ,— фыз къишащ. Нэлжанрэ абырэ фомрэ цымрэ хуэдэу зэкIэрыпщIэну, я уэнжакъыр дыжьыныжьу дращIеин хуэдэу фIыгъуэ яIэну псори ехъуэхъуащ. ЦIыхухэр щхьэхуэу Нэлжан ехъуэхъурт и дыпIэ мытIэпIыну, бжэным хуэдэу жану, щынэм хуэдэу гумащIэу, джэдым хуэдэу быныфIэу, щIым хуэдэу хьэлэлу, мафIэм хуэдэу гу пщтыру щытыну.

Санэ абыхэм я гъусэу псэурт, жэщи махуи Къубатий пэплъэу.

Къуанш Емуз и унэм къинати, сыджым уадэкIэ теуIуэу псэурт.

Къанболэт жьакIэ дахэ игъэкIати, Нэлжан екIуу хутещыхьырт. ЖьакIэ зэрагъэкIам и щIыхькIэ, хабзэм тету, къащта ерыскъы Iэнэм кърихьэлIащ Къэзэнокъуэ Жэбагъы. КъэкIуащ Нартшуи. Ауэ Къубатий ерыщ екIуауэ къалъихьэртэкъым.

Нэлжан арэзы хъуат и благъэ хъыджэбзыр абы иритыну. Ар Къанболэт къытригъэхьат. Пэжу япэ щIыкIэ абы ауэ жыжьэуи зыхигъэзэгъатэкъым.

— Тхьэ сыарэзымэ, сэ абы къуэкIэ седжэну, ауэ си шыпхъум и куэншыбэр къыщызыхынур къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэ щIалэкъым.

Къанболэт IущIэрт и къаным, и лъэгум шхэн щигъэту Къубатий Емуз и унэм, Къубатий фIэкIа нэгъуэщIым и Iуэху зыхэмылъым, щигъэзэжынумкIэ еупщIырт. Къанболэт хъыджэбзым и гугъуи ищIырт.

ЩIалэм и нэщхъыр зэхиукIэрт, и Iупэр ишэщIынт, и пащIапцIэр игъэпIиинти и пэ лъабжьэ щIэпсэлъыкIыу жиIэрт «псапэкIэ ныбэм из зэрымыхъур», Тузарыри езы Нэлжан дыди къызэрыхущытар дэгъуэу ищIэ пэтми.

Зэхэуэ гуэрым хэкIуэдащ Нартшу, абы иужькIэ, зи лъакъуэр фочыщIэм Iисраф ищIа ЖэрыкIэ гъусэ ищIри ар икIэм икIэжым и щIапIэ итIысхьэжащ икIи дихьэхауэ фочыщIэ IэщIагъэ пщIэшхуэ зиIэм зритащ...

ЖэрыкIэ Iэщым кIэлъыплъырт. Ар икъукIэ жьы хъуат, хуабжьу щIакъуэт, ауэ зэи IэщIыб ищIыртэкъым и фочыр.

Апхуэдэу блэкIащ а илъэсиплIыр.

# КIЭУХ IЫХЬЭ

«ГъукIэр лIати ищIар къыщIэнащ.
АкъылыфIэр лIати жиIар къэнащ»—
*псалъэжьыр зэрыпэжыр къэзыIуатэ*
*ЕПЩЫКIУИЯНЭ ИКIИ ИУЖЬРЕЙ ДЫДЭ ХЪЫБАР*

Урыс гвардием и капитан, Петр Езанэм и ныбжьэгъу икIи и чэнджэщэгъу пщы Черкасский Александр 1711 гъэм и гъатхэм Къэбэрдейм кIуэрт, къуэкIыпIэ Iуэху зэрихуэну. КIуэрт, къалэнышхуэ и пщэ дэлъу.

«Государь иным унафэ ищIащ езым, государь иным, и Iуэхухэм япкъ иткIэ, Александр Бекович Черкасскэр Тэрч игъэкIуэну; Москва щыщIэдзауэ Къэзан, адэкIэ Астрахань, адэкIэ Тэрч нэс кIуэн, Тэрч къыщыщIэдзауэ Москва къэкIуэжын щхьэкIэ абы шыгу зэщIэщIа 30 етын, псы гъуэгум къыщигъэсэбэпын щхьэкIэ, шыгухэм я пIэкIэ кхъухьхэмрэ ахэр зезыгъэкIуэнкIэ къызэгъэпэщын».

Зыкъризхыу кIуэрт. Шынагъуэу. Ар ежьэным и пэ къихуэу Петр «Тэтэрхъан пщым и къуэшхэм, адрей тетхэм, народ псом» (адыгэ народым) и «псалъэ гуапэ» яхуигъэхьащ:

«Дэ къулыкъу къытхуэзыщIэ фи къуэм, пщы Александр, государь иным, къыджиIащ дэ, пащтыхьыгъуэ иным, ди Iэ лъэщым и жьауэ фыщIэувэну, ардыдэмкIи фэри фи цIыхухэри тыркухэмрэ кърым хъанымрэ я бжьым фыкъыщIэкIыну фыхуейуэ, иджыблагъэ абы и анэм къыхуитхащ фэ кърымхэр фи бийуэ, абыхэм куэдрэ фезауэу икIи, дауи, дэ, ди унафэм фыщIэтыну ффIэфIу. Апхуэдэуи ди пащтыхьым и блыгущIэт Аргил Вахтангеевич Меретинскэм фи хэкухэм къратхыкIри къытхуатхащ абы дэ, Г. И. къулыкъу

къытхуащIэну зэраунафэр, ахэри кърымхэм езауэурэ зэрешар икIи абыкIэ хъыбар фэдгъэщIэну зэрафIэфIыр, икIи дэ, Г. И., ди П. И., фи фIэфIыныгъэр къэтлъытауэ, хуит фыдощI ди жьауэм фыкъыщIэувэу зыфхъумэжыну. Ауэ дэ дыхуейщ къулыкъу къызэрытхуэфщIэнур, псалъэ ята къомым епцIыжу мамырыгъэр къызэпауду ди бийуэ зауэ къэзыIэта тырку сультIанымрэ кърым хъанымрэ я бийуэ фыкъызэрытхуэпэжынур наIуэ къэфщIыну. Фэ ди унафэм фыкъыщIэувэмэ, ясакъ къыфIыдмыхын къудейкъым, атIэ илъэс къэс улахуэ къыватыну дгъэувынущ, ди унафэм щIэт Аюк хъан зэреттым, ди унафэм щIэта фи адэшхуэхэм етту зэрыщытам хуэдэу; икIи фхуэдгъэувынщ абы, Аюк хъан, дон, яицкэ, гребенскэ къэзакъхэм фадэIэпыкъуну, абы тегъэщIапIэ хуэтщIынщ псалъэ — дэ фэ ныфхуэтщI унафэу фи фIэщ фщIын хуейр.

Москва гъэр 1711-м мартым и 4-нэ махуэм, ди пащтыхьыгъуэм и 29-нэ илъэсым».

* * *

ХьэщIэ лъапIэм и щIыхькIэ къэбэрдей «тетхэм» хьэгъуэлIыгъуэшхуэ къызэIуахащ. Абы хэтщ шыгъажэ, шуеигъэкIэ, нэщанэ еуэнкIэ зэпеуэн, хъуэхъушхуэхэр (а псори диным и мардэм тIэкIу къыщIэмыкIыуи къэнакъым).

Тетхэр щызэфIэнэжи щызэхъурджэуэжи къыхэхуэрт: дэтхэнэ зыри хуейт зыхиIэтыкIыну, и псалъэм гулъытэ лей къыхуащIыну.

УзэмыхъуэпсэнкIэ Iэмал имыIэ бэшэчагърэ лIыгъэкIэ гъэнщIа зышыIэ хэлът Александр (чыристан диным щимыхьэм, сабийуэ щыщытам Долэтджэрийуэ щытащ). Щэ бжыгъэкIэ къызэреупщIхэм ящыщ гуэри жэуапыншэу къызэримыгъэнэным хущIэкъурт. УпщIэхэм яхэтт губзыгъагъэкIэ гъэнщIахэри, гугъэхэри, хьилагъэ зыхэлъхэри, гурымыхьхэри, делагъэхэри, уеблэмэ акъылыншагъэ дыдэхэри...

— Сыт пащтыхь хужьым фочрэ топрэ къыщIыдимытыр?

(Абы езым и дзэхэр зрикъун иджыкIэ иIэкъым.)

— Урысхэм залымыгъэкIэ езыхэм я диным драгъэхьэну?

(Хьэуэ).

— Тыркухэм ярищIылIа зауэм и кIэн къыщимыкIмэ, пащтыхьым аргуэру зытпыIуимыдзыжыну пIэрэ? Гузэвэгъуэр къэблагъэм ди закъуэу дыкъигъэнэжынукъэ?

(Абы зэи зыфпыIуидзакъым, зыщыфпыIуимыдзыххэнур иджыпстущ, дяпэкIэщ).

— Ди унэIут, пщылI щIэпхъуэжахэр урысхэм къыдатыжыну?

(ДызэгурыIуэнщ.)

— Ясыру сыт хуэдиз урыс пащтыхьым къытпиубыдынур?

(Зыри.)

— Урыс пащтыхьым и пхъур уэ щхьэгъусэ щIумыщIар сыт?

(?!.)

— Пащтыхьым и шы гуартэхэм шы дапщэ хэт?

(И шуудзэр зыхуеинум хуэдизыбзэ. Сату IуэхукIэ зыри зэрихуэркъым.)

— Петр зэ тIысыгъуэм зэуэ зыв ишхыу жыхуаIэр пэж?

(Ди къэбэрдей шууейхэм хуэдэу, ари шхынкIэ ерыщкъым.)

...Апхуэдэут е абы хуэдафэут адыгэ тетхэм я лIыкIуэхэмрэ урыс пащтыхьым и лIыкIуэхэмрэ я псалъэмакъыр зэрекIуэкIыр.

Черкасскэм и пщэ дэлъ къалэныр зэшыгъуэт, ауэ мурад нэхъыщхьэр зэгъэхъулIэным теўхуауэ гугъущтэкъым. Мысост Ислъамбэч и телъхьэ гупыр куэд хъуртэкъым икIи я макъ утIыпщауэ псэлъэн шынэрт. Александр апхуэдэуи сэбэп къыхуэхъурт и анэм зэрепсэлъар икIи Тыркумрэ Кърымымрэ я телъхьэ пщыхэр хэт сымэми, абыхэм я хьэлщэнхэри, зыхущIэкъухэри къызэрищIар. Арыншами гуащIэмащIэ хъуа гуп цIыкIур зэкIэщIигъэлэжьыкIыу абы и нэхъыбапIэр езым зришэлIэн Александр тыншу къехъулIащ. Шэчыншэу, абы тыгъэ лъапIэхэр ищIын, нэхъыбэжкIи ахэр къигъэгугъэн хуей хъуащ.

Ар, пащтыхьым и лIыкIуэр, къыздикIар и лъэпкъэгъухэм ящымыгъупщэн, ауэ, а зэман дыдэми, ар Къэбэрдейм къызэрыхэкIар ящIэн щхьэкIэ, Александр зэм Преображенскэ полкым и фащэкIэ хуэпауэ, парик щхьэрыгъыу, зэми цейрэ адыгэ пыIэкIэ хуэпауэ цIыхухэм яхыхьэрт. Адыгэ фащэ щитIэгъа нэужь ар адрейхэм зыкIи къахэщыртэкъым, къабзэу зэщIэупса и жьакIэмкIэ фIэкI. Iэнэм щыпэрысым деж, хъуэхъу екIу жиIэрт, сакъыу убзэрт, хуэгурбияныфэу гушыIэрт. Дипломатие жыхуаIэ джэгукIэм хуэмыIэзащэми, дауэ щымытами, цIыху нахуэу, пэжу, езым кърщгъэжьа Iуэхур зэрызахуэм шэч къытримыхьэжу зыкъыпщигъэхъуфырт.

Нэгъэсауэ зэныкъуэкъу, зэдауэ ткIий къыщыхъеяр зэ-

закъуэщ — Мэрзей Тэтэрхъаныпщым и унэм щащIа ефэешхэм щыгъуэщ.

Гъэмахуэ жэщыр уэсэпсым къигъэщIыIэтыIа удзхэмрэ мыIэрысэ ныкъуэхъухэмрэ я мэ гуакIуэмкIэ бауэрт, а бауэ макъыр хьэщIэщыбжэ зэIухамкIэ къыщIыхьэрт. Акъужь мащIэм пэшым апхуэдэу къыщIихьэрт Iугъуэмэмрэ шывеимэмри.

ХьэщIэщ хуитышхуэм цIыхумрэ Iэуэлъауэмрэ щIэзт, хьэщIэм хэгъэрейм тыгъэ хуищIа уэздыгъэ лъагэхэм къапих мафIэ бзийр мэщэнауэ, жьэгум пэрылъ пхъэ тыкъырхэм хуабэ гуащIэр къахех; цIыхухэр пщIэнтIэпсымрэ фадэмрэ къызэщIагъэплъащ.

— Уэлэхьи, билэхьи, джаурым гъусэ зыхуэпщIу муслъымэным узэрезэуэнур къызгурымыIуэ? — ерыщу кIийрт пщы Кургъуокъуэ Мухьэмэд.— ЛIыгъэ фиIэмэ, мис ар къызгурывгъаIуэ!

Петр Езанэм тхыгъэкIэ зыкъызыхуигъэза Тэтэрхъан, мыарэзыуэ и щхьэр игъэкIэрахъуэри, Iэдэбу, акъыл хэлъу къригъэжьащ:

— Дэтхэнэ зы псалъэми диныр щIэбгъакъуэ нэхърэ, Мухьэмэд, «Сэшхуэм и хабзэр зыщ: плъакъэ — пеупщI!» псалъэжьыр уигу къэбгъэкIыжамэ, нэхъыфIт. КъищынэмыщIауи, «Дыгъужьым шыщIэр щыфIибзкIэ, абы телъ дамыгъэм еплъыркъым»,— жаIэ. Зы дин зыдохьэ! Ди щIыналъэм дапщэрэ псы ирагъэжыхьыжа абыхэм, хамэщIым гъэру цIыху дапщэ тфIахуа! Иджыри лъапсэихыу къыттеуэну загъэхьэзыр. ХъаныщIэм иджы къытпиубыдыр ныбжьыщIэ минищкъым, атIэ миниплIщ. Жыг тхьэмпэхэм нэхърэ нэхъ псынщIэу иужь илъэсхэм зызэрахъуэкI Бахъшысэрей и тетхэм, абыхэм я къэлгъэнхэмрэ нурадинхэмрэ. ИкIи дэтхэнэ зыри йопIэщIэкI Iэмал зэриIэкIэ нэхъ Iыхьэшхуэ, нэхъ Iыхьэ пшэр Къэбэрдейм зэрыкIэриудыным!

— Уи псалъэр сигу ирохь, Тэтэркъаныпщ,— жиIащ ХьэтIохъущокъуэ Къэсейбэч.— Сыт диныр зищIысыр? Фащэщ! АтIэ, пэ зимыIэ цIыхум ухуейми дыщэ цей щегъэтIагъэ, тхьэIухуд къипщIыкIыфынукъым!

Пщы пагэ АхъулIэми, и пыIэ лъагэр зэригъэзэхуэжри, къэпсэлъащ:

— ШыщIэмрэ дамыгъэмрэ ятеухуауэ... Дауэ, Кургъуокъуэ, ар нэхъ зэхэщIыкIыгъуэу къызэрыбгурызгъэIуэнур? Сэ шы лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ сиIэщ, ауэ псоми ятелъыр зы дамыгъэщ. Сэ си АхъулIэ дамыгъэщ. Си Iыхьлыхэми апхуэдэ шы лъэпкъ дыдэхэр яIэщ, ауэ абыхэм ятелъыр нэгъуэщI дамыгъэщ.

ХьэтIохъущокъуэмрэ АхъулIэмрэ жаIэмкIэ арэзы макъхэмрэ дыхьэшх зэтеубыдамрэ хьэщIэщым къыщыIурт.

— СыгъаIуэ, пэжкIэ! Урысхэмрэ дэрэ лъэпкъыгъэкIэ дызэгъунэгъущ, дамыгъэхэр зырыз щхьэкIэ!

— Тэтэрхэмрэ тыркухэмрэ дайбгъапщэмэ — шы лъэпкъ зэхуэмыдэхэм дарещхьщ!

— Пэжщ, дылъэпкъ зырызщ, бегъымбарым зы дамыгъэ къыттригъэуами.

— Зэгуэр, урысхэм дэри зы дин дитащ!

— Уеблэмэ, грек диным адыгэхэр урысхэм япэIуэ ихьауэ щытыгъащ.

Ауэ Мысост Ислъам-Бэч мыарэзыуэ и IупщIакIэ пIащэхэр зэхуишэрт, Кургъуокъуэм, зэхэуфауэ, и нэр и пащхьэм къит дыжьын фалъэм тригъэдиерт.

Черкасскэр къыпыгуфIыкIащ. А гуфIэкIэр хьэлэлу, зэдауэхэр зэгуригъэIуэжыну зыфIэфI, уеблэмэ тIэкIуи укIытафэ зыхэлъ гуфIэкIэу къыпщыхъуми, Александр пIейтейуэ пэплъэрт Къэзэнокъуэ Жэбагъы жиIэнум.

Жэбагъы пужьрей плъэпшлIым зихъуэжащ. И нэкIуми и плъэкIэми пэхъ ткIийфэ къатеуащ, япэрей пэжэгужагъэм хуэдиз ящIумылъэгъуэжу. И жьакIэ фIыцIэм тхъугъэ палъэхэр хидзащ.

Псоми, зэуэ зэгуэрыIуам хуэдэу, я псалъэр пачащ икIи псори Къэзэнокъуэм дежкIэ плъащ. Зэрыщыту зэщIэщымащ.

Жэбагъы хуэмурэ къэтэджащ. Бжэ зэIухамкIэ плъащ. Хьэндыркъуакъуэ минхэм макъ зэхэзэрыхьакIэ кърапı уэрэдыр кIыфIым къыхэIукIырт.

— Зызыгъэпсэхуну етIысэха тэтэрыдзэу зэщIовэ,— жиIащ Къэзэнокъуэм, мащIэу хэгупсысыхьауэ. Дыхьэшх лъахъшэ кIэщI къэIуащ, уэздыгъэ бзийхэр къэщэнэуащ, аргуэру псори зэщIэщымэжащ: плъэс щэщI зи ныбжь хабзащIэм жиIэнур сыту пIэрэ?

— Зеленчукрэ ЕтIэкъуэрэ я Iуфэхэм Iут пасэрей фэеплъхэр фэ фщыщ куэдым ялъэгъуащ,— къыщIидзащ Жэбагъы. Абыхэм плъэс миным щIигъу я ныбжьщ. А мывэ фэеплъхэм хауIухьа псалъэхэм нобэ зыри къеджэжыфынукъым. АтIэми абы грек хьэрфкIэ адыгэ псалъэхэр тетхауэ аращ. Зи щIэпыр тхъумэну къытхуамыда ди адэхэм я адэжхэм зэгуэр тхэкIэ ящIэу щытащ... Иджы, Тырку къэралыгъуэмрэ Кърым хъаныгъуэмрэ зэрыхущIэкъуам я фIыгъэкIэ, дэ ди тхыгъи нэхъапэм дызэрыта дини диIэжкъым.

— А уи псалъэхэр алыхьым къыпхуигъэгъункъым, Жэбагъы! — хуэшэчакъым Мысостым.

— ПщІэнукъым, Ислъамбэч, пщІэнукъым. А уи псалъэхэр Исус къыпхуимыгъэгъункІэ зэрыхъунум ещхьыркъабзэу. Ауэ, пщы, хуит сыкъэпщІмэ, си псалъэм пысщэнщ. Арати, хэщІыныгъэ пхуэмылъытэну дгъуэтам и пІэкІэ — абы къыдэкІуэуи ди бжыгъэр лъапсэгъэгъуу нэхъ мащІэ зэрыхъуам и уасэкІэ — дэ ислъамыр дгъуэтащ.

ЩІэныгъэ нэхъ зыбгъэдэлъ лъэпкъхэм я деж къикІыу дэ къытхуэкІуэ нэхум и гъуэгур Іузыщ Іэхэр хуейт кІыфІым дыкъыхэмыкІыу, пщылІыпІэм диту игъащІэкІэ дагъэпсэуну. Я напэр яфІэкІуэдауэ, тыркухэмрэ кърымхэмрэ нобэ жаІэ къэбэрдейхэр динкІэ драблагъэу. Нэхъапэм абыхэм къарукІэ, лъы куэд ягъажэурэ ттрахын хуей хъууэ щытар, дяпэкІэ къару трамыгъэкІуадэу, пщІэншэу тІахыну я мурадщ. Ижь-ижьыж лъандэрэ муслъымэн къэралыгъуэ лъэщхэр хущІокъу я гъунэгъу нэхъ къаруншэхэр (а ислъам дин дыдэр зыІыгъхэри хэту) езыхэм я гъавэ хъумапІэ, Іэщ пщыІэ, я зекІуэщІэхэм папщІэ къаруущІэхэм, къару ныбжьыщІэхэм я хэкІыпІэ ящІыну.

— А къарухэм щІыхуейр диным щхьэкІэ кърахьэжьэ зекІуэхэрщ! — Жэбагъы и псалъэр Кургъуокъуэм зэпиудащ.

— Къэзэуатырщ! — мыхьэнэшхуэ ирату къыдидзащ Мысостым.

Жэбагъы ауаныщІу къыпыгуфІыкІащ:

— Хьэр яукІын ипэ, ар хьэщхьэрыІуэ хъуауэ ягъэІу. Дэтхэнэ зы къэзэуатри — нэгъуэщІым и мылъку къэхъунщІэным хуэунэтІа зекІуэщ. Фэ фыщыгъуазэ Мухьэмэд бегъымбарым и «щихъ зауэр» къызэрыщІидзар? Мамыру гъуэгу тет корейшит сондэджэрхэм я чэруанкр хъунщІэнымкІэщ!

— Урысхэм я деж ущыпщылІыну ара уэ узыхуейр? — зитыртэкъым Мысостым.

— Хьэуэ,— идакъым Къэзэнокъуэм.— Дэ ислъамыр, «нэгъуэщІым и унафэ щІэтын» къызэрыкІыр, къытхахьа пэтми, адыгэхэр игъащІэм апхуэдэу дыщытакъым. НэгъуэщІым уи щхьэ хуэбгъэщхъыныр дэ ди хабзэкъым, пщы Ислъам! — Жэбагъы пщым и цІэр нэхъ хэкъузауэ къипсэлъащ, зэрымыщІэкІэ ІэщІэгъупщыкІауэ фэ зытригъауэри, «бэч»-р пигъэхуауэ.— Дэ дылъэпкъ инкъым, ауэ дыкъаруншэкъым. Уеблэмэ, муслъымэн диным ихьами, ди лъэпкъым зэи къищтэнукъым цІыхум, ар цІыхубзу е сабийуэ, чыристану е мажусийуэ щрети, и пщІэмрэ щІыхьымрэ зыгъэпуд абы и хабзэхэр. Езы пащтыхь Петри зыхуейр дэ пщылІыпІэм дригъэувэну аракъым, атІэ дигъэныбжьэгъуну

аращ. Дэ абы ясакъи ясыри еттын хуей хъунукъым. Ар дэнэ къэна, езым ди нэхъыжьхэм улахуэ къаритыну и мурадщ. АтIэ сыт дэ абы хуэтщIэн хуейр? Урысхэм я гупэ щIыналъэм аргуэру тыркухэмрэ тэтэрхэмрэ ятеуэмэ, дыдэIэпыкъун хуейуэ аращ; ахэр дэ къыттеуэрэ — езыр — занщIэу къыддэIэпыкъунущ: мыбдеж, Ахынрэ Хазасрэ я зэхуакум деж, ныбжьэгъу пэж зэрыщиIэр ищIэнырщ. Пащтыхь Иуан и лъэхъэнэ лъандэрэ адыгэхэм зы гъуэгу пэж закъуэр — игъащIэ лъандэрэ ди бийхэм мыхъуу, урысхэм я гъусэн гъуэгур — гъащIэм ткIийуэ къызэригъэувам лейуэ ущIытепсэлъыхьын щыIэу пIэрэ? Iыхьлы жыжьэ къыщIэтлъыхъуэн щыIэкъым, ди гъунэгъуу къуэш гуапэ, къуэш лъэщ къыщыщыскIэ!

ХьэщIэщыр хэгупсысыхьауэ, щыму зыкъомрэ щыташ. ПщIантIэм шы пырхъ къыдэIукIырт.

Макъ пIейтей лъахъшэкIэ, гуфIэгъуэ щымагъыр къызэпнудынкIэ шынэ пфIэщIыну, Черкасскэм жиIащ:

— Ди къуэш Жэбагъы и псалъэм и дамэхэр къаруфIэщ. Ар тенджыз ищхъэрэм нэлъэтысынущ, ди щIэблэхэм щIэнныфIу къахуэнэнущ. Сэ сыщалъхуа лъахэм пэжыжьэу сыпсэуми, абы и гупсысэр сыт щыгъуи сщIыгъущ, сщIыгъуищ сыт щыгъуи и адыгэ хабзэр. А гупсысэм иджыпсту къызжеIэ:

ГъукIэр дунейм ехыжынущ — къэнэнущ абы ищIар.

ЦIыху Iущыр дунейм ехыжынущ — къэнэнущ абы жиIар.

* * *

Аргуэру Къэбэрдейм зи дзэр къыхуэзылъ тэтэрыдзэхэр Псыжь и нэпкъ лъагэхэм щызэхуэсырт. Тэтэрхэм ягухьэну нэгъуейхэм загъэхьэзырырт. Ауэ а хъунщIэ шынагъуэм и мурадхэр зэтещэхащ: северымкIэ къыщежьащ Апраксин и дзэр, зауэлI минибгъу зыхэтыр. Абы Къырымым и ныбжьэгъу нэгъуейхэм я шуудзэр зэхикъутащ. Псыжь адрыщI тэтэрхэм ящыщ куэд ирихужьэжащ. Къэбэрдейхэр езыхэр хъаныдзэхэм теуэн щхьэкIэ нэхъ зэманыфI къэплъыхъуэну гугъут. Черкасскэм къэбэрдей тетхэм я фIэщ тыншу ищIащ «пащтыхьышхуэм хуаIэ ныбжьэгъугъэмрэ пэжыгъэмрэ ягъэлъэгъуэнумэ», ар нэхъ IэмалыфI дыдэу.

Адыгэхэр шыщхьэмыгъазэу тэтэрхэм ятеуащ. Псым щIилъэсыкIа нэпкъым мывэр къызэрещэщэхым хуэдэу, бийм и зауэлIхэр псым хэщащэрт. Абыхэм ящыщу дапщэ яукIами, Псыжь и толъкъун уэрхэм дапщэ щIалъэфами къыпхуэбжынукъым, пщIы зыхэмылъыжыр зыт — къырым хъунщIэр псыутхъуам хитхьэлыхьащ.

И къалэныр апхуэдэу гъуэзэджэу зэригъэзэщIам игъэгушхуа Черкасскэм епIэщIэкIыу Урысейм абыкIэ хъыбар иригъэщIащ...

* * *

Псыжь адрыщI тэтэрхэр зэрыхагъэщIам и хъыбар къахьыну А. Б. Черкасскэм къытхуигъэкIуа къэбэрдей лIыкIуэхэу Абаш СультIан-Алий, Акарт Арзэмэс сымэ улахуэ етыным и IуэхукIэ Правительствующэ сенатым Посольскэ приказым хуищI унафэ.

«Адмирал, Адмиралтельствэм и генерал — кавалер, граф Федор Матвеевич Апраксин сентябрым и 15-м Троицкэм къритхыкIыу Правительственнэ сенатым къигъэхьа, мы октябрым и 3-м Москва къэса письмом къыщыгъэлъэгъуащ Черкасскэхэ я къуэ Александр Бекмурзин Псыжь къритхыкIыу къызэрыхуитхамкIэ, бгырыс шэрджэсхэмрэ мурадин салтан зи унафэщI кубанцхэмрэ августым и 30-м зэрызэзэуар, а зауэм шэрджэсхэм кубанец 359-рэ щаукIащ, цIыху 40 гъэр щащIащ, адрейхэр Псыжь щIрагъэлъэфащ, езы салтаныр уIэгъэу, цIыху щIагъуэ имыIэжу, щIэпхъуэжащ. Апхуэдэуи шы куэд къытрахащ; а хъыбарыр къэбэрдей тетхэм къагъэхьащ езыхэм я уэркъхэм, Салтан-Алей и ныбжьэгъуищ щIыгъуу икIи я письмомкIэ мэлъаIуэ а уэркъхэр зи щIыхьыр ин пащтыхьым деж щIагъэхьэну...»

Зауэ нэужьым Черкасскэр, Къэзэнокъуэр, пщырэ лъхукъуэлIу зытхух зэхэуэр зэрыщыужьыхрэ куэд мыщIа псы Iуфэ бгъузэм шууэ, лъэбакъуэкIэрэ ирикIуэрт.

Щымыщу зы IэпапIи зыхэмылъ шы къарапцIэм тесу лъэхъулъэущу абыхэм зы шу яблэжащ. И дамэпкъым къыфIэкIуэта щIакIуэ фIыцIэр кIуэрыкIуэм здытетым зэригъэзэхуэжурэ, ар напIэдэхьеигъуэкIэ къызэплъэкIащ икIи и щхьэр Къэзэнокъуэм къыхуищIащ. Черкасскэм щIалэщIэ нэщхъейр, зи набдзэхэр зэхэуфар, къицIыхужащ.

— Хэт ар? — еупщIащ Черкасскэр Жэбагъы.— Сэ ар зауэм щыслъэгъуащ. Мэкъу еуэ фIэкI пщIэнтэкъым, апхуэдизкIэ лъэщу зигъазэрт щIалэми!

Къэзэнокъуэр хэгупсысыхьауэ шум кIэлъыплъащ:

— Къубатийщ абы и цIэр...

— Сыт хуэдэ лъэпкъ зыщыщыр? Сыт и къулыкъур?

Жэбагъы жэуап къитащ:

— Сыт хуэдэ лъэпкъ жыпIа? ЦIыху лъэпкъщ ар зыщыщыр. И къулыкъур адыгэлIщ...

* * *

А махуэ дыдэм Къэзэнокъуэмрэ Къанболэтрэ яку псалъэмакъышхуэ дэлъащ. Я Iыхьлыхэм я узыншагъэ, я Iуэху зытетымкIэ зэщIэупщIа, хъыбарыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхуаIуэта, нобэрей зауэр къазэрыщыхъуам тепсэлъыхьа иужь, абыхэм Къубатий и Iуэхур къаIэтащ.

— АтIэ, уэ плъэгъуащ ар? КъэувыIэххакъэ? — Тузарым, хэгупсысыхьауэ, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.— СщIэркъым зэрысщIынур. Делэм, плъагъуркъэ, зыкъыттримыгъэхьэлъэм нэхъыфIу къелъытэ.

— Хьэуэ, делэкъым ар, пагэу аращ.

— Сэри къызгуроIуэ ар. Ауэ хъыджэбз тхьэмыщкIэм дауэ къызэрыгурыдгъэIуэнур? Пэжу... абыи Iуэхур зытетыр къыгурыIуэу къыщIэкIынщ, ауэ абы щхьэкIэ пщащэм и Iуэху нэхъ тыншу хъуркъым.

— Ар иджыри къежьэркъэ? Хихыжакъэ и гугъэр?

— Къожьэр.

— ЩIалэр зыгуэрурэ къэгъэдаIуэ...

— Семынлъа уи гугъэ! Мис уэ сыполъэIуну сыхуейт, Жэбагъы,— епсэлъылIэ щIалэм. Уэ пхузэфIэкIынущ. Хъун?

— Деплъынкъэ, депсэлъэнщ... Iэмал имыIэу депсэлъэнщ.

— Уэ зыгуэр къэбгупсысакIэщ!

— Къэзгупсысащ. Уэри ныбжэсIэн хуейщ...

* * *

Тхьэмахуэ зытIущ дэкIауэ, Емузхэ я пщIантIэу щытам шу закъуэ дыхьащ.

— Ей, Къубатий! Уи шы-уанэр псынщIэу зэтелъхьэ! — къэIуащ макъ тегушхуа гуэр икIи щIалэм а макъыр ицIыхуу къыщыхъуащ.

ЕпIэщIэкIыу зихуапэри, Къубатий къыщIэкIащ. ХьэщIэ зыпэмыплъам гъунэгъуу бгъэдыхьэри, мазэ нэхум Къэзэнокъуэр къыхицIыхукIащ.

Къуанш къабгъэдэлъадэри, Жэбагъы и шхуэмылакIэр иубыдащ:

— Мис ар хьэщIэщ!

— Хьэуэ, Къуанш! — ткIийуэ жиIащ Жэбагъы.— Сэ хьэщIапIэ сыкъэкIуакъым. Къубатий сыхуейщ.

Къубатий, зы псалъи жимыIэу, ФIыцIэ уанэ трилъхьэну IукIащ.

— Сэ фыкъысхуейкъэ? — зигъэгусащ Къуанш.

— Си Iуэхум папщIэ лIитI нэхъыбэ ухуейкъым. Уи Къубатий махуитI дэкIмэ къигъэзэжынщ.

Пщэдджыжьыпэм ахэр Бахъсэн фIыуэ пэжыжьэт. Махуэм тIэкIу загъэпсэхури, дыгъэ къухьэгъуэм .ирихьэлIэу Тэрч нэблэгъахэщ.

Илъэс пщыкъузкIэ узэIэбэкIыжым, къэхъуахэри и нэгу къыщIэувэжауэ, нэщхъейуэ Къубатий зиплъыхьырт. Мыбдежхэм и адэ къуэшхэм ящыщ зым адрейр щиукIащ, мыбдежхэм, езым и нэкIэ илъагъуу, лъыгъажэ зауэм Тузар нэхъыжьыр и цIыхухэр щIыгъуу щыхэкIуэдащ... Игу къэкIыжащ псым и толъкъун щIыIэхэр, Исмэхьил и хьэдэм бгъэдэсу игъэкIуа жэщ шынагъуэр: Къубатий и щIыфэр щIыIэ-щIыIэу къэтхытхащ.

Пшапэр зэрызэхэуэу Тэрч зэпрысыкIахэщ.

Адрей Iуфэм нэса нэужь Жэбагъы, икIэм икIэжым, къыщIежьа Iуэхур къиIуэтащ.

— Дыунэидзыхьэнущ.

Къубатий и гур нэхъыфI къэхъужащ:

— Ди Жэбагъы фыз къешэ! ИкъукIэ си гуапэщ уи гъусэу сыкъепшэжьэну къысхуэпщIа пщIэшхуэр...

— Уи шыр нэхъ лъэрызехьэщи,— къыпищащ Къэзэнокъуэм, Къубатий жэуап иримыту,— хъыджэбзыр уэ нэпхьынщ. ПщIантIэм къыдэзыхынури уэращ.

— Хъунщ.

— ПщIантIэм хьэ дэскъым, хъыджэбзым Iуэхур зытетыр ещIэ. Хьэзыру щысынущ.

— ГурыIуэгъуэщ.

Апхуэдэу жиIами, Къубатий къыгурымыIуэ куэд Iуэхум хэлът. Жэбагъы хуэдэ цIыху цIэрыIуэм нысащIэр унэидзыхьэу къихьыныр сыт къызыхэкIар? Хьэмэрэ хъыджэбзыр нэгъуэщI зыгуэрым хуагъэлъэгъуауэ ара? Абы щыгъуэм, Къэзэнокъуэм нэгъуэщIым и нысащIэ ирихьэжьэмэ, ар и цIэм зэран къыхуэмыхъуну пIэрэ?

Ауэ а къомым Къубатий и Iуэху хэлъкъым. Абыхэм щIэупщIэнырщ и Iуэху зыхэмылъыххэр.

Жыжьэу зы къуажэ цIыкIу къалъагъури, Жэбагъы къэувыIащ.

— КIыфI хъуху дыпэплъэнщ. Ныжэби мазэгъуэну къыщIэкIынщ, ауэ дэ мазэр къимытIысхьэ щIыкIэ ди Iуэху зэфIэдгъэкIынщ.

Мы щIыпIэхэм Къанболэт зэрыщыпсэум щегупсысым... Къубатий къриIуэнтIэкIыу и гум зихузащ.

...Жыг къуацэ мащIэ зэрыт хадэмкIэ икIри Къубатий лэгъунэбжэм Iухьащ: Жэбагъы зэхэхауэ къыхуиIуэтат пщащэр къызэригъуэтыну щIыкIэр. ЩIалэр бжэм лъэIэса-

тэкъым, бжэр езыр къыщызэIукIам. Абы къепхъух фIыцIэ зытелъ цIыхубз Iэпкълъэпкъ къилъэгъуащ. Къубатий ар и IэплIэм кърыгъэтIысхьэри, къемыхьэлъэкIыу, сабий цIыкIу иIыгъ хуэдэ, хадэбгъумкIэ къиунэтIащ.

Къапэщылъ гъуэгуанэр зи кIыхьагъым Къэзэнокъуэм и унэидзыхьэгъум нысащIэм и нэкIур зэ нэхъ мыхъуми илъэгъуакъым, и макъ къудей зэхихакъым.

Загъэпсэхуну иужь дыдэу къыщыувыIам Къэзэнокъуэм псалъэм къыдэкIуэ щIыкIэу жиIащ:

— Дэ, Къубатий, дыздэкIуэнур си деж къым, уи дежщ.

Къубатий арэзыуэ и щхьэр ищIащ. Абы зыри гъэщIэгъуэн хэлътэкъым: унэидзыхьэу къахьар щауэ и унэм яшэркъым, и ныбжьэгъум деж ирахьэлIэ. Къубатий и щхьэ ину илъагъужат — апхуэдэу щыщыткIэ, ар Жэбагъы и ныбжьэгъу пэжу елъытэ. ГуфIэгъуэм щIалэм и псэр къигъэхуабэрт.

Къэзэнокъуэр Къубатий и пщIантIэм дыхьакъым. Шыр къыжьэдикъуэщ, пщIантIэм къыдэжа Къуанш сэлам ирихыу и Iэр иIэтри, ину жиIащ:

— Мамыру фызэдэпсэу! Фи бын къыфщIэхъуэнухэм уэрэд хузэхралъхьэ! Фи хьэгъуэлIыгъуэм сыкъэкIуэнщ!

— Ар... ар дауэ? — ерагъкIэ щIэупщIащ Къубатий.— Мы нысащIэр...

— Сэ си нысащIэ щхьэкIэ дыкIуэу бжесIакъым, уи нысащIэ щхьэкIэ демыжьауи жысIакъым! — Жэбагъы ину дыхьэшхщ, шым зрыригъатIэри, зричыжащ.

Къубатий и щIыбагъымкIэ пщащэ дыхьэшх хуэмрэ Къуанш и гуфIэ макърэ къыщыIуащ.

МащIэу укIытэхыу, ауэ тегушхуарэ нэжэгужэу Санэ Къубатий и нэгум къыщIэплъэрт:

— Иджы дэнэ укIуэжын?

— Мис ар нысащIэщ, мис ар нысащIэщ,— Iущэщащ Къубатий ерагъкIэ, и тэмакъыр щиубыдыкIауэ.— Си гъащIэм иджыпсту хуэдэу делэу икIи насыпыфIэу зыкъысщыхъужакъым.

— СыкъыщыпхьакIэ, унэм сыщIэшэ.

— Уэращ сэ сыкъэзыхьар. СиIэкIэ сыкъэпхьыжащ...

* * *

«Петр и абгъуэм щапIа бзу» Черкасский Александр и лъахэм къигъэзэжыну афIэкIа къыхуихуэжакъым. 1714 гъэм абы пащтыхьым мыхьэнэшхуэ зиIэ, щIыхь зыпылъ къалэн къыхуигъэуващ: Каспий и Iуфэхэр, псом хуэмыдэу къухьэпIэ зэи ямыджыххар, къихутэу картэ зэхилъхьэну.

А экспедицэ гугъум топ 19 зэрыт кхъухь зэмылIэужьыгъуэ 30-м ису сэлэт минрэ щитхурэ хэтащ.

ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ офицерыр (ар нэгъуэщI къэрал зэрыщеджар пщIэншэтэкъым) и къалэным гъуэзэджэу пэлъэщащ: Каспийскэ тенджызым и щIэныгъэ географическэ картэ пэж тхыдэм щыяпэ дыдэу зэхалъхьащ.

1717 гъэм Петр, ар иджыри зы экспедицэщIэ, нэхь гугъужу, нэхъ шынагъуэжу игъэкIуащ. Абы и пэ къыихуэу Черкасскэм гуауэшхуэ иIат. Астрахань пэмыжыжьэу Волгэ зыкъыщцызыIэта борэным абы и щхьэгъусэ Марфэ, княжна Голицынэр, и пхъуитIри щIыгъуу хэкIуэдащ. Псым щIилъафэ баркасым къахуихар и къуэ цIыкIу закъуэрщ.

Посол къалэн иIэу Хивин хъаныгъуэм и къумхэм щыкIуэцIрыкIым Черкасскэм гупсысэ хьэлъэхэр къытеуат, зыгуэрым игъэгузавэрт.

Урыс пащтыхьым и лIыкIуэм Ширгаз хъаныр къыщыгуфIыкIыфэ зытригъауэу къыпежьащ, тыгъэхэр и гуапэу Iихащ, Париж и IэщIагъэлI нэхъыфIым хурагъэщIу къыхуаша каретэм зэрыригушхуэр ибзыщIакъым. ИужькIэ абы жиIащ Черкасскэм и отрядыр, цIыху миних хъур, тхууэ ягуэшрэ щIыпIэ зырыз щагъэтIысым нэхъыфIу, сыту жыпIэмэ зы къалэм апхуэдиз урыс хьэщIэр къехьэлъэкIынущ. Князыр арэзы хъуащ икIи зэи пхуэмыгъэзэкIуэжын щыуагъэ IэщIэкIащ. Зы жэщым къриубыдэу урыс посольствэр къанэ щымыIэу фIагъэжащ, езы Черкасскэми бэлыхь трагъэлъу и щхьэр палъащ...

* * *

Къырым хъанхэр аргуэру илъэс куэдкIэ лъапсэрыхыу Къэбэрдейм къытеуащ. Ауэ, япэхэм хуэмыдэу, Урысейм и фIэщу «къэбэрдей, адрей бгырыс шэрджэсхэр» ихъумэрт. Уеблэмэ, къэралыгъуэ Iуэхухэм ямыгъэпIейтей Аннэ и зэманми — абы нэхъыбэу къыфIэIуэхур и щауэ Биронт, буженинэ шхынырт икIи «епцIыжакIуэхэм» я щхьэр кIэншэу пылъэнырт — Петербург щыIащ Россием и сэбэп зыхэлъхэм гукIи псэкIи зезыгъэлIалIэ къэрал лэжьакIуэхэр.

Севернэ Кавказым икIа дэтхэнэ зы хъыбарри абыхэм яIэрыхьэрт.

...Уи Императорскэ Величествэр щыгъуазэщ дэ ижьижьыж лъандэрэ, Иоан Васильевич пащтыхьым щыгъуи хуэдэу, уи И. В. и пащтыхьыгъуэми ди адэхэри дэри къулыкъу щытщIэу ди пщэ къыдалъхьэ щIыпIэм дызэрыкIуэм икIи дэ абы лъандэрэ уи И. В. и лъабжьэм зэрызыщIэддзэм, уи гъэру дыщытыну тхьэ зэрытIуам, ди псалъэм

дытету сыт хуэдэ IэнатIэми гурэ псэкIэ къулыкъу зэрыщытщIэм; икIи дыщопсэур Бахъсэн дежи, илъэс Iэджэ хъуауэ кърымхэм псэхупIэ къызэрыдамытым; ди лъахэм Къаплъэн-Джэрий хъаныр дзэшхуэ щIыгъуу хъунщIакIуэ къызэрыкIуам, ауэ, тхьэм и Iэмыркlэ, абы и дзэр зэрызэтеткъутам, дэ къыттеуахэм щыщ куэд укIыгъэ зэрыхъуам, армыхъумэ дэ дызэрытемыуам, илъэс тIощIрэ блыкIэ узэIэбэкIыжмэ, И. В. и указкIэ ди къуэш Александр Бекович ди лъахэм къыщыкIуам, абы щыгъуэм ди лъахэм кърымыдзэр къызэрызэригуам, абыхэм ящыщ куэдри зэрыхэкIуэдам, аргуэру зэман зыбжанэ дэкIа нэужь, сулътIаным и сераскирыр щIыгъуу Бахъты-Джэрий ди деж къызэрыкIуам, аргуэру ахэр зэрызэтеткъутам; сераскир солтан Бахъты-Джэрий щIыгъуу укIыгъэ зэрыхъуам: а псори дэ длэжьащ ди лъахэм димыкIыу, езыхэращ дэ къыттеуар. Абы лъандэри дэ псэхугъуэ диIэкым; сыту жыпIэмэ, гъэмахуи щIымахуи, жэщи махуи сытым дежи шынэмрэ гузавэмрэ дыхэтщ...

...Иджыпстуи дэ хуэмыщIауэ допсэу, ди лъахэ гъунэм кърымыдзэри зэи IукIыркъым...»

Мы тхыгъэр 1731 гъэм и августым зэхалъхьащ, абы къыхэкIыу Черкасскэм ехьэлIауэ ятхым, щыуагъэ хэтщ: ар Тэрч къыщыкIуэжар илъэс 27-рэкIэ узэIэбэкIыжмэкъым, атIэ илъэс 20-кIэ узэIэбэкIыжмэщ. Гу лъытапхъэщ а 1731 гъэ дыдэм ди цIыхугъэжь Къаплъэн-Джэрий, ещанэу хъаныгъуэр зыубыдыжар, Къэбэрдейм къызэрытеуари.

НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ коллегием Св. Крест быдапIэм и комендант Д. Ф. Еропкиным хуигъэхь Указ.

Святой Крест быдапIэм октябрым и 20-м, 23-м къыщыбутIыпща, мыбы ноябрым и 17 махуэм дымыщIэххэу къыцытIэрыхьа тхыгъэхэм, япэми абы щIыгъужами, къыщытщIащ Кърым къикIыу Арбибеты-Джэрий, Араслан-Джэрий Къэбэрдейм къызэрыкIуа щIыкIэр, солтанхэм я дзэхэм япэ щIыкIэ къэбэрдейхэм я губгъуэхэм гъавэр, мэкъур зэрыщагъэсар, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэхэр зэралэжьар, Къэбэрдейм пхырыкIын зэрагугъар, ауэ Гребенскэ къалэхэм командэ зэрибгъэкIар къащIэу шынэжауэ щикIуэтыжым, Къэбэрдейр нэхъ щыпсэу Тэрч псым щызэпрыкIыжым, теуэу а солтанхэмрэ я дзэхэмрэ зэрызэтракъутар, кърымхэу, кубанцхэу куэд зэраукIар. Зи цIэ ипIуа солтанхэр иужькIи Кубань и Iуфэм зэрыкIуэжар; абы къыхэкIыуи уэ Гребенскэ къалэхэм щыIэ командэхэм Святой Крепостым кIуэжыну унафэ зэрахуэпщIар икIи а зауэм и

ужькIэ Къэбэрдейм къикIыу уи деж абы и унафэщIхэм лIыкIуэу ХьэтIохъущокъуэ Мухьэмэд къызэрыкIуар, къэбэрдей тетхэм я цIэкIэ ар бжаблэм н. ж. мыбы Москва къэбутIыпщыну къызэролъэIуар.

ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа уи IуэхущIафэр — командэр Гребенскэ къалэхэм къэбэрдейхэр яхъумэну зэрыбгъэкIуар къыдощтэ. Мыдрейуэ уи деж къаша тэтэрым ущыпкърыупщIыхьым къыбжиIахэм холъагъуэ, кърым Алды-Джэрий къэлгъэ солтаныр зы щIыпIэ зекIуэ ежьэн и мураду, абы къыхэкIыу уэ къыппэщытщ уемышу зи цIэ итIуа къэлгъэ солтаныр е Къырымым е Кубаным икIыу, и дзэхэр зэрызэтракъутам папщIэ илъ ищIэжыну Къэбэрдейм кIуэну щытмэ, къэпхутэну. Дызэрыгугъэм хуэдэу мыхъуу, зыгуэр Кърым е Кубань лъэныкъуэ икIыу Къэбэрдейм теуэну иужь нхьэмэ, Тыркум и блыгущIэтхэу къежьахэр Къэбэрдейм темыгъэуэн хьисэпкIэ е И. В. и указым ипкъ иткIэ Iуэху лэжь...

. . . . . . . . . . . .

Резидент Неплюевым къыбгъэдэкIыу октябрым и 18-м Константинополь къикIауэ къытIэрыхьа реляцэщIэ дыдэм хъыбар дегъащIэ Кърым икIыу дзэхэр Къэбэрдейм кIуэныр имыдэу Портэм ткIийуэ зыхуигъэувар, абы къыхэкIыу визирми адрей тырку министрхэми быдэу къыжраIащ хъаным апхуэдэ хуитыныгъэ ирамыта хуэдэу...»

Хьэуэ, и гуращэтэкъым Россием Къэбэрдейр Уэсмэным и къэралыгъуэм иритыну, сыт хуэдизкIэ ар гъуэзэджэу щымытами. 1735 гъэм тыркухэмрэ кърымхэмрэ Къэбэрдейм аргуэру зэрытеуар щхьэусыгъуэ хуэхъуащ зи чэзу урыс-тырку зауэ илъэсиплIкIэ екIуэкIам.

Иужь дыдэу тэтэр шуудзэ инымрэ тырку янычархэмрэ Къэбэрдейм къыщытеуар 1774 гъэрщ. Абы щыгъуэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ къуэш нэхъыжьыфIыр. Япэ щIыкIэ Баштамак (пситхум я лъахэ) и редутхэм деж, Шэджэм, Бахъсэн, Шэрэдж, Балъкъ, Тэрч и псыхъуэхэм я Iэшэлъашэм, хьэбэсабэу щызэтракъутащ Долэт-Джэрий хъаным и дзэр. Къэна дзэ кIапэлъапэр щIыгъуу хъаныр Бахъсэнрэ Гундэлэнрэ щызэхэхуэж бгым иракъузылIэри абдеж кIэ иратыпащ.

Жыжьэжтэкъым езы Кърым хъаныгъуэр щызэхэщэщэжынури.

## *Тхьэгурымагъуэм и псалъэ*

ЦIыху гурыхьхэм сэлам епхыжын хуей щыхъум деж, ахэр щынасыпыфIэ икIи куэдрэ сэбэп пылъу псэуну щыгугъэ лъэхъэнэм деж уабгъэдэкIыжмэ, нэхъыфIщ. Дэ дыщыгъуазэщ апхуэдэ гъащIэ Къэзэнокъуэ Жэбагъы къызэригъэщIам. Нэхъыбэ жытIэнщи, ар и зэманым и бын къудейтэкъым, атIэ ар ящыщт «лIэщIыгъуэ ткIийм» и цIыху гъуэзэджэхэу я гур узу блэкIа зэманым и къэхъукъащIэхэм кIэлъыплъурэ къэкIуэну зэманым къихьынур къищIэным пIейтейуэ егупсысахэм.

Апхуэдэ цIыхухэм къагурыIуэрт къэкIуэнум и теплъэр — лIакъуэ благъэхэм, зэзэмызэкIи щIэблэ жыжьэр мылIэ-мыпсэууэ щытынуми, е къэкIуэнум цIыхум хуэфащэ гъащIэ екIу, псэуным гугъэ дахэ хуаIэным хуэзыгъэхьэзырыфыныр нобэ псэухэм зэрелъытар (ауэ ахэр абыхэм сыт щыгъуи зэхащIэртэкъым).

Апхуэдэ цIыхухэм къагурыIуэрт — «лIэщIыгъуэ дыщэм» кIуэ гъуэгур, дэтхэнэ зыми езым и «Iуащхьэмахуэм» кIуэ гъуэгур дыщэ-дыжьынкIэ зэрымыбгъар, атIэ цIыхухэм я гум, акъылым и хугъуэфIыгъуэмкIэ зэрыпхыкIыр. А цIыхухэм ящыщу нэхъ цIыхуфIхэм псори къыхураджэрт я лъэхъэнэгъухэр здынэсамрэ я IуэхущIафэмрэ, ящIамрэ зэращIа щIыкIэмрэ фIэкIа ар зыщIам зыкIи трамыщIыхьыну.

Ижь лъандэрэ Къэбэрдейм и кIэн къикIырт и хэкум къыщыхъуа бегъымбархэмрэ адыгэщIым къигъэщIа тхьэгурымагъуэхэу наукэм, техникэм, искусствэм зегъэужьыным куэд хэзылъхьа европейскэ къэралхэм я цIыху Iущхэм нэхърэ нэхъ мащIэ зыхулъэмыкIыу я лъэпкъэгъухэм я хахуагъэм, уардагъэм, гу щабагъэм я гурыщIэр зи лъэпкъэгъухэм яхэзыпщахэм.

«И щхьэм япэ и гъунэгъур» ирагъэщын Къэбэрдейм нэхъ ящыхузэфIэкIырт, чыристан къэралыгъуэхэм нэхърэ. ЦIыху псалъэ Iущымрэ IуэхущIафэ дахэмрэ я пщIэр адыгэхэм деж егъэлеяуэ щылъагэт. Мыбы сыт нэхъри нэхъ лъапIэу къыщалъытэрт лIыгъэ зыхэлъ, гущIэгъулы, захуагъэм и телъхьэ акъылыр, абы щыгъуэми делагъэм екIурабгъуншэу, ткIийуэ ебэнхэрт. Ебэнхэрт, усакIуэ цIэрыIуэ гуэрми зэрыжиIауэ, делагъэм и пащхьэ тхьэхэри щыкъаруушэ пэтми...

Тхьэхэр щыкъаруушэт...

Ауэ цIыхухэртэкъым.

## «IУАЩХЬЭМАХУЭ КIУЭ ГЪУЭГУР ШЫНАГЪУЭТ» РОМАНЫР

Арати, тхылъеджэ, жыр джанэ телъыджэм щIыгъуу зэпытчащ «Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт» романым хэт лIыхъужьхэм якIуа гъуэгуанэ кIыхьу пасэ зэманым къыщежьар, гъуэгуанэ кIыхьрэ псэ зэпылъхьэпIэ къэхъукъащIэ Iуэху шынагъуэхэмкIэ гъэнщIар. ЗэщIыгъуу дризэгуэпащ, Щоджэнокъуэпщ ЦIащхьэмрэ абы и IупэфIэгъуэмрэ зэхащIыхь фIеягъэхэм, Хьэнэф и гушыIэхэм дридыхьэшхри Санэрэ Къубатийрэ я лъагъуныгъэ къабзэр, нэхъыбэм къызэрыхъуу щытам хуэмыдэу, хьэгъуэлIыгъуэкIэ зэриухам дыщыгуфIыкIащ.

Зи шыфэлIыфэ зэмыщхь зэман кIыхь къызэщIеубыдэ Мэлбахъуэ Елберд и романым, хьэл-щэн зэхуэмыдэ, зи дуней тетыкIэрэ гупсысэкIэрэ зиIэж цIыху куэд хэтщ абы. Iуэхухэр зэм Къэбэрдейм е Россием, зэми Щам, языныкъуэкIэ Тыркум е Кърым щокIуэкI. Тыншкъым лъэпкъ зырыз къыхэкIа цIыхухэм я образхэр къэбгъэщIыныр, абыхэм дэтхэнэми нэгъуэщIхэм къазэрыхэпцIыхукIын хьэл, дуней тетыкIэ, гупсысэкIэ яхэплъхьэныр. Iуэхур нэхъри гугъу къещI, Тхьэгурымагъуэм зэрижиIэщи, тегъэщIапIэ пщIын тхыгъэ гуэр тхыбзэншэу къекIуэкIа ди лъэпкъым къызэрыщIэмынам; нэгъуэщI къэрал щыщ гъуэгурыкIуэхэм ятхыжауэ къэнахэрщи, ахэри зэтехуэркъым, уи фIэщ мыхъун куэд къратхэкI. Ауэ тхакIуэм IуэрыIуатэр и Iэпэгъуу, пэжыр и гъуазэу зэрылэжьам, Кулиев Къайсын зэритхащи, «тхылъыфI, гъэщIэгъуэн икIи икъукIэ дызыхуей» къэрикIуащ.

Мэлбахъуэ Елберд къыхиха жанрыр тыншхэм ящыщкъым (литературэм жанр тынш иIэу щытмэ), ди лъэпкъ литературэм зэкIэ къимыгъэIурыщIащ. Ауэ, тхылъеджэми гу зэрылъитащи, ар абы дэгъуэу къехъулIащ. Псом нэхъыщхьэрщи, тхакIуэм хузэфIэкIащ пасэ зэманым псэуа адыгэхэм я псэукIар, абыхэм яку дэлъа зэхущытыкIэхэр, хабзэр — Iейри фIыри имыбзыщIу, е имыгъэщIэращIэу — дигъэлъагъужын.

Къащтэ дэтхэнэ теплъэгъуэри,— тхакIуэм къиIэт Iуэхур уи фIэщ хъуувэ, уигъэпIейтейуэ зэпкърехри, мис мыпхуэдэущ уи гуапэми уи жагъуэми, жиIэу ди пащхьэ кърелъхьэ икIи абыкIэ авторым арэзы удэмыхъун плъэкIыркъым. Псалъэм папщIэ, романым увыпIэшхуэ щеубыд адыгэхэм я гъащIэм пщыхэм щаIыгъа увыпIэм, лIакъуэлIэш-

хэм лъэпкъыр зэрыгъу-зэрышхым, зауэ-банэм хэмыкIыу зэрагъэпсэуам. Жыр джанэм папщIэ, пщыхэм зэращIылIа Iэпщэрыбанэ зауэм, зэныкъуэкъум дыкIэлъигъэплъурэ тхакIуэм хьэкъ тщещI пщыхэм я нэхъыбэм — Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ, Хьэтэжыкъуэ Мухьэмэд, Чэлымэт Джабой сымэ хуэдэхэм — цIыху гъащIэр зыуи ялъытэу зэрыщымытар. Абыхэм я дежкIэ зы шыфIыр е фочыр нэхъ лъапIэщ, уеблэмэ ныбжьэгъум е къуэшым, ижь лъандэрэ къекIуэкI адыгэ хабзэм нэхърэ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, абыхэм хабзэр езыхэм я сэбэп зэрыпылъым хуэдэу ягъэув.

Ауэ, пщы губзыгъэхэм куэдкIэ елъытауэ щытащ цIыхухэм я мамыр псэукIэр, я нобэмрэ я пщэдеймрэ, я был япIыжу псэунымрэ я бынхэр гъэрыпIэ пмыхуэнымрэ. Кургъуокъуэпщым хуэдэу Къэбэрдейм и Iуэху тэмэм хъуныр зи гъащIэ гъуазэу псэуахэр зэрыщыIари IупщIу къыхощ романым. Хьэтэжыкъуэ Кургъуокъуэ хуэдэпщхэрщ зи щхьэр льэпкъым щхьэузыхь хуэзыщIыфу щытар. Хьэуэ, ахэр пщылIхэм къащхьэщыжу, абыхэм я телъхьэу щытауэ аратэкъым, атIэ зэман ткIийм къахуигъэуври льэпкъым и упафэщI хъуати, я пщыгъэр сакъыу яхъумэурэ ардыдэмкIи хуей-хуэмеймн лъэпкъым и къыщхьэщыжакIуэ, и унэтIакIуэ хъуахэт.

Романым и лIыхъужь нэхъыщхьэр цIыхубэрщ, зи гуащIэкIэ Хэкур зыгъэпсэурщ, бийхэм ящызыхъумэрщ, хабзэр зы лIакъуэм къыщIэнмэ, адрейм ирпту къекIуэкI лэжьакIуэбэрщ. Абыхэм я образхэр Елберд егугъуу, яхунIэ гурыщIэ хуабэр имыгъэпщкIуу пщIащ. Аращ тхылъым ущеджэкIэ, ахэр нэхъ пэIурыту щIэплъагъури, гум къыщIинэжри. Фигу къэвгъэкIыжыт романым къыщыщIидзэ япэ напэкIуэцI дыдэхэм псом япэу дыщызыIущIэ Хьэпухь шыхъуэр, Iэдыпэм лIыжьымрэ Шужьей пелуан жьакIагъуэмрэ, балъкъэр щIалэ Къуаншрэ Пяртшурэ. Сыт а лIыхъужьхэм я образыр гукъинэж зыщIыр? Псом япэу яхэлъ лIыгъэрщ; ныбжьэгъугъэм, захуагъэм зэрыхуэпэжым апхуэдэ цIыхухэр фIыуэ дагъэлъагъу.

Псом хуэмыдэу гуапагъэ инрэ фIылъагъуныгъэ лъагэкIэ гъэпщIауэ тхакIуэр зытетхыхь лIыхъужьхэр хэт сымэ жыпIэмэ, ахэр лъэпкъ набдзэ жыхуаIэм хуэдэу адыгэхэм къадекIуэкI цIыху щыпкъэхэрщ. Псалъэм щхьэкIэ, Емуз хуэдэхэрщ. АдыгэлI пэсым и щэн псори щызэхуэхьэсащ абы и деж жыпIэкIэ, ущыуэн ди гугъэкъым. Ар цIыху хахуэщ, IэпщIэлъапщIэщ, гукъабзэ-щхьэкъабзэщ. Сытым хуэдиз гуапагъэ, Iэдэбыгъэ, пэмыс хэлъ а лIым! Сыт хуэдэ щытыкIэ имыхуами дапщэщи зэпIэзэрытщ, и акъылрэ нэмысрэ фIэкIуэдыркъым. ГъукIэ IэкIуэлъакIуэр, дыщэкI Iэзэр Iэщэми хуэIэижьщ. Емуз и закъуэкъым апхуэдэ гупщтырагъ авторым зыхуиIэр.

Адыгэ общественнэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Къэзэнокъуэ Жэбагъы теухуа напэкIуэцIхэм романыр купщIафIэ ящI. Елберд и хеящIэр мэкъумэщыщIэ къызэрыгуэкIщ, зэ еплъыгъуэкIэ и жылэгъухэм къазэрыхэщ щымыIэуи дигъэлъагъу хуэдэщ. Ауэ абы и хеящIэр зэманым жыжьэу зэпхырыплъыф, къэкIуэнур къэзыгъэлъэгъуэф, а къэкIуэнум

бэр хуезыджэ цIыхущ. Лъэпкъым и акъыл жаныр, Iущагъыр абы и деж щызэхуэхьэсащ. ТхакIуэм къехъулIащ IуэрыIуатэм къыхишу Жэбагъы литературнэ лIыхъужь ищIын. Абы папщIэ ар унагъуэм, цIыхухэм яхэту, къэрал Iуэху зэрихуэу дегъэлъагъу. Мэлбахъуэм и Къэзэнокъуэр гупсысакIуэшхуэщ, дипломатщ, пэжым, захуагъэм зи гъащIэ псор щхьэузыхь хуэзыщIа цIыхущ.

Романым щIыпIэ щхьэхуэ щаубыд Тузар Къанболэтрэ Хьэтэжыкъуэ Къубатийрэ. Абыхэм я образхэр арыххэу къызэрыгуэкIкъым, удэзыхьэх а цIыху щыпкъэхэм я гъащIэ гъуэгур гуауэ хэмыкIыу яхь, яхь, ауэ я цIыхугъэр, гукъабзагъэр яфIэкIуэдыркъым, гукъеуэм я хьэл-щэныр нэхъри ипсыхь, зауэлI къэмылэнджэж ищI мыхъумэ.

Мэлбахъуэ Елберд и романым и лIыхъужьхэм я гугъу щыпщIкIэ, утемыпсэлъыхьу къэбгъанэ хъунукъым адыгэ цIыхубзхэм я образхэр. Куэд хъуркъым ахэр, языныкъуэхэр пIэ игъэща къудейщ, адрейхэр гукъинэжу къэтхэкIащ. Псалъэм папщIэ, Щоджэныкъуэ Жамбот и деж Мысырыкъуэ Тамбий япэу щеблэгъам щыгъуэ хьэщIэщым къыщIыхьа Гуащэм а зэм фIэкIа тхылъым дыщыхуэзэжыркъым, итIани ар уигу ихужыркъым. Ауэ, шэч зыхэмылъырщи, псом нэхъыфIу тхакIуэм къехъулIащ Нэлжанрэ Санэрэ я шыфэлIыфэр. ЗыкIи зэщхькъым, зэблагъэ а цIыхубзитIыр. Нэлжан зэIэщIэлъщ, къаруфIэщ, хахуэщ. Хуей щыхъукIи и щхьэм къыщхьэщожыф, лэжьыгъэми къыпикIуэтыркъым. Абы и зэфIэкI здынэсыр, зэи хуэмыдэу къыщыгъэлъэгъуащ Тузархэ я лъапсэр щызэрапхъуэм, Къанболэт уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ щеIэзам щыгъуэ. Апхуэдэу къыщIэкIынщ зэрыщытари а лъэхъэнэ хьэлъэм псэуа адыгэ цIыхубзхэр — хуей щыхъуа уахътым лIыхэм я пIэ иувэфу, бын пIынымрэ жьэгу пащхьэ мафIэр мыгъэуфIынкIыжынымрэ зэдахьыфу.

Санэ абы жыжьэуи екIуалIэркъым. Ар бланэ шыр цIыкIуу Iэлщ, гумащIэщ, гурыщIэ кууум къыхуалъхуа пщащэщ. Нэлжан хуэдэу абыи лъагэу ехъумэ и щхьэм и нэмысымрэ къызыхэкIа лэпкъым и пщIэмрэ.

Мэлбахъуэм и романым нэгъуэщI лIыхъужь куэди хэтщ, IейкIи фIыкIи уатепсэлъыхь хъуну, а псом я гугъу мыбдеж щыпхуэщIынкъым. Ауэ романыр зыгъэбжьыфIэ Iуэхугъуэхэм ящыщ зыи гулъытэншэу къэбгъанэ хъуну къыщIэкIынкъым.. Ди лъэпкъым пасэ зэманым яIа псэукIэр пэжу къигъэлъэгъуэн папщIэ тхакIуэм IэкIуэлъакIуэу, щичэзум жану къигъэсэбэпащ адыгэ псалъэжьхэр, къебжэкIхэр. Ахэр псалъащхьэ зэрищIами тхылъеджэр къыдехьэх.

Зэрыщыту къапщтэмэ, Мэлбахъуэ Елберд и романыр, тхылъым и япэ къыдэкIыгъуэм Кулиев Къайсын хуитха пэублэ псалъэм зэрыщыжиIащи, ар «къэзылъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы и народхэм, абыхэм я тхыдэм пщIэ инрэ лъагъуныгъэшхуэрэ яхуищIу итха произведенэщ». А псалъэхэм я щыхьэт нэсщ романыр тыкуэнхэм къыщыщIалъхьа япэ махуэ дыдэхэм къанэ щымыIэу зэращэхуар.

Нобэ зи лIыхъужьхэр адыгэбзэкIэ псэлъа Мэлбахъуэ Елберд щхьэхуэу тхылъеджэм емыгъэцIыхуами уэимкъым. Ар абы фIыуэ и

нэIуасэщ. УрысыбзэкIэ тхэ адыгэ литераторым и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъ зыбжанэ дунейм къытехьащ. Елберд дэгъуэу урысыбзэкIэ зэредзэкI адыгэ, балъкъэр прозаикхэм я тхыгъэхэр. Мэлбахъуэр КъБАССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм щолажьэ, творческэ щIалэгъуалэр гъэсэным жыджэру хэтщ.

МЭЗЫХЬЭ Борис

## ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР


Тхьэгурымагъуэм и гъуэгупэ псалъэ . . . . . . . . 3

**ПэщIэдзэ Iыхьэ**

Гъуэгур якIуурэ, щIыхуэр ятыжурэ зэрыхагъэщIыр уигу къэзыгъэкIыж япэ хъыбар . . . . . . . . . . . . . 5

Бжэщхьэlум я нэхъ жыжьэми цIыхум сытым дежи лъагъуэ къызэрыхуигъуэтыр уигу къэзыгъэкIыж етIуанэ хъыбар . 19

Емынэм къелар нэгъуэщI узым ихьыжынкIэ зэрыхъунур уи фIэщ зыщI ещанэ хъыбар . . . . . . . . . . 44

**Iыхьэ нэхъыщхьэ**

ПсэхэлIэ здэщыIэм къуаргъыр зэрыщыхуарзэм, мылъку здэщыIэм уэркъыр зэрыщызеуэм щыхьэт техъуэ еплIанэ хъыбар 64

Дыгъужьым шыщIэр щишхкIэ абы телъ дамыгъэм зэремыплъым щыхьэт техъуэ етхуанэ хъыбар . . . . . . . 83

Бзум я нэхъ цIыкIум и кIэм уэсукхъуэр къызэрикIыр уигу къэзыгъэкIыж еханэ хъыбар . . . . . . . . 99

Адрей псоми нэмыщIкIэ «Пхъурылъхур къихьэмэ, Псатхьэр магъ» адыгэ псалъэжьыр къызыхэкIа дин псалъэмакъыр къызэрежьа щIыкIэм ухэзыгъэгъуазэ ебланэ хъыбар . . . 118

Муслъымэн хьеуаныр чыристан хьеуаным къызэрыщхьэщыкIым щIэупщIэ еянэ хъыбар . . . . . . 135

Бжьыныху хьэдзэ зышхам щхьэ псоми кIэ ирит хъунущ — тIум щыгъуи мэ къыпкIэрех жызыIа цIыхур зэрыгубзыгъэм щыхьэт техъуэ ебгъуанэ хъыбар . . . . . . . 159

ЗызэтезыIыгъэфыр чэщанэ зиIэм нэхърэ нэхъ лъэщу жызыIам арэзы удэхъуну уезыхулIэ епщIанэ хъыбар . . . . 182

Гузэвэгъуэ зымылъэгъуам гуфIэгъуэм и уасэр зэримыщIэм теухуа псалъэ жаным щыхьэт техъуэ епщыкIузанэ хъыбар 202

«Iушэр насыпыншэщ жаIэкIэ нэфым ар зэримыдэр» зэрыпэжьым шэч лъэпкъ къытозымыгъэхьэ епщыкIутIанэ хъыбар 222

Шы пщIэгъуалэ утесу уежьэмэ, щхьэц тхъуауэ къызэрыбгъэзэжынум щыхьэт техъуэ епщыкIущанэ хъыбар . . . . 241
«Лъагэу заIэтын щхьэкIэ бзур дамэ, цIыхур акъыл хуейщ» псалъэжьым куэд къызэрикIыр хьэкъ пщызыщI епщыкIуплIанэ хъыбар . . . . . . . . . 265
«Мыщафэ Iэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ» псалъэжьым щыхьэт техъуэ епщыкIутхуанэ хъыбар . . . . . . 296
«ЩIыIубым къритхъуа Iуащхьэм выгу зэригъэуфэрэкIыфым» гу лъызыта адыгэ мэкъумэщыщIэхэм я псалъэр зыщызыгъэгъупщэжхэм ар ягу къэзыгъэкIыж епщыкIуханэ хъыбар 315
Лъэпщ и псалъэхэр гум къэзыгъэкIыж епщыкIубланэ хъыбар . . . . . . . 338

### КIэух Iыхьэ

«ГъукIэр лIати пщIар къыщIэнащ, акъылыфIэр лIати жиIар къэнащ» псалъэжьыр зэрыпэжыр къэзыIуатэ епщыкIуянэ икIи нужьрей дыдэ хъыбар . . . . . . . 362

**Эльберд Тимборович**
**МАЛЬБАХОВ**

СТРАШЕН ПУТЬ НА ОШХАМАХО

Роман

На кабардинском языке

Редактор *Б. Х. Гаунов*
Художник *В. С. Орленко*
Художественный редактор *Ю. М. Алиев*
Технический редактор *К. Б. Жамбеева*
Корректор *Л. Н. Маремкулова*

ИБ № 1583

Сдано в набор 19.08.86. Подписано к печати 29.10.86. Формат 84×108 1/32. Бумага типографская № 1. Гарнитура литературная. Печать высокая. Усл. п. л. 20,16. Усл. кр.-отт. 20,56. Уч.-изд. л. 22,1. Тираж 2000 экз. Заказ № 6249. Цена 1 р. 70 к.

Издательство «Эльбрус»
Нальчик, улица Адмирала Головко, 6

Полиграфкомбинат им. Революции 1905 года
Госкомиздата КБАССР
Нальчик, проспект Ленина, 33